КБ 2
Р. 48

КЕНЕСБАЙ
РАХМАНОВ

АҚЫЛБЕТ

КЕНЕСБАЙ РАХМАНОВ

Роман ҳәм повестьлер

НӨКИС
«ҚАРАҚАЛПАҚСТАН»
1993

84 Кар 7 К. РАХМАНОВ. АҚЫБЕТ,—Нөкис:
Р 48 *Роман ҳәм повестьлер*
«Қарақалпақстан»—1993 г. 400 б.

Жазыўшы, шайыр ҳәм драматург, Бердақ атындағы мәм. лик сыйлықтың лауреаты Кенесбай Рахманов әдебиятымы ҳәр қыйлы жанрлары бойынша йош тулпарын сүрип киятырға белгили сөз шеберлериниң бири.

Китапқа автордың прозадағы көлемли туўындысы «Ақыб романы, «Айралық қосығы», «Нөсер», «Өмир ҳәм өлим» пове лери жәмленди.

Романда адамгершилик соқпағынан адасқан инсапсызлық, ньяпаразлық, кери тәлим-тәрбия, улыўма көзсизлик, ойсызл иллетлериниң ақыбети көркемлик пенен сөз етиледи.

Повестьлерде де жаслық, муҳаббет, айралық, опасызлы қәтеликлер, тағы-тағы усындай қыйыр-шыйырлы өмир жол дағы сан әлўан тәғдирлер терең лиризм арқалы беріледи.

Мақулы, китап пенен өз оқыўшысының дийдар көрисип нан сырласқаны жөн болар.

Рецензентлер: Ғ. Сейтназаров, А. Әлиев,
Д. Айтмуратов, Ә. Қожықбаев

«Қарақалпақстан» баспасы, 1993

470227201 — 018
Р ——————— 24 — 91
М — 357(04) — 93

ISBN 5 — 8272 — 0849 — 3

Кенесбай Рахманов
ПОСЛЕДСТВИЕ
Роман и повести
На каракалпакском языке
Издательство «Каракалпакстан»
Нукус — 1993

Редакторы *Х. Дәўлетназаров* Коректоры *А. Аташева*
Қарап шығарған *Ж. Ерманов* Тех. редакторы *О. Жумабае*
Худ редакторы *П. Ғаниев* Художниги *И. Қыдыров*

ИБ 4055

Терийге берилген ўақты 28.XI.90. Басыўға руясат етилген ты 18.II. 93. Қағаз форматы 84x108 1/32. Газеталық қағаз. Ә гарнитура, кегль 10. Жоқары баспа усылында басылды. К 12,5 баспа табақ 21,0 шәртли баспа табақ. 21,07 есап баспа т Нусқасы 5000. Буйыртпа №171. Баҳасы шәртнама бойынша.

«Қарақалпақстан» баспасы, 742000, Нөкис қаласы, К. М көшеси. 9.

ҚР Баспасөз бойынша мәмлекетлик комитетиниң «Пра газетасының 50 жыллығы атындағы Нөкис полиграфкомби 742000, Нөкис қаласы, К. Маркс көшеси. 9.

MA'LUMOTLAR
RESURS
ORAYI

луқтың бәри әсиресе усындай шыжғырған жаз күнлери қыстың ғамын жеп, бурынғыдан да көбирек қыймылдап қалғысы келеди.

Лекин, бундай ыссылар Улпериге шыбын шаққан шелли тәсир етип атырған жоқ. Үйинен он қәдем шықса да жеңил машинаға ырсылдап отырып алатуғын ақ бозлақ ҳаял ара-тура кеўил көтериў ушын базарға барғанда да нағыслы саяманын төбесине тутып, қасындағы шофер балаға ананы ал, мынаны ал деп пысnап турғаны болмаса, аппақ билеклерин қуяштың өткир нурына жалатып көрген емес. Қаладағы ең қурғын үйлерден есапланған бул хожалық он еки бөлмели үлкен саўлатлы жайда жасайды. Бул жай Тасполаттың әкеси Алламбай шайтаннан мийрас болып қалғанда бес-алты қат еди, соң Тасполат ҳәмелге көтерилип, қалтасы қампайғанда әкесинен қалған жай тарлық етти, бир ҳәптениң ишинде көшени ала-бурқан шаңғытып буздырып таслады да, тырнағын көкирек аўыздан қуйдырып, гилең пискен гербиштен өргизди. Ҳәмме нәрсени ақшаның күшине бағындырыўға үйренген Тасполат онша жанын қыйнамай-ақ, бир айдың ишинде кемис-қутықсыз питкерип, жаңа жайының босағасынан атлады. Улпериниң ақылы менен ағайин-туўған, тамыр-таныс, дос-яран қалдырмай шақырылып, сол жылы писикшиликтиң ўағында жай тойын да берди, уўытын таўын той бергени жүзикке қас қондырғандай болды, жайға кеткен шығыннан да көп ғәрежет Тасполаттың қалтасына қайта оралды.

Даңғырлаған жайда көбинесе жалғыз жасаўға үйренип кеткен Улпери бүгин де азанғы чай-пайын ишип болып, кондиционер қойылған киши залда дем алып атыр. Сыртта мыс қайнаған ыссы болса да, бул жерде сәўирдиң салқын самалы есип турғандай. Негедур түни менен оңлы уйықлай алмады, жаздың қарыстай ақшамы оған дым созылып кеткендей болды, көзи сәл илиниўден әжептәўир түслер көрип, уйқысы шайдай ашылып кете берди. Азанғы ҳалқастан кейин жумсақ диван-кәтке қыйсайған Улперини бирден уйқы басты, тағы ыбыр-жыбыр түс... Телефонның үсти-үстине шырылдаған жағымсыз сести оны бул қорқынышлы түс-

тиң қушағынан қутқарып алды. Шоршып оянған ол жатқан орнынан керилип-созылып түргелди де:

—Шаңқай түсте шырылдап қалғыр, ким екен бул? —деп назлы жүрис пенен барып телефон трубкасын көтерди.—Алло?

Трубкадан қарлығыңқыраған еркектиң даўысы еситилди:

—Алло, Улпери жеңгейсиз бе?

—Аўа, мен.

—Тасполат ағам келген жоқ па?

Ешейинде телефоннан кимниң ким екенин даўысынан таный қоятуғын Улпери бул сапары есаптан ғабырысты. Күйеўин сорап турғанның ким екенин анық айыра алмай лал болды:

—Ағаң еле келмей атыр ғой.

Трубкадағы даўыс азмаз иркилди де:

—Саў барсыз ба, жеңге?—деди.

—Шүкир, саламатсаң ба?—Улпери енди болмаса оның атын сорайжақ еди, трубкадағы даўыстың өзи-ақ айтып салды:

—Мен Шерниязбан ғой!

Бул атты еситиўден Улпери жерден жети қоян тапқандай бирден жанланып, қыйтың-қыйтыңға көшти. Сонша салмақлы геўдесиниң креслоға қаңбақтай болып қонғанын да билмей қалды.

—Ҳәә, қәйним, сен бе едиң?—деди ол қуўанышын жасыра алмай.—Даўысың тақан шайнаған адамның сестиндей қарлығыңқы болған соң танымай қалыппан. Көринбей кеттиң ғой, шәлтик қәйним?

—Тасполат ағам курортқа әкетпеди ме, жеңге?

Кеўли басқа сөзди күсеп турған Улпери немқурайдылаў болып:

—Я?—деп қайта сорады.

Шернияз буны еситпеген шығар дегендей қаттырақ сөйледи:

—Тасполат ағам курортқа әкетпеди ме деймен?!

—Ҳәә!—деп Улпери жуўҳаланып күлген болды.—Әй, ағаң курортына әкетпеди ғой, тоғайға отын арқалап бараман ба деп!

Трубкадан Шерниязды да күлген даўысы еситилди:

—Сиз не дединиз?

—Не дейин, биз де бул жақтың шөпшеги менен күнелтермиз деп қала бердим.—Улпери тағы күлип алды да енди даўысын салмақлырақ етип сорады.—Не жумысларың бар еди, қәйним?

Шернияз не жумысының барын айтыўды буған рәўа көрмегендей:

—Әй, бир жумыслар менен...—деп гәпиниң изин жутып жиберди.

Улпери өз кеўли жетерлери алдында мәртлиги басым ҳаял еди, егер оның марапаты дәл таўып берилсе, анаў-мынаў еркекке баш бермей кететуғын құдирети бар.

—Бизден питетуғын болса, тартынбай айта бер, —деген Улпериниң даўысы әне, сол марапатты күтип турғандай еди, бирақ Шернияз оның көкирегиниң аңсап турғанын тап усы жерде дәл таўып айта алмады, яки айтқысы келмеди. Шерниязды:

—Қасында адам жоқ па?—деген сораўы әлле қандай қупыясы бардай сыбырланып шықты. Улпери өзиниң аўлақ екенин қалай билдирердиң есабын таппай тур еди, Шерниязды саўалы оның беденине сылаў май жаққандай болды:

—Бир өзиммен ғой,—деп суўық демин алды.—Аўа, дем алып атырман.

Шернияз оның мудамы дарқан дем алыста екенин, өмиринше жартыўлы жумыс ислемей, тек Тасполаттың арқасында тәлли-пәлли менен өриске ерип киятырғанын билетуғын еди. Ҳаслында, Улпери орта мектепти де дурыслап питкерген жоқ. Аўылына қара телетин папка қолтықлаған бир жигит қаладан барып тексериў жүргизгенде ол тоғызыншы класста оқып жүрген боласынлы қыз еди.Әкеси Қалҳан колхоздағы дийўалына тирепберди берип қойған жаман дүканды ашты, қаладан келген жигит сол дүканның тас-талқанын шығарып тексергенде Қалхан ағаның тастөбесинен гә қайнаған, гә музлаған суў қуйғандай көп күнге шекем ишкен асы бойына тарамай жүрди. Тек шот қағыўдан басқаны билмейтуғын дүканшының мойнына көп растрата түсти де, қаладан келген жигит акт жазыўға киристи. Ол ўақытлары тек әйтеўир нәрсегеақ тюрьмахана есиги айқара ашық тур еди, усыннан ҳүрреси ушып қорыққан Қәлҳан аға колхоз баслығы Ешимбетти араға салып, қаладан келген ревизор жи-

гитти үйине мирәт етти. Қанша айтқан менен жутқын-шағынан бир нәрсе өтетуғын адам келисим бермей тура алмайды екен. Ол ўақытлары Тасполат орта бойлы сылықғыр жигит, биринши үйленген ҳаялынан ажырасқан, ашшы менен душшыны айырып қалған ҳәкерилеў адам еди. Қалхан ағаның аўқаты таяр боламан дегенше үйинде кирип-шығып жүрип, бадам қабақлы, жумалақ жүзли, нығыз денели, көзлери ойнақшып турған Улпериге көз астынан қарай берди. Шынында да астахтадай жаўырнында билектей қос бурымы таўланған Улпери усы аўылдағы қызлардың ишиндеги барпазы еди, тек тоғызыншы класста оқығаны болмаса, әлле қашан-ақ ержетип қалған қызлардың турқын еслетер еди. Қызға Тасполаттың аңсары аўды, бул ықласын қасындағы Ешимбет баслыққа билдиргиси келип қыйсаңламақшы еди, бирақ негедур бирден аўызы жууыса бермеди. Соның арасында қозының майлы гөшинен исленген қуўырдақ таяр болып, табаққа ерип ентелесип киятырған бир-еки шийшениң де басы көринди. Ол ўақытлары Тасполаттың чай кесаны толтырып таслайтуғын жигитлик мәҳәли, арақ ишиў айып емес, ал мәртебе саналып жүрген дәўир еди. Ешимбет қуўырдақтан аўыз тийгеннен кейин шийшениң түбин паңқ еттирип урды да, үш кесаға ғылқылдатып қуйыўға киристи. Қаладан келген жигит өңменин таслап отырған соң оларға не турыс, муртларын кейинге шыйырып қойысты да аманлық ушын көзлерин жумып ғылқ еттирди. Екинши шийшени де үшке бөлип, тартып-тартып жибергеннен кейин олар ғаўқылдаса баслады.

—Бала-шағаң бар ма, иним Тасеке?—деди Ешимбет баслық тап Тасполаттан арнаўлы сорап атырғандай. Күни менен өзиниң бойдақ екенин қалай билдириўдиң қыйтығын аңлып отырған Тасполатқа баслықтың мына сораўы қонып кетти:

—Уәй, қайда, Ешимбет аға! Үйлене алмай жүрмиз ғой.

— Өзиң қәлемей жүрген шығарсаң, иним, болмаса сизлердей жигитлерге қыз көп ғой. Бизиң аўылда да ержетип, жаўшының жолына телмирип отырғанлары аз емес.

Лекин, Тасполат ушын Улпериден басқасының жолға қарап көзи ағып түссе де бир пул еди! Буның бойдақ екенин еситкен соң ба, дастурхан басына ҳәр қыйлы сылтаў менен қыйпық-сыйпық етип Улпери де келгиш болып кетти. Ол көриниўден Тасполат кесадан көзин тасалап, қыздың көз тоймас жүзине жутына қарап-қарап алады. Ал, анасы болса буларға онша жақынлаған жоқ, ол қазанды бәнелеп көп аса басын суқпады. Бурын ара-тура ишкени болмаса, арақты өләмата үрдис етпейтуғын Қалхан аға желпәррикленип қызайын деди. Сыртқа бир барып келген соң енди ишпеймен деп турып алды, шамасы, сыртта ҳаялы шегелеп жиберсе керек. Ал, талай адамлар менен табақлас болған Ешимбет баслық еле сыр берер емес, ол Тасполатты тас қылып кетпегенше қойдым деп қол көтергендей түри жоқ. Бир алысып, бир өшип турған әңгимени лаўлатып жибериў ушын Ешимбет баслық бир шийшени тағы үшке бөлди.

— Ал, мени қыйнамаң, инилерим,—деп жалынды Қалхан аға ең соңында.—Жапсағым бар еди...

—Ол қалай болады?—деп Тасполат тикленди.—Бизиң үйдиң қонағы болсаң... Қонақ күтип отырған адам ишпесе...

—Усыны ала ғой,—деди Ешимбет баслық.—Жапсағың ҳәзирги мойныңдағы истен қәўипли емес. Тасполат инишек аўқатланыўға жер таппай келип отырған жоқ, тек сени сыйлап...

—Инилерим, сөйтип қыйнайсыз да ғаррыны,—деп Қалхан аға кесаны жерден жулып алды.—Қәне, өлсем де бир тәўекел көрейин...

Буннан кейин Тасполат қанша ишкенин билмейди, тек көзин ашқанда әйнектен таң сағымының билинип киятырғанын ғана биледи. Қасында биреў пыснап уйықлап атыр. Қараңғыда сыйпаланып жүрип төңкерилген кесадай көкирегине қолы тийип кетип еди, тула бедени жуў ете қалды. Соң қулап атырған қос бурымына бармақлары оралды. Мынаў қыз! Мынаў—Улпери!!! Ол үстиндеги зилдей көрпени серпип таслады да, тикейип отырды. Костюм-шалбарын шешпестен солайына жатып қалған екен, жүрегиниң ҳәўлигин басып таң алдында шешине баслады...

Қыялға берилип кеткен Улпериниң қулағына Шернияздың:

—Телефоннан айтыў қолайсыз болар. Ҳәзир бараман,—деген даўысы зорға еситилди. «Ҳәзир бараман!» деген сөзи оған жағымлы тәсир еткени сонша, «Яқшы, тез жет!» деди де, трубканы қойған соң «Аўлағында бир келсеңши, Әўезим!» деген намаға қосық та айтып жиберди.

...Бирақ, Тасполат сол сапары суў көрмей шешинген екен. Шырт уйқысынан оянған Улпери таң атып қалғанын билди де, «сыйыр саўыўым керек еди» деп орнынан турып кетти. Аўзы асқа жетер-жетпес болып пәнтқумар турған түлкидей жылмаңлаған Тасполат қуйрық таўламақшы болған менен Улпери күш берер емес. Қалхан ағаның ҳәм улы, ҳәм қызы орнына еркетайы болып жалғыз өскен Улпери беллескенде де бир жигитке пайын туўратпас еди. Илажы қурыған Тасполат ең соңында қайта кийине баслады:

—Мениң қасымда не қылып жатырсаң?

—Ҳаў, түни менен кемпир-ғаррыны пәтенге келтирдиң ғой!

—Неге!

—Қызынды маған бересең деп.

—Қой? Уай-боой, дым уят болған екен-аў! Енди оларға не бетим менен қарайман?

—Бизиң ғарры да қызып алған екен, екеўи қалсын деп кемпирди алдына салып қуўып кетти,—деди Улпери тап қызыққа айтып атырғандай.—Кетип баратырғанда кемпир: «уйықлағанша қасында бол, соң шығып кетерсең» деп мени қалдырып кетип еди. Сен де аўзыңнан төзған жигит екенсең, сөйлене бердиң, сөйлене бердиң, сөйтип сени уйықлатарман деп отырып өзим уйықлап қалыппан.

—Уай-боой, шатақ болды-аў!—деп Тасполат еки санын шаппатлай берди.—Ешимбет аға қайда еди?

—Ол ертерек кетип қалды. Азанда хабар аларман деди ғой.

— Қой, аўыл-ел оянбай турғанда зытайын!—деп Тасполат кетиўге ыңғайласты.

—Арамызда қолайсыз ҳеш нәрсе болған жоқ ғой, несине қысынасаң? Тек, сен кешегилерди арақтың күши менен айтпасаң болды.

— Не кешегилерди?—Тасполат бир сөзин де еслей алмады.

—Ҳаў, түни менен сени аламан, ақшам көп, тек ақша емес, сени сүйемен!»—деп гөпирип шықтың ғой. Маған мектепти де барған соң кешқурын оқып питкерсең дедиң.

—Яқшы, келистик!

—Тезирек ҳәрекет етпесең, изиме түсип жүргенлер көп. Айтпақшы, ғаррының жумысларын не қылдың?

—Болды, болды! Сен болсаң болды! Мине, ғаррының жумыслары!—деп Тасполат телетин папкасын ашты да ишиндеги қағазларды дөңгелек темир печьтиң қақпағын ашып ишине урып жиберди.—Сениң ушын! Сениң гөззаллығың ушын әкеңниң жынаятларының ҳәммесин өртеймен!..

Шернияздың келиўин асығыслық менен күткен Улпери йошланып кетти: «Әҳ, жаслығым!... Қайларға кеттиң? Қанша жигитлер изимде бир күлкиме зар болып жүрер еди... Тасполат, Тасполат! Сениң ақшаларың қызықтырмағанда, мине деген жигиттиң қостары болмас па едим? Ал, енди сен... ылай диңгектен айырман жоқ бир бәлесең. Плем совхоздың тас буғасындай ийкемге келмейсең, сирә...».

2.

Сыртқы есик ашылып, биреўдиң киятырған аяқ дүсирлиси еситилгендей болды. Қоңыраўдың түймесин баспай ишке кириўине қарағанда усы үйге жақын адамлардан болса керек, барлық дыққаты мың көзге айланып Шернияздың жолына айдай қарап турған Улпери келген адамды тек ғана сол шығар деп ойлады. Оған бүгин сонша дийдары қурып қалғанына өзи де ҳайран, я салқын жайда жалғыздан-жалғыз жата бергенине иши писти ме, я кеўил төринде мүлгий басланған ески сезимлери әлле бир қумарлылық қуйынынан сетем алып ояна баслады ма, әйтеўир азаннан баслап-ақ өзи-өзинен көкиреги шәўкилдеп, бир жақларға шығынып кеткиси келгендей сол жигиттиң дийдарын күсди де турды. Ол кирип келиўден қушағына бойын таслайтуғындай ири тулғасы тап желге толтырылған резина қаптай жеп-жеңил көтерилип, залдың еси-

гиниң қапталында даўыл шайқаған топан қанардай ырғатылып турды да, Шерниязға бирден бас салып қорқытыўды ойлады. Усы ойын олардың арасындағы қатнасты тезирек бир жөнкилли етип жибериўи мүмкин, ҳәзирги пайытта Улпериге тек ғана сондай кеўилхошлық шәппиктей жабысайын деп тур. Әттең, Шернияз бул ҳаялдағы усындай қыялды жазбай таныпала қойса еди, мычаў ири геўдениң үстине ғарғадай болып қонса да қайылшылығы зор; мың айтса да еркектиң аты еркек ғой. Шийрин ойлардың ләззетинде балқып турған Улпери сырттан еситилген даўысқа шоршып түсти.

—Мама!

Ол жасырынып турған жеринен суўырылып шықты да дәрриў үсти-басын дүзеди, соң барлық үмити зымғайып болып, аналық ўазыйпасын атқарыўға кириспи.

—Неўе, жаным?

Бет-әлпети солғын, көзлери шүңирейип кеткен Нурполат ишке кирди. Оның бүйтип симилтирленип келиси Улперини шоршытып жиберди:

—Неге үскиниң қуйылып кетти, балам? Аманлық па?!

—Қулап қалдым...

—Қулап?—деп тақатсызланып сорады Улпери.—Көзиңе қараңқырап жүрсең болмай ма, жаным? Бир жериң жарақатланған жоқ па?

Ҳәзир ғана қапашылықтан жаныўып турған баласы бирден ўа-ҳа-ҳа салып күлип жиберди:

—Пай, мама деймен-аў! Экзаменнен қулап қалдым!..

...Әкесиниң абырайы, анасының көкбетлиги арқасында орта мектепти өткен жазда зорға питкерген Нурполат үлкен қәтере, көп ақшаның күши менен университеттиң бир факультетине кирип еди. Биринши курстағы студентлердиң жүйриги менен шабаны қысқы семестрдиң ўақтында айырыла баслайды. Мектептеги билим жолынан аяғы сыпқанап ҳеш нәрсе илмей өткен Нурполат қыстағы имтиханлар түўе зачетларын да жарытып тапсыра алмай тағы Тасполаттың мойнына алшайып минип алды. Жалғыз баланың жүзине жел болып тиймеген олар оның қандай барымына да барып, тек ғана еркелетип қоймастан, оны нәрестелигинен баслап-ақ әлле қандай үлкен адамның қатарына

санайтуғын еди ҳәм бул үйдегилерге сырттан саўғалар келетуғын болса, ең тәўири, ең сейдини Нурполаттың пайына тийисетуғын еди. Нурполат нағыз балалық дәўирди, оның қызықларын басынан кешире алмады, қоңсы-қобалардан, бақшадан, ҳәтте мектептен де оған баўыр басқан жора-жолдаслар табылмады; ата-анасы да дус келген балалар менен ойнап кете бериўине рухсат етпеди, себеби олар өзлерин қаладағы айрықша адамлардың қатарына санады, баласы да усылардың абырай-атағына ылайық адамлардың балалары менен дос болыўын қәледи. Бирақ, ондай балалар сийрек еди. Сыртқы пишини бойынша да, тулғасы менен де Нурполат Тасполатқа да, Улпериге де уқсамаған жиңишке, әкесинен еки қарыстай узын жигит болып шықты. Гейде Тасполат: «Мынаў балаңыз ба?» деп сорағанлардың алдында тубалап қалады, балаң болғаннан кейин журтлар шуқластырып сорай бермей танығанға не жетсин. «Бәлким, соң семириңкиреген кейин маған кейип берер, уқсар-аў» деп өзин өзи жубатқан болады, лекин баласы чеканкаланбаған өсимликтей зобырайып өсип баратыр. Баласының сырт жағынан уқсаўынан гүдер үзген Тасполат енди оның ишки жағы, минез-қулқы, ҳәрекети, дүнья-мүликке көз-қарасы, пайдакүнемлиги өзиме уқсаса екен деп әрман ететуғын болды. Сонлықтан да университеттиң бухгалтерия бөлимине киргизди, қандай бәлемәтер дус келсе де тек ғана ақша менен жаўлап алып, баласына бир диплом алып берсе, қалған жағында оны қандай адам етип шығарыў Тасполаттың шунатайындағы нәрсе еди. Бирақ баласының жазғы имтиханларынан бийхабар Тасполат курортқа кетти, ендиги барлық аўырманлық Улпериниң мойнына шөкти. Қимсең Тасполат Алламбаевтың ҳаялы болып саяманлы салқында қуяш түспей бозығып жатырған Улпери анаў-мынаў адамның қойын бақпайтуғын, биреў ҳә десе айға шапшып турған қыйлынан еди. Баласының имтиханнан қулап сүмирейип келиўи шамбайына батып кетти де, танаўлары желбирей баслады.

—Ҳәә, солай ма?!—деди ол желпәрриги шығып.—Қим сени қулатып жүрген? Маған атын айт, сөйлесип... еки аяғын бир етикке тығып қояйын!

—Баяғы ғой, мама!—деди Нурполат еркелеңкиреп

сөйлеп.—Кириў имтиханында да қулатып, кейнинен қойып берген муғаллим-ше? Алым Адамбаевич деген.

—Солай ма,—деп Улпери телефонның қасына жақынлады да, абонент китаптан Адамбаевтың номерин излей баслады.—Ҳее, мында екен. Шамасы, папаңды да күйдирген адам ба деймен, астын сызып қойыпты ғой. Ҳмм, Адамбаевичиңди адам етпесем бе?!—Улпери телефонды таўлай баслады.—Алло, Адамбаевичтиң квартирасы ма?

—Аўа,—деген даўыс еситилди трубкадан.

—Ким боласаң?

—Мен инисимен.

—Оның өзи жоқ па?

— Бар. Шақырайын ба?

—Шақыр!—деди де Улпери креслоға шалқайды. Соның арасында трубкадан «да» деген сес еситилди. Қайысып көрмеген Улпери бул ретте де ийилгиси келмеди, түйеден постын таслағандай етип:

—Әй, Алымбысаң, я залымбысаң?!—деди. Трубка сәл тым-тырыс турды да:

—Ким боласыз, танымадым, — деп қысынғандай адамның даўысы шықты.

—Мен Нурполаттың мамасыман!

Трубкадағы даўыс тағы гүм болды.

—Әй, еситип турсаң ба?—деп пәтленди Улпери.—Мен Нурполаттың мамасыман деймен!

Трубкадан албырап қалғандай сес шықты:

—Ҳее, ә, ә...

— Әй, шырағым, Адамбай ағаның баласы! Сениң менен сондай ма едик? Бизиң баланың не жазығы болып еди?

Трубкадағы даўыс тағы да иркилип қалды, шамасы, Алым Адамбаевич не жуўап берерин ойланып атырса керек. Оның бир аўыз сөзин гизнеп турғанына Улпериниң тас-талқаны шыға баслады:

—Әй, шырағым, сеннен сорап турман! Бизиң баланың...

—Балаңыз сабағынан ыспайды...

—Не, не? Нени ыспайды? Оқытқан балаларыңның қайсысы аўзы менен қус услап атыр, қәне?—деп Улпери телефонға дәпинди.—Сен өйтип айға шапшый берме, қарағым! Сен қулатқан менен қулатпайтуғын-

ларын да таўып алармыз. Тек, сениң бүйректен сыйрақ шығарғаның қалар...

—Өкпеңизди басын, жеңге,—деп тәселле берген болды трубкадағы өлпең даўыс.

Лаплап турған Улпериге тағы май қуйып жибергендей болды:

—Не, не!.. Ҳәй, өйтип...

Трубкадан қысқа гүк-гүк деген сес еситиле баслады.

—Ҳаў, мынаў не қылады-әй?!—деп пәнтқумар қалды Улпери.—Трубканы басып қойды ғой қағынғыр.

Мамасына үлкен үмит пенен тигилип отырған Нурполат оның ҳеш нәрсени келистире алмағанына ары келгендей:

—Онша қаттыға кете бермегенде де болатуғын еди, мама,—деп қойды.

—Не болатуғын еди?—деди Улпери жулып алғандай етип. Ҳәзир телефон болған соң оның илажы қурып тур, болмаса алдында Адамбаев жаңағы гәплерин айтып турғанда бет-аўзын қып-қызыл шийедей ететуғын еди.—Бул қусағанлар қорықпаса сыйламайды.

—Қорқытқаның усы ма?—деп мысқыл аралас гәпи менен Нурполат мамасының жинине тийди.—Онда телефонның трубкасын қорыққанынан таслап жиберген шығар?

—Енди сениңше не қылыўым керек?.. Я пышықтай мыяўлап аяғына оратылып жалынайын ба? Яқ, жаным, сениң маман жалыныўдан өтискен адам. Қасарысқан жеримнен қан алмай қоймайман! Аўўа! Сол майда-шүйдеси менен ырылдасып отырайын ба? Үлкенине айтаман, қуласаң бийиктен қула деген!—деп Улпери телефон китабын қайта аша баслады.—Таптым, таптым.—Ол телефонды таўлады.—Алло, саламатсыз ба?

—Саламат болың—деген жағымлы даўыс еситилди аржағынан.

—Нурым Турымбетович пе?

—Аўа, мен. Сизди танымадық ғой?

—Мен... мен ғой. Улпери Қалхановнаман,—деди Улпери сыпайылықтың қәделерине сай сөйлеп. Ол бағанағы қызыў пәттен аз да болса айыққан еди. Бирақ, трубкадағы даўыс буннан да сыпайы еди:

—Танымадым.

—Танымағаны қалай?—деп Улпери енди жел қақ-қандай қыймылдыға көшти.—Тасполат Алламбаевич-тегі жеңгеңмен!

—Ҳәә!—деп трубкадағы даўыс таңланғандай болды.—Улпери жеңгей екенсиз ғой!

—Енди танадың ба?—деп Улпери де жайма-шуўақ-ланды.—Ҳә солай болсын, ақыры.

—Үй-ишлер саў ма, жеңге?!

—Шүкир, шүкир!

Улпери кеўлиндеги мүддәсин басқа биреўлердей узақтан айландырып әкелип айтыўды билмейтуғын еди, ол көкиреги ҳеш кимнен ҳәм ҳеш нәрседен қай-тып көрмегенликтен ойындағысын дүрс еттирип айта-ды да қояды. Ҳәзир де солай иследи:

—Ал, шырағым, бизиң Нурполатжан бир сабағынан қулап қалыпты. Анаў, Алым Адамбаевич деген бир жетпегириң бар екен ғой...

—Алым Адамбаевич пе?—деп қайта сорады трубка-дағы даўыс.

—Аўа, сол...

Шынында, Алым Адамбаевич деген муғаллимнен оның үлкени де айбынса керек, трубка биразға шекем жым-жырт болып қалды. Соң Нурым Турымбетович-тиң немқурайдылаў даўысы шықты:

—Жеңге, балаң оқыса түбинде тапсырады ғой.

—Не дедиң?—деп Улпери тағы оқабазланып кетти.—Түбинде тапсырады ғой дейсең бе? Қой, қарағым, түби түссин, түби бола ма?! Жеңгем дейтуғын болсаң, усы баланың исин оңғарып жибересең.

Азы-кем үнсизликтен кейин Нурым Турымбетович те гәпти шорта кести:

—Мен буған араласа алмайман.

Улпериниң тас-төбесине жасын түскиндей болды:

—Не, не?! Араласа алмайман дейсең бе? Араласқанда не, мурның пуштыйып қала ма?—деп ала-бурқаны шықты Улпериниң.—Бюрократлық деген-әм жөни менен, қәйним! Биз басқалардың шаңының астында қалатуғын адамлардан емеспиз, аўўа! Яқшы, көрермиз!—деди де ашыў менен трубканы орнына тарс еткизди.—Бул ийт-ширкиннен де нан писпеди!

—Пай, папамның жоқлығын айтса!

Улпери гүңк ете қалды:

—Ол тандырың шыққыр да, биз бул жақта қан сорпа болып атырғанда Қара теңиздиң жағасында қарның сыйпап жатырған шығар?! Ҳә, қарныңа бизөкше туфли қадалғыр!!

Еки ортада үнсизлик шөкти. Айтқаны айтқан, дегени деген болып, тилин салақлатып үйренип қалған Улпериге жаңағы еки адамның да исин питкермегени үлкен соққы болып тийди. Өзине күш бермей бара-тырған ири геўдесин қайда қоярын билмей, есиктен төрге, төрден есикке шапты, оның бул көриниси гү-ресиўге адам таппай турған палўанды еслетер еди. «Баспақтың шабысы топанханаға шекем» дегендей, мамасының шаўып болғанына көзи жеткен Нурполат:

—Енди не қыламан?—деп соңғы саўалын берди. Ба-ласының енди не қылатуғынын, оған қандай жәрдем беретуғынын Улпериниң өзи де билмеди, тек жеңил ғана жубатқан болып:

—Қыйнала берме, балам, илажы болар,—деди де қойды.—Холодильниктиң ишинде таўықтың гөши бар шығар. Чай, нан менен қосып аўқатланып ала ғой.

Нурполаттың аўқатланыўға заўқы соқпай турғаны бет-әлпетинен-ақ көринип турды, баласының кеўлине уялаған алғаў-далғаўлықты имтиханнан өтпей қалған-дыки шығар деп ойлады Улпери.

—Иштейим жоқ, мама,—деп иркилиңкиреди Нурпо-лат.—Мама! Маған «Жигули»диң гилтин бер.

—Оны не қыласаң, балам?

— Жораларым менен қыдырып қайтайын деп едим.

—Шифонердиң тартпасында турған шығар,—деди Улпери, тап усы ўақта ол орны өтелмес қәтеликке жол қойып атырғанын ядына да келтирмеди.—Қаяқ-қа бармақшы едиңлер?

—Пай, мама, деймен-аў!—деп күлди Нурполат, ол да мамасының алдында соңғы, ең ақырғы еркелеп кү-лип атырғаны екенин қайдан билсин.—Ержеткен ба-лаңның қайда баратуғыны менен не жумысың бар?—деп ол тағы да шақалақ атып күлди.—Болажақ ке-линиңди қыдыртып қайтаман!

Қәпелимде қуўанарын да, қайғырарын да билмей албырап қалған Улпери:

8986
2.24235
RESURS ORAYI
ҚазССР Республикалық кітапхана Библиотека

—Болажақ келин? Ол, ол ким, жаным? Кимниң қызы?—дей берди.

—Бул ҳаққында кейин сөйлесемиз, мама,—деп Нурполат машинаның гилтин таўып әкелди.—Ал, мен бос кете беремен бе?

—Ҳаў, тағы не керек?

—Билип турып сорағаныңды қойса, мама!—деп Нурполат аўзын шүртийткен болды.—Ақша бермейсең бе?

Стенкадағы тартпалардың биринен Улпери оған он манат алып берди.

—Бола ма?

— Буны не қыламан?—деп назырқанды Нурполат. Улпери оған тағы он манат узатты.—Пай, мама, сен де оғыры сықмар болып баратырсаң-аў! Бурынлары санамай бере беретуғын едиң.

Баласының гәпине шыдамаған Улпери екесленип кетти де тағы еки онлықты созды:

—Енди болар... Кеше де тәўир-ақ ақша алып едиң ғой.

—Кешегини айтқаны неси?—деп Нурполат оған алағып бир қарады да, ақшаларды уўықтай шалбарының қалтасына тықты.—Папам келген соң көресең!

Папасын сыйлайтуғын адам болып көрингиси келгендей Улпери оған тағы бир онлық берди:

—Сениң-ақ көзиң тоймады ғой, балам. Ақшаны да жумсап үйрениў керек.

— Енди арқайынлаў қыдырыўға болады!—деп Нурполат шығып баратырып қолын көтерди.—Яқшы онда!

Баласының еле еркелеўге бейим нәрестелиги кетпей атырған жүзине күлимсиреп тигилиўи менен қала берген Улпери: «Жоқ, жалғызымды имтиханнан қулатып, жүзин төменшик етип қоймайман,—деп ойлады.—Ҳаў, бул бала бизден бийрухсат келин де ғамластырып жүрген бе? Бул жери әнтеклеў болмас па екен? Бизге ылайық болмай, есигиниң қайда, төриниң қайда екени белгисиз бир ләмсердиң қызы болса... Онда маңлайымыздың ашылмай қалғаныдә! Бағанағы қыршын да қарасын батырды-аў!..».

Шернияз сырттан қоңыраўды басқан еди.

3.

Халқабадтың дөгерегиндеги аўыллардың биринде туўылып өскен Шернияздың қалаға араласқанына онлаған жылдың майданы болды. Қалаға нықлап табан тийдирип ала берейин, кейин ала кемпир-ғаррыны да көширип аларман деп жүргенде ояқ-буяғы бир айдың ишинде әкеси де, анасы да көз жумып, Шернияз жүрдай жетим болды да қалды. Дәслебинде ағайин-туўғанларының үйлеринде гезекпе-гезек қонып жүрген Шернияз кемпир-ғаррыдан айрылғаннан кейин қаланың бир шетинен биреўдиң еки өжиресин кирейге жалларда да, аўылдағы қалған-қутқан дәскелерин алып келди. Қара басы болса да халық қатары түтин түтетип, ресПО ның автобазасынан тақымына тийген сам**қал машинасын тырылдатып, күнелте берди. «Күн көргенниң күни артық» дегендей, Шернияз бирден шо**шаңлап кетпейтуғын, не тапса да төзимли, биреўге исенсе соған өрмекшиниң уясына шырматылғандай жан-тәни менен берилип кететуғын жигитлерден еди. Орта мектепти питкерген жыллары жоқары оқыў орынларына кетиўге қуштар болса да қолы жуқалық ҳәм үйдиң ғалма-ғалы оны өз байдалына жибере алмады. Кемпир-ғаррысы тек шоферлық оқыўға ғана зорға рухсат етти, олар жалғыз баланы көз алдынан былай-былай тапжылтыўға қорқатуғын еди. Соң совхоз автомашина таўып бермегенликтен ол өкпеледи де қалаға кетип қалды. Әбжиллиги басым жигиттиң иси оңына орала берди: бир демалыс күни гаражда жалғыз өзи машинасының астында қара майға былғанып, шүйлерин таўлап атырғанда директордың көзине түсип қалған еди.

—Бүгин неге дем алмадың, жигит?—деди мийримшәпәәти ийип кеткен директор. Шернияз көсилип жатырған жеринен аяқ-қолын тез жыйнап турмақшы болып еди, директор кереги жоқ дегендей ым қақты.

—Ассалаўма әлейкум, ақсақал!—деди Шернияз шалқасына жатып.—Биз бир күн дем алсақ, мынаў еки күн дем алады ғой, өтағасы.

—Машинаң гөне ме?—Директордың сораўына Шернияздың күлкиси келип кетти. Болмаса, әпшери қашып, орнында зорға қыйсайып турған машинаны «гө-

не ме?» деп сораўы техниканы түсинде де көрмеген биреўдиң гәпиндей емес пе?

—Колонна начальнигиниң айтыўына қарағанда, бул машинаны айдаған биринши шофердың пенсияға шыққанына да бес-алты жыл болыпты. Ҳәзирги бас инженеримиз де жас жигит ўақтында усы машинаны айдаған көринеди.

Директор ғарқылдап күлди:

—Атың ким?

—Шернияз.

—Яқшы, иним, мениң ядыма салып тур. Есапқа аламыз...

Шернияз бул гәпке онша исенбесе де, көп узамай автобазаға жаңадан үш жүк машинасы келген күни қысылып-қымырылып директордың алдына барып, баяғы ўәдесин ядына салды. Директор да қурғақ ўәдепаз қыйлынан емес екен, буның жүзине әжеплене бир қарады да, алдындағы қызыл блокнотын аша баслады.

—Атың Шернияз ба еди?

—Аўа, Төрениязов Шернияз...

—Төрениязов!—деп директор тәкирарлады да блокнотына түртип қойды. Соң секретарына қоңыраў қағып, бас инженерин шақыртты. Бас инженер келемен дегенше директор телефон арқалы басқа биреўлер менен жумыс бабында гүрриңлести, қолпылдап аманат ғана отырған Шернияз бенен иси болмады.

—Шақыртқан екенсиз, Амантай аға,—деп Шерниязден бес-алты жастай үлкенлиги бар бас инженер кирип келди.

— Отыр, Жумабай иним,—деп директор креслоны нусқады.—Мына баланы таныйсаң ба?

— Аўа... 72-47 ниң шоферы ғой.

—Қандай бала? Тил алғыш па?

Тым-тырыс отырған Шерниязның бирден қуўақышылығы тутып кетти:

—Ақсақал, тил де алғышпан, ЗИЛ де алғышпан!

Директор да, бас инженер де ўаҳаҳа салып күлип жиберди...

Жаңа машинаны алғалы Шернияз соқа ешектен жүрмелге отырғандай болды да қалды. Диспетчерден маршруттың да ең узағын сорап алады, шаршаў де-

генди умытты, тек көкиреги алып-ушып жолға атланғысы келеди де турады.

Жамғырлы бәҳәр күнлериниң бири еди. Тахтакөпир райПОсына жүк түсирип қайтқан Шернияз жамғырдан паналап жолдың шетинде турған қыздың қасында иркилди. Күн кешкирип қалған еди, түсип киятырған қараңғылықтан ҳәм тынбай қуйып турған жамғырдан иши әлемәжуўа болып, әбигерленип турған қыз иркилген машинаны көрип қуўанғанынан бирден жуўырды. Шернияз қапталға қыйсайып есигин ашты:

—Нөкиске барасыз ба?

—Барғанда қандай!—деди отырып алған қыз жүзлериндеги жамғыр тамшыларын сүйриктей бармақлары менен сыйпап.—Қашшан турғаным, ширкинлердиң биреўи де иркпейди.

— Ирккеним тәўир болды-аў!—деп күлди Шернияз машинасын орнынан қозғап.—Болмаса, мен де сол көп ширкинниң биреўи болады екенмен.

—Енди не?—деп қыз сақылдап күлди. Шернияз өз атын айтты да:

—«Жүздиң жүзин билгенше, бирдиң атын бил» деген, қарындасым, атыңыз ким болады?—деди. Машинаның әйнегине тамған жамғырды тамашалап киятырған ақ қуба қыз Шерниязға сыр толы көзқарас пенен тигилди де:

—Атым еркекшелеў,—деп күлип қойды.

—Еркекшелеў?

—Аўа.

—Түсинбедим. Ондай да ат бола ма екен?

—Қойса бола беретуғын шығар,—деди қыз. Шернияз геўгим түсип кетпестен бурын қыздың бет-әлпетине қарап қалғысы келди. Қыр мурынлы, көзлери жаўдыр, керме қас бир нәзәлим оның қасында еди, жигиттиң жүреги ойнап кетти, оның кийген кийимлерине шекем бойшаңлаў жиңишке тулғасына қуйылып қалғандай, дәслебинде мың қыздың ишиндеги елеспесиз бир қыздай көринсе де, енди Шерниязның көзине мың қыздың ишиндеги бир пәрий, мың жулдыздың ишиндеги жалғыз Шолпан болып көринди. Қайда жиберсе де созылып жорғалай беретуғын тилине де енди тусаў түскендей, бирақ Шернияз бундай тартыншақлықтан

тез арада қутылатуғын, солай да қызларға бирден берилип кетиўден қорқатуғын еди. Сонлықтан ол өзиниң айылын тез жыйып алды:

— Сөйтип, атымды айтқым келмейди дейсиз ғой?

—Атым затыма сәйкес емес,—деп тағы күлди қыз.

—Сол ушын айтқым келмейди.

—Өзгертип алыўға болады ғой.

—Қалай?

—Неси қалай?! Ат өзгертиў қыйын емес. Еки аты барлар да көп ғой.

— Ал, онда маған ат қой,—деди қыз жигитке тиглип.—Мен сол сен қойған атты қабыл етейин.

Шернияз қыздың бирден «сен»ге көшкенине қуўанды, сөйтсе де қызға ылайық ат таба алмай қыйналды. Қасында отырған ай жүзли жананға қандай ат ылайық болар екен? Сол қойылған ат қыздың да дийдинен шығыўы керек ғой, ақыры! Жер үстинде қызлардың аты қанша көп болса да тап усы пайытта бирде-бireўи Шерниязның ойына түспеди. Соннан ол бурыннан таныс қызларын бирме-бир көз алдынан өткерип, атларын ядына келтирди, жақ, олардың атлары бул гөззалға мүнәсип емес. Мектепте оқып жүргенде усыған уқсас бир қыз бар еди, аты оның Зыяда... Тоғызыншы класста ма, оныншыда ма, Шернияз да оған ашық болып, хат жазғаны бар, ертеңине Зыяда буның китабының арасына жуўап хатын салып жиберипти:

«Хат жазба, әй, Шернияз, аты-жолыңа бурыш-пияз!» —деп қысқа жуўап қайтарыпты. Қызға ашыўланған Шернияз оның жуўабын өртеп жиберди де, көп күнге шекем Зыяданың көзине тик қарай алмай уялып жүрди. Жақсы нийетке созған қолын қаққан қыздың атын мынаў гөззалға ылайық көрмеген Шернияз тағы басқа атларды ойлаўға киристи.

Машина Кеңеске кирген жерде этирапты қараңғылық толық қаплаған еди, жамғыр тынар емес. Тинәў күни танысқан дүканшы келиншектиң аты ким еди? Әне, дүканы да еле жабылмаған... Аты... аты... тилиниң ушында-ақ тур қапылып. Ҳәә, тапты, тапты—Айзада! Зыяда болмаса, Айзада!

—Сизге ат таптым!—деди қуўанған Шернияз, «сиз-

ге» деўдиң орнына «сағаң» дегенде болатуғын еди, буны Шернияз кейин аңғарып қалды.

—Ал, ал, қандай ат таптың?!

—Айзада!!

—Айзада?

—Аўа! Айзада боласаң! Мениң Айзадам боласаң!!!

Машинаның алдынғы әйнегине тамған жамғыр суўларын щеткалар өрли-ғурлы қыймылдап тазалар, фардың жақтысында жамғырдың бир қәлиптеги майда тамшылары көринер, асфальт үсти айнадай жарқырар еди. Бирақ, машинаның жақтысы онша узаққа бармас, жолдың еки жағасы қап-қараңғы, тек ара-тура қарсы киятырған машиналар өтип кетеди. Бул этирапта ҳәзирше тек ғана үш нәрсе бардай: жол, жамғыр, машина...

Тайғақ жолда жүриси өнбеген машина қалаға киргенде жатар болып қалған еди. Қыздың енди қайда баратуғынын сорамай-соқпай Шернияз машинасының тумсығын кирейде отырған жайына әкелип тиреди. Қыз да тап өз үйиниң дәрўазасына келгендей еминеркин жерге түсе берди:

—Жайың үлкен екен.

—Баршылық...—деди сырын ишине жутқан Шернияз.—Бирақ...

Машинаның даўысын еситкен хожейин иштен шықты:

—Мудамы ярым ақшамда!—деп тоңқылдаўы менен дәрўазаны данғырлатып үй ийеси есигин ашты.—Мынаў ким?

—Қарындасым ғой, Есимбет аға,—деди Шернияз қыйпақ-сыйпақ етип.—Қалай, аман отырсыз ба?

—Әй, бала, жөниңе жүр, жөниңе! Бул үй сениң жигитшилик ететуғын шаңарағың емес!—деп Есимбет өңменинен өткерип қойды. Тери бурқ ете қалған Шернияз да шырт етти:

—Аўзыңа қарап сөйле, Есимбет аға! Қуўыш байлап қойсаң да қарындасымды әкелмей тура алмайман! Минлетиң жайың болса, азанда босатып беремен!

—Яқ, ҳәзир босатасаң ийттиң баласы!—деп қызып кетти Есимбет.—Қуўыш байлап қойсаң да дегениң не сениң?!

Иштен Есимбеттиң ҳаялы шығып, күйеўине тәселле берип киятыр еди, қызды көрип ол да бирден айныды.

—Ҳәй, енди сен бизиң үйге саллақыларды жыйнаўға қарадың ба?

— Тилиңди тарт жеңге! Кимди саллақы деп турсаң, бул мениң қарындасым ғой.

—Бурын журдай жетиммен деп едиң ғой.

—Әй, қойса бул суўжуқпасты!—деп Есимбет сыртқа еки адым атлап еди, жамғырдың суўына аяғы тайып кетип жалп етип қулады, соң өзинше сөгинип-сөгинип ишкерилеп кетти. Оның изин ала ҳаялы да табанын тайдырды. Қолайсыз аўҳалда қалған Шерниязның көкиреги таўдың басынан жерге қулап түскендей, ҳалласлап келген кеўлине сең отырғандай болды. Ал, қыз бир қыялап тур, оның күлип я жылап турғаны белгисиз еди.

—«Мақтанған жигиттиң үйин көр» деген усы екенлә!—деди ол еситилер-еситилмес өлпең даўысы менен. Қой, мени дайымның үйиңе апарып тасла.

Шерниязжол бойы усындай биреўдиң жайын жалап туратуғынын неге айтпағанына ғәзт жеди, оны қыздан жасырыўдың не кереги бар еди? Ҳәзир усыған уқсас квартирантлар аз ба, биреўдиң қуўысында отырып бала-шағалы болып атырғанлар да азшылық емес. Ал, бул болса қара басы ғой, оның неси айып? Тек, жаңағылардың гәпи жети жүйресинен өтип кетти, тап ертең азаннан баслап қоныс өзгертиўди биринши ўазыйпа етип қойды. Жигит болып көрмеген, қыз болып көрмеген көрмедиклер-әй!

—Бүгинше усы жерде болайық, Айзада

—Техникумдағы қызлардың жатақханасына-ақ барайын.

—Жети түнде қолайсыз болар. Тартынғанды қой, енди жаңағылар кетегинен шықпайды.

Дозақтың босағасынан атлап атырғандай қыз ишке қарай зорға қәдем атлады. Шерниязхожейинлеринен бөлек салынған өжирениң есигин ашты да екеўи ишке киргеннен кейин қайта илип қойды.

—Аш та болдық,—деди ол сыртқы кийимлерин шешип.—Енди не қылсақ екең, Айзада?

Өзиниң жаңа атына қулағы онша үйренеспей атырған қызға жигиттиң гәпи басқа биреўге айтылып атырғандай немқурайдылық пенен зиңирейип тура берди.

—Ҳаў, шешин! Чай-пай ишейик...

—Ҳеш нәрсеге заўқым соқпай тур,—деп ол үйдиң ишине қарады.—Жалғыз турсаң да үйиңниң дәскелери хожалыққа уқсайды екен. Я бурын ҳаялың бар ма еди?

Шерниязның жүреги суў ете қалды:

—Ҳаял! Әй, қаяқтағыны айтасаң-аў! Кемпир-ғарры-дан қалған дәскелер ғой.

Үйдиң ғалма-ғалына үйренип кеткен Шерниязнең арасында чай демлеп, дастурхан жайды, бир нәрселерди шыж-пыжж еттирип те атыр. Чайдың пуўы менен күни мененги жол азаплары шыққандай болды, бағанағы дәрўаза алдындағы қолайсызлықлар да умытыла баслады. Айзада сыртқы плащын шешип, қызларға тән көринис пенен суп-сулыў болып отырып, чайдан уртлады.

—Өлмесем, усы жазда жай салып аламан!—деди Шерниязмушын түйип.—Биреўдиң қасы-қабағына қарап отырғаннан азабы жоқ екен.

—Участка алдың ба?

—Аламан ғой. Қай жерден берсе де план алып жай салып алмасам болмайды. Сең де көмек бересең ғой, Айзада?

—Мениң қолымнан не келеди?—деп күлимсиреди қыз.

—Сениң қолыңнан көп нәрсе келеди...

Соның арасында қуўырдақ та тайын болды.

Таң атар-атпастан булардың есиги қағылды. Шерниязорнынан ушып турды да үлкен айтысқа өзин сазлап есикти ашса, аржағынан Есимбеттиң басы көринди. Кешеги ашыўы қайтпаған Шерниязоған сәлем де бермеди.

—Турдың ба, Шәке?—деди Есимбет сыныңқы даўыс пенен, онда кешеги айбаттан ушқын да жоқ еди.—Ал, ниним түнде анаў-мынаў айтқан болсам, кеширгейсең. Кеше азмаз таслап едим.

Ай сайын түсип турған отыз сомнан айырылып қалыўдан қорыққанынан ба, я өзи тәўбеге келди ме, Есимбеттиң бул кеширимсорап келгенине Шерниязонша түсинбеди.

—Зыяны жоқ, зыяны жоқ, Есимбет аға. Ҳәзир жүкле-римди тийеймен.

—Сен өйтип бала болма,—деди Есимбет ақылланды-рған болып.—Ағаңның бир гәпин кеширмейсең бе?

—Ал, онда мени де кешир, Есимбет аға,—деп күлимсиреди Шернияз.—Биз де әнейи емеспиз. Қарынлдасым деп сизлерди алдағанымды кешир деп атырман. Түни менен үйленип шықтым!

— Ҳаў, ҳаў?!—деп албырап қалды Есимбет.

—Аўа, үйлендим... Мени иним дейтуғын болсаң бир хызметимди питкересең, аға.

—Ҳаў, буңдай қайырлы исти питкермей не қыламан? Ҳаў, оң болсын, иним.

Сол күни Есимбет қыздың Тахтакөпирдеги үйине хабар бериўге атланды...

4.

Қоңыраўды еситкен Улпери шайқатылыўы менен есикке жақынлар-жақынламастан «Кимсең?» деп қыйқыў салды.

— Мен ғой, аш, жеңге!

—Ашық тур ғой, ийтеретуғын диңкең бар ма?

Есик ашылып, ишке Шернияз кирди:

—Ассалаўма әлейкум!

— Тасбақаға минип келдиң бе, қыршын?—деп тоңқылдап ашыўланған болды Улпери, жигиттиң өзине усынған еки қолын да қысып. Усы қолларды қысыўдан ақ пайыз таўып, Улперинің иштеги дебдиўи басылған дай болды.

—Кеширесең, жеңге,—деп ыржыйды Шернияз ишке қарай оның изинен ерип.—**Машинам менен-ақ кия-тыр едим, жолда бир таныслар дусласып, егленің-киреп қалдым.**

Креслоға жалпайып отырған Улпери қыйқыў салып күлди:

—Ийисшил ийттей сениң-ақ жолың өнбейди! Басына сая түсирмейтуғынлар менен ушыраса берип не **қыласаң? Берман жақынлаңқырап отыр, бойыңды бә-**нелеп алып қаша бермей...

Шернияз креслосын Улпериге тақады.

—Аўқат пенен қалайсаң?

—Аўқатланып келдим,—деди Шернияз суўық демин алып.

—Не, салдаў тартып келдиң бе?

—Салдаўдан да аўырлаў... Пай, Тасполат ағамның келмегени шатақ болды-дә...

—Неси шатақ? Орнында биз бармыз,—деп көкиректине урып қойды Улпери, көйлегиниң ишинде еки пышық қыймылдағандай емшеклиги селк-селк етти.—Ағаңнан-әм бетер қуўанта аламыз, қарағым.

Улпери Шерниязды жуўан санына шаплаты менен салып қалды да, тағы шақалақлап күлди. Бирақ, Шерниязды бүгин бундай ўақты хошлыққа иштейи жоқ, оның қыялы басқа жақта еди. Ондағы кеўилсизликти сезген Улпери жигиттиң сарғайыңқыраған көзлерине тигилди:

—Аманлық па, не өзи?

—Күтпеген жерде басыма ис түсейин деп тур, жеңге,—деди Шернияз оннан мәдет күткендей салпаўсып. —Егер тезирек Тасполат ағам келип араға түспесе, Шернияз қәйниң бул дүньяға қаланың таўықларындай темир тордан сығалайды.

—Не деп турсаң өзи?—деп Улпериниң кеўли бир әндийшениң самалын сезгендей тыпыршылай баслады. —Не болып қалды?

—Сорама! Дүканыма тосаттан ревизия келди. Қапыларды иштен тас қылып илип таслап, бирме-бир есап жүргизип атыр.

—Соған да сонша ҳаўлығыў ма?

—Ўай-боой, жеңге-әй! Олардың келетуғынын ҳәш болмағанда бир күн бурын билгенимде мен де тас қылатуғын едим. Енди илаж ете алмайман. Итималы жоқ!

Бирақ, Улперige бул гәплер таўға қус қонғандай **белги бермеди, оның пәминше Шернияз дәрьяға тақан** шайып турғандай еди:

—Ревизия деген-әм гәп пе? Егер тили, көзи, аўзы, қулағы, тамағы бар мақлуқ болса, келисиўге болады ғой!

—Әй, билмедим-аў!—деп гүмилжиди Шернияз.— Ишинде қас-кирпикли бир қақшеке мақаўы бар, та-

лай шақы айланғанларды да зым-зыя қылып жиберген!

—Ақшаға қайыспайтуғын зат бола ма, қыршын! Алтын—периштени де жолдан шығарған. Аўа, жатып қалғанша атып қалыў керек.

—«Жөн алды қарабарақ» қалай атамыз?

—Нышанаға таўып, дәл тийгизиў керек!

— Сол мерген қәне? Сол мерген Қара теңиздиң бойында басқа биреўлерди атып жүрген жоқ па, жеңгежан-аў!—деп келисиксиз күлди Шернияз.—Тасполат ағамның жоғында қылып атырған ылайсаңы тегин нәрсе емес. Биреўлерден гүманым бар.

—Анығын билесең бе?—деп Улпери Шерниязды аўзын бақты.

—Тасполат ағамның орынбасары бар ғой...

—Қайсысы?

—Анаў Мәтибай деген жигит.

—Хее, анаў ма, жыртық?

—Жыртық емес, тыртық!

— Жыртығы не, тыртығы не! Әўел жыртық болып, соң тыртық болады!—деп сырлы күлди Улпери.—Ал, ал гүманыңды айт.

—Сол киси оңлы емес пе дедим. Бул не, биймезгил ревизия деп алдына барсам, жаңағы жыртығың «зыяны жоқ, есаплы дос ажыраспас» деген деп күлимсиреди де қойды.

—Ҳә, тандырың шыққыр, жыртыйған жыртық!—деп Улпери орнынан турып арман-берман жүрди.—Ағаң жоқта ҳәмелин жүргизип қалайын деп атырған ғой ол. Тезирек столын өңкитиўдиң жолын қарастырыў керек!

Шернияз да орнынан турды:

—Оның столы өңкиймен дегенше, мен шалқортама түсемен, жеңге. Қәне, маған басқа қандай ақыл бересең?

Шерниязды кетип қалар деп қәўипленген Улпери нағыз терең ойға берилгендей түр менен креслосына келип қайта шөкти.

—Қәйткенде де ревизордың тамырын басыў керек. Өтлеў тамыр деген болады. Әне, соны таўып, жаздырмастай етип жанын шығарып услаў керек! Мине, мынандай етип!—деп ол арман қарап турған Шернияздың гүрре тамырына пәнже урып еди, абайсыз турған жигит «ўай-ўай»лаўы менен еки бүкленип жердеги гилемниң үстине отыра кетти. Келгели аңсары аўып, қәйтип жантасыўдың қыйтығын таппай отырған Улперигe оның жығылғаны оңай түсти, дәрриў оның көкирек аўзына еңкейип, өзиниң тең жарпындай-ақ жигиттиң геўдесине өңменин артты. Лекин, Шерниязды ҳаялға деген сезимлери ревизия қорқынышының қурсаўында сиресип қалғанлықтан Улпериниң былқ-сылқ етип атырған тулғасынан сетем ала алмады.

—Өтлеў тамырды көрсетейин бе?—деп сыбырланды ынтығы қурығаң Улпери.

—Қоя ғой, жеңге,—деп жалынды оның пәнжесинен қутылғысы келген Шернияз булқынып.—Өтлеў-сөтлеўди излейтуғын ўақтым жоқ. Албырағанымнан алдымнан да, артымнан да сүңгип атырман.

—Онша албырай берип не қыласаң, шәлтик қәйним...—деди де Улпери торсыйған еринлери менен Шерниязды суўенниң аўзындай аўзынан шомп еттирип сүйди. Тағы аўзын арандай ашып жутып жибере жақтай дөнип киятырғанда жигит қос алақаны менен бетин басып:

—Қоя ғой, жеңге,—деп жалына баслады.—Бугинше қыйнамай тур, аппақ жеңгем. Ис патыратқа айланып баратыр. Ишкен асым бойыма тарағанды қойды... Егер усыннан анаў-мынаў жағдай бола қойса, жети пуштымыздан бержағы қозғалады...

—Қапылта бермеш, бала!

—Рас айтаман, жеңге. Булттың бул дөниси жаман. Ондай жағдайда Тасполат ағам да ақ түйени көрмеген болып қала алмайды!

Шерниязды жүзине дем салып атырғандай үңилип отырған Улпери бирден жулқынып өрре турды:

— Талыңды басқа жақта шайна, қарағым!— Улпери еки қолын бүйирине тиреп арман-берман жүрди. Шерниязды жаңағы гәпине оның ишинде алабурқан куйын басланған еди.—Ассалаўма әлейкум десең, асыла кетеди бу журт! Әстаўпырла, әстаўпырылла?! Оның сени адам қатарына қосқаны гүна болып па енди?!

Гүресте жығылып қалған пәкене палўандай ҳәр жерин услап Шернияз да орнынан турды, Улперини бүйтип бирден от тийген үпелектей лаўлап алысып кете-

ди деп ойламаған еди, күтпегенде аяғын оқпанға тығып алғандай мертилип қалды, бәле-қаданың бағдарын басқа жаққа қайтарады деп жәрдем сорап келгенде... қайырқом жеңгесиниң де толғағын терис келтирип алды. Қәйткенде де бул шәлкем-шалыс жүристен өзин дүзеп алып, соқпағын бурынғы аңғарына түсирмесе, аржағы туңғыйық екени даўсыз еди.

— Мен асылып атырғаным, гүналап атырғаным жоқ, жеңге,—деп майдалап түсиндириўге киристи Шернияз.—Егер мен жаман болатуғын болсам, кесирим жети журтқа тийетуғыныша даў жоқ. Бизлер бир сабаққа илинип турған адамлармыз, жеңге. Аўа, сабақтың бир ушын тартса, ҳәммемиз бирге қозғаламыз.

—Ол не қылған сабақ?—деп пәсине қайтыўдың орнына өршеленип кетти Улпери.—Сабағыңа өзиң шырмала бер, қыршын! Күни менен не қылар екен деп үндемей отырсам, мынаў айналып келгенде, бизлерди де жумбаршақлап басайын деп отыр ғой. Уой, дәмеңнен айналайын сениң!

Шернияз шаң-тозаңды аспанға көтерген даўылдың басланғанын сезди, бирақ енди оны қайтарыўға я алдын алыўға оның құдирети келмейтуғын еди, сонлықтан дуў-сыйыңды тыңламайтуғын ҳәңги жеңгесине жалыныўдың пайдасыз екенин түсинип, не де болса қаттырақ барыўға бел байлады:

—Тақыр жерде буқпай-ақ қой, жеңге. Бир жағында сен де барсаң!

Шернияздың мына гәпи Улпериге атылған оқтан кейин тиймеди, оның жаны алқымына тақалғандай буўлығып қалды:

—Ҳаў, ҳаў!? Енди ҳәммесин қойып маған асылдың ба, қыршын!—деп Шерниязды жеп қоятуғындай болып дәпинди ҳаял.—Саяңды аўлағырақ сал, бала! Ойнайтуғын адамың мен емес!!

Араға азы-кем үнсизлик ҳүкимдарлық етти, Шернияз лаўлап турған отқа тамызық таслай бериўдиң, әсиресе көтерип-соқпайлығы басым мынандай ҳаял менен жақ жарыстыра бериўдиң бийпайдалығын сезип, енди өкпе аралас гәп айтыўға киристи:

—Мен сизлерди жақын көрип, усындай қыйналғанымда жәрдем етеди деп әкеме исенгендей исенип

жүрсем... Жарқабаққа тақалғанда ийтерип жибериўден де қайтпайды екенсиз-дә!?

—Алдыңдағы жарқабақты көрмей соқыр ма едиң?—деди Улпери минген бийигинен бир-еки тис түсип.—Ҳаў, қашанғы биреў сени жетеклеп жүреди?

Улпериде басланған даўыл емес, қуйын екен. Оның бир жақларға ылағып, усы жерден алыслап баратырғанын сезди Шернияз, усы пайытты пайдаланып қалыў керек:

—Жеңге, даўды қояйық,—деп Шернияз да жайма шуўақланды.—Оннанша маған ақыл бер. Төрт жағым қубла болып шаўып баратырман, орға паңқ етип қуламастан бурын мени қутқарып қал.

Улпериниң аспанындағы бултлар да тарқаса басланды, жаңа ғана тоқсанның сыраны ысқырып турған кеўлинде сәўир есип, айдындағы муздай көгерип ҳәм шытнап турған жүзи аз да болса жадыраңқы тартты.

—Мәмлеге жаңа киятырсаң,—деп Улпери бағанағы орнына қайта келип отырды.—Былай етейик, ревизия неше күнде питеди?

—Шырпатдийин етип, питкерип те шамаласты...

—Сен онда басына зобалаң түскен адамдай сыр шашып албырағанды қой, — деди бурыннан кисиге ақыл бериўге бейимлесип кеткен минезине айналып келген Улпери.—Қустай болып дүр-дүр силкин де, еңсеңди көтерип жүре бер.

Шерниязға жан ене баслады:

—Қораз болып қышқыраман да еле!

—Шаңқай түсте қышқырмай-ақ қой, геллең кетер!—деп ўаҳаҳа салды Улпери.—Мен ағаң менен бүгин ертең сөйлесип, бул жаққа тез қайтып кел деп шақыраман. Ағаң келсе, истиң питкени емес пе?

—Онда гүлалагүл ғой!—деп Шернияз қолын шапатлап жиберди.

Улпери үлкен исти бир жөнкилли еткендей мардый-ып отырды, усы минутларда Шерниязды үстиндеги ўырманлық биротала жеңилленип, кеўиллерине шөкен зилдей тас үпелекке айналып, бир жақларға, бәлким, Тасполат дем алып атырған Қара теңиз бойлағына ушып кеткендей еди.

—Ал, бул питти дейик. Енди не хызметиң бар?—деп

Улпери Шерниязға қайтадан телмирди, ал бул ўақта еки қолын көтерип усы ҳаялға бағыныўдан басқа жолқалмады жигитке.

—Жаңағы аўыр сөзлеримди кешир, жеңге!—деп ийесине жағымпазланып қуйрығын таўлаған пышықтай пушайман кеўил менен жүресине отырып креслода шалқайған Улпериниң гүпшектей еки дизесине алақанын апарды Шернияз.—Бир билмеслик өтти. Усы күнлери не сөйлегенимди де билмей баратырман.

—Зыяны жоқ,—деп Улпери Шерниязды еки қолынан тутып көкирегине қарай тартты.—Ондай-ондай болады, бирең-сараң қалады деген. Биз деген кеширимли жеңгеңбиз,—деп ол кем-кем жигиттиң белине қолын апарып, өзиниң үстине қарай қулата берди.—Мениң ишим писип отыр ғой, машының менен қыдыртпайсаң ба?

Улпериниң бул өтинишинен кес-геллем бас тартыўға Шерниязда жүрек қалмаған еди, оның пахта тығылған қанардай геўдесин ишинен қанша жек көрсе де, тек өзиниң қара басының ғамы ушын бүгин оның менен жети қат жердиң астына кетиўге де қайыл болды.

—Қаяққа барсақ екен?—деп басын қасыды Шернияз.—Былтыр жазда бир ақшам мийман болған тоғайға барамыз ба?

—Сүйир шыбынға таланып қалмаймыз ба?—деген Улпериниң сораўынан «тағы түни менен болмақшы ма?» деп Шернияз қорқып кетти.

—Тышқаннан қорыққан пилдиң гәпин айттың-аў, жеңге.

Екеўи де күлисти.

—Болады. Қийинип шығайын,—деп Улпери орнынан көтерилди де, төрги бөлмелердиң бирине қарай қәдем атты. Ғаздың қоразындай аўданлап баратырған ҳаялдың изинен қарап турған Шернияз тоғайда күтип турған қыян-кести көринисти көз алдына келтирип, өзөзинен жийиркенип кетти. Усындай ҳәкери ҳәм гүнжараға семирген сатымлық өгиздей пысылдақ қатын менен қарым-қатнасы барын басқалар сезип қала ғойса, Шерниязды бул қалада емин-еркин ғоддаслап жүриўи қыйын. Тасполаттай ҳүрметли адамның көзине шөп салып жүриўи де азымшық гүна емес, егер сезген биреўлер буны ол кисиниң қулағына жеткерсе, Шерниязды сол күнниң ишинде-ақ жер тарттырып жибериўге құдирети келеди оның. Басланған патырат аман-есен дүт бермей басылып кете қойса, Шернияз енди бул жолды аўыстырмаса болмас...

«Байына пул, қатынына қул болып-ақ өлетуғын болдым-аў!—деп ойлады Шернияз ғамгүнлик пенен — Буя қатынның ара-тура арқасын сыйпатқанына меники не бунша?! Я жигитшилик емес, я ийтшилик емес. Ийтшилик шығар-аў! Әй, исим оңына басып кетер ме екен? Биз тоғайда ғарғадай ғарқылдасып жүргенде, бул жақта шотын сартылдатып, қалған демимизди есаплап атырса!.. Дардың гүрмек шалынған жиби салбырап турғанда мениқи не шағалмәслик? Курорттың ләззетине бөленген адам, бул жақта әкең өлип қалды дегенде де мойын бурып қарамайды. Өзим де бир-еки рет Тасполат ағаның чемоданын көтерисип барып, көрдим ғой... Бул қатынға бир күнлик ҳәзлик керек, ал маған... Қой, басым аман турғанда қайқаяйын!».

Шернияз аяғын ғаз-ғаз басып сыртқы есикке шамаласканда кирип киятырған милиция капитаны менен дүгисип қала жазлады. Милиционер көзине тап өзин арнайы излеп киятырғандай туйылып, Шернияз тас болмаса шалқортасына қулаўдан сәл қалды. Бирден албырап, бетинен қаны қашып, ҳүрейи ушып кеткен жигитти көриўден сезимтал милиционер:

—Бул не, уры емессиз бе?—деп есикти арқасы менен тоса қойды. Әлленемирде өзине келген Шернияз!

—Яғаў, ассалаўма әлейкум!—деди келисиги келиспесе де.

Жигиттен сыншыл өткир көзлерин еле айырмай турған милиционер:

—Тасполат Алламбаевичтиң үйи усы шығар?—деп сорады.

—Аўа, усы.

—Үйинде ким бар?

—Жеңгей бар. Ишкерилең, ишкерилең. Төрги бөлесинен ҳәзир шығады,—деп Шернияз жыланның қуйрығындай сытылды да көшеге шығып суўық демин алды.

5.

Шыңғыс пенен бир мектепте оқыса да Нурполат оның үйине көп барған емес, бирақ, мектепти питкергеннен кейин Шыңғыс буны көбирек излейтуғын ҳәм үйине, басқа жақларға да ертип кететуғын болып қалды. Олардың компаниясына араласқалы Нурполат өзин басқа дүньяға келип қалғандай, изинде қалған өмириниң сонша жыллары тек бийкарға өтип кеткендей сезилди. Айшы-әширет, ҳәзлик, тамаша өмир енди басланғандай, университеттеги оқыўға оның тек ғана сүлдери қатнасып жүргендей еди. Олар өз компаниясын «Ақшам жулдызлары» деп атады, оның ағзалары қаланың ең сайланды хожалықларынан шыққан жигитлер менен қызлар еди. «Ақшам жулдызлары» компаниясы шынында да түнги жулдызлардай болып, күндиз ҳеш кимниң көзине түспес еди, ал қараңғы түсиўден олардың басы қуралып, жасырын түрде отырыспақлар өткерди, ойынлар ойнады, қәлегенинше ишип-жеп, әжептәўир ҳәрекетлер етти. Нурполат олардың арасына биринши рет түскенде үлкен сынақтан өтти, Мамонт деген муртлаш, сақаллы, шашлары уўдардуўдар атаманы оны аяўсыз саўалларға тутып, ант ишкизип, уў жалатып, өз топарына ағзалыққа қабыл етип алды. Олардың отырыспасы өз үйинде талай мәртебе көрип жүрген сыпайы банкетлерге, туўылыў күнин белгилеген зыяпатларға дым ғана уқсамайтуғын еди. Арақ ишиў, темеки шегиў, өлпең жарықта қызлар менен ҳеш кимнен тартынбастан кеўлине келгенин ислеў, магнитофон арқалы биймәни ўағырлы-шағырлы бир намаларға қосылып қыйқыў салып ойнаў —буның ҳәммеси туңғыш рет көрген адамға жинлиханаға түсип қалғандай әксер етер еди. Әсиресе, бул жерде шегилип атырған темекиниң ийиси де басты айландырып жиберерлик дәрежеде, түтиннен адам адамды зорға көреди. Саат түнги екилерден өткеннен кейин Мамонттың буйрығы бойынша қызлар да, жигитлер де тап моншаға түсетуғындай тырдай жалаңаш болып шешине баслады. Аўзы аңқайып турған Нурполатқа:

—Сен де шешин, неге аңқайып турыпсаң?—деди қасындағы Шыңғыс.

—Шешинип не қыламыз? Шомыламыз ба?

—Танцаға түсемиз!

Тек ғана Мамонт шешинбеди, ол төрде шылымын өрли-ғурлы тартып, ара-тура арақтан бир уртлап, ойыншыларды тамашалап отырды. Нурполат бундай мәдениятсызлыққа ишинен көнбесе де Мамонтқа берген антынан қорқып, шешинди, сөйтип көптиң арасында өзиниң қақпаштай денесин былғай баслады. Жай ишиндеги геўгим жақтыдан ҳәм темекиниң түтининен биреў-биреўди көриў қыйын еди, узақтан қарағаң адамға тек бир нәрселердиң жөнсиз қыбырлап атырғаны ғана сезиледи. Иштеги сасық ҳаўадан ҳәм қулақты жарып баратырған ўағырлыдан Нурполаттың басы айнала баслады, өз компаниясының жаңа ағзасына сын көзи менен қарап отырған Мамонт оны қасына шақырып алып, темекисин усынды. Нурполат бурын онша үрдис етип шегип көрген емес, ҳәзир атаманның қолын қайтарыўға қорқты, түтеп турған шылымды аўзын толтырып бир сорыды да, ишине жутып шақалып қалды. Көзинен жас шыққанша буўлығып жөтелди де, қолындағы ақшыл-көгис түтин шығарып турған шылымды ылақтырмақшы болып турғанда Мамонт оның билегинен шарппа услады:

—Бул тегин «Беломорканал» емес!

—Енди не?

—Уой, аңғөдегим-әй! Бул ақ теңиздеги аппақ ақшамға апаратуғын көк түтинли канал ғой. Тағы бир тарт!

Мамонттың қап-қатты қолы Нурполаттың қамыстай билегин искенжедей қысып, жанын шығарып баратыр, салбыраған муртына, қанталаған көзине қараўға қаймыққан Нурполат зәҳәрдей түтинди тағы үсти-үстине тартып жиберди. Кем-кем әтирапындағы қыйқыў салысқан жөнсиз даўыслар әжайып намаға айланғандай оған дым ғана жағымлы бола баслады, көк түтинге толған жайдың сасық ҳаўасына бәҳәр орнағандай желпинген хоширей ийисли самал келгендей болды, бир қызық ўақыяның гуўасы болғандай аўзын жыя алмай күле берди. Бәри тамаша, бәри қызық, бәри меҳрибан, бәри жағымлы. Аяғын атса аспанда ушып баратырғандай, аппақ нур, аппақ жулдызлар аяғының арасында, гейде басы төменге салбырап кет-

кендей болады. Бир жақлардан тынымсыз күлки, ишек-силеси қатып күлип атырған әлле биреўлердиң даўысы келеди, соған жеткиси келип қәдем таслайды, бирақ, жадырап жайнаған гулзарлықтың ишине қулап баратырғандай. Тағы гүллердиң көзлерди бәнтлеген әлўан-әлўан шақалары шайқалып, кеўилди балқытқан ийислери аңқыйды. Бул—бул дүнья емес, бул—жәннет шығар, бәлким?...

Нурполат оянып көзин ашса, жайдың әйнегинен ишке күн сәўлеси түсип тур екен, әтирапы тым-тырыс, қасында бастырынып жатырған биреўдиң қорылдысы еситиледи. Түтинлер тарқаған, басы мең-зең, жай ишиндеги затлар әйўан-жәйўан. Орнынан турмақшы болып еди, басы зеңип кетип, төсекке қайта отырды, зирдектей қатып тоңып қалыпты, түнги қыз-жигитлердиң ҳәммеси тарқасып кетипти. Ол еңбеклеп барды да, ханнан хабарсыз қорылдап атырғанды түртти, қорылды тынды да жатырған үрпек бас қыймылдады:

— Не, әкең өлди ме?! Жатсаң-ә!

— Тоңып кеттим. Басым да аўырып тур.

—Тоңсаң, көрпе жамыл,—деп гүңк етти үрпек бас. —Басың аўырса, шийшелерди сырқып иш! Маған не?!

Нурполат тезирек сыртқа шығып кеткиси келди, кешеги шешинип илдирип қойған жеринде оның хасыл териден тигилген қымбат пальтосы да, норка малақайы да жоқ болып шықты. Тинтпеген, қарамаған жери жоқ, табылмады. Оның орнына май-май, кир-кир, тозыўы жеткен плащ пенен жымпыйған қалпақ қалыпты. Диз кийимлери түўел, свитер менен шалбары да табылды. Ашыўы келген Нурполат тағы қорылдыға басқан үрпек басты жулқылады:

—Бизиң пальто менен малақай қайда?

—Не, не?! Мен не, сениң кийимлериңе қараўылман ба? Жит-әй!

—Сен усы үйдиң ийеси емессең бе?

—Сонда не болыпты? Сениң кийимлериңе швейцарман ба? Бар-әй, маған не?!

Бир ақшамда мың ярым манатлық кийимнен айрылып қалыў Нурполат ушын үлкен хорлық еди, не қыларын билмеди, бәлким, бул бала да билмейтуғын шығар, бир қолы суқ жалатай тарқасқан ўақта кийип кетиўи мүмкин.

—Ал, онда мыналар кимниң кийими?—деп Нурполат үрпек басқа бағанағы гөнетоз кийимлерди әкелип көрсетти. Үрпек бас оларға бир қарады да:

—Пәлеким биле ме!—деп қайта қыйсайды. Бул бала менен салғыласып турыўдың пайдасы жоқлығына көзи жеткен Нурполат тәғдийрине тән берип, гөне кийимлерди кийинди де сыртқа шықты. Мотор ремонтлаў заводының слесарындай болып келген Нурполат:

—Түнде таландым,—деп ата-анасын алдады. Баласының жаны аман қалғанына қуўанысқан олар таланған кийимлерин аўзына да алмады. Онда қыс күнлери еди, соннан баслап Нурполат «ақшам жулдызлары»ның отырыспаларынан қала алмады, олар қалдырмады да. Олар Шыңғысты Щука деп атайды екен, ал Нурполатты болса Норка деп атап кетти, олай аталыўына норка малақайының жойтылыўы да себепкер болды. Кеше Щука үйине шақырған еди, оның айтыўынша бүгин Мамонтың туўылған күнин белгилейжақ қусайды, адам көп болмайды, тек үшеўи. «Машинаң менен келсең де шеп болмас еди. Ашшы көлге барып жүремиз бе?» деген еди Щука.

Сонлықтан Нурполат машинасын минип шықты.

6.

Сыланып-сыйпаныўы жуўғарада пите қоймаған Улпери үстине үлбиреген ең ҳасыл жуқа көйлеклеринен бирин кийип, қолына бир шийше услап, өжиресинен сөйлениўи менен шықты:

—Екеўимиз бир жутымнан коньяк та ишпеппиз-аў, бала. Кеўилге йош...—деп алдына қарай бергенде шығыўын аңлып зиңирейип турған милиционерге көзи түсип, қолындағы шийшени таслап жиберди. Бирақ, жумсақ гилемның үстине аўнап түскен шийшеге бәле келген жоқ.

—Жеңге, сәлем бердик!—деп аўызша сәлемлести милиционер.

—Түсим бе, өңим бе?—деди ҳайраны шыққан Улпери.—Жаңа... жаңа усы жерде бир қәйним бар еди.

—Милиционердиң сәлем бергени енди ядына түсип,—Сәлем, сәлем...

Милиционер төс қалтасынан гуўалығын көрсетти:

—Қәйниңиз сыртқа кетти... Жеңге, биз қалалық милиция бөлиминен боламыз. Мүмкиншилиги болса, мына столда отырып азмаз әңгимелесип алсақ?

Қыдырыспаға кетиўге қанатын жайып турған Улпериниң еңсесине тас минип киятырғандай кем-кем салпаўсый баслады, милиционер мынаў ыссыда терлеп-тепшип бийкардан-бийкарға жүрмеген шығар, не де болса буның бүйтип бийсәўбет келиси ләззет қушағына алып-ушып турған ҳаял кеўлине ғулғула сала берди:

—Не өзи, аманлық па?—деп креслоға шөкти, милиционер де оның қасына отырды.—Ал, қулағым сенде, қарағым.

—Балаңыз үйиңизден қай ўақлары шығып кетти?

—Балам?!—деп Улпериниң жаны шығып кеткендей болды.—Не болған оған?

—Дәслеп мениң сораўыма жуўап бериўиңизди сорайман,—деп милиционер папкасынан алған қағазына жазыўға қайымласты.

—Балам... балам бағанарақта, буннан бир-еки саат бурын кетип еди,—деп Улпери жан-ийманына от түсип тутлыға баслады. Милиционер тәрептен бир жаман хабардың ийиси келип турғандай.—Аманлық па өзи, қарағым?

«Аманлық» деген сөз тегинликте милиционердиң аўзынан шыға қоймады, ол қағазларының арасынан шаппаттай қағаз алып Улпериге усынды:

—Мынаў, сизиң машинаңыздың номери ме?

Бетинен қаны қашқан Улпери қағазға үңилди:

—Аўа! Сол... Не болып қалды сорыма?! Айтшы, балам... балам аман ба?

—Балаңыз аман, бирақ...

Күни менен столдың үстинде буйығып атырған телефон шыңғырлады, ҳеш нәрсеге заўқы соқпай, дәрмансызланып қалған Улпери милиционерге қарады.

—Сөйлесиң,—деди милиция капитаны. Үстиндеги жүги менен шөгип атырған түйедей Улпери орнынан зорға көтерилип, телефон трубкасын көтерди:

—Да...

—Мама! — деген Нурполаттың даўысы еситилди трубкадан.

—Аўа, мен. Нурполатсаң ба?—деп қуўанып кетти Улпери.

—Аўа,—деди трубкадағы даўыс.

—Қайда жүрсең, балам?

—Гүлсара деген қыздың үйинде сабақ таярлап атырман.

—Гүлсара деген қыздың үйинде сабақ таярлап атырман дейсең бе?—деп нықлап сорады Улпери милиционер де еситсин дегендей.—Қашан келесең, балам? Аман болсаң болар, әйтеўир.

—Бүгин бара алмаспан, қәўетерленбей-ақ қой,—деди трубкадағы даўыс.

—Бүгин бара алмайман? Яқшы!—деди де жүреги орнына түскен Улпери телефон трубкасын орнына қойды.

—Гүлсара деген қыздың үйин билесиз бе?—деди милиционер. Баласының аман екенине көзи жеткен Улпери енди жаңа басланған даўылдай есирип кетти:

—Оны қаяқтан билемен?—деп оқабазланған қоздай арман-берман гезе баслады.—Сен өзи не ғалаўыт таўып жүрсең шырағым? Мениң баламды ким менен шатастырып бунда келип отырсаң? Бул кимниң үйи екенин билесең бе?—деди ылақаның қарнындай билегин аспанға сермеп. —Бул Тасполат Алламбаевичтиң шаңарағы! Бул босағадан бундай суўық хабар атлап көрген жоқ еле!

Бундай бийҳаяшылықлардың талайын алдынан өткерген милиция капитаны Улпериниң аспанға шошайтқан қолларынан да, аўзын арандай ашып урған доқларынан да қаймыға қоймады:

—Жеңге, атыңның жылаўын сәл тартыңқыра!—деп басындағы фуражкасын қасына қойды, бул шамасы, енди жалаңбасланып сөйлесемиз дегени шығар.—Биз көшеде үшпелек шалып ойнап жүргенимиз жоқ. Бир нәрсениң изин қуўып келип отырмыз.

—Ойнайтуғын адамыңды тапқан екенсең!—деп әзелден желөкпе Улпериниң танаўлары желпилдеп, даўылдағы шатырдай тырсыйып кетти.—Мен ҳәзир начальнигиң менен сөйлесип, панайыма жақынласпастай етемен. «Ҳайт жоқ, той жоқ, неге еки ийт бығырласып атыр» деген екен биреў.

Әдеп-икрам дегенди өгиздей отлап, оны әллеқашан

дәриске айландырып таслаған бул ҳаял менен сөйлесип нан писирисе алмайтуғынына көзи жеткен милиция капитаны алдындағы қағазларын жыйнап папкасына тықты да, бас кийимин кийди:

—Яқшы, сиз үйиңизден ҳеш жаққа кетпең. Тез арада мәселе рәўшан болады.

Милиционер орнынан турды. Бир жумбақтың шешилмей-ақ қолынан сыпқанап шығып кетейин деп турғанынан қәўетерленген Улпери өрлеп баратырған баспалдағынан бир текше төмен түсти:

—Не мәселе, қарағым, ашығын айтса?!

Араға жым-жыртлық шөкти, милиция капитаны шынын айтарын да, айтпасын да билмей азғана егленип қалды, оның үнсизлиги Улпериниң қойнына кирпи жумалатқандай шанша баслады. Усы ўақытқа шекем баласының жаманлығын көрмеген, оны дағы жоқ ақ мамықтай сезип киятырған ана ушын ол туўралы бийпасырқы бир гәп еситиў балқып отырған адамның қолтығына муз тығып жибергендей ет түршиктирерлик жағдай еди. Деген менен Улпери сол жағымсыз хабарды тезирек еситиўге таярлық көре баслады.

—Сизиң балаңыз машинасы менен велосипедли кетип баратырған бир қызды қақтырған!—деди милиционер. Улпериниң ети жуўылдап, көзиниң алды гиреўкеленип кетти:

—Не дейди?! Қой, басқа биреў шығар? Болмаса, мениң балам жаңа звонит етти ғой.

—Ең аўыр жери сонда болып тур,—деп үҳ тартты милиция капитаны.—Ол қақтырып болып, қашып кеткен!

—Оны ким көрипти?—деп Улпери самалы оңынан келген ошақтай тағы гүрлеп алыса баслады.—Мүмкин емес, мүмкин емес!!! Ақ тоба—қара тоба! Ким болса да бизди қуртайын деген биреўдиң гәпи шығар? Не көп, қалада машын көп!

—Гүўалар исенимли адамлар,—деп милиционер кетиўге қайымласты.—Ишинде ГАИ инспекторы да бар.

—Ал, енди не болады?—деди илажы қурыған Улпери әўелги ҳәўирден ап-сап болып. —Балам ҳеш жерде ҳеш нәрсе жоқ, қамалып кете бере ме?

Улпериниң лаўлаўы басылып түтей баслағанда милиционер қызып кетти:

—Сизиң балаңыздың қылўасынан бир қыз набыт болып атырса, бул ҳеш жерде ҳеш нәрсениң болмағаны ма? Мүмкин, ол қыздың да сиздей анасы бар шығар... Қызын дүканнан нан әкелиўге жумсап қашан келер екен деп жолына айдай қарап отырған шығар?.. Ал, оның сүйикли перзенти кеткен жағынан келмесе, велосипед орнына носилкада үйине келсе... Күлип кеткен қызы, еки көзин мәңгиге жумып үйине келсе... сизиңше аңсат ис пе? Бул ҳеш жерде ҳеш нәрсениң болмағаны ма?

Баласының ендиги тәғдири тек ғана усы милиционердиң қолында турғандай Улпери жыламсырап жалына баслады:

—Яқ, яқ! Мениң жалғызым аман қалсын! Бизди сорлатпаң, қарақларым!—деп өкиреңледи даўысының барынша. —Мүмкин, гүна ол қыздың өзинен де болған шығар?.. Сизлер солай деп шешиң, өтинемен!.. Бәрибир, өткен ис орнына қайтып айланбайды, мениң баламды сорлатқан менен ол қыз енди тирилмейди... Өтинемен, мениң жалғызымды қуртпаңлар!—деди Улпери еңиз-теңиз жылап, бәлким, ата-анасы өлгенде де бүйтип шын ықласы менен жыламаған шығар.—Әкеси де курортта еди. Бул хабарды еситсе, жаны тәслим болады ол бийшараның!.. Бизлерди аяң, қарақларым. Тәғдийримиз сизлердиң қолыңызда,—деп шашларын жайып, қолларын сермей баслады—Нурполатым!!! Нурым!!! Не қылып қойдың, балам?! Сеннен айрылсақ, бул жайлардың, бул дүньялардың кимге кереги бар?! Ишинде бизлер музлыаяқ болып өлемиз ғой, қулыным?!

7.

...Сол жылы жазда Шернияз мойнына хожалықтың күшени түскеннен кейин жең түринип иске кириста, гөне қаланың шетирегинен биреўдиң жай орнын сатып алып, гербиш қуйды, жора-жолдасларын көмекке шақырды, сөйтип гүз түскенше еки өжиресиниң ишине де кирип алды. Кишкене болса да өз үйинен кирип шықканға не жетсин! Жайы тар болса да, өриси бираз кеңейип, жумыстан келиўден ҳаялы екеўи әжик-гүжик сөйлесип, өз семьясының келешеги ҳаққында, аманлық болып турса, жайының тырнақ қуйыўлы турған

қалған жағын ендиги жыллары питкерип, оннан кейин үстин шиферлап, жай алдындағы аўысық жерге бағ отырғызып, әндамлы хожалық болып кететуғынлықлары туўралы айтысар еди. Айзада аўыл хожалық техникумының бухгалтерия бөлиминде оқыйды екен, үйдиң жағдайына бола өтиниш етип, сырттан оқыў бөлимине өткерип алды, енди Шернияз ислейтуғын автобазаның кеңсесинен ҳаял бабы жумыс таўып ислеп атыр. Бәлким, Шернияз бинәй өмиринде Тасполат пенен таныспағанда олардың семья тәғдийри өзлери ойлағандай ҳәм әрман еткендей болар ма еди, ким билсин...

Азанда диспетчер жоллама қағазын берип атырып, Шерниязға «мына адреске барыўың керек» деп, еки ели иширтки услатты, қағазды таңлана услаған шоферға диспетчер көзин қысып:

—Бара бер, шеп болмайсаң, пал тутқан бармағын жалап қалады,—деп күлип қойды.

Қағазда көрсетилген адрес бойынша Шернияз үлкен жайдың алдына келип, машинасын ирикти. Бирақ, ҳә дегенде буның менен хабарласқандай адам шықпағанға тақаты таўсыла баслаған жигит қышқыртып үстиүстине сигнал берип еди, сыртқы жарма қапы шалқасына ашылып иштен жүк артқан түйедей аўданлаған ҳаял көринди.

—Атыңды байлап ишке кирсең-о, бала!—деди ҳаял, Шернияз оның өтиниш я буйрық екенин аңғармады.

—Шофер халқы асығыс болады ғой, жеңге!

—Асық, асық па, бүгин мениң қол астымда болаcаң!—деди жалпайып кеткен ҳаял «сеннен-әм зорың тақымымнан өткерип қойыппан» дегендей көтериңки жағдайда.—Баслығың айтпады ма?

Ҳаялдың сусы басты ма, я кишипейиллик еткиси келди ме, Шернияз секирип кабинадан түсип, есик алдын кеплеп турған ҳаялға:

—Сәлем бердик!—деп қолын созды. Майдың дағы бар шофердың қолына бармақларының ушын берип шоққа тийип кеткендей бирден тартып алған ҳаял:

—Мен сазланып алайын, мынаўыңды аяғын өгиз басқандай өкирте берме. Баратуғын жеримиз ийт өлген жер емес,—деп ишке кирип кетти. Шоферға бир жерде омалып турғаннан гөре жол жүрген абзал, со-

лай да Шернияз ҳаялдың гәпинен кейин шулғыған-ды қойды, баратуғыны жақын жер болса асығыўдың не кереги бар? Ҳаялдың узақ сазланыўына қарағанда, мереке- серекеге баратуғын шығар деп ойлады Шернияз, лекин жаңағыдай бекбийкелер мерекеге жүк машинасына минип барыўды өзине минәсип көре қояр ма екен?

Жылтылдаған жылтыр кийимлерге оранған тайнапыр ҳаял бир сааттан кейин шықты да, Шерниязды ЗиЛине зорға минип:

—Тарттық!—деди.

—Қайда?

—Мениң қолымның шошайған жағына айдай бер.

Олар қаланың күнбатар арқасындағы жол менен зыңғып киятыр. Жол бойынша өз ойлары менен бәнт ҳаял тис жармады, қасындағы адам аўзын ашпаса Шернияз да «келсе бес, келмесе он бес» дегендей етип аннан-мыннан гәп таба бермейди, ҳәзирше «аш қарным—тыныш қулағым» дейтуғын қыйлынан. Район орайына араласқанда кишкене көшелер менен гә оңға, гә солға бурылып, бир үйдиң қасына жеткенде ҳаял машинаны иркиўди буйырды. «Мен ҳәзир шығаман» деди де ол тап аспаннан салбырап түсип атырғандай кабинадан жерге зорға түсип, тас гербиштен өрилген, сырты сыбалмаған жайдың дәрўазасынан ишке кирип кетти. Бул жерде мереке-серекеден дерек жоқ еди, қандай жумыс пенен келгенин тек ғана усы ири тулғалы ҳаял биледи. Иштен жуўғарада адам шыға қоймады, Шернияз қарап отырыўдан зериге баслады, руль колоңкасын қушақлап жаңа қалғып баратырғанда жас баланың:

—Папам ишке кирсин деп атыр,—деген даўысынан басын көтерди.

—Ҳаў, кетпеймиз бе екен?

—Билмеймен. Шақырып атыр.

Шернияз немқурайдылық пенен жерге түсти. Баланың изине ерген ол жай алдына тигилген ақ отаўдың ергенегинен атлады. Оның ортасына кеңнен ҳәм ҳәр түрли тағамларға, ишимликлерге толтырып жайылған дастурхан әтирапында өзи менен келген ҳаялдан басқа үш киси бар екен. Шерниязды берген сәлемине

қарны салбырап кеткен жылтыр бас адам сәл қозғалды да, басқалары сынын бузбастан өзлериниң әңгимелери менен бола берди. Шамасы, жылтыр бас усы үйдиң ийеси болса керек. Бундай дәбдебели отырыспаға араласып қалғанына Шернияз қысынып терлеп сала берди, себеби, әдетте шофер дегенди бөлек отырғызар еди, бул еки жақ ушын да биймәлел.

—Отыр, иним,—деди жылтыр бас, салпы қарын есик бетти нусқап.—Отыр да чайдан ала бер.

Төрдеги еки адам усы райондағы белгили ҳәмелдарлардан болса керек, енди басланайын деп атырған пахта терими, салы орағы жөнинде булар келместен бурын-ақ басланған әңгимесин қызғын даўам етиўде еди. Ал, өзи менен келгем ҳаял олардан-әм жоқарыда отыр, бурыннан талай табақлас болған адамларының арасына келсе итимал, қысынып-қымырылып отырған ол жоқ, дастурханнан қәлегенин алдына сүйреп алып, он күннен берли дүз-дәм татпаған адамдай зор иштей менен аўқатланыўда. Бундай қара үйде Шерниязды отырмағанына көп болды, баяғы бала ўақытларында аўылдағы хожалықлардың бирең-сараңында бар еди, соң олардың кийизлери, шийлери тозды, ергенеклерин мал қоралардың аўзына қурды, уўықларын гешир себиўге пайдаланып, керегелери таўық қораға айналды, қулласы, қара үй санға илеспей қалып қойды. Қара үйди тигиўдиң, жығыўдың бабын билетуғын кемпирлер де азайып кетти, шаруўалар ушын шығарылып атырған ҳәзирги қара үйлер темирден исленип атыр. Сонда да бас көтерген жекке-жарым адамлар шымбайлы усталарға буйыртпа менен ағаштан қара үй ислетип, барлық жабдықларын бурынғы байлардың көз-қарасы менен үскенелеп атырғанын Шернияз еситетуғын еди, «қулақ еситкенди көз көреди» деген, мине, бүгин сондай қара үйдиң ишинде өзи де отыр.

—Жалғас аға, мен келдим,—деген еркектиң даўысы еситилди сырттан. Жылтыр бас киси қолтығындағы семиз көпшигин ысырып қойды да, орнынан көтерилди, кетип баратырып «сен де жүр» дегендей Шерниязға ым қақты. Тапалдас кисини өкшелеп Шернияз да сыртқа шықты. Сыртта қарапәрең ири жигит күтип тур екен, олар қысқа сәлемлести.

—Қонақты қыйнамай-ақ қояйық, Пиримбет,—деди

жылтыр бас Жалғас ири дәпеңге.—Еле оңлап чайпай ишкен жоқ.

—Гилтин берсе, өзим-ақ питкеремен ғой,—деди Пиримбет. Шернияз түсинбеди.

—Сөйткен мақул. Иним, атыңды-әм сорамаппыз,—деп Жалғас Шерниязды атын айтыўын күтип турмастан.—Сен машинаңның гилтин мына Пиримбетке берип тура ғой, бир жерге барып келеди, өзиң биймәлел дем ала бер,—деди.

—О қалай болады?—деп Шернияз еки ойлы болып қалды.—Кисиниң машинасын...

—Машын өзиңдики емес пе?—деди Пиримбет гүрилдеп.

—Өзимдики болғаны менен, саған берген соң кисиники болмай ма?

—Қорықпай-ақ қой,—деди Жалғас исенимли түрде.—Пиримбет биринши класс шофер, оның үстине райондағы ГАИлердиң аўзын таңып қойыпты.

—Сонда да абайла, жора,—деп Шернияз алағаўдан болып машинасының гилтин берди. Машина қолдан кеткен соң Шерниязды да қәдири бурынғыдай болмады, ол жаңа қара үйге енгелеп кирип баратыр еди, Жалғас иркип:

—Шамасы, сен жасыўлкенлердиң ортасында қысынып отырсаң-аў, ана жақтағы жайға бара ғой,—деди де бағанағы кишкене баланың изине ертип жиберди...

Олар қайтқанда гүзги күн уясына қонған еди. Қасындағы ҳаял қара үйдегилер менен тәўир-ақ таслап алыпты, еки адам қолтығынан демеп кабинаға бочка жүклеп атырғандай зорға мингизди. Машинаның кузовына бир нәрселерди жүклеген, үстине брезент жапқанлықтан оның не жүк екени белгисиз. Қәйткенде де жеңил жүк болса керек, машинаға онша салмақ берип киятырған жоқ.

—Үйге тарта бер,—деп ҳаял зорға айтты да, бесикке бөленген қарны тоқ баладай бирден уйқыға басты, ара-тура машина сөлкилдеп кеткенде түби кетик келидей арман-берман барып келеди де, тағы қорылдыға кириседи. «Үстиндеги жүктен гөре усы қатынды түсирип алыў қыйын болмаса еди» деп қәўипсинеди Шернияз. Олар азандағы шығып кеткен үйге жеткенде қойыў қараңғылық түсип қалған еди. Машинаның да-

ўысын еситип иштен бағзнағы Жалғас деген кисиге уқсас тапалдас адам шығып, шофер тәрепке жақынлады:

—Кешиктиңлер ғой?

—Ассалаўма әлейкум. Жаңа жиберди.

—Анаў не қылып атыр?—деп ол киси ҳаялын нусқады.

—Уйықлап қалды,—деп Шернияз ҳаялды түртти.—Жеңгей, турың! Келдик.

—Маңлайы қараның уйқысы дәўдиң уйқысындай,—деп ол киси де даўыслады.—Улпери, ҳа Улпери!!

Әри-бери түрткенге оянбаған соң Шернияз ҳаялдың жуўан санын шымшыңқырап еди, басын көтерип: «Не бәле болып қалды, қытығым келип кетти ғой» деди.

—Үйге келдик, жеңгей!

—Сен машинаңды ишке киргизе ғой,—деди үйдиң ийеси тапалдас.—Мен дәрўазаны ашайын.

Қанатын еки жаққа жайып, үлкен дәрўаза ашылды. Ишине бир ЗиЛ машинасы түўе, поездың бир вагоны арқайын сыйып кете беретуғындай кең екен. Ишке киргеннен кейин тағы еки жигит пайда болды, олардың бурыннан үйренискен кәсиби ме, дәрриў кабинаның ҳаял отырған тәрепине барып, уйқының қушағында манаўсырап отырған Улперини тым-тырыс түсирип алды.

—Қошшым, сен ишкериле,—деди үйдиң ийеси Шерниязға ғамхорсып.—Шаршаған да шығарсаң. Балларлың өзи машинаңды босатып қояды. Бизлер чай урамыз!

Улпери оқ тийген қабандай сүйретилип ишке кирип кетти, Шернияз шаршаған да жоқ еди, лекин үп-үлкен, келисиги келген адам мирәт етип қыйылып турған соң оның гәпин жыққалды намақул көрди, сөйтип үй ийесиниң изине ерип, ызғыған өжирелериниң бирине тартына бас суқты. Стол үстинде чай да, анаў-мынаў аўқатлар да тайын екен, шамасы, булар келместен бурын жаңағы жигитлер менен азлап бир нәрсе жутып отырса керек, аўзы ашылмаған, шала ишилген арақ пенен коньяк шийшелери де бар еди. Олар столда қарама-қарсы отырды.

—Тартынбай ишип-жей бер,—деди үй ийеси өзине

ашшы көк чайдан бир кесе қуйып.—Қалада көптен турасаң ба?

—Еки жылдай болды,—деди Шернияз.

—Ҳә, онда еле жабанның кебинде екенсең, иним. Аўылың қай жерде?

—Жақын ғой. Халқабадтың дөгерегинде.

—Қарақалпақпысаң?

—Аўа-дә!

—Қайсы урыўдан?

—Қыпшақ. Саңмурын.

—Не дейди?!—деп үй ийеси орнынан турып кетти.—Ҳаў, айнанайын-аў! Күни менен соны айтпайсаң ба? Тўбимиз бир ағайын болып шықтың ғой! Ўой, бәрекелла, бәрекелла! Мен Тасполат ағаң боламан. Аўа, кәдимги Алламбаев деп атырған...

—Кеширесиз, Тасполат аға, атыңызды еситкен менен бурын көрмеген соң,—деп Шернияз да албырап қалды.

—Жарайды, жарайды! Ал, өзиңниң атың ким?

—Шернияз.

—Болды, болды, Шернияз иним! Бала-шағаң бар ма?

—Быйыл үйлендим.

Сол күннен баслап Тасполаттың бүйири Шерниязға бура берди. Дәслепки ўақытлары «әйтеўир бир шоферға емешиң қурый бермесин» деп Улпери айтқышласа да, соң бул тил алғыш балаға оның да ықласы аўғандай болды. Ерли-зайыплардың қол баласына айланған Шернияз көптен-көп усы үйдиң хызмети менен машқул, тез-тез келетуғын қонақларға мал-сал керек болса да, оны сойып қазанға салатуғын болса да, аўыллардан қаўын-қәмек әкелетуғын болса да, бир жақлардан жасырын жүк тасыйтуғын болса да, Шерниязды мойнына шәне берди. Қонақлары көбейип баратырса, «жәрдемлессин, қонақ күтиўди үйренсин!» деген Улперининң гәпине бола ара-тура келиншегин де алып келеди. Тахтакөпирдиң арқасындағы аўылда өскен Айзада қустың сүтине шекем таўып алдына қоятуғын бундай қонақларды күтип көрмеген еди, сонлықтан дәслепки күнлери қайсы тағамды қай жерге, қасық-табақты, басқа да майда-шүйделерди қайсы орынға қоярын билмей шып-шып терге түсип

жүрди. Сонда-ақ Улпери Айзадаға мурнын жыйырып еди...

Сол жылғы қыс суўық болды ма, я Шерниязларға солай сезилди ме, әйтеўир жаңа жайдың ишинде жаўырынлары жылымады. Әсиресе, февральдың басларында жас босанған Айзада көп азап көрди, олардың туңғыш перзенти қыз еди, атын Гүлзада қойды.

Гәптиң бир рәмәўзи келгенде Тасполат Шерниязға:

—Үйиңди көрмедик ғой, иним,—деп қалды. Бундай сарайда жасап атырған адам Шернияздың кетектей жайын мисе тута ма, сонда да Шернияз жағдай айтып қашыртқанды мақул көрмеди.

—Болады, аға!—деп орнынан ушып турды.—Мен таярман, бүгин десеңиз—бүгин!

Олар алтыншы күни кешке баратуғын болып ўәделести. Тасполат тек ҳаялы екеўи баратуғын болса да Шерниязлар үлкен таярлық көрди. Семиз бир қозы тапты, базарда мийўениң оты шығып турған бәҳәрдиң күнлери еди, сонда да ең сайландысынан алма-жүзим алды, Тасполаттың үйиндеги дастурханға уқсатқысы келип, базар менен дүканлардың арасында атлан-шап болды. Тасполатлар персонал машинасында ўәделескен ўақыттан еки саат кеш келди.

—Жумыслар шығып кешигип қалдық,—деди Тасполат күтип алыўшылардан кеширим сорағандай.—Жайың мынаў ма? Есигиңнен сыямыз ба, өзи?

—Сиз сыярсыз-аў, бирақ, жеңгейди билмедим,—деп Шерниязды қоңсысы лаққышылық еткиси келип еди, Улпери оған адырақ көзи менен аларып қарап қойды. Өзин қыпшабелден кем көрмейтуғын Улпери биреў семизлигин бетине басса жек көретуғын еди. Олар «бундай жайға қонаққа келмей-ақ қойыўымыз керек екен» дегендей қыял менен зорға ишкериледи. Кумған менен ләген апарған Айзадаға Тасполат сабын әкелиўди буйырды. Қапылып, ийисли сабын табылса қәне! Ҳәммесин тақ-туйнақтай еттик десе де, Тасполаттың қолын сабынлап жуўатуғыны олардың ядына келмепти.

—Япырмай, бала, сизлер не, жуўынбайсыз ба?—деп тоңқылданды Тасполат қолын кир сабын менен жуўып атырып. Олар қолларын жуўып болған соң анаў-мынаў әңгимеге бармай дастурханға тийисти. Екеўинин

де тамағы саў еди. Қысыныспақтың үлкени қонақлар қайтарға таман басланды.

—Иштик, жедик, рахмет!—деди Улпери бөртип отырып.—Сарпайларың болса, әкеле ғойың, қайтатуғын ўақыт та болып қалды.

Бул қуда-құдағайдың шақырыспағы емес, келген қонақларға сарпай жабатуғын дәстүрди Шернияз да, Айзада да еситкен емес. Олар сонша иззет-ҳүрмет көрсеткенининң бир пул болғанын сезип, лал болып қалды. Жүректи езетуғын жым-жыртлық. Әллен ўақта Шерниязға тил питти:

—Ол жағын ғамластыра алмадық, жеңге.

—Зыяны жоқ, зыяны жоқ,—деп Тасполат орнынан тура берди.—Денгениниң соңы емес ғой, әйтеўир.

—Аўа, Тасполат аға, қарыздармыз.

Қонақлар бир нәрсеси қалып баратқандай салқын хошласты да қайтып кетти...

Шернияз олардың көзине түсиўге уялып көп күнге шекем Тасполаттың босағасынан атламады. Бир күни кешқурын ылайға былғанып жайының қасында гербиш қуйып атырса, Тасполаттың машинасы келди.

—Ҳарма, Шәке!—деп шофер машинасынан түспестен сәлемлести.—Көринбей кеттиң ғой?

—Әй, жайдың ҳәрекети, жора. Быйыл питкерип алмасақ...

—Мени ақсақал жиберип еди, сени келсин деп атыр.

—Ҳаў, аманлық па?

—Қәйдем, айтпады.

—Ҳмм, пай, ылайым қатып қалатуғын болды-аў. Жоқ екен деп бара қоймайсаң ба?

—Алдағанымыз уят болар. Әкелип таслайман ғой.

—Яқшы, кийинип шығайын,—деп Шернияз қәлибин қумға таслап, даўыслады. —Айзада! Нан алып шық. Сүлтамурат аўыз тийсин!

Тасполат Шерниязды кеўилли күтип алды.

—Арнап шақырмаса, келгенди қойдың ғой, Шернияз қошшым,—деп өкпелеген түр билдирди.—Жасы киши деген жасы үлкеннен хабар алып турыўы керек.

—Гербиш қуйып атыр едим, Тасполат аға,—деп айыбын жуўып шайды Шернияз. — Жайды питкермей...

—Питип турған жай ала қойыўың керек екен-дә!

—Оның саўабына не жетсин, Тасполат аға! — деп

Шернияз алақанларын ысқылады.—Ҳаў, оған ақша қайда?

—Аўа, көп ақша керек. Ҳәзир жайлар-әм қымбат шығар?

—Қымбат болғанда қандай!

—Шоферлықтан табыс түспей ме?

—Жай сатып алғандай табыс қайда?

Тасполат үндемеди, әллен ўақта:

—Саған бир жақсылық етким келип тур. Қалай көресең?—деди. Шерниязды көкирегин қуўаныш самалы толқытып, Тасполаттың аўзын аңлыды...

Көп узамай, жаздың кириўи менен Шерниязды арзыў-әрманындағы бағы гүллей баслады. Бул бағдың нәлшелерин Тасполат ағасы оның тасқынлаған кеўил шәменине отырғызған еди, бул тәңҳә Шерниязды еки ели маңлайына питкен мийўалы бағ еди. Бул бағдың жемисинен мәңги дәм татпақшы еди ол, бирақ бул дүньяда мәңгилик нәрселердиң аз, дым аз екенин Шернияз ойлаппа, сонда?..

8.

Нурполат жол-жөнекей дүканға иркилип еки шийше арақ, колбаса, басқа да жейтуғын азық-аўқат алды, Мамонт қуры қол ушырасқанды жек көретуғын еди, оның үстине бүгин туўылған күнин белгилейжақ. Туўылған күни деген ушырасыў ушын табылған бәне болса керек, себеби оның туўылған күнин еки ай бурын басқа бир жерде белгилеп еди. Мамонт деген ким? Ол бундай компанияны қол астына қалай жыйнап, уршықтай айландырып жүр? Үйи, ата-анасы, туўған-туўысқанлары бар ма? Бул ҳаққында Нурполат ҳеш кимнен сораған да жоқ, билиўге қызыққан да жоқ. Оның бадшақлы түр-түсинен жасының қай шамада барып қалғанын аңғарыў да қыйын. Буйықтықа толы көзлери мудамы қанталасып турады, бир қараған адам екинши рет оның нәзерине қараўдан айбынады. Ет қызыў менен булардың топарына кирип қалған Нурполат енди ажырасып кетиўге қорқады, оның ушын өз аўанына артқа қарай кетиўге жол жоқ, ендиги тәғдири сол Мамонттың пәнжесинде, Мамонттың бадайбат, жексурын бет-әпшери алдында ант ишкен...

Щуканың әкеси орта-дәрмиян хожалығы бар, өмиринше киси менен мәлеллесип көрмеген жуўас, бирақ, ҳадаллық ушын жанын аямайтуғын киси еди. Сыртының сыбаўлары түсиңкиреген бес бөлмели жайы қаланың шығысында, орайдан онша қашық емес, қасында жақсы нийет ушын салып қойған кишилеў гаражы да бар. Ярым айдай болды, ҳаялы екеўи бир жақларға дем алыўға кетти, үйде жалғыз Щука қалды. Щукадан үлкен еки қыз узатылып, әллеқашан бала-шағалы болып кеткен.

Шыңғыстың не ушын Щука деген лақапқа таңылғаны Нурполатқа белгисиз, бәлким, өзиниң Норка деп аталғанындай бир әндийшели себеби бар шығар? Ал, Мамонт ше? Әййемги дүньяда тиришилик еткен ҳайўанаттың аты емес пе? Оның өзлерине атаман болып, барлық ислерине басшылық етип отырған дүттей қапқара жүзи кепсерлеп жамалған темирдей тыртық-тыртық, мурты менен сақалы әжептәўир болып шыйратылған, шашлары уўдар-дуўдар, жылт етип көзге түсиўден-ақ адамға қорқыныш туўдыратуғын сол жигиткке не байланысы бар? Мамонт!.. Мамонтқа қай жери уқсайды оның? Нурполат ҳайран. Бул топарға қосылғалы Нурполатқа айрықша тапсырма берилмеди, сонда да Мамонттың оған аўыр сөз айтқан жери жоқ, мүмкин әкеси ушын баласын да сыйлап киятырған шығар? Олай деўге тағы бир келиспеги келмейтуғын жери: бул компанияда Нурполаттың әкесинен де абыройлы адамлардың балалары бар ғой, Мамонт оларды бир қамшы менен айдап салып, жини атланған ўақта қырып-жойыўдан қайтпайды. Зәҳәрдей түтиниң арасындағы улықыйқыў биймәни отырыспақлар, бул дүньяның ғалма-ғалынан бийхабар шашлары тозаңғыған жигитлер менен қызлар, изи жәнжел менен тарқайтуғын биймақсет ишиспеклер Нурполаттың жанына тийсе де, олардан ажырасып кетиўге жүреги зырқ етеди. Мамонтты көриўден айыўды көргендей дизелери қалтырап қоя береди. «Буларды милицияға тутып берсем бе екен?—деп ойлады Нурполат жолда киятырып.—Не деп тутып беремен? Олардың отырыспасынан басқа не ислеп жүргенин билмеймен ғой. Ал,

олар сол изи үзилмейтуғын отырыспаларға ғәрежетти қаяқтан табады? Щука да, Мамонт та ҳеш жерде ислемейди ғой. Бәлким, басқалары да бийталаплар шығар? Милицияға айтқанымды билип қалса, оннан кейин мени бир күн де жасатпайды ғой. Мамонт пенен ойнап болмайды. Оқыўымды басқа бир қалаға өзгертсем бе екен? Усы жерде дурыслап оқый алмай жүрип... Мыналардан қутылсам, жақсы оқырмедим... Папама айтып көрейин»...

Нурполат машинасын Щуканың дәрўазасына тиреди. Жаздың ашық күни тандырдай лаплап тур еди. Ишинде қымбат япон магнитофоны болғанлықтан Нурполат машинасының есиклерин илди, үсти-басын дүзеп, дәрўазадан ишке атлады...

Щуканың үйинде түтин менен арақтың ийисине мәлҳәм болып отырған Мамонтғың қыяллары ҳәр жақта еди. Ўақтында жыйналып, қағып-силкип төселмеген төсеклер шаңға былғанып атыр, босап қалған арақтың шийшелери, консерва қутылары қалай болса солай жайрап, шаңнан ағарып кеткен полдың үстиндеги сигарет ҳәм папирос қалдықлары, төгилип-шашылған суйықлықлар жүрегинди айнытады. Магнитофон бир жағымсыз намаға ойнап, тынышлық берекетин қашырып тур.

—Өшир ананы, Щука!—деп Мамонт қолын силтеди. —Мың еситкенмен!

Щука магнитофонды тыр-тым қылды.

—Қуй арағыңнан! — деп кесесин тутып, аўзындағы папиросын үсти-үстине тартты Мамонт.

—Арақ питти, атаман. Енди өзиңиз бир...—деп тубалап қалды Щука.

—Не өзим?!—деп айбарақ салды Мамонт. — Өзим алып келиўим керек пе еди? Сизлер не питирип жүрсизлер усы? Ҳәә!

—Бизлер...

—Мыңғырлама! Июнь айының басында түскен мың манат қайда? Жер жутып кетти ме?

—Маған жүз манат-ақ тийди ғой оннан, — деп ақланды Щука, тап өз әкесиниң алдында есап берип атырғандай.—Бес жүз манатын Жезтырнаққа берип, Ташкентке ушырдыңыз. Қалғанын болса, қалтанызға бастыңыз...

—Ҳмм, да!—деп ойланғандай болды Мамонт.—Көшир операциясын қолға алмасақ болмайды екен, Щука?!

—Я!

—Мениң аўзымдағы шылымды алыстырып жибер!

Щука зажигалкасын алыстырып, оның аўзына тутты.

—Абайла, муртқа тийип кетпесин!—деп Мамонт дүңирейип қойды. — Бир қылын күйдирсең, басыңа от беремен! Норка неге иркилип атыр?

—Келиўи керек. Сизиң туўылған күниңиз деп тапсырғанман. Қыдырып жүремиз бе деп машинасы менен келиўди ескерттим. Айтпақшы, оның папасы да курортқа кетипти.

—Мамасы ше?

—Мамасы үйинде қусайды.

—Менде бир ой бар, оны Норка келген соң сөйлесермиз,—деп Мамонт жай-парахатланды.—Сениң кемпир-ғаррың қашан келеди?

—Онлаған күннен келсе керек.

—Еле ўақыт бар екен,—деп қуўанғандай болды Мамонт.—Сен еле ҳеш жерде ислеўди ойламадың ба?

—Оны не қыламан?—деп Мамонттың жумыс жөнинде тил қатқанына дегбирден састы Щука.—Оның үстине, мектеп питкерген аттестатым, я дипломым болмаса...

—Ғам жеме, еле бәри де болады, — деп жубатты Мамонт. — Мен саған диплом таўып беремен. Сен оннанша милицияда ислей берсеш...

—Милицияда?

—Аўа. «Жаўда да бир үйиң болсын» деген. Қалай көресең?

—Мени алар ма екен?

—Алар ма екен?—деп ысқырып жиберди Мамонт мурнын жыйырып.—Сол да гәп пе? Сени алмағанда кимди алсын? Күш десе күшиң бар, жассаң...

—Ҳаў, мен ол жерге бурыннан таныспан ғой. Баягыда бир-еки сапар түнеген едик.

—Әй, сол қайсы мийайланның есинде бар дейсең?! Басшыларының көбиси өзгерип кетти. Жыртаң етип биреўи таный ғойса, дүзелдим дейсең. Балалығында ким қәтелеспеген дейсең. Форма кийгеннен кейин тәр-

типсизлик етпейсең. Сынақ дәўиринде бир-еки тапсырмасын қатырып орынлайсаң. Өзиңе олардың исенимин арттырып алған соң, «айнанайын сәллем сеннен, ҳеш ким гуман етпес меннен» деп оларды аңқылдата бересең!

—Бәри қамырдан қыл суўырғандай бола бере ме? —деп исенимсизлик билдирди Щука.—Ал, өзимиздиң топарға қарсы қойса, не қыламан? Сизлерди де шетиңизден тутып бере берейин бе?

Мамонт столды қойып қалды:

—Ҳәй-ҳәй, милиционерим, әстенирек! «Мениң милициям—мени қорғайды» деп биз сени өзимизди қорғаў ушын жумысқа берип атырсақ, «иштен шыққан жау жаман» болып турмасын тағы! Ондай ўақта мениң ким екенимди билесең бе?

—Билемен,—деди Щука.

—Киммен?—деп Мамонттың көзлери қанталасты.

—Бизлердиң арқа сүйеримиз...

—Атым ким?!

—Мамыт!

—Не дедиң?!—деди Мамонт жулып алғандай етип.

—Мамонт!

—Ҳә, жаңа имлаға келдиң,—деп Мамонт бурынғы қәлпине түсти.—Мамонттың қандай ҳайўан екенин билесең бе?

—Пилден де үлкен...—деп мыңғырлады Щука.

—Пилде басың қалсын сениң! — деп тоңқылдады Мамонт. — Мамонттың ҳәр тисиниң өзи үш метрден узын болған. Мениң тисим ондай болмаған менен, қандай бәле болса да шайнап таслайман! Шайнап!! Усыны есиңде сақла. Щука!

Сыртқы есик тықылдады. Олар сәл тым-тырыс болып қалды да ; қапы тағы қағылғаннан кейин Щука орнынан ушып турды:

—Норка! Норка келди!!!

—Киргиз.

Щука сыртқы есикке жуўырды...

9.

Улпериниң тарпыўынан зорға сытылып шыққан Шернияз машинасына отырды да «ушарымды жел билсин, қонарымды сай билсин» деп айдап кетти. Ҳәзир оның самал менен қалай қарап жумалап, қайсы сайға барып қонары да нәмәлим еди. Иши ийт жырт-қандай ойлары алғаў-далғаў. Қалай еткенде растратадан қутылады? Оған ҳәзир тек Тасполат ағасы ғана басына түскен бәле-мәтерден аман алып қалады. Сол ағасы қайда? Ол—узақта, ол алыс жердеги жәннеттин қушағында сайран етип жүр. Шернияздың зары оның қулақларына барып жетпейди. Не қылыў керек? Улпериге салсаң, Тасполаттың ҳәзир келмегени жақсы. Тасполат ол жақта, өзи бул жақта дүньяны жалпағына сүргенди тәўир көреди. Байы жоқта Шернияз бийшараны сүликтей сорып, қалғысы келеди. Ал, Шернияз болса аяқ-қолы топ болып сәл нәрсеге апалақлап ләззет атаўлысынан атлап қашатуғын болды, алдына қараса үңгирдиң аўзындай қараўытып тюрьманың қапысы көрингендей бола береди. Түнлерде кирпиги айқаспайды, қай жерде алағайымланып қәтелескенин ойлап, келептиң ушын таба алмай әўере-сарсаң. Өткен жолларын тағы басынан көз алдына елеслетип, игри-дүзиў жерлерин пайқаслағысы келеди. Өзинше ҳәммеси дурыстай, Тасполаттай ақсақалының силтеўи менен қәдем таслаған Шернияз аяғын қыя баспағандай.

...Сол сапары Тасполаттың «саған жақсылық етким келип тур» деген гәпинен кейин Шерниязды қоллары суўып, гербишлери жайраўы менен, шала-шарпы алынған ылайы қатыўы менен қала берди. Оның бирден қыялласқанына келиншеги Айзада түсинбесе де, өзи бир нәрсе айтпағанша, шық-шығына тақап сорай бермеди. Шернияз түни менен дөңбекшип ойланып шықса керек, азанғы чайдың ўақтында:

—Талапты өзгертсем бе екен?—деди.

—Өзгерткени қалай?—деп ҳайран қалды Айзада.

—Машынды қояжақпан. Усы ўаққа шекем майлы шапан болғаным жетер.

—Жайды питкергенше жәрдеми көп еди ғой.

—Жай, жай!—деп тоңқылданды Шернияз.—Усы жай-ақ басыма жетти. Етимди жеп сүйегиме тақалдым. Бирин тапсаң, бири жоқ. Қашанғы кисиге жалынасаң! Питкен жай сатып аламан.

Айзада ерксиз күлип жиберди.

—Неге күлесең?—деп ашыўланды Шернияз.

—Күлмей не қылайын? Аўысық бир сом ақшаң болмаса...

Шернияз орнынан ушып турды да екинши бөлмеге кирип кетип, ийттиң басындай түйиншик алып шықты.

—«Ийтти сүйек пенен урса қаңсыламайды» деген, қатын!—деп түйиншикти Айзадаға қарай ылақтырды. Бул Тасполаттың дәслепки жақсылығының нышаны—он мың манат ақша еди!

Айзаданың аўзы аңқайып қалды. Көпирде арты қағысып көрмеген әлле неткен биреўдиң аўзы ардаптан айрылмаған буларға аўсар болғандай он мың манатты бере қойыўы ақылға уғрас келмейтуғын нәрсе еди. Қой, «бир бәлеси болмаса шүдигарда жатқан не қуйрық?». Шерниязды «хожам берсе қойнына» деп ала қойыўы да оңатай ис болмапты.

—Әнтек етипсең, Шәке,—деди Айзада унатпай.—Не ушын берди?

—Жәрдемим деди. Ала берейик-те, ретинде қайтарармыз-дә.

—Бийғәрезлик жақсы еди ғой, шабазым,—деп Айзада изин сүйреп салды етти. — Өзиң бил...

Арадан онша көп ўақыт өтпей-ақ Шернияз қаладағы мебель дүканына баслық болып өтә шықты. Дәслеп айлығына назырқанған Шерниязға:

—Саўда тараўында айлық пенен есапласпайды.—деп тойтарыс берип қойды Тасполат.—Сен тағы аўзың ғәшшийип келген жақсы мебельлерди шетинен сыпыртып сата берме. Қымбат гарнитурлар келсе, менин менен хабарласқайсаң.

Қараўында үш-төрт дүканшысы бар, ҳәммеси де ҳаял, соның ишиндеги биреўи жас келиншек. Бурын саўда-сатлық жумысына араласып көрмеген Шернияз әўелги күнлери солардың айтыўы бойынша барып-келип жүрди. Дүканшылар да бәле болады екен, көрсетип қойған затлардан басқасын сорап келсе:

—Ондай нәрсе жақында түсип еди...—деп еки ушлы етеди де,—қалған-қутқаны болса, складта бар шығар. Ол жағын баслық биледи,—деп қарыйдарларды Шерниязға силтеп жибереди. Қәпелимде Шерниязды сорап келиўшилер көбейип кетти:

—Шәке, шифоньер керек еди?..

—Шернияз иним, қызды узататуғын едик, соған...

—Германский стенка түсти деп еди...

Бир айға жетпей-ақ Шернияз дүканына келген затлардың қайсысы өткиш, қайсысы жатқыш екенин билип алды да, қыт мебельлерди дүканға жолатпай дәрўаза беттен ысыра берди. Кем-кем Шернияздың өнебойынан бензин ийиси арылып, ақша ийиси шыға баслады. Тасполаттың айтқаны келди, барып айлығын алыўға еринетуғын ҳалға жетти. Бурынғы мебель дүканы деген аты да өзгерип, адамлар «Шернияздың дүканы» дейтуғын әдетти шығарды:

—Қайда баратырсаң?

—Шернияздың дүканына.

—Қайдан киятырсаң?

—Шернияздың дүканынан.

Ол буның бәри Тасполаттың арқасынан екенин, өзиниң жибин селпи байлап арқанлап қойғанын умыта жазлап қалды. Дөгерегине сер салмай, тапқап-тупқанының бәрин қалтасына баса берипти. Өзи ағылтегил дүнья таўып атырған соң Айзадаға да жумысты қойдырды. Бирақ, еле жай ала алмай атыр, тапқан қолайлы жайлары бузылады деген ғаўасат тарқады. «Ақша жыйнай берейин, жай бир жаққа қашпас» деп ойлады соңында.

Түстен кейин телефоннан Тасполат сорады:

—Барсаң ба, қошшым?

—Барман ғой, ақсақал.

—Бар болсаң болар,—деди де Тасполат телефонды жаўып қойды. Шерниязды аўзы әлле-пәлле болыўы менен қала берди, жаңа ғана ғарқәллезий болып турған кеўли қәпелимде ала кесек болды да қалды. Неге ашылысып сөйлеспеди? Өкпеси бар ма екен? Шынында да, Шернияз да, Шернияз пайдаға бүккесине түсип, соңғы айдың ишинде Тасполаттай ағасынан хабар ала алмады. Қалтасына түсип атырған буўат-буўат ақшаны өзинен басқа ҳеш ким билмейди деген ойда еди Шернияз, ал, өзиниң ҳәзир сынақта екенин, туў сыртынан Тасполаттың қырағы көзи шыңдағы бүркиттиң көзиндей тесилип қарап отырғанын билмейтуғын еди ол. «Бүгинги түскен пайда соныки-ақ болсын, кеште апарайын» деген түйинге келди Шернияз. Қырсығына сол күни онлы саўда болмады, сонда да

тыққышлап қойған жеринен мың манатты кисесине тығып, кешқурын Тасполаттың үйине келди.

Былқылдақ жеңгеси Улпери гүздиң ызғырық күнги ҳаўа райындай салқын жүз бенен күтип алды.

—Аман отырсыз ба, жеңге?

—Аман отырмай бизди қамалап атыр ма?—деп арман қарады Улпери. Шернияз ийесинен сүйек дәметкен тазыдай қыйпақ-сыйпақ етип, оның бетине жалтақ-жалтақ қарай берди.

—Тасполат ағам мени бир шыға алмайтуғын жумысқа таңған екен,—деп өзин ақламақшы болды жигит. — Ақсақал қайда?

Улпери көп ўаққа шекем онша сөйлескиси келмегендей сазырайыўы менен аяң жүристе кирип-шығып, Шерниязға чай әкелген болды. Нурполат кирип келип, Шернияз бенен аўызша сәлемлести де, мамасына:

—Киноға бараман, мама,—деп оның рухсатын күтпей-ақ сыртқа кетти. Жай ишине аўыр жым-жыртлық орнады. Улпери Шерниязды қасына отырып, чайдан кемсалыйқалаў уртлады да:

—Ағаң саған өкпели,—деп қойды. Шернияз оның өкпели екенин бағанағы телефоннан болған сөйлесиктен-ақ жазбай таныған еди. Жигит қыйсыны келиспесе де кеңкилдеп күлди:

—Өкпесин жазыўға келдим.

—Шамаң жете ме?—деп Улпери түрли муқамға дөнетуғын көзлери менен сырлы қарап қойды.

—Жеткеремиз ғой. Шама жаман емес, жеңге! —деп Шернияз стол үстине қағазға оралған пулды қойды.

—Бул не?

—Мың манат.

—Мың манат?!—деп Улпери мисе тутпағандай қыйқыў салып күлди.—Ҳаў, шырағым-аў, бул мениң базарды бир айланыўыма да жетпейди ғой.

Шернияз қысынғанынан терлеп кетти. «Бул оқпанлар бир күни өзимди де жутып кетпесе болар еди» деп ойлады ол.

—«Деңгениң соңы емес, тағы болар деңгене» деген ғой, жеңге.

—«Деңгениң үлкенин түйе сойғанда көрерсең» деген де бар қәйним. Еле түйе соя алмай атырсаң ба?

Шернияз ўаҳа-ҳалап күлди:

—Түйе сойыў қайда еле?! Таўығын сойып таўыса алмай атырмыз. Усығаң бир көйлек алып кий, көргенлер талып түссин!

Улпери жел берген резина қайықтай қампая басланы.

—Ағаң районға кетти, жазылысып отыра бер, қәйним,—деп Улпери қәпелимде бәҳәрдеги бағдай ашылысып кетти.—Ойнап айтып атырман, ақшаға зәрүр емеспиз ғой, әйтеўир. Бир нәрсе жутасаң ба?

—Шаршағанды шығарсақ та болады.

Улпери стол үстин безендирип таслады...

...Шернияз оянғанда таң ала геўгим болып киятыр екен. Шөлден таңлайы жарылыўға тақалыпты. Кекире шайнағандай аўзы кермек тартады. Қаяқта жатырғанын еслей алмайды. Қасында биреў бул дүньяның бары-жоғынан бийхабар қатты қорылдап уйқлап атыр, келидей балтырының астынан өзиниң келсаптай аяғын зорға суўырып алды. Басын көтерип, қорылды шығып атырған жаққа қарады, қарады да жүреги суў ете қалды: Улпери!!! Аяғын қозға басып алғандай орнынан өрре турып, дизкийимин изледи...

Гүзге таман бир дүканшысы еки қат болып отпускаға шығып кетип еди, орнына жумыс сорап бир жас қыз келди. Саўда техникумын жақында питкерген екен. Қыз көриниўден-ақ Шерниязға унап қалды, бундай гөззал менен бирге ислескенге не жетсин!

—Атыңыз ким, қарындас?

—Бийбихан.

—Сулыў ат екен. Болады, бирге ислесемиз. Ертеңнен баслап документлериңди әкеле бер,—деп Шернияз Бийбиханның изинен жутынып қарап қалды. Гөззал қыздың туў сыртынан қарағанның өзи-ақ таптырмас ләззет болады екен-аў! Жигиттиң жүреги қозғалып кеткендей болды. Дүканға келиўден Бийбихан турған жерден былай-былай кеткиси келмейди, қайда кетсе де оған жеткенше, дийдарласқанша асығатуғын бәлеге жолықты. Көз алдында Бийбихан, ойында Бийбихан. Бийбихан деген атты еситсе шоршып түседи де, ҳәм қуўанышлы, ҳәм дәртли ойлар менен бәнт болады. Өмиринше сүйиўшилик муҳаббатының сезимлерине шаталып көрмеген Шерниязға аңсат болмады. Ба-

ла-шағасы көзине шыбын шелли көринбей, өзинин Айзадасын ата-анасының қойған аты менен Жуматай деп атай баслады.

Аўылдағы пахта териминиң қыйқыўы қалалыларға да келип, жетип, дүкан баслықларын қалалық саўда бөлимине шақыртты. Партия шөлкеминиң жақында сайланған секретары Захаров жыйналғанларға жағдайды түсиндирип, жәрдемшилердиң қонып-жатып пахта теретуғынын, ҳәр он бес күннен алмастырылып туратуғынлығын, азық-аўқат мол болыўын ескертти. Шерниязды дүканынан үш адам баратуғын болды. Еки дүканшысының жас баласы бар, Бийбихан, Ажардан басқа ким барады?

—Мениң дүканшыларымның көбиси жас балалы ғой?

—Бәле келмейди,—деди Тасполат.—Өзи бара алмаса, орнына адам таўып жиберсин.

Екеўи барады. Үшиншисине өзим бармасам...—деди Шернияз анық Бийбихан кететуғын болса, өзиниң де оннан қалғысы келмей.

—План жағы қалай болады?

—План толады ғой.

—Онда былай болсын,—деди Тасполат ҳәммени өзине қаратып.—Сен Шернияз аўылдан шыққан жигитсең ғой, пахтаның қашырымларын жақсы билесең. Усы адамларға басшылық етип барасаң, ыссысы менен суўығы мойныңа!

Олар арқадағы аўыллардың бирине келип түсти. Аўылдағы үйлер сийрек еди. Үйлердиң қасындағы бағлар менен таллардың көбиси қуўрап қалғанлықтан ҳәр жерде шошайып тамлар көринеди, айрым жайлардың әйнек-қапылары жоқ, ийелери бир жақларға көшип кеткен болыўы итимал. Аўыл адамлары қаладан келген көмекшилерди қушақ ашып күтип алған жоқ. Түйениң табанында қалғандай қалпағы мыжырайған бригадир муртын таўлап, келгенлерди үйлерге бөлип, өлдим-азарда жайғастырып болды. Шернияз олардың басшысы болған соң шеги бригадирдиң үйине түсти.

—Мениң еки дүканшым бар еди, олар да сизин үйде бола қойсын, Шамурат аға,—деди бригадир менен әлле қашан танысып үлгерген Шернияз. Бурыннан келим-кетими көп, қонақ басты болып үйренген

Шамурат бригадир оған дыррықшылық етпеди, қайтама қызлар екенин билгеннен кейин, «ҳаялыма қолқабысы тийер» деп қуўанып қалды. Жасы елиўлерге барып қалған Шамурат бала-шағалы киси екен, алдын үйлендирип, узатып жиберсе де еле бесикте жатырған нәрестеси де бар еди.

—Қысы менен қолымыз бос болған соң басқа ермегимиз жоқ, иним,—деп күлип қойды ол. Аўылдағы бундай үйлердиң балалары шаңға, топыраққа аўнап жүрип-ақ бир күнлери еңгезердей жигит, таўланған қыз болып шыға келеди, оларды әширепилеп, айрықша тәрбия берип атырған жан жоқ, қалалылардай бағып-қағыўға аўылдағылардың қолы да тийе бермейди. Олардың балаға қарағанда мал бағыўға көбирек ўақты кетеди. Пахтадан алып атырған ақшалары жарытпайды, тек аўысық малларын сатыстырып керек-жарағына жумсап отыр. Егистиң дәўиринде жаплар кеўип жатады, дийханшылық етиў де қалып баратыр, тек үлгергени ҳәм еринбегени ғаўыш егип алады. Мал жайғандай жер де қалмады, бәрине пахта егиледи, сонлықтан оны тәрбиялаўға да, териўге де аўыл адамларының қудирети жетпейди.

Совхоз орайы да онша қарық емес екен. Аппақ кебирликтиң үстине қатар салынған онлаған жайдың дийўалының ярым белине дейин изей өрмелепти. Шаншылған бир түп терек жоқ. Басына байрақ қыстырмағанда совхоз кеңсесин де табыў қыйын. Шернияз кирип келгенде кеңсениң тар коридорында көмекшилердиң басшылары дизилисип тур екен. Олар биримлеп совхоз директорының кабинетине кирип-шығып атыр. Гезек Шерниязға да келди. Орта жасларға барып қалған ийекли, қысық көз қара киси директорлық дизгинге беккем жабысып отыр екен. «Ассалаўма әлейкум!» деп қанатлап барған Шерниязға қолының ушын берди де, азан менен шаршап отырған адамның нышанын билдирди.

—Сеники де сол ма?—деди Шерниязға күни мененги гәплерден ығыр болғандай.—Биз өзи, азық-аўқат дегенди қаладан тасып отырмыз. Ал, сизлер болса, тоқ жерден келип, жоқ жерге жармасасыз-әй. Қызық!

Мениң шәңгекке салбыратып қойған гөшим бар ма? Көлик таўып бериўим мүмкин...

Соның арасында телефон шыңғырлады, дәслеп трубканы ериншеклик пенен көтерген директор еки аўыз тиллескеннен кейин орнынан турып сөйлесиўге қарады.

—Яқшы, ақсақал! Аўа, бүгин еки проценттен асырамыз. Қурғақ ўәде емес, ақсақал. Кеше енди... аўа, аўа! Пункттеги өзимиздиң балалар ғой, ақсақал. Үштен асыў керек дейсиз бе? Үш болса, үш!... Көмекшилер келди деген бәне бар ғой еки бастан. Болады, ақсақал, әжеп, ақсақал!—деп трубканы орнына қойғаннан кейин де директор көпке шекем орнына қайтып отырмады. Соң қалпағын басына кийди де, Шернияздың бары-жоғын умытып, сыртқа атылды.

Түн. Өжиреде Шернияз жалғыз. Уйқы келер емес, дөңбекшип атыр. Қасында көп ўаққа шекем әңгимелесип жататуғын Шамурат та жоқ. Ажарды анаў-мынаў зат әкелиўге қалаға жиберди, ол ертең келеди. Қоңсы бөлмеде Бийбихан жатыр. Ол да жалғыз. Бийбиханның айдай жамалы Шернияздың пүткил ақыл-ойын бәнтлеп алған. Көзлери дүгисип қалса, жүреги дирр етип, ҳәл-дәрманы қурып кеткендей өзинде әззилик сезеди. Жанын жегидей жеген ойларды бир жақлы етиў керек, тек тезирек, тезирек... Бүйтип узақ жасаў мүмкин емес, егер Бийбиханды биреў қағып кетсе, сонша шийрин қыяллардың пушқа айланғаны емес пе? Ҳәзир оның қасына барыў керек.

Шернияз орнынан турды. Жүреги қутырынып соғып кетти, тап таўдың етегиндеги таслы жолда шапқан аттың туяқларының дүрсилдисиндей болып өз қулағына еситилип тур. «Қудай да тәўекелшиден қорқаман» деген, не де болса тәўекел етиў керек. Шернияз тәўекелге бел байлап, аяғын пышық жүрис басып, есикти де шыйқылдатпай ашып, сыйпаланып қоңсы бөлмеге жақынлай берди...

10.

—Привет!—деди Нурполат ала-бурқан түтиннин ишинде қараўытып көринген Мамонттың сүлдерине қолын созып. Аяқларын столдың үстине таслап, шалқайып отырған Мамонт қолының ушын берди:

—Не жаңалық?

—Ҳеш қандай...

—Бос келдиң бе?

—Алып келдим,—деди де Нурполат сыртқа кетип, қағазға оралған еки шийше арақ пенен колбасаны әкелип, столдың үстине қойды. Күни менен қабағынан қар жаўып отырған Мамонт аяқларын тартып алды да, алақанларын ысқылап, қуўжынлап кетти:

—Әне, нағыз азаматсаң! Қуй, Щука! Қәне, Норканың саўлығы ушын!—деп кеса толы арақты заңқ қойды. Қалғанлары да ишти. — Бизлер сениң атыңды Норка деп бийкарға қоймағанбыз, ақыры. Норка деген сырты сулыў, териси ҳасыл, бирақ, жаўыз, тырнаўық болады. Сен де сондай болыўың керек! Сыртың пәкизе болса да, керек жеринде жулып алатуғын әдетиң болсын! Оқыўларың қалай?

—Бир экзаменнен қулап қалдым,—деп мыңғырлады Нурполат.

—Бир экзаменнен?—деп Мамонт қайырхом адамдай оның жүзине тигилди.—Неге бурынырақ айтпадың?

—Бүгин болды.

—Ерунда!—деди арақ қуйып атырған Щука.

—Ерунда емес!—деп жекиринди оған Мамонт, сөйтип тағы Нурполатқа жүзленди.—Ақша табыла ма?

—Ақша?—деп еки ойлы сорады Нурполат. — Оны неге?

—Экзаменнен өтиўиң керек ғой,—деди Мамонт талмаўсырап.

—Ақша берип жүремиз бе?—деп Щука мушын көрсетти.—Мине, ақша!

—Сениң басың айланды ма?—деп оның мушын қағып жиберди Мамонт. — Сен ақша тап, Норка. Өзим қойдырып беремен...

—Қанша керек?

Мамонт бирден сөйлей қоймады, ол ойланып қалды, соның арасында олар тағы ишти.

—Ҳәзирги ақшаның ойыншық болып баратырғанынан хабарың бар шығар,—деп салмақлы сөйледи Мамонт.—Жүз манат дегенди сениң менен мен, мына Щука қалтамызға салып жүриўге уяламыз. Солай ма? —деп ол Щукаға көзин қысып қойды, бул жаңа ғана

бир манатқа зар болып отырған адамның гәпине уқсамас еди.—Арақ қуйсаң-ә, Щука!

Кесаларға қарап отырған Нурполат:

—Маған көбирек қуйып атырсаң ғой?—деди Щукаға.

—Сен кеш келдің-дә,—деди Мамонт.—Ал, сенің экзаменнен табыслы қутылыўың ушын ишейик!

Колбасаны аўзына өрли-ғурлы тыққан Щука:

—Ақшасыз питкериў керек!—деди.

—Ақшасыз?—деп Мамонт жаман көзи менен қарады Щукаға.—Ҳәй, Щука, «несийеге маймыл ойнамайды» дегенди билесең бе? Сен жөниңе отыр!

Мамонт орнынан турып, түтин арасында арман-берман жүре баслады. Оның геўдеси де тәўирақ ири еди. «Усы тулғасына бола спорт менен шуғылланғанда көп рекордларды орнатар еди,—деп ойлады Нурполат.—Ҳәй, әттең...» Жай ишинде тынышлық ҳүким сүрди.

—Бес жүз манат ақша табыла ма?—деди әллен ўақта Мамонт.

—Бес жүз манат?—деп Нурполат мисе тутпағандай қайтарып сорады ҳәм оның жуўабын күтпестен мақтанышлы сөйлей баслады.—Түҳ, сол да гәп пе? Бизиң үйде қанша ақша барын билесең бе?

Мамонттың қышыған жерин дәл таўып қасығандай болды:

—Биз қайдан билейик?

—Әкел қолыңды!—деп араққа қызыңқыраған Нурполат Мамонт пенен шаппат урысты.—Мен саған бес жүз манат әкелип беремен. Ал, сен экзаменнен өткересең. Келистик пе?

—Маман бере ме?

—Мамамнан сорап та жүрмеймен. Мен не, мамасынан ақша сорайтуғын детсадтың баласыман ба?—деп Нурполат шалбарының артқы қалтасынан аманат китапшасын шығарды.—Мине, мынада бес жүз емес, бес мың манат ақша бар!

Мамонттың көзи жолбарыстың көзиндей жанып кетти. Ол жас баланың қолындағы бир түйир сүйекке тамсанған ийттей Нурполаттың қолындағы аманат китапшасына қарап аңсары аўа берди.

—Уай-боой, Норкажан-әй, сен өзи нағыз азамат

екенсең ғой!—деп Мамонт оның арқасынан қақты.—Қәне, муғаллимиңниң атын айтып қой.

—Алым Адамбаевич деген сурбет!

—Оған ақша берип жалынғаннан, иш-шин ап-парыў кер-рек!—деп ырылдады Щука.

—Сен қыза бермесе өйтип!—деп Щукаға жекиринди Мамонт.—Қолдың күши менен де, қолдың ушы менен де питетуғын жумыслар болады. Университеттиң бир дәўдей муғаллими сениң мушыңнан қорқа ма? Пара деген қатнас қуралы турғанда, питпейтуғын ис қалмайды. «Тандырды қызғанда жап» деген сөз барма усы? Та-ак, сол айтқандай, Норка, сен ҳәзир кассаға барып, бес жүз манатыңды алып кел! Мен соны қалтама басып, муғаллимиңе барып қайтаман. Келистик пе?

—Болады,—деп орнынан көтерилди Нурполат.

—Қайтарсын через гастроном!—деп қышқырды Щука изинен.

Нурполат шығып кеткеннен кейин Мамонт жай ишинде арман-берман жүрди де, стол үстиндеги арақтан бир уртлам ишип, Щукаға аларып қарады:

—Щука сен барып турған ақмақ адам екенсең!

—Не ушын?—деди Щука өзиниң қандай гүна ислеп қойғанын ядына түсире алмай.

—Жаңа неге мениң алдымды орай бересең?

—Алдымды орай бересең?—деп ийнин қысты Щука.—Түсинбедим.

—Саған қашанғы түсиндиремен?!—деп Мамонт ашыўға буўлыға баслады.—Тур орныңнан!!

Щука орнынан енди тура бергенде Мамонттың тоқпақтай мушы оны қалпақтай ушырды. Күтилмеген соққыдан албырап қалған Щука:

— Не жазығым болды? — деп жыламсырады.

— Гүнаңды билмейсең бе? — деди көзлери қанталаған Мамонт. — Қашанғы сениң желкеңнен сүйреп жүремен? Сени неше рет әжел аўзынан алып қалғанымды умытғың ба?

—Мен сонда не қылыппан?

—Сениң ақшаң жоқ. Ақша табыўға ебиң де жоқ! Ал, мен жаңа бес жүз манат түсирейин деп турсам, сен оны да қызғанасан!

—Мен муғаллимге бермеў керек деп атырман-дә!

—Ал, мен соны муғаллимге беремен бе? Бир тыйынсыз қойдыраман, бир тыйынсыз! — деп //Мамонт// арақ қуйды.—Мә, мынаны иш!

Щука сүйретилип орнынан турды да, тағы урып жибереме деген қәўип пенен сақланыңқырап столға жақынлады:

—Әйтеўир нәрсеге мени сонша урыўға...

—Сол әйтеўир нәрсе ме? Сениң қалтаңда қанша ақшаң бар?

— Ақша жоқ, —деп мыңғырлады Щука.

—Ақшаң болмаса адам емессең!—деди Мамонт өзиниң қалтасында ийт үрип турғанын умытып.—Жаңағы баланың қалтасын көрдиң бе? Бес мың манаты бар. Бес мың!

— Мениң әкем ондай бай адам емес.

—Сениң әкең оңбаған! Кисиге қылаплық қылмайтуғын ақмақ адам. Бир тапқаны бир тапқанына жетпейди.

Щуканың ети жуўлап, қалтырап кетти:

— Әкеме тил тийгизбе!

—Әкең не, көсем бе?! Қудайды да сыртынан сөгеди. Әкеңе тартсаң, сен де оңбайсаң, ләўен!

—Жетер енди!—деп Щука стол үстиндеги бос шийшени алды да Мамонттың дус келген жерине қойып қалмақшы болып еди, сезгир Мамонт оның қолын шарппа услап алды. Дәрриў Щуканы бығырлатып жерге жықты да, үстине отырып алып:

—Солай ма? Мени урмақшысаң ба?!—деди де қалтасынан жарқыраған пышақ шығарып, Щуканың алқымлығына тақады.—Әжелиң меннен!!

Жаны көзине көринген Щука даўысының барынша қышқырып жалынды.

—Жооқ, жо-ооқ! Урма! Сойма! Өлтирме мени...

—Енди бәрибир,—деди Мамонт тап таўық сойыўға таярланып атырған кисидей арқайын сөйлеп.—Сениң көкирегиңе түсиндим. Усындай шийкилигиң барын буыннан-ақ билетуғын едим... Егер сени тири қалдырсам, мени тутып береди екенсең.

— Мени өлтирме, Мамонт аға! — деп жалынды Щука көзлеринен қанлы жас ағып.—Өмиримше қулың болайын!... Не керек десең, таўып берейин... Ата-анамның жалғызыман! ..

—Мен де жалғызы едим... Бизлердиң ата-анаға керегимиз жоқ. Өз күнимизди өзимиз көриўимиз керек. Орныңнан қозғалма!—деп Мамонт бир қыял менен сыртқа шығып кетти. Мүмкин, сырттағы есикти илиўге кеткен шығар. Бул пайыттан пайдаланған Щука орнынан ушып турды да диванның астына тығып қойған түтеси кесик мылтығын қолына алды. Мылтық оқлаўлы екен. Қолында пышағы менен ишке арқайын кирип келген Мамонт өзине гөзленген мылтықты көрип қалша турып қалды. Қолына қурал тийген Щуканың даўысы ҳөктемирек шықты:

— Қәне ким үстем екен? Мен саған қашанғы жалтақ боламан?!

— Щука! Сен ақылыңды жуттың ба? — деди албырағанын сездирмеўге тырысқан Мамонт. — Сени өткир болсын деп қайрап атырсам...

—Қайрасаң, өткир болғаным усы!—деп Щука оған буйрық берди.—Қәне, дийўалға қарап тур!!!

Қас қағымда жалыныў нәўбети Мамонтқа жетти, ол Щукадай көзинен қанлы жас ағып жалбарынған жоқ, сумлықтың аржағындағы сумлықты билетуғын Мамонт қуйрық былғаңлатып, өзинен кишкене Щуканы алдастырыўға қарады:

— Мени тири қалдырсаң, саған көп ақша беремен.

—Сенде ақша жоқ,—деди мылтығын еле гөзлеп турған Щука.

— Жаңағы бес мың манат ше?

— Ол Норканың қалтасында

— Сен мени атпай тура тур, — деди Мамонт исенимли түрде.

— Сол ақшаны екеўимиз бөлисип аламыз.

—Оны қалайынша аламыз?—деп Щука мылтығын төмен түсирди. Бул ўақытта Мамонттың пышағы да жерде жатқан еди.

—Ҳәзир Норка келеди,—деп питиўәж әңгимеге көшти Мамонт. — Келген соң усы мылтықты соның өзине гөзесек, ақшаны сөзсиз кассадан алып келеди. Кейин ақшасын сыпырып-сыйырып аламыз да, Норканың өзин дәрьяға атып жиберемиз!

Щука мылтығын диванның үстине атып урды:

—Әне, мына ақылың болады! Қолыңды әкел!—деп

екеўи шаппат урысты, Щука қуўаныштан даўысының барынша ўаҳа-ҳалады.—Бес мың манат!!

Мамонт тазадан арақ қуйып, бир кесаны Щукаға берди:

—Қәне, табысымыз ушын!

—Жаңағыларды кеширгейли болсын,—деди Щука айыбын биринши мойынлаған болып.

—Ерунда!—деди Мамонт бәрин умытқансып.—Ҳәзир Норка келген соң, сен бул жерден табаныңды тайдырып тур. Ол машинасы менен жүрген шығар?

—Аўа.

—Сен машинасың минип, муғаллимине барып қайтаман деп бес жүз манатты қалтаңа басып шығып кет.

— Мениң не зыяным тийеди? — деп Щука әлле нәрсеге сетемленгендей болды.

—Сен бузып аласаң,—деди Мамонт қуралсыз Щукадан айбынғанды қойып. — Мениң айтқанымды қылдабер.

Оның менен қарсыласыў енди Щукаға қыйын еди, умтылған менен мылтыққа жете алмайды, нийети бузылғанын сезсе Мамонт өзинен бурын гүм етеди.

—Келистик ғой? Онда мылтығыңды жасырып қой, жаңағы бала келсе қорқып жүрер,—деди Мамонт. Щука шолақ мылтығын диванның астына тығып таслады. Бағанағы шығып кеткенде Мамонт сыртқы есикти илдирип келген екен, аздан кейин оның қағылғанынан Нурполаттың келгени билинди. Щука есикти ашып, Нурполатты ертип келди.

—Иркилип қалмадым ба?—деп Нурполат олардан кешерим сорағандай ораўлы нәрсе-қараны столға қойды.—Кассада очередь көп екен.

—Биз сени алдап кеткен шығар деп отыр едик,— деди сумлығы басым Мамонт.

—Алдап? Мен не, өйтип?

—Болыпты! Әкелдиң бе?

—Аўа!—деп Нурполат қалтасынан пул шығарып берди.

—Ал, шап!—деди де Мамонт ақшаны Щукаға зыңғытты. — Муғаллимин таныйман деп заңқылдап отырсаң ғой. Түсиндирип айт, Норканың басқа экзаменлерине де жәрдемлесетуғын болсын.

—Ол жағын қатыраман ғой!—деди Щука ақшаны қалтасына тығып атырып.—Бирақ, үйи алыс ғой.

—Ҳаў, сен машина айдаўды билесең ғой, мә!—деп ақ көкирек Нурполат оған гилтин услатты. Қолына гилт тийген Щука сыртқа зыңғыды.

—Өзиң нағыз азаматсаң-аў, Норка!—деп Мамонт оның арқасынан қағып қойды.—Мә, мына шыпалы дәрини жутып жибер.

—Көп болып кеткен жоқ па?—деп Нурполат кесаға тигилди де арақты қағып салды. Соның арасында Мамонт диванның астынан шолақ мылтықты шығарып Нурполатқа гөзеди.

—Мынаны көрдиң бе?—деген Мамонттың даўысына бурылған Нурполат өзине мылтықтың гөзленип турғанын көрип талып түсиўден сәл қалды.

—Оны... Буны... не қыласыз?—деди қалтырағаң Нурполат.

—Ҳәзир сени өлтиремен!—деди Мамонт қас қақпай.

—Не... не ушын?

—Яқшы, әўел келисип алайық,—деди Мамонт мылтықты жерге түсирип.—Сен книжкаңда қалған төрт ярым мың манатты ҳәзир әкелип мениң қолыма басасаң.

—Оны не қыласыз?

—Ақшаны не қылатуғын еди, гешше?—деп жекиринди Мамонт.

— Бере алмайман, — деп илбиреди Нурполат.

— Бере алмайсаң ба? — деди де мылтықты қайта гөзеди Мамонт. — Онда өмириң менен хошласа бер!

Мылтықтың үңирейип турған түтесиниң аўзына көзи түскенде Нурполаттың зәрреси ушты:

—Атпа! Атпа!! Керегиң ақша болса, мә!—деп аманат китапшасын созды.

—Өзиң алып кел деймен!

—Болады, болады...

—Жолда қыйсаңлама!—деди Мамонт.—Егер мени тутып беретуғын болсаң, тухым-теберигиң менен қуртып жиберемен! Мениң қанша адамым барын билесең бе?

—Билемен, билемен...

—Ал, үйиңниң иши бул ақшаны қайда жибердиң десе, не дейсең?

—Үйде бир чемодан үш процентли заем бар,—деп анқ етти Нурполат изин ойламай.—Солардан кассаға қайтарып беремен де, орнын толтырып қояман.

Мамонттың бултгай түнерген жүзи жадырап қоя берди:

—Әне, ақыл! Ақылыңнан айналайын! Қәне, тез қыймылда онда!

—Ал, аманат кассасындағылар буны неге алып атырсаң десе, неғыл деймен?

—Машина алажақ едим, гезегим келипти де.

—Машинам барын биледі ғой.

—Тазасын аламан де. Қазбалап сорай берер дейсең бе? Бол, бол!—деп асықтырды Мамонт. Мойнына құрық түскендей Нурполат сүйретилип шығып кетти. —Питти! Норканы аман қалдырыўым керек. Үйиндеги бир чемодан алтын заемды да қолға түсириўим керек! Ал, мына Щука... Щука аяққа тусаў болмаса болар еди...

Ол бир кеса арақты қағып салды да, диванда шалқасына жатып қыялға берилди. Көзи жаңа илинип баратқан екен, биреўдиң қапыны тарсылдатып ашып, жуўырып киятырған аяқ тапылдысынаң ушып турды да, мылтықты қармаланды. Асығып-албырап, бетинен қаны қашып Щука кирди де!

—Атаман! Құрып қалдым!—деп сылқа түсип, еденге қулады.

11.

Толқынлары жағаға умтылып, қолына ҳеш нәрсе илинбеген соң пәнт жегендей тағы изине қайтып, тынып-тыншыўды билмейтуғын Қара теңиздиң шуўылдысына қулағы үйренискен Тасполат қарны аш болганша пляжда аўнап жатты. Қарақалпақстанның мыс қайнаған әптабынан қашып, теңиз бойының қоңыр салқынына келгели шаршағаны тәўирақ шыққандай болды. Муздай суўға сүңгип, ыссы қумда жатқан қандай ҳәзлик, қуяштың нуры да бир мийрим-шәпәәтли қолдай арқаңа, тула-бедениңе жағып баратыр. Текте оны Абхазияның таўлы соқпақлары қыйнайды, жата берейин десе жүн тыққан пахталы шалбардай тылтыйып семирип кетежақ, сонлықтан нәйлаж басқалар-

ға ерип таўға өрмелегиси келеди. Асықпасаң, таўға еплеп өрмелеўге болады екен-дә, әттең төменге түсиўи қыйын екен, салмақлы геўде аяққа ырқ бермей жумалап кете жазлайды. Оның Гагра курортына биринши келиўи, бурынлары Ялтада, Сочиде, Баржомиде, қулласы, көп курортлық орынларда болды. Жаздың айы болған соң келиўшилер оғада көп, теңиздиң бойында ярым жалаңаш адамлар быған-жыған. Ҳаўа райы қәпелимде бултласады да, жамғыр нәсерленип жибереди, сол ушын еркеги-ҳаялы қасынан зонтигин таслама ғадетке айналып кеткен. Көп этажлы жайдың бир бөлмесинде еки адам, қасындағы ақтөбели Қуўанғалий деген өзи қатарлы киси. Олар келген күни-ақ әжик-гүжик сөйлесип, бурыннан таныс адамлардай бир-бирине баўыр басып кетти.

Дәслепки көргенде Қуўанғалийди ҳәмелдар биреў шығар деп ойлаған Тасполат, соң таныса келе оның әпиўайы қой шопаны екенин билип, өзиниң оған болған көз-қарасын бир қулаш жоқарыраққа шығарды. Шалқар далаларында күнге күйип қой баққан Қуўанғалий курорттың мәлҳәм ҳәзлигине бирден ет-бетинен түспеди, тегис далалықта ат жалында ойнаған шопан таўдан таўға өрмелегенди тәўир көрди, шөлистанда аяғы күйип, ерни тобарсыған дала адамы шалқыған теңиздиң қойнына сүңгиўге қуштар болды.

—Шопанлықтан түсирим қалай?—леди Тасполат, адамның атқаратуғын жумысын түсиретуғын пайдасына шенеп үйренип қалған әдети бойынша. Қуўанғалий оның сорап турған түсиримин өзинше түсинди:

—Түсирим жақсы ғой. Он балам бар, табысымыз соларды бағып-қағыўға жетип атыр.

—Бизде бир нақыл бар ғой,—деп Тасполат ядына түсире алмай ойланып қалды.—Ҳее, жаңа ядыма түсти:

«Асық ойнаған азар,
Топ ойнаған тозар,
Ҳәммесинен қой бағып,
Қуйрық жеген озар» деген.

—Бул баяғы ашлық жыллары айтылған ғой,—деди Қуўанғалий қап-қара айрық муртын сыйпап.—Ҳәзир қайсы кәсип болса да, мүлтиксиз ислегенлер озып атыр ғой.

—Сонда жүз бас саўлықтан қанша қозы алып жүрсең?

—Өткен жылы жақсы болды, быйылғы туўым мапазы да табыссыз болмады. Ҳәр жүз басқа 135 тен қозы алдық.

—Ҳаў, буның қаяғы жақсы? Бизде 220 дан асырып алып атырған шопанлар бар ғой!

—220 дан?!

—Оннан да көп!

—Шырағым-аў, олардың бағып жүргени қой емес шығар?—деп Қуўанғалий жағасын услап таңланды.—«Еситпеген елде көп» деген усы екен-дә!

—Меншигиңде қанша қойың бар?

—Онлаған...

—Онлаған?! Арттырған байлығыңның болғаны ма?

—Оннан зыятын не қыламан? Мәмлекеттиң қойларын аман-есен өсирсем, планларымды орынласам, усыннан артық арттырған байлық бола ма?

—Қонақ келсе, қой соймайсаң ба?

—Сояман. Бизиң қазақ еле ата дәстүрин умытқан жоқ. Қой керек болса, совхоз сатып береди.

—«Темирши тағаға жарымайды» дегендей, қызық екен. Сонша қойды бағып жүрип, сойымлығыңды сатып алсаң...

—Ҳаў, енди не?—деп күлди Қуўанғалий.—«Суўдың да сораўы бар» деген емес пе?

Сонда Тасполат Қызылдағы бир таныс шопанын ойлады. Ҳәр ўақ қант-чай, шопанлардың басқа да мүтәж затларын апарып, қаракөл терилерин алып қайтатуғын еди. Аты елге тараған шопан қызыңқырап отырған бир пайытында: «Қойды қозылатыўдың ҳәр жүз бастан еки жүзден артық қозы алыўдың жолын таптым,—деген еди лепирип.—Ҳәзир меншигимде төрт жүзден аслам қойым бар. План, миннетлеме толмай баратырса, сол қойлардың қозыларын да мәмлекеттиң есабына өткерип жиберемен. «Куда да жай, кудағай да жай» дегендей болады да турады». Бирақ Тасполат мына Қуўанғалийдей несийбесине тепкен адамның көзинше сол таныс шопанының сырын шашқысы келмеди.

Бир күни Тасполат азанда гурыўға еринип, төсегинен турмай шалқасына жатыр еди, қапы қағылды.

—Кир!—деп даўыслады ол. Қасындағы Қуўанғалий қашшан турып кетип қалыпты.

—Мүмкин бе?—деп талдырмаш бойлы, ақ қуба жас келиншек есиктен кирди. — Бөлмеңизди тазалайын деп едим.

—Рухсат,—деп Тасполат жас келиншектен көзин айырмады.

Сипсекеш келиншек Тасполатқа дыққат аўдармай өз иси менен қумбыл бола берди, ал Тасполат болса оның келисиги келген тулғасына ғайбана тигилип, жигитшилик қумарлары қыялласып, жутына баслады. «Бундай жананлардың қолына сипсе емес, гүл услатып қойса арзыйды екен» деп ойлады да ол «жатып қалғанша атып қалыўға» ықрар етти.

—Атың ким, қыз?

—Нина...—деп жас келиншек мөлдиреген көзлери менен Тасполатқа таңлана қарады.

—Танысайық, мениң атым Тасполат болады.

—Орта Азиядансыз ба?

—Аўа, Нөкистен. Нина?—деп Тасполат келиншектың дыққатын өзине қаратты.—Қашан босайсаң?

—Ярым сааттан.

—Сен соннан кейин маған кел, хызмет бар. Келистик пе?

—Не хызмет?—деп ҳайран қалды Нина.

—Келген соң айтаман.

Жайды сыпырып-сыйырып шығып кеткен Нина үәдеси бойынша ярым сааттан айланып келди. Үстиндеги күнлик кийимлерин шешип, гүлли көйлек кийген Нина бағанағыдан еки есе гөззал келбетте еди, Тасполат жәннеттеги ҳүр қызына тап болғандай анырайып қалды. Нинаның қоңыр шашлары да, қыйылған қаслары да, сыңғырлап күлген даўысы да бурынғыға дым уқсамас еди.

—Хызметиңизге таярман!

Ойлаған әрманының демде орынланайын деп тургенинан Тасполат албырап қалды, жүреги ҳаллас урып үсти-үстине соқты ҳәм күлимсиреп Нинадан сорады:

—Қандай хызмет болса да таярсаң ба?

—Әлбетте. Енди қолым бос.
—Айлығың қанша?
—Тоқсан сом.
—Дым аз екен ғой. Жеге ме?
— Жеткеремиз ғой, — деди Нина көзин төмен алып.— Күйеўим табады.
—Мә, мынаны ал!—деп Тасполат қалтасынан бели қайыспаған жүз манатлықты оған созды. — Меннен саўға.
Нина исенбей оған қарап жалтақлады, ақша емес тикен қамтымлап алатуғындай қолын кейин тартты.
—Ал, ала бер! Керек болса тағы беремен!—деп Тасполат еле мурты шағылмаған жүзликтиң пачкасын көрсетти.—Кетемен дегенше екеўимизге жетеди.
Нина селқослаў болып ақшаға қолын тийгизди:
—Мен бул саўғаңызды не менен өтеймен?
—Өзиң бил, биз бир ғәрип қонақпыз,—деди Тасполат ақшаны ешейинге берип атырғандай.—Еркектиң тилегин ҳаял не менен қанаатландыратуғынын билмейсең бе?
—Қой, мен ондайлардан емеспен,—деп Нина еле қалтасына сала қоймаған жүзликти Тасполатқа қайтып созды. Тасполат қалғаңа сал дегендей Нинаның қолын кейин қайтарды:
—Берилген саўға қайтарылмайды. Мейли, менің тилегимди орынла, орынлама, оны өзиңниң пейлиң биледи.
Екиленип отырған Нина узақ ойланып қалды.
—Қапыны илейин бе?—деди Тасполат келиншектиң ойланғанынан дәме етип. Нина жуўап қатпады. Үндемесе келискени деп пәмлеген Тасполат есик бетке баратыр еди, Нина:
—Жоқ, жоқ!—деп азарда-безер болды.—Бул жерде қолайсыз...
—Ким сезеди?
—Болмайды. Өзим жақында орналастым. Жумыс табыў да аңсат емес...—деп ойланды да,—үйге бара қояйық, — деп келисимге келди.
—Үйге? Күйеўиң ше?
—Ол кеште келеди. Балам бақшада...
Бир баў гүлге ерип баратырған өгиздей Тасполат

Нинаның изине ерип, таўдың етегиндеги үйлерге кетти...
Орта Азиядан, Қазақстаннан келген жигирмалаған жигиттиң басын қурап, Тасполат ресторанның киши банкет залында зыяпат өткерди. Бурын курортқа келип көрмеген Қуўанғалий:
— Бул не, курорттың дәстүри ме? — деп бийбәне мың манаттан аслам ақшасын шығын еткен Тасполатқа ҳайран қалды, ендиги гезек өзине келетуғындай қорқып та тур.
—Бул дәстүр емес, жора,—деди Тасполат мардыйып.—«Дүнья деген қолдың кири» дейди халқымыз. Ҳәр ўақ сол кирди тазалап турғанға не жетсин.
—Ал, онда бизде ондай зыят кир жоқ,—деп күлди Қуўанғалий.—Балларға базарлыққа түйип қойған азмаз ақша бар, оны шаша алмайман.
—Мә, сен де жигитлерди шақыр!—деп Тасполат чемоданынан бир пачка онлық ақшаны оған атты.—Бийдәўлетшиликке де буннан көп кетип атыр ғой.
—Қой, Тасеке!—деп Қуўанғалий қорқып кетти.—Бул қарызыңнан қашан қутыламан?
—Қарызға емес, баспүкил берип атырман. Бизлер майдалап отыратуғын халық емеспиз.
—Баспүкили несс, шырағым-аў?!—деп Қуўанғалий Тасполатқа өткир көзлерин қадады. — Ҳаў, бул мың манат ғой?!
—Болса болады-дә, Қуўаке. Мени не, ақшаның санын билмейтуғын адам деп турсаң ба? Өмиримше ақша санаў менен киятырған адамман. Алмасаң, өкпелеймен.
—Жоқ, алмайман!
—Ала ғой. Бул саған мың сом болғаны менен маған бир сом шелли көринип турған жоқ.
—Бунша ақшаны қаяқтан таптың.
—Әй, жоражан-әй,—деп мырсылдап күлди Тасполат.—«Жүзимин же де, бағын сорама» деген гәп бар. Бизиң жақтың жигитлери курортқа емлениў ушын емес, тапқан-тупқан ақшаларын қара басының ҳәзлиги ушын шашып кетиўге келеди. Усы дүньяники усы дүньяда қалады, ҳеш ким де тапқанларын о дүньяға әкетип атырған жоқ. Ақшаның бет-жүзине қарай берсең, дослардың бет-жүзинен айрылып қаласаң. «Беретен қолым алаған, алаған қолым береген» деген.

Адамлар арасындағы қатнас қуралы тил дейди. Меніңше, тил емес—пул! Тил деген мәзи бир елшидейақ хызмет атқарады. «Мың сиз-бизден бир пыж-пыж» деген де усындайдан қалған емес пе?

Қуўанғалий әйнек алдына келип сыртқа қарады. Теңиз үстинде аўнаған гиддиман толқынлар, бир-бирин қуўып жағаға жуўырысар, басы таслы жарға соғылғаннан кейин тағы изине қайтар еди. Пляжда адам көринбейди, жамғыр қуйып тур. «Усындай жамғыр Шалқар далаларына қуйып турғанда қандай әжеп болар еди,—деп әрманлады ол.—Қуўрап атырған шөплер көгерип, қойлардың жайлаўы жасылзарлыққа айланар еди. Жамғыр да керек жерине жапайды... Пул да керек адамының қолына түсе бермейди...». Шыжғырған ыссыда басларын жасырыўға сая таппай, маңырасыўға да ҳал-дәрманы қалмай жүрген қойларын ойлады. Соны ойлаўы мәттал, өзиниң салқын жерде пәрўайы пәнсери болып дем алып атырғанынан қысынып кетти де, тап бүгин-ақ шексиз даласына қайтып кеткиси келди. Енди ол Тасполаттың тағы қандай биймәни гәплерди айтып атырғанын еситпеди, тек көз алдына сарғыш жайлаўлары, ондағы жайылып жүрген қойлары, олардың соңында ат сабылтып жүрген қап-қара балалары елеслей берди. Енди теңиздиң толқынлары өз даласының буйра-буйра қумларына уқсап кетти. Өз босағасынан, өз даласынан узақлап кетиўге үйренбеген Қуўанғалийда сағыныш азабы басланған еди.

Ақша ҳаққында толып-тасып әңгимеге бузаў емизип атырған Тасполат қасындағы жолдасының кийинип атырғанын аңғармапты, бир қараса Қуўанғалий қара костюмин кийип, шығып кетиўге ыңғайласып тур екен.

—Қайда?

—Аэрокассаға!—деп Қуўанғалий Тасполатқа бурылған еди, көксиндеги жарқ ете қалған Алтын жулдыздан Тасполаттың көзи ағып түсе жазлап, ҳеш нәрсе көрмегендей дөгерегин сыйпалана берди...

Ертеңине Қуўанғалий мүддети питпей-ақ аўылына қайтажақ болып нәрсе-қараларын жыйнастырды, енди оның алдында Тасполат тилин тыйды, көкирегиндеги Алтын жулдыздың сусы басқан еди.

— Кетсең, жолың болсын, Қуўаке! — деди кеўлин аўламақ болып.

— Кетпесем болмас... Далада қойлардың арасында жүрип үйренген биздей адамға қарап жатқан жақпайды екен, — деди Қуўанғалий кетип баратырып. — Ал, Тасеке, аман бол! Кеўлиңе келмесин, саған бир пәндиў-нәсият айтып кетейин, жора. Баяғы бир жыллары ҳүкимет сеңсен тон кийгенлерди тергеўге алған екен. Ал, сол ҳүкиметтиң қырағы көзи бүгин де перделенип қалған жоқ. Ол ғәзийнесиниң есигин айқара ашып қойып, ким болса соған талата бермес. Абайлы бол, достым, бир күн болмаса бир күн қақпанға түсип қалма! Тегин пайда көз шығарады.

— Ол жағынан қәтержәм бола бер, Қуўаке, — деп Тасполат қайдағы бир шопанның өз әкесиндей болып ақыл берип атырғанына ашыўы келди, — Мен ақшаны биреўлерден басып алып атырғаным жоқ. Қалтаңа өзлери томп-томп еттирип таслап турса, өзиң болсаң да яқ демессең.

— Өзиң бил, мениқи тек дослық ескертиў ғой.

— Оныңа рахмет! Ал, аманлықта көрискеймиз, елжуртқа сәлем дегейсең!

Олар жай ишинде айырылысты, Қуўанғалийдиң нәсиятына тылақайы тырысқан Тасполат ҳеш болмаса оны төменге шекем де шығарып салмады.

«Алтын көрсе периште жолдан шығады» дегендей ҳәр күни жүз манатының басына суў қуйып турған Нина пүткиллей буны айланшықлап алды. Қуўанғалийдиң көтерининп сыртқа кетип баратырғанын көрди ме, арадан он минут өтпей-ақ аяғын сылп-сылп басып өжиреге кирип келди. Жаңағы гәплерге унжырғасы түсип, көзлерин жайдың төбесине тигип шалқасына жатырған Тасполат Нинаның хоширей жүзин көриўден басқа бир дүньяның есигин ашқандай қуўанып қоя берди.

— Зеригип атыр едим, келгениң бундай жақсы болмас! — деди ол орнынан турып.

— Бүгинги планларың қандай?

— Сени көриўден басқа планым жоқ.

— Онда кеттик!

— Қайда?

— Шомылыўға.

Тасполаттың шомылғысы келип турған жоқ еди,

мойынтаўлық ете баслады, соның арасында кеше Қуўанғалийге алдыра алмаған онлық ядына түси. Чемоданынан оны суўырып алды да Нинаның қолына услатты:

— Сумкаңа салып қой!

— Бәрин бе? — деп Нинаның көзи жайнап кетти. — Жаным-аў, сеннен алған ақшам көбейип кетти ғой. Байым сезип қалса, қаяқтан алдым деймен?

— Лотереядан уттым дейсең.

— Ҳаў, оның тиражы ҳәр ўақта бир шығады ғой?

— Ҳмм, онда спринттен уттым де. Ол ҳәр күни ойналып атыр ғой.

— Буның намаға келеди екен! — деп Нинаның жүзи жадырады да, мың манатты сумкасының ишине суңгитип жиберди. — Қасыңдағы адам кетип баратыр ма?

— Аўа, биротала кетти. Түни менен усы жерде болсақ та болады.

— Күйеўим жойтады ғой?

— Қызғаншақ па?

— Өл деген. Ертең ол Тбилисиге бес күнлик командировкаға кетеди. Сол ўақта үйде бирге болсақ болады.

— Онда қатып кетти ғой! — деп Тасполат алақанларын шаппатлап қойды. — Онда гүлала-гүл ғой!

Тасполат нәзик келиншекти қушағына қатты қысты.

— Қапыны илдирип кел, тоқта... — деп сыбырлады Нина көзлерин жумып..

Әттең, ертеңине Тасполат сүйиклиси Нинаның үйине бара алмады. Ол еле уйқыда жатырған таң пайытында ҳаялының өлгенлиги жөнинде қаралы телеграмма келген еди.

12

....Сол пахта терим мапазының қыйын-қыстаў күнлеринде Шернияздың Бийбиханға болған муҳаббаты кеш гүзекте қыраў шалмай қалған жекке-жарым гүлдей еле жасаўдан үмидиўар, алдында киятырған қыстың аязларын писент етпеген көзсиз гүбелектей мақсетсиз басланса да, Шамурат бригадирдиң үйиндеги туңғыш ақшамның қараңғылығын қақ жарып, жигиттин қармаланған гүңгирт жолына сәўле түскендей айдынласты. Гүзги муҳаббат ийелери еле гүзги өмиринен қашықта еди, бирақ олар өзлерин қанша пәк санағаны менен қушақларынан тыста үшинши биреўдиң—бир ҳаялдың, яғный бир ананың жесир, бир перзенттиң жетим болып

қалажағын ойламады. Жоқ, ойлады. Бийбихан ойлады, ал Шернияз Бийбиханды айтқанына көндирсе, басқасының бәри де жүзикке қас қондырғандай болады деп ойлады. Ертең изинде жылап қалатуғын ҳаялы Жуматай менен қызы Гүлзаданың тәғдийри оған ойыншықтай болып көринди. «Нәтинде жайым соныки болар, қызға алимент төлеп турарман. Байсыз отырған қатынлар аз ба? Шыдамай баратырса, биреўге тийип алардә». Соңғы ойынан шоршып кетип ол, аңласа, Жуматайын, қәдимги ай десе аўзы бар Айзадасын да ҳеш кимге қыйғысы келмейди екен. Тек өзинен басқа ҳеш ким төсегине аяқ баспаған периштедей ҳаялының бидым-бидым бир еркек пенен бирге жатырғаны көз алдына елеслеп кетип еди, бирден ети жуўылдап кетти. Тазадан жай сатып алса, сонда Бийбихан менен турса, лекин ара-тура Айзададан да хабар алып турса қалай болар екен? Буған тек ғана Бийбихан көнсе болды, еки үйдиң ортасында ғоддаслап жүре береди. Бир машина сатып алады. Бирақ, «еки кемениң басын услаған суўға кетпей ме екен?»

Дәслеп шоршып түскен Бийбихан, қараңғыда тазадан болған соқырдай қармаланып жүрген Шернияз екенин билгеннен кейин усындай қупыя ушырасыўға бурыннан таярланып атырғандай, онша ишин тартып таңлана қоймады.

— Неўе, Шернияз аға? — деп жатқан жеринен тикейип отырды қыз. — Жайыңыздың есигин таппай жүрсиз бе?

Шернияз мырсылдап күлди:

— Сениң жүрегиңниң есигин таппай жүрмен, Бийби..

— Пайдасы жоқ, — деп Бийбихан да күлди. — Ол есикти тапқаныңыз бенен де аттың басындай қулп илдириўли тур.

— Гилтин алып киятырман! — деп күлгенинен дәмеленген Шернияз сыйпаланып жүрип қыздың билегине жабысты. Бийбихан лаплап турған геўдесине атаўыздай суқ қолдың жармаса баслағанын жақтырмаса да бирден қағып тасламады.

— Қойың, уят болады, — деди сыпайы түрде. — Бала-шағалы адамсыз.

— Сениң ушын бала-шағамнан ўаз кешемен..

— Бул еркеклердиң үйреншикли мийрас гәпи.

— Мен расымды айтып турман, Бийби... Билесең

бе, сени бир көриўден-ақ ашығыў-бийқарар болып қалдым. Енди мени ҳеш қандай күш те сеннен айыра алмайды, — деп Шернияз оны қушағына қыспақшы болып еди, Бийбихан орнынан ушып турды да жигиттиң көкирегинен нәзик қоллары менен ийтерип қойды.

— Жөниңизге турың, Шернияз аға. Мен биреўдиң хожалығын тас-талқан ететуғын бузақы емеспен. Бул өмирден бир пәнт жедим, соның өзи-ақ жетер.

— Не пәнт?

Бийбихан үндемеди.

— Не пәнт жедиң деймен?

— Оның сизге кереги жоқ. Орныңызға барың, уйқым келип тур.

Енди Шернияз үндемеди. Қапыдан сонша машақат пенен ишке кирип, түби тесик шелек пенен суўға келгендей бостан бос шығып кете бериў оның ушын қолайсыз еди. Қолын жуўып, бос қала бере ме? «Шешинген суўдан тайынбас» дегендей, екеўи де ярым жалаңаш ғой, бирден ғабыр-ғубыр лаппа бас салса ма екен? Жоқ, болмайды. Бундай жалаңқаяшылық Шерниязға жараспайды, бийқарар болып сүйген Бийбиханды өкпелетип алыўдан айбынады, себеби оның менен мәзи жол үстинде ат үсти ушырасып қоймай, бир өмир бирге жасаўға бел байлаған. Бирақ, өмирден бир рет пәнт жедим деди ғой, бул не пәнт? Шерниязды пәминше. еле бул қыз гүбелек қонып көрмеген, самалдан басқа шайқамаған, күннен басқа сүймеген пәк гүл ғой. Ақ қағаздай тәнине түскен қаралтым пәнжениң жасыўы бар ма, тынық суўдай кеўлин ылайлап кеткен ғайры туяқтың изи бар ма, нур ойнап турған көзлериниң тереңинде мөлдиреген шық тамшысындай жас бар ма? Жоқ, бундай жаман ойларға қыятуғын гөззал бул емес, бинәй өмириниң ишинде Шерниязға гезлескен жалғыз периште — усы Бийбихан. Ҳәзир қараңғыда келешек ҳаққында, ертеңги басланатуғын әжайып күнлери ҳаққында, усы дүньяда бахыт деген болатуғын болса, соның машақатлы жоллары ҳаққында Шерниязға аўыр ойларды, аўыр болса да ләззетли, сағынышлы, қуўанышлы ойларды тырмыслап арқалатып турған да, усы Бийбихан. Әйтеўир нәрселерди: журтлардан артық жегенин, зыят кийгенин, басқалардың оған иси түсип келгенде кемислеў ийегин жоқары көтергенин, ақсақаллардың жаўырнынан қағып марапатлағанын бахыт деп мардыйын

жүрген Шернияз ҳәзирги минутларда бул дүньяда Бийбиханнан басқа бахыты жоқ екенин аңлады. Бирақ, қараңғыда сол бахытын қолы менен услап турса да, ҳәтте жүрегиниң дүрсилдиси оның қулақларына еситилип турса да, екеўиниң арасында мәмлекетлик шегарадан да беккем қорған бар еди, бул қорғанды қара күш пенен шыл-пәрше етиў ҳасла мүмкин емес, бул қорғанды Бийбиханның тек бир аўыз жыллы сөзи ғана пыт-шыт етип, еки жақтың қатнас жолын ашар еди. Әттең, қыз аяғына бас урып атырған жигиттиң көз жасларын көрмеди, жигит жүрегиниң қыйлы-қалларын көриўге түнниң қараңғылығы емес, кеўил тас-түнегине шөгип атырған геўгим үмит, соқыр мәқсет кесент етип атыр, Шернияз өз мүддәәсин қалай еткенде шебер баянлап, қызды инандырыўы мүмкин, есиктен аман-саў ишке кирсе ҳәммеси көзди ашып-жумғанша иске асады деп үмитленген жигит енди үкиге аяғын тығып алғандай суўығ баслады.

— Сениң дийдарыңнан басқасы маған керек емес, Бийби, — деди Шернияз көп ойларды топшылағаннан кейин. — Мен бир сәтлик ҳәзлик ушын келип турғаным жоқ. Егер ондай болғанда қашшан-ақ исимди питкерер едим. Бас салсам, не қыласаң, күшиң жетпейди. Көп болғанда бир қышқырасаң да, қоясаң. Мен ондай нәпсиқаў адам емеспен. Мен сени биринши көргеннен-ақ...

— Шернияз аға, мен биреўди жылата алмайман. Ҳаялыңыз бар, балаңыз бар, мен сени олардан тартып алсам... Қой, қой, келиспейтуғын саўдаға қол урма, — деп қәпелимде Бийбихан «сен» леп кеткенин өзи де сезбей қалды. Бул Шерниязды қуўантайын деди.

— Былай етемиз: тазадан жай сатып аламан. Сонда сен бола бересең?

— Екинши ҳаялың болып па?

— Қайыл болмасаң, анаў ҳаялдан биротала айырылысаман. Ҳәзирги жай да сонда қалады. Ажырасып атырғанлар жалғыз мен бе? Жайды қалдырсам, не дыррықшылық етеди?

Бийбихан ойланып қалды...

Саўда-кооператив техникумынан кешлетип шыққан Бийбихан жол-жөнекей қызлардан бөлекленгеннен кейин гөне қаланың бир шетиндеги апасының үйине тартты. Ол бир айдан берли усы үйде болып атыр еди. Қыстың қысқа күни демде батып кетип, әтирап қараң-

ғылана баслады. Жерде жуқа қар бар, күн желемик аяз. Жолда артынан бир жеңил машина зуўлап өтти де, шүйк етип тоқтады. Машинаның ишинен өзлери менен бирге оқыйтуғын Мақсет деген жас жигит түсти де:

— Бийбихан! Сени көриң иркилдик, машинаға отыр, үйиниң қасында түсип қаларсаң, — деди қайырқомсынып. Қараңғыда қалай танығанын, олардың буны техникумнан шыққаннан-ақ аңлып киятырғанын сада қыз сезбеди. Қайта қуўаныпп:

— Рахмет, Мақсет! Пай, қорқып киятыр едим, қандай жақсы болды, — деп машинаға келип отырды. Оның ишинде тағы еки жас жигит бар екен. Машинаның жуп фары қараңғыны қақ жарып, асфальт жолдан зыңғып кетти. Олар қыздан үйиниң қайда екенин сорамады, тезлигин барған сайын асырып, Ақманғыттың гүзары менен ушыртып киятыр. Бийбихан олардың нийетиниң бузық екенин сайбағыслады:

— Үйдиң тусынан өтип кеттим, тоқтатың! — деди талпынып. Бирақ, машинадағы жигитлер оның гәпине қулақ түрмеди, машина кем-кем өршеленип аяға умтылмақта.

— Тоқтатың деймен! — деп жулқынды Бийбихан. Оның қасындағы дәпеңлеў жигит қыздың ийнинен қушақлап тапжылтпады:

— Ырбаңлай берме, отыр! — деп тәртип берип қойды ол қызды тағы да қысыңқырап. — Бүгиннен баслап мына жигиттиң қатыны боласаң!

— Мақсеттиң бе?

— Аўа!

— Маған не бир аўыз айтпайды? Мен не...

— Айтпасақ, енди айтамыз, — деп күлди Мақсет. — Аўа, енди көрпениң астында асықпай сөйлесе беремиз.

Машина рулиндеги жигиттен басқасы ўаха-ҳалап күлисти.

— Арсыз! — деп Бийбихан еле де тумлы-тусына жулқыныўын даўам етти. — Уятсыз! Бәрибир саған қатын болмайман! Оннанша үйге апарып кетиң. Зорлықтың заманы өтип кетти. Мен сизлерге айтаман! Ирк машинаны! Ирк деймен!!!

Машина шырасының жарығында жол көринеди, оның еки жағынан ҳәм артынан қараңғылық қаўсырып киятыр, бул жол қыз ушын қаралы жолдай... Шоманайдағы үйин ойлады. Оқыўға кетип баратырғанда нәсиятлап

қалған анасын еследи. «Қызлар менен бирге бол, бирге тур, қызым. Кино-сино деп түнлетип жүре берме. Қалада жалатайлар көп болады деп еситемен. Ата-анаңның бетине ширкеў салып жүрме, әйтеўир. Биреў менен қашып кетип, бизиң аўзымыз аңқайып қалмасын. Өз қолымыздан узатамыз» деген еди анасы. Сонда Бийбихан уялғанынан лалаптай қызарып: «Апа, қорықпай-ақ қой, мен оқыўға баратырман ғой, күйеў излеп баратырман ба?» деп еди ғой. Енди не болғаны?

— Тоқтатасыз ба, жоқ па?! — деп қышқырды Бийбихан жулқынып, аяқлары менен машинаның есиклерин тебе баслап еди, шофер бирден ирикти.

— Неге ириктиниз? — деди оған Мақсет.

— Сен, жора, адамды алдағанды қой! — деп шофер оған жекиринди. — Мен бундай қам истиң арасына түспейтуғын едим. Бағана ҳәммеси келисилген деген соң...

— Келисилиў қайда, аға, — деп жалынды оған Бийбихан. — Ҳаў, бул, ийтширкин менен еки ай бирге оқыған болмаса, анаў-мынаў сөз айтысып көрмедик. Үйге апарып тасла, ағажан, өтинемен!

— Әй, отырсаң-ә! — деп Мақсет Бийбиханға мушын көрсетип қойды. — Басынды жарайын ба?!

— Әстерек... — деди шофер. — Жалыныўдың орнына сеники не шытайылық.

— Кимге тийгенде не екен буған?! Ҳаў, басқалардан қай жерим кем? Я басқа еркеклердиң басында шақы бар ма?

— Мениң сөз берип қойған жигитим бар, — деди Бийбихан.

—Әй, қойса!—деди оны тапжылтпай услап отырған дуғыжым.—Қызлардың бәри усындай бәне табады. Айда, Ешнияз!

—Жақ, мен бийкелисим айдамайман!

—Нағыз ләўетек екенсең!—деп Мақсет оған да муш көрсетти.—Жалпайтайын ба?

—Кимди?!—деп шофер да оннан қалмайтуғынын билдирди.—Қәне, шаманды көрейик, сыртқа шық!

—Саған ақша болса болғаны емес пе?

Шофер төбелесиўге қайымланып, сыртқа шықты. Мақсет те түсежақ болып есигин ашып атыр еди, Бийбиханды услап отырған дуғыжым сыбырлады:

—Қой, сорлы, бул Ешнияз ғой.

—Дошнияз болса да, бир тәўекел көремен! — деп Мақсет те машинадан түсип кетти.

—Әттегене-әй! Өлтирип қояды-аў!—деп дуғыжым басын шайқады.

Дуғыжым айтып аўзын жыйған жоқ, машинаның арт бетиндеги қараңғылықта силтенген жудырықлардың сарт-сурт сести шықты.

—Барып арашаласеш!—деди Бийбихан өзин еле жаздырмай отырған дуғыжым жигитке.

—Сен кетип қалмайсаң ба?

—Жети түнде қаяққа бараман?

Дуғыжым жерге түсип кетти. Машинаның артқы әйнегине перде тутылғанлықтан ол жақта не болып атырғаны белгисиз еди, тек урылған соққының даўысы келеди.

—Ешнияз, есиңди жый!—деген дуғыжымның даўысы шықты.—Бул ринг емес!

—Алпысбай, сен араласпай тур!—деди оған Ешнияз ентигип.—Мени бул ақшаға жалламақшы болған екен-дә!

—Жығылды ғой. Нокдаун болды!

—Нокаут етпей қоймайман!!

—Өлип қалады ғой.

— Өлмейди. Бала емес ержеткен ғой, қыз алып қашып киятыр.

—Қой, қой, бала болма! Мақсет, тур орныңнан! Тура ғой...

Бийбихан машинадан түсил кеткиси келди, бирақ, бурын шығып көрмеген жағы, оның үстине қараңғылық қабағын үйип, қаяқтың қаяқ екенин қушағында қыпсалап тур. Анасының нәсияты тағы ядына түсти. «Егер бизлерден бийрухсат биреў менен қашып кететуғын болсаң,—деген еди анасы.—О дүнья, бу дүнья жүзиңди көрмей кетемен. Тек, оқыўыңды бил, басқа нәрсени ойыңа да алма». Дәслеп қызлар қатары университетке тапсырып еди, екинши имтиханнан қулап қалды. Қулап атырғанлар көп болғанлықтан қапа болса да, өзин жубатып, аўылға қайтып барыўды ар көрди де, бир қурдасы менен усы техникумға кирген еди. Енди, минекей, анасының нәсияты орынланбайын деп тур, әлле неткен биреў оны алып қашып баратыр. Жоқ, Бийбихан буған шыдамайды. Машинадан түсип

басының аўған жағына кетпекши болып қыялласқаны сол еди, шофер машинаға секирип минди де ходлаўлы машинаны бирден жулқып айдап кетти. Буны күтпеген жердеги екеўи «ҳәй, ҳәй!» деп бақырысып, бираз жерге шекем машина менен қапталласып жуўырысып қала берди. Ешнияз ийни көтерилип-басылып, жаңағы алысыўдан еле өзине келе алмай, көпке шекем үндемеди. Мақсеттиң пәнжесинен оп-оңай қутылғанына қуўанған Бийбихан Ешниязды туўысқанындай көрип, ендиги тәғдирин оның қолына услатқандай ырза болды. Түн қараңғылығы бурынғыдан да қойыўланып, аспан да, алағат қары бар жер де тек булардың машинасының жақтысына телмирип атырғандай еди.

—Изге қайтпаймыз ба, аға?—деп сорады Бийбихан, машинаның тек алға киятырғанынан тағы қәўипсинип.

—Қорықпай-ақ қой, изге усы жол менен қайтсақ, тағы жаңағыларға тап боламыз,—деди Ешнияз.—Басқа жол бар, қалаға сол жол менен айланып барамыз.

Бийбихан арқайын болды.

—Рахмет!

—Шамасы, аўылдан келген қызсаң-аў?—деди Ешнияз Бийбиханға мойнын бурып.—Атың ким?

Бийбихан қаяқтан келгенин, атын айтты. Қыздың даўысы да, сымбаты да, машинаның кабинасы ала геўгим болса да, Ешниязға оғыры унап қалған еди.

—Жаңағыдай ләмсерге сени заялап болмайды екен, Бийби,—деди Ешнияз бир әжайып перийзаттың қасында киятырғанына кеўли толып.—Мени ағаңдай көре бер, саған ийнениң ушындай да жаманлық етпеймен. Ҳәзир қалаға айланып барамыз, бир достымның туўылған күнине шақырылып едим. Бирге барайық. Тек, қасымда отырсаң болды. Себеби, ҳәмме дослары-мыз ол жерге өзлериниң қызлары менен барады. Маған жалғыз барыў қолайсыз. Қалай көресең?

—Қойың, танымаған жерде... Мен ондай қызлардан емеспен...

—Усындайдан танысасаң ғой. «Кисеңде жүз сомың болғанша, қасыңда жүз достың болсын» деген. Барлығы да әп-әнедей қыз-жигитлер. Азмаз отырысамыз да,

үйиңе әкелип таслайман. Сораса, бир қыздың үйине барып едим, дейсең. Келистик пе?

Асфальт жол үстинде машина зыңғып киятыр. Оның еки фарының жақтысы қараңғыны қақ бөлип, Бийбиханға белгисиз бағдарды нурға көмгиси келеди.

—Ҳәзирги жас жигитлерге ҳайрансаң,—деп гәп баслады Ешнияз жол қысқарсын дегендей. — Қыздың атын билер-билместен, оның ишки дүньясы менен есапласпастан, алып қашаман деп бас салады. Ҳаў, ол қыз оны сүйе ме, сүймей ме, қыздың басқа бир жигити бар ма, яқ, яқ, оның менен ҳасла жумысы жоқ. Мине, өзиңди алайық, Бийби. Егер мен болмағанда ҳалың не кешер еди? Муҳаббат дегенди олар тек китапларда, кинофильмлерде болады деп ойлайды. Жүректе муҳаббат-әм болыў керек. Солай емес пе, Бийби?

Бийбихан үндемеди.

—Қудайға шүкир, мен ондайлардан емеспен.

—Үйленбединиз бе?

—Соны келистире алмай жүргеним ғой. Бир қыз менен танысып, енди алардан болып жүргенимде бир урыққыр алып қашып кетипти. Соннан берли қыз алып қашқанларды өлердей жек көремен,—деп күлип қойды Ешнияз. Бийбихан да мыйық тартты.—Үй десең, үй бар, машын десең, машын. Тек кемиси—бир нәзәлим. «Уарқ еттик, шарқ еттик, жаздың өткенин билмей қалдық» деген екен бир қурбақа. Сондай, биз де жигирма беске келгенимизди билмей қалыппыз. Бизге де буйырғаны барды-дә..

Бийбихан ҳәзир машинаға емес, ал пышақтың арқасына отырып киятырғанын, машинаның рулиндеги Ешниязның шылғый өтирик сөйлеп киятырғанын билмеди. Қаяқтан билсин? Бул жигиттиң талайлардың бахтын кескенин, талайларды жәҳәннемге жибериўге себепши болғанын бийшара қыз қаяқтан билсин?! «Ақшам жулдызлары» компаниясының ортаң қолдай ағзасы болған Ешнияз майлы тили менен Бийбиханды қолға түсиргенине оғада қуўанышлы еди, бул саўғасы менен атаманның алдына барса, оның барлық гүнасын сөзсиз кеширип жибереди. Ешнияз Мамонттың еки тапсырмасын орынлай алмады, сол

ушын оның алдында жүзи сыныңқы, көзине дурыслап қарай алмайды. Өткен жылы жаздың басында бәң әкелиў ушын Қырғызстанға барды. Бир темир жол станциясында бәң излеўшилерди милиция хызметкерлери шыпырлатып тутып атыр екен, Ешнияз соннан қорқып, алып киятырған чемоданшасын пассажирлер үмбә-дүм болып турған залға қалдырды да, өзи зорға қутылып қалды. Поезд келген ўақта ҳәмме жапырылып вагонға шықты, ал буның чемоданшасы сол күйинде қала берди, қайтып оған барыўға жүреги синбеди. Өткен гүзде Мамонт буны тағы жумсады, бул сапары ол Жыланлыдағы Язгелди деген адамнан тирийек әкелиўи керек еди. Ешнияз Язгелдини қорқытып, тирийекти арзанырақ аламан деп ойлады, сонда оның ойынша алып барған еки мың манатының тең жарпы өз кисесине қалмақшы. Мамонттың айтқан муғдарындағы тирийегин алды да, қалтасынан мың сом шығарып берди. Язгелди пулды санап болған соң тағы мың сом талап етти. Ешнияз бергиси келмеди. Сонда Язгелди оның қолындағы тирийекти жулып алды да, мың сомын қайтып берди. Бундайда Ешнияз өзин тутып тура алмайтуғын еди, Язгелдиниң тумсығына қойып қалды, буны күтпеген Язгелди аяғы аспаннан кетип шалқасына қулады. Қолындағы тирийекти әри-бери жулқып тартып еди, анаў әнейилик пенен жаздыратуғын түри болмады. Тирийектен гүдер үзген Ешнияз сыртқа шығып, машинасына енди отыра бергени, қолында қоша мылтық, Язгелди қалшқалш етип жуўырып киятыр екен. Ешнияз өлиминиң жақынласып қалғанын сезсе де, еки қолын көтерип жерге түскенди ар көрди, асықпай-албырақламай машинасын ходлады, акселаторын бирден түбине шекем басып, қышқыртып газ берди де алдына қарай атлығып кетти. Мылтық атылды ма, жоқ па, оның даўысын да еситпеди, тек оқ жетпестей жер жүргеннен кейин артына қарады, Язгелди сол турған жеринде еле тур екен, ал оның ешектей еки ийти машинаның изинен шаўып киятыр еди. Ешнияздың жүреги орнына түсти...

Олар қаланың шетиндеги бир туйық көшеде машинасын ирикти. Елеспесизлеў кишкене жайдың әйнек-

леринде жақты жоқ, қорқынышлы түрде қараўытып көринер еди, Бийбиханның кеўлинде ҳаўлығыў басланды. Суўық ҳәм қараңғы көшеге қараған сайын қызды уўайым басты, әйнеклеринен тиришилик нышаны байқалмайтуғын кишкене жайдың ишинде оның ендиги тәғдийри шешилетуғындай етлери титиркенип кетти.

—Мени үйге апарып таслаң, ағажан!—деп жалынды Бийбихан Ешниязға өз үйиндеги жыллы төсекти аңсап.—Жақсылығыңызды өле-өлгенше умытпайын...

—Ярым саат отырамыз, Бийби,—деп Ешнияз жерге түсип, жайдың сыртқы есигин қақты. Аздан кейин есик бир қыя ашылып, иштен шашы уўдар-дуўдар бир жигит шықты. Олар қысқа сөйлести де, Ешнияз машинаның қапысын ашты:

—Түсе ғой, Бийби.

Ешнияз Бийбиханның қолынан жетелеп, ала геўгим өжиреңиң ишине киргизди. Ишке кириўден-ақ бурқыраған тутин қыздың өкпесине урып, ашшы ийистен шақалып қалды. Иште қанша адам барын бирден аңғарыў қыйын еди, тек қойыў тутинниң арасынан биреўлердиң қаңбақтай баслары көринеди.

—«Ақшам жулдызлары» на жаңа ағза әкелдим!—деди Ешнияз мақтанышлы түрде.—Бул саўғамды ҳүрметли атаманымыз Мамонтқа инәм етемен!

—Миймандыны мениң қасыма жибериң!—деген гүрилдеген даўыс шықты төр беттен.—Бул саўғаң менен барлық гүналарыңды жуўдық, Жезтырнақ!

Бийбихан өмири туўып бундай отырыспаны көрмеген еди, ҳәр қыйлы ыдыслар, босаған шийшелер, жейтуғын азық-түликлер ортада қалай болса солай жайрап атыр. Олардың дөгерегинде отырғанлар да бир түрли жигитлер-қызлар, сырттан келгенлерге дыққат бөлип, отырыўға мирәт етип атырған бир де биреўи жоқ, тек көк түтинди гезекпе-гезек сорып, өзлеринше әйтеўир биймәни нәрселерге ишеклери үзилгенше күлиседи. Қол алысып сәлемлесиў, ҳал-аўҳал сорасыў булардың дәстүринде жоқ әдетке уқсайды.

Төрде диңгектей болып қараўытып отырған Мамонттың қасына келген соң Бийбихан пүткиллей естен айрылды, оны түўе түсинде көргенде де әпшери-

нен ат үркетуғын бундай адамның қуўыс-қолтығынан ийниниң ушындай да жақсылық табылмайтуғының ойлағанда қыз бийшараның зәрреси ушты, ағажанлап киятырған Ешниязының Жезтырнақ болып шыққаны, оның өзин мынандай — ертектеги дәўлердей қорқынышлы биреўге саўғаға әкелиўи—нәўше өмириниң қыршынлай қыйылғанынан дәрек берип турғандай еди. Енди бәрибир, көзинен қанлы жас ақса да ала көлеңке өжиреңиң ишинде буның тәғдирине басы айланып, маңлайынан сыйпайтуғын қол жоқ еди. Бийбиханның басы мең-зең болып, Жезтырнаққа қарады, ол болса пәрўайы пәнсери түрде бир шийшеден кесаға толтырып қуйып арақ ишип жиберди.

—Қызға да қуй!—деди Мамонт.—Атың ким?

Бийбихан үндемеди.

—Бийбихан!—деди Ешнияз-Жезтырнақ.—Бийби десең де бола береди.

—Дослар, тынышланың!—деп Мамонт отырғанларды тәртипке шақырды.—Бир минут тынышланың! Арамызға тазадан қонақ келди. Бийбихан келди! Соның ҳүрметине алып жибериң!

Шаўқым сәл саябырсыды, биреўлер қолларына кеса алды, оған шамасы жетпегенлер қыйда-қыйыс жатыр.

—Қәне, тартып жибер, Бийби,—деп Мамонт кесаны қыздың қолына услатты.

—Ишпейтуғын едим... Ишип көрмедим...

—Үйренесең,—деп Мамонт даўыслады. — Флора! Берман кел, мына қурдасыңа ишиўди үйрет!

Шашлары тозаңғып кеткен сулыўшық қыз булардың қасына қаңғалап келди де, Бийбиханның түбине жалп етип отыра кетти.

—Мине, былай ишесең,—деп Флора өзи заңқ қойып ишти.

—Қәне, Бийби... Қәне, ал, ал!

—Ишип көрмеп едим-аў...

—Бир рет ал,—деп Флора ишпеге-жемеге жанын қоймады.—Ала-ғо, Атаман өкпелеп қалыўы мүмкин, оның ашыўына тийиўге болмайды. Ҳә, бәрекелла!

Бийбихан көзлерин жумды да зәҳәрден жутты,

өңешлери от болып аўзының иши уў уртлағандай ашыды.

—Музыка!

Түсиниксиз қыйқыў араласқан музыка басланды, отырғанлар шешине баслады. Бийбихан бир қараса, Мамонт екеўинен басқасы қыпша тайлақ болып, келиспеген ҳәрекетлер менен қалай болса солай былғаңлап ойнап атыр екен. Бийбихан уялғанынан бетин басты. Бир ўақта темир қурсаўдай қушақтың өзин тапжылмастай етип қысып баратырғанын бир-ақ сезди. Қышқырса да, қандай балағат сөзлерди айтса да басқалар түўе өзиниң еситиўи де гүман еди. Жүн-жүн аўыздың аппақ жүзин аймалап атырғанынан тиксинип кетти, лекин оны қайтарып таслаўға шамасы жоқ еди, қыз естен айырылды...

Бийбихан «аўырып қалдым» деген бәне менен бир ҳәпте оқыўына бармады, бундай хорлық жанына батқанлықтан биротала аўылына кетип қалмақшы да болып еди, «болары болып, бояўы сиңгеннен» кейин қайда жүргенде не? Бәрин умытқысы келди, бирге оқыйтуғынлардың арасына барса, жанын жегидей жеген ҳәсирет ядынан көтерилетуғындай сезилди. Буның бәрине себепши болған Мақсет пенен ашықтан-ашық сөйлеспекши де болды, бирақ, бундай аянышлы аўҳалға дуўшакерлескенин, оған да билдириўге болмайтуғын еди. Ҳаслында, бул қаралы түн ўақыясын өзинен басқа ҳеш кимниң де билиўге ҳақысы жоқ. Мақсет те оқыўға келмепти, шамасы қолындағы қаршығасынан айырылып қалған соң арланып, оқыўды таслап кеткен шығар? Бир ай өтти, Мақсеттен дерек болмады. Бир күни ата-анасы излеп келди, баласы үйине де бармапты. Милицияға хабар етилди. Үш айдан кейин Мақсеттиң өлиги Қызкеткенниң көпириниң астынан табылды. Бийбиханның иши ғымм етти, бул Жезтырнақлардан келген бәле екенин аңғара қойды, лекин, бул ҳаққында айтыў мүмкин емес еди...

Бийбиханның Шернияз айтқан усынысқа екиленип турғаны усы себеплер еди, деген менен Шернияз да бала-шағалы болған адам ғой, енди оған шық тийметен қыз қайда, бәлким, оны Бийбиханның тек сыртқы сымбаты-ақ қанаатландыратуғын шығар? Қыз адамға өзиниң қыз емес екенин айтыўдан қыйын нәрсе бар ма, сыртқы шырайына көзи қамасқан еркек деген бийшара қыздың қыз емес екенлигин аңғара қоя ма?

—Мен сенсиз жасай алмайман,—деди Шернияз ең соңғы гәпим усы дегендей.—Тәғдирим сениң қолында!

—Мениң қай жериме қыза қалдың онша?—деп Бийбихан расын айта жазлап қалды.—Мен сен ойлағандай жақсы қыз емеспен...

—Сен жақсы болмасаң, онда жер үстинде жақсы қыз болмағаны!

—Шернияз аға, азмаз мәўлет берши... Бул өмирлик нәрсе ғой. Ойланып көрейин. Бар енди, орныңа бара ғой...

Шернияз зиңирейип турды да, есикке қарай жылысты...

13.

Пахтадан қайтқанының ертеңине Шерниязды Тасполат шақырды. Тасполат көбинесе оны үйине шақыратуғын еди, кеңсесине халық қатары жумыслар бабында шақырылады, ямаса Шерниязды өзи айырым мәселелер жөнинде баратуғын еди.

Кеш гүзек болғанлықтан күн желемик, аспанда алағат булт бар, кешеден берли жағымсыз даўыл есип, қаланың иши де алабурқан шаңғыт. Пахтаға кеткели дүканның планы да отырып қалған, алып келинген жаңа мебельлер складында, Шерниязсыз оны сатыўға ҳеш қайсысы да жүрексинбейди, дүканда көринип турғанлар халыққа кереги шамалы майда-шүйделер, көбиси жергиликли фабрикада исленген саўсап атырған мүлклер, «қолымнан кеткенше, ийесине жеткенше» деген нийет пенен исленгенликтен олардың көбиси фабрика менен дүканның арасындағы жолда-ақ келеге келмейтуғын болып қалады.

Тасполат кешки аўқатқа отырған екен. Ол Шерниязды еки қоллап берген сәлемин әлик алды да, қарсысындағы отырғышқа ымлады. Шерниязды көриўге интизар болып жүрген Улпери де еденди аўдаң-аўдаң басып булар отырған жерге келди.

—Қәйниң келди, чай-пай әкел!—деди Тасполат көк чайды кәмине келтирип жутып.—Ал, Шернияз иним.

пахтадан енди қутылғаның шығар. Планға ғайрат сала гөр.

—Пахта қалай болды?—деп Улпери Шерниязға ынтыға қарады, оны бир айға шамалас көрмегенликтен бе, жигиттиң жүзинде өзгерис барға мегзетти.

—Пахта деген қыдырыспақ ғой, жеңге,—деп Шернияз күлимсиреди.—Таза ҳаўа...

—Қыз көп дейсең!—деп күлди Улпери.—Қасыңдағы гөззалды да бирге әкетипсең ғой?

—Не гөззал?—деди Тасполат әңгименің бирден қызға қарай бурылып кеткенине түсинбей.

—Әй, жеңгей айта береди,—деп ыржыйды Шернияз. —Пахта теримниң баса-басында қыз қайда, биреў қайда!

Улпери гуман аралас көз-қарас пенен Шерниязға тесилип қарады да, чай әкелиў ушын тысқа шығып кетти. Оның жоқлығынан пайдаланған Тасполат столға өңменлеп Шерниязға тумсығын жақынлатты да, сыбырлай баслады:

—Орайлық складта он дана шет еллик гарнитур бар, соны қабыл етип аласаң. Ҳәр қайсысы бес мыңнан. Былай етесең, сен оларды дүканға түсирме. Мине, мына қағазда,—деп Тасполат қалтасынан бир жапырақ қағаз шығарып Шерниязға берди,—апаратуғын жерлериниң адреси бар. Олар буннан хабардар, жети мың манаттан нақлай ақшасын алып қойыппан. Қасыңа еки рабочий беремен, бир машина менен үлгере алмасаң, тағы бир машина жибертемен. Тағы еки бала таўып ал, азанда келип бизиң «Волга»ны минип жүресең. Ал, складтағылар бул мебельлердиң басқа жаққа кетип атырғанын ҳәргиз билмесин. Қасыңдағы балардың аўзын гүм ет!

— Молодец ғой!— деп қуўанып кетти Шернияз. — Усылардың пуллары-ақ планымды толтырып кетеди ғой!

—Не планды, айтып былшылдап турсаң?!—деп гүңк ете қалды Тасполат.

—Саўда планымды-дә!

—Әй, планда басың қалсын! Планың толса толар, толмаса илажы болар,—деп Тасполат оларды планға киргизбеўдиң жолын айтты..

Мәдений товарлар, хожалық товарлары дүканлары да мебель дүканы менен сыбайлас, ҳәммеси бир узын

имараттың еки қапталына жайласқан еди. Күн суўытқан сайын дүканшылар тоңып, аяқларын тепсинип мазасы қаша баслады. Бир күни Бийбиханның қолы ақша санаўға жуўыспай қалтырап турғанын көрген Шернияз аяп кеткен райкешлик пенен:

—Мына дүканда электр менен қыздыратуғын бар шығар, соннан биреўин алып жылынып отыра қойың, — деди Бийбиханға, «ийесинен рухсат болса, пухараға не турыс» дегендей қуўанып кеткен Бийбихан қыздырғыштан биреў емес, екеўин алып келди. Ал, дүканның арт бетинде Шернияз буларға билдирмей еки жүк машинасына складтағы өтимли мебельлерди тийеп, бир жақларға жөнелтип жиберди. Олардың арасында ҳәр қыйлы баҳадағы қыт гилем-паласлар да бар еди.

Сол қысқы ақшам қатты суўық болды. Көшелер ҳуўлеп тур, қаланың ишинде тири жан көринбейди. Жулдызлар да суўықтан тоңғандай шағырайысып тур, иреленип кеткен, баданадай-баданадай. Суўық самал қуўыс-қолтыққа өзин урады, арқа тәрепке жүзиңди қаратыў мүмкин емес, тикенектей ашшы тил менен жалап баратыр. Шернияз жумыстан қайтып киятырып, Оразбай деген жорасының үйине қайрылған еди, ол жерде өткеннен-кеткеннен әңгимелесип аўыр жатарға шекем отырып қалды. Енди әлленемирде үйине қайтып киятыр. Малақайының қулақларын түсирсе де, қалың қолғап кийсе де суўық тесип баратқандай. Жуматайдың ыссы қойнына жеткенше асығады, бирақ бул қойын да Бийбиханның ғаўасаты басланғалы салқын тартып қалғандай, тек ара-тура геллеси қуўлап келгенде болмаса, бөлек жататуғын әдетти шығарды. Паҳ, бурынғы Айзада ўақтында бул қушақ лаплап турған қандай пайызлы бостан еди! Жүреги бир түрли болып ҳәўлирип баратыр. Артына қарайды, еле дерек жоқ. Түнги шырақлардың нурында суўықтан қымтанып қала уйқлап атыр...

Қапысын тықырлатты. Ишген:

—Кимсең?—деген ҳаялының даўысы шықты.

—Аш! Буйырса—байыңман!

—Кешигип қалыпсаң ғой,—деди мийирман Жуматай қапыны ашып атырып.—Тоңып қалмадың ба? Ишшәә!..

Шернияз үйге кирди, жайдың иши де тәўир-ақ салқын екен.

—От жақпадың ба?

—Көмир таўсылажақ, үнемлеп атырман.

—Ертең бир машын көмир түсиртемен,—деди Шернияз ғамхорсынып.—Қызды аязлатып алма, өзлеримизге бәле келмес. Печьке бир шелек салып жибер.

Шерниязның гәпин еки етип көрмеген Жуматай қалың кийимин жамылып сыртқа кетти. Ол шелек көтерип киятырып, ишке сөйлениўи менен кирди:

—Өрт сөндиргиш машиналардың қышқырығы еситилип атыр, бир бийшараның жайына от тиймесе болғаны ғой.

Шерниязның жүзине сол лаўлап жанып атырған өрттиң сәўлеси түскендей жадырап қоя берди...

Таң атар-атпастан әйнеги қағылды. Шернияз дөңбекшип уйқлай алмай атыр еди, турыўға бәне табылғанына қуўанып кетти.

—Шернияз, ашш!—деди әйнектеги жигит. Шернияз Тасполаттың шофери екенин айнытпай таныды.

—Ҳаў, аманлық па?

—Апатшылық!

—Ой-беей, маңлайым-ай!—деп арқайын жатырған Жуматай да ушып турды.—Не бәле болып қалды екен?

Ол жалма-жан барып есикти ашты. Шофер жигит ишке кирип:

—Ал, кийин Шернияз,—деп албырағанынан сәлемлесиўди де умытып Шерниязды қыстастырды.—Дүканың жанып кетипти!

Жуматай турған жеринде лал болды да қалды, ал Шернияз кийимлерин излестирип жүрип:

—Сорлап қалдық ғой, бәри жанып кетип пе?—деп сорай берди.

—Бәри жанған есабы. Тек дийўалы қалыпты!

—Өрт сөндиргишлер келмеп пе?

—Келипти, келген менен усы боранда суў табыла ма? Машынларын қышқыртып әри шапқан, бери шапқан, олар суў таўып келемен дегенше дүканның төбеси опырылып ишине түскен.

—Айтаман-аў!—деди Жуматай ўәлийлиги тутып.—Түндеги машиналардың қышқырыўы тегин емес еди.

—Тек бизиң дүкан ба?

—Қасындағылар шала жанған.

—Күн қалай?

—Боран!

Олар шала түтеп атырған дүканның қасына келгенде еле өрт өшириўшилер кетпеген екен. Шерниздың дүканы да, склад жағы да тып-тыйпыл болып жанып-ты, қасындағы дүканлардың жартысын өширип алған менен ишиндеги затлардың дәртке асқандайы қалмаған. Сең-сең тонға оранып, дүканның қараўылына мегзеп Тасполат жүрген екен, Шерниязды көриўден бақыра баслады:

—Үйиң жанғыр! Мәмлекеттиң қанша затын өртедиң?!

—Дүканшыда не айып бар, Тасполат Алламбаевич?—деди өрт сөндириўшилер командасының командири.—Электр тогынан пайда болған өрт ғой.

—Электр печкасынан пайдаланған жоқ па ediңиз?—деди Тасполат Шерниязға тесилип қарап.

—Жақ,—деди де Шернияз Бийбиханға рухсат еткенин айтыўдан сәл қалды.—Ондай нәрсе болған емес...

Тасполат өрт сөндириўшиге:

—Сизлердиң-әм ўақтында шара қоллана алмағаныңызды гәп етпей-ақ қояйық. Бағанағы айтқанды мына бала апарып береди,—деп Шерниязды көрсетти.—Мен тоңып кеттим, үйге барып бир-еки кесе ыссы жутып алмасам...

Тасполат былайырақ шықты да қасына Шерниязды шақырды:

—Жаңағы бақырғаным көзаба екенин түсинген шығарсаң,—деп оны жубатқан болды.—Баслық адам сөйтпесе болмайды. Ўақтында өшире алмағанын айтып, өзлерине асылып едим, суў таппағанлығын мойынлады. Соннан кейин қутырып кеттим. Сөйтип, актти электрге байланыстырып жазатуғын болды. Сен жаңағы жигитке мың манат апарып бер.

—Болады...

Дүканға тийген от көп узамай-ақ Бийбиханның жүрегине тийди, енди Шернияз гүлди тербейтуғын жипек самаллардай жағымлы сөзлер менен емес, ал жилиги-

не балта шапқандай қазымыр гәплер менен бийшара қызды азаплаўға киристи.

—Мен сени судқа беремен!—деп қорқытты оны.—Дүканға сен от бердиң! Электр қыздырғышты суўырмай кеткенсең.

Оны суўырғанын, я суўырмағанын Бийбихан еслей алмады, Шерниязды алдында гүналы екенин мойынлағандай көзинен жас тамшылары шубырып қоя берди.

—Мен судланып кете беремен бе?

—Сениң орныңа мен кетейин бе?

—Екеўимиздиң де қалатуғын жолымыз жоқ па?

—Бир жолы—баяғы айтқаным, билдиң бе? — деп Шернияз пахтадағы гәпти ядына салды.—Сениң бул айыбыңды жабыў ушын қанша шығындар болатуғынын түсиникли шығар. Бирақ, сен қолыңды беретуғын болсаң, оған қыйналатуғын мен жоқ.

Бийбихан көзинен мөлт-мөлт жас тамып ойланып қалды. Соң Шерниязды жүзине тағы бир тигилип:

—Бүгиннен баслап сеникимен!—деди. Сөйтип, олардың муҳаббаты от пенен суўықтың арасынан өз соқпағын тапқан еди...

14.

...Асығып-албырап, бетинен қаны қашып Щука кирди де:

—Атаман! Қурып қалдым!—деп сылқа түсип, еденге қулады. Оның мынандай ўайрана рабайынан сескенген Мамонт себебин бирден сораўға наркеллелик ете алмады, ол көп нәрсени жылдырымдай ўақыттың ишинде ойлап алды да, барлық ҳаўлықпасын тысқа шығармай салқын қанлық пенен:

—Не өзи?—деп сорады.

—Машинама...—деди Щука аржағына тили айланбай.

—Айтсаң-ә!—деп Мамонт жатырған Щуканың желкесинен жоқары көтерди.—Айтсаң-ә, оңбаған?!

—Машинам менен велосипедли баратырған бир қызды бастырып алдым!..

—Не дейсең?!

—Бирақ, ҳеш ким көрмегендей еди...

—Күпа-күндиз ҳеш ким көрмей тура ма?—деп Мамонт оны барлық күши менен жулқып-жулқып қолын жаздырды.—Машинаның номери белгили ғой. Ойлаған ойымның ҳәммесин бир пул ететуғын болдың! Көзиңе қарап айдасаң болады ғой, мийлан! Бағанағы ақша қәне?

—Усы ақшасы да қурысын!—деп Щука оған қарата ақшаны ылақтырды.

—Неге ылақтырасаң, жарымес?—деп Мамонт ақшаны қағып алды да қалтасына тықты.—Сен ақмақтың кесири маған да тийеди енди!

—Жетер!—деп қышқырды Щука.—Өз қайғым да аз емес!

—Солай ма? — деп Мамонт тисленди де сол жерде жатырған шығанақ бойлы темир менен Щуканың басына салып қалды.—Сени қайғыдан қутқарайын! Бәрибир, сен келе болмайсаң!

Соққы күтпеген Щука басын услаўы менен жерге қулады, оның сөйлеўге де, қыймылдаўға да ҳалы қалмаған еди, Мамонт оны сүйреп диванның үстине апарды да, уйықлап атырған адамдай етип жатқарып таслады.

—Ҳмм, мениң менен ойының келеди-ә?—деп көзлери қанталаған Мамонт қассапшыдай алақанларын ысқылады, ол бундай қыйын-қыстаў ўақытлары механизмдей ислейтуғын еди.—Енди Норканың үйин тынышландырып қойсам ба екен?

Ол өзине керекли көп телефонлардың номерин ядтан билетуғын еди, сонлықтан ойланбастан Нурполаттың телефонын таўлай баслады:

—Мама, мама! Аўа. Гүлсара деген қыздың үйинде сабақ таярлап атырман. Бүгин бара алмаспан, қәўетерленбей-ақ қой!—деди де трубканы орнына қойды.—Бул жағын да қатырдым! Айтпақшы, машынды тығыў керек. Оны излеп милиция хызметкерлери келип қалар,—деп ол Щуканың қалтасынан машинаның гилтин излей баслады.—Гилт жоқ ғой? Машынның өзинде қалды ма екен?

Мамонт тез жуўырып сыртқа шықты, машын гараждың алдында тур екен, гилти де өзинде, бирақ гараждың дәрўазасындағы атпың басындай қулыптың гилтин қаяқтан излейди? Мамонт Щуканы ертерек

урып қәтелик ислегенин түсинди, машинаны ишке киргизгеннен кейин ғана оның сазайын тарттырғанда болады екен. Қәйткенде де гараждың дәрўазасын ашыў керек, машинаны көзден тасаламаса, бул үйде иркилиўге болмайды. Ол жайдың коридорына кирип, қазықларды, кийим илдиргишлерди қарай баслады, бир кийим илдиргиштеги гөне қалпақтың астында турған бир буўат гилт көзине оттай басылды. Үлкен қулыплардың гилти! Ол машинаны гараждың ишине тықты да, үлкен қулыпты қайта урғаннан кейин суўық демин алды. Гилтлерди орнына апарып қыстырмады, сыртта жатырған тасландылардың арасына ылақтырды.

«Ҳәммеси қамырдан қыл суўырғандай болды,—деп ойлады Мамонт ишке кирип арақтың қалған-қутқанын жутқаннан кейин.—Норка, Норка, сени не қылсам екен-ә? Сениң менен жүрсем балалы қатындай шубатылып қалмас па екенмен? Абзалы, сениң бир чемодан алтын заемыңды қолға түсирейин. Кейин өзиниң гуминди шегемен!».

Нурполат кирип келгенде Мамонттың жүзи бурынғыдан да бәд-бәшерге айланған еди.

—Зорға алдым,—деди үскини қуйылған Нурполат.—Үйге звонит етпекши болып еди, телефон ислемейди деп еплеп қутылдым.

—Нағыз азаматсаң! Молодец!!—деп Мамонт оның марапатын жсткерип қойды.—Аз-замат!!

—Нурполат қалтасынан буўат-буўат ақшаларды шығарып столдың үстине қойды, енди Мамонтың қанталасқан көзлери гөшти көрген қасқырдың көзлериндей ушқынласып, ақшаға суқ қолларын апара берди.

—Ал, ала бер,—деп мүләйим даўыс пенен Нурполат, соң диванда сулап атырған Щукаға көзи түсти. Мынаў не қылып атыр?

—Әй!—деп Мамонт қолын бир силтеди.—Арақтан тарта берип, мәс болып қалды. Шамасын билмейди, маңлайы қара! Ҳаў, айтпақшы, қутлықлайман!—деп Мамонт Норкаға қолын созды.—Экзаменинди қойдырып келди!

—Ың-жыңсыз қойып берип пе?

—Өзи келсин деген екен, өзин қалтама салып келдим депти. Бир пачка бесликти көрген соң бес қойыпты ғой! Жүз бесликке бир бесликти аясын ба?

—Машинам көринбей ме?

—Машинаңды гаражына қойғыздым. Баллонын жарып алған ба, жели пыссыйып қалыпты,—деп Мамонт ҳәммесин қас қақпастан сөйледи.—Ҳәзирше тура берсин. Мә, мынаны қағып жибер,—деп бир кесаның түбинде қалған арақты усынды.—Ақ түйени көрдиң бе?

—Түсимде де көргеним жоқ!

Нурполаттың гәпине Мамонт ўаҳаҳалап күлди:

—Жарайсаң. Норкам мениң! Енди бир чемодан алтын заемыңды әкелесең!!

Нурполат қалтырап кетти:

—Оған тиймең!!

Мамонт тағы шөлақ мылтыққа асылды:

—Жаның керек пе, заемың керек пе?!

—Екеўи де керек!

—Екеўи маған-әм керек!!!

—Мен оны қалай алып шығаман, үйде мамам бар,—деди Нурполат жыламсырап. Мамонт оны қалай алып шығыўдың жолларын ишинен топшылай баслады: Норканы ол жерге бүгин апарыўға болмайды, бағана бара алмайман деп звонит еткен болды, бәлким, милиция хызметкерлери барып аңлып жатыўы да мүмкин, себеби машинасы менен қыз бастырған адам изленбей қалмайды. Ал, егер өзи барып, мамасын қорқытып алып кетсе... жоқ, күш көрсетиў көзсизлик болады, қәйткенде де қуда да жай, қудағай да жай, қасқыр да тоқ, қой да аман дегендей ҳәрекет етиў керек.

—Мамаң жумысқа бармай ма?

—Жақ, ислемейди.

—Түсте уйықлай ма?

—Екилерде уйықлайды..

—Әне, усы моменттен пайдаланыўымыз керек!—деп Мамонт кириўге саңлақ тапқандай болды.—Сен үйиңе дәрўаза беттен бармайсаң. Қоңсыңның үй жағынан кириўге бола ма?

—Сол жақтағы қоңсы беттиң шарбағы пәслеў...

—Әне, болды! Сораса, үй жабық екен, гилтим жоқ еди дейсең де, шарбақтан асырылып түсесең. Ишке кирген соң есабын таўып маманды оятып алмаўға тырыс. Шыққанда да сол қоңсы беттен шық! Мен бирге бара алмайман, жалғыз барғаның жақсы. Паспортынды да ала шық.

—Оны не қыламыз?

—Қыдырып қайтамыз,—деди Мамонт.—Мениң айтқанымды ислей бер. «Керек тастың аўыры жоқ» деген. Енди бул жерде көп отыра бериўге болмайды, себеби бар. Оны жаңағы жумысты питкерип келген соң айтаман. Мен аэровокзалда күтемен, егленбе!

Жаздың шаңқай түси тандырдың ҳәўириндей лаплап тур еди, бул күнлери көлеңкедеги ыссылықтың өзи қырық бес градустан асып кетеди. Бирақ, еки оттың ортасына түскен Нурполатқа жаздың ыссылығы тәсир етип киятырған жоқ, ал Мамонттан қорқып өз үйине ислейжақ қыянаты жанын жегидей жеп киятыр. Чемодан толы заемды алып бармаса, өзиниң гелеси кететуғынына даў жоқ. Мамонттың қолынан түрли бәле келетуғыны гүмансыз. Егер милицияға хабар еткенде қалай болар еди? Мамонтты услап қамағандай айыбы жоқ ғой, ол ҳәммесин биреўлердиң қолы арқалы иске асырып атырған жоқ па? Ол басқаларды әтөшкир, тутқыш, көсеў етип, өзи жанып турған оттан қашық отырған жоқ па? Оны тутып берген менен де ҳеш қандай гинә қоя алмайды, сол ушын басы еркинликте қалады да, өзине ғәремет тасын атқанлардың басын ала береди. Оны да басқа биреўлер арқалы бәржай еттиреди. Бир чемодан алтын заем менен қутылса, басы-көзинен садақа! Буларды әкеси бели бүгилип, дизеси қыршылып таўып отырған жоқ ғой, ол да биреўлерден басып алып отырмаған менен, мутқа түсирип отыр. Бул үйге дүнья-мүлктиң, ақшаның қандай жоллар менен ағылып келип атырғанын Нурполат да түсине баслады. Нәтийжеде, «урыны қарақшы басты» дегенниң бир сыңары болады-дә!

Усындай шубырыңқы ойлар менен Нурполат көшесине де келип қалды. Машина жекке-сийрек өтетуғын кишкенелеў көшеде адам көринбейди, жумыстан қолы бос адамлар бундай мыс қайнаған ыссыда әйнеклерине саңлақ қалдырмастан қалың нәрселерди тутып, дем алғанды тәўир көреди. Ал, Улпери үлкен залында әйнек-қапыларды тас қылып жаўып алады да, кондиционердиң салқынында уйықлап алады. Бүгин Улпери уйықлағандай кейипте емес еди, бағанағы милиционердиң айтып кеткен суўық хабары тынық суўын ылайтып, буны биреўлер менен, ең жақын адамлары

менен жыртылысып маўқын басып сөйлесип қайтпаса, өзин қоярға жер таппайтуғыны мәлим еди. Шернияз да қарасын батырды!...

Бирақ, үйинде мамасының жоқ екенлигин Нурполат билген жоқ, ол Әўез деген сол жақтағы қөңсысының дәрўазасынан ишке үңилип еди, адам көринбеди. Олар жумыста болады, майда-шүйде балалары жайдың ишинде болса керек, Нурполатқа оңай түсти. Жолбарыс салқын жерге байлаўлы еди, бул ийт Нурполатты жақсы таныйды, күшик ўақтында Нурполат талай еркелетип, екеўи бирге ойнайтуғын еди. Ыссыда ҳалықлап жатырған ийт буны көриўден қарыстай тилин ишине тартты да, қулақларын тикирейтип орнынан ушып турып, еркелеп мойнына шапшымақшы болып шынжырын жулқыды. Нурполат Жолбарыстың мойнына қарғы түспеген кип-кишкентай күшик ўақтын, өзиниң де балалығын еследи, папасына «усындай күшик әкелип бер» деп талай шатақ шығарған еди. Баласының сөзин қыймаған Тасполат бир сапары Ташкентке барғанында усындай Шығыс Европа овчаркасының тухымынан суп-сулыў күшик әкелип берген еди, бирақ, мамасы оның тәрбиясына аўылдағы ийтлерге болған көз-қараста қарағанлықтан ба, еки айдан кейин өлип қалды. Нурполат Жолбарысты жақсы көреди, үйинде қонақлар кеткеннен кейин аўысып қалған гөшлерди шарбақ беттен ийтке таслап, оның сыпайылық пенен аўқатланғанына узақ қарап туратуғын еди. Лекин, Жолбарыс, Нурполаттан басқасын унатпайды, әсиресе ийт пенен сазы жоқ Улпериниң төбесин көриўден ырылдап қөя береди. Нурполат «Жолбарыс!» деп ийттиң қасына келди де, мойнынан қушақлады, ал Жолбарыс болса оның мойнына шапшып, бетлерин жалай баслады. Бирақ, еркелетип турыўға Нурполатта ўақыт тығын-таян болғанлықтан оның маңлайынан қайта-қайта сыйпады да, шарбақтан үй бетине асырылды..

Мамонт аэровокзалдың алдындағы бир мүйеште күтип турған екен, Нурполаттың қолындағы чемоданды көриўден әкесин көргеннен де бетер жадырап сала берди. Нурполат чемоданды оның қолына тутқызды, Мамонт салмақлап көрди де, муртын сыйпап ыржыйды:

— Жарайсаң, Норка! Мә, өзиң алып жүре бер,

мениң бул жерде атқаратуғын жумысларым баршылық.

— Енди мен қайта берейин, — деди Нурполат онан қутылғанша асығып, Мамонт оның билегинен тутып, адамлардың көзи түспейтуғын тасаға алып кетти.

— Саған бир ҳақыйқатлықты айтыўым керек, Норка, — деп сыбырлады ол. — Бул сениң келешектеги тәғдириңе байланыслы нәрсе. Сениң менен мен үлкен жынаят ислеген адамлармыз. Әсиресе — сен. Сени сол жынаятыңа ылайық жазадан аман алып қалыўым керек.

— Мен қандай жынаят иследим?

— Бағана Щука машинаң менен адам бастырған!!!

— Не?!

Олар азмаз үнсизликте қалды.

— Аўа, бир қызды бастырған... Бул үлкен жынаят, машина сеники болған соң сен тутыласаң. Мен сол ушын Щуканы қатты жазалағанман, мүмкин өлип ге қалған шығар... Ҳәзир саған үйиңе барыўға болмайды, зинҳәр!

— Ой-боой, не бәлелерге грипдар болдым, — деп Нурполат көзлерин сыпырды. — Енди не қыламыз?

— Оның жолын таўып қойыппан, — деди Мамонт сабырлылық пенен. — Бир сааттан Минводаға самолет ушады екен. Сол самолет пенен ушып кетиўимиз керек. Бүгиннен кешиксек, сени сөзсиз тутып алады. Ақшаның бет-жүзине қарамай билет алмасақ болмайды. Сен тап усы жерде тур, чемодан да қалсын. Маған паспортыңды бер.

Мамонт Нурполаттың паспортын алып ишке кетти. Нурполат өзиниң тәғдирине араласқан аласапыран ўақыялардан қалай қутыларын билмеди, тек әкесине исенетуғынын, не ислесе де соның көрсетпеси бойынша ислейтуғынын, әкеси болмаса басқа тирепбердиси жоқ екенлигин усы жерде ғана аңлады. Енди Мамонттың изине белгисиз соқпақлардан, игри жоллардан қайлардан қайларға баратуғынын, қандай қыян-кески нийетлерди иске асыратуғынын жойбарлай алмаса да, оның изинен қәдем таслаўдан басқа илажы қалмаған еди.

Бир қолтығында онлаған китап, бир қолында самолеттиң еки билетин желбиретип Мамонт келди.

— Паспортым жоқ еди, отыз манат артық берип зорға алдым, — деди ол китапларды скамейкаға қойып атырып. — Мына китапларды чемоданның үстиңги жағына еплеп жайғастырайық. Буларға исенип болама,

ашып тексериўи де мүмкин. Сонда көзине бирден китап түссе, ҳее, булар оқыўға баратырған абитуриентлер екен деп ойлар.

Чемоданда китап сыйғандай орын бар екен. Олар кеўиллерин жәмлеп алғаннан кейин регистрация басланғанға шекем сол жерде арқайын отырып шылым шекти.

— Сениң фамилияңды бурын билмейтуғын едим-дә, бирақ атыңның басқа екенин... — деп Нурполат билеттеги оның аты-жөнин оқып, ҳайран қалды.

— Паспортым болмаған соң аўзыма түскен бир фамилия менен исмимди айттым, — деди Мамонт расынан келип. — Ертең буның да бир пайдасы тийип қалыўы мүмкин.

Бир ярым сааттан кейин олар минген аппақ самолет жаздың ғубарсыз аспанына көтерилди...

15

...Өртенген дүканлардың еле күли суўымай турып-ақ олар жөниндеги мәселе суўып қалды, айырым адамлардың қара ислерин жасырғысы келгендей еки күннен кейин қалың қар жаўып, мәмлекеттиң сонша дүньясы күлге айланыўы менен қардың астында қысқы уйқыға кетти, соң бәҳәрге салым журтлардың көзинен таса болыў ушын ол жерди тахтай менен қоршап таслады.

Түскен пайда тең бөлинди ме, я үштен бири ме, төрттең бири ме ол жағын Шернияз сораўға жүрексине алмады. Тасполат услатқан түйиншикти үйине әкелип ҳаялы дүкәнға кеткенде санап көрсе боларлық емес екен, демниң арасында түсине де енбеген көп дүньяға жолықты. Енди арқайын жай алыўына да, машина алыўына да жетип атыр, тек бул ақшаны Жуматайға сездирмеўи керек. Ҳаслан!

Бир күни Тасполатқа машина алғысы келетуғынын айтты. Тасполат азы -кем ойланды да:

— Алсаң ал, ким гүман етер дейсең, — деди. — Қолдан алмай-ақ қой, биреўдиң услап-тутқаны мүлк болама. Өзим жигитлерге айтып, дүканнан алдырып беремен.

— Рахмет, Тасполат аға! Бул жақсылықларыңды өле-өлгенше умытпаспан.

— Менде тағы бир ой болып тур, — деди Тасполат оның жүзине сын көзлери менен тигилип. — Орайдағы

санаат товарлары дүканына баслық етип жиберсем, қалай көресең?

Шернияз қуўанып кетти, ол дүкан әдеўир үлкен еди, қараўында дүканшылары да көп.

— Сизиң силтеген жаққа жумалай беремен, ақсақал! — деп Шернияз орнынан турып, қайта отырды.

— Онда ертеңнен баслап приказ бергизесең! Ал, тағы қандай гәпиң бар?

Шерниязға усындай пайытларда Тасполатты қуўантқандай бир гәп керек еди, ҳәкисине ондайдан ҳеш нәрсениң оңқасы жоқ, үйине мирәт етейин десе, баяғы еки қат жай, әсиресе мынаў қыстың қақаман боранында көсилип жатыўға дым ғана тарлық етеди. Басқа гәптиң утырын таппай, соңында:

— Жай да алыўым керек еди, — деди. Тасполат ойланып қалды, соң алдындағы суўыңқырап қалған чайын аўзын толтыра бир жутып:

— Бул жөнинде ойланыўға туўра келеди, қошшым, — деди. — Бир жылдың ишинде ҳәм машын, ҳәм жай алыў — басқаларда гуман отын тутандырыўы мүмкин. Бурынғы жайыңды не қылдың?

— Баяғы турысында тур ғой, таза жай аламан деген ғалаўыт пайда болғалы соның жумысына қолым барғанды қойды.

— Сен онда былай ет,—Тасполат ақыл берген болды. — Алды менен жай сатып ал, машина бир жаққа қашпас. «Өлгенде де гөриң кең болсын» деген.

Қарап турса, Тасполаттың айтып турғаны дурыстай, жай алса Бийбихан менен де турмыс қурыўына жол ашылады, ал, тек машина алатуғын болса... Көз алдына Бийбихан елеследи, оның көргенлерди бийҳал ететуғын, кеўиллерди лал ететуғын хошырей жамалы еликтирди, Тасполатқа соны алажақ екенин айтқысы келди, лекин бир отырғанда сонша мақсети барын айта бериўден тартынды, қыйсыны келгенде бул ҳақ-қында да тис жарарман деп ойлады.

— Келиниңиз төркинимди сағындым деп қыйсаңлап отыр еди, — деп Шернияз енди келгендеги жумысына көшти. — Соған машинаңызды берип турсаңыз, зырр еттирип апарып таслап қайтар едим. Жас баласы болған соң жол машынға көзим қыймай отыр.

— Астымдағы машинаны бере алмаспан-дә, — деп Тасполат оған онша дыррықшылық етпеди. — Гараждағы «Волга» ны айдап кете бер. Бирақ абайла, мынаў тайғанақта...

— Шоферлықтан тәжирийбем бар ғой, ақсақал, — деди Шернияз қуўанып. — Қәйин журтқа «Волга» менен барған қандай жақсы, душпан көзи...

Улпери бир жаққа кетсе керек, машинаны сыртқа айдап шыққанша ол дөгеректе көринбеди.

— Қәне, бол, төркинине барсаң, — деп асықтырды Шернияз арқайын Гүлзаданы емизип отырған Жуматайды. — Сениң ушын бетимди қара жер етип ақсақалдың машинасын алып келдим.

— Ооў, мына суўықта не қылайын деп едиң, — деп албырап қалды Жуматай бети гүл-гүл дөнип. — Анаў-мынаў базарлық та алмап едим...

— Әй, не базарлық керек! — деди еле дизесин бүкпей Шернияз. — Жолдағы дүканлардан бир нәрсе аларсан. Бол, тез кийин!

Жуматай емизип отырған Гүлзадасын жатқарды да, кийиниў ушын төрги бөлмеге кетти. Гүлзада еле емшектен мийри қанбағанлықтан жатырған жеринде ышқыра баслады. Шернияз бала жубатыўға олақ еди, нәрестени қолына көтерген менен жылағанын қойдыра алмады, соң аўзына емизик салып еди, қыз тыншый қойды. Сонда Шернияз өзиниң Гүлзадаға емизик қурақым да жубаныш бола алмайтуғынын ойлап па, сирә?!

Февраль айының орталары еди. Суўық еле таўын жаздырған жоқ, арқа-шығыстан ескен өткир самал жер үстиниң үскинин қашырып, жүргенлерди зирдек қақтырады. Өткен айда жапқан қалың қар сәл-пәл жуқаланғаны болмаса, қаланың сыртындағы даланлықларды еле толық қаплап атыр. Жоллардың айрым жерлериндеги түстеги ериген суўлар көк тайғақ қатқалақ болып қалған, машиналар бири биринен озыўға жүрексинбейди. Аспанда сиресип қалған булт қар ушқынларын таслай баслады, әсиресе Халқабадтан өткеннен кейин қар раслап жаўыўға қарады.

— Бизиң аўыллар мына туста, — деп шығысқа колын шошайтты Шернияз. Жуматай қардың арасынан зорға көринип турған терекликке қарады. — Сени алып киятырғанда жамғыр жаўып тур еди, енди апаратырғанда қар... Қазанның қаспағын көп жегенсең бе деймен, — деп күлип қойды Шернияз.

— Бир жағымыз шарўа болған соң, мүмкин, — деп

күлди Жуматай оның «апаратырғанда» деген сөзине итибар бермей. — Жамғыр қуўанышымның көз жаслары шығар, қар аппақ нийетимниң нышаны шығар ким билипти?... Сол жамғырлы түнде Айзада болып баратыр едим, енди қарлы күнде Жуматай болып киятырман. — Бул келиншегиниң биринши өкпеси еди. Шернияз үндей алмай қалды, қар арасынан Бийбиханның аппақ дийдары елеслеп көринди, оның менен болатуғын ләззетли ушырасыўлар кейинге қайтыўға асықтырды...

Олардың қослас болғанына да еки жылға шамаласып қалыпты. Усы көзди ашып-жумғанша өтип кеткен ўақыттың ишинде Жуматай туўылған мәканын изеп баспады, көз қумары тоймай машинаның әйнеклеринен тумлы-тусқа қарайды: аппақ қар жамылып мүлгип атырған шоқалақ қумлар, жазық дала, алыстан дүңкийип көринген Бөршиниң таўы, шақаларын қарға малып турған терекликлер, морыларынан көк түтин шубатылып шығып атырған жекке-сийрек үйлер, еле ҳеш ким шар бузбаған қарлы жоллар, ҳәммеси оның сағынышының маўқын басып атырғандай. Ең ақырғы рет ол қолына кишкене сумкасын көтерип бул жоллардан қыз болып атланған еди, енди болса қушағына қундақлаўлы баласын қысып, ана болып киятыр. Әкеси булардың үйине еки рет қыдырып барды, ал анасын кеткели көрген жоқ. Ҳәммесинен бетер анасын сағынды. Өзин анасының орнына қойып, Гүлзадасын өзиниң орнына қойды, сонда қушағындағы қызын бир күн көрмесе тура алмайтуғынын сезип, өз анасының мүшкил аўҳалы баўырын езгенликтен ыссы көз жаслары қуйылып кетти.

— Ҳә, неге жылап киятырсаң? — деди буның кеўлиндеги айқыш-уйқыш сезимлерден бийхабар Шернияз. — Бир жериң аўырып киятырған жоқ па?

— Жүрегим езилип киятыр, — деди Жуматай әстен ғана көзлериниң жасын сыпырып. — Аўылды сағынып қалыппан...

— Уәй, қойшы! Усы аўылдың несин сағынасаң? Я сағынғандай биреўиң бар ма еди?

Жуматай үндемеди. Оның жисминдеги оттың леби бәрибир Шерниязның жүрегин жылыта алмас еди, оның анасына болған таўдай сағынышын Шерниязның көзлери көре алмас еди, айтып ҳәлекке қалыўдың пайдасы жоқ. Ол Айзада деп еркелетип қойған атының бирден Жуматайға айланған күни-ақ Шерниязның кеўил бостанындағы ҳаялына бағышланған гүллерди салқын самал шайқап, кем-кемнен қазан ура баслағанын түсинген еди, бирақ күйеўиниң бетине жел болып тийиўди өзине мүнәсип көрмеген жас ҳаял барлық қайғы-ҳәсиретин ишине жутты да, тек Гүлзадасын жаслығынан тапқан-тупқан бахыты есаплап, мөнтийип жүре берди. Шернияз ошақ басында талай сапар урыс-қағыс шығарыўға бәне таппай аннан-мыннан келиспеген қөдирең гәплерди айтқанда да тонын терис киймеди, оның қабағынан қар жаўғанда буның жүзлеринен нур жаўды, ол гүрлеп турған отқа суў қуйғанда бул май қуйды, қулласы кәләм, хожалықта оңысық болыў ушын Шерниязның барлық қылўаларына шыдам берди. Енди мине, тап аўылының иргесинен атлағанда «Сағынғандай биреўиң бар ма еди?» деген ништердей сораўы менен жүрек-баўырына дүрбезе түйреп алды. Усындай зил сөзлердиң кимге кереги бар екен? Гүнаның бәри өзинен. Оның майлы тилине бир ақшамда-ақ муғаллақ атып тайып жығылып, қандай пығылдағы алаңғасар жигит екенин дурыслап аңғармай-ақ бирден қол бермегенде өз қәдирине ҳәким болып қалмас па еди? Муҳаббат деген болады дейтуғын еди, қәне сол муҳаббат? Қәне сол сарғайған сағыныш, қәне?.. Муҳаббат ҳаққындағы қосықлар, дәстанлар бийкар тоқылған ба? Олар жалған ба? Сениң муҳаббатың ушын Фарҳадың-ның таў-тасларды талқан қылып булақ ағызғаны бийкар ма, Шийрин? Қозыңа болған муҳаббатың ушын жаныңды қурбан қылғаның бийкар ма, Баян? Сенлик Муҳаббаты ушын Ғәрибиңниң өзин қул базарына салғаны бийкар ма, Шасәнем?!

Жуматайдың да жигит ушын кеўли пәк еди ғой, ол да өз сүйгенин таўып оған пүткил өмир бойы алақанат ашық болып кетиўге дәдимәл айта алатуғын еди ғой! Бахытсызлық деген бир жақтан ылағып келмейди, ал оның келиўине адамның өзи себепкер болады екен «Шығасы малға ийеси себепкер» деген. Бир күн болса да бир-биреўди сүйисип жасағанға, бир-биреўдиң жүрегинен жай алғанға не жетсин!

Қыялға берилип кеткен Жуматай:

— Үйиң қайсы? — деген Шерниязды даўысынан

шоршып түсти. Алдына қараса, Қаратереңниң жағасындағы аўылына келип қалыпты.

— Әне, анаў шетки жай.

Қар тынған еди. Аўыл арасында адам көринбейди жайлар менен қора-қопсылардың ығында гүйис қайтарып маллар тур. Шағаладай ақ «Волга» Зийнел ғаррының кишигиримлеў жайының алдына келип иркилди. Иштен адам шыға қоймаған соң Шернияз сигналын «ғаңқ» еттирип еди, иштен көйлекшең жуўырып шыққан иниси Жуматайды көриўден:

— Әжапам келди! Әжапам!! — деп қайтадан жайға сүңгип кетти. Булар машинадан түсемен дегенше иштен жабырласыўы менен ҳәммеси шықты, қәпелимде кишкене жайдың алдына аспаннан бир көраматлы зат салбырап түскендей быған-жыған болды да қалды, анасы қызын қушақлап еңиреп атыр, әкеси күйеў баласының маңлайынан сүйип көрисип атыр, инилери менен сиңлилери уялшақлық пенен бетлерин бурып қолларын тутып атыр.

— Ўай, бәрекеллә, бәрекеллә! — деп Зийнел аппақ муртын сыйпап жадырады. — Бизлерди де умытпаған екенсиз ғой? Жарайды, жарайды! Кемпир, қызыңа өңмениңди арта берме, бизлер менен-әм көриссин.

— Шырағымды сағынып қалыппан, ғарры!

— Сағынсаң, қойныңа алып жатарсаң бүгин! — деп күлди Зийнел. — Ал, ишкерилейик!

Олар әлленемирде ишкериледи. Ишке кирип, ҳәмме төсекке отырғаннан кейин қайтадан аман-есенлик соралып, бираз ўаққа шекем ғаўқылды басылмады. Аймереке кемпир күйеў баласын да қызынан кем аймаламады:

— Жол-жөнекей тоңып қалмадыңыз ба, әйтеўир?

— Ўәй, кемпирим-аў! — деп күлди Зийнел. — Жарықлық, машинаның иши сениң мынаў шатпаңнан жыллы. Былтыр бир қақаманда тонымды сүйретип директор баланың «Волга» сына минермен бе, районға барғанша кийимлеримди сығып алғандай болды. Соннан жыйналыста отырып бир аязладым де, қоя бер! Бизин басшыларымыз да от жағыўды билмейди-аў.

— Отты басшы жаға ма, қосшы жағыў керек ғой, — деп Аймереке оның сөзин келеке қылды. — Сен усы үйге от жағып атырсаң ба?

— Әне, қызық! — деди Зийнел ошаққа еңтерилип. — От жақпаған менен отының жеткерип турман ғой.

Сонда Шернияздың ядына үйинде көмирдиң таўсылып, Жуматайға берген ўәдеси түсип, өзин қолайсыз сезип қалды. Күйеўлиги тутып, еле гәптиң қызығына түспей, ғаррының қасында малдас қурып отыр. Басқа жер болғанда қашшан еки көпшикти қолтығына тығып жуўқылдар еди, әттең қәйин журт болған соң өриси тарлық етип тур.

— Не кәр қылып атырсаң? — деди Зийнел ғарры Шерниязға.

— Сен барғанда шофер едим бе? — деп Шернияз ғаррыдан сорады. — Соң бир дүканға баслық болып едим, жақында от тийип кетти.

— От тийип? Аман қалды ма? — деп ғарры жағасын услады.

— От тийген соң аман қала ма? — деди Шернияз әңгимелериниң бир аңғарға түспей атырғанын түсинип. — Кетти ғой қудайдың көп дүньясы!

— Ўаҳ-әй! Қудайдың дүньясы ма олар, ҳүкиметтиң дүньясы ғой, халықтың дүньясы ғой! — деп басын шайқады Зийнел ғарры. — Биреў қастыянлық еткен бе?

— Ким ондай етеди? — деп Шернияз сол ақшамды есләди де, иши ғымлады. — Мына электр тоғынан болыпты, соның сымлары қатты самал менен бири-бирине шырматылып, тап дүканның үстинде ушқын шығарған қусайды. Сол күни қатты суўық еди, қараўыл да жатағында оранып жатып қалған, дүканлар қағты алысқанша адам-бендениң көзи түспеген. Өрт өширгишлер суў таппай жүрген, қулласы қатар турған үш дүкан да жанып кетти ғой.

Зийнел ғарры дүкандағы жанып кеткен сонша затларға қыйналғандай көп ўаққа шекем үндемеди, ал бул ўақта Аймереке кемпир дастурханды кеңнен жайып, сүтли қара чайды да әкелип таслаған еди. Қысқы күн уясына қонып, геўгим түсе баслады. Жуматай жеңил-желпи кийимлерин кийип, үйдиң жумысларына белсене кирисип кетти. Оның бир-бирине тетелес еки иниси, үш сиңлиси бар еди, олар қонақтың үстине кирмеди.

Чай ишилип болынғаннан кейин Шернияз қайтарман болды.

— Ҳаў, сизлерге атап мал сойылып атыр, — деди Зийнел ғарры Шерниязға онша уўыз-ийни қурып тур-

маса да. Ғарры бағанағы дүканға от тийген хабардан кейин күйеў баласын жек көрип қалған еди, себеби «ҳәзир дүканларға от тийгиш болып кетти, көпшилигин дүканшылардың өзлери береди екен де, өрт өшириў-шилер менен келисип оны электр тогынан болған дей актлестиреди екен» деген гәпти талай еситкени бар. Күйеў баласының айтқанлары усы әҳмимеге дәл келип тур. Солай да қызының кеўли ушын алыстан ат сабылтып келген қонаққа мал жегизип жибермесе әнтеклик болады ғой. Бул заманда мал дегенди ийт пенен қуў жеп атыр.

Зийнел ғаррының Жуматайдан үлкен еки баласы бар. Ең үлкени әскерликке барған жағында әскерий училищени тамамлап, офицер болып қалды. Ҳәзир Томск деген жақта әскерий хызметте, сол жақтан үйленип бала-шағалы болып кетти. Ҳәр жылы жазда отпускасында бала-шағалары менен қыдырып келип, бир айдай ўақ-шақ болып кетеди. Оннан тетеси юрист, ол да хызмет бабы менен Тақыятаста, бес-алты жыллықта сол жақта үйленди. Тақыятасқа көширип алмақшы болып бир-еки рет жамбас урып көрип еди, ата-мәканға баўыр басып қалған ғаррының қозғалғысы келмеди. Балалары жаман емес, ата-анасына баўырман. Тек, Жуматайдың еки жылға шекем хабар алмай жүргенине сарсылар еди, бүгин мине бунысын да қаңғыған самал айдап келди. Зийнел ғарры үш жылдан берли пенсияға шықса да совхоздың жумысларына қолқабысын тийдирип турады. Аймереке кемпир бес жылдан берли пенсияда.

Жуматайдың рас аты Жумагүл екен, бурын Шерниязоның атына қызығып не себеп Жуматай болғанын да сорамапты. Ол туўылған ўақта аўыл советте метриканың бланкасы таўсылып қалып ўақтында ала алмапты, соң метрика алыў ҳеш кимниң ядына да кирип шықпапты. Соннан ҳәммеси Жумагүлди еркелетип «Жуматай, Жуматай» деп өтә кеткен. Бир күнлери мектепке баратуғын қызға метрика керек болып Зийнел аўыл советке барады. Метрика жазып атырған қыз аты ким десе Зийнел «Жуматай Зийнелова» деп жаза ғой депти. «Яқ, Зийнелова емес, сизиң фамилияңызға жазаман» деп, «Жуматай Зийнеловна Қойбағарова» деп метрика берипти.

Зийнел ғарры өмиринше колхозда баслық, совхоз-

да бригадир болып ислегенликтен көп ҳәмелдар менен, түрли кәсип адамлары менен табақлас болды, сонлықтан оның көкиреги адам танығыш еди. Күйеў баласы менен сөйлескен сайын сезимтал ғаррының иши жылымады, әсиресе шоферлықтан кейин шот қағыўды билмей-ақ дүкан баслығы лаўазымында ислеўи герең адамның қулағына сыбырлағандай күлкили болып көринди. Балалары келиўден кемпири екеўине бир-бир сарпайдан жабатуғын еди, бул да бир баласы емес пе, ондайдың атаўазасы жоқ, қызының ядында болған шығар-аў, бирақ мына жалатай оған бийлик берип атыр ма? Перзентлериниң ишинде ең жақсы көретуғын қызы Жуматайының өмирлик жолдас сайлаўда қәтелескения ғарры сезе қойды. Илаж қанша? Жақсы да, жаман да бир табақтан ас ишип жүрген ғаўғалы дүнья бул!

— Жуматай маўқын басқанша дем ала берсин, — деди Шернияз таң азаннан қайтыўға шырғынып. — Бир ҳәптеден кейин келип алып кетермен.

Жуматай да, үйиниң иши де пәлен-төлен демеди. Әсиресе күйеў баласынан кеўли қалған Зийнел ғарры мал-ҳәлин сылтаўлап үйден ерте шығып кеткен еди, ол хошласыўға да келмеди. Жуматай да қайтқысы келип турған жоқ еди, Шерниязның гәпине оның қуўанғаны я қапаланғаны белгисиз, сам-саз қәлпинде кетип баратырған машинаның изинен қарап қала берди...

«Енди ҳәммеси орнына түсип киятыр, — деп ойлады жолда Шернияз, — Жуматайың да өзиңе. Гүлзадаң да өзиңе! Бул жақты желкемниң шуқыры көрсин».

Тасполат ўәдесиниң үстинен шықты: ертеңине-ақ Шерниязға орайдағы санаат товарлары дүканының бийлигин берди. Жаңа жумысқа қулшына кирисип кеткен Шернияз үлкен дүкандағы саўда-сатлықтың унқыл-шуңқылын үйрениў ушын, дүканшылар менен жақыннан танысыў ушын ўақтының бәрин жумсады. Товар айланыс планы аўыр еди, оны орынлаўдың қандай мүшкил екенин бирден-ақ түсинди, бирақ Тасполат ағасы саў болса бул жерде де абыройсыз болмайтуғынын, ең баслысы лөк пайдадан қуры алақан қалмайтуғынын аңғарды. Бурынғы дүканға тийген өртке байланыслы Бийбиханды жипсиз байлап қойғанлықтан жала менен шынлықтың парқына жетпеген бийпара қыз көзсиз гүбелектей Шерниязның әтирапында пәйда еди, Шернияз оны да жаңа дүканға орналастырды.

— Ҳаялымды үйине апарып тасладым, — деди бир күни кеште Шернияз оған. — Құдай қутқарса қутылдым. Енди арамызда тосқынлық қалмады. Қолыңды бересең бе?

— Қолымды қашшан-ақ бермедим бе?—деди муң аралас гәп пенен Бийбихан. — Бәрине қайыл болған нашарман ғой.

— Мен сени бахытсыз етпеймен, — деди Шернияз ҳөктемирек даўыс пенен. — Өмириңше қолыңды жыллы суўға малып отырасаң. Ҳәзирше кишкене жайда бола берейик. Бәҳәрге таман жаңадан жай сатып аламыз.

Бийбихан үндемеди, жүзинен қуўаныш та сезилмеди, тек өткенин бе, я алдындағысын ба, қулласы тәғдириниң машақатлы жолын ойлағандай көзлери мөлтилдесип, бир ноқатқа тигилер еди. Шернияз өртенген дүкан ушын пәлен мың манат ақша төлегенин, барлық аўырманлықты өз мойнына алып, қараўындағы дүканшыларға шық жуўытпағанын болған ўақыядай етип суўқылдатып атыр. Бийбихан ҳәммесине исенди.

— Қаяқта болып атырсаң?

— Биреўдиң жайында кирейге турыппаң, — деди Бийбихан. — Ағайинлердиң үйинде турғым келмеди.

— Онда жүдә жақсы екен! Ҳәзир үйге бирге кетемиз.

— Шоманайдағы үйге хабар етпеймиз бе?

— Әўели қосылып ала берейик, — деди Шернияз оларға еситтирсе Бийбиханнан айрылып қалатуғындай. — Өзлеримиздиң хабар еткенимиз уят болар. Жасы үлкен биреўлерди жиберип аларсыз.

— Мәйли...

Бундай өмирлик саўдаға Бийбиханның немқурайды көз-қарасы, бет-әлпетинен ҳеш қандай өзгеристиң сезилмеўи Шерниязды ҳайран қалдырды. Ал, бул болса екинши рет үйленейин деп атырғанның өзинде жүреги алып-ушып, көкиреги тасқынлап баратыр, қыз бенен болатуғын бир ақшамлық ҳәзлик емес, ал алдағы бахытлы өмириниң қуўанышы жигит кеўилине рәҳәт бағышлап, әрманына жеткен адамдай мәрдана еди. Әсиресе, сүйген жананың менен туңғыш ушырасқан пайтқа не жетсин!

Қараға түскен ақтан көре, аққа түскен дақты кетириў әдеўир қыйын болады екен. Бийбихан сол ақшамы қанша ҳүждан азабын тартты, басынан кеширгенлериниң ҳәммесин де түсигине шекем қалдырмай айтып

бергиси келди, лекин көкиректегиндеги намыс оты оның тилин күйдирип баратырса да ләм-мим демеди, талпынған жигит ықласының алдынан шығып қайтарғысы келмеди. «Билсе, ҳәммесин айтып берермен, билмесе жабыўлы қазан жабыўлы күйинде қала берсин» деп ойлады ғамғана қыз.

— Мениң жүрегим ҳәўлирип баратыр, — деди Бийбихан еле төсек салынбай атырып-ақ. Шернияз оның гәпине қуўанды:

— Ҳеш нәрсе етпейди... Бийазар адамман...

— Сонда да... Алып қойған арағың жоқ па?

— Сең арақ ишетуғын ба едиң?

— Бурын ишпесем де, бүгин... — деп иркилип қалды Бийбихан, ол Шерниязды мәс қылып, айыбын арақтың күши менен жасырмақшы болды.

— Мениң ядыма да келмепти-аў! Бундай нәрсени арақсыз белгилеўге болмайды ғой. Бул бизлердиң тойымыздың басы ғой, жаным!...

— «Алтын баслы ҳаялдан қурбақа баслы еркек артық» деген, шабазым, — деди Бийбихан кесаларға тең қуйылған арақтан Шерниязликине зыятырақ қуйып. — Мениң биринши ишиўим, ал бул бойынша сениң тәжирийбең бар шығар.

— «Жүктиң аўырын нар көтерер», — деди Шернияз марапатқа мәсирип ҳәм Бийбиханның «шабазым» деген жағымлы сөзине тебиренип кетти. — Қәне, тартайық! Бахтымыз ушын!

Шернияз таң азанда оянды. Түни менен не қылып, не қойғанын еслей алмайды, басы меңзең. Қасында Бийбихан, екеўи де тырдай жалаңаш. Шернияз оны өзине тартып еди:

— Тағы ма? — деп шыр-пыр болды Бийбихан. — Қарасы батсын! Қатын болған қыйын болады екен ғой... Түни менен жанымды шығардың....

— Тағы бир, — деп жалына баслады Шернияз. — Маўқым басылмай қалыпты.

— Қой, қой, түйеңди көпирден өткердиң, — деп сыбырлады Бийбихан оның көкирегинен жумсақ ғана ийтерип. — Жарамайман... Оннанша орныңнан турып жуўын. Енди сеникимен ғой әйтеўир. Бүгинше қыйнама, жаным....

Бийбиханның мәккарлығы жалпағына салғанын Шернияз сезбеди, тек арақтың кесапатынан биринши

ақшамның ләззети есинде қалмағанына өкинип, ернин бир тиследи де, Бийбихан саўдасын ойласыў жөнинде азан менен Тасполаттың үйине кетти. Таўықтан бурын оянып есигин тырмалап турған Шерниязға аң-таңы шыққан Улпери сыртқы қапыны ашты.

— Аманлық па?

— Қорықпай-ақ қойың, аманлық, жеңге! — деди ишке кирген Шернияз пальтосының жағасын қайырып. — Аман жатып турдыңыз ба, кише?

— Шүкир.

— Тасполат ағам менен ойласқандай ис шығып қалып еди. Ақсақал турды ма?

— Турмаса турғызамыз, қолдағы ақсақалың ғой, — деп Улпери Шерниязды ишке баслады.

Шернияздың даўысынан ҳаўлыққан Тасполат ишки кийимлери менен булардың алдынан шықты. Қыйылып сәлемлескен Шерниязға ол қырғый қабақланып қарады да, негедур салқын аманласты. Бир нәрсени аўдар-теңкер етип бүлдирип келди ме деп гүманланған Тасполат Шерниязды ондай ҳаплығыў сезбегенликтен енди жайдарыланып жөн-жосақ сораса баслады. Жигиттиң қара басының ғамын жумыслап келгенине әбден көзи жеткен соң Тасполат жуўыныў ушын ваннаханаға кирип кетти. Семизликтен қутыласаң дегенге бурынлары таң атар-атпастан көшениң бираз жерине шекем өнкеңлеп жуўырып қайтатуғын еди, жерге қар түскели омақазан атып жығыларман деп оны да қойды. Қанша шала өкпе болып жуўырса да ети сылынып, қарны салбырағанын қоймады, соңлықтан бул илаж да әйтеўир бир айтылған гәптей оның ықласын қайтарып таслады. Тасполат азанда узақ жуўынатуғын еди, ол келемен дегенше Улпери стол үстине азанғы чай ҳалқасты үйип таслады, әсиресе Шернияз келгенге ме, сақлап қойған қып-қызыл қазыларға шекем дастурханнан жай алды. Түни мененги баса-бастан шекеси қысып, ашырқап келген Шернияз аннан-мыннан гәп таўып, Улпериниң кеўлин аўлаған болды, онысыз да Шерниязды көрсе қуяшқа тутқан муздай ерип сала беретуғын Улпери қайтадан жорға ашып, баяғы қыз қәлпине түскендей назын баслады. «Түйеге наз қыл десең бир танап жерди ўайран етеди» дегендей, Шернияз оның назынан да сескенеди. Шернияз келиўден Улпериниң қылтың-қылтыңы басланса, Тасполаттың кеўлинде бир әндийше

пайда болып булардан гүмансыраўы сөзсиз, ҳәзирше шөптиң басын қыраў шалмай турып Улпериниң өзине болған астыртын көз қысыспасынан қутылғаны жөн бирақ бул ҳаял маңлайына сарт еттирип урғандай етип айтпасаң, анаў-мынаў ым-жымыңа түсинбейди. Ал оған «Жеңге, усы ҳәзиллеокенимиз болар, сәл жерде ақсақал сезип қалса мени нышқырт етер» деп айтыўға Шерниязда жүрек жоқ. Жеңгесиниң кеўлин таўып турмаса, қалтасына түсип турған пайданың сағасы тыйылып қалыў итималы бар.

— Көк ғарғадай көринбей кеттиң, қәйним?

— Қара ғарғадай азан менен ушып келдим ғой, жеңге.

— Қара ғарға болмай өлә! — деп күлимсиреди Улпери. — Уям бос ўақта ушып келсең болады ғой. Аға ертең Ташкентке кетеди.

— Жайша ма?

— Командировкаға, үш-төрт күнсиз келмейди. Баланы да алып баратыр, — деп Улпери сыбырлаңқырап тез-тез сөйледи.—Анық жеңгем дейтуғын болсаң хабар аларсаң, бала.

— Хабар аламыз ғой, — деди Шернияз немқурайдылаў етип. Соның арасында бет-жүзин сүлгиге артып, ыссы суўдан бурыштай қызарып кеткен Тасполат кирип келди.

— Сениң, бала, бул жүрисиң тегин емес ғой, шамасы, — деди Тасполат столға отырып атырып. — Ал, қулағым сенде.

— Әкемдей болып қалған адам болғансоң, алды менен сизге ойласқанды мақул көрдим, Тасполат аға, — деп Шернияз гәпти майдадан баслады, — Келиниңиз кетип қалып еди...

— Не дейди, не дейди? — деп әжепленди Тасполат Шерниязның аўзын бағып. — Қашан?

— Үйине апарғаным басыма бәле болды, — деди Шернияз қып-қызыл өтирикти қас қақпай сөйлеп. — Әкеси мениң қарамды көре алмай-ақ отыр екен, барыўдан шалғайымнан тарпа басып: «Қәне, кимди бассынып жүрсең, кимниң қызы менен ойнағың келеди?» деп мийимди жеди ме де, қоя бер! Кемпири де ғарғап-силеп, жүн түткендей етти. Қызын қатын еткенимнен басқа не гүнам бар? Ҳайранман. Ҳеш болмаса, қызы мениң тәрепимде болар деп едим, бир ўақта ол да

соларға қарай жылысып баратыр. «Мен де зорға шыдап жүрип едим, енди усы босағадан тысқа атламайман. Маған бай да, жай да керек емес!» деп көзи бақырайып тур.

— Нени бәнелейди сонда?

— Ўәй, барлығы қалың мал төлемегеним ғой, соның кесапаты ғой. Өзи жетегиме ерип келген қатынға қалай қалың мал төлеймен? — деп Шернияз өзин ақ хожаның ақлығы етип көрсетпекшидей қолларын сермеди. — Қудайдың алдында да, бенденің алдында да ийненің жасыўындай гүнам жоқ. Кисиге ҳазарым бар адамман ба?

Улпери еле гәпке араласқан жоқ, ара-тура көз қыйығын Шерниязға жалт еттиреди де алдындағы чайын ишиў менен қумбыл. Тасполат Шерниязның дәртине даўа излегендей аўыр ойға шүмип кетти, оның қыяллары қайларда жүргенин бет-әлпетинен сезип болмас еди. Шернияз еле сөйлеп атыр:

— Еки жыл қойнымда жатқан қатынға қалың мал төлеп жинли емеспен. Оннанша қалың мал төлеп тазадан үйленгеним мақул емес пе?

— Тоқетери не болды?

— Не болатуғын еди, ажырасқанымыз шығар, төркининде қалды.

— «Үндемегеннен үйдей бәле шығады» деген, — деп Улпери добалдай ернин салп еттирип шоколадтан сорыды, — Бойдақ болып та көрсеш, қәйним.

— Ыссыңа, суўығыңа қарайтуғын қатын болмаса, жумыс ислеп берекет бола ма? — деди Тасполат ҳаялының сөзин жақтырмай. — Оның менен анық ажырасқан болсаң басқасын таўып ал, дүканшы қызлардан имләға келгендейи жоқ па?

— Табылады ғой.

— Табылса, бас сал!

— Өмирлик саўдаға асықпаў керек, шабазым, — деди Улпери Шерниязның бирден үйлениўин хош көрмей. Оның неге жақтырмай отырғанын Шерниязның иши биледи.

— Таўып та қойыппан, ақсақал! — деп Шернияз болған ўақыяның ҳәммесин түйирин түсирместен айтып берди...

...Оннан берли де жыллар өтип кетти.

Ешейинде ишке кирип отырыўдан-ақ самолеттиң ҳарылдысынан бурын қорылдысы басланатуғын Тасполат бүгин гүзеттиң адамындай сергек. Отырғыштағы қайысты қарнына зорға жеткерип илдирди де, қасындағыларға онша дыққат бөлип қарай бермей, ыңыранып бир қәлипте қалқып киятырған самолеттиң аппақ қанатының астында таўланып қалып атырған таў жоталарындай бултларға тигилди. Бултлар таўсылып, иллюминатордан көк-көмбек суў—Каспий теңизи көринди, шетсиз-шексиз бир көринис оны жалықтырып жиберди де, мойнын ишине тартып узақ ойдың қурдымына түсип кетти...

Жақсы болсын, жаман болсын, Улпери менен турмыс қурып түтин түтеткенине де отыз жылға шамаласып қалыпты. Дәслепки оны алған жыллары Улпери бала көтермей жүрип, Тасполат тасламақшы да болып қыялласты, бирақ жумыс жағынан кем-кем тиске өрмелеп көтерилип баратырған соң семьясын бузыўға қорықты. Яр-досларының үйине қыдырып барғанда әкесиниң ишпеге-жемеге жанын қоймай, ояқ-буяғына асылып ойнап атырған балаларын көргенде, өзин қояға жер таппай тап үйине барыўдан Улперини жиберип, туўатуғын ҳаялға үйленгиси келип турады да, тағы деми ишине түсип, ҳаялынан да қорқады, ҳамалынан да қорқады. Оның үстине ҳаялдың туўмаўы еркекке де байланыслы деген гәп бар, сонлықтан барлық бәле өзинен болып, масқарасы шығып қалыўдан тағы сескенеди. Тасполат динге, ҳәр қыйлы ырымларға онша исенбесе де, Улпериниң ықласына бола оған әўлийеге қатнаўға рухсат етти. Султан Бабаға жети пийшемби зыяратқа барып түнеп қайтқан Улпери өзинде қандай да бир өзгеристиң пайда болғанын күйеўине қуўана-қуўана билдирди.

Улпериден кеўли суўып, еки ойлы болып жүрген Тасполат оның бойында ҳәмле пайда болғанын сезгеннен кейин геўгим тартқан кеўил сарайына нур түскендей қабағы жадырап, ҳаялының алдында епелеклеп кететуғын әдетти шығарды. Туңғыш перзенти менен дийдарласыўға асықты, әке деген атаққа өзиниң де қолы жетейин деп турғанына қуўанды. Ол жыллары астында машинасы жоқ, сонда да Улпериниң қарны

шәмпийген сайын үлкен басын киширейтип, дүканға да, базарға да өзи баратуғын еди. Аўыр мийнет бир зақым келтирип жүрер деп ойлаған ол ҳаялына үйдиң ишиндеги майда-шүйде жумысларды да ислеткенди қойды. Уялғандай қонақ келип қалса, жәрдемлесиў ушын кеңсесинен бир-еки қызды жибереди.

Нурполаты туўылған күнлери Тасполаттың табаны жерге тиймеди, оның қуўанышында шек жоқ еди, изи үзилмейтуғын жуўыспақлар басланды, оның есиги күни-түни айқара ашық турып, өзинен бир сүйем жоқарылардағыдан баслап кабинетине қол қаўсырып киретуғынларға шекем оның үйинде аўнап жатып ишип-жеди. Туңғыш перзенти ҳаққына Тасполат дыррықшылық етип аянған жоқ, онда өзиниң өгиздей тартатуғын дәўири болғанлықтан қолтықлап бир нәрсе әкелгенлерди де, қуры қол келгенлерди де әкесиндей сыйлап, шалқасына түскенше тойдырып жиберди. «Өгиз де өлген жоқ, арба да сынған жоқ», қанша шағал мәслик етсе де, кеңседеги жумыслары да бир жөнкилли жүрип атты. Я ол ўақытлары басқан адымыңды өлшестирип, шуқластыратуғын адамлар туўылмай атыр ма еди, қәйдем...

Улпери ишинде дық сақламайтуғын, аңқылдаған ҳаял еди, кеўлине бир нәрсени түйинген болса, оны қыпсалап отырмайды, түйеден постын таслағандай бирден дүрс еттиреди. Сондайда оның ығын шалып сөйлемесең, түйесиңирге тийген оттай бирден лап етеди де, иркип алыў мүшкилге айланады. Ал, оннан марапатыңды аямасаң болғаны, онда Улпериге бул дүньяда сеннен басқа жақсы адам жоқ, жанынан басқасын сеннен аямайды. Оны ҳеш ким күши менен де, мүши менен де жеңе алмайды, тек тилдиң ушы менен жеңиў мүмкин. Бирақ Улпери наўа сумлығы жоқ ҳаял болып көринген менен өзиниң ишки сырын қулыплы аршаға салып қойғандай беккем сақлай алатуғын қупиялығы басым ҳаял еди.

Нурполаттан кейин бала көтермеди, жалғыз баланың алданышы менен кеўлин жубатқан олар буны елемеди де. «Енди бир қыз туўғанында қатып кететуғын еди! деп Тасполат бир сапары айтып салғаннан кейин Улпери тағы Султан Бабаға түнеп қайтқысы келип, жолға рәўана болып еди, кешқурын айланып келди.

— Талабым келиспеди, емлейтуғын... — деп иркилип қалды Улпери расын айта жазлап. — Сотланып кетипти!

— Не? Әўлийе ме? — деп аң-таң болды Тасполат.

— Әўлийе сотлана ма? — деди Улпери гибиртиклеп. — Адам түнетпейтуғын болыпты. Садақа алатуғынларды қуўдалап атырған қусайды. Бизлерди жолатпады ғой...

Нурполаттың сүннет тойын үлкен етип берди. Басынан қорыққан Тасполат «сүннет тойы» деген сөзди «мектепке барған тойы» деген гәп пенен алмастырып, барлық районлардағы барыс-келиси барларға хабар жиберди. Ол тойды басқалардан өзгеше етти: ҳәммени бир күнге шақырмады, қонақларды өзиниң үйинен басқа жаққа да аўыстырмады. Мәкемесин бир күн, ярдосларын бир күн, ағайинлерин бир күн, ақсақалларын бир күн, райондағыларды бир күн сыйлап, қулласы, оның қонақ күтиўи бир ҳәптеге созылды. Ҳәр күни бир баспақ пенен бир-еки қой сойылды, қаладағы рестораңлар менен асханалардағы маңлай алды аспазлар тойдың хызметинде жүрди, олардың шебер қоллары менен еле көпшилик адамлар татып көрмеген тағамлар писирилди. Тасполат тапқан-тупқанын жалғызының мерекесине ағыл-тегил етип шашты. Шашпай не қылсын, ақыры оның сойған бир баспағы бир қора мал болып айланып қолына кирип атыр еди...

Самолет еле сол бир қәлпинде ыңыраныўы менен шығысқа ушып киятыр. Төменде көк-көмбек суў таўсылыпты, сарғайған дала көринеди, онда тиришилик бар ма, жоқ па, бәленттен аңлап болмайды. Ҳәр жер-ҳәр жерде түйе көз көлатлар изде қалып атыр. Самолет салонында тынышлық орнаған, ҳәмме бир тәриздеги өзгермейтуғын мотор даўысынан зериккенликтен креслоларының арқалығын шалқайтып жиберип шала уйқлаўға кирискен....

Өмиринше ыңқ етип шекесин услап көрмеген Улпериниң ойламаған жерде бирден қайтыс болыўы — қанша ойласа да Тасполаттың кеўлине жайғаспады. Үйиндеги сонша дүнья-мүликти урлаўға келген қарақшылардың қолынан жазым болмадыма екен? Я машина аварыясына ушырады ма екен? Ҳаялы қанша тоңмойын болса да, ҳә деўден мә деп мойнына шапшыса да, өзиниң оған сонша баўыр басып қалғанын, онысыз өмирдиң қызығы кемлеў болатуғынын, оны тәўир-ақ

сүйетуғынын Тасполат усы минутларда сезди, сезди де ишинен қамықты. Тири ўағында адамның қәдирин биле бериў қайда? Ол қанша еркелик етсе де тек Тасполат болғанлығы ушын ислеген екен-аў, болмаса сениң ҳаялың оңбаған, сениң ҳаялың айбықәддем деп биреў бетине басқан емес! Шынында, Улпери кисиге жаманлығы жоқ ҳаял еди. Ол пышықтай қойнына киргенше жумсақ болып, кирип алған соң тырнайтуғын қыйлыларынан емес еди. Ол тикенекли гүл болса да, тикенин жапырақтың арасына жасырыўды билмеди, тикенин де суқты, гүлин де ийискетти. Кеўли келсе тикенининн кирген жерин тили менен жалаўға да қайыл еди. Гейде түни менен үйде қырғын саўаш болса да, азанда түндегиниң бәрин умытып кетип, Тасполат пенен арада ҳеш нәрсе болмағандай, әжик-гүжик сөйлесип кете беретуғын әбжил еди. Сонлықтан бул үйдеги сәл нәрсеге көтерилген шаўқым тап үзилип қалған кино лентасындай аяқланбай қалады да, араға суғылысқан тағы бир ғалма-ғалдың шаңының астында қалып қояды, ол ҳаққында қайтып әңгиме болмайды.

Сөйткен Улпериси ҳарлаўы менен дүньядан өтти. «Жас ортаға барғанда ҳаялың өлмесин, жары жолға барғанда атың сүринбесин» деп бийкарға айтпаған шығар? Ендиги қалған жағында ким менен қослас болады? Жасырақ биреўин ақшаға жығып алған менен ертеңи қалай болады? Ертең алпыс жас келеди, айға шапшып турған жас ҳаял бойға шапшыйды, оған дәдималла айта алмаса, бетине тикленип қараў да қыйын. Алпыстан кейин жетпис келеди, сексен келеди, тоқсан... Тоқсанда барсаң я жоқсаң! Ал, ол жас ҳаял сениң қартайғанынды билип қалған соң ҳәңгилиги басылған ешектей етип үстине минип алады да, өзиниң билгенин ислей береди, сонша тис-тырнақлап жыйған дүнья-байлық оның бийлигине өткен соң қапылып қалғаны! Ҳәммесин өзиниң кеўлин табыўға ғана шашады. Баланы да келин менен қосып басқа шығарып жиберсе...

Қой, жас қатынға үйлениў келиспейди екен. «Теңтеңи менен, тезек қабы менен» деген дурыс. Бир туўған я туўмаған, күйеўинен ақырет көрип мәжбүрий жесир болып байсырап отырған ҳаяллар болады. Жасы қырықлардың дөгерегинде болса, жүзикке қас қондырғандай! Әне, солардың биреўине жамбас урыў керек. Тасполаттың дүньясына қызығып тийеди-аў! Ой-

ланыў ушын, таңлаў ушын бир жыл мүддет бар ғой. Улпериниң жыл садақасын бермей турып үйлениў де мусылманшылыққа жатпайды. Усынша дүнья-мүликтиң шыбыннан қорығандай етип сақлап отырыўда Улпери де аз мийнет еткен жоқ. Әкеси Алламбайдың гүмбезли мазарының қасына жерлеп, пәкизе ескерткиш орнатқаны мақул.

«Шығармай турып намазына үлгере алсам болар еди-аў, — деген уўайым басты Тасполатты. — Өзи қамсемиз ҳаял, күнниң мынаў ыссысында сақлаўға шыдата алмай шығарып кетпесе болғаны ғой. Өзим болмағаннан кейин көп жерлер шақырылмай да қалған шығар. Бала болса, бизиң ким менен қатнасығымыз барын қайдан биледи. Көшемизде мерекемизге басшылық ететуғын адам да жоқ. Өзим де олардың той-мерекесине жарытып барып атырман ба еле. Өлген күни бәри бир қатара кирип изинен қулдың тарабасындай тарқасып кеткен шығар, түўе! Олар сөйтеди, «басы аўырмағанның қудай менен не иси бар?» Мени болсын деп отыр ма солар. Қолдан келсе жылқымды үркитип, малымның шақын сындырыўдан қайтпайды олар. Әттең, мениң көкирегимнен ийтерип қойыўға қолы қысқалық етеди. Ҳей, әттеген-әй, намазына үлгере алсам болар еди-аў!...»

Самолеттиң төменге қарай еңтериле баслағаны сезилди, шала уйықлап киятырған адамлар жан енгендей қыймылдасып, ғаўқылдаса баслады. Стюардессаның ҳаўазы еситилди: «енди бир неше минутлардан кейин самолетымыз Нөкис аэропортына қонады. Нөкисте ҳаўаның температурасы плюс 42 градус...» Отырғанлар ыссылыққа таңланып ишлерин тартып қойды. Галстук тағып, костюм кийген Тасполат ҳаўа райының хабарын еситиўден-ақ терлей баслады. Қара теңиз бойының салқын лебин, Нинаның жылўалы күлкисин аңсап, бәриниң шала-шарпы ҳалында қалып қойғанын, бул жаздың шийрин ләззетинен жаңа татып атырғанда аўзына уў тамып кеткендей жағымсыз мыррық күнге жолыққанын, ендиги өмир жолының нелерге дуўшакер болатуғынын ойлап ар-сары шықты. Бурынлары курорттан келген күни үйинде байрамдай салтанат болатуғын еди, хабарын еситиўден Шернияз қусаған жеңилаяқлары жуўырып келип, қушақласып көриседи де, базарлықты бәнелеп еки-үш күнге шекем Тасполаттың тум-

лы-тусын желписип отырады. Курортқа дем аламан деп барып, ҳәл-дарманнан айырылып қайтқан Тасполат олардың үйинде аўнап жатқанын тәўир көреди. Солар менен қосыла ишип, барлық бәлени араққа жабады да, еки-үш күнге шекем Улпериниң тарпыўынан қутылады. Ондайда Улпери де ынтығы қурып үстине бойын таслап атырған жоқ. Байының бурыннан өзине кемсалыйқа қатнас жасайтуғынына ети өлип кеткенликтен еркексиреген түр билдирмейди. Улпери үйдей үйилип отырса да, өзине ылайық назы да, жылўасы да бар еди. Енди ол күнлер қайда? Бәри зыр-зыр етип, көзди ашып жумғанша өтип кеткен жоқ па? Енди Улпери кербазы жоқ...

«Кешир, Улпери жаным, — деп ойланды Тасполат самолет жерге қонып атырғанда Соршаға қарап жүреги силкинип. — Бурынлары ғаңқылдаған «Волга» менен алдыма шығып күтип алатуғын едиң, енди аэропорттың түбине келсең де алдыма шыға алмайсаң. Кешир мени Улпери. Көзиңе шөп салған шығарман, бирақ, сени умытпайман. Сен пәксең, сени биреўлерден гумансырайтуғын едим, ҳәммеси бийкар екен. Буның бәри сенлик қызғаныштан пайда болған ғой. Кешир, көзиңди мәңги жумып атырғанында қасыңда бола алмадым, ең соңғы айтар сөзиңди есите алмадым. Әрманлы кеттиң... Келин жумсай алмадың, жалғызының қызығын көре алмадың... Бәлким, төсегимди патаслamасын деп те ўәсият айтып кеткен шығарсаң. Дурыс ғой. Буныңды да орынларман... Балам менен келинимниң қолына қарап-ақ отырарман. Қапа еткен болсам, бахытсыз еткен болсам кешир, Улпери. Жақ, сени бахытсыз еткеним жоқ, сен бахытлы ҳаял болып жасадың. Жоқшылық көргениң жоқ, тоқшылық көрдиң. Айлыққа телмирип отырмадың, байлыққа телмирдиң. Қулдың жетегинде кеткениң жоқ, пулдың жетегинде кеттиң. Қайда бараман десең жолың қашық болмады, соқпағың ашық болды. Сен киймеген кийим қалмады, сен тутпаған буйым қалмады. Усынғаның алдында турды, ысырғаның артында турды. Бир ҳаял жасаса, сендей-ақ болып жасар. Бирақ, еле жасаңқыраўың керек еди, еле жолымыз узақ еди, басқалардай кемпир-ғарры бола алмадық. Бирге қартайыў несип етпеди. Тири гезиңде сениң барлық қыйқаңлықларыңды бир ийиннен-көтергенмен, енди ойласам, өмирден ерте кете-

туғын болған соң адам баласы өзиниң бойындағы барлық қәсийетин сол қысқа өмиринде көрсетип қалғысы келеди екен-аў! Қанша тентек болсаң да жағымлы тәрепиң де сонша көп еди, сен барда арқам тамға сүйеўли турғандай ҳеш нәрсени уўайымламайтуғын едим, енди жайымның бир дийўалы қулап қалғандай өзимниң де аңсақ-саңсағым шығып мынаў киятырысым. Бундай тосаттан өлиўиңе не себепши болды екен, Улпери? Ойлап, ой түбине жете алмайман. Қәйтейин, тәғдириң басыма не салғанына қайыл боламан-дә. Кешир, Улпери...»

Самолеттиң асты дигирлеп, жерге қонғаны қашшан, бирақ рухсат болмаған соң ҳәмме орынларында тыпыршып отыр. Бир ўақта алдынғы тәреп өрре турып, қыймылдасты. Тасполаттың жалғыз портфельден басқа жүги жоқ еди, костюмын қолтықлады да трапқа қарай бетледи. Ол сыртқа шығыўдан-ақ тандырдың ишине түсип кеткендей болды. Жаздың түстен соңғы самалсыз ыссысынан этираптағы тереклер де солып қалғандай еди, асфальттың өткир ыссысы қуяш қызғыны менен қосылып бетинди таплап баратыр. Бундай ыссыда Улперини бир күн шыдатыў да мүмкин емес! Ол қаралы телеграмманы кеше алды, демек, Улпери кешеден алдынғы күни қайтыс болған, сонда мынандай ыссыда оны еки қондырыў қыйын. Кеше жерленген, бул тақыйық.

Аэровокзалдың алдындағы будкалардың биринен газли суў ишип алды да, Тасполат таныс адамларды көрип қойыўдан тайсалып, таса-таса менен Сорша қойымшылығына қарай тартты. Пиядаға онша узақ болмаған соң таксиге отырғанды да қолайсыз көрди. «Асқынласаң әўлийеликти арала, қапа болсаң ағын суўды жағала» деген нәсиятнама түсе берди оның ядына. Ол қәбирлердиң арасы менен туўры әкесиниң мазарына келди. Гүмбезли мазар ҳәңкийиўи менен әўлийешиликтеги барлық қәбирлердиң үстинен қарап тур еди, оның қақ маңлайындағы әкесиниң сүўрети көзине оттай басылды. Қасындағы Абдулла Султанов деген ветеран ғаррының қәбири айтарлықтай емес, ал соның қапталына биреў қойылған. Мине! Кеше ғана жерленген. Адамлардың излери де өшпеген, гүллер де онлап солымаған. Бирақ, негедур қәбирин кең етип қазыўға да еринген, үйижанғырлар! деп тоңқылданды

ишинен. Қәбирге бир қысым топырақ шашып, дөгерегинен айланды. Қасына бир ғарры келди де, буның менен салқын сәлемлесип, жүресине отырды да әлҳәм оқый баслады. Тасполат муңлы түрин төмен алып диз бүкти. Шыйықшы ғарры әлҳәм сүресин узақтан қайырып, Тасполат шығарып берген бес манатты бүклеп қалтасына салғаннан кейин тағы қуран шөгирди. Бул рет қысқарақтан питкерди.

— Кеше кешқурын жерленди, пақыр, — деди шыйықшы. — Неңиз болады?

— Ҳаялым еди....

— Әй, яғ-әй, бул жас қыз ғой!—деп шыйықшының зәрреси қалмады.

— Не дейди, не дейди?! — деп өрре турып кетти Тасполат. — Басқа жерге қойылған ҳаял бар ма?

— Бар, анаў жақта, — деп шыйықшы арқа-батыс тәрепке қолын шошайтты. Бүгин түске шекем жерленди. Бирақ, ол карис...

Бүгин үшинши күнге қарап баратыр Улпериниң дем алып я уйықлап берекети болмады. Сол кетистен кеткен Нурполатынан дерек жоқ, сорамаған адамы, бармаған тесиги, кирмеген есиги қалмады. Милициядағылар да атлан-шап болып излестирип атыр. Кеше Шыңғыс деген жорасын үйинде шала-жансар болып жатырған жеринен таўып алыпты, егер тилге келе қойса ҳәммеси рәўшан болатуғын түри бар. Бул милиционерлердиң жорамалы.

Бурынлары ханнан қәперсиз, жаннан қәтерсиз арқайын жататуғын ҳаял енди қараңғы түсиўден ҳүрейи ушып, жүреги ҳәўлирип сала беретуғын бәлеге тап болды. Светти өшириўден әйнектен аңлып анталап турған бир бәлелер буны көрпе-төсеги менен умбаржақ-жумбаржақ етип бас салатуғындай көринеди де турады. Ҳеш болмаса қасымда ес болып отырсын деп Шерниязға бир-еки рет звонит етип еди, қапылып трубканы келиншеги көтере береди, оған өй деп айтыў қолайсыз. Сонлықтан сес берместен телефонды басып қояды. Бул келиншеги дәслепкисиндей Шерниязның бас жибин сүйретип айдап салып қоймайды, тез-тез саўмалап өзине тартып турады. Аяғын тусаўлап тасламаса, ара-

тура бас жипти де үзип кетиўге болады ғой. Көўил хошлық етемен десе, Улпери оны гөрден болса да таўып алар еди, лекин ҳәзир ондай ләззет қуўатуғын ўақыт емес, сиркеси суў көтермейди. «Тышқан тесиги мың теңге болып» турған дәўир бул, айшы-әширеттиң жолы қыяға кетти.

Күн аўғаннан баслап-ақ бүгинги түнди қалай өткерерин ойлап, уўайым қушағына ене берди. Жаздың түни қысқа болса да таңды кирпик айқастырмай атырған адамға оғада узақ көринеди екен, көзи сәл илингендей болса, әжептәўир түслерди көрип шоршып ояна-ды. Баласы аппақ жыл қусына айланып, әлле қаяқларға ушып баратырғандай диң аспанда, бултлардың арасында қолын қанатқа айландырып буған сермегендей, гә қасындағы қара қус оның желкесинен тислегендей... «Еле гүз узақ ғой, қаршығам, — дейди Улпери оған жалынышлы түрде. — Еле жапырақлар сарғайған жоқ ғой, сен мәканыңды, жайнаған жазыңды таслап қаяқларға ушып баратырсаң?» Баласы буның даўысын еситпегендей бултлардың арасына кирип кетеди. аздан кейин қап-қара жамғыр, аппақ қар жабады. «Мен жаз деп жүрсем, гүз де өтип қыс келип қалған екен-аў, — деп ойлайды Улпери аспанға тигилип. — Уша ғой, қаршығам, уша ғой! Баратуғын мәнзилиң узақ шығар, қар көмип тасламастан бурын жетип ала ғой...» Бир ўақта аспан көк-көмбек теңизге айланып кеткендей болды. Бултлар аўданлаған толқынларға мегзейди. Толқынның арасында қарны қалқып үлкен бегемот киятыр, жақынлаған сайын түри таныс, ҳаў өзиниң Тасполаты ғой. «Мени услап, зоопаркке апарып темир торға салып қоймақшы болып еди, тереңге сүңгип кеттим» дейди Тасполат суўды бүркип. «Зоопаркте турғаның жақсы еди ғой, — дейди Улпери күлип. — Адамлар тийин төлеп көрип турар еди. Теңизде жүрген менен не қызық көресең?» Бир қараса, теңиз де жоқ, Тасполат та жоқ, алыс-алыслардан лаўлап жанған от буған қарай жуўырып киятырғандай, боларғы от емес, тек қып-қызыл жалын, түтини жоқ. От қасына келгенде ишинен ыржыйып Шернияз шықты: «Бурынғылар ат минип келсе, мен саған от минип келдим, — дейди ол маңлайының терин сүртип. — Кел, артыма мингес, жолымыздағының бәрин жандырып, қәлеген жағымызға кете беремиз, жеңге!», «Отқа қалай мингесемен?» дей-

ди Улпери. Гүрлеп жанған от қып-қызыл тили менен есигин жалап тур. «Отыңның басын тарт, қәйним, — деп жалынады Улпери. — Қыдыртқың келсе, машинаңды минип кел!» Бир қараса, от та, Шернияз да көзден ғайып болыпты. Тағы жалғызлық, жанын жегидей жеген жалғызлық... Бир жылайды, бир күледи. Той берип атырғандай, үйинде быған-жыған адам. Қара костюм кийген баласы, қасында шубатылған ақ көйлек кийген келиншеги, қап-қара «Чайка» ға отырайын деп атыр. Негедур адамлар тойға келгендей ўақ-шақ емес, ҳәммеси муңлыдай, ҳәммесинде уўайым бардай. «Мениң болғанымды көре алмайды бул журт, — деп тоңқылдайды Тасполат. — Жалғыз балам үйленип атырғанда жайға табыт сүйеп қойғаны неси?!» «Ҳаў, бул табыт емес, ақсақал! — дейди оған Шернияз. — Өрт сөндириўшилердиң зәңгиси ғой». «Өрт сөндиргишлер не қылып жүр? — дейди Тасполат. — Бизиң үй не, дүкан ба?» Духовой оркестр бир қайғылы намаға ойнап тур. «Ҳәй, бул мүсийбетке шертилетуғын нама ғой!» — дейди Шернияз сазенделерге. «Репертуарымызда тойдың намасы жоқ» дейди олар. Бир ўақытлары ҳәммеси зым-ғайып болып кетти. Қыз дәўири өткен аўылларының түсине енди, аўыл адамлары буған таңлана қарайды, класстағы партаға сыймай еденде отыр. «Қалханова, сен неге жерде отырсаң?» — дейди муғаллими. Балалар Улпериге жалт қарап, ўағырласып күлиседи. Бул дәўдей болып кеткендей, ал қурдас қызлары еле шашларына бантик байлаған кип-кишкене шүлдирлескен қызшалар. Олар Улперинің аўрықтай салбырағаң уртларына қарап: «Улпери, исип кеткенсең бе?» деп таңланысады. Енди бир қараса, көлдиң жағасында қырға шығып қалған ылақадай зорға дем алып жатыр. Тумлы-тусында аппақ шағалалар, олар қыйғырық салмай тым-тырыс қыймылдасып, буның ояқ-буғын шоқысып атырғандай болады. Әри-бери қолын сермеген менен олардың биреўине де тиймейди. Аппақ шағалалар, көлдеги суў да сүттей аппақ, аспан да сийле тутып қойғандай аппақ. «Балам қайда, балам да қус болып ушып кетип еди ғой, араңызға айланып келмеди ме?» дейди Улпери. «Ол бәҳәрде келеди ғой,ол суў қусы емес, таў қусы ғой!» дейди шағалалар жабырласып. «Бәҳәр қашан болады?» деп сорайды Улпери. Шағалалар тағы тыр-тым, тағы оны аяўсыз шоқый баслай-

ды. «Мен балық емеспен ғой, неге жоғар бар ма? Аман-екен?» — деп ойлайды ишинен Улпери. «Акула! Акула!! Акула!!!» деген күшли алмай... деп Улпери тилгендей болады көл үстинен..

Усындай шым-шытырық түслерден ша? да, Улпери аҳлап-үҳлеп төсегинде отырай қызарып үндедағы муздай терди алақаны менен сыкөзиниң қыйығы дийўал искенжедей қысып, дем жетпе ишин тартып ҳаўаны сорып-сорып алады ше — деди. таң атыўдан басын алып бир жақларға сынасыз, ағасылып шығады да, жақты түсип күн көтерилай,— деди Ултүнги азапларды биримлеп умыта басла мине, тағы күн аўа баслағаннан түнниң уўаники қыйын рекетин қашырып киятыр. «Балалы үй базар, үй мазар» деген усы екен-дә! — деп ойлады Улп Баласы көп үйлердиң не әрманы бар екен? Ту тусымда ызғып жүрген мурынбоқларым болғанда аҳ ден қорқар едим. Меннен оны да аяды қудай! Перзентиң қасында сонша байлық соқыр тийинға турмайды екен ғой...»

Улпери иши писип, зеригип кеткенликтен самаллағысы келди. Үстине ҳасыл көйлеклеринен бирин кийди де, айнаға қайта-қайта телмирип қарап қас-кирпиклерин боянды, бетине аппақ пудрадан бүркип еди, ун қаплаған қаразшының ҳаялына мегзеп кетти. Қолына кишкене сумкасы менен зонтигин алып көшеге шықты. Даланда мыс қайнаған ыссы еди, елп еткен самал емге табылмайды. Жылдан-жылға тереклери сийрексип баратырған қаланың көшелеринен зонтиксиз жүриў мүшкил, тас төбеңде биреў тандыр өртеп атырғандай күйип кетесең. Улпери қаланың орайына қарай бағдар алды. Ыссыдан тротуардағы асфальтқа шекем кийиздей болып жумсарып қалған, гейпара жерлериндеги қап-қара май желимдей аяғына жабысады. Жол бойынша танысларынан бир де-биреўи ушыраспады, қаланы гилең бийтаныс адамлар қаплап кеткендей, суў ишиўге дизилип турғанлар да, муз қаймаққа анталап турғанлар да басқа жақлардан келген адамлардай, я буны көргиси келмейтуғынлардай: өзине де, үстиндеги жекке- сийрек көйлегине де, алтын саплы зонтигине де, ҳеш кимде жоқ сумкасына да көзлери ушқын шашып қарап атырған бир адам болмады. Адамлардың жақсы-жаманға итибарсызлығына,

ди Улпери. Гү
есигин жалап а ишинен ҳайран қалды, ким де болса деп жалынадырсени бир көргенде қайдан тапты екен ды минип кел заңлы қубылыс, бирақ ҳәзирше бул ден ғайып бо шетте.

жеген жалғы өкпеси исинген Улпери Шерниязды берип атырғ дына келди, дүкан илик еди, айналы костюм кийг «Ревизия» деген жазыўы бар қағаз қыслек кийген рниязды ревизия деп шырлап жүргени деп атыр. Г кендей оны аяп кетти, Тасполат келиўден емес, ҳәмм сын оны аман алып қалыўдың ғамына ки«Мениң б сондай аңқылдаған ақ көкирек жигитти тоңқылд ан таса қылмайтуғынын, Шерниязды еле ғанда рек болатуғынын ойлады. Усыны ойлады да, табы ы пайытта Шерниязды көргиси, оның менен сөй скиси келди. Үйине барғанда қәйтеди? Келинше- буннан дым да гүмансырап жүрген жоқ, екеўиниң арасындағы нәзик байланысты адам бендеси сезген жоқ ғой, сезиў түўе ойлаўы да мүмкин емес!

Шерниязды жайы да бир қанша саўлатлы еди. Тасполаттың бир яраны Алматаға көшип, жайын арзанырақ баҳа менен сатып кеткен еди. Үлкен залы бар, өжирелери де кең, сегиз қат жай, салынғанына онлаған жыл-ақ болған. Ағаштан ойып исленген Хийўаша дәрўазасы, бағы бар, жазда отыратуғын жери де пәкизе. Жуматай биротала келмеген соң Шернияз баяғы еки өжиресин сатып жиберди. Үлкен жайға көп дүнья керек екен, қуйылып турған ақша шыдатсын ба, бир жылдың ишинде-ақ жайының ишин кирсе-шыққысыз етип безеп таслады. Тасполат үйине қандай мүлк алса, бул да соннан қалыспай тасымаллай берди. Бийбиханнан бир ул, бир қызлы болды, үлкени ҳәзир мектепке барайын деп тур. Ара-тура Жуматайда кеткен қызын да ойлап қояды. Биринши я екинши классқа барған шығар...

Қара терге шомылып босағадан атлаған Улперини көриўден Бийбихан қушағын жая алдынан жуўырып шығып, қушақласып көристи.

— Аман-саў отырсызлар ма, келин,— деп Улпери жумсақ гүлли көрпешениң үстине шығып отырды.— Жаманларың ойнап жүр ме, әйтеўир?

— Шүкир, шүкир, шеше!— деп пәйик болып атыр Бийбихан оның хабар-атарсыз кирип келгенине ҳайра

ны шығып.— Қалай, қайнағадан хабар бар ма? Аманесен дем алып атыр ма екен?

— Курортқа кеткен адам аман болмай... деп Улпери бир гәп айтпақшы болып еди, жас келинниң алдында қолайсызлаў көрди.— Ана бала қайда?

Бийбихан дәслеп еки бети лалаптай қызарып үндемей төменге қарады, соң Улперини көзиниң қыйығы менен бир шолып өтти де:

— Иске шатылып атырмыз ғой, шеше — деди.

— Хабарым бар, оның несине қысынасыз, ағасы келген соң бәриниң үнине суў қуяды ғой,— деди Улпери олардың басына түскен саўданы ойыншықтай көрип.— Сизлердики ҳеш гәп, келин. Мениki қыйын болып тур.

— Сизге не болды, шеше?

— Сорама! Үш күннен берли бала жоқ,—деп аҳ шекти Улпери.— Машыны менен бир қызды қақтырып кеткен деп үйге милицияның келип кеткенине мине, бүгин үшинши күнге қарап баратыр. Ана бала айтпады ма?

— Ол да үйге жарытып келип жүрген жоқ, мен болсам балалардан шыға алмайман,—деп Бийбихан орнынан турды.— Қой, аўқатқа айланысайын. Келмей-келмей бир келип қалған екенсиз, шеше.

Улпери қолын сермеди:

— Аўқатты әўметиңде жей берермиз, келин. Ҳәзир аўқат жегендей жағдайда емеспен, алла ярылқасын! Бир чайнек тоқсан бесиннен бер, ыссы кептирип жиберди.

Чай үстинде Улпери баласының дәртин айтты. Бийбихан Шерниязды бирянын айтты, ҳәр қайсысы өзиниң көмешине күл тартып сөйлеп бир сааттай отырды Шерниязды дерек жоқ. Улпери тартынғанды қойды, қайтып баратырып кеўлиндеги мүддәсин билдирди:

— Түни менен қорқып шығатуғын бәлеге ушырадым, келин.

— Аўа-дә, сонша әңкийген жайда бир өзиңизге қыйын ғой.

— Ана бала келсе айт, кеште өзи болса да, сен болсаң да, қасымда биреўиңиз болмасаңыз, арқайын уйқлай алатуғын түрим жоқ.

— Яқшы, шеше, айтайын!

Улпери бул үйден еңсесин көтериңкиреп шықты. Келиншеги балалары менен шыға алар дейсең бе, әлбетте, Шерниязды жибереди. Ол Шернияз бенен өткеретуғын ақшамға асықты, бурын күнниң батпаўын тилейтуғын ҳаял, енди тезирек қараңғы түсиўин аңсады.

Көшесине айланыўдан, тап үйиниң тусында бир жеңил машинаны қоршап алған бир топар үйме-жүйме адамға көзи түсти, ишинде қызыл шәпкили милиционер де бар. Жүреги дирр ете қалды, машина баласының машинасына уқсап кетти, оны услап әкелген екен-аў, ашыў менен урып өлтирип қоймаса болар еди-аў деп ойлап адымын кеңнен-кеңнен басты. Бирақ, басқан адымы артына кетип баратырғандай, астындағы жер артқа қарап жүрип баратқандай жүриси өнбеди. Жаңа ғана қанатлап ушырып киятырған шийрин қыяллары зым-зыя болып, жаўырынына гиддиман тас байланғандай бүгилип қалды. Жақынлаған сайын жүреги ойнақшыды, оның дүрсилдисин өзи еситип киятыр. Көптиң ишинен баласын излейди, дәслепки қарағанда ҳәммеси де баласының дәл өзи еди, ал ара қысқарған сайын баласына мегзеткенлери басқа болып шыға берди. Қулағына адамлардың даўласқан даўыслары да жетти. Бир «Урал» мотоцикли жол шетиндеги салманың ишинде жатыр екен. Бәри бийтаныс адамлар болып шықты. Улпери машина менен мотоциклдиң дүгискенин, мына адамлардың соның даўында турғанын билгеннен кейин жүреги орнына түсип, суўық демин алды. Шеттеги биреўден:

— Адам аман ба?— деп елжирегенсип сорады.

— Үәй, аманшылық-аў! Мотоцикл жол қәдесин бузған ғой,—деди ол киси бийпәрўа. Милиционер жерди өлшеп, бир нәрселерди қағазына түртип алып атыр. Улпери көкирегин басып, үйине кирди. «Нәбада Шернияз келе ғойса, сыртта иркилип турмасын» деген қыял менен сыртқы есикти илдирмеди, қайта ярым етип ашып қойды. Кондиционер гүўлеп ислеп турған зал қоңыр салқын тартып тур екен, жаны ҳәз ете қойды. Терия басқаннан кейин, өжиресине кирип үстиндеги ҳасыл көйлегин шешти, ол жаздың усындай ыссы күнлери ишкөйлек киймейтуғын еди. Сыртқы көйлегин шешкеннен кейин Шерниязды көзине қайсы көйлек пенен жарасымлы көринерин билмей иркилип қалды. Тап, усы ўақытта оның қулақларын питегендей са

еситилди. Көшеде басланған ўай-ўай туўры буның есигинен кирип, верандасында жаңғырды. Не болып, не қойғанын умытқан Улпери емшеклери күшиктиң басындай былғаңлаўы менен ярым жалаңаш түринде «байбайды» салып өжиреден сыртқа атылды...

18

Соршадан ҳаялының қәбирин таппаған Тасполат ар-сары шығып, шыйықшы ғаррыға исенимсизлеў қарады:

— Сен өзи мына өли жерленгенде бар ма еди?— деп бағанағы қыздың қәбирин көрсетти.

— Аўа!— деди шыйықшы оны тақыйық исендирмекши болып.— Ҳаў, өз қолым менен жерледим ғой. Басқа әўлийеге қойылған шығар?

— Басқа әўлийе бар ма?

Шыйықшы оның гәпине күлерин де, ашыўланарын да билмеди, үп-үлкен адамның айтып турғанына қара, дүньяға жаңа келген баланың гәпиндей! Үйинен өлик шығып көрмеген биреў ғой.

— Үәй, иним-әй, әўлийеден көп нәрсе бар ма?— деди шыйықшы ғарры.— Сорша да толып шамаласты, Сәлмен Атаның да тум-тусын қаршап атыр, қапталынан жол салынады дей ме, шамасы, қойдырмайжақ. Әй, усы сениң ҳаялыңды сол жаққа әкетпеди ме екен? Оның тухым-тебериги қайда еди?

— Аўылда ғой.

— Ҳә, онда жөни бар,— деп шыйықшы насыбайын атты.— Өзимниң сүйеклеримниң қасына барайын деп ҳаялың ўәсият айтып кеткен шығар?

— Ол да мүмкин,— деди Тасполат ҳаялының дәрегин енди тапқандай.

— Не де болса, үйиңе барып билесең,— деди шыйықшы ғарры узағырақта көринген еки-үш адамға қарай бет алып.— Анық жер астына түскен болса өлигиңди таўып аласаң ғой, қошшым.

Олар айырылысты. Тасполат қойымшылықтан тез-тез қәдем таслап шығып ГАИ постының қасында бос киятырған бир таксиди иркти де, көшесиниң басында түсип қалды. Үйине шамаласқанда жайының тусында көшениң қақ ортасында уйлығысып турған адамларға көзи түсти. «Ҳа,еле шығармаған екен-аў, үлгериппен!» деп ойлады ҳәм үйине елиў адымдай қалғанда бир қолы

менен бүйирин таянып даўысынаң барынша «ўай-ўай» салып, ишке кирди. Кирген жерге портфелин таслады да, еки көзин жумыўы менен «ўай-ўай»ын тағы да күшейтип, верандада тоқтады. Еки бүйирине қол таянып, көзлерин тарса жумып ўай-ўайлап турғанда буған иштен «бай-бай»лап шыққан ҳаял даўысы қосылды. «Бай-бай»лаған даўыс түбине келди де, оны қушақлап алды. Көзинен жас қуйылып зары-гирян болып жылап турған Тасполаттың қоллары жалаңаш адамның жаўырынына тийип, сыйпалай берди. Енди еплеп көзин сызатландырып ашып еди, қушақлап жылап турған ҳаял Улперигe уқсайды. Көзин ашыққырады, сол! Енди анықлап қарады, сол сол! Улпери! Дамбалынан басқасын шешип таслаған! Гөрден тирилип қайтқаннан аман ба?! Тасполат өзин өлик қушақлап атырғандай сезип оның көкирегинен ийтерип жиберди де, артқа қарай бойын таслады. Ол талып түскен еди.

«Ўай-ўай» ға ҳаўлығысып көшедеги үш-төрт адам үйге жуўырып кирди. Олар ярым жалаңаш ҳаялды, жерде жатқан кисини көргеннен кейин не қыларын билмей есикте иркилип қалды.

— Аманлық па?

— Билмеймен...— деди Улпери ҳәм өзиниң тек төрт ели дамбал менен турғанына көзи түсип, қышқырыўы менен ишке кирип кетти. Келген адамлар Тасполаттың ояқ-буяғына шығып, талып атырғанын билгеннен кейин бетине суў бүрикти, ҳәммеси жабылысып кеспелтектей адамды тумлы-тусынан сүйеп, зорға сыртқа алып шықты. Жүзимниң астындағы диванға отырғызғаннан кейин Тасполат көзлерин қыя ашып тилге келди:

— Кепинин сүйретип келмеди ме?

— Не? Не кепин?— деп қасындағылар нениң не екенине түсинбеди ҳәм Тасполатты өлгенше ишкен екен деп кетип қалды. Диванда отырған Тасполат еле онлаң өзине келе алмай атыр еди, иштен үстине үй халатын кийип,басына бир тартар орамал таңған Улпери шықты. Оған көзи түскен Тасполат тағы кейинирек шегинди. Ол бул пайытларда өзин я бул дүньяға, я о дүньяда жүргендей емес, ал еки дүньяның арасында мәмелек айландырғандай адасып, үшинши бир дүньяға келип қалғандай сезиўде еди. Өлди деп жылап келген адамды тыр жалаңаш болып алдынан шыққа.. бул

аўҳал кимниң болса да ҳүрейин ушырғандай жағдай емес пе?

Кәлиймаға тили айланбаған Тасполат сазырайыўы менен еле отыр. Улпери болса күйеўиниң не ушын «ўай-ўай» салып келгенине, өзин көриўден талып түсип, мынандай еси кирели-шығалы болып зибансыз отырғанына ҳайран. Бир ўақта Тасполат маңлайындағы тер аралас суўды қалтасынан орамал алып сүртти де:

— Үҳҳ! Тиримисең, қатын?— деп суўық демин алды. Күйеўиниң тилге келгенине қуўанған Улпери жайдарыланып сорады:

— Аманлық па, ағасы? Адамды қорқытып жибердиң ғой!

— О дүньядан келдиң бе?

— О дүньядан әкең келсин!— деп Улпери тулланып қалды.— О неси-әй?!

— Ҳаў, несине тылақайың тырысады?

— Болмаса не, курорттан күлип қайтыўдың орнына «ўай-ўай» салып қайтасаң?

Енди Тасполат езиў тартты:

— Ҳаў, мен «ўай-ўай» салсам, сениң пайдаңа салып атырман ғой, қатын.

— Мениң пайдама салғаның қалай?— деп Улпери садалық пенен ҳайран қалды.— Я меннен «ўай-ўай» қарызың барма еди? Қой, Қара теңиздиң бойында бир нәрсе салқынын салып кеткен шығар?

— Аўа, бул жақта Улпери ҳәрекетлесе, ол жақта суўпери ҳәрекетледи,— деп Тасполат орнынан турды.— Аман болсаң болар...

— Не өзи? Мен аман болмай, үстиме мына жайың қулап па еди?

Тасполат кирер аўызда домалап атырған портфелин алып келди де ишиндеги костюмның қалтасынан телеграмманы шығарды:

— Мине, мынаны оқып көр.

Улпери баласына бир бәле болып қалған шығар деген гүман менен қолы қалтырап телеграмманы алды да, ҳәриплерин зорға қурастырып оқыды:

— «Ҳаялың қайтыс болды. Тез жет!...»— деп иркилип турды да, бирден қышқырды.— Ҳә, ана Шернияз қыршынның қылған қылўасы бул!

Олар ишке кирди, ыссыдан таңлайы қақ жарылған

Тасполат ендиги гәпти асықпай чай үстинде сөйлескиси келип, ишки өжиресине барып кийимлерин алмастырды, ваннаға түсип шықты. Бул ўақта Улпери чай-пайларын, жеңил-желпи аўқатын да таярлап үлгерди. Етиндеги, бетиндеги ашшы тер менен көз жастан тазарғаннан кейин Тасполат теңизге сүңгип шыққандай өзин қуўнақ сезди. Столдың басына келип чайдан бир уртлағаң соң ғана гәпин жалғастырды:

— Ал, айта бер. Аманлық па?

— Аманлығы...

— Ҳаў, жаңа мен «ўай-ўай» салып атырғанда сен неге қосылып «бай-бай» салдың?

— Қайдан билейин, бир нәрсе болып қалды ма деп... Аманлығы да шамалы, шабазым,— Улпери жыламсырады.— Үш күннен берли бала жоқ.

— Не дейди?! — деп шоршып түсти Тасполат.— Милицияға хабар бермедиң бе?

— Бизлерсиз-ақ милиция излестирип атыр. Мен айтпайын, сен тыңлама!—деп Улпери еки ийни селкилдеп жылады.—Машинасы менен бир қызды бастырып алыпты. Соннан берли жоқ.

— Машинасы қайда?

— Машинасын ийт жер дейсең бе? Табылар. Өзи қайда? Намысланып, өзин өзи жоқ етпесе болғаны ғой, қулыным!!—деп өксип жиберди Улпери.

— Үниңди өшир-әй!— деп тисленди Тасполат.—Бир балаға ийелик ете алмай...

— Ийелик еткенде, не қыламан? Я?! Қулағынан шыйыртпақ салып, босағаға байлап қойыўым керек пе?!

— Машынның гилтин неге бердиң? Қайсысын минип кеткен еди?

— Кишкенесин ғой. Сол қараң қалғырды айдап үйрене бер деген өзиң емес пе едиң?—деп Улпери Тасполатқа алып-топыла баслады.— Енди бүгинлиги курорттан қарныңды сыйпап қайтып, неге өйтпейсең, неге бүйтпейсең деп бопса урып, өзиңе шық жуўытқың келмейди-ә!

Тасполат қолындағы кесаны стол үстине тартып урды да, орнынан турып кетти:

— Ал, онда қырылың! Шетиңизден қырылың, түўе!!

Пүткиллей қаны қайнап, жай ишинде арман-берман жүре баслады. Оның қызғыны басылғанша Улпери де

шабалана бермеди, ўажылдысынан сәл пәсине қайтып:

— Шернияз ининиң де аўҳалы шатақ қусайды,— деп қойды.

— Ҳе, ол да адам бастырып па?

— Оның үстинен ақша басыпты!

— Не?— деп шоршынды Тасполат.

— Саған телеграмма бергенде ол баланды қайғырып бермеген шығар. Сол басына түскен саўдадан қутқарып қалсын деп...

— Оған не бәле болды?— деп Тасполат үлкен дәрдесерге тап болды, бул кеўлиндеги гүман шынлыққа айлана ғойса өзиниң де турған жери солқылдайтуғынына гәп жоқ еди.

— Дүканын ревизиялапты,— деди Улпери, Тасполат столға қайта келип отырды.— Мойнына 51 мың манат ақша түсип, жанын қоярға жер таппай атыр.

— 51 мың?! —деп таңланғандай болды Тасполат.— Оның бәрин не қылды екен?

— Саған берипти ғой!

Тасполаттың үстине жайдың төбеси қулап түскендей болып, бирден жансыз қалғандай қолларын сермеди, суўға шөгип баратырған адамның бақырғанындай өз даўысын өзи еситпеди.

— Өш! Екинши усы гәпиңди еситсем, тилиңди кесип аламан!— деп Тасполат ҳаялына жекиринди де. Шерниязды дүканына тийисли мыңлаған метр ҳасыл қыт таўарларды, жүзлеген пальтоларды, норка малақайларды, дубленкаларды складтан туўры саўдагерлерге улестирип жибергенин, ҳәзир олардың шытырлаған ақша болып өзин күтип турғанын, Шерниязды да бир пай етпекши болғанын ойлады. Енди Шерниязды пайда шерик еткен менен илажы жоқ, болар ис болып, бояўы сиңип кеткен.

— Енди итималы жоқ,— деди Тасполат ең ақырғы шешимин айтқандай.— Бәрибир қамайды. Оннанша...

— Төлесе, аман қалмай ма?

— Төлетип болып қамап жибереди. Сен аўзыңды ашпа. Өзиме жибер оны. Гүўа жоқ. Сонша затларды алдым деп қол қойғаны ырас. Ҳәтте буны завсклад та билмейди. Егер балам тири болса, усы ақшаны жолына шашып, аман алып қаламан, қатын! Ал, енди жутқандай бир нәрсе әкел!

— Базарлық әкелмедиң бе?— деп Улпери есик бетте пыссыйып атырған портфелине қарады.

— Ҳаў, сени өлди деген соң базарлыққа қарайтуғын күн болды ма,— деп ўарқылдап күлди Тасполат.— Самолеттың ишинде келгенше енди кимге үйленсем екен деп ойланыў менен келдим.

— Жас қызға үйленермен деп қуўанған да шығарсаң?—деп наз етти Улпери.

— Ол жағын не қыласаң? Енди жүз жасайтуғын болдың ғой!— деп Тасполат тағы күлди.— Сеннен өлип қутылмасақ бул дүньяда қутыла алмаспыз.

Улпери орнынан турып, буфеттиң ишинен Тасполаттың жақсы көретуғын коньягин алып келди де, алтын жалатқан оймақтай хрусталь рюмкаларға тамызды.

— Ал, аман келгениң үшын ишемиз бе? — деп Улпери рюмканы көтерди.— Курорт қалай екен?

— Қалай болатуғын еди, қәдимги курорт-тә! Шалқыған теңиз, жағасында бағанағы сендей болып шешинип қумға аўнап жатырған адамлар,— деп күлимсиреди Тасполат. — Азмаз азғандай болдым.

— Азғаның қарныңнан билинип тур, шабазым,— деп Улпери де күлди.— Дизеңе түсиўден сәл қалыпты!

— Әй, қарын сүзбе қалтадай салбыраўға үйренип кеткен ғой.

Олар бир тамшыдан коньяк жутты.

— Ағасы-аў!— деди аўзындағы коньяктың ашшылығы тарқағаннан кейин Улпери әҳмийетли бир хабар айтпақшыдай тамағын қырынып.— Сен усы жаңағы баладан бир жақсылығыңды аямасаң-о?

— Қайсы баладан?

— Бир жақсы көретуғын иниң еди, Шернияз шәлтикти айтаман-дә.

— Соған сениң бүйириң бура қалды ғой жүдә,— деп Тасполат өкпелеп қалды.

— Әй, шым-шырқадай бала-шағалары уўлап-шуўлап қалмасын деймен-дә! — деп Улпери қыйналған түрде қуўжыңлады.— Болмаса менің қай жарама ем? Бағана келин баланы көрип едим бийшара көзиниң жасын тыя алмайды.

Тасполат ҳә дегеннен үндемеди, айтар гәпин ишинен өлшеп-пишип, алдына көз жуўыртып, оның бийнеқуясы қандай болатуғынын сайбағыслап, бираздан соң сөйледи:

— Егер арасына түсе қойсам, өзимниң де буйынтығым паш болып қала ма деп қорқаман, қатын. Оның да мантығып баратырып тал қармап қалатуғыны аттан анық. Ҳәтте, бизге асылар-әм... Ал, егер жаны алқымына тақалып турғанда бул бизиң бала еди десем, тамам, тимискиленип бизиң изимизди аңлыйды.

— Ондай болса, қой, қарасы батсын!— деп Улпери тағы рюмкаларға қуйды.— Не деген менен орынбасарың жутқан жигит пе деймен?

— Таза жасаўыл көс шығарады деген. Мениң жоғымда етигиниң қонышын басып атырғаны-дә бул!

Олардың аўызларына апара берген рюмкалары кейин қайтты, есиктен қара терге түскен Шернияздың қарасы көринди. Ол басындағы қалпағын қолына услап, ыржыйыўы менен «Ассалаўма әлейкум» деп қушағын жая Тасполатқа умтылды. Бирақ, оның ашқан қушағы да, созған еки қолы да Тасполатқа жетпей қалды. Тасполат оннан қаймығып, терисине қарап отырды.

— Аман келдиң бе, аға?—деп сәлемлесиўден пәнт жеген Шернияз жағына тыным бермей сөйлеп атыр.— С приездом! Әжаға!!

Тасполат үн-түнсиз.

— Әжаға! Кешириңиз! Басымызға ғаўға түсип аэропортта күтип ала алмадық,— деди Шернияз жылмысыраған тақлетте.

Ол еле Тасполаттың жаўырнына қарай сөйлеп тур, Улпериниң балтырындай жуўан мойны тегинликте оған қарап айланбады, гүжирейиўи менен әйнек бетке қарап отыр. Ушырасыўдың бундай кеўилсиз болатуғынын ядына да келтирмеген Шернияз енди не сөйлерин билмей қалды, ара-тура Улпериге жалтақлайды, ол да «ҳаққыңнан сениң!» дегендей көзин алартады. Бул ҳалат тағы даўам ете берсе, Шернияздың диңкеси қурып турған жерде қулап түсиўине шубҳа жоқ еди. Оны аяды ма, я кеўлине жақсылық салды ма, Тасполаттан саза шықты:

— Өлген жеңгең менен көрисип атырмыз, иним.

— Мени неге өлтиресең, қәйним?—деди Улпери бултыйып.

— Ал, енди сондай болып қалды, кеширесизлер!— деп тағы ағытылып кетти Шернияз.— Жеңгем өлди демесем, Тасполат ағам келмес деп қорықтым. Бул

телеграмманы дуўырлатыў ушын да врачқа бираз ақ-шам кетти. Кеширерсизлер! Әпиў ет, жеңге!

— «Қара ешкиге жан қайғы, қассапшыға мал қайғы»— деди Улпери енди гәпиниң тикенин шошайта бермей жатқарыңқырап. —Усыннан бала, тири адамды өлдиге шығарып, намысыма тийди деп тийисли жерине хабар етсем, неше пуллық киси боласаң?

— Яқшы-аў, жеңге! — деп Шернияз еркелеңкиреген түр билдирди. — Сени ойын көтеретуғын болған соң өлди дедик-тә. Басқа адам емессең ғой.

— Ҳее, өлсе өзимиздиң адам өлсин деген екенсең-дә?

— Ҳәй, не қылған өзимиздиң адам?!— деп атлығатуғын арыслардай гүрк ете қалды Тасполат.— Менин жоғымда нәп бәле, сизлердиң шақаларыңыз айқасып кеткен жоқ па?

— Гүман ийманнан айырады,— деп тораңғылдың шоғындай шырт етти Улпери.— Аўзыңа қарап сөйле! Сен не деп ғаңқылдап отырсаң, шабазым?

Келиссин, келиспесин, Шернияз кеңкилдеп күлди:

— Курорттағы жеңгелерим Тасполат ағамның ишин тарылтып жиберди ме деймен... Бурынлары дүньяны суў алса үйрекке бир пул еди.

— Ол үйреклериң ушып кетти, ғошшым, — деп Тасполат қәпелимде шыр-пыр бола қалды.— Адамға дем-пем бересиз бе, я сизлер менен балтам-тап айтысып отырыўым керек пе?

Шернияз тағы күлди. Тасполат үндеген жоқ.

— Биз тап бир сениң аўзы-мурныңа дорба илдирип қойғандай! Керегиң дем болса ала бер, сатын емес ғой, әйтеўир,— деп Улпери Шерниязға ийек қақты.— Қәйним, мына ағаң мениң жыназама ҳеш нәрсе әкелмеген екен. Стол үстиндеги бары менен чай ҳалқас ете бер.

Келгели аяқ ушында турған ашөлең Шернияз столға келип дизесин бүкти. Қолына илинген нәрсени аўзына салып шайнады да, Улпериниң кеўлин табыў ушын:

— Нурекеңнен хабар жоқ па, жеңге?— деди. Баласының атын еситиўден егитилип қоя беретуғын Улпери бул сапары да өзин иркип тура алмай безилдеп қоя берди:

— Сорлап қалмасақ болғаны ғой, қарағым. Тым

тырыс. Көрдимбилдим деген жан жоқ. Азанда милицияға хабарлассам, еле излеп атырмыз дейди.

— Ҳеш гәп болмас,—деп жубатқан болды Шернияз.— Ол кетеринде келин баланды қыдыртаман деп еди дейсең бе?

— Аўа...

Мына гәп бағанадан бери тым-тырыс отырған Тасполаттың басына тық етип тийгендей болды:

— Ол қаяқтың келин баласы?

— Баланың алатуғын қызы-дә. Қимниң қызы десем, мама, соң айтаман деди. Өзи айтпаған соң қазбарлап сорай бермедим.

— Әй, сол мениң пәмимше бир жаққа алып қаштыаў!—деп жойбарлады Шернияз. — Ҳәзирги балалардың екеўиниң биреўи қыз алып қашып атыр ғой. Өзлеримиз де алып қашқан есабы...

— Алып қашқанда ол Марсқа алып қаша ма?— деди Тасполат.— Үйге неге әкелмейди?

— Қыздың ата-анасынан қорыққан шығар?

— Әй, неге қорқады?—деп Тасполат әңгимеге шынтлап араласа баслады.— Ақшаға келиспейтуғын нәрсе бар ма?

Гәптиң аяғы ақшаға келип тирелгенде Шерниязды да иши жылып, күни менен айтыўдың оңқасы табылмай турған талабы оңына айланғандай болды. Утыры келген жерде ербийген шақасына асылып қалыў керек! Оның үстине таўдың тасынан қалай болса солай жона салғандай Тасполаттың тулғасы ийкемге келип, аз да болса қатқалағынан жибисип киятыр. Енди бул жағына басқа гәп көз жармай турғанда қуўырмаштай саўў етип төгилген абзал.

— Ал, Тасполат аға, мениң дәртим де боларғы емес!— деп муңын шақты Шернияз. Тасполат онын дәртин биринши еситип атырғандай аңғалланып сорады:

— Не дәрт!! Сениң де соңғы ўақта толғағың терис келгиш болып кетти ғой.

Шернияз жылап турып илажсыз күлгендей етти:

— Сол толғақты оңынан өзиңизге берип, маған көп етип ақша туўып берсеңиз еди. Тасполат аға.

Улпери қыйқыў салып күлди:

— Айы-күни шамаласты ма деймен, қәйним. Ағаның қарны да төмени дизесине тийип, жоқарғысы

ийегине тирелипти ғой. Сәл ыңқылдағандай болса, қапшығыңның аўзын түрип келе бер!

Бул гәпке олардың ҳәммеси күлисти. Сол күлкиниң астында бир-бир рюмкадан коньяк да жутып алды. Териси жайыла баслаған Тасполат Шернияздың басына түскен аўҳалды бастан-аяғына билип турса да, анықлап тағы сорады:

— Не гәп таўып жүрсең өзи, бала?

— Ағам барда — арқам тамда деп исенип жүрип едим, қәпелимде ала-пасырқы бола қалды,— деди Шернияз тәкир-түкирсиз саябыр сөйлеп.— Дүканды жаў тийгендей ревизиялап, мойнына қудайдың көп ақшасын салды. Нениң не болғанын билмеймен, ақсақал. Қәйдем, кимниң жаманлық еткенин, кисиге зыяным жоқ-ақ адам едим.

— Әй, надан, надан!— деди Тасполат мурнын жыйырып.— Қайўақ көрсең шалбарың шубатылып, аўы менен көше сыпырып жүргениң. Қуйысқаныңды қатырақ байлап, симилтириң шыға бермей әбжиллеў болып жүрсең болмас па еди?

— Әңгиме шалбардың аўында емес, қалтасында болып тур ғой, ағажан-аў!— деди Шернияз.— Сизин қанатыңыздың астында арқайын күнелтип ,бул дүньяның ғалма-ғалын умытыңқырап кетиппиз.

— Бир қанат қайсы бириңизге жетеди?— деп қойды Улпери.

— Тасполат ағамның қанаты сом қанат ғой,— деп марапатқа қамшы басты Шернияз. — Бир қақса, бизге жабысқан бәле-мәтер зымғайып болып ушып кетеди.

— Өзиңе жабысқан бәле-мәтерди бизге деп қопсытыўың не сениң?— деп Тасполат тағы тулланып қалды. Шернияз оның минезиниң бирден өзгерип, тонын терис кийе бергенине онша түсинбеди. Бурынлары Шернияз десе қанатлап, аўыр сөзди көптиң көзинше көзабаға айтқаны болмаса, мудамы сылап-сыйпап сөйлейтуғын адам, енди болса жыңғылдың қызыл шыбығындай бет алдына қарай шертилип тур. Бул барыста алдынан барсаң тислеп, артына барсаң тебетуғын түри бар. Я бул саўданың жолында Шерниязды қурбанлыққа шалып, өзи дым көрмегендей жумған аўзын ашпастан қалғысы келеме екен? «Айран ишкен қутылып, шелегин жалаған тутылып» турмасын тағы. Пайданың

изине жалаңаяқланып түсе бергенше, қанаат еткенде болатуғын еди, бир пайда — пайда, еки пайда қайда?

— Ҳаў, аға!— деди Шернияз енди өңменин сәл көтерип.— Қырымға бараман деп қырын қарайтуғын әдетти шығардыңыз ба? Бизлер бир табақтан қасық атысқан адамлар емеспе едик?

— Не деп сандалап турсаң?!—деп Тасполат столды мушы менен қойып қалды. Стол үстиндегилер шаңғуршуңғыр болып кетти.—Мениң табағымда не жумысың бар сениң? Өзиңниң ийтаяғынды жалай бер, күшик!!

Мына гәп Шерниязды қақ маңлайынан атқаннан кейин болмады, өмиринше бундай гәпти еситип көрмеген Шернияз безгек тутқандай қалшылдап кетти:

— Сол ийтаяғымды алды менен өзиңиз сыпырып-сыйырып жалаған соң аўзыма ҳеш нәрсе илинбей келип отырман!

Тасполат ашыўға буўлығып орнынан атып турды:

— Жоо-ғ-ааа-лл!!!

Араға Улпери араласты, үйде бундай шаўқым көтериледи деп ойламаған ҳаял албырап қалды:

— Бул не бадабат сизлердики?— деп Тасполаттың алдына шықты.—Бир ашыўың маған, шабазым. Өзиңе сәл ҳай бер!—деди де Шерниязға қарады.—Ақсақалыңа аўыр сөз айтыўға уялмайсаң ба, тентек?

Шернияз стол үстине азғана сазарып қарап отырды да:

— Мен не қылайын, я?!—деп бирден өкирип жиберди.— Басыма аўыр күн туўғанда маған қол ушын береди деп, әкемдей исенип жүрген ағам... бүгин... бүгин мениң душпанларым қазған орға өз қолы менен ийтережақ...

— Қой, ҳаў, қоя ғой!— деп үп-үлкен жигиттиң өкирип жылағанына Улпери пүткиллей албырап қалды.— Бала болдың ба?

— Қоймайман!— деп өкирең қағып қышқырды Шернияз.— Неге қояман? Шалынып атырған мал да аяғын тыпырлатып өледи! Қаймағын жеген кекирип, қаспағын жалаған өкирип қала бере ме?

Тасполат лаўлап бақырғанды қойды, енди әстерек өлпең даўыс пенен, бирақ нықыртыңқырап сөйледи:

— Енди ,бала жақсылық пенен үйди босатасаң ба, я милиция шақыртайын ба?

— Шақырт!— деп ушып турды Шернияз.— Шақырт!! Үйиңдегі барлық ақшаңды таўып беремен! О-ҳа, мени билмейди деп ойлайсаң ба? Жети қат жердиң астындағы жыланның жөтелгенин билемен. Енди булай болған соң нан қыл, қатын! Суўдан шыққан балықтай ким болса сол сағалдырығымнан илдирип алып кете бермес. Аўа, мен де сүмирейип қолымды арқама қайырып, қара басым кете бермеспен! Асарымды асап, жасарымды жасасам екен-аў еле! Мениң менен ойнаған екенсиз!

Тасполат ишине қоз түскендей жайдың ишинде арман-берман жүре баслады. Шерниязда бундай өжетлик, бундай қайсарлық шығады деп ҳәргиз ойламаған еди. Оны алдарқатып, арқасынан сыйпап аяқ-қолын таңып берсе, барлық бәледен ап-аңсат қутылатуғындай болып көринип еди, олай болмады, бала кеселеп шабыўға қарады. Буның мына шатқаяқлаўы болса, таяқтың бир ушының өзине тийетуғын түри бар, тийгенде де оңбағандай болып тийеди.

— Жала бәлесинен сақла деген,— деди Тасполат енди оны қорқытып-үркитип көрмекши болып.— Әй, бала, мениң ким екенимди билесең бе? Мен...

— Билемен!— деп қышқырды Шернияз.— Енди әбден билдим. Бурын тек жермен, парахор екениңди ғана билетуғын едим. Ҳәзир өрескил жалатай, суў жуқпас, мийримсиз, сыптырыңқы екениңди де билдим!

— Ҳайўан!!!— деди Тасполат астан-кестени шығып.— Мына ҳайўан масқарамды шығарды ғой мениң!

Ол Шерниязды қулақ шекесине берип жибериў ушын жудырығын силтеген ўақта Улпери қаўсыра қушақлап алды:

— Тоқтатыңлар!! Бул не балалық?!

— Урсын да!— деди Шернияз салқын қанлық пенен.— Урсын! Бир урғанға өлмеспен. Бирақ, жасыўлкен, мениң қанымды қыздырма! Өзиңе жақсы болмайды. Айттым ғой, бала-шағамды жылатып жалғыз кете бермеймен деп. Дастығымды ала кетемен. Егер усыннан баяғы таўарлардың, малақайлардың, пальтолардың, дубленкалардың пулын бермесең, барлық саўдагер қатынларыңды тутып беремен! Ҳәммесин тилхатқа түсирип қойыппан! Гүўа жоқ деп қуўанатуғын шығарсаң, мине гүўа!— деп ол жайдың төбесин көрсетти.— Мине, гүўа!— деп дийўалдағы гилемди, мебельлерди,

буфет ишиндеги ҳасыл затларды нусқады.—Усы үйдиң есигинен төрине шекем, гараждағы еки машинаға шекем, гүўа!

Тасполат креслоға емес, еденге отырып қалды:

— Кенедей жабысқан бәлеге қаяқтан тап болдым? Әй, қатын, қатын!— деп налынды ол.— Адам баласына жақсылық етиўге болмайды-аў сирә. Бул атаңа нәлетке ислеген жақсылығымды бир ийтке ислегенимде өле-өлгенше босағамды дастанып жатар еди... Жақсылыққа жаманлық деген усы екен-дә! Ҳаў, үйиң күйтир болмасаң сен, ҳәй. майға былғанып жүргениңде қол ушын берип адам қатарына қосқан мен едим. Бир аяқ-қолы жеңил бала екен, жүгимди қолдасыўға пайдасы тийер деп... Балам жалғыз еди, соған жол баслайтуғын ағасы бола қойсын деп... Сирә, мени алатуғын қудай жоқ-аў. Туўысқанымдай көретуғын иним едиң, ал, усы шаңарағыма келип, жағама асылып гөжени төгип турғаның нырыққа сыя ма? Өзиң-ақ айт.

— Бәри ушын рахмет!— деп Шернияз да минген төбесинен төменге сәл жылысты.— Мен еткен жақсылықларыңды умытқаным жоқ. Тек, басым тасқа тийгенде кимниң ким екенин билип атырман.

Тасполат кем-кем жуўасый берди, жаңа ғана жудырыққа айланған қоллары менен шашын сыйпап, мойнын уўқалап қойды:

— Яқшы, үйиңдеги пулларыңнан неге орнын толтырып қоя қоймадың?

— Бысатымда барын қосқандағысы сол ғой!

— Жарайсаң! — деп жортаға кеңкилдеп күлди де Тасполат орнынан турып столға келип отырды. — Мә, мынадан бир уртла,—деп оған коньяк узатты, өзи де шала-шарпы қағыстырып тартып жиберди.—Мен сени сынап көрип атырман-дә! Қамшы көтермейтуғын болып қалыпсаң, Шернияз шәлтик!

— Бастан қамшыға үйретпегенсең-дә!— деди Улпери. Олар ҳәр қыйлы даўыс пенен күлисти.

— Бәрҳә қамшы силтей бергеннен бир нәрсе шыға ма? Ара-тура алдына от та таслаў керек, ақсақал!— деп күлген болды Шернияз.— Кеширерсиз, Тасполат аға, жан-ийманым көзиме көринип турғанда, сизиң ойыныңызға да түсиниңкиремей қалыппан.

— Зыяны жоқ, зыяны жоқ. Айтылған сөз—атылған оқ!— деди Тасполат өкпели пишинде.— Бирақ, сонда

да ескертип қояйын: мен ҳәзир саған кемис ақшаңды таўып беремен. Әлбетте, қарызға. Ал, басқа жәрдем ете алмайман.

— Басқа жәрдемниң кереги жоқ, аға,— деп жанланып кетти Шернияз.— Сол растратамнан қутылсам, тамам!

— Тамам емес!— деди Тасполат жулып алғандай,— Төлетип болып қамап жибереди.

— Қамап?!— Шерниязның еки көзи уясынан шығып кетти.

— Аўа! Закон сондай. Мәмлекеттиң мүлкин жырып жеў, талан-тараж етиў қандай қылмыс екенин билесең бе?

— Уай-ўай, жеңге, муздай суў әкел!— деп шыр-пыр болды Шернияз.— Қамалмай қалыўдың ойқыты жоқ па, Тасполат аға? Иләйым, бул гәпиңиз де ойыныңыз болып шыққай-дә!

— Әй, билмедим-аў,— деди Тасполат.— Айтпақшы, судта танысларың жоқ па?

— Судта танысым болып, мен бир күнде қамалып атырман ба?

Тасполат Шерниязның гәпине езиўин тартты. Улпери холодильниктен еки шийше «Боржоми» минерал суўын алып келди. Шернияз ишиниң ҳәўирин басыў ушын дәрриў бир шийшени ашты да солайы менен аўзына қотарды. Оның ишип атырған суўын қарақан етпегиси келди ме, Тасполат Шерниязға мийрин қандырғанша ләм-мим демеди. Шернияз бир шийше суўды заңқ қойып үсти-үстине бир-еки кекирген соң, ишиндеги зерделен бир нәўийе қутылғанын билген Тасполат оған соңғы шешимин айтты:

— Сени алып қала алмайман. Буған құдиретим жетпейди.

— Қараўыңдағы бир адамды арашалап алып қала алмасаң, не питкерип жүрсең, шабазым?— деп Улпери кеўли толмағанлығын билдиргендей болды.

— Өйтип, бул ийтке таланып атыр ма?— деп Тасполат жекиринди.. — Япырмай, бала, сениң-ақ аўзыңа берекет берген екен!

Усы ўақытта сыртқы есиктиң қоңыраўы шырылдап, ҳәммеси тым-тырыс болып қалды. Булардың көкирегине араласқан алағадалық қоңыраўдың шырылдысы түўе, ызылдаўықтың дызылдысына да лал болып,

аңырайып қалатуғын тәшўишке түскен еди. Улпери баласын, Тасполат баласынан да бетер мәнсабын, Шерниязмойнына түскен ақшасын ойлады.

— Бул ким екен?— деп Улпери аўдаңлаўы менен меңен сыртқа кетти. Ол кетиўден Тасполат лопайдай аўзын Шерниязның сыпыра қулағына жақынлатып сыбырланды:

— Саған ҳәзир кемис-қутығыңа жеткендей ақша беремен. Қаяқтан таптың десе, мени айтып шорлатып жүрме. Ағайинлерим жәрдем етти дегейсең.

— Ол жағын қатыраман ғой, аға!— деди Шернияз мәрдана түрде.— Ҳәтте, қутылып та кетермен деген дәмем бар. Хүкимет те тасбаўыр емес ғой, сонша пул қайтып қалтасына түскен соң, қамайман деп ҳаррыя берер деймисең! Ойнап алып едим дермен-дә.

— Ойнап алып, хүкиметне, жездең бе? — деп Тасполат мырс етти.— Урладым деўге дайың емес...

Қолтығына ораўлы қағаз қысқан Улпери тез айланды. Оның жүриси кеткендегиден шыйрағырақ көринди. Бир әндийшени сезген Тасполат:

— Ҳә, қатын, ким екен?— деди.

— Әй, Пирнияз деген...

— Пирнияз?

— Баяғы мурындық балаң боламан деп, үйине шақырған қобаға мурын, бир көзи қыйтар, иймек қара жигит не ? Сол ғой,

— Пирнияз?

— Әй, Пирназар бүкир десе. Жайшылық па?

— Курортқа кетерде келе алмай қалып едим деп, мынаны берип кетти,— деп Улпери қолтығындағы ораўлы қағазды көрсетти. — Аўлақта келип аманлық сорасарман деди.

— Яқшы, оның илажы болар,— деди Тасполат.— Сен мына балаға мүтәжин әкелип бер.

Улпери сәл ойланғандай болып гидирди;

— Кассаға барып қайтыўға туўра келеди ғой онда?

— Оның муртын бузба. Үйде жеткендей жоқ па?

— Жетиңкиремейди.

— Былай ет, деп Тасполат төрги өжиреге қолын силтеди.— Жетпегенине заемнан бер. Ол да ғышырлаған ақша ғой.

— Болады,— деп Улпери төрги бөлмеге кирип кет-

ти. Тасполаттың бул адамгершилигине кеўли толқып кеткен Шернияздың көзинен жас айланып қоя берди:

— Бул жақсылығыңызды өле-өлгенше умытпайман, Тасполат аға!

— Бул жақсылық емес, иним,— деди Тасполат асықпай сөйлеп. — Жеген аўыздың уялып атырғаны бул. Умытпайтуғын болсаң, саған өмиримше жақсылық етип киятырман. Я мениki бийкар ма?

— Дурыс ғой.

— Баяғы келин баланы алмастырып жүргениңде де бир жағында болып, тәрезиниң пәллесине салмағымды салып турдым. Салмақ болғанда өзимниң емес, ақшаның салмағын. Жай сатып алғаныңда да саўданың бир жағын келистиргендей болдым. Мәкемемизге бир машина тийисли болғанда да оны басқаның астына түсирмей, саған алып бердим,— деп Тасполат азнаўлақ егленип қалды. — Болмаса, бизде жигирма-отыз жылдан берли мүлтиксиз ислеп киятырған дүканшылар аз ба еди?— деп Тасполат өткир нәзери менен Шернияздың жүзине бақты.

— Дурыс ғой.

— Дурыс болса, усылардың бәрин умытып, бағана маған топпыңды ылақтырғаның не? Бул қандай қылық?

— Кеширерсиз, аға, ағажан! Аяғыңызға бас урайын!— деп Шернияз оның аяғына жығылып, тобығынан баслап жалай баслады.

— Болды, болды, тур орныңнан!— деп Тасполат аяғын өзине тартты.— Пышықтай мыррыўлап аяғыма оратылғанды жақсы көрмеймен.

— Қам сүт емген бендемиз ғой, аға. Бир қәтелик кетти. «Жаңылмас жақ, сүринбес туяқ болмас» дейди ғой. Сизиң арқаңызда турмыстың палын татыўға үйренип кетиппиз, оның азмаз кермегине шыдамай қалыппыз.

— Есиңде болсын, иним,— деп Тасполат билген ақылын айтты.— Пал менен зәҳәр қатар жүреди. Екеўиниң ыдысы да бирдей болыўы мүмкин. Биз де анадан усындай Тасполат болып бирден туўылғанымыз жоқ. Өмирдиң ашшысын да, душшысын да таттық. Шадыққоррам да болдық, қапаланып көз жас та төктик. Бирақ, сендей яр дегеннен алдындағы ағасының жағасына асылмадық. «Сабыр түби сары алтын» деп төздик, сүйегимиз сипсе болғанша шыдадық. Талай

жалахор арзагөйлер үстимизден Мәскеўге шекем жазды, сонда да партымыз шығып кетпей, жеңисликке еристик. Сен болсаң аяғыңа кирген қылаўдай тикенниң ҳазарына шыдамай мынаў тас-талқан болып атырғаның. Еле аяғыңа шөңге де киреди, көзиңе тердиң орнына қан-әм қуйылады, сонша байлық қамырдан қыл суўырғандай өзинен-өзи ап-аңсат келе береди деп ойлайсаң ба? Сораўы жоқ деп ойлайсаң ба? «Алаған қолым береген, береген қолым алаған» дегенге әмел қылыў керек. Тапқаныңды түйедей төсиңе баса берсең де болмайды, қынқылдап жүргенлердиң аўзын да сүртип турыў керек. Олар көзлери бақырайып, ҳәммесин сениң қулқыныңа айдап отыра бермейди ғой. Бәленин бәри усыннан басланып отыр. Мен едим үстиңнен түскен сонша арзаларды майлап-сайлап, төркинине қайтарып отырған. Мен жоқта үстиңнен тағы арза түскен, соның анығына жетиў ушын ревизия жасаған. Душпан сырттан келмейди, өз араңнан табылады. «Мал аласы сыртында, адам аласы ишинде» деген, иним.

— Япырмай, бала, мен бул жағын сирә ойламаппан-аў! —деп Шернияз үҳ тартты. Усы ўақытта иштеги өжиреден Улпериниң жан түршиктирерлик дәрежеде бай-бай салып қышқырғаны еситилди. Бул қорқынышлы бәд даўыстан екеўи де секирип-секирип орынларынан турды.

— Не бәле, мойныңа жылан оратылды ма?— деп Тасполат төрги бөлмеге жуўырды, оның изинен Шернияз шапты...

19

Бири ушып, бири түсип атырған самолетлардың даўысы менен аэровокзалдың ишиндеги пассажирлердиң шаўқымы, асығыс ҳәрекетлер, радиодан жаңғырып турған диктордың ҳаўазы — аэропорттағы күни-түни үйреншикли ғалма-ғал. Олар самолеттан ҳәммениң соңынан түсти. Мамонт келгенше бир газетаға үңилиў менен дөгерегине нәзер де салмады, жары жолдан кейин сол газета менен бетин басты да уйқлап қалғандай болды. Нурполат ендиги тәғдийриниң қайда барарын, қандай боларын ойлап иши ийт жыртқандай, егер минип киятырғаны поезд я машина болғанда сөз жоқ секирип түсип қалған болар еди. Ендиги жолы Мамонттың силтеўи менен бағдар алатуғынына даў жоқ.

Мамонт аэровокзалға араласыўдан шаштәрезхананы изледи.

— Қырынып алайық,— деди ол.— Не деген менен жат журт. Булар сөзиңе емес, жүзиңе қарайды.

— Мениң қырынғандай жерим жоқ, — деди Нурполат.

— Сен еле көсесең ғой,— деп Мамонт шаштәрезханаңың алдына Нурполатты отырғызып, ишке кирип кетти. Ол көп иркилди. Иштен шыққанда Нурполат оны танымай қалды. Бет-аўзындағы қап-қара жүнлерин тықырлатып алдырып таслапты, шашын да қысқартыпты.

— Жазда сақалдың кереги жоқ екен,— деди ол буның себебин түсиндирмекши болып. — Енди қатырып аўқатланып алайық.

Жоқарғы қабаттағы үлкен ресторан адамға толы екен, аўызда гезек күтип турыўға туўра келди. Чемодан Мамонттың қолында, самолеттан түскели оның тутқасын Нурполатқа услатқан емес, көпшиликтиң ишинде адастырып қашып кетер деп ойлаған шығар. Олар әллен ўақта босаған столға келип отырды. Мамонт сақал-мурттан айрылған соң әлпайым адамға уқсап қалды, енди бир қарағанда жыртқыш ҳайўанға қарағандай титиркенип кетпейсең, қәдимги күнде көрип жүрген қатардағы адамдай, қорқынышлы емес, бунысы Нурполаттағы алағадалықты қойдырып, сәл жубатайын деди. Нурполаттың кеўлинде емин-еркинлик пайда болып, арқайын аўқатлана баслады, Мамонт ҳәр қыйлы бәлени биледи екен, түрли-түрли аўқатлардың атын айтып, столдың үстин толтырып таслады, ишимликтиң де бурын көрмегенлерин әкелдирди. Бирақ, олар көп ишпеди. Күн кешкирген сайын бүгинги түнди қаяқта өткеретуғынын билмей Нурполаттың ақылы лал, тек исенгени Мамонт.

— Илажын табамыз,— деди Мамонт.— Мийманханадан орын табыў қыйын, транзит пассажирлерге ғана береди.

Ақ бозлақ, сулыўшық официантка есапласыўға келгенде Мамонт:

— Танысыў мүмкин бе?— деп күлимсиреп оның гөззал шырайына телмирди.— Мениң атым Миша, мынаў иним, Нурик!

— Валя, — деди сулыў келиншек.

— Бул жерде биринши болыўымыз,— деди Мамонт. — Сиз жумыстан қашан босайсыз?

— Түнги он бирде.

Мамонт оның есаплаған ақшасына жигирма бес сомды артық қосты. Бунша ақшаны әйтеўирден-әйтеўир берип атырған сақый жигитке официантка таңлана қарап, жүзлери гүл-гүл жайнап кетти.

— Рахмет!

— Рахмет бизден болсын!— деди Мамонт оның сүйриктей бармақларын гүректей қолы менен қысып.— Бүгин ақшам бизлерди мийман етесиз.

— Сизлер екеўсиз ғой?

— Қурдасларыңнан биреўин тапсеш.

— Сизлер отыра турың, мен Марина менен сөйлесип келейин,— деп официантка шаққан-шаққан жүрип, ресторанның ишки жағына кетип қалды. Мамонттың бундайда ылдам-жылдамы басым жигит екенине, қыйыннан қыйыстырып жол тапқышлығына Нурполат ишинен сүйсинип отыр. Егер ол усындай ақылын, усындай сумлығын, усындай тәсилин, усындай күшин елге, халыққа пайдалы тараўға жумсағанда қандай атақлы азамат болар еди! Ал, Нурполаттың өзи-ше? Өзи де Мамонттың қыңыр-қыйсық соқпағы менен игри тәреплерге қаңғалап баратырған жоқ па? Бундай биймақсетлик, тас-түнек бағдар, «ушарын жел, қонарын сай билген» қаңбақ өмир жаслығын зер-зебил етип, әлемниң қайсы мүйешине тықсырып киятыр? Өзи де билмейди. Ҳәзир ол таяўы тереңди бойламаған ескексиз қайыққа тәқәбил, алдындағы ийрим бе я мийрим бе, ол жағын билмейди. Тек Мамонттың шалғайына жабысып, «жөн алды қарабарақ» шаўып киятыр, қалтасында бир тийин ақшасы жоқ, сонша байлықтың хожасы Мамонт, оннан айрылып қалса ғайбана жақларда дийўанаға уқсап қаңғырып қалатуғыны аттан анық. Турмыстың бундай қысылшаңлығын басынан кеширип көрмеген бала алдын ойласа тас-қараңғыға қарағандай үмит нышанын көре алмайды. Өмиринше бетине жел болып тийип көрмеген анасын ойлады, көз алдынан бир ели тайсалса ишкен асы бойына тарамай жолына дилгир болып қарап отыратуғын еди, хабар-атарсыз кеткенин бүгин түнде билгеннен кейин оның ҳалы не кешер екен? Түни менен кирпиклери айқаспай дөңбекшип шығады-аў, бийшара. Баласының бойы өскен сайын мәртебеси

бийиклегендей қуўанатуғын әкеси буның из-түзсиз жоғалып кеткенин билсе, жалғыз жанын отқа жағып деп регин дабыра қағып қайлардан сорар екен? Өзине ҳеш гәп, әне соларға, ата-анасына қыйын, үлкен дағдарысқа түсетуғын болды. Егер түнде Мамонттың көзиниң тасасын тапқандай болса хат жазып жиберсе ме екен? Мамонт буны көзинен таса қылар дейсең бе? Жоқ, Мамонт оны бир табан былай жылжытпайды, не де болса басына түскен саўданы ақырына дейин көтерип шығыўы керек, «соқырдың соңына бақ» деген. Ал, бул гезендешиликтиң ақыры болар ма екен? Бул бийбағдар жүристиң изи қаяққа апарар екен? Ойлап ой түбине жете алмайды Нурполат, тек жалғыз сүйенген таўы — Мамонт: сол таўының үстинен бир тас төменге жылыса қойса, өзиниң де, оның да қарап болатуғынын биледи, лекин тегинликте Мамонттың ондай бола қоймайтуғынын да, анаў-мынаўға ыдырап дегип кетпейтуғын тасмийтинлигин де жақсы сезеди.

— Марина менен келистим,— деп қуўанып келди Валя.— Бизиң үйде боламыз. Сизлер саат он бирде вокзалдың алдында күтиң.

— Үйиңде басқа ҳеш ким жоқ па?

— Мамам бар.

— Онда қалай болады?

— Ол қартайған адам ғой,— деди Валя.— Қызының жумысларына араласа бермейди. Бөлмеси бөлек. Марина болса, мынаў ининде қайым.

— Яқшы, күтемиз! —деп Мамонт пенен Нурполат сыртқа шықты. Даладағы ҳаўа сондай таза еди, жутқан сайын жутқың келеди. Қаланың бир шетинен мунарланып Бештаў көринип тур, қап-қара топырақты қақ жарып өсип турған тереклердың асты оғада пайызлы. Олар басының аўған жағына пиядалап әсте жүре берди, асығып баратырған адамлардың биреўбиреўи менен иси жоқ. Қаланың кишкенелеў паркине кирди. Парк иши азада еди, скамейкада отырғанлар көп, аллеяларда майда-шүйде балларын ертип, кешки сейилде жүргенлер гилең бийтаныслар. Олар парктиң ең төриндеги жапырақ жамылған скамейкаға келип отырды. Мамонт қалтасынан салофан қағазға ораўлы темекисин алып тутатты, Нурполаттың шекпейтуғынын билгенликтен сорыўға мирәт етпестен жалғыз өзи кейип етти. Көк түтинди сорыған сайын бағанағы Ма-

онт басқа биреўге айланып ба
енди бул дүньяға ашық көз бен
көзлерин шала жумып, бетлери
бир нәрселерге қыйналып, әлле
толып атырғандай түсиниксиз ҳа
сермеп, тап адымлап жүрип ба
жасады, қолтығының астындағы
жерге қулады, оны сезип атырға
ўақта бир биймәни гәплерди ай
қарады. Чемодан жерде жатыр.
баратыр. Ол жаман ойға берилд
дирмей чемоданды алып қашсам
нен жете алмайды ғой. Бирақ,
Сонша адам бар, қашып бараты
көрсе тоқтатады. Сөйтип чемодан
пуллық киси боламан. Чемодан
басып шығып кетиўим керек» д
Кәйпи-сапа қурып отырған
та ақыл-ҳуўшынан биротала ай
лерди сандырақлаўда еди. Нур
данның тутқасына қолын тийгиз
Нурполаттың қолының үстинен
ҳазарынан Нурполат «ўай!» де

— Не қылып атырсаң?— д
ғандай, еле аяғы менен оның

— Чемоданды жерден алы

— Солай ма? —деди Ма
тип аяғын тартты.— Норка, қы

Нурполат оның сезгирлигин
тәғдирине тән берип, тек Мамо
жүрмесе, оннан қутыла алмасль
ги ҳәрекетлериниң ҳәммесин жо
«Чемоданды алып қашажақ,—
Мениң сынап отырғанымнан ха
бул баланың мың қайнаса да ма
ды. Басыма пайдасы жоқ адам
не қыламан? Я тағы бир сынап
яғәй, басымды бослап алыўым

Қараңғы түсе баслады. Қаран
геги шырақлар пәтлирек жанып
көбейе берди. Қызларға берген
ўақыт қалды, бирақ ҳәзир Ма

жоқ, мынаў чемоданды баспүкил өзине бийиклегендей бул қырық мың қызылға барабар еди... ғалып кеткениң еди. Ол парктиң дәрўазасынан жалғыз регин дабыра қте адам көринбейди. Бир айланбада гәп, әне соларға милиционер буны көрди де алдынан қа түсетуғын бо
тасасын тапқанд иркилиң! — деди ол честь берип.
Мамонт буны кө?— деди Мамонт.
Мамонт оны бир и көрейик.
болса басына түсүтин шығаражақ адамдай қойнына шығыўы керек, «со сыз турған милиционердиң көкирек гезендешиликтиң а мушы менен қойып қалды. Милижүристиң изи қаяққерге қулады. Мамонт тағы дөгережете алмайды Нурғим көринбеди, ол жүрегин басты Мамонт: сол таўыны тәрепине өтип, ала көлеңке қараңса қойса, өзиниң де, алдындағы такси туратуғын майди, лекин тегинликте ған милиционерден еле хабар туғынын да, анаў-мы урған таксилердиң бирине келип тасмийтинлигин де жўдан-ақ такси кең көше менен
— Марина менен қарай зыңғып кетти...
Валя.— Бизиң үйде б
вокзалдың алдында кү
— Үйиңде басқа ҳеш
— Мамам бар. а жылан оратылды ма? — деп
— Онда қалай бола жуўырды, оның изинен Шер-
— Ол картайған ад ин олар түсинде де көрмеген ның жумысларына ара й ҳаўлығысыўы менен сыртқа, Марина болса, мынаў и отырған жерине қайта шықты.
— Яқшы, күтемиз! ра қустың қанатындай жайып: сыртқа шықты. Далада бул мүмкин емес!— дей берди. қан сайын жутқың кел?— деп Шернияз екеўине жалнарланып Бештаў көрі
қақ жарып өсип турға аў, бир чемодан!— деп Улпери йызлы. Олар басының лефонға асылды.
жүре берди, асығып б атырсаң?— деп қышқырды оған биреўи менен иси жок
кирди. Парк иши азад етемен!
көп, аллеяларда майдбканы! — деп жекиринди Таспосейилде жүргенлер ги өзимиз байлап бериў қалып туең төриндеги жапыра
отырды. Мамонт қалтумға синғендей жоқ болып кете темекисин алып тутат көзлериниң жасын сыпырды.
билгенликтен сорыўға ып отырды.
йип етти. Көк түтинді

— Қәне, сизлер де отырың,— деди екеўине.— Отырың! Урлықтың үлкен-кишиси жоқ, сорамай алсаң ийне де урлық деген. Ал, айт, қатын, мен жоқта үйге ким қонды?

— Еркеги жоқ үйде ким қонатуғын еди? Ҳеш ким келмеди.

— Расыңды айта бер! Еркеги жоқ үйде қонғышлар көп болады,— деп бирден пәтленип кетти Тасполат.— Айт, қайсы жоран қасында болып еди?!

Тәғдир тумлы-тусынан ийттей талап атырған Улпериниң бети лалаптай қызарып шыжа-пыжасы шықты:

— Мениң неше жорамды қойнымнан суўырып алып едиң?! Я?! Адамды ҳақтан жандырма өйтип!

Тасполат қатты ашыўы келгенде бир жерде отырып кисиге бақыра алмайтуғын еди, орнынан турып арманберман қаңғалай баслады. Сонша байлықтың көз-көреки жоқ болып кетиўи ақылға уғрас келмейтуғын жағдай еди.

— Онда бир чемодан алтын заем қайда кетти? Жер жутты ма оны?! — деп тағы қышқырды Тасполат, соң азмаз тым-тырыс болды да:— Ҳәттершиниң байталындай шыбыжыңлап жүрип, сеннен келген бәле емес пе? — деп Шерниязға асылды. Таўдай бәленің үстине дөнип, шәппиктей жабысқанынан ҳүрейи ушқан Шернияз орнынан атып турды:

— Не?! Соңында мени урыға айландырдыңыз ба?

Күйеўиниң тарпыўынан қутылыўдың пайты келгендей:

— Тап, усы баладан басқа адам басын суқпады бул үйге! — деп Улпери кеўлиндеги Шерниязға болған барлық ықласын дүньяға алмастырып жиберди.

— Айтаман-аў! — деп ўәлийсымақланды Тасполат. — Сол урлығымды сездирмейин деп ақша сорап келип отырғанына қара буның!

Жаланың жалынына күйип Шернияз бир қысым болғандай хорлығы келип, гәп таппай қалды. Бирақ, ойланатуғын ўақыт емес еди, сәл егленсең барлық айып асаў дәрьядай ағып келип, таўдай толқын үстиңнен басып, мантықтырып кететуғыны гүмансыз еди, сонлықтан жала ағысына қарсы жүзип қалмаса болмайды.

— Ал, енди буныңызға шыдай алмайман,— деди

Шернияз салдаманлы түрде.— Милиция шақыртаман Сезгир, ийисшил ийти бар, излесин.

Ол есик бетке адымлады. Тасполат оның анық кетермен болғанына көзи жеткен соң:

— Тоқта!!!— деп бар даўысы менен қышқырды.— Тоқта! Тасполаттың тас-талқан болайын деп турған жери усы! Әй!— деп Улпериге қайтадан алып-топылды.— Көзиң шыққыр, не бағып отырсаң?! Сени үйде қалдырғанда, үйдегилерге қарап отырсын деп қалдырғаным жоқ па еди?

Ўлпери де оның анаў-мынаў ҳәкиреңлегенинен қайтпайтуғын ҳаял болғанлықтан бақырысына жаңғырығы менен жуўап қайтарды:

— Ғарғамасаң-ә адамды! Өзиңниң көзиң шықсын!!

— Баладан бунда айрылдық, машыннан бунда.., Енди, ўай-ўай!!! Қанша пул кетти?!!— деп бар пәрмени менен Улпериге умтылып еди, силтеген жудырығын Улпери қағып жиберди, Тасполатты бығырлатыўы менен жерге паңқ еттирип жықты да, аяғының ушы менен көмпейип атырған местей қарнын басып тура қалды. Өмиринше бундай көринисти көрмеген Шернияз аң-таң.

— Урғанды көрсетейин мен саған!— деди қаны бетине тепкен Улпери түкириги шашырап. — Шегирткениң айғырындай шырылдап, бир кемисиң муш силтеў еди енди, ләмсер! Курортқа бармағанлар қырылып атыр ма еди? Үйде сонша өли дүньяң бар екен, бир жақларда қаңғып нең бар еди, көмпек?!

Улпериниң аяқларының қанша салмағы барын Шернияз да билетуғын еди, сонлықтан Тасполатты аяп, жараған түйедей көбик шашып турған әўпилдек жеңгесин бир шетке тартты. Тасполат барлық абырайдан журдай болған адамға уқсап сүйретилип орнынан турып тоңқылданды:

— Ҳәм уры, ҳәм үстем! Бул не сеники?

— Койсаңлар да, Тасполат аға, Улпери жеңге!— деди Шернияз екеўин тәўеллеге шақырып.— Мүмкин ол чемоданды балаңыз алып кеткен шығар?

— Бала не қылады оны, я? Бала не қылады?—деди Тасполат парты шығып. — Қалтасындағы бес мың манаты азлық етти ме оның?!

Улпериниң қызғыны сәл басылғандай болды:

— Ҳаў, мен усы босағадан бир табан былай жылжымадым ғой. Сен өзиң курортқа әкеткенсең!'

— Әй, сен де тал шайнайсаң-аў! — деп Тасполат ҳаялына терис қарады.— Курортқа әкетип мен не, ол жақта қала салып атырман ба?

— Сизлер қуры далаға қыйқыў салғанды қойып, милицияға хабар бериң,— деп Шернияз билген ақылын айтқан болды. — Ямаса, палкерге барыў керек.

Жайдың иши азы-кем силтидей тынды. Енди не қылыў кереклигин ҳәр ким өзинше тәшўишлеп атырғандай. Тосыннан болып қалған иске бирден дужырымлы жуўап табыў да қыйын.

— Шабазым, айтөссе биреўин,— деди Улпери Тасполат пенен ерли-зайыплы екени енди есине түскендей кеңес сорап.— Ешейинде ақылдың дәнеси едиң ғой?

Тасполат еле ой үстинде ,оның бир аўыз ақылына зар болып турғанлардың алдында жеңилтеклик етип, яр дегеннен шошаңлап кетиўге болмайды, онда ақылдың қәдири кетеди. Тыңланатуғын ақыл тигистиң әдиўин қайтарғандай әсте-ақырын, жатық шыққаны мақул, ол ушын жети өлшеп, бир кесиў керек.

— Милицияның қулағы шала қойса, бунша нәрсени қаяқтан таптыңыз деп басымызды шырылдаўға салады,— деди Тасполат ҳәр сөзин масақ тергендей етип.— Таўып берер. Бәрибир, тапқан менен изи насырға шабады. «Палға исенбе, палсыз да болма» деген ғой. Палкерди көрсек қалай болар екен?

— Ҳә, жаңа өриске қосылдыңыз,— деп Шернияз қуп көрди оның гәпин.— Қәне, қайсыңыз барасыз, өзим апарып қайтайын.

Олар бир-бирине қарасты.

— Ҳаял, сен барып қайта ғой,— деди Тасполат.— Мениң қалада төбем көрине бермей-ақ қойсын.

— Яқшы, кийинип шығайың,— деди де Улпери ишке кирип кетти.

— Ал, Тасполат аға,— деп Шернияз кеўлиндеги гүптикейине саңлақ изледи.— Ол ҳеш жерден табылмаса қалай болады? Мен не қыламан?

— Табылмаса өзимниң-әм не қылатуғынымды билмей турман, ғошшым,— деп ҳағынан жарылды Тасполат.— Екеўимиз қол усласып, тиштәнә-тиштән деп басымыздың аўған жағына кетпесек болғаны ғой..,

— Ўай-боой, аға! — деп гүрсинди Шернияз.

— Әй, сен де бир коқаң-лоққы екенсең! — деп мурнын жыйырды Тасполат Шерниязды унатпай. — Ҳаў, реви-

зия келместен бурын неге дүканға от қоймадың? Неге-ғана өртеп жибермедиң күл қылып?!

— Көзим қыймады...

— Көзиң қыймаса, енди түрмеде жат омалып!— деди де Тасполат ишке даўыслады.— Тойға баратырғаның жоқ, қатын! Жүдә сәнин келтирип сәтең болып сазлана бермей-ақ қой!

Қаралтым жылтыр көйлек кийген Улпери шықты:

— Талабымыз оңына басқай-дә, илайым!

Есиктен шығып баратырған олардың изинен Тасполат тесиле қарады да диванға келип қыйсайып жатқан соң: «Әй, усы екеўиниң қыйқыйысыўы жаман,— деп ойлады,— Тасполат өзиңе беккем бол, мийтин бол! Сәл жерде сөтилип кетпе, сорлы!...»

Сонша байлығының жоғалыўы Тасполат ушын ҳаялының өлген хабарын еситкеннен де аўыр болды. Ҳаялының бағанағы хорлығы ядына түскенде оның өлип кеткенин абзал көрди, бир чемодан заем аман турғанда оған басқа қатын таўып алыў жыр ма еди? Енди бәриниң ўайраны шықты, бул бийҳая менен өмир-өмиринше ийтли-пышықлы турмыста оңысығының ырылдасып-мырылдасып кетип отырысы. Сырттан қарағаң адамға төрт түлиги сай болып көринген менен бул үйдиң ишинде болып атырған тентекшилик оты қалың думанның арасынан пысқып көринбей атырған түтинниң астында лаўлап киятыр еди. Тасполаттың мурнына түтинниң ийиси келгендей болды, бирақ от еле көринип турған жоқ. Әлбетте, от жанбаған жерде түтин болмайды, от жанған жерде күл қалады, күлди ҳәмме көре бермейди, ал, оның түтинин жасырып болмас... Ҳәзирше лаўлап атырған от та, оның шубатылған түтини де Тасполаттың ишинде, ол еле сыртқа дүт берген жоқ. Лекин, сонша байлық табылмаса, қазанның қақпағы жабыўлы күйинде қала берер ме екен? Билмейди. Ақылы ҳайран, көкиреги ўайран. Оның қорасына шапқан ким, бир чемодан заемын қаққан ким? Өрмекшиниң аўындай шым-шытырық ойларға шырматылған Тасполат келептиң ушын таба алмады, қанша ойланса да бир бәндиргиге келип иркилиў қыйынға соқты. Палкерге исениў де өлип баратырған адамға «тәўирмисең?» дегендей бир гәп...

Сыртқы есик қағылғандай болды.

21

Не-не заманлар өтти!...

Бир тапқаны бир тапқанына жетпей, қараңғы заманның жолын қармаланып, жулдыздың сағымындай болса да жақты излеген халық тәғдир қыслетинен, дәўир қысыўметинен шаршаған еди. Аспандағы қуяш та оларға тең болмады, қулазып атырған жер де оларға кең болмады. Байлар менен бийлер олардың үстинен қамшы силтеди, тәғдир олардың еңселерине жылжымайтуғын аўыр тас болып минип алды. Ушайын десе қанатынан қайрылды, шабайын десе туяғынан майрылды. Қан сорпасы шығып қазған жапларынан абаданлық ағыслары емес, қайғы-уўамым тамшылары ақты. Еңиреген халықты қара даўыллар шайқап, тамыры ләрзем алған шынардай қалтыратып шақаларын жулқылады. Әйне бәҳәрдиң сәўир самалларында жасыл жапырақ жайып гүллейтуғын бағлары болмады, жаздың әптап ыссыларында таңлайы тамшы тилеп, күйип атырған шөлистанлықларға айланды, оның үстине өткинши бултлар да көз жасларын төкпеди, гүздиң қоңыр салқын самалларында сағыныштай сарғайып, сырдандай далада кемпир қуяштан жыллылық изленди, қыстың күни-түни жаўған қалың қарларының астында үмитлери, арзыў-әрманлары бәҳәрди күтип уйқлап жатты, лекин күткен бәҳәри қақсалы шығып ашлық соқпағынан келетуғын еди.

Не-не заманлар өтти...

Еки баласын үйлендирип, өз алдына түтин түтеткен Султан алпыстан асып баратырса да еле шериўши аўылындағы ғайбар кисилердиң бири еди. Жас ўақытларында той-мерекелерде гүреске түсетуғын Султан атағы дәрьяның бержағына онша жайылған палўан болмаса да өмиринше хожалығын қара күшиниң тапқаны менен бағып киятыр, оншама кисиге басыбайлы болған жоқ, аўылдағы Төребек байдың есигинде де күнликшилик етип көрмеди, көзин ашқалы дийханшылық пенен шуғылланып, балаларын да усы кәсипке үйретти. Еле үйлениўге жасы жетпеген генжетайы Абдулла жаслайынан-ақ басқаларына уқсамады, онын ата-анасына берген сораўлары қызық ҳәм адамды ойлантарлық еди. «Үйдиң ишинен ҳеш болмаса бир

саўатлы адам шықсын» деген қалыс нийет пенен Султан усы баласын Қос терекдеги Шәмшет молланың мешитине оқыўға апарып берди. Мешиттиң тар өжиресинде қыйқыў салып оқыған ҳәриплер кеўилге онша қонымлы бола бермесе де, Абдулла әкесиниң үлкен үмит пенен әкелгенин усыннан бир нәрсе уқпай, қуры ҳәлекшилик пенен босқа жүре берсе өзине жақсы болмайтуғынын, моллаға төленип атырған сонша ғәрежеттиң самалға ушатуғынын билер еди. Билим, өнер ийелемеген адамды әкеси де жақсы көрмейди. «Еңбек етсең емерсең» дейди ол, гейпаралардың жеўге ас таппай, ҳәммеси ушын қудайды ғарғап, тәғдирди табалап отырғанын жақтырмайды. Болмаса, қоңсысы Нурымбетке былтыр бәҳәрде мөлдекке жүўери егиўди усыныс етти, ол болса салма қазып әкелиўге қайыл болмады, бир бүйирине қарады, қолымыздан келмейди деди, қулласы, мөлдекке қосылмады. Изи не болды? Марданындағы дәни қыстың ортасында таўсылып қалды, ҳәр кимнен қарыз сорады, бала-шағасы төркинине қаңғырып кетти. Дурыс, жери жоқ хожалықлар да бар, оларды байлар мәжбүрий түрде есигинде ислетиў ушын солай етип қойыпты, олар кисиниң талабын ислеўге, малын бағыўға үйренип кеткен, өз дийдинше егин егиўди келистире алмайды. «Бундайлардың басын қурап, бир жерде мийнет еткенде ҳәммесин үйретиўге болар еди-аў» деп әрманлайды Султан. Ашырқаған аўылласларының муңлы жүзлерин көргенде оның жатып уйқысы келмейтуғын еди.

— Ақ патша қулапты, бийлик гедейлерге өтипти!— деген ғалаўат Әмиўдәрьяның оң жағалығындағы аўылларды үстинде қустай қанат қаққанда адамлар бир серпилип қалған еди. Узын қулақтан еситкен гәплер қысқа қулақларға жетип, екеў-ара шүңкилдескен көбейип кетти. Ақ патшаның орнына қандай патша болғанын билмесе де, Ленин деген дана батыр шығып, изине езилгенлерди ертип, байлардың дүнья-малларын тартып алып, аш-қаллашларға үлестирип атырған емиш деген мыш-мышлар тумлы-тустан тынымсыз еситиле берди. Шымбайдағы ояз (уездной пристав) өлтирилгенде усындай бир ғаўасат пайда болып, соң халыққа пайдалы ҳеш қандай өзгерис болмағанлықтан бәри өсек-өтирик әңгимедей басылып қалған еди, бул

да соның сыңары ма дегендей биразлар онша елең ете бермеди.

Бирақ, еситилген гәп кем-кем расқа айлана баслады. Шайдаков баслаған қызыл әскерлер Хан Жөнейтиң, Хан Мақсымның, Атаман Фильчевтиң ләшкерлери менен қырғын урыслар жүргизип, совет ҳүкиметин орнатып атырған әңгимелери аңызға айланып түпкирдеги аўылларға шекем ҳәр күни жетип турды. Нөкис гарнизонынан шыққан қызылларды халық душпанларының Тазғарада аңлып жатып қырғынға ушыратқан қайғылы хабары пухара халықтың ғәзебин қайнатты.

— Жасымның өтип кеткенине қара! Болмаса, жаўлар менен бир шайқасыўдың қыйтығы келип-ақ еди!—деп өкинди Султан ҳәм еки баласын қызылларға қосып жиберди. — Халық жаўларын аяман, балларым, гедейлерге нур алып киятырған қуяшқа түскен бултларды дызағайлатып қууып, тарқатың! Ҳақ жол, айдын жол сизлерге! — деди ол балаларын аласапыран сапарға узатып атырып.

Аўылларға кеңес ҳүкиметиниң туңғыш қарлығашлары ушып келе баслады, олар келиўден ескиликтиң ширип баратырған қалдықларына қарсы гүрес жүргизилди, ҳаял-қызлар теңлиги, халықты саўатландырыў, бай-ийшанларды кулақ элементлери сыпатында саплastырыў бойынша қызғын жумыслар қолға алынды. Дүньяны жалпағына сүрип, емин-еркинликке үйренип қалған мойны жуўанлар тегинликте басына ноқта салдырғысы келмеди, жаңа ҳүкиметке аларған көзлери менен қарады, утыры келсе баспашылар менен байланыс жасап, орнап атырған жаңа заманның жолына орлар қазып, таслар үйди. Бирақ, табаны нық, қәдеми кең революцияның жеңиси қарсыласқанларын сол табанының астында женшип, алға қарай қәдем таслап келе берди. Аўылларда ТОЗ лар шөлкемлестирилди, партия, комсомол ячейкалары дүзилди. Жаңа ҳүкиметтиң арын арлаған, даўын даўлаған белсендилер менен батрачком ағзалары атлар сабылтып, мийнеткеш халықты бир аңғарға түсириў ушын күни-түни оларға үгит-нәсиятлар айтып, ўазлар оқыды.

Саўаты бар адам ушығаның қыйқымындай қәдирли еди, ҳәтте ебиндей саўатлылар академиктен бетер болды, ел басқарыўшылардың көбисинде саўат жоқ болғанлықтан олар сиясатты бир тәреплеме түсинип,

байлар менен диншиллерди жөнли-жөнсиз қуўдалай берди, арабша жазылғанлардың ҳәммесин көзине түсиўден диний китап деп жағып жиберди. Қызбалылары асықпай-албырамай түсиник жумысларын алып барыўдың орнына яр дегеннен қамшы силтеп, жаңа ҳүкиметтен көплеген адамларды безиктирип алды. Орнап атырған заманның бурынғыдан артықмашлықларын, тек ғана халықтың мәпин ойлайтуғын дәўир келгенин, енди ҳәмме тең ҳуқықта жасайтуғынын, бай, жарлы, дегенлердиң болмайтуғынын қыйқымлап, жиптиктей етип түсиндирип халықтың санасына жеткериўге саўат керек еди, бирақ ол атқаминерлердиң көпшилигинде табылмады.

Жаслайынан зийрек Абдулла китап оқып, хат жазғандай саўат ашқан еди, жас жигит елдеги болып атырған өзгерислерди бирден аңлады, әкеси Султан да баласының усындай қыруар ўақытларда сәлленлеп бос жүре бериўин қәлемеди. Бир күни районнан келген партия ячейкасының секретары Мурат Ниязов деген отыз жаслардағы жигит Султанның үйинде түсленип отырғанда Абдулланың саўаты барын билип, өзине жақын тартты. Папкасынан бир газета шығарып Абдуллаға оқытып көргеннен кейин бул баланың өз қәжетине жарайтуғынына тақыйық исенди.

— Сени комсомолға қабыл етемиз,— деди ол Абдуллаға исенимли көз-қараста.— Кейин бир-еки жыл аўылда ислеп ысылған соң оқыўға жиберемиз.

— Саўаты бар ғой,— деди Султанның ҳаялы Генжегүл түсинбей.

— Саўат пенен саўатлының аспан менен жердей парқы бар кемпир,— деди оған Султан билгишсинип.

— Султан аға дурыс айтады,— деди Мурат Ниязов оны мақуллап.— Китап оқып, хат жазыў — бул саўаттың басламасы ғана. Ҳәзирги заманның алдыңғы адамы болыў ушын терең билим керек.« Оқы, оқы, және оқы!» деген көсемимиз Ленин. Еле колхоз қурамыз, оны басқарыўға да саўатлы адамлар керек. Социализм жәмийетин саўатсыз адамлар менен дүзип болмайды. Ликбез ашамыз, еле сизлер де оқыйсыз,— деп ол Султан менен Генжегүлге қарады.

— «Қартайғанда саз үйренип, ақыретте шертемиз бе?», балам-әй,— деп күлди Султан.—«Түйе қартайғанда көшегине ереди» деген, усы балалардың изине ерип жүрсек болғаны...

Абдулланы комсомол ағзалығына қабыл еткеннен кейин оның мойнына көп жумысларды жүкледи. Аўылдағы жигит-қызлар тораңғылдың шақаларындай әрретәрре еди, оларды бир тәрепке қарай қыймылдатыў ушын самал керек еди, ол самал күшли де, өлпең де болмаўы керек. Бирден күшли ескен самал шақаны сындырып кетиўи мүмкин, ал өлпең самал оларға қыймыл енгизе алмас... Абдулланың күн-түн демей жүргизген үгитлери жемиссиз болмады, оның қатары кем-кем толыса берди, аўылда комсомол ячейкасы дүзилип, оған өзи секретарь болып сайланды.

Арқадағы Тахтакөпирдеги Барлықбай баспашының шабыўылы, Избан қарақшының ҳүкимет теперишлерин, муғаллимлерди биримлеп өлтирип кетиўлери халық ғәзебин туўдырып турды, бирақ олардың ҳеш бири де уллы ағыстың алдына бөгет бола алмады, жақсы нийет теңизине қарай аққан дәрья толқыған үстине толқып аға берди. Ҳәр жер-ҳәр жерде колхозлар дүзилди, баспашылар салған ылайсаңлар айрым колхозларды тарқатып та жиберди, орталыққа жыйналған маллар урланды, складлар өртелди, колхоз белсендилери қурбан болды, лекин бахыт ушын атланған тулпарлардың туяғын майыра алмады, олар ығбал майданына қарай ойлы-бәлентли асыўлардан жол салып алға шаба берди.

Төрткүлде тракторшылар курсы ашылып булардың колхозынан еки жигит, еки қыз барыўы керек еди, бирлигине Абдулланың өзи жазылды. Тағы бир жигит табылды, бирақ қызларды көндириў қыйын болды. Ескиликтиң исенимине шырматылып қалған ата-аналар қызларын қолларынан жаздырғысы келмеди, айырым қызлардың өзлери де натықлық етти. Солай да ел елшилигин етип, еки қыз узақ сапарға атланды. Барғаннан кейин Абдулладағы саўатты, уқыпты аңғарған ол жердеги устазлар оны аўыл хожалық техникумына оқыўға қабыл етти. Усы жерде Абдулланың жаслығында умытылмас ўақыялар дусықты: ол партия ағзалығына кандидат, соң ағза болды.

Қыйын ҳәм қыстаў, асығыс ҳәм машақатлы жыллар өте берди. Олар изсиз өтпеди, оның артында әўладларға естелик тарийх жазылып қалды. Дәўир талабына

сай имкәниятларды өне бойына топлап қайтқан Абдулла Султанов орта арнаўлы билимге ийе коммунист болып партиялық жоллама менен районға келди.

— Сиз кадр мәселесине шөллеп, аңқамыз кеўип турғанда келдиңиз,— деп күлимсиреўи менен қарсы алды оны Мурат Ниязов, ол бул ўақытта районлық партия комитетиниң секретары еди.— Мине, аўыл хожалығының маманы болып қайттыңыз. Аўылыңызда аўҳал жақсы емес. Планлар орынланбай атыр. Өткен гүзде пахтадан гектар басына 8 центнерден өним алынған. Басқа дақыллардан да тапсырғаны қарық емес. Шаруашылық та өзи боладылыққа салынған. Назарымбет аға өзи ақ көкирек адам болған менен кисиге ҳазар бергиси келмейтуғын мөмин адам. Басқаларды жумсай билмейди, шөлкемлестириўге дым ғана уқыбы жоқ. Биреўдиң орнына да өзи ислегиси келеди. Бул дурыс емес, коллективтиң күшин сезинбеген жерде жумыс болмайды. Әне, Абдулла Султанович, жас кадрсыз, саўатыңыз мениң саўатыма теңлесип қалды, тек партия мектебин питкерсеңиз... Буны да ислеймиз. Ҳәзирше туўылған колхозыңызды басқарып турасыз.

Елге басшы болыў аңсат ис пе? Оның еле отызға шықпай атқа минип, адамларға ананы-мынаны исле деп талтаңыўы көпшиликке унай бермеди. Әсиресе, Төребек байдың туқымлары бурынғы пал жалап, май кекирген турмысын аңсап, ҳәр қыйлы ыдыратыўшылық ислерин қупыя түрде жүргизиўде еди. Олар айрым молласымақларға ҳәл берип, колхоз шалғайына әўпилдеп асылдырыўға шекем барды, қалың тоғайларда қалған-қутқан баспашылардың қалдықлары менен астыртын байланыс жасап, колхоз мүлклерин талатырып турды. Жас совет властын халық жаўларынан қорғаўда еки баласы да ҳәлек болған Султан ғарры енди тек усы баласының тилегин тилеп, оның барлық жумысларына көз-қулақ болыўда еди. Билген ақылын баласынан аямады, ишки жаўларға деген кек оты ғаррының жүрегинде лаўлар еди, сонлықтан да ол Төребек байдың үйине келип түскен ҳәр бир атлыны көзинен таса қалдырмады.

Бир күни кешқурын Төребектиң үйине бир атлы келип түсти. Келген адам Абдуллалары менен қатар жас жигит еди, сыртқы пишимине қарағанда усы ҳүкиметтиң нанын жеп, соның арын арлап жүрген адамға

уқсайды, лекин колхоз кеңсесине, я аўыл кеңеске қайрылмай туўры байдың дәргайында аттан түсип атырғаны Султан ғаррыны ойлантайын деди. Төребектиң үйи менен колхоз кеңсесиниң арасы онша қашық емес еди, Султан ғарры көрген-билгенин Абдуллаға айтыў ушын кеңсеге келди. Енди ғана салқын түсип киятырған жаздың кеши еди. Кеңседе Абдулла менен аўыл кеңес председатели Тәжибай отыр екен. Ғаррыны көриўден Тәжибай ушып турып сәлемлести.

— Бир ишши келип Төребектиң үйине түсти ғой, шырақларым,— деди ғарры отырар-отырмастан.

— Ол қандай ишши?

— Тап сениң менен қатар, шәпкили жигит,— деди Абдуллаға.— Астындағы аты жийрен қасқа.

— Ол ким болды екен?— деп ойланып қалды Тәжибай ақсақал.— Баспашыларға уқсамай ма?

— Олар жарғанаттай қараңғы түскен соң келеди ғой. Бул өзимиздиң адамларға мегзейди.

— Бизлер бир мәселелерди шеше алмай атыр едик, аға, — деди Абдулла ғаррының гәпине онша итибар бермеген мәниде. — Саған жаўынгерлик тапсырма, аға....

Олар күлисти.

— Аўа! — деди Абдулла сөзин даўам етип. — Келген адамның ким екенин анықлайсаң...

Султан ғарры Төребек байдың жақтырмайтуғынын билсе де, қараңғы түскеннен кейин босағасынан атлады. Келген жигит алты қанатлы ақ отаўда Төребек пенен шүңкилдесип, қызара-бөртип чай ишип отыр екен. Султанды көриўден Төребек кирпидей жыйырылып, мойнын ишине тартты. Қонағына «енди ол жөнинде аўзыңды ашпа» дегендей ым қақты.

— Аман-саў отырсызлар ма? — деди Султан мирәт болмаса да төрге өрлеңкиреп отырып. — Кеш жарық! Мийманың бар екен ғой.

Олар жуўғарада үндей қоймады. Бирақ, Султан гәптен гәп шығарып оны балалатпаса болмайтуғын еди.

— Бала колхозды меңгерип кете алмай атыр, — деп Султан ғарры Абдуллаға тәғне тағып сөйледи. — Өзиниң жаслығынан ба, я бослығынан ба, билмедим, шигинниң қамырындай ыдырағаң адамлардың басын жәмлеўи мүшкил болып тур.

Келген жигит ғаррының гәпинен усы «Таза күш» колхозының баслығы Абдулла Султанов ҳаққында әң-

гиме басланып атырғанын аңғарып, ғаррының аўзына бар ықласы менен шүңирек көзи тесилип қарады. Төребек бай алдына қарап, Султанның бул гәплерди не мақсет пенен айтып атырғанын пайқаслаў ушын ҳәзирше сыр сандығының қақпағына тарса қатып отыр, үйине басын суға бермейтуғын ғаррының бир әндийше менен келип отырғанын да дусмаллап қояды.

— Шырағым, танымадық? — деп Султан қонаққа қарады. Қонақ жигит көзиниң қыйығын Төребекке таслап еди, ол төмен қарап отырғанлықтан аңламады.

— Районнанбыз, аға, — деди қысқа түрде қонақ жигит.

— Аўылларды аралап жүрсиз бе?

— Аўа, Төребек дайым еди, алды менен сәлем берип шығайын деп қайрылдым.

Султан ғарры қонақ жигиттиң қып-қызыл өтирик сөйлеп, аппақ сақаллы ғаррыны алдап отырғанын сезе қойды. Болмаса, өмиринше усы аўылда жасап киятырған ғарры Төребектиң үрим-путағының жети пуштына шекем биледи, оның бундай жийени жоқ, қызларының туўғаны еле ержетпеди, байдың апасы я қарындасы болған емес, сонда қалай, аяғы салбырап аспаннан түскен жийени болмаса...

— Бизиң баланы таныйтуғын шығарсаң?

— Сениң баланды ким танымайды, Султан! — деп келгели биринши мәртебе аўзын ашып гүнк етти Төребек,—Сениң балаң тақыр жерди шаңғытып шыққан бир заңғар болды ғой!

Бай бул кекесин сөзлери менен кеўлиндеги талай жыллардан берли топланып жүрген зердесин бир төгип салғанын Султан сезди, бирақ бул сапары Төребек пенен айтысыў ушын келмегенликтен оның тоғанақ шалып сөйлегенине дүт бере қоймады, еситпегенсип қонақтың жуўабын күтти.

— Колхоз баслығы Абдулланың әкесисиз бе? — деп Султанға әжепленгендей етип қарады. — Әлбетте, оны жақсы таныйман, райондағы жыйылысларда көрип тураман. Оны жақсы баслық сыпатында тилге алады ғой жоқарыдағылар, ал сиз болса келиўден балаңыздың исине кеўлиңиздиң толмайтуғынлығын айттыңыз. Бул қалай?

— Шырағым, мен басқа жақларда қандай жумыслардың болып атырғанын билмеймен-дә, бирақ бизиң

аўылдағы жумыс та қарқ емес! — деди Султан келген қонақты сөйлетиңкиреў мақсетинде. — Сен балам, райатком емессең бе?

Төребектиң иши ғымм ете қалды, бул сумлықлы ғарры райатком председателин таныйтуғын еди, буның қасты-ғәрези қонақтың аты-жөнин билип алғысы келип отырғанын тулки байдың иши сезип отыр. Қонақ та әнейи емес, шайтан екен:

— Ол киси бизлерден үлкен адам ғой, биз жақында келип атырған жаңа адамбыз, — деди де кимлигин айтқан жоқ. Қонақтың түр-түсин анықлап кеўлине тоқығаннан кейин енди буннан-былай отыра бериўди өзине мүнәсип көрмей Султан ғарры орнынан көтерилди. Оның анық кетермен болғанын билген Төребек бай:

— Ҳаў, отырып аўқат-паўқат дегендей... — деп басын көтерген болды. Бирақ, Султан егленген жоқ, үйден шықты да қараңғыда сүрмелекленип туўры колхоз кеңсесине келди. Аспа шыраның дөгерегинде үш-төрт адам ертеңги атқарылатуғын жумыслар жөнинде қызғын әңгимелесип отыр екен, олар биймезгил кирген ғаррыға бежирейисип қарады да, Султан екенлигин билгеннен кейин көрмегенлери сәлемлести.

— Ҳә, аға, жайшылық па? — деди Абдулла жети түнде ғаррысының жүргенине таң қалып.

— Бағанағы...

— Ҳаў, ол мениң ядымнан-әм шығып кетипти-аў! — деди Абдулла күлимсиреп. — Яқшы, кейин сөйлесермиз. үйге қайта бер, аға.

Ғарры тағы қараңғының қушағына сүңгиди.

Ертеңине ақшам колхоз қорасынан төрт өгиз урланды. Азанда бул қолайсыз хабарды еситкен Абдулла атына ер басты да жигитлерди жыйнап, урылардың изинен қуўғыншылыққа жиберейин деп турғанда қолында шаппаттай қағазы бар атлы шабарман жетип келди.

— Сени районға жетсин деп атыр, — деп ол қағазды услатты. Районлық атқарыў комитетиниң председатели Төреев шақыртқан екен.

— Ал, мен район орайына кететуғын болдым, — деди ол қасындағы сайланды жигитлерине. — Қалай болмасын өгизлерди таўып қайтың. Бирақ, сақ болыңлар! Кеште ушырасармыз.

Абдулла район орайына түске таман жетти. Төреев еки көзи төрт болып отыр екен. Тағы бир жаққа жиберету-

ғын шығар деп гуманланып келген Абдулла Төреевтиң суўықлаў жүзин көргеннен кейин күни мененги ойларының пушқа шыққанын билди. Председатель аўыздағы секретарына басқаларды киргизбеўди қатаң тапсырды да, қапыны қаттырақ жаўып Абдулланың өзине жақын отырыўын соранды.

— Қалай жумысларың?

— Жаман еместей...

— Жаман еместей емес, жаман! — деп столды қойып қалды Төреев. — Үстиңнен арза бар.

— Не қылған арза?

— Не қылған арза?! Арзада мақтамайтуғының билесең! — деп бүкленген қағазды жаздырды Төреев. — Мине! Оқып берейин бе?

— Оқыңыз.

— «Районлық атқарыў комитетиниң председатели жолдас Төреев Қасымға. Мен жақында «Таза күш» колхозының территориясында болып, ол жерде исленип атырған жумыслар менен танысқанымда көп жумыслардың бизиң күнимиздиң талапларына жуўап бермейтуғынына әмин болдым. Бул жерде табыстан бас айланыўшылық басланған. Оның председатели жас коммунист жолдас Султанов Абдулла колхозшыларға мийнетти тең бөлистириў принципине әмел қылмаған. «Ислеген тислейди» деген кодекс бул жерде бузылған. Аўа, бул колхозда ислеген ислеп, тислеген тислеп жүр. Яғный, колхоз председателине жақын-жуўықлар майлы кемик кемирсе, оған алысырақтағылар нанға зар болып отыр. Буны көзим менен көрдим. Жасы алпыстан асып кеткен Төребек байды шетлетиўде, ал ол киси қашшан байлығынан айырылып, бары-жоғын мәмлекетлик қазнаға өткерген адам. Бирақ, еле оны жат-жамай ретинде санап, оған көз алартып қарайды. Колхоз баслығы Султановтың иске немқурайды қарайтуғының, адамларды шөлкемлестире билмейтуғынын сол баслықтың өз әкеси Султан деген ғаррының тәнҳә аўзынан еситтим. Гуўа ретинде ғаррының өзинен сораўыңыз мүмкин. Колхоз мүлки қырағы сақланбайды, усының салдарынан көп нәрселер талан-тараж болған, бундай бийбастақлық еле де даўам ете бериўи мүмкин...»

— Арзаны ким жазған? — деди Абдулла изин тыңлаўға тақаты тақ болып.

— Айтылмайды. Көрсетилген фактлер анық па?

— Өтирик. Биз Төребекти бай болған адам деп шетлетип атырғанымыз жоқ,— деди Абдулла арзагөйдиң жаласына шыдамай. — Ислең, мийнет етиң деп оларды да көпшиликке тартып атырмыз. Бирақ, өзлери қатнасқысы келмейди. Колхозшылар ислегенине қарай мийнет күн алады, оларға ҳеш қандай-әм ала-ғула қаралып атырған жоқ. Мен өз әкемниң кимге ҳәм қашан менің үстимнен жаңағыдай гәплерди айтқанын билмедим. Улыўма, колхоз жумысларын кимниң, қашан тексерип барғанын да билмеймен. Ямаса, астыртын тексериў жүргизип атырсыз ба?

— Ол жағы өзимиздиң жумысымыз,— деди Төреев оны бетине қаратпай.

— Дурыс ғой, лекин бизиң де жумысымыз, жолдас Төреев,— деп қызыңқырады Абдулла.— Ҳәммемиздиң жумысымыз бир, жалғыз мақсетке қаратылған.

— Шаппаттай болып маған мораль оқығанды туўар!

— Мен арзагөйдиң ким екенлигин билиўим керек!

— Оны совет адамы жазған! Исенимли хызметкер жазған!! — деп Төреев орнынан турды. — Райкомның бюросына мәселеңди таярлайман!

— Болады, — деп Абдулла да орнынан турды. — Болады! Жолдас Ниязовтың алдында ақ, қарасы айрылады.

— Ниязовқа исенбей-ақ қой, ол киси районнан кетип қалды!

Абдулланың шүй төбесине жасын түскендей лалы шыққан ҳалда теңселип кетти, көзиниң алды булдырласып қапының тутқасын қармаланды. Аўылына жеткенше ҳәр қыйлы биймаза ойлар жанына егеў салып, аяўсыз қыйқалай берди. Арза берген ким екен? Ким болса да өгиздиң урланатуғының билетуғын адам. Урлықтың бир жағында бар адам! Әкесинен Төребектиң үйине келген жолаўшының аты-жөнин де сорамапты-аў! Арзаға әкесин де араластырған ғой, бәлким сол күни кеште олар әңгимелескен шығар, бирақ ол әкеси оның жазған сөзлерин айта қойды ма екен?

Аўылға келген жерде атының басын Төребектиң ҳәремине қарай бурып турды да, тағы өзине ҳай берди, жеңилтеклик етиўге болмайды, өгизлердиң изинен кеткен жигитлер келсин. Алды менен әкесине жолығып, Төребектиң үйине келип-кеткен адамның түр-түсин сорап алғаны мақул. Султан ғарры күндиз үйден табыл-

майтуғын еди, күн еңкейиңкиреп сәл салқын түсиўден ғаўашаларға суў ашыўға кетеди. Әкеси менен ол «Нурым ой» деген жерде ушырасты.

— Аға, мени қатырыпсаң ғой! — деди Абдулла атын жаптың жағасындағы бир түп жигилдикке байлап.

— Не өзи, аманлық па? — деп Султан ғарры ийниндеги белин шелдиң басына шаныштыы.

— Ҳаў, районнан келген адамға келистирип жаманлапсаң!

— Ҳее, кешеги Төребектиң үйине келген мийманның гәпин айтып турсаң ба? — деп күлимсиреди Султан ғарры. — Әй, оны сөйлете қояйын деп жортаға айтып едим.

— Ал, сол жортаға айтқаның расқа айланып, үстимнен сала қулаш арза түсипти,—деди Абдулла гәптиң ҳәзил емес екенин аңғартып. — Райкомның бюросына мәселемди қояжақ. Мәйли, буны көре беремиз. Сол келген адамның ким екенин сорамаппан-аў?

Султан ғарры көрген-билгенин майда-шүйдесине шекем қалдырмай айтып берди. Абдулла ким екенин шамалай алмады, райондағы атқаминерлерден өзи қатарлы жигитлер жоқ дерлик еди, бәлким жаңадан келип атырған адам екени рас шығар? Не де болса оның ким екенлигин Төребек бай биледи. Урылардың изинен кеткен қуўғыншылар келе берсин, өгизлер анық табылмаса, қаттыға бармаса болмайды, қашанғы қамысты бос услап, қолын қыйдырып жүрсин!

Қасым Төреевтиң Абдуллада бурыннан кеги бар еди. Төребек байдың үйин конфискалап атырғанда көп дүньямүлкин хатламай тыққышлатып бай менен сыбыр-сыбыры барын сезген Абдулла оның бул ислерин әшкара еткен еди. Бирақ, Қасым Төреев жуўанлығын етти: «Мәмлекетлик басшы адамның исине араласыўға ҳақың жоқ!» деп доңырайды. Келген милиция хызметкерлери де бундай басшы адамның айтқаны менен ислегенликтен Абдулланың өзи жалахор атанып, қамалыўдан сәл қалған еди.

Кеткен қуўғыншы жигитлер күн бата аўылға араласты, олардың алдында я жетегинде өгиз көринбеди. Тайнапыр төрт өгизинен айрылып қалған Абдулла қынжылыўда еди, қәпелимде жер жутып кеткендей олардың табылмағанына ҳайрана болды.

— Бармаған жеримиз жоқ, — деди олардың басшысы

Әзимбай деген жигит. — Тоғайлыққа кирген соң изденәм адастық.

— Ушып кеткен ғой! — деп Абдулла ишки дебдиўин күлимсиреў менен сыртқа шығарып. — Сизлер изин излеп жерге қарай бергенсиз ғой. Ара-тура аспанға да қараў керек еди.

— Өгиз де ушама екен? — деп таңлана күлди жигитлердиң бири.

— Жерден табылмаса, ушқаны ғой!

Жоғын таппай муңайып келген жигитлер ўаҳа-ҳаласып күлисти де, азаннан бери шаршағанлары шыққандай жадырасып қалды.

— Енди сизлер деминизди ала бериң, — деди Абдулла оларға рухсат берип. — Өгизлерди өзим излеймен.

— Күндиз табылмаған өгиз түнде табыла ма?

— Табаман!

Жигитлер үйли-үйине тарқасып кеткеннен кейин Абдулла кеңседе отырып, қараўыл Атамурат ғаррыны Төребекти шақырып келиўге жумсады. Оның шамалаўынша, келептиң бир ушы усы байда болыўы керек. Бурыннан Төреев пенен әжик-гүжиги бар, келген адам да сол екеўинен қашық емес. Кеңсеге биймезгил шақыртылыўы Төребек байды ғул-ғулаға салып, иши ғыж-ғыж қайнаса да, тағы бир айтыс-тартысқа белин беккем буўынып келди. Ол аппақ сақалын бармақлары менен тарап, ақ көрпештиң порсылдақ шөрегиндей дөңгеленген жүзин басындағы дегелейи менен бир-еки желпип қойды.

— Сизди колхоз шетлетип атыр ма, ақсақал? — деди Абдулла әңгимени бағанағы арзадан баслап, буны сорағандағы мақсети: арзадан бул кисиниң хабары бар ма, жоқ па, соны билмекши еди. Төребек жуўап бериўге асықпады, оның кеўил тәрезисинде көплеген пикирлердиң, ойлардың өлшенип атырғаны Абдуллаға аян еди, сонлықтан байдың жуўабын еситиўге ол да асықпады.

— Мен ғой колхозға гинәрат тағып атырғаным жоқпан, — деп асықпай гәп баслады Төребек. — Бирақ, биз өз күнимизди өзимиз көрип үйренген адамбыз. Маған ТОЗ ың да керек емес, колхозың да керек емес. Жөнимеқойың, иним.

— Колхозға кирип, көпшилик пенен бирге мийнет

еткенде не қылады? Пәкизе, ислегениңе қарай ҳақы аласаң. Ал, жөниңе қойғандағы сол ма? — деп Абдулла арзада көрсетилгенлерди айтып берди.

— Мен ҳеш кимге де ондай етип атыр деп айтқан емеспен. Ҳаў, сақалымның ағы бар ғой, — деп Төребек шыр-пыр бола баслады, демек, Төребектиң арзадан хабары болмағаны.

— Яқшы, енди оны қояйық,—деди Абдулла гәптиң бағдарын өзгертетуғынын билдирип.—Кеше ме, алдынғы күни ме, кешлетип үйиңе келген мийман ким?

— Районнан келген қонақ ғой... Жийеним еди.

— Оны билип отырман, — деп Абдулла ғарры байдың жүзине өткир нәзерин тикти. — Берман қара, Төребек аға!

— Неўе, иним?

— Оның аты-жөни ким?

— Аты Алламбай деген... Жийеним еди.

— Қандай жумыста ислейди?

— Бир жумыстың атын айтып еди, ядымнан көтерилипти.

— Алламбай?... — деп ойланып қалды Абдулла. — Фамилиясы ким?

— Билмедим...

— Ҳаў, буның қызық болды-аў, өтағасы! — деп күлди Абдулла.—Изин баланың гәпиндей етип жибергениң жоқ па? Жийеним еди дейсең, ҳаў, жийениң болса онын әкесиниң атын билмейсең бе?

Төребек тубалап қалды. Бурыннан дәстүр болмаған соң оның фамилиясын сорай қоймап еди, пай, әнтек болған екен-дә! Ол суў жуқпас та айта қойса болады ғой, я бир фамилияны келсе бес, келмесе он бес деп дусмалдан қойып салса ма екен? Әй, ертең өтириги шығып, маңлайы қурып қалар.

— Исти қам еткен екенсең, Төребек аға, — деди Абдулла. — Келген адам саған жийен емес екен. Не мақсет пенен келгенин айтпады ма?

— Онысында не жумысым бар?

— Ҳаў, ол бийтаныс адам туппа-туўры неге сенин үйиңе келеди? Ҳүкиметтиң жумысы менен жүрген болса, неге мени таўып алмайды, неге ақсақалға жолықпайды, неге колхоз кеңсесине келип түспейди? Қызық! Бирден ол колхоз дүзимин өлгенше жек көретуғын адамның босағасынан атлап, төринде теңкейип жатады. Бунда

бир әндийше бар емес пе? — деп Абдулла Төребектиң бет-әлпетиндеги өзгеристи бақты. — Мәселен, өзиңди сол адамның орнына қойып көр, қәне? Сен де сөйтер ме едиң?

Төребек тубалаған үстине тубалай берди, мына жапжас жигиттиң гәплерине дәлил келтириў мүмкин емес еди, деген менен барлық сырды паш етиўге де қорықты...

Бул сыр бир жылдан кейин ашылды. Ол ашыламан дегенше Абдулла бираз машақатлы соқпақтан өтти. Төреевтиң тарпыўынан оңайлық пенен қутыла алмады, тазадан келген райком секретары дәслепки пәтте ҳеш нәрсениң аңғысын аңламай, Төреевтиң гәпи бойынша Абдулла Султановты хызмет орнынан алып, партиялық жаза бериўге дейин барды. Бирақ, соң областтан Мурат Ниязовтың араласыўы менен барлық мәселе рәўшан болып байлар менен тил бириктирип жүрген Төреевтиң ыдыратыўшылық жынаятлы ислери ашылды, ол колхозлардағы мал-мүликти урлаўда, өртеўде, айрым теперишлерди жоқ етиўде шөлкемлестириўшилик жумысларын атқарып жүр екен. Ол класс душпаны ретинде аўыр жаза менен қамалып кетти. Оның шериклеслери де жазаланды. Тек, Алламбай (оның фамилиясы Қәдиров екен) жас кадр болғанлықтан, барлық қылмысты Төреевтиң мойнына қоя билгенликтен жеңил жаза менен хожалық жумысларында қалдырылды. Төрт өгизди урлаўға тиккелей қатнасы болғаны ушын олардың қуны қалтасынан өндирип алынды. Абдулла оның да қамалыўын қоллап-қуўатлап еди, бирақ дегенине жете алмады. Мине, сол күннен баслап екеўиниң арасында душпанлық оты алысқан еди...

Жыллар изинен жыллар жылжый берди. Абдулла Ташкенттеги партия мектебин питкерип келгеннен кейин районлық партия комитетине секретарь болып орналасты. Бул жыллар ишинде аўылларда көплеген өзгерислер болыпты. Адамлардың сана-сезими өзгерген, терис путақ адамларды арадан аласлаған, Төребек бай қайтыс болған, жаслар ержетип аўыр жумысларды ийинлесип атырған. Абдулланың ата-анасы да бүкшийип қалыпты, енди Абдулла үйленип, кемпир-ғаррысын қасына, районға көширип алмаса болмайтуғын еди.

РайЗАГС тың басқарыўшысы болып ислейтуғын Айпарша Аманова деген қыз кабинетине кирген сайын Абдулланың көзине оттай басылып, ақыл-есин ала

беретуғын сыйқырлы әдетти шығарды. Қыз да оның көз-қарасын шеп көрмейтуғын сыяқлы, бир гәп айтса жуўаптан алдын мыйығынан күлимсиреп алады. Ол күлген ўақта оғада хоширей еди, көзлери кийиктиң көзиндей өңменинен өтип баратыр. Бирақ, райком секретары болғанлықтан оған жансыз картинаға қарағандай көз жазбай қарай бериў де қолайсыз екен. Айпарша Төрткүлдеги педтехникумды питкерип, үш жылдан берли усы жерде ислеп атырған, үйинде ата-анасы, аға-инилери бар, район орайында жасайды. Олар саўатлы адамлар болғанлықтан қыпса сақламай сөйлести, жаслардай бир-бирине хат жазысып, ашық болып жүретуғын дәўир екеўиниң басынан да өтип кеткен еди. Сонлықтан барлық ықласын, сағынышларын жумыс бабындағы гәплердей ашық-айдын айтысты да, көп узамай қосылыў тойын өткизди. Олар бир-бирин сыртлай емес, ишки дүньясы менен сүйетуғын ерли-зайыплар болып жасай берди.

Алламбай Қәдиров бул жыллар ишинде райондағы мәкемелерди бир қатар адақлап шықты. Басшылардың исенимине ерискен Алламбай райводхозда, райжив-сырьеда, райкомхозда иследи. Ол басқарған мәкемелер мандымады, омырылған жерлери ол жумыстан шығып кеткеннен кейин мәлим бола берди. Бирақ, ол барған жерден үстине суў жуқтырмады, гүмансыраған адамларды алдап жалпағына салды. Барған тексериўшилер аўызлары паңқыйып, документлерин дүзиўлеп қайтты. Ол жала менен қуралланып, көкирегиндеги бир түйин гирбиңи жоқ адамларды қаматып жиберди. Районда Алламбай шайтан деген лақап пенен оны ҳәмме таныйтуғын ҳалға жетти. Әсиресе, ғәлле таярлайтуғын пунктке баслық болғалы шәңгектиң гилтин қасқырға тапсырғандай аўҳал болды.

Абдулла Султановтың бәринен хабары бар еди, лекин өзиниң тараўына кирмегенликтен тек ишинен тынып, бир күн болмаса бир күн суўды ылайтатуғынын күтип жүрди, үстинен фактлер жыйнап, оның ислеп атырған қылмысларын моншақтай етип сабаққа дизип қоя берди. Абдулла райкомның биринши секретарлығы лаўазымына көтерилгеннен баслап Алламбайдың қуты қашты, отырса да, жатса да берекети болмай, тезирек бул жумыстан ўаз кешип, бир жақларға кетпекши болды. Районда усындай жермен, парахор, жалахор адам-

ның узақ жыллар жасап, мәмлекетке тийгизип атырған зыянына енди көз жумып қараўға болмайтуғынын оның өзи де сезди. Биреўлер арқалы райкомның гезектеги бюро мәжилисинде өзиниң мәселеси қаралатуғынын билди де, ол қашып кетти. Бюро мәжилисине қатнаспады, үйинен табылмады, ертеңине де жоқ, арғы күни де жоқ, бир ай өткенде де жоқ. Ҳаялы да ҳеш нәрсе билмейди, алты-жети жасар баласынан да алдастырып сорағанлар бар, лекин ҳеш бири де Алламбайдың қай жақларда жүргенин дурыслап айта алмады. Ендиги излеў — орган хызметкерлериниң мойнында.

Ол арадан бир жыл өткеннен кейин табылды. Милиционерлер Түркменстанның түпкириндеги бир аўылында сақалын жиберип, басына үлкен шөгирме кийип, шапанға оранып моллашылық етип жүрген жеринде қолға түсирипти. Әри-бери қыйқаңлық етип көрген екен, оның менен қутыла алмапты. Оны сол сықылы менен район орайына айдап әкелгенде ҳәмме таң қалғанынан жағасын усласты...

Урыс жылларының аўырманшылығы оны басынан кеширгенлердиң бинәй өмиринде ядынан кеткен емес. Ўатан қорғаўға жигитлер топары лек-лек ағылды, олар қанлы майданларда туўылған топырағынан алыста лашын қалдырса да, ар-намысын, ҳүжданын жаўларға алдырмады. Олар — Ўатан солдатлары батыстың суўық-ларында халық жүрегинен жылыў тапты, аппақ қарларды көрпе етип таўларды дастанды, отлар менен оқлардың арасынан парахат өмирге соқпақлар салды. тис-тырнағына шекем қуралланған фашистлик Германияның күл-талқанын шығармағанша изге қайтпады. Олар Ўатан ушын, өз халқының келешеги ушын өлип баратырған досларының алдында кегин қайтарыўға ант етти; олар үлкен өмирге талпынып уша алмай атырған, қанатын оқ қайырған жас нәрестелердиң жүзиндеги күлки излеринен сорғалаған қып-қызыл қанларды көрип турып, сыпырып турып оларға бахытлы балалығын қайтарып бериўге ант етти; олар узақ-узақларда жолларына интизарлық пенен дилгир болып қарап қалған сәўер ярларының сағынышлы жамалларын ядлап, оларға тезирек жетиўге ант етти; олар ата-аналарының мийрим-шәпәәтли көзлеринен жас ағызбаўға умит ушқынларын сөндирмеў ушын өзлериниң аман-есен баратуғынына ант етти! Лекин, бул антлардын

бәри орынланды ма? Олар антларын шаймалаған жоқ, көпшилиги өз антларын өзлериниң геўдеси менен қоса жер астына алып кетти.

Ол жыллары аўылларда қалғанларға да аңсат болмады. Кеткенлердиң орны омсырайып қалмаўы ушын жас балаларға қызықлы ойынларын умытыўға туўра келди, олар үлкенлер менен бирге атызларға шықты, завод-фабрикаларда иследи, бир мақсет қолларынан жетеледи, ол — жеңисти тезлетиў мақсети еди. Жеңис аңсатлық пенен келмеди, оның жолы көз жас пенен қанлардан тайғақ болды, оның жолы оқ пенен отлардан қәўипли болды, оның жолы ҳәсирет пенен сағыныштан ғайбана болды, лекин әкесин сағынған нәрестениң пәк ҳәм нәзик жүрегиндей сезимге ийе халық бул жолды бахыт жолына айландыра алды...

Абдулла Султановты урыстан кейинги жыллары өз өтиниши бойынша райондағы лаўазымынан босатып, Нөкиске жумысқа жиберди. Тәжирийбеси мол болғаны менен бурынғы алған билим ўақытқа илесе алмай қалды, оның үстине жаңа әўладлар жетисти, өз орнын соларға аўыстырмаса да болмайды. Кемпирғаррысы урыстан алдын-ақ қайтыс болған. Әлийма деген қызлы болып еди, ҳәзир ол жетинши классқа оқыйды. Айпарша оның изинен ул туўып еди, оның өмири узақ болмады. Пайтахттағы жаңа жумысы райондағы шаба-шапқа қарағанда бираз жеңил еди, аўыл хожалық министрлигинде бөлим басқарады.

Бәҳәрге салым қаладағы коммунал жайлардан квартира берди, өмиринше артық дүнья жыйнап көрмеген кишкене хожалық болған соң Абдулла үлкен жай сорамады. Тәғдирдиң тағы бир қызығына қара! Олар көшип келген жайдағы подъездде, тап қарама-қарсы есикте Алламбай Қәдировтың семьясы жасайды екен! Абдулла бул кисиниң атын да, затын да пүткиллей умытып кеткен еди. Олар көшип келип затларын түсирип атырса жайға кирип баратырған Алламбайды көзи шалып қалды. Дәслеп Абдулла алжасқан шығарман деп онша итибар бермеп еди, анаў көрерин көрип болып, ишке бирден сүңгип кетиўдиң есабын таппаса керек, я қоңсы болған соң қаяққа қашып қутыламан деп ойлады ма:

— Тағы мени таўып алыпсаң-дә! — деди сәлемлесиўдиң орнына.

— Ҳаў, Алеке, сен бе едиң? — деди Абдулла да сәлемлесиўди ар санағандай. Олардың онлаған жылдан кейинги көрисиўи усылай басланды...

Олардың қарама-қарсы есиклериниң арасы еки метрақ жер болса да бир-бириниң үйине изеп баспады. Алламбайдың ҳаялы қатнасқысы келген менен күйеўинен қорқады, баласы да ержетип қалған екен, ол да арадағы суўықлықты, қырғый қабақлықты сезетуғын болса керек, Абдулланы көриўден сәлем бериўдиң орнына көзин алартып былай қарап кетеди, булар жоқта Әлийманға мушын көрсетип айбат шегетуғын қусайды. Бир күни жумыстан қайтып келсе, Алламбай самаллап сыртта отыр екен, Абдулла да қасақана оның жанына келип отырды.

— Аўҳалларың қалай, Алламбай Қәдирович? — деди оны сөйлетпекши болып. Аттан түссе де, ерден түспеген Алламбай гүңк етти:

— Ҳее, сен қаматып жиберген менен қапылып қалды деппе едиң?

— Мен бе қаматқан? Халық ғой.

— Аўа, халық! Халық нени биледи? Сендей көзи ашықлар ғой түрли бәлеге жолықтыратуғын... Тасполат! —деп даўыслады ишке. — Мениң насыбайымды әкелип бер, балам!

Жасына қарағанда толығырақ томпақ бала жигит оның жез шақшасын әкелип берди.

— Балаң да ержетип қалыпты, — деди Абдулла оның изинен қарап. — Мектепти қашан питкереди?

— Жарын питкерсе керек...

— Жақсы оқыўға жибер. Ендиги заман усылардики. Бизлер ырыл-тырыл жасап өттик,—деп Абдулла ишке кирип кетти.

Алламбай коммунал жайда ўақытша отырған екен, жаз шығыўдан салып атырған жайын питкерип, гүзге таман ҳеш кимге хабарласпастан бир ақшамда көшип кетти. Бир-биринен қутылғанына олардың екеўи де қуўанысты. Алламбай тюрьмада жети жыл отырып келгеннен кейин әри-бери жеңил-желпи талап ислеп жүрди де, бир мәкемеге анық басын тығып алған соң сол жердиң складшылығына жабысты. Ол жыллары Нөкисте оны басқалар жарытып таный бермейтуғын еди, ўақтында коммунист болып, партия ағзалығынан шығып қалғанын, қамақта болғанын ҳеш кимге билдирмеди.

Абдулланың қасынан тезирек кетпесе, оның сырын әшкара етиўи мүмкин, шынлықты заўқылдатып айта беретуғын адамға исенип болмас... Әне, Абдулла болса, өзин көриўден томсырайып қалатуғын, араларында қарым-қатнас дегеннен түк жоқ семьядан қутылса, орнына ишки дебдиўлериңди шығарып, қуўанышыңа ортақ болып, қайғыңды бөлисип отыратуғын жақсы бир семья көшип келер деп қуўанды...

Тағы да жыллар өтти.

Әлийма болса Ташкент университетиниң филология факультетине оқыўға түсти. Соңғы жыллары Абдулла Султановтың ден саўлығының мазасы болмады. Сонда да жатып-турып ислеп жүрди, районларға командировкаларға шыққанды қойды, алпыс жасқа еплеп қәдеми тийиўден пенсияға шығып алды да, емлениўге жатты. Айпарша оны қолынан келгенинше мәпеледи, санаторийларға апарды, аты шыққан врачларға қаратып көрди. Ташкентте емленгенде Әлийма көз-қулақ болып турды. Бирақ, ол биротала төсек тартып жатып қалған жоқ, үйден кирип-шығып жүрди. Ҳәтте, орден-медальларын тағып жаслар менен болатуғын ушырасыўларға да барып, сөз сөйлеп, жас әўладларға өз өмир жолын айтты, оларға билген ақылын берди.

Әлийма соңғы курстың каникулына келгенде анасына жүрегиндеги сырын ақтарды. Ол балалар үйинде тәрбияланған Шымбайлы Темирбек деген жигит пенен танысыпты. Жигит те соңғы курста оқып атыр екен, ол механизация факультетинде қусайды. Жалғыз қыздан айырылып қалыў ана ушын да, әке ушын да аңсат саўда емес еди, бирақ, илаж қанша, қыз деген түбинде кетеси нашар, ол басқа үйдиң адамы. Тәбияттың заңы солай. Айпарша көзине жас алды.

— Оның мени апарғандай үйи жоқ, апа, — деди Әлийма. — Ол бизиң үйде болады.

— Сонда қалай? Күш-күйеў болыўға қайыл ма? — деп сорады Айпарша қызының гәпине инаныңқырамай.

— Күш-күйеў деген гәпти айтпа, апа! Ол сизлерге бала болғысы келеди. Ол өмиринше ата-ананың дийдарын сағынған.

Абдулла қызының гәпин еситиўден жатқан орнынан турып кетти, ол қызының усындай ақыллы екенин билетуғын еди. Ғаррының қуўанышында шек болмады. Ол ҳәзирше диңке-дәрманы өзинде турғанда тезирек

той өткериўге асықты, ол соңша жыллардан берли көриспеген танысларын, аўылласларын, қурбы-қурдасларын көриўге, олар менен өткенлерди ядқа түсирип, бир ақшам сәўбетлесиўге асықты. Олардың жүзлеринен аўылдың ысық келбети көринетуғындай, олардың сөзлеринен аўылдың самаллары еситилетуғындай болып сезилди оған. Бирақ, Абдулла Султанов бул әрманына жете алмады...

Ол таң сәҳәрде қос көзин мәңгиге жумды...

22

Сыртқы есик қағылғандай болды.

Тетигине бармағының ушы тийип кетиўден нама шалып шақыратуғын қоңыраўды аңғармай есикти қағып атырғанына қарағанда келген адамның бул үйге бурын бас суқпағанын сезе қойды Тасполат. Диваннан керилип-созылып тураман дегенше босағасында көк көйлекли, басына қара гежи орамал жамылған, қолында ҳасасы бар көзәйнекли кемпир пайда болды. Кирип келген пәтте кемпир жайдың ишин көзи менен бир шолып өтти де, диванда кескен геллектей болып отырған Тасполатты көриўден:

— Саламатсыз ба, шырағым? — деди.

— Шүкир,—деди Тасполат отырған орнында сынын бузбай. — Отырың.

Кемпир отыра қойғандай ыңғай билдирмеди, ҳасасына сүйениўи менен кирген жеринде:

— Алламбай шайтанның үйи ме, балам? — деп сорады. Әкесиниң усы лақабы өзине тағылып қалыўдан қорқатуғын Тасполат «шайтан» сөзин еситиўден әжайнеси тырысып қалатуғын еди. Бул сапары да төбесинен қайнаған суў қуйылғандай жыйырылып қалды:

— Кемпир! Өлип кеткен әкемди қозғап не қыласаң?

— Қурдасымыз еди. Тири ўақтында да көзине талай айтқанбыз, балам,—деди кемпир. —Сениң атың Тасполат ғой, солай ма?

— Аўа, — деди Тасполат жақтырмай.

— Сен киширек едиң онда. Бизлер сениң әкең менен қоңсы отырғанбыз. Умытып кеткен шығарсаң?

— Солай ма? — деп жанланды Тасполат. — Сонда сиз кимниң кемпири боласыз?

— Абдулланың...

— Абдулла? — деп иркилип қалды Тасполат.—Қайсы Абдулла?

— Әкеңниң қасында жатырған...

— Ҳәә!! — деп Тасполат шоршып түсти, дуў-дуў етип қаны бетине шапшыды. — Абдулла Султанов па?!

— Аўа, шырағым, — деди кемпир оның қандай ҳалатқа түскенине итибар берместен. Тасполат көпке шекем не дерин билмей, орнынан турып кетти де арман-берман теңселип жүре баслады. Оның көз алдынан өтмиштеги әкесиниң айтып кеткен жағымсыз ўақыялары елеслеп өтти.

— Сизлер ушын бул босағаға қуўыш қыстырылған еди ғой?

— Ески жараны жаңартайын деп келгеним жоқ, шырағым, — деди кемпир салдаманлы түрде.—Ўақтында айтысқан-тартысқан адамлардың екеўи де о дүньяға кетти.

— Бирақ, әкемниң дығы көкирегимнен еле өшкен жоқ, кемпир, — деди Тасполат. — Ата-анасының арына шаппаған перзент — перзент болып жарымайтуғын шығар? Бердақ атамыз да: «Ким шаппаса туўған елдиң арына, Найза суғыў керек жүрек-баўрына!» деп күйгенинен айтып кеткен ғой.

— Ол басқа, шырағым. Ел басқа, сениң атаң басқа. Әкеңниң арын елдиң ары менен шатастырып не қылаасаң?—деп кемпир Тасполаттың бастан-аяғына тағы көз жуўыртты. — Енди әкеңниң арына қанша шапқаның менен өткенниң орны толмайды. Бизлерге болған әкеңниң дығын умытыўың керек еди. Бул дықты балаңның кеўлине салмаўың керек еди.

— Бул тараў бойынша еле балама сабақ берилген жоқ. Өзи билсе билер, билмесе, оның алаң болмай өскени жақсы емес пе?

— Оған даўым жоқ,—деп кемпир Тасполаттың гәпин қуплады.—Ал, саған мениң бир саўалым бар?

— Не өзи?

— Бала ушын ата-ана жуўапкер ме, жоқ па?

Тасполат бирден жуўап бермеди, ол ойланып әрибери жүрди де:

— Ҳәзирги жағдайымда мен буған жуўап бере алмайман,—деди шынын ақтарып.—Алдыңызда сыр бүгип, қыпсалап қалған менен, бәрибир, ерте ме, кеш пе,

еситилип қалар. Бизлер ушын ҳәзир «соқыр таўыққа бәри тары» болып тур, кемпир.

— Ол бурыннан-ақ сондай еди ғой,—деди қайтпас кемпир.—Бәлким, сондайлығына ҳәзир түсинип турған шығарсаң?!

Тасполат кемпирге жеп жибергендей көзқарас пенен қарады. Әллеқашан бир-биринен алшақ түсип кеткен адамлардың енди келип-келип ойламаған жерде не ушын шалғайына ошағандай жабысып атырғанына түсинбеди, я баласы бир ис қылып қойды ма екен, жер-жәҳән қапылғандай усының ақлық қызын алып қашты ма екен? «Бала ушын ата-ана жуўапкер ме, жоқ па?» деп сорап атырғанының ҳаслы-мәниси де соннан шығар? Өмиринше босағасынан атлап көрмеген шаңарақ пенен қуда-құдағай болып, сорлап қалмаса болғаны ғой. Ондай болғанда кемпирдиң неси бар? Бул кемпир сол баяғы даўларды жаңартайын деп келген. енди өлими алдында солар ядына түскен, алжыған ғой, алжыған!

— Сизлердиң-ақ тилиңиз шыйратыла берди ғой! —деп ашыўға буўлықты Тасполат ақылдан адасқан кемпир менен сампылдасып отырыўды ар көрип.— Кемпир! Айтатуғын ужыбатлы гәпиң болса айт! Болмаса, келген жолың менен қайқай-да қайт! Толым шайпатылып атырғанда, сен-әм келип қыйсық аяғың менен, қолыңдағы таяғың менен ернегинен баспа!

Кемпир ғажырлы екен, келгели аяғын бүккен емес, қайта Тасполат пенен айтысқан сайын бүкирейиңкиреген бели жазылып, тип-тик болып баратырғандай. Ол Тасполатқа ҳасасын шошайтып сөйледи:

— Мен сени бундай адам емес шығар деп ойлайтуғын едим... Атың шығып атырғанға әкесине уқсамаған халық перзенти болып шыққан екен-аў деп қуўанып жүретуғын едим... Бирақ, әкениң жеген лоппығы балаға жуғым болмайды екен-аў!

— Еки сөздиң бирине бармай әке, әке!!—деп күйинип кетти Тасполат.—Ол бийшараның не жазығы бар еди? Я?! Ол сизлердиң бир үйир жылқыңызды айдап әкетип пе еди?!... Аппақ шашлы анамдай адамсыз.

— Балаң қайда?!—дегенде кемпирдиң даўысы жайдың ишинде жаңғырып кетти.

— Мениң балам менен не жумысың бар еди?

Күтпегенде кемпир еңиреп жиберди. Ашыў тул-

парының үстинде тепсинип турған Тасполат қәпелимде албырап қалды да пәске түсиўге мәжбүр болды:

— Ҳаў, ҳаў? Бул не?...

— Сениң балаң... сениң балаң...—деп көз жасларын сыпырды кемпир.—Мени қанатымнан қайырып, ақлығымнан айырды!!!

Жай ишине азғана сәтке өли тынышлық шөкти. Ҳеш нәрсе менен өтеп болмайтуғын қайғылы ҳәдийсениң жүз бергенин ишинен сезинген Тасполаттың аўзына сөз түспеди.

— Ол қандай ақлық?—деп сорады басқа гәптин утырын таппай.

— Әлиймамның туңғышы...

— Не дейди?

— Қандай қыз болып өсип киятыр еди!...—деп кемпир өзинше сөйленди. Өз ойынан өзи шоршынып турған Тасполат әсте сорады:

— Не болыпты оған?

— Машыны менен бастырды!!!

— Ҳаа!?!—деген Тасполаттың төбесинен жай қулап түскендей болды. «Жаман айтпай жақсы жоқ» деп күни мененги ишинен гүманланып турғаны расқа айланды.—Сол сизиң ақлығыңыз ба еди?

Көз жаслары жүзин жуўған кемпир үндемеди, орамалының ушы менен көзлерин сыпырды.

— Басымды тағы қандай бәлелерге сазыўар етип атырсаң, балам?!—деп мушы менен пешанасын тоқпақлады Тасполат.—Мениң басқа тәшўишлерим аз болып атыр ма еди?

— Келип, кеширим сорар деп дәметтим,—деди кемпир гүңиренип.—Бирақ, сизлер босағама изеп баспадыңыз...

— Ким екенин билмедик...

—Ким болғанда не парқы бар? Адамның бәри адам емес пе?

— Қалай енди жарасы аўыр емес пе?

Кемпир азы-кем үндемей турды да өксип жылап жиберди. Бул турысында қандай тәўелленің де оны жубатыўға құдирети жетпейтуғын еди, сонлықтан Тасполат кемпирди өз еркине қойды.

—Жарасының ҳазарын сезбейди...—деди кемпир бир басып жылап алғаннан кейин.—Кеше... кеше атасының қасына қойып қайттық!...

Тасполат бағана Улпериниң мазарын излеп барғанда шыйықшының «бул жас қыздың қәбири ғой» деген сөзлерин еследи. Еследи де өзиниң көзине де жас алды, бирақ бул көз жастың қыздың аянышлы тәғдирине ме. я баласының жынаятына ма, қайсысы ушын төгилип атырғанын оның өзи де, кемпир де билмеди.

— Балам!... Мениң балам адам өлтирген бе?!—деп қолларын жайып делбеси шықты Тасполаттың.—Жоқ, жоқ! Айпарша апа!!—деп келгели кемпирдиң атын жаңа айтты.—Айпарша апа, бизди кешириң! Бизди сорлатпаң. Айпарша апа! Өзи жалғыз балам еди, жалғызым еди! Оннан айрылсам, маған бул дүньяның кереги болмай қалады! Сол көзимниң нурынан, Нурполатымнан айрылсам, маған мынаў жақты-жәҳәннің не кереги бар. Айпарша апа?! Мениң де жағдайымды түсиниң. Өтинемен!

— Мениң ақлығым да төрт улдың ишиндеги жалғыз гүли еди...— деп көз жасын сыпырды Айпарша.—Мамасын болса... Мәскеўде оқып атырған жеринен кемпириң аўырып қалды деп алдап шақырттық.

— Күйеў балаңыз не, ол бар ма еди?

— Темирбек те үйде жоқ еди. Туристлик саяхат пенен сырт еллерге қыдырып кетти. Енди мен...—деп Айпарша тағы өксиди. —Енди мен оның алдына не бетим менен шығаман? Әкеси кетип баратырғанда басқалары менен онша иси болмай, сол қызын, қайта-қайта сүйип еди-аў! Аҳ!!—деп Айпарша отырып қалып ҳасасы менен еденниң үстиндеги гилемди сабалады.—Шырағым, Жәмийлам-аў!... Сонда Жәмийла «Папа, маған не әкелип бересең?» деп әкесине көп нәрселердиң атын айтып атыр еди...Жулдызым, Жәмийлам, Жәмийлам!! Әкең сениң кеўлиңе унайтуғын зат таппай, шет еллердиң дүканларын қыдырып жүрген шығар-аў. Ал, сен болсаң... Сен болсаң...—деп Айпарша кемпир тағы көз жасларын төкти.—Елге табаны тийиўден папасы үйге звонит етсе... телефон менен сөйлесетуғын Жәмийлам қайда?... Егер папасы Жәмийланы шақыр! десе, не деймен? Оны қаяққа кетти деп айтаман?!... Атамның басына гүл өсиремен деп жүрип едиң... әрманлы қызым. Енди гүл тухымының орнына атаңның қасындағы топырақка өзиң араластың!.

Тиришилик атаўлысының бәри тынып қалғандай, тек жай ишинде Айпарша кемпирдиң еңкилдеп жылағаны

еситиледи. Бул аўыр минутлар Тасполаттың жүрегин езип, баўырын қум қылды. Бинәй өмиринде тәғдирдин бундай қыспағына түспеген шығар, ҳәтте, әкеси өлгенде де, анасы өлгенде де ҳәзиргидей дәрдесерге түскени ядында жоқ. Бул қараң қалғыр турмыста көрмегени көп екен ғой, айдын-ашық жолының алды бетинде геўгим қараңғылық та аңлып тур екен ғой. Бир күннің ишинде топа-торыстан қанша сергелдеңге тап болды, адамның гүлдей өмирин мезгилинен бурын солдыратуғын усындай қыян-кести ҳәдийселер шығар, сирә? Әкесин ойлады, оның басып өткен тайғақ жолларын, тар қыспақлы өткеллерин ядына түсирди: ол киси мәрт екен-аў, ҳәммесинен аман-саў өткен ғой, ҳеш кимге, ҳәтте қудайға да налымаған ғой, барлығынан ўаз кешпеген ғой, келешектен үмит еткен ғой. Белди буўыў керек, Тасполат! Жақсы болсын, жаман болсын, әкең жетпистен асып жығылды, ҳаў, сен еле алпыстан алыста жүрип бийүмитликке берилгениң не? Машинасы менен адам бастырып атырған жалғыз сениң балаң ба? Елшилик, табылады. Жанықастлық пенен пышақлап, ҳәтте атып өлтирип атырғанлар да бар ғой, олардың ата-аналары да өлип атырған жоқ, бетин халықтан жасырмай-ақ жасап киятыр. Ал, сениң балаң аңсызлық пенен ислеп қойған, бастырайын деп бастырғанды дейсең бе?

Тасполат қыялынан усыларды өткерди де, жер тоқпақлап отырған кемпирге қарады:

— Айпарша апа, «болар ис болды, бояўы синди» дөген. Енди көз жасты көл қылған менен орнына келмейди. Деми түўесилген бендеге шара жоқ, апа. Бизге бир жақсылық етиң...

— Не жақсылық?

— Бизиң баланы аман алып қалыўға жәрдем етиң, Айпарша апа,—деп Тасполат көкирегин қарса айырды. —Сөйтиң, апа! Бул жақсылығыңызды тухым-теберигимизге айтып кетейик! Ендиги гәптиң ҳәммеси сизден шешиледи. Сиз ақ десеңиз ақ, қара десеңиз қара болайын деп тур,Айпарша апа! Берекет табың! Бизди бир сапарға жарылқаң! Жалғызымнан айырмаң мени...

— Мен буған пәлен-төлен дей алмайман, шырағым, —деди Айпарша.—Ел бар, халық бар, ҳүкиметтиң заңы бар. Балаң тийисли жазасын ала берсин. Оны ақлаўға урыныўдың дым да кереги жоқ. Ҳаў, онда адам-

гершиликтиң азмаз ийиси болғанда, гүлдей қызымды өлтирип болып қашып кетер ме еди?

— Сизиң қызыңыз екенин билмеген ғой,—деди Тасполат қыйсыны келиспеген гәпти айтып. Кемпир оның бетине сондай жек көриўшилик пенен әжеплене қарады, оның нәзеринен Тасполаттың көкирегине садақтың оғы атылғандай болды.

— Гәпиң бар болсын сениң! Кимниң қызы болғанда не?!

— Жас бала қорыққан ғой, апа,—деди Тасполат димары қурып.—Енди бир ретке кеширим бериң. Не қәлесеңиз, таўып берейин. Тиришиликте ҳәммеси керек болады ғой. «Өлмектиң изинен өлмек жоқ», Айпарша апа. Күйеў бала менен қызыңызға да түсиндирип айтың. Отыра турың, апа. Анаў, креслоға шығып, жумсақ жерде отырсаңыз да, апа.

— Болады маған. Мен сениң үйиңе ҳәз етип отыр-айын деп келгеним жоқ.

— Мен ҳәзир келемен,—деп Тасполат төрги жайларына кирип кетти. Ол аздан кейин қарамы томпақ китаптай қағазға оралған зат әкелди де, кемпирге усынды:

—Мине, апа, бул еле қамыр ушынан пәтир, үш мың манат...

— Буны не қыламан?—деди кемпир жулып алғандай етип.

— Алың, ала бериң.—деди Тасполат ақша услаған қолы қалтырап.—Баламды аман алып қалың. Оны қаматып жиберген менен де Жәмийла тирилип келмейди ғой. Оннанша...

Кемпир ақшаны алды да орнынан атып турды.

— Жарамас!—деп барлық ғәзеби менен пулды Тасполаттың бетине ылақтырды.—Ҳарам ақшаларыңды әкеңе апарып бере ғой! Тфу, түриң қурысын! Жүзиңди бабалы көрсин!!

Кемпирдиң түкириги бетине ақшаның тийгенинен бетер ҳазар берди. «Ийтти сүйек пенен урса қансыламайды» дегендей ақшаның жүзине сарт етип тийгени ҳеш гәп еди-дә, Айпарша кемпирдиң аўзынан шашырап шығып, бетине қонған түкириги атқан оқтың пытырасынан кейин болмады.

— Не қылады-әй, мына мампыс!—деп қышқырды ол бетин сыйпап.—Усы ақшаларым менен бәрибир ба-

ламды аман алып қаламан! Уоо, мениң менең ойнаған екенсең! Әкесин ийтлей таладық, баласын күшиклей талаймыз деп ойлайтуғын шығарсыз! Тапқан екенсең асылатуғын адамыңды! Аўа, мениң балам тырнақтың жасыўындай да гүнакар емес, билдиң бе? Қызыңның өзи ырбаңлап жүрип машинаға келип урған!

Айпарша тумлы-тусынан жаўдырып атырған ғәремет тасының арасында қулап қалмады, турмыстың не-не ашшы-душшысын татқан сабырлы кемпир қәддин тик услады, оны енди ҳаса емес, ғәзеп пенен туўылған ғайрат сүйеп турғандай еди:

— Мен сени адам шығар, мениң қайғымды бөлисер деп келип отырсам... Сеннен ақша сорап келип пе едим, үйиң жанғыр!!!—деди де ғайбарана түрде шығып кетти..

23

Машинаға отырыўдан Улпери:

— Қаланың сыртына самаллап қайтайық, бала,— деп ыңғырыўлап еди, бул күнлери сеңде ығып баратырғандай абыржыға түсип жүргенликтен Шернияздың тәбети шаппады, пырт-сырт деп сылтаўратты, чемодан табылып, исин оңғарып алған соң жолында пәйик болатуғының айтты. Улпериниң ықлас қойғанының-әм жөни бар, олар көптен берли қупыя ушыраспаған еди. Шернияз ҳәр келген сапары усындай асығыс, қыйынқыстаў жумыслар менен келеди де, жеңгесиниң аўзына ылай сыйпағандай етип шығып кетеди. Ҳәр гүлдин ийиси басқа болса да, өзинен анша үлкен ҳаялдың ләззетин қоңырсыған ийиске мегзетип, оннан мурнын жыйыратуғын еди. Деген менен Шернияз оннан биротала қутылып кете алмайды, қашан да оған бағыныңқы. Улпериден қол үзип кетсе өзиниң қолын өзи кескендей шолақ болып қалады, сонлықтан да бул ҳаялдың түйедей назын да қыпшабел перийзаттың жилўасындай сүйсинип тамашалайды.

— Мениң менен есап-китапты айырғың келип жүраў, шамасы,—деди Улпери өкпелеген пишинде.—Сулыў қатының шырмап таслады ма?

— Сеннен өле-өлгенше жаздырылмайман, аппақ жеңгем!—деп күлди Шернияз.—Сениң қасында мениң қатыным қатын ба?

Бул марапат сөзлерге Улпери үпленген шардай қампайды, рульде отырған Шернияздың желкесинен

өзине қарай әсте тартып қойды.

— Чемодандағы қанша еди, жеңге?

— Ийт билеме соның санын!—деп Улпери әңгимениң басқа жаққа аўытқып кеткенин жақтырмады.— Тасполаттың тис-тырнақлап жыйнаған қоқтасынлары ғой, әйтеўир!

— Көп болса керек,—деди Шернияз гәпти усы бағдардан жаздырғысы келмей.—Тасполат ағам анаўмынаўға мертилмейтуғын адам еди ғой.

Улпериге бул гәп жағып киятырған жоқ, дәслепки жоғалғанын билген ўақта жаны шығып қыйналғанын сыртқа шығып машинаға мингеннен кейин умыта баслады, басына келген биринши қыялы палкерден бурын қаладан тыстағы «Узақша тоғайшасы»на барып суўға шомылып, машинаның жумсақ креслосын шалқайтып таслап Шернияз бенен сағынысын шығарыў еди, чемодандағы сонша дүньядан Улпериниң жанына киретуғын ҳәзил жоқ, қарасы батсын, табылса табылар, табылмаса атасының аржағына! Ушқан қустың қанатына илескендей өмир өтип баратыр. Ҳәммеси де қурысын! Кеше ғана емес пе еди, тулымшағы салбыраған қыз болып, жигит көрсе кийиктей үркип жүргени. Бүгин сол жигитлердиң ҳәммеси де шаш-сақалына қыраў жабысқан ғаррыға айланды. Енди олардан қыз түўе, пышық та үркпейди. Өзи қарық па? Енди оған ким телмирип қарайды? Тасполаты да баяғыдай бойын таслап турған жоқ, тек күйеўи болған соң шәрияттың исин қаза қалдырғысы келмейди, егер бул кеңсесиндеги планлы жумысы болғанда қолын бир силтеп қашшан қойып кеткен болар еди. Жалғыз үмити Шернияз болса, бул да сыныққа сылтаў излегендей бүгинги исти ертеңге силтеў менен киятыр. Растан-ақ өмирдиң өтип кеткени ме? Енди бурынғыдай ҳәзлик те, ләззет те қулпырған липасынан айрылып, гүзги бағдай тыр жаланаш болып қалғаны ма? Жанды түршиктирерлик қара даўылдың басланғаны ма? Өмирдиң гүз мәўсимине жетип, аппақ тәнине қара жамғырдың, қап-қара шашларына аппақ қардың жаўа баслағаны ма?

Улпериниң ядына тағы баласы түсти. Баласы көз алдына елеслеўден-ақ күни мененги алып қашпай қыялларының тыпыршылап қалды, Шерниязға умтылып киятырған көзсиз ҳәўесгөйлиги тымтырақай қашты, геўдесиндеги лаплаған ыссылық музлап қоя берди. Сон-

да ғана ол балаға деген аналық мухаббатының бәринен де үстем екенин, бәринен де ысық екенин сезип, емшеги ийип кеткендей болды. Қәпелимде қыялы бузық ҳаял әрўанадай анаға айланды. «Қайларға кетип едиң, балам?—деп ойлады Улпери ғамгүнлик пенен. —Үш күннен берли анаңды умытып қай жақларда қаңғып жүр едиң, қулыным? Неге келмейсең жарқ етип, Нурым? Неге анаңды боз-боран етип жалғыз таслап кеттиң, күним? Мениң не жазығым болып еди, қайсы пейлимнен таба қойып едим, жарық жулдызым?! Жерге шырр етип түскениңнен баслап сени көз алдымнан бир табан жыраққа жазбырып па едим, неге анаңды аямайсаң, перзентим?! Әкеңниң саған басы айланып атыр ма, оған жойтылған дүньясы табылса, бәс! Сени ойлайтуғын да, сени жоқлайтуғын да мен, анаң бийшара... Сен кеткели көз жасым көл-дәрья болды ғой, жаным. Мени жалғыз қалдырып кеткендей саған не жаманлық етип едим, тентегим? Гүлсараның үйиндемен дедиң, қайсы Гүлсара еди ол? Қандай Гүлсара сени жолында бенде етип, жүрегинди жаўлап алып еди, балам? Маған неге айтпадың, мен саған бир емес, мың Гүлсара таўып беретуғын едим ғой, шырағым!»

Улпери ой теңизине сүңгип кетип, өзиниң сести шығып кеткенин де аңламай қалыпты.

— Бир нәрсе дедиң бе, женге?—деди Шернияз.

— Ҳа!—деп Улпери уйқыдан оянғандай апалақта-жумалақ көзин ашып дөгерегине қарады. —Қалғып кетиппен. Келдик пе?

— Шамаластық,—деп Шернияз машинасының басын бир гедир-будыр тас көшеге бурды.—Үйинде бола қойса не жақсы.

— Талап қылып отырған болса, қаяққа барар дейсең?

— Қәйдем... Биреўлер билгиш деген соң алып киятырман. Болмаса, палкерге ийегим қышып киятқан жоқ.

— Қапылтпаш!—деп күлимсиреди Улпери.—Алды менен өзлеримиз исенбесек, табыла ма?

Олар сары дәрўазалы жайдың алдында тоқтап, машинадан түсти. Иште гезек күтип отырған ашық аўызлар баршылық екен. Көп келим-кетимге үйренип қалған үйдеги бала-шағалар ҳеш кимди жатырқамай, тап бурыннан таныспарындай шөллеп келгенлерге үсти-үстине чай демленип атыр, бир қапталда үлкен самовар қайнап тур. Палкер төрги жайда болса керек, ишке кирип кеткенлерден сес-семир шықпайды. Ҳаялы әңгимешил адам екен, кирип-шығып жүрип жаңа келгенлерден не иллет пенен келгенин де сорастырып қояды. Булардан да қандай дәртке даўа излеп келгенин сыбырлап сорады. Бир чемодан заемды урлаттық» деди Улпери де сыбырлап. Палкердиң ҳаялы онша итибар бермегенсип тыңлады да, еринлерин сылп еттирип қойды да жер бетине кетти. Палкер бир адамға пал ашып болған соң бес минутқа шекем дем алады екен, ҳаялы да сол ўақытлары оның үстине кирмей жер бетине жоқ болып кетеди.

Қосымбет мүррик деп атанған бул адам палкер болламан деп ҳасла ойламаған еди. Ол наятый кисапыр болды, өзи шәпени адам болғанлықтан анаў-мынаў адамлардың қолтығынан да өтип кете беріўге мустақ. Оның жумысы—базар күнлери аўсарлаў ғарры-қуртаңларды қолайға алады, малын сатып болып, алагөлекленип ақшасын қай жерине тағып атырғанын аңлып турады да, дәлбиреклеўи менен үмбе-дүмниң ишинен шықпай атырып-ақ қойған жеринен қып еттиреди. Сонша шәпиклигинен оны ақшаның ийеси де, басқалар да сезбестен қалады. Көп жыллар бойы ол усы өнери менен күнелтти. Бирақ, жас минген сайын қолының қыймылы тосаңлап, дегенине көне бермеди. Бир сапары биреў қолын кисесинен тутып алып оссаннан қалды, қолының кишилиги пайда берип, онша жулқымай-ақ суўырып алды да зыта жөнелди. Соннан баслап урлықты оғада сақлық пенен, көбинесе басқа қалаларға барып ислейтуғын болды. Қосымбеттиң кисапыршылығын қоңсылары да, қаланың бирли ярым халқы да билетуғын еди, өзи де жасырған емес. Бир күни оның басына алып-қашпай қыял келди. Көшесиндеги барлық ғаррыларды шақырып, бир қой сойды. Табақ тартылмастан алдын ол ғаррыларға өзиниң шақырғандағы мүддәсин айтты:

— Ал, ақсақаллар, сизлерге қанша ҳүрмет етсек те азлық етеди. Мен сизлерден бир пәтия алайын деп қалыс дастурхан жайып отырман. Өткен ақшам атам палыс түсиме аян берди. Аўа, сизлер билмейсизлер, мениң әкемниң әкеси Есимбет деген теберик киси арқа жақты аўзына қаратып, кемесин қырдан айдаған көзи

ашық адам болған. Ол жетпис жыллық жоқты табыстырып, жети жыллық шоқты алыстыратуғын палкер болған екен.

— Әстапырла, әстаўпырла!—деп ғаўырласты ғаррылар.

— Сол атам түсимде маған: «балам кисиниң көз жасын суўсын етип, кисиниң ғарғысын қорек етип жүрсең ғой. Жасың болса елиўге келди. Енди усы қолы суқлығыңды қойып, мениң жолымды қуўсаң нетти, балам, деди атам.

— Ҳәй, жарықлық-а!—дести ғаррылар сақалларын сыйпап.

— Яқшы, ата дедим. Өзим де усы жолды таслайын деп жүрип едим, ата, дедим.Ол мениң маңлайымнан сыйпап, ақ пәтиясын берди де, халықтың барын тартып алғанша, жоғын таўып бер, балам, деп көзден ғайып болды. Ал ақсақаллар, атамның ўәсиятын орынлайын деп, соның жолын қуўайын деп сизлерди жыйнадым. Мен енди кисиниң ийнесин де алмайман, енди атамның жолын тутып пал ашаман, әрўақларымды шақыраман. Маған пәтияларыңызды беринъ!—деп Қосымбет ғаррыларға қарады. Ғаррылар оған ырза болып, ғаўқылдасыўы менен қолларын жайып пәтия берди. Сол күннен баслап Қосымбет сақал-муртын жөнине жиберип, үстине узын кийимлерден, басына телпек кийип, нағыз көзи ашық палкер ғарры болып шыға келди.

Бир күни түнде далаға шықса қоңсысының есигиниң алдында бир мотоцикл турған екен, ол дәрриў мотоциклди сүйреп былайырақ шығарды да,даўысы еситилмейтуғын жерде тетигин таўып ходлап, еки көше арманға апарып, бир үйдиң қасына қойып келди. Оның не ислеп жүргенин ҳеш адам билместен қалды, ҳәтте үйиниң иши де сезбеди. Изи не болар екен деп тыңлап жатыр. Бир ўақта қоңсысының үйине келген қонақлар сыртқа шығып, далада ғаўырлы басланды:

— Жаңа ғана турып еди ғой, гөрге кете ме?

— Биреў қағып кеткен ғой!

— Ҳәй, әттең-әй, тап-таза мотоцикл еди!—дескен даўыслар шықты.

Бир ўақта Қосымбеттиң дәрўазасы қағылды.

— Жети түнде ким екен? Ашып кел, қатын,—деди ҳеш нәрсе билмегенсип Қосымбет.

Есик ашылыўдан қоңсысы менен мотоциклин урлатқан еки жигит кирип келди. Шала уйқлағандай болып турған Қосымбет оларға таңлана қарады:

— Не аманлық па?

— Ал, Қосеке,—деди қоңсысы ҳаплығып.—Өнериңизди иске салмасаң болмайды. Мынаў, үйге қыдырып келген қонақлар еди, көлигин қағып кетипти.

— Жети түнде қапылып әрўақларымның да силеси қатып қалған шығар,—деп Қосымбет наилаж пал ашпақшы болып, қумалақтай тасларын алдына жайып таслады.—Я пәрўардигар! Я атам Есимбет көзи ашықтың әрўақлары ,жети түнде көзлериңиз шамшыраққа айланғай!—деп тасларды төбелей баслады.—Ҳаў, көлик дегениңиз мотоцикл болып шықты ғой. Мен ат па екен деп отырсам! Ҳә, айтаман-аў, киснемейди, я тислемейди. Мотоцикл екени қалпал емес пе?

— Рас, рас, мотоцикл болғанда қандай?—деп аналар таңланысқаннан бир-бирине қарады.

— Әй, урылар жақын жерден шыққан ба, деймен, мына тас узаққа айланбайды ғой. Ҳәй, қапылғырдың... түн болып турғанға ма, жақын жерге айлана берди ғой. Қорқып тур ма екен?—деп Қосымбет тасларын тағы таслады. Ҳе, ҳее, ҳә алғырым-ә! Ҳә, Есимбет атамның көзи! Қақ жарып шықты ғой - !

Дәслеп таңланысқан адамлар енди мына палкердиң не болса соны сөйлеп кеткенине буннан нан писпесин билгендей ықласлары суўып қалып еди, буны сезген Қосымбет тасларын орынларынан қозғап қойды да:

— Түнниң ишинде изи билинбейди, болмаса табылып тур-аў!—деди.

— Ҳаў, асфальт жолда күндиз де изи билинбейди ғой,—деп келгенлерден бири буннан шийткиди.—Қой, кетейик, милицияға хабар берейик.

— Сабыр, сабыр,—деди Қосымбет тасларын үш жерге төбелеп.—Мине, мынаў көше.

—Оның тасына үңилип отырғанлар көше түўе, сызықты да көре алмай баслары қатып отыр.

— Мынаў да көше,—деп Қосымбет тағы бир тасты бөлек шығарды.—Мынаў не екен, бала? Ҳее, мынаў бийиклеў ғой, анамандағы кинотеатр емес пе екен? Сол ғой. Ҳаў, шырақларым-аў, Есимбет атамның көзи ашық әрўақларым, мениң мүшкилимди аңсат ете гөр-

иң! Мына тас не деп тур, Ҳәә, бул тас сол мотоциклмен деп бадырайып тур ғой. Ал, табылды!

Отырғанлар ҳеш нәрсеге түсинбеди, қайта Қосымбет палкердиң күни менен сандырақлап отырған былшылдысына ашыўы келди.

— Енди не қыламыз?—деди тақаты тақ болып олар.

Қосымбет те «енди буларды кешиктире берсем, мотоциклди басқа биреў алып кетер» деп қәўипсинип палының жуўмағын айтты:

— Арқада ма, қублада ма, палыма анық түспей тур, аспанда күн болғанда болатуғын еди, ал, бирақ, биринши емес, екинши де емес-аў, тап үшинши көшеде, мотоциклиңизди биреўлер алып баратырған екен, сол жерде өшип қалыпты. Енди сәл кешиксеңиз алып кетеди. Мениң палыма түскени усы. Егер айтқаным қәўпеки болып шықса, мени сөгип жүрмең, палкерликти жаңа баслап атырман,—деп Қосымбет оларға рухсат етти. Олар биреўлери арқаға, биреўлери қублаға баратуғын болып, түн қойнына жуўырысып кетти.

Ярым сааттан кейин далада мотоциклдиң партылдаған даўысы еситилип еди, Қосымбет қуўанғанынан өрре турды, бирақ, олардың өзлери келмесе, сыр беріп сыртқа шығыўға ҳаслан болмайтуғын еди. Көп өтпей бағанағы үшеў үйге қайтып кирди.

— Ҳаў, кәраматтың бәри сеннен шықты ғой!—деди алды менен қоңсысы.—Түпәлам, түпәлам! Атаңның ашық көзлиги келген екен!

— Табылды ма әйтеўир,—деди Қосымбет немқурайдылаў, себеби оған бирден қуўанып кетиў жараспайтуғын еди, өзине исенимли екенин билдириў ушын марапаттан аўлақ болыў керек. Қуўанғанынан жүреги қақ айрылған мотоциклдиң ийеси Қосымбетке елиў манат ақша берди. Бул оның палкерликтен түсирген идиралды табысы еди.

«Отыз тистен шыққан сөз отыз руўлы елге жайылады» дегендей, оның нағыз көзи ашық палкерлигин өз көзлери менен көрген үш адам Қосымбеттиң атын да, даңқын да тарата баслады. Бирақ, келиўшилер еле жартыўлы емес еди, Қосымбет қатты ойланды. Тағы бир ҳийле ойлап таппаса болмайтуғын болды. Мал базарға барып, сырттан бақлап көрди, сақал-мурттты жиберип, пәкизе пәкене бир ғаррының кебинде жүргенликтен, буны көпшилик онша таный бермейди ҳә-

зир. Күн шыға мал базар қыза баслады, алыўшылар да, сатыўшылар да көбейди. Буларға қәўимлес отырған көшелердиң биринде туратуғын Айназар деген ғаррының баққыдағы үлкен танасын сатып атырғанын көзи шалып қалды. Ғарры ақшасын бармағын жалап асықпай санап алды да, белин буўған шапанының шеп жағындағы ишки қалтасына салды да, сыртын илгешек пенен илип қойды. Қосымбеттиң ески өнери иске түсти. Ғарры көптиң арасы менен сыртқа шығып киятырғанда Қосымбет қас пенен көздиң арасында онын ақшасын қақты да кетти. Қанша ақша екенин де биледи, танасын неше манатқа сатып атырғанын қасында еситип турды.

Енди ол базарда иркилген жоқ, сол жерге келген таксидиң биреўине отырып алды да, туўры Соршаға тартты. Соршаның ишине кирген соң үлкен бир мазардың қублаға қарағаң жағына дийўалдың түбине ишинен елиў манатын алып ақшаны көмди де, үстине еки гербиш басып қойды...

Ол үйинде арқайын чай ишип атырғанда еле түсбола қойған жоқ еди. Бети шаңғытып, көзи үңирейип, ийшаннан қашқан жинлидей әбигер тартқан Айназар ғарры кирип келди.

— Қосымбетжан-аў, қурып қалдым!—деди ғарры төсекке дизе бүгер-бүкпестен.—Баланы үйлендире қояйын деп...

— Тоқта, тоқта, Айназар аға!—деп Қосымбет оны сөйлетпеди.—Сениң түриңнен бир нәрсени сезип турман. Бүгин әрўақларым келетуғын күн болғанлықтан үйден шықпай жатыр едим. Тоқта! Әрўақларымның күшин бир сынап көрейин. Сен не бәлеге дуўшар болғаныңды айтпай тур.

Ол алдына бир тартар шаршысын жайды да, шекийне қалтасынан қумалақтай тасларын шығарды.

— Мине, мынаў үлкен әрўағым. Атамның әрўағы көринбейди ғой,—деди ол тасларды былай-былай қозғап.—Ҳә, атамның әрўақлары маған жол берген қусайды-аў. Мынаў, не? Әўейи әрўақпа, арқаға кетти... Ҳаў, мына тас гүжирейип тур ғой, бурын әлжуўаз еди. Айназар аға, танаң бар ма еди?

— Ҳаў, сол тананың сүргини ғой!—деп шыр-пыр бола қалды Айназар ғарры.

— Болды, болды, аржағын айтпа!—деп Қосымбет

тағы таслары менен айланысты.—Мына тас неге уялып тур, ҳаў, қызарып кетти ғой. Айназар аға, танаң қызыл емес пе еди?

— Қызыл ғой!—деп ғарры буның көзи ашықлығына ҳайран қалды.—Қызыл болғанда да бир меңи жоқ қызыл!

— Тоқта! Ол тана енди сеники емес...

Ғарры бул сөзге түсинбеди.

— Сеники емес дегеним,—деп Қосымбет гәпин түсиндирди.—Сен оны бир қатынға сатыпсаң ғой?

— Аўа! Ҳаў?—деп Қосымбеттиң билгишлигине пүткиллей таңланды Айназар ғарры.

— Тоқта!—деди Қосымбет, сөйтип тасларын санай баслады. —Бир, еки үш... төрт, бес... бес... Ҳаў, қалғанлары неге мойның ишине тартып тур? Мына тас неге жарты болып қалған. Бес... алты... яқ, алты емес, бес ҳәм жарты тас. Айназар аға, танаңды бес жарымға сатыпсаң ғой?

— Ҳаў, аўа!—деп Айназар ғарры енди биротала аўзын ашып қалды.

— Әне, бизиң палдың көрсетип болғаны усы,—деп Қосымбет шаршысын жыйнады.

— Ҳаў, Қосымбетжан-аў, маған аржағы керек ғой, — деп қорқып кетти Айназар ғарры.—Танамның қандай екенин, неше манатқа сатқанымды өзим де билеменғой. Мына әрўақларың айтып турғанда енди аржағын тап, шырағым!

Қосымбет жортаға еки ойлы болған кисидей азнаўлақ ойланды да, шаршысын алдына қайтадан жайды.

— Енди бул жағына тасларды өзгертпесек, жаңағы қара таслардың қолынан келмейди, Айназар аға,— деп Қосымбет ақ шекийнесинен қумалақтай аппақ тасларды төкти.—Мениң сөйлегиш тасларым булар. Айналайынлар ҳәзир шүлдирлесип бир айтып берсин! Сөйле, ақтың сейдини?! Сөйле деймен!—деп Қосымбет басқа палкерлерде жоқ қылық пенен төмен еңкейип, тасқа қулағын тосты.—Сөйледи! Сөйледи!!—деп қуўанды ол басын көтерип.—Ақшаңды урлатыпсаң ғой?

— Аўа!—деп қуўанғанынан турып-отырды Айназар ғарры.

— Айттым ғой, урлық деген қара ис, оны тек ақ таслар ғана анықлай алады. Урының жақында әкеси

өлген екен. Соның басына естелик салайын десе ақшасы жоқ екен. Оған бир уры айтыпты: урлық ақша менен естелик салған гүна болады, егер сол урлаған ақшаң әўлийеде бир түнеп шықса, ол гүнасынан пәк болады деп. Урың мусылман адам екен, мал базарда-ақ қалтаңды қағып, Соршаға апарыпты...

— Ҳаў, ҳаў?—деп ҳайраны шықты Айназар ғаррының.—Оны Соршаның қаяғынан табаман?

— Сен таппайсаң оны,—деп Қосымбет тасларын жылыстырды. —Оны мына таслар табады. Тағы бир тыңлап көрейин,—деп Қосымбет тасларға қайтадан қулағын тосты.—Әне, әне, шүлдирлескен тиллериңнен айналайынлар! Айтты ғой, айтты! Урыңның әнтек-тәнтегин шығарып сөйлетти-ә! Жаңағы уры бир жорасы менен арақ ишемен деп пулыңның елиў манатын алып қалыпты...

— Ҳә, тастың түбин ишкирлер-ә!—деп ғарғанды Айназар ғарры.

— Қалғанын бир үлкен адамның мазарының түбине көмипти. Белгили болыў ушын үстине еки гербиш қойыпты. Мазардағы адамның сүўрети турған жағына, тап дийўалдың түбине көмген қусайды. Жүзим қубаға қарап тур, иләя сениң ақшаң да қубла жағындадур...

Усындай ҳийлекерлик пенен үш-төрт урлықты ашқан ҳәм ийелерине таўып берген Қосымбет нағыз көзи ашық палкерге айланды да кетти. Енди оның үйине жоғын излегенлерден басқа емлеўханаларда жазылмай жүрген жапсағы бар наўқаслар да, күйеўинен гүмансырап жүрген ҳаяллар да, бахты байланып жүрген қызлар да, иси тергеўге түскен еркеклер де келе беретуғын болды. Келгенлерден билдирмей жүрип қысқа мағлыўмат алыўды ҳаялына муқыятлап тапсырып қояды. Ол билмегенсип жөгилик пенен келгенлерден палкерге кирер алдында ананы-мынаны сорап алады да, жер бетине сүңгип кетеди. Қосымбет бир адамнан қутылғаннан кейин ҳаялы келеси адамның қысқа мағлыўматын әкелгенше екиншисин киргизбейди. Ол отырған жайға жер бетинен киретуғын аўзы бар, ҳаялы соннан кирип, оған бәрин айтып шығады. Бул сырды сыртта гезек күтип отырғанлардан ҳеш ким де билип атырған жоқ.

Улпери де кирди. Қосымбет пенен қысқа сәлемлескеннен кейин қарсысына келип дизесин бүкти.

— Бәрекелла, бәрекелла!—деди Қосымбет палкер Улпериге бир, алдындағы тасларға бир қарап.—Жоғың аўыр екен ғой, шырағым.

— Сораман,—деди Улпери.—Анаў-мынаўға келемиз бе?

— Иншалла, табылур,—деди палкер тасларын қағыстырып. —Ўах-ўах! Чемоданы менен жоғалыпты ғой. бирақ, ақша емес, ақшадан үлкенлеў ғой,—деп Қосымбет Улпериниң жүзине тигилди.—Ҳаў, шырағым-аў, бул да ақша емес пе? Алтын заем ғой. Мине, мына қара. мына тастың сөйлеўине қара! Бир чемодан алтын заемди алдырыпсаң ғой. Жоғыңа жоқ қосылмағай, әйтеўир. Ҳәммеси де табылур...

Улпери палкердиң тапқышлығына тәсийин қалды...

24

Қуйындай келип-кеткен кемпирдиң әксеринен өзине келе алмай Тасполат бир орында диңгектей дүңкийип бираз турды да, диванға қайта шөкти. Ар-сар. Баласының қылығына күйип-жанды, келип-келип, тап басқа қапылғандай бурыннан атайы душпанының қызын бастырғанына қара! Басқаны да бастырмай-ақ қойсын-ў, бул бир гәптиң салты ғой. Ҳеш болмаса, басқа болғанда ақшаға жығып аман-саў алып қалар ма еди деген дәмеси ғой. Енди булар қутқармайды, шетинен аў излеп жүрген адамлар. Күйеў баласы қандай даўлес екенин ким билсин, ол келген соң мәселе пүткиллей улғайып кететуғын шығар? Жоғалған чемоданның әрти аз болып атырғандай тағы не бәле шықты? Бас қатты ма, тас қатты ма дейди ғой, қәне, көрсин, екеўиниң сыналатуғын мезгили жетти.

Ол сыртқа шықты. Жаздың лаплаған узақ күни кешкирип қалған екен, азы-кем салқын түсипти. Үйиниң қапталындағы кишкене бағын аралап, еле мийўелери толыспаған алмаға қарады. Узағырақтан қаланың кешки шаўқымы еситиледи. Оған өзинен басқа барлық нәрсениң ҳеш қандай қайғысы, әрманы жоқтай болып көринди. Ал, өзиниң басына түсип атырған қыйлы-қыйлы саўда, таўдай ҳәсирет бурын жер үстинде болмағандай, тек оның өзине арналып бир жақтан жиберилгендей, тәғдирдиң ислеп атырған қастыяншылығындай болып туйылды. Бирден басын алып кетпекши болды. Мынаў даңғырлаған қат-қат жайынан да, ҳаялынан да, баласынан да түңилип кетти. Пай, жаңағы бир чемодан дүнья жоғалмағанда, соны қолына алып басының аўған жағына кете бергенде усындай азаптың ҳәммесинен бас пүкил қутылған болар еди. Қурбангүлдиң сырнайының кимге кереги бар? Курорттағы Нинаға барып, сол жақта жасап қалғанда да болар еди, пенсияға шекем тәлли-пәлли жумыс пенен-ақ күн көриўге болады. Оны күйеўинен ажырастырып алады ғой, сонша ақшаны көрип турып, айына жүз манат табатуғын байды не қылсын! Қатын-қызлар ақшаға бир табан жақын болады. Ақыры, алтынды көрген сон периште де жолдан шыққан ғой! Ҳәзирше бул әрман, еле чемоданнан дерек жоқ.

Усындай ойлар менен айқасып диванда шалқасына жатырған Тасполаттың көзи илинип кетти. Жол азабы, әўлийедеги әўерешилик, чемоданның қайғысы, кемпирден еситкен ақырети оны оғада шаршатқан еди. Көзи илинер-илинбестен-ақ дым әбеший түс көрди. Мектептеги анатомия кабинетинде туратуғын адамның скелети тислерин сақ-сақ еттирип, әкесиниң даўысында сөйлеп тур. «Ҳаў, аға, етлериң қаяқта?» дейди бул. «Мына қасымдағы Абдулла сылып алды, балам, тирилигимде де сөйтип еди, бул жерде де күн бермей атыр» дейди әкеси. «Мени де сөйтежақ» дейди бул. «Бул жерде етинди сылытқаннан сол жақта төбе-төбе гөш болғаның жақсы, балам» дейди әкеси. «Параға ақша алып барсам қалай болады?» дейди бул. «Атын айта көрме, бул жердегилер пара бергенлерди өртеп жибереди. Келгиң келсе, қара басың кел!»дейди әкеси. «Дүньяларымды не қыламан?» дейди бул. «Қалсын. Ол дүньяға сени жүк машинасы менен жибермейди» дейди әкеси. «Онда жаяўлап келемен бе?» дейди бул. «Арамыз бир адым-ақ жер ғой, қәне, қолыңды узат» деп скелет буған көсеўдей қолын созып киятыр еди, Тасполат «ўа-ай!» деп бақырып жиберди де ушып турды. Қара суў болып терлеп қалыпты. Көзин ашса, Улпери менен Шернияз кирип киятыр екен.

— Ҳәй, сизлерди жер жутып кетти ме?—деп бақырды Тасполат.—Қараңызды батырдыңыз ғой, түўе!

— Не болып қалды? Бастырныгып атырсаң ба?— деди Улпери желпинип.

— Сорлап қалдық, қатын!—деди Тасполат жарылыўға адам таппай отырғанлықтан бирден лақылдап. —Сорлап қалдық! Нурполаттың машынға бастырғаны баяғы Абдулла Султановтың ақлық қызы екен!

— Ол ким еди?

— Мениң әкем менен ата душпан болған адам.

— Ал, не дейди?—деп Улпери қулағының ушы менен тыңлап атырғандай етти.—Не қылажақ? Қызын төлетип алажақ па?

Тасполат түтеп кетти:

— Өйтежақ, бүйтежақ, отқа басын үйтежақ! Абырайды айрандай төгежақ! Баланы шырқыратып қамағажақ!

— Қаматажақ?—деди! Улпери жаны шығып.—Сен не питирип отырсаң? Пышықтай үйде көмпийип жата бергенше, аман алып қалыўдың жолын қарастырмайсаң ба?!

—Кемпири келип еди,—деп Улпериниң пәтинен қаймықты Тасполат.—Алдастырдым, ақша берген болдым. Ақша менен жүзиме урып, бетиме түкирип кетип қалды.

— Өл-ә!—деди Улпери кекетип.—Бир кемпирди сөзине турғыза алмасаң!... Сен-әм еркекпен деп талтаңлайсаң-аў!

Улпериниң гәпи жети жүйресинен өтип кеткен Тасполат өзиниң еркеклик намысын хорлап атырған ҳаялына қаны қайнап кетти:

— Мениң орнымда өзиң болғанда не қылар едиң? Ҳа?! Не қылар едиң? Топыраққа от қояр ма едиң?! Өзим лаўлап турғанда үстиме май бүркпе, қатын!

— Маған салсаң, неге күл болып ушып кетпейсең!

Улпериниң бул гәпи Тасполатты пүткиллей қыздырып жиберди:

— Атаңа нәлеттиң тухымы! Сеннен-ақ күйдим ғой! —деп Улпериге умтылып, бар пәрмени менен муш силтеп еди, ешейинде ийкемге келмейтуғын ҳаял қаймығып кеткенде Тасполаттың өзи еденге паңқ етип қулады. Улпери оны бығырлатып тағы астына басты.. Тасполат сойылып атырған исектей аяқларын сермеўде.

— Он еки мүшеңди он еки төбе етейин сениң!—деп

қызып кеткен Улпери аўзынан көбик шашыратты. Шернияз ишинен күлсе де, олардың тамашасына қарап тура бериўди нақолай көрип:

— Ҳаў, қойсаңлар-дә!—деп екеўин өлдим-азарда арашалады.—Қойың, уят болар. Неңиз жетпей баратыр онша?

— Қойдық, қойдық,—деп Тасполат ҳаялынан жеңилгенин мойынлап орнынан турды.—Қатын, усы көтерип соқпайлығың бар-дә! Болмаса, жап-жақсы қатынсаң-аў!

— Өзиңнен бәри,—деди Улпери ринге раунд арасындағы тәнеписке шыққан боксшыдай еки ийнинен дем алып.—Өзиңнен, шабазым... Жалғыз баланың жолына қонған шыбынды тухымқурт етип жибере алмасаң,.. Оннан айрылсақ, бизге мынаў сонша дүньяның, жайдың не кереги бар?—деп ол зорға дегенде бурынғы таз кебине түсти.—Ал, енди жаңағы неге де барып қайттық...

— Ҳее, ҳаў-ҳаў!—деп Тасполат пластинканың басқа жағына аўдарылғанына қуўанды.—Аўа, ал, не гәп, не сөз?

— Тәўип,—деп иркилип қалды Улпери.—Тәўип деп-пен-аў ,палкер! Ал, ағасы қоя бер, жаңағы палкериң оғыры билгиш адам екен. Мен кирип барыўдан-ақ жүзиме бир қарады да, не жоқ пенен келгенимди тап телевизордан көрип отырғандай айтты да қойды.

— Қояй?

— Аўа. Тап чемоданның түрине шекем, ишиндеги заем екенине шекем айтты ғой!

— Ҳаў, ҳаў?—деп таң қалды Тасполат —Сол үйжаңғыр емес пе екен урлап жүрген?

— Тил тийгизе көрме, ағасы! Бәлеге шатылармыз, —деди Улпери сыбырланып.—Оң жақтағы қоңсың дейин бе, сол жақтағы қоңсын дейин бе, сизлердиң жыйған дүньяңызды қызғанып жүреди екен деди.

— Қызғанады. Бәри қызғанады,—деди Тасполат.

— Чемоданыңыз сол қоңсыңыздың үйинде емес, шарбағындағы таўық қорасының ишинде көмиўли тур деди. Бүгиннен қалсаңыз, оны ақшам, мениң әрўақларым уйықлағаннан кейин басқа жаққа алып кетеди, оннан кейин мен де қаяққа кеткенин айта алмайман деди.

Тасполат баладай ушып-ушып қуўанды:

— Күни менен усыны неге айтпайсаң?!—деди де тағы ойланып қалды.—Ал, енди милиция шақыртсақ, чемоданнан айрылып қалсақ...

— Мына баланы жиберемиз,—деп Улпери Шернияз-ды нусқады.

Күни мененги гәпке араласпай турған Шернияз:

— Тоқта!—деди.—Еле қайсы қоңсыңызда болып шықты?

Улпери сәл ойланды да, қолын шошайтып сөйледи:

— Оң жақтағы қоңсымыздың таўығы жоқ. Таўық сақлайтуғын шеп жақтағы қоңсы. Бирақ, оның арысландай айбатлы ийти бар?

— Ийтиниң аты не еди?—деди Тасполат.

— Ийти түўе, өзлериниң атын зорға билемен сол қарақшылардың!—деди Улпери.—Қайсы ийттиң атын ядлап жүрейин!

Шернияз ишин тартты:

— Ийти болса, дат-бийрат! Мен жоламайман!! Ийт тислеген адамның қарнынан қырқ рет укол урады.

—Онда ким барады?—деп Тасполат екеўине қарады.—Ҳаял, сол ийт сени таныйтуғын шығар-аў?

— Танып, мен не, оның менен қолтықласып киноға барып жүрмен бе? О неси-әй!

— Айрым ийтлер ҳаялларды қаппайды.

— Ол сендей ийтлер шығар!— деп Улпери күлип жиберди.

— Тасполат ағам ҳаял көрсе о...—деп Шернияз да қуўақышылық етип киятыр еди, Тасполат қайтарып таслады:

— Отырсаң-ә, бала! Ҳаял, сен усыны өзиң епле.

— Еки еркек турып, мен қалай бараман?

Тасполат ғарқылдап күлди. Көптен берли биринши күлиўи еди:

— Бүгинше бизлер-ақ қатын болайық! Ҳаў, бүгин түннен қалса, басқа жаққа әкетеди деп палкер де айтқан ғой.

— Яқшы, бир тәўекел етейин!—деп ғужырланды Улпери.—Бирақ, бир шәртим бар.

— Мың шәртиң болса да бисьярман, ҳаял.

— Сол чемоданды тапқанымнан кейин мени бир ай курортқа жибересең. Келистик пе?

— Бир ай емес, өмириңше курортқа кет, қатын,—

деп Тасполат тағы ғарқылдады.—Маған чемоданды әкелип берсең болар.

Бул гәпке Улпериниң тылақайы тырысты да қалды:

— О не дегениң? Өмириңше курортқа кетиң не сениң?! Меннен қутылғың келип жүр ме? Керегим болмаса, өзим-ақ кетемен. Улпериниң бойындағы қызғыны еле суўып қалған жоқ. Тасполат болмаса, тағы бир жас полат табылмас дейсең бе?

— Жеңгем дурыс айтады,—деп Шернияз да тыныншына турабермей оның дасмалын сықты.—Еле анаўмынаў жигиттиң аўзын паңқыйтып кетеди.

Улпери оннан сайын ҳәўижге минди:

— Сениң барып жүргениң курорт емес, аўа! Курорт емес, өрт! Ҳәр барған сайын ишиңе өрт түсип келеди сениң. Мени билмейди деп ойлайтуғын шығарсаң! Қундақтағы баланы тапқан екенсең!

— Ҳаў, курортқа кет десек те жақпасақ...—деп Тасполат тағы не қыларын билмей илбирип қалды.—Пышақтың арқасынан жүргендей болдық-аў, бала! Айтпақшы,—деп әңгимениң бағдарын бурғысы келди.—Сизлер бир нәрсени умытқан екенсиз. Палкерге баланың үш күннен берли жоқ болып кеткенин айтпапсыздә?

Баласын еситиўден Улпери басына түскен басқа саўдалардың бәрин умытып, егитилип қоя беретуғын еди, бул сапары да солай болды:

— Ядымда болды-аў, шабазым. Баланы умытаман ба? Бирақ, еки жоқты бирден айта алмайтуғын шығар деп, ләм-мим демедим... Тири адам табылар, ағасы, әўеле чемоданды таўып алайық. Қараңғы да түсип киятыр. Биз урлық қылған күни ай жарық болды дегендей, қоңсымыз да қырсығып бүгин ерте уйқламас...

— Уйқлайды ғой,—деди Тасполат исенимли түрде.—Телевизорға пилдей үңилип қашанғы отырар дейсең. Қолыңа шаппаттай гөш алып шығыўды умытпа, қатын. Ийт қыйсаңлай басласа, алдына томп еттиресең. Ийт ийтлигине барып, қулқынына тартпас па екен?

— Әй, билмедим-аў, ол ийтине пайлы, аға,—деди Шернияз таталап.—Қасарысқан жеринен қан алатуғын овчарка болса, урыстан қайтқан байын көрген қатындай қушақласа кетеди!

Тасполат Шерниязға жақтырмай қарады, басла-

нажақ иске кеселеп шаўа беретуғын ўас-ўас адамды өлердей жек көретуғын еди ол:

— Сен -әм аспаныў-зәминди бир-бирине қабыстыра берме, бала! Арасында саңлақ қалсын, ғошшым. Бизиң қатын деген ўооо, бир ийтке баш берейин деп жүрген адам емес!

Бул марапат Улперини бир көтерип таслады:

— Қоян жүреклер! Жигит болып көрмеген сүмеклеклер!—деп екеўин де саннан шығарып таслады.—Егер усыннан чемоданды таўып келе қойсам, маңлайларыңызды бузаман! Тасқа тийген чайниктей шыл-пэрше етемен!

— Сүйек пенен урғанға ийт қаңсыламайды,—деп ыржыйды Шернияз.—Сол чемодан менен Тасполат ағамның орнына да мениң маңлайымды буз! Қәнекей, қолыңа илине қойса, жеңгежаным!

— Мен шарбаққа шығып, разведка жасап қайтайын,—деп Тасполат томпаң-томпаң етип шығып кетти. Ол кетиўден Улпери жумсақ креслоға бөксесин қойып керилди де, көйлегиниң етегин көтерип желпинип-желпинип алды. Оның путағы алынған жуўан арғыттай аппақ балтырлары, күн тиймеген дирилдек билеклери айқасқа таярлап атырған палўанды еслетер еди.

— Усыннан чемодан табылмай қалса, сениң ҳалың не кешеди, шәлтик қәйним?—деп сызылып Шерниязға қарады. Шернияз оған жақынлаў келип отырды:

— Мениң жаным сол чемоданның ишинде ме? Жоғ-ә! Тасполат ағамның қанша байлығы барын билемен. Басқасынан-ақ еплеп жибермес дейсең бе? Жеңге, мойынтаўлық еткендей болса, сен де демеп жибер, ҳеш болмаса гәптиң қосент болар.

— Ҳә, айланып келгенде мениң қазығыма сүйкендиң бе?—деп Улпери қыйқыў салып күлди.—Бағана азмаз самаллайық десем, тасбақадай мойныңды ишине тартып атыр едиң ғой.

Сырты күлген менен жисмине қоз түсип, өзегин өрт шалған Шернияз жақынан берли ўақты хошлықты умытып кеткен еди. Улпериниң ўайрақлаған назы түўе, өз ҳаялының сыңғырлаған күлкиси де жақпайды Бир қараса, алдынан қараўытып тюрьманың шынжыры салбыраған темир қапысы көрингендей жан-ийманы қалмайды. Ҳәзирги аўҳалы да нағайбыл, суў қысымлағандай қолына илинетуғын нәрсеси болама, болмай

ма биймәлим. Чемодан табылмаса, Тасполаттың өзи де тамбасынан бойын таслаўдан қайтпайды, тек үмити Улпери. Оған да исенип болмайды, өзи жуп-жуўан болса да гейде гәплерин қылдай жиңишкертип жибереди.

— Әйўан-жәйўан болып жүрисим мынаў,—деди Шернияз ойланған пишинде.—Атқа терисине мингендей он еки мүшем саўсап берекетим жоқ... Оның үстине, Тасполат ағам да сезиклини секиртемен бе деп дәмеленип, бизге гүман менен қарайды. Түбинде бир сезгени бар ма деймен?

— Қудайдың өлиминде!—деп Улпери санын шапатлады.—Оныки өмиринше гүман ғой! Усыннан сен қамалып кетсең қалай болады?

— Қамалып?—деп ети түршигип кетти Шерниязның.

— Аўа.

— Қаяқтағыны айтпа, жеңге. Маған ақша таўып берсең,ийнениң көзинен-әм өтемен! Ал, жойтылған чемоданға басымды байлап қойсаңлар, онда билмедим. Бул қудайыўар нәрсе.

Улпери оны өзине тартты:

— Қорықпа, қәйним, сениң көзиңди бақырайтып, белбеўли машынға мингизип жибере бермеспен. Сен еле маған керексең! Ағаңның сен билмейтуғын адамлары бар. Районлардан да табылады. Жаманлығы пулды солардан-ақ алып беремен.

— Сендей жеңгемнен айналайын! Қулың болайын!

— «Ақшам ярың, күндиз қулың болайын» де!

— Аўа, тап солай!—деп Шернияз оның қушағына сүңгип кетти.

Тасполат кирсе, ҳаялының рәпийдадай бетин Шернияз шорпылдатып сүйип атыр екен, ол өз көзине өзи исенбей кирген жерде қатып қалды. Айшы-әширетке берилип кеткен олар бул дүньядан бийхабар еди.

— Ҳәә!—деди Тасполат еки бүйирин таянып.—Ҳәккедей шықылықлаўыңыз жаман еди сизлердиң! Ақырында кенедей бир-бириңизге жабыстыңыз ба? Жо-оқ, мен сизлерге көз алдымда яр-яр айтқызып, гелленлетип қоймаспан!

Ашық-машықлар орынларынан әлле қашан-ақ шапшып турған еди, Тасполат қолына илингендей зат излеп дөгерегине қарады, ҳеш нәрсениң уўытын таппаған

соң Шерниязға мушын ала жуўырды. Араға Улпери араласты, Шерниязоны қалқан етип, Тасполаттың биринши шабыўылынан аман қалды. Түстен кейиннен берли мушы қышып, ҳеш кимди уралмай пәнтқумар болып турған Тасполат есерленип тағы умтылды.

— Қой, қой, ағасы!—деп Улпери оған жабысты.—Ҳаў, қәйниси жеңгесине еркелеп асылып атырған шығар.

— Ҳәй, еркелеп табытыңа асылғыр!!!

Тасполаттың бул гәпи қанша аўыр болса да, гүна өзинен болған соң Улпери елестирмеди.

— Азмаз еркеледик-тә, аға...—деп қыйпақлады Шернияз.

— Маған жақынланқыра!—деп Тасполат мойнына қурық түскен асаў аттай Улперини ғыр гүбелек айланды.—Еркелесең, маған неге еркелемейсең? Мен бетиме бурыш жағып қойғаным жоқ, еркелегиң келип баратырса, мени неге сүймейсең?

Шернияз ыржыйды:

— Ҳаў, сизди сүйип...уят болмай ма, аға?

— Қатынымды сүйгениң не? Жүзикке қас қондырғандай болып турып па?—деп Тасполат енди ҳаялына дәпинди.—Ҳәй, бетиң қышып баратырса, жайдың сыртқы сыбаўына неге үйкелемейсең?

— Өйтип не, бетим қотыр болып па?—деди Улпери еле айыбын жуўып-шая алмай. Изинен Шерниязға көзин алартты.—Қыршын, сен де аш кенедей жабыса қалдың. Ағаңның усындай қызғаншақлығын билесең. сөйте тура жақпас қылығың менен ойнайсаң! Жеңгесиниң бир путы қәйнисиники деген кең заманлар өтип кетти. Ҳәзиргилердиң иши тарылып, пейли-ақпалы өзгерип баратырғанынан хабарың жоқ па?

— Қәйдем билейин,—деди Шернияз гүналыдай басын төмен алып.—Бурынлары дәрья тасса тобығына келмейтуғын ағамыз еди.

— Сол дәрья таса-таса бүгин алқымлығыма тақалып тур!—деп Тасполат қолын ийегиниң астына апарды.—Еркеле! Еркеле! Ертең саған пәтиңкимниң ултанын сүйгизбесем, әкел қолыңды!

Дәслепки ашыў тасқыны кенарына урды да, оннан асырылып түсе алмай кейин қарай серпиле баслады. Тасполат креслоға келип отырды да, қызараңлағанын

сәл басып, жағына қолын таянды. Оның ўәжге келип, мүләйимсиўин күтип отырған Улпери!

— Қойшы, ағасы, «Көтерилмес көтерилсе, көтерги менен бир урар» дегендей, бүгин үйдиң ишин әширнәшир ете қалдың ғой,—деп оның кеўлин аўлаған болды.—Плем совхоздың буғаларындай аяғың менен топырақ шаша берме!

Шернияз шыйқылдап күлди. Оның күлгенине Тасполаттың жини тырысып қалды:

— Ҳә, ийт ашқанда күлгир! Тап бар ғой, сени тюрьмаханада ширитемен!

—Ҳаў, аға! Жеңгемниң бетин бир ийискегеним он бес жылға түсип турмасын!—деп ҳаўлықты Шернияз. —Мәкийен қоқақламаса қораз қанатын жаймайды.

— Не дейди мына жаман?!—деп Улпери аўзын желкесине шекем керип тисленди.—Қораз емиш! Кекилиңди дал қара қан етейин бе, ширкин?!

Улпери обақазланып, Шерниязды түтип жейтуғындай ашыў менен жай ишинде қуўа баслады.

— Ҳаў, ҳаў, Тасполат аға!—деп Шернияз оны айланып қаша берди.—Услаң! Усласаңыз да мынаўыңызды! Бул турысынан адамды еки бүклеп бир басар. Ҳаў, аға, деймен! Сизлердиң үйиңиз бүгин саўаш майданына айлана қалды ғой!

Екеўиниң ортасында шыр айналған Тасполат!

— Обалың жоқ!—деп Шерниязға басы айланбап еди, ҳаялының қутырынған көзи дегбирден састырды. —Сонда да көз-көреки сабатып қойғаным әнтек болар.

Сүзеўик танадай көзлери қанталасып, үйдиң ишин қумқуўыт еткен Улпери ҳәзирги пәтинде еки еркекти де бир шыбық пенен айдаўға құдирети жететуғын еди. Гә жадырап, гә түнерип турған бәҳәр аспанындай айнымалы минезине ийи қанық Тасполат:

— Қоя ғой, қатын,—деп тәўелле еткен болды.— Қәйниң еркелесе, еркелеген шығар. Бул күнде еркетайлар көбейип кетти ғой.

— Яқ, мен қоймайман! Неге қояды екенмен?—деди екесленген Улпери танаўы желбиреп.—Мени неге мәкийенге теңгереди? Үш манатлық мәкийен...

— Жеңге,бир ойынды кеширгейли болсын-дә,—деп жалынды Шернияз.

Улпериниң көкирегин кернеген ашыў тек ғана Шер-

ниязның бир аўыз сөзинен пайда болған жоқ, күлге көмилип атырған қоздай бурыннан киятырған кек бирден лап етип алысқан еди, оған жаңағы гәп тамызық болды. Шернияз ишинен жамбасына урды, марапат сөзди сатып атыр ма, усы мақаў жеңгесиниң кеўлинен шыға қойғанда ҳәзир бундай ойқан болмаған болар ма еди, әлле нетип? Улпериниң бүйтип ала шаңғыт даўыл көтериўинде тағы бир лийкин бар: Шерниязға усындай етип алып топылса, Тасполаттың кеўлиндеги гүман әсте-әсте думандай тарқаўы мүмкин, егер олардың арасында жым-жыма қатнасық болғанда, Улпери ҳә дегеннен мә, деп қыза бермеўи керек ғой.

— Қоя ғой! Пай, усы сениң есерлигиң бар-дә,— деди Тасполат оны марапатқа силейтпекши болып.—Болмаса, әжептәўир қатынсаң!

Улпери Шерниязды қоя берип, жаман көзи менен оқырайып байына қарады, ендиги тепкини оның жейтуғынына гүман жоқ еди:

— Не дедиң? Әжептәўириң не?! Мен енди әжептәўир болып қалыппан ба? Қыз ўақтымда әбенедей едим, ал енди әжептәўирмен-ә!

Шернияз өзиниң үстинен жәнжел тасының жумалап кеткенине бойы жеңилтекленип, қуўанып қалды, сонлықтан даўысының барынша Улпериге марапат желин гүўлетти:

— Ҳәзир-әм гөззаллардың гөззалысаң, жеңге! Ай десе жамбылша тилигиниң орнындай аўзың, күн десе оқпанның аўзындай қап-қара көзиң бар, он екиде бир гүлиң ашылмаған, ашылса да пығаны шашылмаған, қумырысқаның белиндей үзилип кетейин деп турған қыпшабел жеңгейсең-аў! Тасполат ағам мут жеринен келген соң көзине әжептәўир көринип атырғансаңғой.

— Иним,—деп шапшып түсти Тасполат. Гәпиңниң бир жағын маған түйетайды етип жибере бересең, я мен жездеңмен бе?

— Ҳаў, ақсақал, айнымаң өйтип!—деди Шернияз шырп етип.—Әмеки екенимизди умытпаң. Ал, жездем болғанда, бундай аў болмас та еди. Қой, енди өспейтуғын баладай өнбейтуғын даўды қопсыта бермейик. Түн де биразға барып қалды.

Ҳалласлап турған Улпери бирден салпаўсып қалды:

— Уйқлады ма, деймен, үйинде жарық көринбейди,—деди Тасполат.

— Онда мен баратуғын болдым ба?

— Аўа, шабазым, бағанағы ўәде-ўәде.

— Онда азмаз гөш алып шығайын,—деп Улпери шығып кетти. Қолына жудырықтай қып-қызыл гөш услап айланып келди де:

— Сизлер усы жерде қала бериң. Шарбақтан асырылып түсермен,—деди.

— Бержағына бир бийиклеў доғалақ ағашты сүйеп қойдым,—деди Тасполат.—Абайла, бир шетинен басып қалпақтай ушып түспе.

— Қудайға шүкир, көзим бар ғой.

— Ал, жеңге, табыслар тилеймиз!—деди Шернияз оны үлкен сапарға шығарып салып атырғандай. Улпери астыртын ҳәрекет пенен тап жаўдың ортасына баратырғандай соңынан қарап қалған еки еркектиң де жүреклери дүрсилдести, «жаман айтпай жақсы жоқ» дегендей, мың айтсаң да Улпери анаў-мынаў азаматтың қолынан келмейтуғын иске бел байлаған еди.

— Усы бизиң қатын зор-дә!—деди Тасполат мардыйып.

— Айтарың бар ма, аға!—деп оны хошлады Шернияз.—Қатыннан рәҳәт көрип қалған адамсаң ғой!

— Әне, түсти!—деди Тасполат, қанша сақлық етсе де Улпериниң шарбақтың аржағына гүмп етип қулағаны екеўиниң қулағына еситилди. Тап сол ўақытта ийттиң әўпилдеген даўысына қосыла таўықлардың қоқақласқаны, ийт әўпилдисиниң кем-кем ҳәўижге шыққаны көшени басына көтерди.

— Мынаў ийти адам алатуғын қыйлынан ба деймен?—деди қәўетерленген Шернияз.

— Таўықлар!—деди Тасполат шыжа-пыжа болып.—Сол шоңқайма тийгирлердиң ғоқақлайтуғынын ядымызға келтирмеппиз ғой?!

— Ядқа келтиргенде оған не илаж?

Қорасындағы қыян-кести шаўқымнан қоңсы үйдиң адамлары да оянса керек, олар «Таўыққа уры түсти!» деп қыйқыў салып, онысыз да өршеленип үрип турған ийтине ҳәл берди. Ийелериниң алдында ишкен дузын ақлаўға урынған ийт енди әўпилдеп үргенди қойып, бығыр-бығыр бола қалды.

— Қурыдық!—деп Тасполат басын қос қоллап ушлап отырып қалды.—Бәри оянып кетти!

Бығырлап талап атырған ийттиң даўысының арасынан Улпериниң:

— Өлдим!—деп жан ҳалатта қышқырғаны еситилди.

— Мына ақмақлар ийтин неге усламайды?—деди Шернияз сабырсызланып.

— Қатынды өлтирди!—деп Тасполат гә отырып, гә турып, есик пенен төрге шапты.

Соның арасында:

— Услаңлар! Ийтти услаңлар!! Мен Улперимен! Уай-ўай!!—деген ашшы даўыс шықты да, семип қалды.

— Милицияға хабар етейин бе?—деди Шернияз асығыслы.

— Милицияны олардың өзлери-ақ шақырады,—деди Тасполат. —Сен «тез жәрдемге» хабарла!

Шернияз телефонға асылды...

Қалалық ишки ислер бөлими орналасқан еки этажлы тас жайдың алдындағы көше бойындағы шоқ тереклик елпип ескен жаз азанының самалы менен әсте суўылдасып, ырғатылады. Еле жумыс күни басланбағанлықтан ҳәрекет аз, дуңгирлерин көтерип сүтке баратырған бала-шағалар көринеди, қолларына орақ пенен термос, тор услаған көмекшилер ушырасып қалады, олар асығыс түрде ғаўаша отағына баратыр. Жаз шығыўдан студентлердиң де, оқыўшылардың да, қала халқының да үйренисип кеткен кәри бул: дәслеп ғаўашаның тәрбиясына қатнасады, соңлаў от-шөп таярлаўға жәрдемлеседи, ал гүзде шырпылдаған пахта терими. Буған ҳәмме үйренисип кеткенликтен мойынтаўлық етип атырған басшы да, қосшы да жоқ, көпшилиги таза ҳаўаға шығып қайтамыз деп қуўанады. Бирақ, бул көп мәкемелерге зыян еди, планлар үстүртин орынланады, олардың басшылары төрт-бес айлап тийкарғы жумысларын шаңның астында қалдырады да, аўыл хожалығында жүреди. Бул әдет түсине айланып кеткен еди, аяғына шүберек етик, басына жуқа қалпақ кийип алған мәкеме басшылары тап

аўыллардағы ҳәмелдарлардан парқы жоқ еди, пахта планын, от-шөп планын солардың өзлеринен сорайтуғындай атыз басында шоштыйып жүреди, ал қаладағы өз мәкемесиниң жумыслары отырған үстине отыра береди. Ақыры, он адам ислейтуғын жумысты бес адамның атқарыўы мүмкин емес ғой. Сонда да жөни табылады, гүзде пахта план толған соң көмекшилер керексиз болып қалғанда, енди сол мәкеме басшыларының басына зобалаң түсип жыллық план соралады. Расынан келиўге басшы басынан қорқады, жазы менен аўыл хожалық жумысларында болғанын ким есапқа алсын, отчетте ондай графа жоқ, сонлықтан қосып жазыў, көз бояўшылық басланады. Планлардың ап-аңсат орынланып атырғанына ҳәмме қуўанады, өзлерин өзлери алдап атырғанларын билсе де, жоқарыдағылар алданып атырғанын билсе де, хошамет сөзлер қардай борады, алдаўшылар да, алданыўшылар да бул табысларға қуўанып, шаппат қағысты. Шынында, олар қуўанған табыс жер үстинде жоқ еди, олар тек қағазларда көз тойдыратуғын сүўреттей бажырайып қалып атыр еди.

Ҳәр қашанғыдай үйинен ерте шыққан майор Мәтмуратов милицияхананың алдындағы терекликтиң астында турып усылар туўралы ойлады. Бул ҳәммениң көзи үйренип, кеўиллери көнлигип кеткен әдет, жоқ әдет емес, жынаят еди. Халықты, елди алдаўдан өтетуғын жынаят бар ма? Әне, анаў дуңгирин көтерип баратырғанларға қара, оларға бүгин сүт жетеди, я жетпейди, ал планда қаладағы жан басына пәлен литрден сүт әкелинип, сатылып атыр. Яқшы, сүтти қояйық, жетсин-жетпесин, дүканларға келип турады. Ал, сарымай ше? Завод сарымай шығарыўды тоқтатқан ба? Неге тоқтатылады, шығарып атыр. Сонда олар қайда? Олар саўда орынларына жиберилген, халыққа сатылған болады, бирақ колхоз-совхозлар дүканларға ақша өткерип, қуты-қуты сарымайларды сатып алады да, қайтадан заводқа алып келеди. Завод оны сүт есабынан қабыл етип, планын орынлатып жибереди. Сөйтип, қуты-қуты сарымайлар айланып жүре береди, ал олардың көгерип, баз басып кеткенлери мәжбүрий түрде сарымай менен тәмийинлениўи тийис мәкеме хызметкерлерине инәм етиледи. Мине, завод май шығарыў планын, дүкан саўда планын, колхоз-совхоз

сүт тапсырыў планын ап-аңсат орынлап атыр, лекин, халық «сүт булағын тастырғанлар» деген очерклерди оқып, сүт, қатық ишкендей, қаймақ жалағандай кеўиллерин жубатып атыр. Майор Мәтмуратов бир сапары бул қылмыстың бетин ашып, алтын тапқандай қууанып келгенде, министри:

— Басқа қылмыслар қапылып қалып па еди? Мәмлекетлик план менен не жумысың бар?—деп оны дизден қайтарып таслады. Соннан берли ишинен күйеди, өртенеди, кесе белден ат шапқанның пайдасы жоқ, алдыңдағы ағаларың «ҳәй, бәрекелле!» деп қыйқыў салып турмаса. Бирақ, ол бундай қыйсық жолдың узағына даўам етип кете беретуғынына инанбайды, бир күн болмаса бир күни бағдар өзгерип, жынаятшылардың жүзиндеги нықапларының шыл-пәршеси шығып жыртылатуғынына, халықтың мудам алдана бермейтуғынына исенеди. Ол қалың теректиң шақалары бүркеген тротуар бойлап усыларды ойлады. Еле ерте еди. Бир ўақта айықтырыўхананың «мийманлары» қолларына сипсе,шелек алып көше сыпырыўға шықты. Олар муңлы, ишинде әдеўир көрнекли хызметте ислейтуғын пәп-пәкизе жигитлерге шекем бар, олар басын жоқары көтермейди. Үйлеринде туфлилерин тазалаўды ар көретуғын қайқылар көшениң шаңын ала-бурқан етип сыпыра баслады. Мәтмуратовтың буған күлкиси де келеди, қасақана ислетип атырған өз хызметкерлерине кеўли де толады. Ар-намысы күшли адам усыннан кейин екинши рет бул жерге келмейтуғын болады. Демек, келмесе қалада жәмийетлик тәртиптиң дүзелип киятырғаны, арақ ишиўшиликтиң азайғаны. Бир-бири менен даўыс шығарып сөйлесиўге тартынып, тек көшени шаңғытып сыпырып атырғанларды көп қысындыра бермеў ушын Мәтмуратов былайырақ кетти.

Ол сыртқы есиктен ишке киргенде өз айылын арқайын жаздырып, еркинше отырған нәўбетши милиционер начальнигине көзи түсиўден аяқ-қолын тез жыйнап алды да, шырп етип орнынан ушып турып честь берди:

— Жолдас майор! Өткен түнде қаламызда айта қалғандай ЧП болған жоқ! Нәўбетши...—деп аты-жөнин айтып киятыр еди, майор «болды» дегендей сәлемлесиў ушын оған қолын созды. Екинши этажға көтерилди. Коридордың иши еле тым-тырыс еди, кабинетлердиң бәри де жабық. Енди бир сааттан ишинде адам толып кететуғын коридор сол шаўқымды сағынып атырғандай оның аяқ сестин ана басынан мына басына жеткерди.

Ат жақлы, қобаға мурын, қара пәрең, узын бойлы, жаўырынлы Мәтмуратовтың бул жумысқа араласқанына да жигирма жылдан асып баратыр. Көп жыллар даўамында арқа районларда иследи. Ташкенттеги милиция мектебин питкерип келиўден-ақ оған жуўапкерли жумыслар тапсырыла баслады. Өзин усы кәсипке бағышлаған жигит тапсырылған ҳәр қандай тапсырманы да қыйынсынып турмады, қызығыўшылық пенен атқарып шықты. Талай операцияларға қатнасты, көп қылмысларды әшкара етти, қәўипли соқпақлардан қәдем таслады. Қалалық ишки ислер бөлимин басқарып атырғанына да быйыл үшинши жыл.

Ол кабинетине келип отырыўдан-ақ нәўбетши милиционер селектор арқалы бир ғаррының келип, начальникке жолыққысы келетуғынын хабарлады.

— Кирсин!—деди Мәтмуратов. Еле жумыс баслан-бай турып келген адам тегинге келмейди, қандай да бир қыстаўлы ўақыя жүз берген шығар.

— Мүмкин бе?—деп сәлем берип пәкенелеў мурт-лаш киси кирип келди. Олар қол алысып сәлемлескеннен кейин келген ғарры қапталдағы табуреткалардың бирине отырды да, өзиниң аты Әўез екенин, қоңсысының ҳаялы менен өткен ақшам таўық қорасында болған түсиниксиз ҳәдийсени бастан-аяқ қалдырмай айтып берди.

— Қоңсыңыздың ҳаялы таўығыңызды урлайын деп атыр ма екен?

— Таўық урлайжақ дегенге исенбеймен,—деди Әўез қолларын жайып.—Ҳаў, Тасполат Алламбаевтың ҳаялы таўық урлайтуғын ба еди?

— Ҳәә, Алламбаев сизиң қоңсыңыз ба?

— Аўа. Милиция шақыртаман десем, Тасполат азарда-безер болды. Сөйтип «тез жәрдем» машинасын шақырттық. Врачлар «көз-көреки ийтиңе неге талатасаң?» деп үстимнен акт дүзежақ. Ҳаў, қарағым-аў, ийтим оны көшеде таласа бир сәри. Ол қатын бизиң қорада неғып жүр? Түсиниксиз.

— Милиция шақыртыўыңыз керек еди,—деди, Мәт-

сүт тапсырыў планын ап-аңсат орынлап атыр, лекин, халық «сүт булағын тастырғанлар» деген очерклерди оқып, сүт, қатық ишкендей, қаймақ жалағандай кеўиллерин жубатып атыр. Майор Мәтмуратов бир сапары бул қылмыстың бетин ашып, алтын тапқандай қуўанып келгенде, министри:

— Басқа қылмыслар қапылып қалып па еди? Мәмлекетлик план менен не жумысың бар?—деп оны дизден қайтарып таслады. Соннан берли ишинен күйеди, өртенеди, кесе белден ат шапқанның пайдасы жоқ, алдыңдағы ағаларың «ҳәй, бәрекелле!» деп қыйқыў салып турмаса. Бирақ, ол бундай қыйсық жолдың узағына даўам етип кете беретуғынына инанбайды, бир күн болмаса бир күни бағдар өзгерип, жынаятшылардың жүзиндеги нықапларының шыл-пәршеси шығып жыртылатуғынына, халықтың мудам алдана бермейтуғынына исенеди. Ол қалың теректиң шақалары бүркеген тротуар бойлап усыларды ойлады. Еле ерте еди. Бир ўақта айықтырыўхананың «мийманлары» қолларына сипсе,шелек алып көше сыпырыўға шықты. Олар муңлы, ишинде әдеўир көрнекли хызметте ислейтуғын пәп-пәкизе жигитлерге шекем бар, олар басын жоқары көтермейди. Үйлеринде туфлилерин тазалаўды ар көретуғын қайқылар көшениң шаңын ала-бурқан етип сыпыра баслады. Мәтмуратовтың буған күлкиси де келеди, қасақана ислетип атырған өз хызметкерлерине кеўли де толады. Ар-намысы күшли адам усыннан кейин екинши рет бул жерге келмейтуғын болады. Демек, келмесе қалада жәмийетлик тәртиптиң дүзелип киятырғаны, арақ ишиўшиликтиң азайғаны. Бир-бири менен даўыс шығарып сөйлесиўге тартынып, тек көшени шаңғытып сыпырып атырғанларды көп қысындыра бермеў ушын Мәтмуратов былайырақ кетти.

Ол сыртқы есиктен ишке киргенде өз айылын арқайын жаздырып, еркинше отырған нәўбетши милиционер начальнигине көзи түсиўден аяқ-қолын тез жыйнап алды да, шырп етип орнынан ушып турып честь берди:

— Жолдас майор! Өткен түнде қаламызда айта қалғандай ЧП болған жоқ! Нәўбетши...—деп аты-жөнин айтып киятыр еди, майор «болды» дегендей сәлемлесиў ушын оған қолын созды. Екинши этажға көтерилди. Коридордың иши еле тым-тырыс еди, кабинетлердиң бәри де жабық. Енди бир сааттан ишинде адам толып кететуғын коридор сол шаўқымды сағынып атырғандай оның аяқ сестин ана басынан мына басына жеткерди.

Ат жақлы, қобаға мурын, қара пәрең, узын бойлы, жаўырынлы Мәтмуратовтың бул жумысқа араласқанына да жигирма жылдан асып баратыр. Көп жыллар даўамында арқа районларда иследи. Ташкенттеги милиция мектебин питкерип келиўден-ақ оған жуўапкерли жумыслар тапсырыла баслады. Өзин усы кәсипке бағышлаған жигит тапсырылған ҳәр қандай тапсырманы да қыйынсынып турмады, қызығыўшылық пенен атқарып шықты. Талай операцияларға қатнасты, көп қылмысларды әшкара етти, қәўипли соқпақлардан қәдем таслады. Қалалық ишки ислер бөлимин басқарып атырғанына да быйыл үшинши жыл.

Ол кабинетине келип отырыўдан-ақ нәўбетши милиционер селектор арқалы бир ғаррының келип, начальникке жолыққысы келетуғынын хабарлады.

— Кирсин!—деди Мәтмуратов. Еле жумыс баслан-бай турып келген адам тегинге келмейди, қандай да бир қыстаўлы ўақыя жүз берген шығар.

— Мүмкин бе?—деп сәлем берип пәкенелеў мурт-лаш киси кирип келди. Олар қол алысып сәлемлескеннен кейин келген ғарры қапталдағы табуреткалардың бирине отырды да, өзиниң аты Әўез екенин, қоңсысының ҳаялы менен өткен ақшам таўық қорасында болған түсиниксиз ҳәдийсени бастан-аяқ қалдырмай айтып берди.

— Қоңсыңыздың ҳаялы таўығыңызды урлайын деп атыр ма екен?

— Таўық урлайжақ дегенге исенбеймен,—деди Әўез қолларын жайып.—Ҳаў, Тасполат Алламбаевтың ҳаялы таўық урлайтуғын ба еди?

— Ҳәә, Алламбаев сизиң қоңсыңыз ба?

— Аўа. Милиция шақыртаман десем, Тасполат азарда-безер болды. Сөйтип «тез жәрдем» машинасын шақырттық. Врачлар «көз-көреки ийтиңе неге талатасаң?» деп үстимнен акт дүзежақ. Ҳаў, қарағым-аў, ийтим оны көшеде таласа бир сәри. Ол қатын бизиң қорада неғып жүр? Түсиниксиз.

— Милиция шақыртыўыңыз керек еди,—деди, Мәт-

муратов Әўездиң жүзине тигилип. — Бунда қандай да бир сыр бар. Алламбаев курорттан қашан келген?

— Кеше келипти.

— Ҳәзир ол ҳаял қаяқта?

— Емлеўханаға алып кетти,—деп Әўез майорға үмитлене қарады.—Жолдас начальник, бул мәселеде мениң қандай гүнам бар?

— Ким сизди гүналап атыр? Ийтиңиз қутырмаған ба?

— Қутырыў қайда? Жаңағы қатынның өзи қутырмаса...—деп күлди Әўез муртын сыйпап.—Ветлабораториядан өткерип тураман.

— Мениңше, сизде айып жоқ,—деди Мәтмуратов.—Олар ҳәм уры, ҳәм үстем болғысы келген шығар. Анықлаймыз.

— Қоңсысының ийтине таланыпты деген-әм жақсы ат емес екен,—деди Әўез.—Соннан қысынғанымнан жумыстан бурын кирип шығайын деп келгеним еди.

— Сиз онда жумысыңыздан қалмаң, Әўез аға,—деп Мәтмуратов орнынан турып қолын узатты.—Керек ўақтында шақыртамыз.

— Шақырып не қыласыз, қоңсы менен аразластырып...—деди Әўез жақтырмай.—Берекет табың, мени жаңағы врачлардың бопсасынан қутқарсаңыз болды.

— Яқшы, оны ўақтында анықлаймыз. Ҳаялдан тергеў аламыз. Ақыры, ол сизиң қораңызға барғанда адасып бармаған шығар?

— Ҳаў—,деп тағы күлди Әўез.—Адасқанда шарбақтан асырылып түсип адаса ма?

— Яқшы, кете бериң!—деди Мәтмуратов қолын қысып.—Хабарыңыз ушын рахмет!

— Рахмет сизлерге де! Саў болың!—деди де Әўез жеңил жүрис пенен шығып кетти.

Шым-шытырық ўақыялар. Баласы адам бастырғаннан кейин ушты-күйди жоқ болып кетти. Ал, оның машинасы Щуканың гаражынан табылады, Щука болса шала-жансар болып үйинде жатады. Арақ ишилген, үш адам ишкен. Кеса үшеў. Үшиншиси ким болды екен сонда? Алламбаев деген самолет пенен сол күни Минводаға ушқан. Жиберген хызметкери оның менен ушыраса алды ма екен? Хабар-атар жоқ. Ал, енди мынаў не? Алламбаевтың ҳаялы қоңсысының таўық

қорасында не қылып жүр? Мақсети не? Я, үйиндеги пулларын сол қораға көмбекши болды ма екен? Ондай жағдайда таланған жеринде ақшалары қалыўы керек ғой. Жаңағы киси бул ҳаққында тис жармады. Неде болса, емлеўханаға адам жиберип, буны анықлаў керек. Айтса не жақсы, ол ҳаял тегинликте сырын шашпас. Тасполат Алламбаев курорттан неге ерте қайтады? Бәлким, баласының жоғалып кеткенин еситкен шығар? Ҳаял ийтке таланған ўақта үйинде Шернияз Төрениязов деген дүканшы да бар еди деп еди ғой жаңағы киси. Мүмкин, сол адам бир нәрсе билетуғын шығар?

Кирип келген милиция капитаны менен қысқа сәлемлести.

— Отырың,—деди Мәтмуратов.—Ал, не жаңалық?

— Сол күнги анасына звонит еткендеги гәпи бойынша қаламыздағы Гүлсара деген қызлардың бәринен саўал алып шықтым,—деди капитан үлкен жумысты питкергендей мардыйып.—Отыз төрт ержеткен Гүлсара бар екен!

Мәтмуратов күлип жиберди:

— Қызларымыздың тең-жарпы Гүлсара екен-аў! Ал, айта бериң.

— Тиллекке қарсы,—деп капитан ийнин қысып қойды,—сонша көп Гүлсараның бир де биреўи бизиң қаҳарманымызды танымайтуғын болып шықты.

— Қуры ҳәлекшилик, жолдас капитан,—деди Мәтмуратов оған наразы болып.—Ара-тура кеңседен де хабар алып турыў керек еди. Сол күни-ақ оның изинен қуўғыншы кетти. Лекин, қасындағысын анықлай алмай атырмыз. Ол бизден аўлақта. Егер, Алламбаев деген басқа болып шықпаса...

— Онда маған рухсат па?

— Енди Гүлсаралар менен айланысқанды қойың,—деп күлди Мәтмуратов. Оған капитан да мыйық тартты.—Жумыста бола бериң.

Коридорда аяқ даўыслары менен адамлардың ғаўырлылары шыға баслады, жаздың тағы бир жумыс күни старт алған еди. Жынаят қыдырыў бөлиминиң начальниги, милиция лейтенанты Дәўранбеков кирди. Қап-қара муртының астынан аппақ тислерин жарқыратып күлетуғын бул жигит өзиниң адыр минези менен қапашылықтан түнерип отырған адамның зейнин

ашып жиберетуғын еди. Оны көриўден ҳәммесин умытып жадырап сала бересең, аңқылдаған ақ көкиреклер оннан сырын бүгип қала алмайды, бир-еки аўыз әңгимеден кейин-ақ Батырбек Дәўранбековтың бийлиги менен сөйлеп атырғаныңды аңғармай да қаласаң. Ол бир қатар ҳал-аўҳалларды сорасқаннан кейин қалтасынан шаппатай қағаз шығарды.

— Биздеги келиниңиз телеграфистка болып ислейтуғын еди ғой, Атамурат аға,—деп Дәўранбеков қағазды оған узатты. —Алламбаев Тасполаттың атына салынған телеграмма.

— Бул қалай?—деди оған көз жуўыртып ҳайраны шыққан Мәтмуратов. —Бунда ҳаялы өлген, ал жаңа келген адамның гәпинде ол ҳаял ийтке таланған.

— Түсинбедим, жолдас майор.

Мәтмуратов болған ўақыяны қысқаша айтып берди.

— Ҳаў, ҳаў?—деп күлди Дәўранбеков.—Мен еле пәтияға кирип-шығайын деп киятыр едим ғой.

— Даўысың запасқа қалды,—деп Мәтмуратов та күлди.—Ал, усы Төрениязов Шернияз дегенниң Тасполатқа не шатысы бар?

— Тасполаттың исенимли адамы, Қаладағы ең үлкен санаат товарлары дүканын басқарады,—деп түсиндирди Дәўранбеков.—Дүканына жақында ревизия болып, Төрениязовтың мойнына елиў мыңдай ақша түскен.

— Елиў мың?!—деп ишин тартты Мәтмуратов.—Ўай-боой! Жынаяттың үлкени буяқта екен ғой. Мынаў телеграмма Алламбаевты тезирек келсин, мени қутқарып қалсын деп жортаға салынған екен ғой. Иним, —деп Мәтмуратов Батырбекке жүзленди.—Бул истесендеги келинниң де үлеси бар ғо.

— Не үлес?—деп тислерин ақсайтып ыржыйды Дәўранбеков.

— Өтирик телеграмма берген ғой?

— Ҳаа!—деди Дәўранбеков.—Басқа документлери саз шығар? Врачтың тастыйықлаған қағазы болмаса, бундай телеграммалар берилмейди ғой.

— Яқшы, Төрениязов писик адам көринеди.

— Кеше тутылған саўдагер ҳаялдан тергеў алғанымызда оның үйинен шыққан барлық затлардың Алламбаевтың бергизгени анықланды,—деп Дәўранбеков өзиниң жойбарын айтты. —Шамалаўымша, Алламбаев тек бир саўдагерге саттырып қоймайды. Ҳаў, ақыры, бир «Волга», бир «Жигули», он қабат жай, ишиндеги сонша дәске қаяқтан жыйналады? Аманат кассаларында да пуллары бар шығар. Ҳаялы ислемейди, баласы студент. Усының бәри жалғыз Алламбаевтың айлығының арқасынан қуралады деп ойлайсыз ба, жолдас майор?

— Расында да адамды ойландырғандай нәрсе екен,—деди Мәтмуратов.—Биз излеўди, жынаят қыдырыўды параллель апармасақ болмайды. Алламбаев пенен Төрениязов арасындағы қатнасықты анықлаў керек. Бул ўазыйпаны өз мойныма алайын. Сен, Батырбек, емлеўханаға бар, Алламбаевтың ҳаялының аңғысын аңғарып көр, изинен Шука жатқан палатаға кирип шық. Есине келмеди ме екен? Минводаға кеткен Қалыйлаевтан ызым-сызым хабар жоқ. Олардың сүўретин алып кетиўге де үлгермеген еди, бир өзине қыйын болатуғын болды. Алламбаевтың баласын танымайды-әм, ал қасындағының ким екени жумбақ.

Дәўранбеков тапсырма алып шығып кеткеннен кейин телефон асығыс түрде, үзип-үзип узақ сыңғырлады. Бул қала аралық телефонның қоңыраўы еди. Мәтмуратов трубканы көтерди. Аржағындағы даўыс емески еситилди.

— Да, майор Мәтмуратов тыңлайды!

— Минводадан, қалалық милициядан подполковник Еремин Виталий Михайлович, сәлем, сәлем! — деген даўыс еситилди трубкадан.

— Қулағым сизде, жолдас подполковник! Ҳарманыз, жумысларыңыз жақсы ма?

— Жолдас майор!—деди трубкадағы даўыс.—Қаламыздағы парктен бир жас жигиттиң өлиги табылды. Түри азиатқа уқсайды, бирақ, ҳеш қандай документи жоқ. Үш күннен берли моргта, ийеси шықпай атыр.

— Ҳаў,—деди Мәтмуратов не дерин билмей.—Бизиң хызметкер бармады ма?

— Үш күннен берли ол да жоқ, бир көринип кеткен екен.

— Онда, былай етемиз, Виталий Михайлович,—деди Мәтмуратов.—Биз излеген адамларымыздың фотокарточкаларын сазлап атырмыз, соларды алып бүгин

бир хызметкеримди ушыраман. Оған шекем өликти жерлеп тасламаң.

— Болады!

— Ҳәмме коллегамызға сәлем айтың!

— Рахмет! Табыслар тилеймен!

Мәтмуратов трубканы қояр-қоймастан селектордан нәўбетшиге тапсырма берди:

— Милиция капитаны Нәзировты Тасполат Алламбаевтың үйине жиберип, баласының сүўретин тез алдырың. Сүўрети жақын арада түскен сүўрет болсын. Нәзировқа бир ис тапсырсаң, еки жумыс етип жүреди. Баласының бақшада түскен сүўретин әкелип жүрмесин. Оннан кейин... оннан кейин,—деп ойланып қалды Мәтмуратов.—Пай, кимди жибердим екен? Қалыйлаев қайда кеткен-әй?

— Ол Минводаға кетти ғой,—деди нәўбетши биллгишлик етип.

— Әй, оннан хабарым бар ғой, сол жаққа барып жоқ болып кеткен ғой,—деп Мәтмуратов тағы ойланып.—Сен Жүзимбетовты тап!—деди нәўбетшиге.—Қайдан болса да тап! Минводаға бүгин ушыўға таярлансын. Изинен алдыма келеди. Ал, усы тапсырмаларды тез бежер!

Ол нәўбетшиге әҳмийетли бир нәрсени айтыўды умытып кетип, қайта хабарласты:

— Сен жазып ал, Алламбаев Тасполатты саат он бирге, жаздың ба, Төрениязов Шерниязды саат он бир ярымға шақырт, маған жолықсын. Жазып алдың ба? Повестка жазып, жеңил аяқ биреўди жиберип ал. Өзиң телефоннан-әм ескертип қой, көплик етпейди...

... Милиционер шақырыў қағазын әкелгенде Тасполат үйинде еди. Түнги ўақыя оны бираз есеңкиретип таслады, ийтке таланып ҳаялының емлеўханаға түскени еситкен қулаққа ерси болғанлықтан бул ҳаққында ҳеш кимниң билиўин қәлемеди. Милиция начальнигиниң не ушын шақыртып атырғанын сораса, келген милиционер жарытыўлы ҳеш нәрсе айта алмады, сонлықтан Тасполат тек баласы жөнинде шығар деп ойлады да, сазырайыўы менен қағазды алып қалды. Шоферының үйине звонит етип еди, оның келгенинен бийхабар шоферы албырап қалды да, машинасының бузық екенин жасырып, бензини жоқлығын айтты. Тасполат Шерниязды таўып алып, соның машинасына

минип барғанда да болатуғын еди, бирақ «Москвич»ке тығылып отырғанды өзине минәсип көрмеди.

— Сен былай ет,—деди шоферына.— Пиядалап үйге келебер. Бизиң «Волга»ны айдап жүрерсең.

Көптен берли көрмеген шоферы қара көрим жерден жуўырып келип сәлемлесип, ақсақалының ҳаялжағдайын ийнесинен сабағына шекем қалдырмай, бир тегис сорап шықты.

— Заправкада бензин жоқ па?—деди Тасполат.

— Үш күннен берли қапылып тур. Шлангаларын тап палўанның белбеўиндей орап қойыпты,—деп алдады шоферы.

—Өз исине пухта Тасполат оған кийиз жаўып қойған еки бочка бензинди көрсетти:

— Керек ўағында қуйып тура бер. Бизиң машынға да толтыр.

— Аккумуляторы өлип қалмады ма екен? — деди шоферы тап Тасполат соның бир деталына түсинип атырғандай.

— Өлсе муқ қапсын,—деди Тасполат.—Ходланса болар.

Шофер ўаҳа-ҳалап күлди: «Усындай басшылардың машинасын айдаған рәҳәт-тә! Бир темирин билмеген соң, табанда алдайсаң!» деп ойлады. «Волга»ның багына бочкадан бензин қуйды. Адамның қолын сағынып турған машина гилт тийер-тийместен-ақ гүрр ете қалды. Өмиринше есигин қулыплап көрмеген Тасполат дәрўазасының гилтлерин таппай сарсаң болды...

Тасполат аўыздағы секретарына өзиниң шақырылғанлығын ескертип, начальниктиң есигинен атлады:

— Мүмкин бе?

— Келиңиз, келиңиз!—деп Мәтмуратов кишипейиллик пенен ушып турды.— Ассалаўма әлейкум! Жағдайларыңыз жақсы ма? Отырыңыз.

Тасполат отырды:

— Рахмет! Ҳармаңызлар!

— Бар болың! Курортқа барып қайтты деп еситип атырмыз. Қалай, жақсы дем алдыңыз ба?

— Жаман емес,—деп Тасполат дәрриў гәпти басқаға бурғысы келди.—Шақыртқан екенсиз, аманлық па?

— Аманлық ғой,—деди Мәтмуратов оны онша шоршыта бергиси келмей.—Бизиң хызмет солайырақ ғой, Тасполат Алламбаевич, кеширип қойғайлы бол-

сын. Үйиңизге барып сөйлескенде де болатуғын еди, барыўға басқа бир гәп шығып қалды... Өтағасы, сиз-иң тентегиңиз туттырмай атыр ғой.

— Мен де келип еситтим,—деди Тасполат шынын айтып,—Жалғыз бала болған соң еркелеңкирей кетипти.

— Ҳәр еркелегени бир адамның басын жалмап турса...

— Жолдас майор, сизлер өзи анықлап тексердиңиз бе?—деп Тасполат гүманы барын билдирди. — Анық бизиң бала ма? Яки, басқа машинаның номери менен шатастырып, қуры далбайға шаўып жүрсиз бе?

Тасполаттың гәпи батыңқыраса да Мәтмуратов сол қәлпин өзгертпеди, бул Тасполаттың ҳәмелин я өзин сыйлағанлықтан емес, ол кимнен тергеў алса да асықпай-албырамай гәптиң рәмәўизин өзиниң мақсетинен қашықлатып алмаўға тырысатуғын еди:

— Анығы анық,—деди ол.— Машинаңызды Палўанов Жаббар деген гражданинниң гаражынан таўып алдық. Қәлесеңиз көриўиңизге болады, үйиңизге алып кетиўиңизге болады.

— Палўанов Жаббар? Оның гаражында не қылып жүр екен?—деп ойланып қалды Тасполат.—Ҳәә, соның баласы менен жорашылығы бар еди. Әй, усы велосипедли қыздың өзи келип урған емес пе екен?

— Жол қәдесин балаңыз бузған. Ал, яқшы, бул мәселе ГАИ тәрепинен шешиле берер,—деди Мәтмуратов ноқат қойды. — Кеше сизиң ҳаялыңыз қоңсыңыздың таўық қорасында не қылып жүр?

Тасполаттың жаны шығып кетти. Бул ўақыяны қайдан билди екен? Ким жеткере қойды екен? Кеше қоңсысына сонша жалынып, милицияға хабарламаўға келисип еди ғой. Я Әўез пәкене азан мене жорғалап келип-кетти ме екен? Расын айтыўға болмайды, кесселлем айтпайды!

— Ал, мен бул жағын билмеймен,—деди Тасполат жол таслап.—Курорттан аман келдиң бе деп Шернияз деген инишек келип еди, сол екеўимиз әкелген базарлық арақтан ише бериппиз. Бир ўақлары ҳаял «енди болар» деп шийшени алдымыздан алып қойған екен, мен шыдамай кетип, оны урмақшы болып қуўыппан. Ол сонда шарбақтан асырылып, қоңсының жерине түсип кетипти. Қорыққан ғой. Тамшыдан қашқан бийшара нөсерге тап болып, бизиң бир шаппаттан қорыққан сорлы қатын қоңсының ешектей ийтиниң тарпыўына ушырапты.

— Солай дең, —деп Мәтмуратов нәмнаған адамның жолкерлигине инанды.—Ҳаў, сизиң өйтип ише бергениңиз айып емес пе? Бир мәкемениң баслығысыз. Оның үстине, балаңыз бундай иске шаталып атыр.

— Бир жағы сол қайғыны да умытайық дегенимиз ғой.

— Сиз курорттан неге ерте қайттыңыз, Тасполат Алламбаевич?

— Жағыңқырамады.

— Курорттың жақпағанын биринши рет сизден еситиўим.—деп күлди Мәтмуратов.—Журтлар ол жерге жете алмай жүрсе... Ойланыңқырап көриң, басқа себеби бар шығар?

Тасполат қас қақпады:

— Ҳеш қандай...

Мәтмуратов енди оған болған исенимин жоғалта баслады, алдында жарбайып отырған адамның иши сумлыққа тығылып қалғанын, өз қара басының аман қалыўы ушын алдаўшылықтан да, басқаны отқа, суўға ийтерип жибериўден де қайтпайтуғын мәккар адам екенин аңғарды.

— Яқшы, Тасполат Алламбаевич,—деди Мәтмуратов еле де сол салқын қанлық пенен.—Сизиң баланыздың ойсызлығынан бир гүлдей қыз өмири менен хошласты. Сизлер сол қыздың үйине барып, кеўил айттыңыз ба? Ата-анасынан кеширим сорадыңыз ба?

— Биз бул ҳаққында еситпедик. Растан-ақ өлген бе? Пай, шатақ болған екен.

— Расынан келе бериң, жолдас Алламбаев. Тақыр жерде тасырайып буғыўдың не кереги бар? Бул жөнинде еситпеўиңиз мүмкин емес ғой. Ҳаў, сизиң баланыз машинасы менен бир қызды бастырса, сизлер ол ким екен, аман қалды ма екен деп қәўетерленбедиңиз бе?

— Биз...—деп иркилип қалды Тасполат.—Биз мәзи қағып кеткен шығар деп ойлап едик. Бәри үйде өзиниң болмағанымның кесири ғой, жолдас начальник.

— Сизиң келгениңизге де екинши күнге қарап баратыр,—деди Мәтмуратов.—Яқшы, буны өзиңиз би-

сын. Үйиңизге барып сөйлескенде де болатуғын еди, барыўға басқа бир гәп шығып қалды... Өтағасы, сиз-иң тентегиңиз туттырмай атыр ғой.

— Мен де келип еситтим,—деди Тасполат шынын айтып,—Жалғыз бала болған соң еркелеңкирей кетипти.

— Ҳәр еркелегени бир адамның басын жалмап турса...

— Жолдас майор, сизлер өзи анықлап тексердиңиз бе?—деп Тасполат гүманы барын билдирди. — Анық бизиң бала ма? Яки, басқа машинаның номери менен шатастырып, қуры далбайға шаўып жүрсиз бе?

Тасполаттың гәпи батыңқыраса да Мәтмуратов сол қәлпин өзгертпеди, бул Тасполаттың ҳәмелин я өзин сыйлағанлықтан емес, ол кимнен тергеў алса да асықпай-албырамай гәптиң рәмәўизин өзиниң мақсетинен қашықлатып алмаўға тырысатуғын еди:

— Анығы анық,—деди ол.— Машинаңызды Палўанов Жаббар деген гражданиннің гаражынан таўып алдық. Қәлесеңиз көриўиңизге болады, үйиңизге алып кетиўиңизге болады.

— Палўанов Жаббар? Оның гаражында не қылып жүр екен?—деп ойланып қалды Тасполат.—Ҳәә, соның баласы менен жорашылығы бар еди. Әй, усы велосипедли қыздың өзи келип урған емес пе екен?

— Жол қәдесин балаңыз бузған. Ал, яқшы, бул мәселе ГАИ тәрепинен шешиле берер,—деди Мәтмуратов ноқат қойды. — Кеше сизиң ҳаялыңыз қоңсыңыздың таўық қорасында не қылып жүр?

Тасполаттың жаны шығып кетти. Бул ўақыяны қайдан билди екен? Ким жеткере қойды екен? Кеше қоңсысына соңша жалынып, милицияға хабарламаўға келисип еди ғой. Я Әўез пәкене азан мене жорғалап келип-кетти ме екен? Расын айтыўға болмайды, кесгеллем айтпайды!

— Ал, мен бул жағын билмеймен,—деди Тасполат жол таслап.—Курорттан аман келдиң бе деп Шернияз деген инишек келип еди, сол екеўимиз әкелген базарлық арақтан ише бериппиз. Бир ўақлары ҳаял «енди болар» деп шийшени алдымыздан алып қойған екен, мен шыдамай кетип, оны урмақшы болып қуўыппан. Ол сонда шарбақтан асырылып, қоңсының жерине түсип кетипти. Қорыққан ғой. Тамшыдан қашқан бийшара нөсерге тап болып, бизиң бир шаппаттан қорыққан сорлы қатын қоңсының ешектей ийтиниң тарпыўына ушырапты.

— Солай дең, —деп Мәтмуратов нәмнаған адамның жолкерлигине инанды.—Ҳаў, сизиң өйтип ише бергениңиз айып емес пе? Бир мәкеменің баслығысыз. Оның үстине, балаңыз бундай иске шаталып атыр.

— Бир жағы сол қайғыны да умытайық дегенимиз ғой.

— Сиз курорттан неге ерте қайттыңыз, Тасполат Алламбаевич?

— Жағыңқырамады.

— Курорттың жақпағанын биринши рет сизден еситиўим.—деп күлди Мәтмуратов.—Журтлар ол жерге жете алмай жүрсе... Ойланыңқырап көриң, басқа себеби бар шығар?

Тасполат қас қақпады:

— Ҳеш қандай...

Мәтмуратов енди оған болған исенимин жоғалта баслады, алдында жарбайып отырған адамның иши сумлыққа тығылып қалғанын, өз қара басының аман қалыўы ушын алдаўшылықтан да, басқаны отқа, суўға ийтерип жибериўден де қайтпайтуғын мәккар адам екенин аңғарды.

— Яқшы, Тасполат Алламбаевич,—деди Мәтмуратов еле де сол салқын қанлық пенен.—Сизиң баланыздың ойсызлығынан бир гүлдей қыз өмири менен хошласты. Сизлер сол қыздың үйине барып, кеўил айттыңыз ба? Ата-анасынан кеширим сорадыңыз ба?

— Биз бул ҳаққында еситпедик. Растан-ақ өлген бе?. Пай, шатақ болған екен.

— Расынан келе бериң, жолдас Алламбаев. Тақыр жерде тасырайып буғыўдың не кереги бар? Бул жөнинде еситпеўиңиз мүмкин емес ғой. Ҳаў, сизиң баланыз машинасы менен бир қызды бастырса, сизлер ол ким екен, аман қалды ма екен деп қәўетерленбедиңиз бе?

— Биз...—деп иркилип қалды Тасполат.—Биз мәзи қағып кеткен шығар деп ойлап едик. Бәри үйде өзиниң болмағанымның кесири ғой, жолдас начальник.

— Сизиң келгениңизге де екинши күнге қарап баратыр,—деди Мәтмуратов.—Яқшы, буны өзиңиз би-

лиң. Сизге тағы бир саўал беремен. Сиз Тайлақбаева Жупаргүл деген ҳаялды таныйсыз ба?

Тасполаттың жүзине қайнаған суў серпип жибергендей ишинен шоршып түсти. Бирақ, ҳаялдың кимлигин ойлап отырғандай болып, сырт пишиминен өзгерис сездирмеўге тырысты:

— Тайлақбаева Жупаргүл?—деп Мәтмуратовқа қарады.—Танымадым. Еситпеген адамым.

— Болды, болды! Шығып, оң жақтағы кабинетте күтип отырың. Рухсатсыз кетип қалман, ақсақал!—деди Мәтмуратов оның менен ўақытша хошласып. Ол шығып кеткеннен кейин: «Ўай, мынаўың қып-қызыл өтирикши, нағыз суў жуқпас адам ғой-әй! Астапыралла! Буның менен биринши ушырасыўым» деп ойлады.

Арадан он минуттай өткенде есиктен кирер-кирместен ярамазан айтқандай саз даўыс пенен «Ассалаўма әлейкум!»ды зар еңиретип Шернияз келди.—

— Отырың!—деди оған Мәтмуратов.—Сизиң атыжөниңиз Төрениязов Шернияз шығар?

— Аўа.

— Аўҳалларыңыз қалай, Шернияз қошшым?

— Қудайдың берген ден саўлығының арқасында, аға...

— Жарайды, жарайды!—деп Мәтмуратов оның саўдыраған минезине сүйсинди.—Жақында дүканыңа барып едим, ревизия болып атырған екен. Не өзи, жайшылық па?

— Қәдимги есап-санақ-тә, яшуллы,—деп Шернияз ревизияны жол-жөнекей жумысқа тәқәббиллестирди. —Бизлердиң жумысымыз адым сайын санаўлы, есаплы нәрсе ғой.

Шернияздың айтып отырғаны әнтек емес, дурыслы адамның гәпи. Еле Мәтмуратовқа гүңгирт көринип турған ишки дүньясына әсте-әсте кирип баратыр, бул жигит шынында да ақ көкирек пе, дағы жоқ пәк пе, соны айыратуғын саўал бериў керек еди. Ол саўал да мәзи гәптиң салтындай болып еситилиўи тийис. Болмаса, бул жигит те аяғына қоз басқандай бирден секирип түседи.

— Қалай, аман қутылдың ба?—деп Мәтмуратов Шернияздың бет-әлпетине өткир нәзерин тикти, лекин онда өзгерис пайда болмады.

— Аўа, ҳағына жүрсең ҳеш бәле жоқ ғой,—деди

де Шернияз столға үңилди. Енди Мәтмуратов бунын да шийкилиги бар суйық адам екенин, өтирикти суўқыйта баслағанын аңлады да, гәптиң бағдарын басқа жаққа бурды:

— Дурыс. Ҳақыйқатлық жеңеди. Ал, кеше кеште қаяқта болдың?

— Үйден былай-былай шықпадым,—деп жуўқылдады Шернияз.—Кишкенемиз наўқасланыңқырап, түни менен көзимиз илинбей шықты.

Мәтмуратов мыйығынан күлди, Шернияз бул гәпине майордың не ушын күлгенин түсинбей ҳайран: биреўдиң нәрестеси аўырып, түни менен уйқламай шыққанның неси күлкили? Бул хожалықтағы екиниң биринен табылатуғын жағдай ғой.

— Ҳаў, жаңа Тасполат ағаң—,деп Мәтмуратов сөз баслаўдан Тасполаттың атын еситкен Шернияз шыбыжықлай берди,—Шернияз екеўимиз кеше кеште курорттан келгенимизди жуўып арақ ише бериппиз деп еди ғой.

— Аўа, аўа! Сөйткен екенбиз-аў!—деп саның шапшатлап келиспеген күлкиге басты Шернияз. —Әй, мийим қурысын, мен алдыңғы күнди айтып отыр екенмен ғой...

Мәтмуратов алдындағы жигиттиң Тасполаттан қалыспайтуғынын, «сум сумды намазшамда табады» дегендей екеўиниң бир-бирине сәйкес болып табысқанын, жөнин айттырыў ушын еле көп мийнет талап етилетуғынын сезди.

— Дәўдей еки еркек отырып, Тасполат Алламбаевичтиң ҳаялын ийтке талатқаныңыз не? Ол ҳаял не ушын қоңсысының таўық қорасына кирди?

Шернияз басын қасып ойланғандай болды:

— Ал, енди бул жағын билмеймен. Бизлер ишип отырып ненің не болғанын билмеппиз.

— Түриң арақ ишкен адамның түрине уқсамайды ғой?

— Ҳаў, кешеги ишкен тура бере ме? Тасполат аға анаў-мынаў сасық арақты ишпейди.

— Тасполат ағаң не ушын курорттан ўақтынан бурын қайтыпты?

— Баласының хабарын еситип шыдамаған ғой, бийшара,—деген Шернияздың жуўабы тағы алшақ түсти.

— Жаңа ол киси бул хабарды келип еситтим деди ғой?

— Қәйдем, жолдас начальник,—деп Шернияз өзиниң өтиригин жуўып-шайыўға умтылды. — Ҳәр кимниң кейпи геллесинде емес пе? Қайтқысы келип қайтқан шығар? Бул туўралы маған пәлен-төлен демеди.

— Яқшы,—деп Мәтмуратов алдындағы қағазға қарады.—Сен Тайлақбаева Жупаргүл деген ҳаялды таныйсаң ба?

— Усы күнлери өзимниң қатынымды да зорға танып жүрмен,—деп лаққышылық еткен Шернияз өзиниң гәпинен шоршып түсти.—Ондай ҳаялды өңим түўе, түсимде де көргеним жоқ, жолдас майор!

26

Минводаға ушқан Алламбаевтан гүмансыраған олар сол күни кешки рейс пенен капитан Қалыйлаевты Нальчикке атландырған еди. Қалыйлаев Нальчикке түнде келип түсти де сол жерден таксиге отырып, Минводаға жетти, өзиниң қайдан ҳәм қандай жумыс пенен келгенин сол жердеги ишки ислер бөлиминиң нәўбетшисине билдирди де, өзи излеп келген адамын тек тәжирийбесине сүйенип, усы дөгеректен излейтуғынын ескертип, келиўшилердиң, кетиўшилердиң түр-түслерине нәзер салып, аэровокзалда жүре берди. Олар екеў болыўы мүмкин, үшеў емес. Алламбаевтың баласы жалғыз кетпейди. Әттең, Қалыйлаев онын қандай жигит екенин көрген емес, түри бийтаныс. Ол сол жердеги буфетлердиң биринен тик аяғына турып жеңил-желпи аўқатланды. Аўыр жатар болып барады. Көшелердеги адамлар да сийрексиди. Вокзал ишинде гүманланғандай адам ушыратпады. Көшеге шығып, парк бетке жол алды. Терекликтиң асты менен киятырса, тротуарда киятырған дуғыжым қара жигитти көзи шалып қалды. Ол парктиң дәрўазасынан шығып, вокзалға киятыр еди. Түри бурын көрген адамға уқсайды, тап Нөкисте ушырасып туратуғындай. Айланбадан айлана берип алдынан шықты да:

— Гражданин, иркилиң!—деди.

— Аманлық па?—деп қолындағы чемоданын жергеқойды жигит.

— Документиңизди көрейик.

Жигит документин шығармақшы болып, қалтасына

қолын суқты да аңсыз турған Қалыйлаевтың көкирек аўзына тоқпақтай мушы менен қойып салды. Оны урады деп ойламаған Қалыйлаев жерге гүрс етип қулады, бас кийими ушып кетти, басы жолдың шетиндеги тасқа тийди. Күтилмеген соққы капитанды албыратып таслады, ол орнынан ушып турды да басы мең-зең болып кеткенликтен қаяқтың-қаяқ екенин ҳә дегенде аңғара алмады, басын сыйпады, қан жоқ. Фуражкасын изледи. Өзине келемен дегенше жаңағы жигиттиң қарасы көринбей кеткен екен. Үсти басын қағып, вокзалдың алдына жуўырды, бирақ ол елиў адымдай қалғанда таксидиң есиги тарс етип жабылды да, буны урған жигит кетип қалды. Турған таксилер көп еди, Қалыйлаев гезеги келип турған таксиге отырды.

— Сиз жаңағы кеткен таксиди таныйсыз ба?

— Ҳәммемиз бир парктенбиз, таныйман,—деди шофер.

— Сол такси менен айрықша қылмыскер кетти,—деди Қалыйлаев шоферға өтиниш етип.—Қуўып жете аламыз ба?

— Көрейик... Бирақ, олардың қайсы бағдарға кеткенин қайдан билемиз?

— Айдай бер,—деди Қалыйлаев ентигип.—Транспорт көп жүретуғын жаққа айда!

Машина таў жолларында өр кийиктей атылып, Железноводск таман зыңғып келе берди. Жолда Қалыйлаев шофердан кеширим сорады да, машинаның ишинде портфелинен алып кийимлерин алмастырды. Енди бул жағында милиция формасында жүриўге болмайтуғын еди, адым сайын сақлық керек. «Қорыққан алды менен муш көтереди» дегендей жаңағы жигиттиң буны урып қашыўы тегин емес, бир жынаятты излеп жүрип екиншисине жолыққандай сезилди оған. Ол жигитти қайда да көрген, жүзи таныстай. Бурын қолынан өткен жынаятшылардың келбетин бирме-бир көз алдына келтирди, елимиз бойлап излеўде жүргенлерди де елеслетти, ядына түсире алмады. Бирақ, оның жынаятшы екенин билди. Железноводскке шамаласқан жерде өзлерине қарсы киятырған машинаның фары көринди.

— Жаңағы машина болыў керек,—деди шофер.—Неде болса иркейик.

Олар машинадан жерге түсти. Тусына келгенде ол машина да иркилди.

— Аманлық па, Васька?—деди иркилген таксист әйнегинен басын шығарып.

— Алып кеткен пассажириң қайда қалды?

— Темир жол станциясында. Не өзи?

— Рахмет! — деди Қалыйлаев таксистке. — Мениң танысым еди, бизлер ушыраса алмай қалдық.

— Онда табыслар тилеймен!—деп шофер машинасына газ берди.

Бул кишкене курорт қалашасында түнги жолаўшылар дым сийрек еди, темир жол станциясында да адам жоқ есабы. Таксиди жибергеннен кейин Қалыйлаев бир шетте турып сигарет шекти. Оның көзине көрингенлердиң ишинде бағанағы дуғыжым жигит жоқ, яки таксист алдады ма екен? Уйқының нағыз қысатуғын ўақты, есней берди, шаршағанын сезди. Бул жерден поезддиң қашан жүретуғыны да белгисиз, шамасы азанда ертелеп жүретуғын шығар? Сонда оның излеп жүрген жигити не ушын темир жол станциясына келеди? Бәлким, қашыўға тесик таппай, басының аўған жағына келгени ме екен? Ал, келген болса, қайда? Ҳәзир Қалыйлаевтан гүманланатуғын жери қалмады ғой. Ол сырттан қараған адамның көзи түспейтуғын тасадағы скамейкаға келип отырды да, жақтыда қараңлаған адам көринсе аңлыў менен болды, ара-арасында көзи де илинип кетеди. Сол отырыста ағарып таң атты. Көше тазалап, суў серпиўшилердиң жумысы басланды, дөгерек қыймылға енип, ҳәрекет жанлана берди. Қалыйлаев станцияға келип елеспесизлеў жерде турып Бештаўдан келген электропоездынан абыр-сабыр болып түсип атырған адамларға, оған қайтадан отырып атырған жолаўшыларға қарап турды. Симферопольға кететуғын поезд орнынан жылыса бергенде жер астынан шыққандай кешеден берли излеп жүрген жигити жуўырып келди де, үшинши вагонға асылып минип кетти. Изинен бул да жуўырды,әттең үлгере алмай қалды. Жигиттиң тулғасы, ҳәрекети, бет-әлпети буған оғада таныс еди. Енди пурсатты қолдан бермеў керек. Сол жердегилерден сорастырса, бул поезд жигирма бес километрдеги бир разъездде еки минут тоқтап өтеди екен. Қәйтсе де соған үлгериў керек.

Бәлент таўлардың саңлағынан күн көтерилип киятыр. Егер қыйын-қыстаў жумысың болмай, өз еркиңе қыдырғанында, бул жерлер нағыз жер жәннети ғой. Қалыйлаевта ондай ғоддаслап жүретуғын ўақыт қайда? Өзине тапсырылған жумысты кеўилдегидей етип бежере қойса, отпускаға шығып усы жақларға келип дем алса болады. Ол такси изледи. Еле ертерек болғанға ма, машиналар да сийрек еди. Пассажирлерин түсирип атырған бир ғаррылыў таксистке келип:

— Жас жигит,—деди олардың тили менен.—Жаңағы Симферопольға кеткен поездда мениң чемоданым умытылып қалыпты. Жете алмай қалдым. Мени сол поездға жеткер.

— Қымбатқа түседи ғой, ғарры,—деп күлди шофер.—Қәне отыр, ҳәрекет етип көрейик.

— Қалыйлаев отырды...

Разъездге жеткенде жолаўшылардың поезд күтип турғанын көрип, өзлериниң үлгергенине қуўанып кетти Қалыйлаев, ол шоферға қайта-қайта рахметин айтып, төлейтуғынын төлеп, поезд күтип қалды. Поездға отырғаннан кейин не қылыў керек? Усы жағын ойлап бас қатырды ол. Бирден бас салып услаўға болмайды, алды менен ол ким, қандай мақсет пенен қашып жүр, чемоданында не бар, Алламбаевтың баласы менен байланысы бар ма, жоқ па, усыларды анықлаў керек. Ал, буны қалай анықлайды? Өзин оған танытып қойса, ол тағы да ҳайт қояды.

Поезд келди. Ҳәмме күтиўшилер вагонларға лап қойды. Қалыйлаев бағанағы жигит минген үшинши вагонға кирди, вагон плацкарт еди, жаз айы болған соң, вагон иши дем алыўшыларға лыққа толған еди, отыратуғын орын жоқ есабы. Поезд көп иркилмеди, кемкем пәт алып, дөңгелеклери тақа-туқ, тақа-туқ етип алға келе берди. Ҳәзирше Қалыйлаевты бир жерде омалып отырыў қызықтырып киятырған жоқ, ол ватонның ишинде былай-былай жүрип, отырғанлардың жүзлерин шолып өтип киятыр. Еле азан болғанлықтан отырғанлардың ишинде уйықлап киятырғанлары сийрек еди, көпшилиги жолға алып шыққан азық-түликлерин ғаўзастырып атыр. Сонда Қалыйлаев өзиниң де оғада аш болғанын, бир нәрсе жутып алыўы керекли-

гин сезди. Проводниктен поезддың ресторанын сорады. Ресторан бесинши вагонда екен.

Ресторанда аўқатланыўшылар көп емес еди. Буған жаўырнын қаратып отырған жигиттиң бет-әпшерин көрмесе де излеп жүрген ала аяғы екенин таный қойды, ол биротала аш болып қалған екен, ресторанның берген бир шуқым аўқатын тарелкасын тарелкасына қоспай урып отыр. Қалыйлаев өзин танытқысы келмей оның жаўырнына жаўырынын қаратып отырды. Аратура мойнын бурып қарап қояды. Столдың төменинде чемоданы тур. Чемоданды қасынан қалдырмаўында бир гәп бар, кийим-кеншек болғанда вагондағы биреўлерге тапсырып кетер еди. Жигиттиң еле туратуғын түри жоқ, коньяк заказ етти. Ресторанда адамлар азая баслады, анаў жигит арқайын отырып, коньягин бир уртламнан жутып қояды. Қалыйлаев тез аўқатланып болды да, бостан-босқа отыра бериўдиң ретин таппады, отырған жигитти көзинен жаздырса, айрылып қалатуғындай сезиледи. Буған түри таныс болған менен ол танымаўы мүмкин ғой, түнниң ишинде түртүси ядында қалғанды деймисең? Қалыйлаев орнынан турды да:

— Сәлем, земляк!—деп оннан рухсат сорамастан қарсысына келип отырды. Жигит ала көзленип қарады да, қәўип-қәтерсиз адам екенлигине көзи жеткеннен кейин рюмкасында қалған коньягин жутып жиберип еринлерин сыйпады.

— Қандай земляк?—деп русшалап сорады.

— Алматыданмын ғой, қазақ—деди Қалыйлаев.

— Түсинбедим,—деди русшалап жигит.—Мен кабардинмен.

— Нальчикте турасыз ба?—деп Қалыйлаев та русшаға көшти.

— Жоқ, Қырымда. Ата-анама келип, кетип баратырман.

— Мен қазақ шығар деп қуўанып едим.

— Кабардин не, алдыңдағын жей ме? Давай, коньяк ишемиз!

Қалыйлаев күлди:

— Мен ишпейтуғын едим.

— Еркек болғанына?!—деп жигит жақтырмай қалды.—Аўқат жейсең бе?

— Тойып турман. Жедим ғой. Сени жерлес пе екен

деп қайрылып едим,—деди Қалыйлаев оған онша итибар менен қарай бермей.—Қырымға дем алыўға баратыр едим.

— Жақсы екен, бирге жолдас боламыз,—деп жигит официантка менен есапласты.—Алматыда турасыз ба?

— Областындаман. Муғаллим болып ислеймен.

— Жылда келип турасаң ба?

— Биринши рет.

— Енди жылда келетуғын боласаң,—деди жигит өзи жасайтуғын жерди мақтаныш етип.—Бәлким, қайтып кеткиң де келмей қалар.

Қалыйлаев тағы күлди:

— Асырып жибергениң жоқ па? Туўған жерге жете ме?

Таўлардың арасын қақ жарып поезд тынымсыз жүрип киятыр: тақа-тақ, дүки-дүк, тақа-тақ, дүки-дүк...

Қалыйлаев оны биреўге уқсатады, лекин ядына келтире алмай-ақ қойды. Оның менен ушырасқанына да он жылдан өтип кетсе керек, онда мурты таўланған жигит еди. Муртын, сақалын алдырған шығар, бет-аўзында орны билинип тур ғой.

— Қайсы вагондасаң?

— Бизлер усы жақтың адамы болған соң орынға таласа бермеймиз,—деди жигит чемоданын көтерип.—Орын болмаса тик аяқтан да бара беремиз. Ҳәзир мийманлар көп.

— Мен де екинши вагондағы плацкартта едим,—деди Қалыйлаев.—Купеден орын табылмады.

— Купе аламыз ба?—деди жигит қолынан келетуғындай.

— Қалай?

— Проводникке бир нәрсе атамыз.

Бул Қалыйлаевқа да жағып кетти. Бир купеде жақыннан танысқанға не жетсин! Проводник пенен сөйлесип қайтқан жигит бәрин келистирипти, оларға бир купениң төменги ярусынан орын таўып берди. Жоқарыдағылар уйқлап атырғанлықтан төмендегилердиң босағанын билмеген болыўлары керек, болмаса диң аспанға шығып жатыў кимге қос жағады. Олар еле бир-биринің атын да сораспады, купеден орын алған соң жигит койкасының астындағы жүк қоятуғын орынға чемоданын таслады да, өзи үстинде жатып қатты уй-

қыға кетти. Қалыйлаев портфелин қасына қойды, ол да өлердей шаршаған еди, жигиттиң уйқыға кеткенин көргеннен кейин өзи де созылып жатты.

Поезд тынымсыз жүрип келиўде: тақа-тақ, дүки-дүк, тақа-тақ, тақ, түк, дүки-дүк, дүки-дүк, дүк...

Сол жатыстан жигит кешке таман оянды. Қалыйлаев қашшан оянып бет-қолын жуўынып, жоқарыдағылар менен әңгимелесип отыр еди. Уйқыдан оянған жигит манаўсырап, көрген түсиниң әскерінен бе, биразға шекем дөгерегиндегилерге қоқырайып қарап отырды, соң поездда киятырғаны ядына түскендей Қалыйлаевты таныған-нан кейин, еснеп орнынан турды.

— Көп уйықладым ба?

— Бир күн десе де болады.

— Кеше аўылда жигитлер жыйналып, түни менен уйқы бермеди,—деди ол.—Бизиң аўылларда сондай. Баласы бир жақтан келсе, үлкени-кишиси той берип атырғандай апыр-топыр болады да қалады.

Ол жатқан жерин көтерди де, астынан чемоданын суўырып алды. Оның бул ҳәрекетине түсинбеген Қалыйлаев қәўетерлене сорады:

— Қайда?

— Жуўынып қайтаман,—деди ол. — Жуўынатуғын әсбапларым чемоданымда еди.

Купедегилерден Қалыйлаевтан басқасы оның чемоданы туўралы ойламады. Чемоданда я тирийек, я алтын, я ақша болыўы керек, ҳеш болмағанда салмағын билгенде болар еди. Қасынан қалдырмағанында бир гәп бар. Нөкисте бир үйди тонағанлар тутылғанда урылардың ишинде усыған усаған бир жигит бардай еди. оның мурты, сақалы өскен болғанлықтан мынаған уқық сатыў да аңсатқа түсип турған жоқ. Онда Қалыйлаевға басқа бөлимде ислегенликтен судланып атырғанларға үстиртин қарады да, өз жумысы менен бола берди. Бирақ, сол тонаўшыларға басшылық етип жүрген жигиттиң аты ма, лақабы ма, оның қулағына ерсилеў еситилген еди. Ҳәзир қапылып, сол лақабы да ядына түспей тур. Оннан берли де онлаған жыл өтип кетти.

Жоқарғы ярустағы еки жигит кроссворд шешисип, биреўиниң билмегенин биринен сорап, өзлеринше ҳәлеклесип киятыр. Ара-тура Қалыйлаев та билгенин айтып қояды.

— Пиллер семьясына киретуғын тас дәўиринде жа-

саған сүт емизиўши ҳайўан. Ал, бул не?—деди олардан бири.

— Ҳәзир бар ма? — деди екиншиси.

— Ҳаў, тас дәўиринде жасаған деп отырман ғой, бизге нәсили келип жетпеген гигант ҳайўан.

— Динозавр! — деди екиншиси.

— Динозавр! — деп анаўсы қайталап, — Ҳәриплериниң саны туўры келмейди, — деди. — Динозавр сегиз ҳәрип, ал буған алты ҳәрип керек.

Жуўыныўға кеткен чемоданлы жигит купениң есигинен жаңа көринип еди, Қалыйлаев:

— Мамонт!—деп бақырып жиберди. Бул кроссвордтың жуўабы еди, бирақ кирип келген жигитке бул сөз атылған оқтан кем тиймеди, кирген жеринде қатты да қалды. Ондағы өзгериске жоқарыдағылардың басы да айланып атырған жоқ, кроссвордтың қызығы менен бәнт, тек Қалыйлаев елестирмеген болып көзиниң қыйығы менен қарап қояды.

— Не? Бир нәрсе болды ма? — деп жигитке қарады.

Жигит еле лал.

— Биз кроссворд шешип атырмыз.

Жигитке енди жан енейин деди, чемоданын бас ушына қойып, койкасында отырды. «Мамонт, Мамонт!» деп ишинен қайталады Қалыйлаев, оның ядына түсти, усы Мамонт деген, жалатайлардың атаманы усы Мамонт! Бирақ, сыр бериўге еле ерте, бул тегин жүрмейди, қәйткенде де чемоданды қолға түсириў керек.

Арқа Кавказдың бәлент таўлары, таўларды жамбаслап өскен қалың тоғайлар артта қалып атыр. Поезд тынымсыз зуўлап келиўде: тақа-тақ, тақа-тақ, тақ, дүк, дүка-дүк, тақ...

Олар ресторанға барып тағы аўқатланды, жигиттиң қолы ашық екен, шығынлардың бәрин өзи төледи, түнде де керек болатуғынын ескертип, бир шийше коньяк та сатып алды. Күн кешкирип қалған еди, поезд сийрек тоқтайды. Ендиги ўазыйпа — Мамонттан айрылып қалмаў, аңсызда оның атын да айтып салмаў. Еле ол кабардин, бул қазақ болып русшалап сөйлесип киятыр.

— Сораспаппыз-әм, — деди Қалыйлаев. — Менин атым Мақатай.

— Султанбек Қазымов! — деди жигит қолын усынып.

— Мусылманның атындай екен ғой?

— Енди не, биз де мусылманбыз ғой! Мусылманшылықты үйретип қояман! Ойнаған екенсең!—деп күлди жигит.

— Кәсибиң қандай?

— Алуштаны билесең бе?

— Еситиўим бар.

— Сол жерде саат устасыман.

Жоқарыдағы кроссворд шешиўшилер төменге түсип, аўқатланыўға кетти. Қалыйлаевтың әрманы чемодан, тек тутқасына қолын тийгизип, көтерип, салмағын билсе болды, Бирақ Мамонт деп шамалап киятырған жигити оны жаздыратуғын емес, ресторанна келиўден тағы койкасының астына салып таслады. Енди оның арқайын жатып дем алыўына болатуғын еди. Поезд алға жүрген сайын Қалыйлаевтың тақаты таўсыла баслады, не қылыў керек? Бүгинги түнди де арқайын өткерсин, тек станцияларда тоқтаған ўақта мынаў жигиттен көз жазып қалмаса болды..Поезддың бир қәлиптеги жүриси, дөңгелеклердиң «тақа-туқ, дүки-дүк» деген сести зериктирип те жиберди, жатады, отырады, айтылып атырған қызықлы әңгиме жоқ, жоқарғы ярустағылар аўқатланып келип тағы кроссвордты айландырды. Оның да қызығы қалмай баратыр. Мамонт уйқыға киристи. Проводник чай алып келди, оны да Қалыйлаевтан басқа ишип атырған адам жоқ. Ол чай ишип отырып ишинен план дүзе баслады: алдымызда поезд ең кеминде ярым саат тоқтап өтетуғын станцияны анықлаў керек, сол жерде бул поезддан түссин, түспесин, бир ҳәрекет жасап қалыўға болады. Бирақ, ол зинҳар сезикленбеўи тийис. Бул қасқырдай сетемшил, әнейилик пенен қолға түспейди. Турпатына қара, бир-еки адамынды бүклеп басып кетеди, тек ҳийленин күши менен қолға түсириў мүмкин. Жәрдемши керек. Жәрдемши болғанда да анаў-мынаў емес, билегинде қарыўы бар алпамсадай жигитлер керек. Ондайларды қайдан табады? Төбесинде кроссворд шешип отырғанлар шертип жиберсе бармағының ушында кететуғын әлжуўаз биреўлер, олардан қайран жоқ. Былай еткенде қалай болар еди: станцияға шамаласқанда поезд начальниги жаққа барып өтиниш етсе, станциядағы транспорт милициясы хызметкерлеринен рация арқалы жәрдем сораса, жынаятшыны тутыў ҳәмминиң әдиўли

иси ғой. Бирақ, ҳәзир емес, түнниң ишинде қыйын болады. Таң атсын, азан менен усы ойлағанын иске асырады.

Жанын аяўсыз кемирген түрли ойлар менен Қалыйлаев таңды кирпик айқастырмастан атырды. Поезддың жүриси тезлеген сайын келетуғын жерге жетип қалатуғындай, поезд иркилиўден ҳәмме жапа-тармақай төменге түссе, өзиниң еки күннен берли аңлып киятырған адамынан айрылып қалатуғыны аттан анық. Көптиң ишинде ол туттырыў түўе жанына да жақынлатпайды. Сонша аламанның арасында айқасып атырыў да қолайсыз. Азан болып, вагондағылар ояна баслады. Коридордың ишинде былай-былай жүриўшилер көбейип, буның купесиндегилер де орынларынан турды. Қалыйлаев туалетке баратуғындай сыңай билдирип, сыртқа шықты да проводниктиң қасына келди:

— Аман жатып турдыңыз ба?

— Рахмет! — деди проводник.

— Ҳәзир қай жерге келдик?

— Ярым сааттан Жанкойда боламыз.

— Ол не?

— Ҳаў, үлкен қала ғой.

— Қанша иркилемиз?

— Гейде ярым саат, гейде бир саат.

Қалыйлаев қуўанып кетти, енди ярым сааттан өзин қыйнап киятырған операцияны иске асырыўдың итималы бар екен. Ол вагоннан вагонға өтип, алдыңғы вагон бетке келди. Поезд начальнигине милционерлик гүўалығын көрсетип, өзи менен бирге айрықша қәўипли жынаятшының киятырғанын, оны тутыў ушын тоқтайтуғын станциядағы милиция хызметкерлеринен жәрдем кереклигин айтты. Поезд начальниги рацияны иске қосты. «Мен граждан формасындаман, қолымда қара портфель, жынаятшы ири дуғыжым жигит, сақалмурты қырылған, шашы үрпек емес, қолында телетиннен исленген қызғыш чемодан болады. Қасында боламан, сизлер келиўден ым қағаман» деп түсиндирди Қалыйлаев жергиликли жердеги коллегасына. Бәри ойлағанындай болып киятыр еди, әттең...

Поезд еле ҳаллас урып зуўлап киятыр: тақа-тақ, тақ, дүк, дүке-дүк, тақ, дүк...

Түске таман жерден жети қоян тапқандай қуўанып Дәўранбеков кирип келди. Мәтмуратов жалғыз еди.

— Айтыўға рухсат етиң, жолдас майор! — деди ол тик қәддинде.

— Отырып айта бериң, — деп Мәтмуратов оның хабарын асығыслық пенен күтти.

Шука есине келип, болған ўақыяны майда-шүйдесине шекем қалдырмай айтып берипти. Машина менен қызды бастырған Нурполат емес, өзи екен. Атаман Мамонттың басшылығында «Ақшам жулдызлары» деген компанияның ҳәрекет етип турғанын, ондағы қыз-жигитлердиң түнлерде отырысатуғынын, адамларды тонайтуғынын, ҳәтте өлтирип те кететуғынын, Мамонт Нурполаттан аманат кассасындағы бес мың манатын алдырғанын, өзин бир жақларға ертип кетип өлтирип таслайтуғынын, ҳәммесин, ҳәммесин қалдырмастан баян етипти. Айтқанына көнбеген соң өзин де өлтирип кетпекши болып урған екен, әйтеўир бул қурақым аман қалыпты. «Ақшам жулдызлары» компаниясына қатнасыўшылардың ҳәммесиниң аты-жөнин жазып беретуғын болыпты.

— Сонда Мамонт Нурполаттың паспорты менен ушқан ғой? — деп сорады Мәтмуратов.

— Мүмкин, — деди Дәўранбеков. — Мүмкин. Ақшаны сәл зыятлаў берсе, кассирлер паспортына қарап атыр ма?

— Екеўи де ушқан болыўы керек. Минводадан болған звоноктан да гүманым бар, — деп Мәтмуратов бүгин сол жаққа Жуманияз Жүзимбетовты ушыратуғынын, ертең-ақ бул жумбақтың шешилетуғынын айтты. — Айтпақшы, Алламбаевтың ҳаялы менен тиллесе алдың ба?

— Ҳаялдың жағдайын көрдим, — деди Батырбек Дәўранбеков. — Лекин, жарасын сылтаўлап, менин саўалларыма жуўап бериўден бас тартты. Ҳеш қандай итибарлы жуўап ала алмадық.

— Бүгин айтпаған менен ертең ерни ернине тиймей сөйлейтуғын болады. Бағана ОБХСС жигитлери тағы еки саўдагерди тутып әкелди. Ол алып-сатар саўдагерлерден де бирнеше мың манатлық ҳасыл таўарлар табылған. Тергеў ўақтында олар да бул затларды

Алламбаев Тасполаттың саттырып қойғанын мойынлады. Усылардың ҳәммесин көрсетип, ислейтуғын жерине хат таярлаў керек. Партия шөлкеминде қарасын. Үстинен тергеў исин баслаймыз. Ертең қоңсыларынан гуўаға шақырып, үйин конфискация жүргизиў керек.

— Түсиникли, жолдас майор!

... Ертеңине азанда шақырылмай-ақ Шернияз келди. Ол кешеги кирип келгениндей ҳаллас урып турған жоқ, жүзи андыздай сарғайған, түни менен уйқы көрмеген адамдай қабақлары исиңки еди. Жигит солып қалыпты.

— Отыр, — деди оған Мәтмуратов табуретканы нусқап. — Қандай самал ушырды?

— Терис жағымнан келген самал, — деди Шернияз. — Сизге бир гәпим бар еди...

— Гәп тыңлаўға үйренип қалғанбыз, бирақ ғыйбат болмасын, — деп Мәтмуратов оның аўзына үңилди.

— Кеше келгенимде мени қудай урып... — деп иркилип қалды Шернияз. — Сизди алдадым.

— Алдағаныңды аңладым, бирақ азамат болса ҳағынан бир жарылар деп дәмеленип қалған едим.

— Кеше алдыңыздан кеткеннен кейин көп ойландым, — деди Шернияз муң аралас ҳаўаз бенен. — Ишимнен өтиригим ушын көп қыйналдым. Илаж қанша? Аман қалыўдан баспүкил гүдер үзген адамман. Тасполат мени жолдан азғырды.

Мәтмуратов Шерниязға бир кеса чай усынды. Шернияз чай түўе, палға да иштейсиз еди, сонда да кесаны алдына алып қойды.

— Адасқанның айыбы жоқ, қайтып үйирин тапқан соң» деген, иним...

— Мен айдалада жүрип адассам еди, онда бир сәри... Ал, мәмлекет алдында қылмыс ислеп адасқанман! — деп Шернияз қатты үҳ тартты. — Неге ғана алақ-жулақ Тасполат пенен табақлас болдым?!

— Сен соңында қырағы көзлердиң бар екенин билмедиң бе?

— Мениң көзиме заң-закон орнына ақша елеслеп көрине берди, — деп Шернияз шынлық пердесин түрди. — Мен бул дүньяның қуўанышын да, күлкисин де тек ақшаның шытырлысында деп пәмледим!...

— Қулқының кеңейип кеткен жигит екенсең! — деп

дам бере алмаған жарма қапы пышырлап ишке қарай омырылып кетти. Сол епкин менен өзи де оңбағандай болып ишке думалап түсип еди, бирақ ҳеш жериниң аўырғанын сезбеди. Гаражының иш жағындағы есигинен кирип, сол жерде турған шелекке бочканың аўзын еңкейтип бензин қуйды. Шелек толған соң бочканы қайтып тикейте алмай жатқарып қойды, оның аўзынан лоқылдап аққан бензин тумлы-тусқа жайылды. Үлпери шелек толы бензинди суў серпкендей үйиниң ишине, төрги жайларына себелей берди, алба-жулбасы шыққан кийимлерине де шашырады. Ол тағы гаражына келип, еле ишиндегиси ағып болмаған бочкаға тағы шелегин тутты. Бензин тап гаражының ишинен төрги жайына шекем тутасып, ҳәмме жерди қаплаған еди. Асханаға кирип, газ плитасының қасынан шырпы алып, бир шөбин шағып еди, алыспай өшип қалды. Ол тағы шақты. Алды менен лап етип қолы, жеңи алысты. Жанып турған шырпының шөбинен қолы күйгенликтен таслап жиберип еди, ендеги еле сиңип болмаған бензин көк-көмбек болып жанды да от жалыны төрги жайға, гараждың ишине қарай зыта жөнелди...

Жалғастың есигиниң алдына келип түсти де, Тасполат таксиди сол жерге қадап қойды:

— Қандай-қандай жағдай болады, қошшым,—деди таксист жигитке. — Үйдиң ийелери жоқ болса, қайтып жүремиз бе. Сен шылымыңды шегип күте тур.

Таксист үндемеди, жол танабын қуўырыўға үйренип қалған бундай шоферлар бир жерде тура бергенди жақсы көрмейди. «Жүргенге жормал илинеди» деген нақыл тап таксистлерге арнап айтылғандай. Тасполат ишке кирсе Жалғас та, ҳаялы да бар екен, олар алты қанат ақ отаўды қойып, былайырақ саяманның астында түслик чайын ишип отыр. Тасполаттың шақыртыўсыз келип қалғанына таңланған екеўи де орынларынан турып алдынан шықты.

— Шырысларыңызды буздым-аў!—деди сәлемлесип атырып Тасполат. — Ал, аман-есен отырсызлар ма?

— Төсекти үйге сала ғой,—деди Жалғас ҳаялына, кейин Тасполатқа қарады. — Қалайсаң, жора?

Ҳаялы аманлық-есенликтен кейин қара үйге кирип кетти. Тасполат Жалғас пенен көп ўақтан берли қатна-

Алламбаев Тасполаттың саттырып қойғанын мойынлады. Усылардың ҳәммесин көрсетип, ислейтуғын жерине хат таярлаў керек. Партия шөлкеминде қарасын. Үстинен тергеў исин баслаймыз. Ертең қоңсыларынан гуўаға шақырып, үйин конфискация жүргизиў керек.

— Түсиникли, жолдас майор!

... Ертеңине азанда шақырылмай-ақ Шернияз келди. Ол кешеги кирип келгениндей ҳаллас урып турған жоқ, жүзи андыздай сарғайған, түни менен уйқы көрмеген адамдай қабақлары исиңки еди. Жигит солып қалыпты.

— Отыр, — деди оған Мәтмуратов табуретканы нусқап. — Қандай самал ушырды?

— Терис жағымнан келген самал, — деди Шернияз. — Сизге бир гәпим бар еди...

— Гәп тыңлаўға үйренип қалғанбыз, бирақ ғыйбат болмасын, — деп Мәтмуратов оның аўзына ұңилди.

— Кеше келгенимде мени қудай урып... — деп иркилип қалды Шернияз. — Сизди алдадым.

— Алдағаныңды аңладым, бирақ азамат болса ҳағынан бир жарылар деп дәмеленип қалған едим.

— Кеше алдыңыздан кеткеннен кейин көп ойландым, — деди Шернияз муң аралас ҳаўаз бенен. — Ишимнен өтиригим ушын көп қыйналдым. Илаж қанша? Аман қалыўдан баспүкил гүдер үзген адамман. Тасполат мени жолдан азғырды.

Мәтмуратов Шерниязға бир кеса чай усынды. Шернияз чай түўе, палға да иштейсиз еди, сонда да кесаны алдына алып қойды.

— Адасқанның айыбы жоқ, қайтып үйирин тапқан соң» деген, иним...

— Мен айдалада жүрип адассам еди, онда бир сәри... Ал, мәмлекет алдында қылмыс ислеп адасқанман! — деп Шернияз қатты үҳ тартты. — Неге ғана алақ-жулақ Тасполат пенен табақлас болдым?!

— Сен соңында қырағы көзлердиң бар екенин билмедиң бе?

— Мениң көзиме заң-закон орнына ақша елеслеп көрине берди, — деп Шернияз шынлық пердесин түрди. — Мен бул дүньяның қуўанышын да, күлкисин де тек ақшаның шытырлысында деп пәмледим!...

— Қулқының кеңейип кеткен жигит екенсең!—деп

жақтырмай қалды Мәтмуратов. — Ҳәр нәрсениң шеңеўи болады.

— Сорамаң, аға! «Балықшы балықшыны узақтан таныйды» дегендей Тасполат мени көзи шалыўдан-ақ өзине қолай көрди. Ақыбети усындай болатуғынын билгенимде шофер болып, майға былғанып жүре бермеспе едим? Соның өзи бастон еди ғой маған. Шофер болғанлар аштан қырылып атырған жоқ ғой!

— Мойныңа қанша ақша түсти?

Шернияз ойланып үндемей қалды. Айды етек пенен жаўып бола ма? Жасырғанда не, жасырмағанда не? Ертең ҳәммеге айғақ болып шығады.

— Сорлап қалдым ғой, аға! Елиў мыңдай бар...

— Елиў мың?!—деп таңланды Мәтмуратов.—Оны не қылдың?

Шернияз енди ойланып отырмады, ҳәммесин ҳағынан жарылды. Тасполаттың ҳаялы не ушын қоңсысының қорасына түскенин, өрим-өрим болып ийтке таланыўының себебине шекем қалдырмады.

— Ммм... Солай де! — деди Мәтмуратов тағы да жаңа ўақыялардың бети ашылғанына қуўанып. — Егер чемодан жойтылмай, саған керек ақшаны бергенде, бәлким бул әҳгимелерди бизге айтпас едиң, солай ма?

— Қәйдем аға, жиптен қолым жаздырылған соң, не болары болды деп атырман. Мен ҳақыйқатын айттым, не қылсаңлар да қайылман.

— Сизлердиң жазаңызды халық судының өзи береди, — деди Мәтмуратов. — Бизиң ўазыйпамыз: нәкас ислериңизди, қара излериңизди анықлап, қылмыскерлерди ўақтында тутып, мәмлекет мүлкин олардың суқ қолларынан қорғап қалыў. Ендиги жағында сизлер менен прокурор шуғылланады. Партия ағзасы емессең бе?

— Партияда болғанымда усындай қылмыс ислеўге жүрексинемен бе? — деп таңланды Шернияз.

— Тасполат Алламбаев қалай жүрексинген?

— Кеширерсиз, жолдас начальник, бул сораўға жуўап биреўге саўатым жетпейди, — деди Шернияз. — Ол найсаптың жүрегиниң түги бар шығар?! Жолдас майор, енди сиз билесиз ғой, қолыңыздан талай жыныятшы өткен, бизге неше жыл берер екен?

— Асықпа, Шернияз иним, «асықпаған арбалы қоянға жетеди» деген,—деп Мәтмуратов оның саўалын

орынсыз көрди. — Сол бир чемодан заем қаяққа кеткен деп ойлайсаң?

— Әй, қәйдем, — деди Шернияз. — Ҳаялы да, күйеўи де билмейди. Егер өтиригине жоқ болғанда ийтке таланар ма еди?

Қала аралық телефонның қоңыраўы шыңғырлады. Кеткен жигитлеринен хабар күтип отырған Мәтмуратов ҳәммесин умытып, трубканы көтерди:

— Алло! Ало! Да, да! Еситип турман. Жүзимбетов? Ал, Жуманияз, аман бардың ба? Ким? Нурполат дейсең бе? Анық сол ма екен? Аўа, мынаў ыссыда шыдатыў қыйын ғой. Жерлей бериң. Қалыйлаевты көрмедиң бе? Ҳаў, ол өзи аман ба екен? Дәрриў қайт! Яқшы, жолдасларға сәлем айт! — деп трубканы қойды.

— Тасполат ағаның баласы өлген бе? — деп Шернияз орнынан ушып турды.

— Ҳаў? — деп Мәтмуратов та өрре турды. — Сен еле бар ма едиң? Ҳәзир үйиңе қайт та, былай-былай шықпастан жат. Керек ўақтында шақыртамыз. Бул хабарды еле ҳеш кимге зинҳар айтыўшы болма! Аўзыңа күшин жетпейтуғын болса, қаматып таслайман!

Шернияз артына жалтақ-жалтақ қараўы менен кабинеттен сүйретилип шығып кетти. Оның қарасы батып бадалғаннан соң бир қолында портфель, бир қолында чемодан капитан Қалыйлаев кирип келди, тапсырылған ўазыйпалы жумысынан табылмай хабар-атарсыз кеткенине бир жағынан қорқып, бир жағынан ашыўланып отырған Мәтмуратов оны салқын жүз бенен қарсы алды. Қалыйлаев оның менен апақ-шапақ болып көриссе де, оннан кеўли қалған майор жибисе қоймады.

— Қайда жүрсең?

— Сорамаң, жолдас майор,—деди Қалыйлаев жайласып отырғаннан кейин. — Бир сүргинге түстим. Мине, мынаның сүргини, — деп чемоданды стол үстине қойды.

— Ал, ал? Биз де усы чемоданды жойтып атыр едик.

— Әҳгиме былай... — деп Қалыйлаев бастан кеширген ўақыяларының барлығын избе-из айтып берди.

— Соннан купеге айланып келсем, Мамонтым орнында жоқ. Жоқарыдағылардан сорасам, «ол сизиң портфельди ашып көрди де, дәрриў чемоданын алып шығып кетти» дейди. Сонда қәтеге жол қойғанымды

билдим. Портфельде формам бар еди, қәўипсинип киятырған жигит соны көрген де ҳайт қойған екен. Вагонлардың иши менен артқа қарай жуўырдым. Адамлардың арасын тинткилеп қарайман, жоқ. Ушты-күйди жоқ. Ең соңғы вагонға шекем бардым. Купелерди де биримлеп ашып қарадым. Жер жутып кеткендей жоқ. Ең соңғы вагонның туалети иштен илиниўли тур екен. Бәлким, усында отырған болыўы керек деп ойлап, ашылыўын күтип сигарет шектим. Тым-тырыс, адам шығатуғын түри жоқ. Қолға түсип турған жынаятшының сықпандай сытылып кеткенине өкингенимнен күйип кеттим. Партым шықты! Ақырында проводникке айтып, туалетти аштырдым. Ишинде адам жоқ екен, әйнегин сындырып өзин жерге атқан. Поездың тезлиги пәсейе баслады, енди бес минутлардың шамасында тоқтаўы керек. Поезд тоқтағаннан жерге ҳәммеден бурын түстим де, түсип атырғанларды бақлап турдым. Жоқ! Енди оның вагоннан секирип түсип қалғанына көзим анық жеткеннен кейин бизлерди күтип турған үш милиционердиң жанына барып, өзимди таныстырып, болған аўҳалды айтып бердим. Сол жерде дәрриў темир жолшылардың рельсте жүретуғын мотоциклине екеўмиз минип, изге шаптық. Қалған екеўи «Урал»ға отырып, асфальт жол менен зыңғыды. Он бес минуттай жүргенимизде темир жолдың ернегинде шалқасына жатырған Мамонтқа көзим түсти. Қалша тоқтадық та, қасына жетип бардық. Мамонт таўланып атыр еди, жүзи қатты аўырыўдың ҳазарынан жыйырылып қалыпты.

— Ҳә, қабардин! — дедим өз тилимде. — Қалайсаң, саат устасы?!

— Сениң гүминди шегиўим керек еди, Қалыйлаев!— деди ол маңлайын жыйырып. — Әттең, кеширек билип қалдым. Гүманланып едим-аў! Минводада-ақ бир жағына шығарып кеткенимде болатуғын еди.

Қасымдағы жигит бизлердиң гәпимизге түсинбеди. Мамонт өзлигинен орнынан тура алмады, бир аяғы солтаңлап қалыпты, шыққан ба я сынған ба, белгисиз. Чемодан өзинен былайыраққа ушып кеткен екен, Мамонт оған да жете алмапты.

— Қасыңдағы бала қаяқта?—дедим.

— Не? Ким бала?—деди ол ҳеш нәрседен хабарсыздай.

— Алламбаевтың баласы, Нурполат ше?

— Минводада қалды ғой

Мамонттың қолын кисенлеп, өлдим-азарда рельс үстине алып шықтық та минип келген көлигимизге отырғыздық. Бизлердиң жынаятшыны тапқанымызды билген соң мотоцикл менен кеткенлер де қайтып барды. Сол жерден милиция бөлимине алып келип чемоданды аштық. Чемоданның ең үстинде Алламбаев Нурполат Тасполатовичтиң паспорты бар екен. Бир қатар китап, китаптың астында, көзиңиз жақсылық көрсин, Атамурат аға, пачка-пачка үш процентли заем бар екен! Сол жердегилер менен отырып бир мезгил зорға санап шықтық. Жүз мың манатлық заем екен!

— Жүз мың?!? — деп көзи аларып кетти Мәтмуратовтың.

— Аўа, жүз мың! Мине, сол жүз мың столыңыздың үстинде тур! Ҳәр пачканың басындағы, аяғындағы номерлерин көрсетип сол жердеги жигитлер менен акт жасадық. Алып көриўиңизге болады.

— Сейфке салып қояйын, — деп Мәтмуратов чемоданды столдың үстинен алды. — Ҳәммемиз бирликте мәмлекетке тапсырамыз Ал Мамонтың қайда қалды?

— Оның аяғы сынған екен. Сол жақта қамақта қалды. Өзлери емлейтуғын болды.

— Сен үлкен ерлик иследиң!—деп қуўаныш дебдиўинен көзи ләмленген Мәтмуратов орнынан турып Қалыйлаевтың қолынан қысты. — Бул мақтаўға ылайық іс. Мәмлекеттиң көп қаржысын өзине қайтардың, жынаятшылардың тағы бир топарын аштың, оның басшысын тутқынға алдың. Рахмет, Ахмет Қалыйлаев! Сениң бул мәртлик исиңди наградаға усынаман, жолдас капитан! Енди үйиңизге барып дем ал, өзим шақырғанша дем ала бер.

Капитан Қалыйлаев барлық шаршағанын умытып, жүзи гүл-гүл жайнап, начальнигиниң кабинетинен шығып кетти. Өзине исенип тапсырылған ўазыйпаны шын жүрегиң менен мүлтиксиз атқарып шыққаннан кейинги кеўилиңниң тыншып, жаныңның сергип ләззетке бөленетуғының қандай пайызлы! «Мийнет түби рәҳәт!» деген усы ғой. Мәтмуратов Қалыйлаевтың изинен усыларды ойлап, оған қызығып қарап қала берди.

Емлеўханадағы ҳаялының ҳал-жағдайын көрген Тасполат «Баладан дерек шықпады ма екен, биле кетейик» деп милицияханаға қайрылды. Келсе, Мәт-

муратов жалғыз, түсликке кетиў ушын алдындағы қағазларын столының тартпаларына тыққышлап атыр екен. Тасполатты көриўден орнынан турды:

— Салаўма әлейкум, келиң, келиң!—деп отырыўға мирәт етти.

— Жолдас майор, сизиң менен қупыя әңгимем бар еди,—деди Тасполат отырып. — Баланың дәрегин билейин деп келип едим. Оннан да басқа...

— Айта бериң, қупыя болса қупыя болсын, екеўимизден басқа адам жоқ ғой, — деп қоңыраў басып секретарын шақырды. — Гүлхатыйша, бизлердиң үстимизге адам кирмесин.

— Жақсы! — деп секретарь кейин шегинди. Мәтмуратов Тасполаттың қандай қупыя әңгимеси барын жазып қалдырыў ушын оған сездирмей мини-магнитофонын иске қосты.

— Ал қулағым сизде?

— «Айналайын сәллем сеннен, ҳеш ким гүман етпес меннен» дегендей, — деп гәпти узақтан орады Тасполат. — Сизиң формаңыз бар, сизди қылмыс ислейди деп ҳеш адам гүманланбайды. Солай ма?

— Түсинбей турман. Не демекшисиз?

— Ишпейтуғын, жемейтуғын адамлар жердиң астында жатыр, солай ма? Ал, жер үстиндегилердиң ҳәммесинде де кегирдек бар. Солай емес пе?

Мәтмуратов оның гәпти қаяқтан айландырып қаяққа алып баратырғанын сәл аңғарып киятырғандай:

— Ал, соннан кейин не?

— Бизде де бала-шаға бар, қудайға шүкир, сизде де... Ҳәр ким өзиниң бала-шағасын бахытлы еткенди тәўир көреди. Солар басқалардан артық ишип-жесин, артық кийинсин деп ойлайды. Солай ма? — деп Тасполат майорға мақул гәп айтып атырғандай еңсесин көтериңкиреп отырды.

— Буныңызға қосылмайман,—деди Мәтмуратов.— Басқалар менен қатар болғаны жақсы ғой.

— Артық болғанға не жетсин! — деп Тасполат қарсылық билдирди. — Оның ушын артығырақ дүнья керек. Бир айлық бәрине жете бермейди. Солай ма?

— Неге олай дейсиз? Жетеди, ҳәттеки аўыстырыўға да болады.

— Сизлердики жететуғын шығар,—деди Тасполат. — Кийимиңиз мут...

Мәтмуратовтың ашыўы келди:

— Маған айтатуғын бир ужыбатлы гәпиңиз бар ма?

Тасполат әңгимесиниң майорға намақул болғанына арсынбады, ақша менен алынбайтуғын қамал жоқ деп ойлайтуғын ол, қәйтсем де милицияны да алдымда жорғалатаман деп отыр.

— Адамның қалтасы толы болса, оның қаяқта да жолы болады,—деди Тасполат өз философиясына берилип. — Я бийкар ма?

— Өмир ғумырашылығын тек ғана ақша шешпейди, — деген философиясын қарсы қойды Мәтмуратов. — Ал, адамгершилик, ҳүждан, ар-намыс, муҳаббат деген ҳасыл қәсийетлер биринши нәўбетте керек.

— Гәптиң тоқетери, жолдас начальник, — деп Тасполат қол сумкасынан қағазға оралған бир нәрсе шығарды. — Баламды аман алып қалыўға жәрдемлесиң. Мынаны алың, аз да болса көптей көрип...

Қағазға оралған ақшаны Мәтмуратовтың алдына ысырды.

— Қанша? — деди Мәтмуратов қолын тийгизбей.

— Үш мың.

— Ҳаў, сизде пул көп емес пе?—деп таңланған болды Мәтмуратов. — Балаңыздың қуны ушын усы болғаны ма?

— Егер аман алып қалсаңыз, тағы беремен!

— Яқшы, — деп Мәтмуратов сейфин ашты да пулды ишине таслап аўзын жапты. — Анық үш мың ба?

— Аўа! — деп Тасполат бойын жеңил тартып қоя берди. Бирақ, Мәтмуратовтың түриниң бирден өзгериўи, жадырап турған жүзиниң қәпелимде булт басқандай түнере қалыўы оны шоршытайын деди. Әсиресе оның:

— Енди бул мәмлекеттиң ақшасы болады!—деген гәпи Тасполатты ваннада балқып отырған жеринен үкиниң астына тығып жибергендей болды .

— Не, не?! — деп шырлап қоя берди ол.

— Аўа, солай! Сиз бурынғы айыпларыңыздың үстине тағы биреўин жамадыңыз. Жамағанда да бадырайтып! Пара бериўдиң өзи үлкен жынаят.

— Өйтпең енди...

— Балаңыздың қалтасында қанша ақша бар еди?

— Жоқ...

— Бес мың манатты неге жасырып турсыз?

— Мениң оннан хабарым жоқ,—деп қыйпақлады Тасполат. — Кемпири жасырып берип жүрген болмаса...

— Бес мың манатты-ә?! Бир чемодан заем қайда?

Тасполат тилин тислеп қалды. Оны қаяқтан билген? Булардың көзи шынында да қырағы екен ғой.

— Айта бериң, — деди Мәтмуратов. — Бир чемодан заемды ким урлаған?

— Не деп отырсыз, жолдас майор? — деп шоршынды Тасполат. — Неғылған бир чемодан заем?

Мәтмуратов сейфин ашып, ишинен қызғылт чемоданды столдың үстине шығарып қойды. Тасполаттың көзине оттай басылды. Талай сапар Москва, Ленинградларға алып барған чемоданы еди, бирақ ҳәзир оның кереги жоқ. Бул чемодан ҳәзир душпанына айланып тур. Мойынлаўға болмайды.

— Мине, мынаў чемодан. Таныдыңыз ба? —деп Мәтмуратов Тасполатқа қарады.

Тасполат былай қарады:

— Мениң бундай чемоданым жоқ.

— Заемыңыз қанша еди?

— Билмеймен. Чемодан мениқи емес!

— Ишинде жүз мың манатлық заем бар екен:—деген ўақта Тасполат талып қала жазлап, жалынышлы көзлери менен майорға қарады.

— Былай етейик, — деди Тасполат майорға. — Бәри бир мойынлатасыз. Бул мәмлекетке өтип кеткен менен сағаң да, маған да пайдасы жоқ. Мен бир мәртлик етейин, жолдас Мәтмуратов. Кел, усындағы заемды тең бөлисип алайық та қояйық. Сизден ҳеш ким сорап атырған жоқ ғой.

— Маған ақшаңыздың кереги жоқ,—деди Мәтмуратов.

— Ҳәй, бир несийбеңизге тепкен адам екенсиз! — деп Тасполат қабағын үйди. — Онда жаңағыны не ушын алдыңыз? Қайтарып бериң.

— Берилмейди! — деди Мәтмуратов кескин. — Өз қолым менен мәмлекетлик банкке тапсыраман!

— Солай ма?—деп Тасполаттың көзлери қанталады. — Меннен алып қалмақшысыз ба? Мен-әм әнейи адам емеспен. Меннен пара алды деп министриңе айтаман! Аўа, баламды қутқарыў ушын пара алды деймен!

Мәтмуратов қызбады:

— Айта бериң,—деди ол.—Айтың. Оннан жоқарысына да айтың. Бәрибир айланып келгенде өзиңиз тутыласыз. Мине, күни мененги айтқанларыңыздың бәри мынада сайрап тур,—деп ол мини-магнитофонды қойып берди. Олардың сөйлескен даўыслары нақманақ_еситилип турды.

— Аҳ — деп Тасполат басын столға ийди.

— Нәўбетши! — деп селектордан хабарласты Мәтмуратов. — Маған капитан Нәзировты жиберің.

— Әжеп! — деген нәўбетшиниң даўысы еситилди.

— Бирақ, сизге бир нәрсени айтыўым мүмкин. — деди Мәтмуратов Тасполатқа. — Қызды машинаға бастырған сизиң балаңыз емес, басқа адам болып шықты.

Тасполатқа қайтадан жан енди:

— Солай ма? Айтаман-аў, бизиң баладан ондай шийкилик шықпайды. Машинаны айдаўды жақсы биледи-дә!

— Шақырттыңыз ба, жолдас майор? — деп кирип келди милиция капитаны.

— Аўа. Мына киси маған параға үш мың манат берди, — деп Мәтмуратов сейфтен алып стол үстине қойды. Тасполат ақшаға умтылып, оны алмақшы болғанда «Тыныш отырың!» деп майор оған тәртип берип қойды. — Жолдас капитан, усы ақшаларды номерменомер көрсетип акт жаса.

— Қайтарып бериң, ақша мениқи! — деди Тасполат қолын созып.

— Сизге баладан гөре ақша жақын адамсыз,—деди Мәтмуратов Тасполаттың секилинен жийиркенип.

— Балам ҳақ болып шықты ғой енди!

Ол баласының қайда екенин сорамады, бәрибир сорағанда да ҳәзирше оған айтыўға ертерек еди...

Тасполат басына түскен мусаллаттан қутқарып қалыўды өтиниш етиў ушын үйиндеги қалған-қутқан пулларын алып, сол күни Ташкенттеги улпетлерине ушты. Бирақ, ол жақта да аўы жүрмеди, оның көзине адамлардың ҳәммеси өзгерип кеткендей, бурынғы мийримшәпәәт төгип туратуғын көзлер гүмансырап, исенимсизлик пенен қарайтуғындай, Тасполаттың төбеси көриниўден гүлге умтылған пал ҳәрелериндей үймелесип қалатуғын бирөңкей ашналары онша оны таный бермейтуғындай сыңай билдиристи. «Үстимнен қатырып

жазған екен-дә, қолы сынғырлар!»—деп ол жақта бир қонып, ақшаларын биреўине қәтере ушын зорлап алдырды да, жаздың лаплаған ыссысында қабағынан қар жаўып қайтып келди.

Келиўден ҳаялын да көргиси келмей, бир таксиди жаллады да кеўил жазып қайтыў ушын райондағы бир жорасын излеп кетти...

28

Милицияханадан шыққан соң Шернияз майордың айтыўы бойынша туўры үйине келди де, былай-былай шықпастан жатып алды. Балаларын ойнатты, телевизор көрди, бирақ өзин өзи ҳеш нәрсе менен де алдарқата алмады. Оның көз алдынан қыздай жуўас, мудамы мыйығынан күлип туратуғын ақ көңил Нурполат кетпеди. Бийшара баланың не жазығы болды екен? Адам түўе, шыбынға да ҳазары жоқ жан еди ғой ол. Жигирма жасқа шықты ма, шықпады ма, ол еле бул өмирден не көрди? Оның өмири енди ғана басланып атыр еди ғой, соқпағы еле үлкен гүзарға келип қосылған да жоқ еди. Ақшаның қурбаны болды-аў, шамасы. Кеше ғана гүрлеп турған хожалықтың табалдырығының тайыўына қара! Енди шаңарағының ортасына қулап түспеген неси қалды?! Жалғыз перзентинен айрылған үйде не сән, не қызық, не берекет болсын енди. Бир чемодан заемынан айрылды, Тасполаттың да өз орнында ислеп қалатуғын құдирети жоққа уқсай ма, оны да милицияға қайта-қайта шақыртып атырған көринеди. Шерниязның өзи ше? Өзи қамалыўға қайыл болды. «Бөриниң аўзы жесе де қан, жемесе де қан» деп өзин ақлап, басқаға асылған менен бола ма? Жеўин жеди ғой, обалы не керек, бир адамдай жеди, Тасполатқа да жегизди. Оған жегизбегенде кимге жегизеди, буның тисин шығарған да, тисин суўыртқызған да соның өзи. Асқынлап кеткенин енди билди, аўа, жети-сегиз жылдан кейин билди. Пайдасы не? Сонша ҳаўазалы жайдың не кереги бар еди, машинаның не кереги бар еди, тазадан ҳаял алыўдың не кереги бар еди? Бийшара баяғы Жуматайын Айзада деп жүре бергенде болмас па еди? Гүлдей қызын айтса, Гүлзадасы биринши я екинши классқа барғанда шығар-аў. Шүлдирлеп сөйлеп, папасын сорап қоятуғын шығар?

Я умытып кетти ме екен? Жуматай қайда екен, биреўге турмысқа шыққан шығар? Минези жақсы, тынық еди. Бурынғы ҳаялын да, қызын да сағынып кетти Шернияз, енди қапылғанда онлаған жылға қамалса... Бийбихан күтип отырар ма екен? Я мынаў, жайды сатып жиберип, бул да төркинине ҳайт қояр ма екен? Онлаған жыл деген ойыншық емес, өтип баратырған адамның өмири ғой ол. Жас нашар, он жыл күтип отыра алмайды, гүлдей өмирин хор қылып не қылсын? Еркек қапыла ма? Өзиниң сонша жыйнаған дүнья-мүлки, ынтығып қосылған ҳаялының енди өзине буйырмай артында биреўлерге қалып баратырғаны жүрегин езип, оның көзине ыссы жас қуйылып кетти. Бир нәрсени басламастан алдын оның ақыбетин ойлаў керек екен. Ғаррылардың «ақыйрын берсин, балам!» дей беретуғыны усыннан екен-аў. Ақыбети не болды енди? Бул да қамалады. Тасполат та қамалады! Ийримде жалғыз шыргүбелек айланып буның өзи кете бермейди, шынжырма-шынжыр кетеди. Складшысы да, бухгалтери де, саўдагерлери де, бәри де кетеди. Таўдың басынан бир тас жумаласа төмендеги барлық тасларға топалаң тийеди ғой. Түйе-Тасполат теңселген соң буларға не турыс? Булар тамыр-памыры менен қопарылып түседи. Әне, сол қутырынған даўыл басланып атыр...

Нурполаттың өлими қасында өзиниң қамалып кететуғыны әйтеўир нәрседей туйыла берди Шерниязға. Он жыл болса он жыл болсын, аман болса түбинде келеди ғой, ал өлген адамға келиў қайда? Өлген адам ўақыт өткен сайын умытыла береди, ҳәтте көп жыллардан кейин жақын адамлардың жүрегинде де өше баслайды. Оның орнын басқа адамлардың өмири ийелейди. Шернияз Нурполатты үйинде дым сийрек көретуғын еди, шынында да солай: Нурполат үлкенлер отырған жерге бара бермейди, көбинесе магнитофоннан ҳәр түрли қосықлар менен музыкаларды тыңлап ең төрдеги бөлмесинде жалғыз отырғанды унатады. Үйдиң ишине оның зәрүрлиги жоқ, жумсамайды, оның не менен шуғылланып жүргенин сорамайды да. Ол басқа балалардай тентекшилик етпеди, еркелиги болған менен көбинесе анасына арқа сүйеңкиреп ислейтуғын еди. Оны анасы оғыры жақсы көрди. Бийшара Улпери, өзи ийтке таланып, геўдесиниң шыл-пәршеси шығып

атырғанда бул қаралы хабарды қалай көтере алар екен? Өлимниң хабары еситилмей тура ма? Турмыстан дәкки жеп көрмеген долы қатын тәғдирдиң силтеген қамшысына жаўырнын тутып төтепки бере алар ма екен, я...

Шернияздың түстен берли қумға түсип атырған адамдай созылып жатқанына Бийбихан таңланбады, бул күнлери дүканның ғалаўытынан салы суўға кетип жүрген күйеўиниң ишки дебдиўлери жалын атып оны да отлы тили менен жалаўда еди. Жыллы-жыллы сөзи менен тәселле бергени болмаса, Шернияздың еңкейген еңсесин жоқары көтергендей сүдин бола алмайды. Өзинде де гүна бар: усы үйдиң босағасынан атлап кирип келип атырған дүнья-мүликтен жол болсын сорамады, бирин еки етип атырған Шернияздың қолын қағыўдың орнына сол екеў неге үшеў болмайды деп телмирди. «Суўдың да сораўы бар» деген гәпке қулағының сыртын тосты, ҳаял адам дүньяға жақын болатуғынын ҳәрекетинен де, гәпинен де Шернияздың санасына қуйып отырды. Енди екеўи қол усласып, аҳ шеккен менен пайдасы жоқ, тикенди аңламай басқан жоқ, өзлери жүрген соқпағына тикен көгертти, оның тикен екенин биле-тура тикен емес, гүл деп өзлерин алдады. Мине, ақыбети!...

Не бәри жети-сегиз жылдың ишинде қатарларынан ат шаптырым алға кеткенин ойлады Шернияз, олар менен қатнасығының суўысып, ҳәтте көрген жерде қолының ушын берип, бала-шағаларының аманлығын сорасыўға да еринбейтуғын жел көкирек болып кеткенин, өзиниң шын мәнисиндеги яр-дослары қалмағанын, той-мерекелерине шақырса да бармағанын, соңында олардың ҳеш бири де жақтырмайтуғынын ол кәрине де келтирмейтуғын еди. Тасполаттың саяманлы панасы астында тек соның адамлары менен қатнасты, ҳәтте түсинде де көрмеген адамларының мерекелерине дәстелеп пул апарды, ғазға ерип ғарғаның шаты айырылады деп қысынбады, Тасполаттан қалыспаўды маба көрди. Тасполат тас полат, өзиниң пәс полат екенин пәмлемеди. Қалтасы жуқа танысларына пысқырып та қарамай, кисесине онлық ақшадан баслап салып жүретуғынлардың тәпси урып, солар менен аўыз жаласты, солардың биймәни отырыспаларында тәлимсип, маңлай тери менен күнелтип жүргенлерди адам қатарына сана-

май масқаралап күлди. Өзиниң шығысын умытты. Ақыбети мине, не болды?...

Ишине толған шерди ақтарып таслап. еңсесине жарбайып минген ҳәсирет тасын ысырып жиберетуғын досты бар ма? Жоқ. Өмир деген ағысы күшли дәрьяға көпир салыўды нийет етти ме ол? Жоқ! Ол ўақта оған көпирдиң кереги жоқ еди, дәрьяның қәлеген жеринде дарғашысы бар еди, ақшаның күши менен дус келген жерди өткел етип аржақ-бержаққа қатнап турған жоқ па? Гүрлеп турған дәўиринде дослық көпирин салғанда усындай кемеси аўдарылып, дарғашылар мантығып кеткен әбигер жағдайда да аржақ-бержақ пенен сол көпир арқалы қатнасық жасап турған болар еди. «Жаў өткен соң қылышыңды тасқа шап» деген, енди өкингеннен де, қара жерди тоқпақлағаннан да бир түйир пайда жоқ.

— Мен қамалып кетсем, сен не қыласаң?—деп сорады ол кешқурын ҳаялынан.

— Қойшы, қаяқтағыны айтпай! — деди Бийбихан оның кеўлин көтергиси келип. — Қайнаға жәрдем етпес пе екен?

— Қайнағаңның ҳалы да қудай-қудай менен, — деди Шернияз. — Оның баласы...

Шернияз расын айтқысы келмеди. Көз алдына майор Мәтмуратовтың ашыўлы нәзери, қорқытып ескерткени елеследи. Айтыўға болмайды. Айтпай қыпса сақлап жүре бериў де қыйын. Азаплы ой ишинен шеңгел сүйреп өткендей қалай болса солай тырнап баратыр. Айтса, дәрти азмаз жеңилер ме еди, қәйтер еди? Ол сегиз қабат жайдың ишине сыймай шарбағына шықты. Жаздың узақ күни кешкирип қалған екен, дөңгеленген, қып-қызыл күн уясына отырыпты. Ара-тура тереклердиң шақалары қыймылдап, салқын самал еседи. Қоңсыларының үйлери ўақ-шақ, турмыс ғалмағалын умытқандай, олардың уўайым-қайғысыз өмирине тамсанды Шернияз. Баяғы шофер болып арқайын жүрген күнлерин аңсады, сондағы еки қабат жайының өзи үлкен сарайдай еди ғой. Маңлай тери менен питкен жай өз алдына екен ғой, жайына кирген күнги қоңсыларының қутлықлап келиўлери, Жуматай-Айзадасының адам көбейген сайын қуўанып, барын қазанына сала бергени, әкелген арағы таўсылып қалғанда түнде сүрмелекленип қоңсыларынан излеп кеткени қандай қызық

еди! Енди болса үйиндеги буфетте түрли-түрли ишимликлер толып тур, не жеймен деп ойланбайды, сонда да еки қабат жайындағы өмирдей қызық емес. «Жайымызды толық питкерген соң той берейик» деп әрман ететуғын еди-аў байғус Жуматай-Айзада. Шернияз тап усы ўақытта оны көргиси келип, оның аяғына бойын таслап өкирип жылап кеширим сорағысы келип кетти! Өзин сондай берилип сүйген дәслепки ҳаялының ықласын аяды, обалсынды, бетиниң еки алмасына жас тамшылары сорғалай берди. Ҳәзир ол сол күнлерине қайтып баратуғын болса ҳәммесинен безиўге таяр. Ол ўақытлар қайда енди, тыррыўласып ушқан жыл қусларындай қайтып келмеске кетти, оның қулақларында емески даўыслары сағыныш болып, көзлеринде елес-елес сап тартқан қанатларының көринислери арзыў-әрман болып қалды. Жыл қусы болғанда да қайтып келер еди, ал ол келмеди, келмейди. Қалай келсин, көлиниң бийлигин басқа аққуўға берген өзи емес пе? Мине, асқынлаўдың ақыбети!...

Бир сапары Тасполаттың айтыўы менен басланғыш партия шөлкемине арза бергенде ол ўақыттағы секретары Изимбетов деген адам:

— Ҳаў, жолдас Төрениязов, сен партия ағзалығының кандидатлығына ылайық емессең ғой! — дегенде оны бекистирип сөгип кеткени ядына түсти. Сонда Изимбетов «сен еле партия түўе адамның кандидатлығына да арзымайсаң» деп атыр екен-аў. Расын айтқан екен ғой. Мине, көкиреги адам таныгыш адамлардың айтқан ақылына қулақ қоймаўдың ақыбети.

Шерниязды ала-ғула кеўлине ҳеш нәрсе жайғаспады, кеше ғана жалт-жулт етип турған өмириниң бүгин шийшедей пыт-шыт болғаны жүрегин өртер еди. Аспанда жулдызлар көрине баслады, жаз ақшамының жулдызлары бәлент-бәлентлерден буған тигилип, жымыйысып күлип атырғандай, түпсиз аспан еркинлигине мәсирип мәз-майрам болғандай; Шернияз усы пайытларда қусқа айланып сол алыс жулдызларға қарай ушып кеткиси келди, енди оған жерде жасағандай орын қалмағандай сезилди. Тәғдир тап ҳәзир оған жуп қанат берсе еди, ол жердеги тиришиликтен биротала ўаз кешип, шет-шебирсиз аспанның төрине қарай пәрўаз әйлей берер еди! Әттең, сол қанат қайда, сол

еркинлик қайда, сол пәрўаз қайда?! Енди ол қәпеске түскен бийшара қус ғой...

— Мен қамалып кетсем не қыласаң, Бийби?—деп жатқаннан кейин тағы сорады.

— Соған анық көзиң жете ме?

— Бүгин милицияға барып ҳәммесин айтып бердим. Несин жасырайын, бәрибир ертең артымыз ашылып қалады.

Бийбихан көп ўаққа шекем тым-тырыс жатты, қараңғыда оның не ойлап атырғанын билиў қыйын еди.

— Неше жыл берер екен?

— Қәйдем... Әй, он жылдан аз болмас-аў.

— Он жыл?!—деп жаны шығып кетти Бийбиханның — Қаяқтағыны айтпаса! Он жыл қалай күнелтемен?

Шерниязды иши лаплады, ҳаялының қайсы мәнисте айтып атырғанын түсинбеди, он жыл еркексиз қалай күнелтиўди ме, я бала-шаға бағып, ғәрежет жағынан қалай күнелтиўди айтып атыр ма, оның ашымайрығын сораў қыйынға түсти. Ҳаялының кеўли екеўинен де аўлақ болмаўы керек. Жас ғой еле, Шернияз өле қойғанда жылына жетер жетпестен бай излейтуғын қыйлы ғой. Буның орнында Жуматай-Айзадасы болғанда басқа гәп айтар ма еди? Ол бир айтқанынан қайтыўды билмейтуғын келиншек еди. Шерниязды өзине болған ықласының кемип баратырғанын ишинен сезиўден-ақ басқалардай тоңқылдап, жәнжел шығармады, төркинине апарғанда енди күйеўиниң қайтып келмейтуғынын билип турса да үндемеди, көзи мөлт-мөлт етип қала берди. Ишинен ол ҳәммесине—тәғдириниң келиспеген гәрдишлерине де қайыл болған екен. Өз қәдирин кетирмеў ушын ол да буны излеп қайтып келмеди. Келсе, сол еки қабат жайын бермекши еди, бундай майда-шүйдени билмейтуғын Жуматай-Айзада Шернияз бетке изеп баспады. Ол ийилиўди қәлемейтуғын морт мийўе шақасындай бирден сынды. Жоқ, олай емес, оның қанша ийилгенин Шернияз сезген емес, ийилип-ийилип басы жерге тийди, оны басы аспанлап баратырған Шернияз көрген жоқ. Ол шаңға көмилген, түтинге туншыққан гүл еди, ол халық қатары хожалық болып, «пәленшениң үйи ме?» деп излеп келген қонақларына дуз-дәм таттырыўды әрманлаған ҳаял еди, күйеўине өмирлик қостар, балаларына мийирман ана бол-

ғысы келген Жуматай-Айзада еди. Қайда екен арзыўлы яры, кимлердиң жүрегине сол мийрим-шәпәәтли нурларын сеўип атыр екен?...

Көкирегин кем-кем қорғасындай басып баратырған зил салмақ Шерниязды тапжылтар емес, ертең болмаса арғы күни ҳәммеге аян болатуғын сырды жасыра бериўдиң не қәжети бар? Оннанша, айтсында тынсын да!

— Сен тисиңнен шығармайсаң ба?

— Нени?—деп Бийбихан әҳмийетли бир гәпти күтти.

— Нурполат... қайтыс болыпты!

— Ким?... Нурполат?! — деп аржағын сораўға жүреги даўамады Бийбиханның.

— Аўа, Нурполат. Тасполат ағаның баласы...

— Ол қалай?

— Билмеймен. Бағана милиция начальнигине телефоннан хабарлады. Минвода дей ме, сол жаққа жерлепти. Бирақ, сен қақылдап биреўге айтып қойма! Айтсаң, мени қамап таслайды.

Бийбихан Нурполатты онша танымайтуғын еди, бирақ олардың жалғыз баласынан айрылып қалғанына жүреги елжиреп, көзинен жас зытқып қоя берди. Жақында ғана шешесиниң зары-гирян болып баласын излеп жүргени, перзентинен бир хабар күтип көзи төрт болып жолына телмирип отырғаны Бийбиханның баўырын езди. Бәринен бетер анасына қыйын болған екен, қайда жүрсе де айтатуғыны жалғыз баласы еди. Енди бул қайғылы хабарды еситсе, ҳалы не кешер екен? Жарақатланып жатырғанда қыйын болды-аў бийшараға! Дәўлетиң бир таймасын, тайса аламайы менен қопарылып кете береди екен ғой. Ийтке таланған жақсы болмайтуғын қусайды, бәри сол ийтке таланғаннан басланған жоқ па?..

Түни менен екеўи де жарытып уйықламады, азанда турғанда бузаўбас жалап кеткендей көзлери исик еди.

— Мен мазалы аўқат писирип түсте шешемнен хабар алып қайтайын, — деди азанғы чайдың ўақтында Бийбихан.

— Барсаң бар, бирақ,—деп ескертти Шернияз.— Баласының хабарын айтып қойма.

— Айтып не қылайын?

— Солай болсын. Денесиниң жарасы жазылмай

атырғанда жүрегине жара салып не қыласаң. Аңсат ис емес,—деп уҳ тартты Шернияз.

Ол бул дүньяның зер-зебил шабысларынан бийхабар уйқлап атырған еки нәрестесине қарады, енди булар да онлаған жыл әкесиз өседи-аў! Ҳәй, әттегене-әй, әттегене-әй! Онлаған жыл жетим болатуғын болды-аў, жалғыз анасының тапқаны қайсы бирине жетсин, гөне-көкси кийим кийип, мектептеги қатарларының арасында жупыны болып жүретуғын болды-аў! Әсиресе, қыз балаға қыйын, қурдаслары ҳасыл кийимлерге малынып жүргенде Шернияз Төрениязовтың қызы топқа қосыла алмай баҳасы арзанлатылған кийим менен мектептиң бир мүйешинде қунысып турса... Перзентлериниң келешегин ойламағанның ақыбети, мине!

Шернияз көзине үйилип келген жас тамшыларын ҳаялына билдирмей сыпырды да, орнынан турып сыртқа кетти. Оның бүгин не қылатуғыны, қайда баратуғыны өзине де белгисиз еди...

29

Улпери емлеўханаға түскели сыртқа шығып көрген жоқ. Палата ишиниң қапырық ыссысы менен ҳәр қыйлы дәри-дәрмақтың ийиси бурын салқын сарайда гүллердиң арасында шатқаяқлап жатыўға үйренип қалған ҳаялды қанша қыйнаса да наилаж жатыр. Ийт оның бет-аўзын, порсылдақ балтырлары менен дирилдек қолларын тислеп таслаған еди, әўелги пәтте ет қызыў менен аўырғаны билинбесе де, күн өткен сайын жаралары исип, ҳазары күшейе баслады. Төңкерилген шүлен қазандай қарнына киндик түбинен укол тығады, онысы ҳеш гәптә, жараларына ораған сийлени алып қайта дәри жаққанда уўдай ашып, солқылдап аўырады. Палатада төрт ҳаял, буннан басқалары өз аяғы менен жүретуғын наўқаслар болғанлықтан узақ күн далаға шығып кетеди, ал бул дәри-дәрмақтың кермек ийисине туншықса да ыңқ етип қозғалыўға шамасы келмегенликтен көзи бақырайып қала береди. Әсиресе ыссы жанына батып тур. Кешеден берли Тасполатынан да сес-семир жоқ, оны ойлап, бир көриўге уўызийни қурып атырмаса да, баласынан бир дәрек шыққан-шықпағанын билгиси келеди. Оның из-түзсиз кеткенине де бир ҳәптениң жүзи болайын деп қалды, усы ўақытқа шекем қайдан болса да бир шаң бериўи керек еди ғой. Қаяқларда жүр екен

жалғызы? Адам-бендеден хорлық көрмеген анасы келип-келип қоңсысының ийтине қып-қызыл шийедей талаңып, қол-аяғы топ болып бул жерде қансырап жатырғанда баласының дийдарын бир көргенде қустай дүрдүр силкинип орнынан ушып-турып кетер ме еди, қәйтер еди. Әттең, сол жалғыз перзентиниң, көзиниң ағы-қарасының, қулынының бир көринип кетиўине зар етти ғой, бул қудай! Жалмаўыз қудай! Не жазығы болып еди? Журтлардың он баласы да аман-саў, ошағының басынан табаны таймастан түп-түўел болып отыр ғой. Бул қудайға буның жалғыз баласы да көплик етти ме екен?...

Түстиң ўағында анаў-мынаў көтерип Бийбихан келди, оның әкелген сорпасының пуўы бурқырап тур еди, ыссы аўқаттың ийиси Улпериниң иштейин ашты. Қойкасында зорға тикейип отырды да:

— Рахмет, келин, көп жаса!—деди миннетдаршылық билдирип. — Әлемде не гәп бар?

Бийбихан өз үйинен онша шыға бермеген соң әңгиме табыўға олақ еди. Қала берсе, өз майына өзи қуўырылып жатырған адамды еситкениниң бәрин айтып қапа қылғысы келмеди.

— Ҳәммеси аманшылық ғой, шеше, — деди Бийбихан оның жүзине тик қараўдан айбынып. — Бәри өзиң көргендей.

Улпериниң жарақаты сыртында болғанлықтан тамағы саў еди, Бийбихан әкелген сорпаны да, гүртикти де, таўықтың гөшин де ҳәп-заматта қағып салды. Аўысқан шөректи, бир солқым қара жүзимди тумбочкасына тығып, әўп деп бир кекирди де ыңқылдыға зор берип қайтадан кәтине қыйсайды.

— Байың... — деп болып айтқанын ирмәкәсинге қайтып алғандай. — Ана бала не қылып атыр?—деди.

— Майға түскен тышқандай салбырап жүр.

— Ол да сорлап қалды ғой,—деп Улпери бет-аўзындағы шандып қойған сийлени сыйпады. — Ҳеш болмаса, анаў табылғанда...

Баласын қайғырып атырған шығар деп ойлаған Бийбиханның ишине ғыжлаған қоз түскендей қуйқасы жуўлап кетти, ол наўқастың қасында көбирек отыра бермей, аўқатын тапсырғаннан кейин тез кетпекши болып келген еди. Оның қасында аманат ғана отырғанынан усыны сезген Улпери Бийбиханды жибергиси

келмейтуғын рай танытты, тек сыртқы жаралары болмаса, он еки мүшеси саў. Улпери жападан-жалғыз жалығып та кеткен еди, оның менен ҳәзир әңгимеге бузаў емизип отыратуғын адам табылса, кешке шекем жағы тынбастан сөйлесиўге қуштар-ақ.

— Ана бала үйинде болса, асыға бермей-ақ қой, келин, — деди ол. — Ишим улы-гүпилди болып жатқан соң езилип те қалыппан. «Мал мөңиресип, адам тиллесип табысады» дегендей, өткен-кеткеннен әңгимелесип отырайық. «Бир аўыз сөз — белге қуўат».

Бийбихан не сөйлесерин билмеди, гәпти Улпериниң өзи таппаса, буның айтатуғын жаңа әңгимеси жоқ. Көкирегин тепкилеп, сыртқа шығыўға жанталасып атырған қайғылы хабарды буған еситтириўге болмайды, зинҳар! Онда Улпери ушын жердиң астын-үстин болып кеткени! Тек, соған бек болса болды, басқа қандай әңгиме болса да айтыўға аўзы, тыңлаўға қулағы тайын. Бос көкиреклик етип көзине де, сөзине де еркти бермеў керек.

— Бизиң үйдегини — қайнағаңды көрмедиң бе? — деп Улпери Тасполатты сорады.

— Жақ.

— Ол бийшара да ҳәлекшиликке түсип жүрген шығар,—деп суўық демин алды Улпери. — Шақырылмаған жерге бара бермейтуғын еди, ҳалы не кешип атыр екен сорлының... Еле балларыңыз жас, сизлер билмейсиз. Көзиңе түскеннен кейин жаман болады екен баланың күйиги. Өзимди ийт таламақтан жолбарыс таласа да балаң табылды десе қақаңлап кетер едим. Бала табылыўдан шатақларын жайғастырып бола сала үйлендирмесек болмайды екен. Ҳаял деген еркекке қазық, сөйтип сол қазыққа таңып тасласам, уўайымнан қутылар едим. Еле кимниң қызын алатуғынымыз да нәмәлим-аў. Қыз қапылар дейсең бе? Өзлеримизге мүнәсип биреўдиң қырғыштай қорып отырған қызына бас салсақ... Тасполатқа ким қуда болмас дейсең! Кетектей жайда отырған ана балаға сен де басыңды шаттын ғой, ал бизлердики болса... Түбинде қәдиримизди билгендей адам болса, хор етпеймиз ғой.

Бийбихан өзин зорға услап отыр, бир-еки рет былай қарап турып көзин сыпырып қойды, алып-ушқан қыял қанатына асылып сөйлеп атырған Улпери оған нәзерин аўдарған жоқ. Тек, өжирениң төбесине алақ көзлерин

қадап, соның аржағынан Нурполатын көрип турғандай жүрегиндеги татлы әрманларын сөз бенен сыртқа шығара берди. Улпери ендиги өмирин баласыз көз алдына келтире алмайды. Әкеси оны басқа қалаларға оқыўға жибермекши болғанда, «көз алдымда есиктен кирип-шығып жүрсин» деп жибермей қалды. Баласы ержетиңкиреген соң гейде түнлерде жоқ болып кеткенде арқайын уйқлай алмады, бирақ, ол баласының қайда ҳәм кимлер менен қыдырып жүргенин сораған емес. «Ержеткен баланы қысындыра берип не қыламан?» дейтуғын еди. Қамысты бос услап қолын қыйдырып алғаны ма екен бул? Әўелден қатты тутқанда, минут-па-минут, саатпа-саат қаяқта, кимлер менен жүргенин есапласып турғанда баласы буның тарпыўынан жазды-рылып шыға алмайтуғын жигит болып шығар ма еди, әлле қәйтип? Лекин, Улпери баласын ондай натық етип тәрбиялағысы келмеди, жоралары: «Нурполат, жүр, бир жаққа барып қайтайық» десе, бул: «Мамаман сорап қайтаман» деп турса, олар күлиспей ме? Тәртип бериўдиң де орны бар, ҳәр нәрсениң рабайына қараў керек.

— Сениң мурындық балаң бар ма?—деп Улпери Бийбиханға күтпеген саўал берди.

— Екеўи бар еди, еле оңлап қатнаса алмай атырмыз, шеше.

— Оларды қой! Қатнаспаса, арқаға қарап қатнассын!—деди Улпери жеделленип.—Бизиң балаға мурындық ене боласаң!

Бийбиханның аўзы кемсеңлеп, көзине қуйылып келген ып-ыссы жасқа алақанын басты да, пырқылдап жылап жиберди.

— Ҳә, оның несине жылайсаң?—деп Улпери аң-тан болды. — Сени қуўанарма екен десем, жылағаның не, қатын?

Енди Бийбихан өзин тута алмады, қасындағы койкаға бүккесине түсип, еңиреп жылады.

— Не?! Не болып қалды??!—деп бир нәрседен сетем алған Улпери орнынан ушып турды.

— Шеше!—деп сыбырланды Бийбихан жылаў аралас даўыс пенен. — Шешежан-әй! Мырзағадан айрылып қалдық ғой!!!

Улпери еденге сылқ етип отырды да, өрип қойған қап-қара шашын тарқатты. Ол ҳештеме еситпегендей

сады, әсиресе соңғы жыллары кәсиплес болғалы арбалы да, дорбалы да алыс-берис пенен келим-кетими көбейди. Ара-тура көлденең пайдаға да мөлдек болып турады. Жалғас районда бас көтерген абыройлы хызметкерлердиң бири, хожалығы да мине деген мықлының белин сындыратуғын қурғын семья. Балаларының алды жигит болып, өткен жылы туңғыш қызын узатты. Жер-жәҳәнди шақыртып берген тойына булар да еки мың манат пенен келип-кеткен еди. Быйыл баласын үйлендирип той бережақ, қәйдем, ҳәммениң қолы саўа болатуғын қыс күнлери бере ме?

Олар қара үйдиң ишине кирип жамбаслап жатқаннан кейин ананы-мынаны айтысып, узақ отырып қалды. Сырттан машинаның ғаңқылдаған сигналы қайта-қайта шыға берген соң:

— Алла бәрекелле!—деп Тасполат жамбасын урды. —Такси менен келип едим, умытып кетиппен-аў!

Ол томпаңлап далаға шығып кетти.

— Ҳәй, қандай адамсыз-әй, өзи!—деп тоңқылданды буны көриўден шофер.—Ҳаў, өзиңнен басқада гегирдек жоқ па? Аштан өлетуғын болдым ғой.

— Яқшы, яқшы, иним!—деп Тасполат шофердың қолына онлық услатты. — Бир сааттан артық отырмайман. Я мениң менен аўқатланасаң ба? Өзиң бил.

— Мен бул ўаққа шекем жигирма сом табатуғын едим, — деп тағы тоңқылданды таксист. — Аш болғаным былай турсын.

Тасполат кисесинен тағы бир онлық узатты. Енди бетине қан жуўырып, тырысып турған бети жазылған шофер:

— Яқшы, бир жасы үлкен адам екенсиз, бир сааттан кейин келип кетейин, — деп машинасын қуўып өт-ә кетти.

«Жылағанның алдынан өкирген шығады» деген усы екен. Излеп келген Жалғасының да сазы болмай шықты. Кеше районлық партия комитетиниң бюро мәжилисинде жумыстағы жиберген қәте-кемшиликлери ушын партиялық есап карточкасына жазылып қоятуғын қатты сөгис алыпты, өз ўазыйпасында алдағы ўақытлары ислей ала ма, жоқ па, оны тийисли орынлардың шешиўине қалдырыпты. Сөйтип, демине нан писип жүрген Жалғас жорасы кеше кеште жамбасына оқ тийген қасқырдай сүйретилип үйине зорға жетипти.

— Буны еле бала-шағаға айтқаным жоқ,—деди сыбырлап Жалғас.

«Жыласа соқыр көзден де жас шығады» дегендей екеуи муңласып алдағы жолларының қандай болатуғынына көз жуўыртты, бирақ олар алдында қол былғап шақырып турған жақсылықты көрмеди. Олардың айдын жолын думан қаплап киятырғандай, жән-жағы қуўсырылып, өзлерин бир дем жетпестей қуўыс-қолтыққа тықсырып, туншықтыра баслағандай еди. Гәплери қаўышпады, ҳәр ким өзиниң көмешине күл тартып сөйлегенликтен, бириниң дәрти бирине тәсир етпей, ҳәр қайсысы оты сөне баслаған өз ошағынан шоқ излеп атырғандай болды. Жалғас тек Тасполаттың баласының жоғалып кеткенине қыйналғаны болмаса, басқасы өзиниң басындағы саўданың сынары еди, ҳәммесин биледи, усындай боларын билсе де олар солай исленген. Оның ушын өзлеринен басқа ҳеш кимди де гүналаўға болмайды.

Такси белгиленген ўақыттан бурын келип, Тасполат Жалғастың аўқатына қарамастан келген жағына қайтып кетти. Еле жаздың шаңқай түси еди. Күн оғада ыссы. Олар орайлық көшелердиң бирине түскенде бир қызық көринистиң гүўасы болды. Үстиндеги кийимлери өрим-өрим, бет-аўзы дал қарақан, шашы уўдар-дуўдар бир ҳаял жолдың қақ ортасында көринген машинаға умтылып, қосық айтып киятыр еди.

— Бурын қаламызда бундай жинли жоқ еди ғой?—деди шофер.

— Әй, иним-әй, елшилик, табылады ғой,—деди Тасполат.—Тазадан шыққан биреўи шығар.

Тасполат усы пайытта өз ҳаялын—сүйикли Улперисин усындай ўайрана пишинде ең соңғы рет көрип атырғанын ядына да келтирген жоқ...

Ол таксиден милицияхананың алдында түсип қалды, «баламның бир хабары шыққан болса, есите сала барып ҳаялымды қуўантайын» деп ойлады. Еки бастан баласы ҳақ болып шықты, тек дереги табылса болды, оған қара шыбынды да қондырмайды. Машинасы менен қызды бастырғанлар тийисли жазасын алып кете берсин. Мине, сәл-пәл алжасықтың кесиринен баласы гүнакар болыўдан зорға аман қалды, ал өзи Айпарша кемпирден қанша азап-ақырет еситти. Ғарғысы басына болғыр кемпир! Адам деген билмей-нетпей аўзын

тартып ура береди екен-аў! Усыннан баласын таўып алсын, тап сол кемпирге барып берген азапларын өзине қайтарады .О неси-әй?! Жазықсыздан жазықсыз сонша бопса урып! Әкесине көрсеткен хорлығы аздай түўе!

Кирер жердеги нәўбетши милиционер Тасполатты таныса керек, бет-әлпетине әжепленип қарап турды да қысқа сәлем берди.

— Жолдас Мәтмуратов өзинде ме екен?—деп сорады Тасполат.

— Түсликке кетип еди, он-он бес минутлардан келип қалар,—деди нәўбетши. Жумыс күниниң сааты менен есапласа бермейтуғын майор көп күттирмей-ақ келди.

— Ҳаў, Тасполат Алламбаевич, сәлем, сәлем!—деп күлимсиреп қол алысты ол.—Маған келдиңиз бе?

— Аўа.

— Жүриң онда, кабинетке кеттик.

Олар екинши этажға көтерилди.

Тасполаттың бул жерге келгендеги мақсети баласының хабарын билмекши еди, бирақ кешеги сейфке көзи түсиўден ески дәрти қозды, көз алдына сонша байлығы салынған чемодан елеследи.

— Кешеги мениң усынысымды не қылдыңыз?—деди майорға.

— Не усыныс?—деп түсинбеди Мәтмуратов.

— Чемодан ше? Заем ше?

— Ал, ол не болыпты?

— Бөлисип алайық дегеним не?

— Сиз баланың гәпин айтатуғын адам екенсиз-әй!—деп Мәтмуратов жақтырмады.—Сол чемоданның ишиндеги толыны заем деп отырсыз ба?

— Енди не? Орнына қашшан қағаз салып қойған шығарсыз!—деп Тасполаттың зәрреси қалмады.—Абайлаң, «урыны қарақшы басты» болып жүрмесин.

— Не деп сандалап кеттиңиз—деп Тасполатқа биринши рет қызды Мәтмуратов.—Бизди ким деп ойлап отырсыз? Ол чемоданның ишиндеги заем емес, толған жынаят! Билдиңиз бе? Онда қанша пәк, ҳадал адамлардың маңлай терлери бар! Сиз еле ойыншық билип жүрсиз-аў оны. Партия сизге исенди, ағзасы етип қабыл алды, ҳәмел берди, мәмлекеттиң мүлкиниң еркин

берди, партияның исенимин ақлағаныңыз ба усы?! Ақыбетин ойламадыңыз ба?

Тасполат пыс болып қалды, үндемеди. Оның тили қырқылған еди. Кабинеттің ашық турған әйнегинен қаланың бир жақларынан өрт сөндиргиш машиналарының қышқырған даўыслары жетти. Олардың сиреналарының жан түршиктирерлик даўыслары гә жақыннан, гә узақтан еситилгендей еди.

— Бир жерге өрт тийди-аў!—деди Мәтмуратов әңгимениң бағдарын өзгерткиси келип.

— Ол от ҳеш гәп, иним,—деди Тасполат мүләйимсип.—Оны өширетуғынлар баратыр. Ал, менің ишимдеги отты ким өширеди?

— Өзиңиз алыстырған отқа өзиңиздің күйиўиңиз заңлы қубылыс,—деди Мәтмуратов.—Оған басқалар күйсе, әне, сол жаман.

— Усы от пенен өрттиң не айырмашылығы бар?—деп Тасполат келиспеген саўал берди.

Мәтмуратов мыйығынан күлди:

— От жағылады, өрт тийеди.

— Ал, парқы не?

— От адамларға хызмет етеди, өртке айланса апат келтиреди.

— Онда ишимдеги от өртке айланбай турып алдын алыўым керек екен,—деди Тасполат.

— Ол әлле қашан-ақ өртке айланып кеткен, Тасполат Алламбаевич,—деп Мәтмуратов ескертип қойды.—Енди оның алдын алыўға болмайды.

— Ақсақалларға жолығып муңымды шақсам, көзимниң жасын сыпырмас па екен? Дәм-дуз татысқанлары көп еди ғой?

— Лаўлап турған отқа өзин урып олар гүбелек емес!—деди Мәтмуратов.—Бул арасына түскендей ис емес ғой. Рәҳәтин биреў көрип, ақыретин биреў еситеме? Параның заманы емес, жырып-жеўдиң заманы емес, тегин пайданың заманы емес, кисилерди алдаўдың заманы емес, ҳәммесин өзиңиз түсинесиз ғой. Сизге ақыл айтып отырған менде де ес жоқ. Ҳәммесин биле тура ислеў—жынаят үстине жынаят. Енди анаў, жүз мың манатлық заем турған чемоданның тутқасын услаған қолыңыз бенен тюрьмахананың қапысының тутқасын услайсыз. Енди ақша санаған бармақларыңызды бүгип қамақтағы өткен, қалған күнлериңизди санайсыз. Енди...

— Ақырзаманды түсире бермең, иним!—деп майордың гәпин бөлип жиберди Тасполат.

— Мен ақырзаманды түсирип атырғаным жоқ,—деди Мәтмуратов.—Сирәдағысын айтып атырман-дә, яшуллы. Сизиң қамалып кететуғыныңызға қуўанып отырғаным жоқ. Қыйналып отырман. Сиздей үлкен адамның мәмлекетке, халыққа қыянет еткенине қыйналып отырман. Дүзиў жолдан айрылмаў керек еди.

— Ҳәммеге дүзиў жол табыла бере ме?

— Табылмаса, дүзиў баратқанлардың изи менен жүриў керек еди. Ҳадаллыққа не жетсин. «Жан қыймай жанана қайда, пушық болмай ҳанана қайда?» деген. «Дизеңди сызлатып, мийнетин шегип, жеген бир зағарақ палдан жақсырақ» деп қақсап кеткен ғой Бердақ атамыз да. Сиз өзиңиз бенен турмай, Төрениязов Шерниязды да жолдан шығарғансыз.

— Мен оған не қылыппан?

— Ҳаў, мойнына елиў мың манат түсиргенсиз ғой?

— Обалы жоқ!—деди Тасполат.—Меннен емес, оны өзинен көрсин. Маңлайында көзи бар, ләкет емес, еки жағында ҳаррыйған қулағы бар, саўыр емес, өзинин мүлкине өзи ийелик етпей, өлимтик пе? Сондай сүмиреклерди адам қатарына қосаман деп маңлайым қурып жүр-аў! Ертең мениң атым сүрниксе, солар қайрылып та қарамайды. Өңшең жалахор, аўмақай! Қашшан үстимнен шағым етип келген екен ғой, қумгелле! Ондайлардың гәпине исене бермең, жолдас начальник. Кисиге жаманлық етиў қәлеген ақмақтың қолынан келеди, ал жақсылықты шенде-шен адам ислейди. Көрдиң бе, мениң жақсылығыма жаманлық еткенин. Мен оны бола қойсың, қарны қалықсын, жүзи жылтырасын деп үлкен бир дүканды берип қойсам, изинде былықтырғанына қара! Әй, илекер, оңбағыр қуяңқы! Еле еткен жақсылықларым көзинен қан болып шығар-аў ол бадалғырдың! Алды менен түрмениң төрине сол дәйексизди жибериў керек.

— Ол да аман қалмайды,—деди Мәтмуратов.

— «Бир жаманның кесири жети журтқа тийеди» дегендей, бәри сол мәнтирсектиң кесапатынан басланды. Дүканға келген затларды ыржаңлап тумлы-тусқа тасып талан-тараж етип, ол сениң әкеңниң мүлки ме

еди, ләўетек?! Еле ҳүкимет те кең екен, бәрин жипке дизе бергенде қашшан-ақ түрмеде ширийтуғын жалатай ғой. Уах, зықымды шығарды-аў мениң!...

— Оны қаяқтан таптыңыз?

— Әй, руўлас әмеки екенсиз, жақын иниңиз етип алың деп емешеси қурыды да турды.

— Ҳәә, әмекишиликке де бүйириңиз бурады екен-дә?

— Әмеки болғанда көрген пайдам усы ма? Руўы да қурысын, әмекиси де қурысын!—деп Тасполат шыжа-пыжа болды.

— Жеңгейдиң аўҳалы қалай? Барып турсыз ба?

— Кешеден берли оған да бара алмадым. Тәўир болар-аў, көринип турған жараны жазады ғой. Ал, иштеги жара...

— Не иштеги жара?—деп түсинбей сорады Мәтмуратов.

— Баланың жоғалғанын айтып атырман-дә. Атаана ушын перзентиниң дәртинен үлкен жүрек жарасы бар ма?—деп Тасполат көпке шекем ойланып отырды. —Оны сизлер излестирип атырсыз ба? Я чемодан табылған соң кеўлиңизди жәмлеп, басқа талапты қойдыңыз ба?

Мәтмуратов тағы мыйығынан күлимсиреди. Тасполат келгели оның түбинде бир баласының дерегин сорайтуғынын ядына да келтирмепти, енди оны инандырғандай жуўап керек. Ҳәзирше ҳақыйқатлықты айтыўға болмайды. Минводаға кеткен Жүзимбетов келсин. Аяғы жазылған соң Мамонтты да алып келиў керек шығар, оның бул жақтағы жынаятларын ашқанда жүзлестиретуғын гуўалар бар. Щукаға рахмет, көп мағлыўматларды берди, айрым жабылып қалған жынаятлы ислердиң қағазларын қайта ашып көриўге туўра келетуғын болды. «Ақшам жулдызлары» компаниясының күл-талқаны шығыўға тақалып тур. Оның ағзаларының дизими қолда, ҳәтте көпшилигиниң үй адреслери, ислейтуғын жерлерине шекем көрсетилген. Енди тынық суўдан балық услағандай биримлеп тутып ала берсе болады. Тек, өкинишлиси—мына кисиниң баласының қазаланғаны болып тур-дә. Пес болғыр Мамонт бир күн шыдағанда ҳәммеси ойдағыдай иске асып тур еди. Енди Щуканы аман (сақлаўымыз керек, бизлер менен байланысын билсе оның бурынғы шериклеслери

бир бәле ислеўи мүмкин ғой. Усыған сақ болыўымыз керек.

«Баламды сораўдан туңғыйық ойға берилди ғой,—деп ишинен гүман атына қамшы басты Тасполат.—Усылардың меннен тыққышлап отырған қандай да бир сыры жоқ па екен? Сонша күннен берли баламның дерегин таппаўы мүмкин емес ғой. Ҳаў, кирттай чемоданды тапқан адамларға тири адамды табыў қыйын ба? Я оны маған көрсетпей қамап қойып па екен? Не деп қамайды оны? Қызды машынына бастырған басқа болып шықты деп айтқан өзи емес пе? Сонда бала қайда? Чемоданды қайдан тапқанын сорамаппан-аў. Әй, сорап ҳәлекпен, булар расын айтады деп ойлайсаң ба? Балам қайда екен? Нурполатым қайда?»...

— Баламнан дәрек жоқ па?—деп Тасполат қайта сорады, бул сапары майор бирден «түйеден постын таслағандай» гәп айтып жибереме деп қорқып әсте-ақырын сорады.

— Сизиң балаңыз...—деп майор аўзын аша бергенде пүткиллей албырақлап қара терге түскен лейтенант Дәўранбеков кирип келди. Ол Тасполатты көрди де кирген жерде тас сүўреттей қатып қалды, соң майорға қарап еринлерин жалады да:

— Өрт, жолдас майор!—деди.

— Өрт?!—деп зәрреси қалмаған майор орнынан ушып турды.—Өрт? Қайда?

— Өрт!—деди де Дәўранбеков Тасполатқа қарай берди. Бул көз-қарастың төркинине зәрре түсинип киятырған Тасполат та орнынан атып турды. Дәўранбеков Тасполатқа тағы қарады. Оның көзлеринде аяўшылық сезимлери ушқын атқандай болды.

— Айта бер!—деди гәптиң ҳаслы-мәнисине түсинген Мәтмуратов.—Асықпай-албырамай айта бер.

Бирер сәтке тым-тырыслық ҳүким сүрди. Ашық турған әйнектиң алдындағы акация ағашының шақаларын жаздың өлпең самалы ойнатып тур. Бағанағы өрт өшириўши машиналардың жан түршиктирерлик сиреналарының даўыслары әлле қашан семген, тек турмыс тиришилигин басынан кеширип атырған қаланың үйреншикли шаўқымы еситиледи. Кабинеттеги үшеў де тик аяғынан тур.

— Бағана емлеўханаға барсам, наўқас ҳаял жоқ

екен,—деп Дәўранбеков гәпин баслады.—Басын услап бир келиншек отыр екен. «Не қылып отырсыз?» десем жылап жиберди. «Мен Шерниязды̆ң келиншеги едим, шыдамай айтып қойыппан» деди.

Тасполат селк етти.

— Сонда ҳаялдың бирден өзгерип, бир түрли болып кеткенин, шашларын тарқатқанын, келиншектиң өзин көкирегинен қатты ийтерип, басын дийўалға соғып алғанын, басы меңзең болып еле өзине келе алмай отырғанын айтты. «Енди ҳаял қайда?» дедим. «Кетип қалды» деди. Дәрриў сыртқа шығып, аўыздағылардан сорастырдым. Биреў көрдик, биреў көрмедик деп атыр. Бир бала: «Тап анаў әйнектен секирип кетти, бир үлкен ҳаял ма?» деди. Барып қарадым, секирген жерде аяқ кийими де қалыпты.

Тасполаттың иши улы-дүбирли.

— «Ийт тислеген ҳаял ма?»—деди тағы бир наўқас.—Мен де көрдим, ол қутырған! Түри әжептәўир еди...»

Тасполат шоршынды. Көз алдына бағанарақта асфальт жолда баратырған жинли ҳаял елеследи, оның геўдесин енди-енди Улпериге уқсата баслады.

— Дәрриў жолға шықтым. Жол-жөнекей газ суў сатып турған келиншектен сорасам, «Аўа, бир жинли қатын өтти. «Балам, балам, балам-аў!» деп қосық айтады, ара-тура қыйқыў салып күлип, жолдағы машиналарға «мениң баламның машыны ғой!» деп алып умтылады» деди.

Тасполат қәўетерленди.

— Көшесине бурылсам, үйиниң алдында өрт сөндириўшилердиң машиналары бар екен. Ояқ-буяғы ярым сааттың ишинде-ақ жайдың төбеси жанып ишине түсипти.

Тасполат дийўалға арқасын берди.

— Бочкалы бензин бар екен, баласының күйигине шыдамаған ҳаял сол бензиннен пайдаланған болыўы керек. Бул өрт өшириўшилердиң болжамы. Ҳаял жайдың ишинде қалып кеткен.

Тасполат отырып қалды.

— Дымы қалмай жанып па?—деди Мәтмуратов.

— Дийўалдан басқасы қалмаған. Ҳәтте, жалын еки жағындағы қоңсыларының да жайының төбесин жалапты. Бирақ, оларды ўақтында сөндирип үлгерипти. Өрт өшириў жумыслары еле даўам етип атыр.

Тасполат сам-саз.

— Бәри Шерниязды̆ң ҳаялының кесиринен.

— Ҳаялдың аўзында сөз тура ма?! — деди Мәтмуратов.—Бәрин бүлдирген Шерниязды̆ң өзи. «Баласы өлипти» деп ҳаялынан сүйинши сорағаң ғой найсап!

Тасполат қулады.

— Суў әпкел, жолдас лейтенант!—деп албырап қалды Мәтмуратов.

Тасполаттан елпилдеген сес шықты:

— Суў емес, уў! Уў...

Ол жақта өрт өшириўшилер жайына суў бүркип атырған болса, бул жерде милиционерлер Тасполаттың өзине суў бүрке баслады. Жайын аман алып қала алмаған менен жанын аман алып қалыў керек еди...

Нөкис
1986-жыл

Бийик

АЙРАЛЫҚ ҚОСЫҒЫ

Повесть

Урыста қазаланған жас шайырлардың естелигине арнайман. *(автор)*

Асығып-үсигип кабинетиме бетлей бергеним, таярлық көриў залынан еситилген ҳаяллардың бийсәўбет шаўқымы көкирегиме әдеттегиден өзгешелеў туйылды. Бир ҳаял еки ийнине от түсип, мениң ҳаялымның үстинен әжептәўир гәплерди қозғап атыр екен:

— Қарқ! Бир жақсы нама жазған екен, оны да басқалар қапылып қалғандай өзиниң ҳаялының маңлайына таңғанына қара! Ҳаў, бизлердей аты халыққа әлле қашан танылып қалған артистлер қосық таппай баяғы қосықларды ҳалқас етип жүремиз, ол болса искусствоның есигинен еки ели атламаған қатының ҳәммемиздиң төбемизде ойнатпақшы...

— Ол да жаман айтқан жоқ ғой,—деп екинши биреўи қарсы шықты.

— Намаға да байланыслы, шырағым!

— Таўланған шашың болмаса шашбаўдан не пайда?

Гәп усы жерге келгенде ҳәр қайсысы өз байдалына шаўып, залдың иши ылақ ойнағандай уў-шуў болып кетти. Артық шыдап турыўға тақатым жетпей, бар пәтим менен қапыны ашып жибердим. Ҳаяллардың гәплери аўызларында қалды, биразы «еситип қалмадыма екен?» деген гүман менен бетиме жалтақлап, қысылып қымтырылып тур. Аўызша сәлемлестик.

Үн-түнсиз шетки столға келип отырғаннан кейин оларға алма-гезек қарап шықтым.

— Не ўарра-ўарра?

Азы-кем үнсизликтен кейин олардың ишинен жасы үлкенлеўи:

— Репетицияға келип едик,—деди.

— Көрип турман, менсиз-ақ таярлықты баслаған екенсиз ғой,—деп астарлы күлимсиредим.—Қәне, қайсы жерине келдиңлер?

Ҳаяллар күлисип жиберди. Күлки туўарылғанда бир келиншек мысқыл аралас саўалын таслады:

— Қурбанияз аға, сизиң ҳаялыңыз артистка болса керек?...

Мен ҳеш нәрсе елемеген болып:

— Жоқ, муғаллим ғой,—деп ноталар салынған папкамды аша басладым.

— Қеше қосығын еситип қалдық.

— Еситтиңлерме?!—деп орнымнан турып кетиппен.— Еситтиңлерме? Ол—мениң ҳаялымның өмирлик қосығы. Онда үш адамның жаслығы жәмленген. Оның намасын жазған булақ тамшыларындай пәк биринши муҳаббат, оны қосыққа айландырған теңиздең терең сағыныш, оны ҳаўазға салған узақ жолларға қарап талған көзлердеги әрманлы үмит. Он жылдан берли ҳәр күни ҳаялыма жалбарындым. Ол биринши перзентимизди мектепке атландырған күни айтып бериўге ўәдесин берген еди. О, мен бул жылларды не деген бийтақат өткердим! Мине, буннан бир ҳәпте бурын Полатжаным мектепке туңғыш қәдемин атлады. Бизлер оны қушақ толы гүлдәсте менен узатып салып турып жаслығымызды еслеедик. Сонда ҳаялым сентябрь гүллериниң арасында бийҳуш болып усы қосығын айтты. Бул қосық бизлер екеўимиздиң бир үлкен жүрек ийесине салған ескерткишимиз болып қалғай деген үмит пенен пленкаға түсирип радиоға тапсырдым. Исенемен, енди эфир бойлап жаңғырып талай жүреклерге қозғаў салады. Мени қуўантатуғын ҳаялымның даўысы ғана емес, ал оның зилдей ҳәр ырғағында бир жас жанның жасап атырғаны қуўантады, толғандырады. Дәўир қосықтағы қайғы налаларын жулып алды, енди ол әлем алдында екиленши тәкирарланбайтуғын айралықтың симфониясы болып жаңғыражақ.

Онда бир өмир тарийхы бар, онда соқпағынан толық өте алмай қалған туңғыш муҳаббаттың излери жатыр. Оннан питкен ҳәм питпеген өмирдиң сағыныш зарлары еситиледи.

Сизлер қосықты тыңлаңызлар!

Узақ аўыллардың биринде камалға келдим.
Урыстан соңғы жыллар.

Урыстың суўық хабарынан жүреклерге қатқан муз жуўғарада ерип кете қоймады. Сынған шақалардың орнына еле нартлар шығып үлгерген жоқ. Еки үйдиң биринде үмит оты шүтик шырадай жылтырайды. Кеткенлер келмеди. Кеткенлер жаслығын қалдырып келди. Кеткенлер тунжырап келди. Олар келемиз деп кеткен еди. Олар ғырыстай жигитлер еди. Олар... сыр бермей күлисип атланған еди...

Мениң әжағам Жуманияз да қайтпады. Оның соңғы хаты жеңистиң алдында келди. Бул хатты аўыл бойынша жыйналып оқып, ҳәмме қуўанысқан едик. Бирақ, бул қуўаныш узаққа созылмады. Урыс питип жеңис дағазаланған күни бизиң үйге нәлетий «қара қағаз» келди. Әкемниң тойға бағып отырған өгизшеси Жуманияздың қарасына сойылды. Пүткил ел қуўаныш пенен күтип алған жеңисти бизиң үйдиң ишки қан жылап қарсы алды. Анам бетин жулып жылады, әкем ийнин түсип бирден шөгип қалды. Әжағамның алдына ҳәммеден бурын шығыўға таярланып жүрген маған да аңсат болмады.

«Өлгенниң изинен өлмек жоқ», өз қолың менен қара жерге көмбеген соң, адамлардың жубатыўы да көреңиш болады екен. «Бир алжасық болып келип те қалар» деп дәме етемиз. Бирақ, әжел алжаспады. Урыстың не екенин түсиндирсин дегендей ҳәм сол мақсетте жиберилгендей ҳәр аўылдан бирең-сараң жигитлер ғана келди.

Халық жылады-сықлады, жер тоқпақлады, сөйтип көпшилиги ушырған қаршығаларын туғырына қондыра алмай, ендиги өмирдиң ғумырашылығын даўам етти.

Бизиң шаңарақты да түнликтей жапқан аўыр қайғы кем-кем серпиле баслады. Мениң, ини-қарындасларымның барына шүкиршилик еткен ата-анам Жуманияз әжағамның жыл садақасын тарқатқан соң, ол жөнинде сийрек айтысатуғын, қайғыларын узақ түнлерде гүрсиниў менен шығаратуғын болды.

Әкемниң аты Жамал, «ҳәр мүрнында батпан шамал» дегендей екеслилеў киси. Нешше жыл колхозға баслық болған, мурап болған, бригадир болған. Енди

қартайып шүйкилдеген ўақтында звено баслығы. Усыннан болса керек, аўылдағы үлкен келинлери «баслық қайнаға», ортаншылары «мурап қайнаға», кишилери «збийна қайнаға» деп ҳәр қыйлы қатнас жасайды. Енди қартайып ғаррылардың алды болып қалса да сорлы әкемниң ҳәмелпаразлығына ҳайран қаласаң.

— Халық қатары ғарры болып рәҳәтленип жатсаң-ол —деп үйдиң иши менен шуўлап жалынамыз, қайырылып та қарамайды.

— Районға басшы етип көтерсе де ислей аларма едиң?—деймиз қызыққа.

— Истиң көзин билген менен...—деп ойланып қалады әкем растан-ақ,—саўаты қурғыр кемислеў-аў...

— Кемислеў-аў!—деп ермеклеп күлемиз.—Оннанда дым жоқ десе! Әкеңниң атын дурыслап жаза алмайсаң...

Әкем өз дегенинен қайтпайтуғын адам. Егер сынсымбаты келискен хызметкерлеў, яғный саўатлы бир адам: «Келеси жылдан баслап түйелер мәйек туўады» десе де бизиң ғарры соған исенип, басқаларды усыған инандырыў ушын табағын ысырып қойып таң атқанша айтысады. Оның менен тартысып отымды өре жандыраман деп ҳәлек болғанша, дәрьяны терис ағызыўға күш сала бер. Ал көплеп баратырсаң бир гүрк етеди де қайтып хабарласпайды. Қабағы қарыс жаўылып, жармасын қағып салады да көрпесине сүңгийди. Сөйтип, таң атар-атпастан турып, «тап усылардан қутылайын» дегендей жумысына ҳайт қояды.

Анам болса оның өжет минезин бес ўақлы намазындай ядлап алғанлықтан, ол гүркилдеп турғанда жел болып бетине тиймейди. Бозда еркине шапқан асаў аттай шаңғытып-шаңғытып, жини басылған соң ғана әкем төбеден төсегине түскендей болады. Усыннан кейин анам оның менен аңсат тил табысады.

Мен онынши классты питкеретуғын жылы анам аяғынан иллетленип емлеўханаға түсти. Ҳәр сапар изинен барғанымда:

— Балам, қулыным!!—деп көзине жас алатуғын әдетти шығарды.—Сизлерди адам етейик деп қанша азап-ақыретлер көрмедик. Қашан ержетеди, қашан адам қатарына қосылады деп бойыңыз өскен сайын асығатуғын едик. Енди бүгинлиги аяғымнан мешел болып жатырғаным мынаў. Меннен сизлерге қайран жоқ. Енди өзиң... өзиң илажын ет, балам. Үйге шүбе-

рек баслы биреўди әкелмесең, берекети қашатуғын түри бар...

Мен ҳәр сапары да анамның сөзлерин ләм-мимсиз тыңладым. Себеби, «өзи наўқас, кеўлин қабартып алар-ман» деп қорқатуғын едим. «Ананың кеўли балада, баланың кеўли далада» дегендей, менде еле түрли толғаныслар, түрли қыяллар бар еди. Жасым жигирмаға таялып қалса да үйлениў туўралы бир рет те ойланған жоқпан.

Бир күни кеште аўылдағы Есим деген трактор-шы жигит:

— Жүр, Қуреке, арқадағы аўылларға қыдырып қайтамыз,—деп қоярда-қоймай алып кетти. Бәҳәр менен жаздың қарысып атырған күнлери. Кешки жипек самал кеўил көтереди, өз-өзиңнен илҳамланып ыңылдап қосық айтқың келеди. Аўылларда маллар мөңиреп, ийтлер үреди. Үйлердиң алдынан түтинлер көтерилип атыр. Еле атызлардан қайта алмай атырған дийханлардың кештеги даўыслары заңқылдап узақларға таралады.

Есим аға хошҳаўаз еди. Гейде мен скрипка шертке-нимде сазға онша түспесе де қосықлар айтып ҳәз береди. Ҳәзир де өткен заман дәртине муптала ететуғын зарлы бир қосықты айтып, алдымда жол баслап киятыр. Оның намасын шерткендей мен де ыңылдайман. Қосықтың қызығына берилип, бул аўылға киргенимизди билмей де қалыппыз.

Қыдырып киятырғанымыз жаңа ядыма түскендей:

— Кимниң үйине?—деп сорадым.

— Тохтар деген кисини таныйсаң ба?

— Шалама-шәкки.

— Әне, сол кисиниң мине деген «мировой» қызы бар!—деп Есим аға бас бармағын шошайтып көрсетти. —Сол периштени сағаң айттырамыз...

Төбеме бир емес он жулдыз ағып түскендей болды. Буның бәри ата-анамның ыңғырыўларының расланға-ны екенин түсиндим. Бул аздай Есим аға тағы қосып қойды:

— Сен өзи, Қурбанияз, несийбели жигит екенсең. Жамал аға менен Тохтар аға бир кесе чай үстинде-ақ нанды бес-алты жеринен сындырысып «әўлакпар» ети-сипти. Бүгинги барғандағы мақсет—қыз бенен сен...

Ол аржағын ымлап түсиндирди.

— Маған неге бурын айтпадың?—Ашыў менен со-радым. Мениң ашыўланғанымды ерси көргендей Есим аға мырсылдап қойды:

— Несине бир бүйирлейсең, қошшым? Адам баласы дүньяға шыққан соң бахытлы жасағысы келеди. Қыз теңиң болса, қосылып мақсет-мурадыңызға жетсеңиз... Кемпир-ғаррың болса Жумекеңнен айырылып, енди се-ниң шалғайыңа асылып отырғаны мынаў. Келин жум-сағысы, ақлық сүйгиси келетуғын шығар. Сен болсаң айды аўзым менен аламан деп жулдыз гөзлей берсең уят болады. Сол хожалықты сүйреп келеге келтиретуғын өзиң...

Есим аға көп нәсият берди. Оның көп гәпин қула-ғымның сырты менен тыңлап, өзимниң түнлерде уйқыға алмасқан татлы әрманларымды ойлап киятырман. Мениң муҳаббат соқпағымның усылай—өз жүрегимнен бийхабар, я қуўанышсыз, я тақатсыз, я сағынышсыз... басланғаны ма? Растан-ақ китапларда жазылғанындай ақшамлар қушағында яр күтип, оның азаплы ләззетлерин сезинбей үйленежақпан ба? Еле сын-сымбатына көзлерим түспеген, дүньяда оның барынан хабарым болмаған бир нашар менен ғайбана мақсетлес болып атырғаныма инанғым келмейди. Бәлким, саҳабасы келискен нәзәлим шығар, бәлким, туянадай шығар... бә-рибир, кимге болса да мынаў жол мени алып киятыр...

Қыздың үйине де жеттик. Мен күйеў бала қусап есикке таман отырдым. Есим аға қыздың кемпир-ғар-рысы менен узақтан қайырып аманлық-есенлик сора-сты. Чайды да тап уў ишкендей тистиң арасынан зорға өткерип отырмыз. Гейде гәп таўсылып екиншисиниң утыры келмей атырғанда ҳәммеси маған тигилип отыр-ғандай, кеўилханамда бурын болмаған қысыныспа басланды.

Әллен ўақта болажақ қәйин атам Тохтар аға:

— Келин!—деп даўыслады,—Мына балларға қазан атландырдың ба?

— Отағасы бизлер аўқатқа қарамаймыз,—деди Есим аға. Аўқат деген садағаң кетейинди жемесең жү-ре алмайсаң-аў, бирақ мынандай жерде соны жемеген-ниң өзи үлкен қуўаныш екен. Кеўлимнен шықтың де-гендей Есим ағаға жалтақлап едим, маған ол «далаға барып кел» дегендей ым қақты.

Сыртқа шығыўдан-ақ ийнимнен таў сыпырылып түс-

кендей болды. Қыз жеңгеси «көйлегим мойнына» деди де бир қызды әкелип қолыма услатты.

Түн. Тастай түнек.

Жаз ақшамының қусларды сергеклетип сайраўға шақыратуғын жағымлы өлпең самалы ойнайды. Бизлер сүринип-қабынып үйден узақладық. Тоғай таллардың арасына жеткенде:

— Усы жерде иркилейик,—деди қыз сыбырланып. Тоқтадық.

— Атыңыз ким?

— Ханым.—Ол ынжықлық пенен уялғандай төмен қарады. Қараңғыда оның жүзлерине анықлап қараўға тырыстым. Арық-турақтан келген, жүзи тегислеў нашарға мегзетсем де, мойнына оратылған қос бурымы көкирегиниң алдында таўланып турғанына сүйсинсем де... жүреги қурғыр бүлк етпеди.

— Атым Құрбанияз,—деп өзимди таныстырып болдым. басқа гәптиң оңқасын таба алмай.

— Мен сизди билемен, сорастырдым,—деди Ханым, жүрегиниң дүрсилдисин сездирмеўге тырысып жүресине отырды. Мен де оған қарсы қарап отырдым.

— Орта мектепти де питкерейин деп турсыз ба?

— Аўа,—деди ол немқурайдылаў.

— Неше экзамениңиз қалды?

— Үшеўи.

— Неше менен тапсырып атырсыз?

— Билгенимизше...

— Нешеў питкерип шығасыз мектебиңиз бойынша?—деўим мәттал, Ханым орнынан ушып турды да:

— Сиз Құрбанияз өмес, райОНОдан келген инспекторсыз ба деймен,—деп үйине қарай зып берди. Аўзым аңқайып оның изинен қарап қалыппан. Сонда этирапымдағы тоғай таллардың шақалары маған басын шайқағандай әсте теңселип турды, туўып киятырған қыпқызыл ай көтерилген сайын киширейип баратыр. Айдан қорыққан қарақшыдай талларды паналап қашанғы турайын, мен де қыздың үй бетине сүйретилдим...

Есим аға бизиң үйге «балаң қыз бенен келисти» деп келсе керек, базар күни ғарры сарта-сурт малларды қалаға айдады.

Арадан онлаған күн өткен соң Ханым бир ҳаялдан хат жоллапты:

«Қ ....!

Гәпти өзим баслайжақпан. Себеби бул гәп қашшанақ шертилиўден ийи қанған нама. Мен сениң (кешир, «сиз» деўди ар көремен) өмирлик жолдасыңман. Бинәй өмиримизде биринши танысқан ақшамы мени өкпелетип жибердиң. Сөзим аўыр болса қайтып алдым, қәйдем, я мен сени өкпелеткен шығарман. Итимал, екеўимиздиң жүрегимиз өз-ара түсиниспеген шығар? Сол күни дүньядағы барлық нәрседен сениң жүрегиң абзал еди. Бирақ ол жүрек мен баратуғын жоллардың барлығын тасқамал етти. Сендей бүлбилимди сайратыўға инкар бир шәмен едим, әттең сол түнде сен өзгеше намада сайрадың. Бәлким, сен басқа бағ қыдырған бүлбил шығарсаң? Егер олай болса, жуўап бер! Мени жолларыңа телмирте берме!!! Жуўабын күтемен. Сенин Ханымың».

Негедур, Ханымның хаты маған тәсир етти. Онын ықласына бола жуўап жазғым, оны жубатқым келди. Әлбетте, бир қыздың мени ойлап, мен туўралы сағынышлы азап шеккени, маған ашық болғаны өзимде ҳешқашан сезилмеген бир татлы сезим оятты.

«Ҳүрметлим. Ханым!

Мени ядқа алып шын жүректен жазған хатыңыз ушын рахмет. Мен жөнинде қөдирең қыялларға барма-саңыз екен. Сиз ҳаққында көп ойланып, ақырсында мынандай шешимге келдим: Сиз асықпасаңыз қалай болар екен? Әўеле турмыстың ашшы-душшысын татып алайық. Мине, мектепти де тамамлаў алдындамыз. Екеўимиз де институтқа кирейик. Бир-еки жыл оқыған соң сол жерде қосылармыз. Сиз мәрт болсаңыз ата-анаңызды усыған көндириң. Мен де дегенимди иске асырарман деген үмиттемен.

Сәлем менен сизлик Құрбанияз»

Орта мектепти тамамлаған күни бизиң үйде үлкен жәнжел көтерилди. «Оқыўға кетемен» дегениме дәслеп әкем де, анам да тис жармады. Соң үйленбестен кететуғынымды билген анам жылады, ал әкем:

— Неге ертерек айтпайсаң, жарымес! Малларды да сатып...—деп бирден қызып кетти. Айтылмаған сөз қалмады: мени аўылдағы жигитлердиң сағал аяғына жиберди. Себеби олар: он бес жасында-ақ ҳаял әкелип

атыр, балалы болып атыр, кемпир-ғаррыларын төрине отырғызып атыр... Ақырында ата-анам шаршап, екеўи еки жерде уйықлап қалды. Түни менен уйықлағаным жоқ. Азанда берекет тапқыр анам жақсы түс көрип шықты ма, билмеймен:

— Ғарры, оқыса оқый қойсын, түбинде саў болса болар,—деп кешеги жәнжелдиң тулпарын қаңтара қойды. Әкем де көп шатқаяқлаған жоқ:

— Мен оқыўына қарсы емеспен, кемпир,—деди райынан сынып,—кетсең кет, бала! Усыннан қулап келсең бар ғой, сағаң Тохтардың қызы емес, Марияшты алып беремен!

Кешеден берли күлкини сағынып қалған үйдиң ишин ўаҳаҳа қаплады. Буған уйқыдан жаңа турып атырған иним менен қарындасым да қосылды. Себеби Марияш деген аўылдың есаўан ҳаялы еди.

...Гөнелеў бир машинада ырыл-тырыл қоқаң жүрис пенен шаңға көмилип Нөкиске зорға жеттим. Институтқа келип арзаларымды тапсырып жүрсем Ханым тап болды. Ол меннен бурын келип география факультетине арза берипти. Мени де соған зорлап еди, өзиминиң шөкелеп жүрген пәним тарийх факультетине киргенди мақул көрдим. Бизлер ара-тура көрисип, кириў имтиханларын тапсыра бердик. Бир күни кешлетип Ханым жатақ-жайына мирәт етти. Мен кирип барғанымда қасындағы еки қыз бир жаққа қыдырып кетпекши болып атыр екен. Олар кеткен соң бизлер аўлақ қалдық. Ханым чай демлеп, аўылдан алып келген зағараларын ортаға үйип таслады.

— Қалай экзаменлер?—деппен тағы, усы сөздиң аўзымнан қалай шығып кеткенин билмеймен, баяғы гөне патлақты қозғадым-аў деп жан-ийманым қалмады. Бирақ Ханым:

— Оғада жақсы!—деп көтерилип қойды. Сонда ғана мен екеўимиздиң мақсетимиз бир соқпақта ийин қосып баратырғанын сездим. Енди гәплеримиз тиркистей шыйратыла берди.

— Неше жыл жүремиз?—деди ол.

— Үшинши курсқа өткен каникулда қосылсақ қалай болар екен?

Ол күлди:

— Тағы мен масқара болып қалмайын.

Түсиндим: «жүкли болып қалмайын» деп атырғаны

бул, мениң ядымда жоқ нәрселерди ойыма салып атырғаны бул...

... Институттағы дәслепки сабақлар да басланып кетти. Онлаған күн оқып едик, Ханым бир ушырасқанда:

— Қурбан, маған жәрдемлес, сениң группаңа түсейин... мен... мен сени көрмей жүре алмайман. Көзлерим сени бир минут көрмесе ҳешнәрсени көре алмайды. Сен мениң көз нурым екенсең, сенсиз... мен соқырман! Жәрдемлес, жалынаман!!—деп жылап жиберди. Қәпелимде не қыларым мүшкилге айланып ҳайраным да, ўайраным да шықты. Сол гезде геўгим еди, қараңғыға араласа жамғыр да жаўа баслады. Аспанның ояқ-буяғында гүлдирмаманың айбатлы сести еситилди: жалт еткен шахмақ үсти-үстине жуп жарқылдап, сонша тезлик пенен сөнип турды. Оның сағымлары гә Ханымға, гә маған түсти. Бизлер шақалары салбырасып турған бир түп сәрўи талды паналадық.

— Сен мени шын сүйесең бе?—деди Ханым баўырыма ийнин тақап, оның ыссылығынан бир түрли ҳәзликтиң ийисин сездим, бирақ жүрегим бийықлас соқты.

— Сүйген соң өтирикке сүйилмейди,—мениң тапқан «пәмли» жуўабым усы болды сонда. Ол көз жасы менен жамғыр тамшылары ҳөллеген жүзин жүзиме үйкеди де:

— Жаным!—деп мойнымнан қушақлап алды,—түн гүўа болсын, жапырақлар ядлап қалсын, бизлер бахытлымыз! Бахытым мениң!!...

Жамғыр тамшылары тамбастан қалды, аспаннан жоғын қыдырған шақмақлар излегенин тапқандай шырағын өширди, гүлдирмама гүрилдеўи менен ғайбана жақларға ылағып кетти. Тек ғана жерде селлеген суўлар, аспанда шағырайысқан жулдызлар қалды.

Тек ғана... мениң қушағымда жаслықтың туңғыш бахтынан, биринши ләззетинен шәмензардай жайнаған бир сәҳибжамал қалды...

2.

Скрипка шертиўден азлап хабардар екенлигимди сезген факультет басшылары мени ҳәўескерлер кружогиниң ағзалығына тартты. Ҳәтте бир сапары институт комсомол комитетиниң секретары үлкен дәбдебе менен шақырып алып:

— Сен жолдас жигит, кружокқа басшылық ет. Шөлкемлестирип репетиция өткерип жүр. Жәрдем беремиз, қолыңнан келгендей түри бар екен,—деп қолтығыма көпшик қойып аспанлатып мақтап еди, келисим бергенимди билмей-ақ қалыппан.

Кружок ағзалары гилең жалаңлаған қыз-жигитлерден еди. Басым көпшилиги жигитлер. Жаңа қосықлар, ойынлар программамызда аз болды. Оның үстине сазенделеримиздиң де урқанаты ушқан, көбиси қосықшының ҳаўазын «қуўалап» шертетуғын «дымбыр-дымбыр»лар еди. Булардың барлығын келеге келтириў, жаңа өнерпазлар табыў—оқыўдан бес есе машақат еди. Әлбетте, бул тийкарғы мақсетке сорпасы қосылмайтуғын ис болғанлықтан студентлердиң ишинен «қаны қатып» турғаны шенде-шен шығатуғын еди.

Бир күни ҳәмме аудиторияларда сабақлар тарқап кеткен кеште узын коридорды бойлап баратыр едим. Аудиториялардың биринен қыздың ҳаўазын еситип қалдым. Ол сонша ықлас пенен салыйқасын келтирип айтып атыр еди, оның жағымлы ҳәм жумсақ даўысын институт пүткил тулғасы менен уйып тыңлап атты. Мен бундай, өмиримде аңсап жүрген хошхүрей ҳаўазды үркитип алыўдан қорқып, есикти ашпадым. Оның сести гейде бағ излеген бүлбилдиң ҳәсиретли сайрағанындай, гейде алма гүллерине баўырын басып, сағынышынан мәлҳам болып атырған бүлбилдиң бийәрман намасындай еди:

Сағынышымды шашсам кең далаларға,
Алыстан дийдарың көринер зорға,
Бәҳәр кестелерин тоқыр сайларда,
Көзлерим жолында, келермекенсең?...

Уллы сағыныштың ессиз толқынлары жүрегиме келип урды, мен де оның қүдиретли ҳәксеринен толқып кеттим. Көз алдымда тирелер дәрбенти жоқ қыйыр-шыйыр айралық жоллары басланды. Көз алдымда сәўир самалларында пәйнекке қашып әрмансыз тербелисип атырған гүллер елеследи, өз муҳаббаты алып ушқан нәўше жүрек питпес арзыў-налалары менен таўларға рәўана болды:

Таўларға минемен бултлар көшкенде,
Әрман қушақлады тал гүўилдескенде,
Әйнегимди шертип самал ескенде,
Көзлерим жолында, келермекенсең...?

Қосықшы қыздың лапызы оғада әжайып еди, мен геўдемдеги барлық ықласым менен ҳуўшымды оған алмастырып жиберген едим. Усы минутлардан баслап жүрек иңкарымның табылмай жүрген шийрин даўасын тапқандай болдым. Еле өзин көрмей-билмей турып-ақ хошҳаўаз ийесине гүллән әрманларым менен ашық болып қалдым. Жақсы нәрсе тез питеди екен, жақсы зат тез азаяды екен, жақсылар тез жоқ болады екен! Қосық та тез тамам болды: тамаша түстиң құдиретинен оянып кеткендей ғабыр-ғубыр есикти аштым.

Әйнектен сыртқа тигилип еки қыз тик аяқтан тур екен, олар қапы ашылыўдан маған жалт қарады. Бириншиси: бийдай рең, исик қабақлы, қызыл көйлекли қыз; ал екиншиси, ақ сынлы, думалақ жүз, көзлери қапқара, жарасық шақырыўшы киширек қыр мурынлы, қара шашлы, көк көйлекли қыз екен. Олар мениң рухсатсыз суўмаңлап киргениме таңланысқандай бир-бирине қарасып қалды.

— Сәлем, қызлар!—деп олар тәрепке жақынладым. Бизлер бурыннан таныслардай қол алыстық.

— Кешириңлер,—деп оларға алма-гезек қарап күлимсиредим.—Мени бир ҳаўаз жолымнан қайтарып алды. Мүмкин болса, тағы бир тыңлап қулақтың қурышын қандырсақ?...

Олар дәслеп үндемеди. Соң бийдай реңли қыз:

— Ол қосық, бәлки, сизди шақырып атырмаған шығар?—деп күлди.

— Бәлки мени емес шығар,—дедим оған жеңислик бермеўге тырысып.—Бирақ, мендей мың адамды шақырып алыўға арзыйтуғын қосық екен!

— Сол мың адамға татырлық бир адамын шақырып әкелсе, болғаны!

Ақ сынлы қыз «сыр шашпа» дегендей ернин, қымып, сәл қызарайын деди. Мен қосықшы қызды таптым!

— Сизлер қайсы курста оқыйсыз?

— Үшиншиде.

— Ал, мен биринширнен. Танысып қояйық: атым—Қурбанияз, фамилиям Жамалов!

— Клара Реймова,—деди бийдай реңлиси.

— Алтынай Юсупова,—деди ақ сынлысы.

Алтынай гүздиң сол кешинде қайтып қосық айтпады.

Азанда факультет комсомол шөлкеминиң секретары Сабырбай Сәрсенбаевтың алдына барғанымда да қула-

ғымда Алтынайдың айтқан қосығы жаңлап тур еди. Мен өзимниң тапқан жаңалығымды айтқанша қул-пе-реңим шықты.

— Қосықшының қосықшысын, артистканың артистқасын таптым!—дедим қуўанышыма қомпайып.

— Ким екен ол?—деп Сабырбай да қызықты.

— Алтынай Юсупова деген қыз!

Сол ўақта Сабырбайдың жүзи сәл қуўаң тартты да:

— Алтынай дейсең бе,—деп тәкирарлап сорады. Соң ол азмаз тыныспадан кейин ол қыздың өткен жылы да ҳәлекшиликке салғанын, бирақ бир рет те сахнаға шығара алмағанын егжей-тегжейине шекем қалдырмай айтып берди. Не ушын олай екен деген ойға шырмалдым. Усындай өнерин халыққа бергиси келмей ме? Мүмкин емес, мүмкин емес! Не де болса ол қыз бенен мен де шайқасып көриўге бекиндим... Әйемги дүнья тарийхынан семинарға таярланып жайда жалғыз отыр едим, Ханым кирип келди. Әллеқандай бир тосын шадлық оның жүзине теўип тур:

— Қутлықлай бер!—деп қанатын жайып үстиме бойын таслады.—Директорға кирип едим, тилегимди қанаатландырды. Ертеңнен баслап сениң менен бирге оқыйман!

Ол сөйтип жүрип, қылмас қылықты қылып бетимнен де сүйип алды. Қыялымның бәри «тас дәўиринде» жүргенликтен оған қәпелимде тил қата қоймадым. Ол бултыйды да қалды:

— Сен не, жақтырмай отырсаң ба? Олай болса басыма пайдасыз жуўырған екенмен-дә!? Олай болса...

Көзинен бир тамшы жас мениң билегиме жумалап түсти.

— Неге мен қуўанбайын, қутлықлайман, Ханым!—дедим де оны қапталыма отырғыздым.

Бизлер узақ отырып қалдық...

...Есикти қақтым. Иштен «да» деген еркектиң даўысы еситилди. Қапыны ашып:

— Юсупова керек еди,—десем, муғаллим қарапәрең жигит:

— Ҳәзир лекция, жап қапыны!—деп жекиринип жиберди. Студентлерден уялғанымнан тарса есикти жаптым. Тәнеписти күтиўге туўра келди.

Онда декабрьдиң соңғы күнлери еди. Бизлер жаңа жыл байрамына таярлық көрип атыр едик. Пахта те-

рим мапазы еки айға шамалас үзилиске түсиргеннен кейин оқыўдың барысы да жылдамлатылған ҳәм аўырласқан еди. Оқыўдан тысқары жәмийетлик ислерге қатнасыўдан көпшилик студентлер ат-тонын ала қашты. Кружогымыздың ағзаларының да ғайы—сабақ. Басы қуралып, репетициялар өткерилмеди. Комсомол комитети де мәжилис сайын искенжеге қысып жанымды шығаратуғын болды.

Қоңыраў қағылғаннан кейин Алтынайдың аудиториясына шаптым. Ол қызлар менен есиктиң алдында әлле бир әңгимеге шырайлы жымыйып тур екен.

— Сизди деканат шақырады,—деп алдадым. Оның жүзи бирден қуўарып кетти де:

— Мени, я?—деп изиме ере берди.

— Кешириңиз,—дедим былайырақ шыққан соң күлимсиреп,—Деканат емес, мен сизиң менен сөйлесиўге көптен бери қуштар едим.

Ол таңланғандай бетиме тесиле қарап, қызарып кетти. Студентлерден аўлағырақ жерге келгеннен соң ол:

— Не айтпақшысыз?—деди. Оның көзлери жуўап күтип ойшыл түрде жерге тигилди.

— Алтынай... билмедим, буны қалай түсиндиремди, бирақ сизге соны айтпақшыман: сизиң ҳаўазыңыз оғада жағымлы екен. Адамды көзине мақтаған айып, солай болса да сизиң ҳүрметлеўге ылайық талантыңыз искусствоға хызмет етсе екен деймен. Кел, бизиң коллективке қосылып, бирге қосықлар айтып, жаслық ләззетин адамларға бағышлайық...

Алтынайды өзимди жыққан самал тәрепке қулатыў ушын қанша тәселле айтқанымды билмеймен, тек оның кеўлине қозғаў сала алмайтуғын қызыл сөзлерди қардай боратып жибериппен. Оны Алтынайдың:

— Айтып болдыңыз ба?—деген гәпинен аңғарып қалдым. Лепирип турған көкирегиме тайнапыр тас қойғандай болды. Сәл жерде лардан ларс ете қалдым. Отымның өре жанбағанына қара, дәл усы жерге келгенде кириўге қоңыраў қағылды.

— Кеттим онда...

Ол маған ләм-мим деместен ҳайт қойды. Сонша ықлас ҳәм үмит пенен айтқан гәплерим кепектей самалға ушып, мен дәртине дәрт жамаған бийшарадай собырайып қала бердим.

Ақылым лал, көзимде саўал...

Мен оның сайрама ҳаўазына ашық болдым. Түнлерде түслерим бәнт болып, Алтынайдың еле ҳеш ким еситпеген қосығын тамашалайтуғын едим. Кешлерде «Алтынай қосық айтып атырған жоқ па екен?» деген қамтәме мени алдарқатып, талай мәртебе сол күнги аудитория алдынан алып өтти. Бирақ оның даўысы гүзекте бәҳәрди сағынғандай узақта қала берди...

...Деканатта бир гәптиң ийни келгенде мен көптен берли қыпсалап жүрген пикирлеримди ортаға салғанды мақул көрип:

— Кәрим аға,—дедим деканымыз Жәлимбетовқа, оның дөгерегинде басқа да адамлар бар еди, бирақ олардың да жәрдеми тийип жүреме деген дәме менен еркин сөйледим.—Бизиң студентлеримиз арасында елеге шекем ерси әдетлер шалғайға жабысқан ошағандай қалмай киятыр. Бизиң халқымыз да әзелден сазы-сәўбетке бир ата жақын. Олардың кеўил қытықлайтуғын намалары әсирлерден әсирлерге жасап киятыр.

— Кейинги арбаң алдыңғы арбаңның аңғарынан аўысып кетпеди ме, жолдас Жамалов?—деп Жәлимбетов тамағын қырынды. —Әўел айырым ерси әдетлер бар деп едиң, енди музыканың тарийхына түсип кеттиң...

Оның гәпине күлискенлер де болды.

— Мениң айтайын дегеним: сизлер тәрептен жәрдем керегирек болып тур. Ҳәўескерлер коллективи маған тапсырылған екен, оның жумысларына да көз-қулақ болып, қосық айтыўға еби бар айырым жасларды бизге қатнастырсаңыз... Рухый азық болған искусствоға айырым жасларымыз үстиртин қарайды. Мәселен, үшинши курстағы оғада талантлы қосықшы Юсупова Алтынай деген қыз бизиң арамызға қосылғысы келмейди. Бул туўралы жолдас Сәрсенбаевқа да айттым, бирақ ол да Юсупованың мәселесин қараўды немқурайдылыққа салып жүр. Мениңше қосық айтыўдың ҳеш қандай айыбы жоқ. Қайта...

— Сөйтип, не демекшисең?—деген Жәлимбетовтың сөзи қызып турған көкирегиме қар ылақтырғандай болды. Аттан сыпырылып түскенимди билмей-ақ қалдым.

— Юсупованы бизиң коллективимизге қосыўға жәрдем етиўлериңизди соранаман!...

...Онда Алтынайдың группасында староста Артықбай

деген жигит еди. Бул арық-турақтан келген қарапәрең узын бойлы жигит пенен бир жайда турғанлықтан әлле қашан досласып кеткенбиз. Ата-теги қоңыратлы екен. Бир күни кеште ол тап меннен сүйинши сорағандай етип:

— Жәлимбетов ҳаялын таслап Юсуповаңы алажақ қусайды,—деп ҳаплығып келди. Аўа, ол дәл усылай деди: ол буны ап-аңсат, аўқаттан кейин кекирип қойып ертек баслағандай етип айтты да қойды. Ал маған аспан асты астан-кестен болып кетти. Тум-тусым қараңғыласып баратырғандай қолларым сермелип, тилим кәлиймаға келмейди. Жүрегимде улы-дүпилди басланды. Усы пайытта ғана өзимниң тек Алтынайдың қосығына емес, ал өзине де ашық екенимди сездим. Қулағыма сағыныш теңизиниң ҳәсиретли толқынлары жүрек жағысына әкелип урып атырған баяғы айралық қосығының сазасы келди. Қайда екен сол қосықта тәрипленген арзыўлы яр? Бул назәлимниң қос қара көзин төрт етип, ғайры соқпақлар менен басын алып кеткен сол ғошшақ қайда екен?! Түнлерде айға телмиртип көптен берли из түспеген арба жолдай зорға ағараңлап атырған қус жолына нала шектирген айралық қосығының ийеси, қайдасаң? Хабар бер! Бул дүньяның бир мүйешинде бар болсаң жулдызлардан жол сорап, қуслардан пәрўаз тиленип, сен, әрманлы Алтынайыңның дәргайына қарай уша гөр! Мен оны Жәлимбетовтың пәнжесинен аяп, оның қушағынан қызғанаман! Мен оның менен сениң муҳаббат бағында табысқаныңызға узақтан қарап, аспандағы жулдызлардай мыйықтан күлиўге асығаман! Алыстағы сағыныш бултының арасынан қуяштай көринбей атырған достым, ҳабар бер! Сен бир күн болмаса бир күн булт арасынан жарқ етип, қыз кеўлинде ғамгүнликте мүлгип атырған жаслық гүллерине әзиз нурыңды шаш!!

Қолыма скрипкамды алып Алтынайдың намасына шерте басладым. Оның муң арасына сүңгип шыққан ҳаўазы тарларға жетти ҳәм скрипка сағыныш ырғақларына шыдамай, узатылып баратырған қыздай сыңсып жылап жиберди... Мен де жыладым...

Ертеңине биринши сабақ Жәлимбетовтың лекциясы екен. Оның дәслепки пәтте меннен сорайтуғынын күтпеген едим, семинар жумысын аўызша билген менен ақ қағазға түсирмеген соң «билмеди»ге шықтым. Ол тақыр

жерден шаң суўырып көптиң ортасында тәўир-ақ қызартты. Бунысы аздай, сабақлар питкен соң кабинетине шақырды. Жәмийетлик ислерге, тайын тамағымды татпай өрли-ғурлы қатнасып жүргениме қарамай, бирден бунша қатты кеткенине ҳақыйқат өкпеледим.

Кабинетинде Сәрсенбаев екеўи күтип отыр екен.

— Келдиң бе?—деп түр-түсиме жыпылық көзин атты декан.—Отыр! Сен, жолдас Жамалов, усы бир түрли болып баратырсаң-ә. Баяғыда тәўир баладай көринип атыр едиң, соңғылығында ериң жамбасыңа аўып кетти ғой. Бүгин сабағыма таярланбай келдиң, бул мени ҳүрметлегениң шығар? Я мен басқалардан төмен оқытып жүрмен бе? Мениң лекция оқығаным унамай жүрсе, оны айт!

— Кешириңиз, кеше жумыслар болып...

— Ҳә, жумыслар болып... Оқыўдан басқа да жумысларың көп шығар? Мүмкин, таң атқанша Юсупованы үгитлеген шығарсаң?—деп Жәлимбетов кек етип күлди. Оған Сәрсенбаев та қосылып мырс етти.

— Аўа, үгитледим!—дедим бирден ашыўға буўлығып.—Айтып болдыңыз ба?—Орнымнан түргелдим.

— Отыр, достым!—деди Сәрсенбаев ийнимнен басып.—Отыр! Онша ҳоппыя берме! Еле студентсең, еле биринши курстан өте алмай жүрген палапансаң!

— Өзиң палапан! Жәлимбетовтың қанатын паналап жүрген...

— Не дейсең?! Сени комсомолдан шығарып көзиңди ояман!!

— Билетти сендей самсамның қолынан алғаным жоқ.

Жәлимбетов араға түспегенде бизлер мушласыўға шамаласып қалыппыз. Ол кәткудалық етип, екеўимизди еки жерге отырғызды. Сонда да қызғынымыз басылар емес.

— Нәмнаған жигитсең ғой, Жамалов,—деди Жәлимбетов арашадан кейин.—Сен институтқа төбелесиўге келдиң бе? Я оқыў менен хошласқың келип тур ма?

Қан қызыў менен ҳешнәрсе дей алмадым. Пәнтқумар қалған қоразлардай Сәрсенбаев екеўимиз кекиллеримизди үрпейтип қарасып аламыз.

— Кәрим аға,—деди бир ўақта Сәрсенбаев ентигип.—Буның табанына сабын жағып институттан айдаў керек. Бул ең әўели сизиң, қала берсе факультеттиң,

институттың абырайына дақ түсиреди. Бундайдың барынан жоғы...

— Көрермиз кимниң айдалғанын...

— Ең соңғы шәрт мынаў, бала!—деп Сәрсенбаев азмаз пәсеңледи.—Мен де өзиңдей студентпен. Устазларыма садық студентпен! Сендей аўзыма келгенин сандалаўды ар көремен. Ақырғы шәрт сол: ендигиден былай Алтынай деп аўзыңды ашқанды қойсаң, Кәрим аға күни мененги әнтекшилигиңди кешireди. Бәрибир, саған Алтынай жоқ! Түсиндиң бе!

Есикти тарс еттирип шығып кеттим. Көз алдым думан менен қапланып кетти, сол думанның арасында бары-жоғынан айрылған ғәрийптей теңселип зорға киятырман. Ушан теңизде самал айдаған желқомлы кемедей қайда барар бағдарымды билмеймен. Басымда тек ғана бир ой, бир мақсет: кетиўим керек! Қайда кетемен? Қайда болса да кетиўим керек! Қайда кетемен! Кетемен! Ылағып кетемен!!!

Қанша жол жүргенимди, қайсы дығырықлардан айланғанымды билмеймен, жайға келсем Ханым күтип отыр екен.

— Қурбан,—дегендей болды кирип барыўдан.—Жүр, киноға билет алып келдим.

— Бармайман!—деп қышқырдым да кәтке бойымды тасладым...

3

Сол ақшамы көзим илинбеди. Мениң аўҳалымнан хабардар болған Артықбай да түни менен уйықламай билген ақылын саўдыратты. Ол мениң «кетеменим»ди балалыққа дусмаллап, ақырына шекем гүресиўди абзал көрди. Оларға жеңислик бермеў ушын қәйткенде де Алтынайды сахнаға шығарыў кереклигин айтты. Қолынан келгенше жәрдем беретуғын болды.

Сөйтип азанда қайтадан ғурыжға минип, институт комсомол комитетине хабарластым.

— Егер сол қыз қосық айтпаса мени ўазыйпамнан босатыңлар!—деген қатты талап қойып талтайдым. Секретарь Сапарниязов мениң алдыма түсип Жәлимбетовтың кабинетине барды.

— Сиз Юсупованың жәмийетлик жумысларға қатнасыўына қарсы қусайсыз...—деп Сапарниязов гәп баслаўдан-ақ Жәлимбетов жөлкерлик пенен алдын орады:

— Мен жолдас Жамаловқа үлкен исеним менен ҳәўескерлер кружогин тапсырып қойыппан. Бул иске партия, комсомол шөлкемлери де жәрдемин тийдирип тур. Юсупова деген ким? Неге мен оның қосық айтыўына қарсыман? Айтсын, жолдас Жамалов, «Юсупова қосық айтыўға қатнаспай жүр» деп неше рет мениң алдыма келди екен? Мен жәмийетлик жумыстан жан-тәнимди аямайтуғын адамман. Маған салса тап ҳәзир бир өмес, жүз Юсуповаға қосық айттырып қояман!

Кешеги көтерип-соқпай ашыў тым-тырақай болып кеткенликтен сонша айтажақ гәплерим ишимде бақан-шақтай шөгип қала берди...

Биринши Май байрамының мүнәсийбети менен ҳәр факультеттиң салтанатлы кешеси өткерилмекши болды. Концерт программалары ушын сыйлы орынлар белгиленбекши. Бул үлкен дәбдебе алдынан бизлер де күшли таярлыққа киристик. Аўқатланыўға басым айланбай сабақтан бос ўақытларымда өлип-өшип ислеп жүргенликтен бе, я «буның менен айтысқанда не, айтыспағанда не?» деп пәсине қайтты ма билмеймен, Жәлимбетов та, Сәрсенбаев та маған көзин алартқанды қойды.

Алтынай репетицияға бир мәрте қатнасты да:

— Мениң қосығым тайын, таярлықсыз-ақ шығаман,—деп кетип қалды. Сол күнлери мен саз-сәўбет мәслигинен бәҳәр аспанында мәкан излеген мәўсим қусларындай шарықлаўда едим. Сол күнлери пүткил жәҳәннің қуўанышы тек ғана мениң басымда еди.

— Оның қосығы бизге сөзсиз биринширликти алып береди!—деп көп алдында төбем менен көк тиреп мақтанатуғын едим.

Күткен күн де жетип келди, концертимизди баслаймыз. Нәўбет—Алтынайға! Көкирегим ҳәўлирип барады! Мен бул қосықтың жолында сергиздан болып, қанша-қанша ақшамларда уйқы орнына қыялымда усы қосықтың жаңғырығын еситпедим! Усы қосықты басқа қулақларға жеткериў ушын мөмин минезимнен айрылып Жәлимбетов пенен Сәрсенбаевлар алдында қанша-қанша турпайы сөзлерди айтпадым! Буның бәри тек ғана сениң қосығың ушын еди, Алтынай. Мине,

енди мынаў бахытлы кешеде жүзлеген жүректи сениң қосығыңның ықпалына жығыў ушын айралық намасының кеўиллерди сынсытатуғын сазын шалайын деп атырман Алтынай! Қосығыңнан мәс болып, тарларымды үзип алмайын, қосығыңнан бийхуш болып қайда отырғанымды умытып кетпейин, мениң, сениң алдыңда адамлар отыр, Алтынай! Бәлким, олар сеннен мәзи бир қулақ қурышын қандырмайтуғын қосық күтип отырған шығар, бәлким, «ҳаўазы болғанда үш жылдан бери неге еситпеймиз!» деп менсинбей отырған шығар? Көрсет оларға өнер құдиретин, айралық қосығынан лал ет, сен олардың алдында емес, ал олар сениң алдыңда басларын ийсин, Алтынай! О, бүгинги кеш, айың бар ма, жулдызларың бар ма сен бахытлы кеш екенсең! Сен бурын еситип көрмеген әжайып ҳаўазды дастанып, бүгинги ақшамда мәлҳам уйықламақшысаң. Тыңла, бәҳәр ақшамы, тыңла! Әйнек алдында таллардың теңселтип ескен апрель самаллары, сен де тынла ҳәм бул қосықты өзиң менен бирге узақ-узақларға әкетип, ҳижран дағында жүреги парра-парра болып жүрген бир ғәрип жигитке жеткер! Билемен, қайда болса да бул қосықтың ҳәсиретине ғарық болып, яр жолында ентигип қәдем таслап киятырған ийеси бар. Онысыз бундай қосық туўылмайды...

Алтынай айта баслады.

Тоқта! Тәәжип! Бул баяғы қосық емес! Бул қосықта айралық наласы еситилмейди. Қулақларым-аў, маған қыянет етип атырған жоқсызлар ма? Бул мен билетуғын, мен тыңлаған Алтынайдың кеўиллерди сағыныш толқыны менен тербейтуғын қәдимги ҳаўазы емес ғой. Мүмкин емес, мүмкин емес!

Ол қосықты тамамлай алмады. Алтынайдың даўысы өшип қалды! Скрипкам сынсыўы менен қалды, көзлеримде алысып ҳәм лаўлай алмай атырып-ақ өшкен отлар қалды. Залда бизлерди масқаралап күлген тамашагөйлердиң пәрўайсыз шаўқымлары көтерилди.

Сахна артына Жәлимбетов жуўырып келди де, мени тасаға сүйреп теримди сылыды:

— Қәне, айта ала ма екен? Мен айтатуғын адамды танымайтуғын шығарман?! Енди ең соңғы орынға жететуғын болдық. Жамалов, сениң басың ислемейди!...

Жуўап бериўге шорқақпан. Не дейин? Бирақ, қа-

шан болса да буның себебин Алтынайдан сорап билетуғыныма тақыйық исендим...

Сол күннен баслап мени көрген жерде Жәлимбетов ерте бәҳәр аспанындай тунжырады да жүрди. Көзлериндеги маған деген мийрим-шәпәәт кем салыйқа. Сәлемлескенде қолының ушы ғана буйырады. Буннан-былай оңысығымыздың болмайтуғыны аттың қасқасындай мәлим болса да, шыдаўға туўра келди. Бәлким, умытылар, арамыздағы қатнасық устаз бенен шәкирттиң қәддине түсер деген дәме менен сабақларыма келип жүре бердим.

Бир күни партком секретары Назаров шақырып алды. Ол минези салмақлы киси болған соң барыўдан ерсили-қарсылы сөйлеп кете бермеди. Оның бул сабырлылығы пышақтың арқасында жүрген маған оңғылық болмады. Дәслеп, ол мени сүўретке түсиретуғын адамдай сын-сымбатыма узақ қарап алды. Кейин ири геўдеси менен отырғышты шыйқылдатып сөйлей баслады:

— Иним, кеше сыртыңнан сениң мәселеңди қарап, сен туўралы бираз нәрселерди билип алдық... Жәлимбетов пенен айтысып жүргенге қусайсаң?

— Жоғ-ә...

—Мениң бәринен хабарым бар. Жәлимбетовтың ол қызды сеннен қызғанатуғын жағдайын да билемен. Ол қыздың қосық айтатуғын өнери менен онша таныс емеспен-дә, бирақ иним, саған исенемен. Бул жерде бир гәп бар. Сол Юсупова деген қыз оқыўды таслап кетип қалыпты ғой? Буның да себебин саған жаўып отыр

— Маған? Оның оқыўдан кетиўине мениң қандай қатнасым бар екен?

— Қосық айтқызып масқаралағансаң!—деп күлди. —Енди былай етиўиң керек. Кеше мәселеңди қарағанда сени институттан қуўмақшы еди, мен қылмадым. Дәслеп Юсуповаңың да аўзынан бир гәп еситип көрейик дедим. Сен енди сол қызды қайдан болса да таўып әкелмесең, институттан шығыўыңа туўра келеди. Шатақ!...

Сонда аспан бултлар менен торланғанба еди, сонда басланып киятырған жаз жылғаларға гүллер тигип, бағмандай тынымсыз мийнет етип атырған ба еди? Ғаррылардың шөгирмесине мегзеген тайнапыр гүжимлер узақ өтмишлерин ядларына түсиргендей ойларға

талып, нәрўан таллардың шақалары самаллар шақырып, ессиз шайқалғысы келер еди...

Арнадағы талўасланған пәтли ағысқа қарап қатып қалыппан, сонда маған сол суўлардың еркин турмысы, ҳәсирет дағын бинәй өмиринде көрмеген-билмеген сыңқ-сыңқ күлкилери шыңлар басындағы қол жетпес, аяққа алыс әрмандай болып көринди. Бир ғаррының жөтеллеген даўысы дыққатымды бөлип жиберди. Дәрриў өзиме келдим де:

— Ассалаўма әлейкум, ата!—дедим. Ол ешегинин басын иркип:

— Ўәлейкум, көп жаса, балам!—деп тарам-тарам аппақ сақалын салалап қойды.

— Юсуп дегенниң үйи қайда, ата?

— Юсуп?—деп ойланып қалды ғарры.—Ҳаў бул қарағанда ондай киси жоқ ғой.

— Алтынай деген қызы институтта оқыйды.

— Ҳа, ҳа! Юсуптиң баласы Ержанның үйи, десе! Усы жапты жағалап бир шақырымдай жүресең, алдыңнан паяпыл шығады. Паяпылдан өтип оң жағыңа бурылсаң, терекликтиң астындағы жай. Аманлық па? Я қаладағы Арзым көкшиниң баласысаң ба?...

Арнаны жағалап киятырман. Мени боянлық арасындағы тилдей соқпақ алып киятыр. Жүрегимде аңқасып атырған ҳәр түрли ой, олар арна бойындағы қамыслар менен бирге ырғатылады. Аўыл тәбияты барынша меҳрин төгип, әлемәжуўа кеўлиме заўқын төгип ҳәзлик қуйыўға, жаз ләззетин бөлисиўге ҳәўесгөй. Еле паяпылға жетпей атыр едим, арнаның аржағынан әжайып саза келди.

— Алтынай бул!—деп қышқырыўдан сәл-ақ қалдым. Жүрегим соғыўынан алжасып, қамыслар ырғалыўын умытып, суўлар толқынына айрылып, бултлар бағдарынан адасып, самаллар шабысынан жаңылысып Алтынайдың қосығын тыңлады. Қосық бултлардың аржағынан еситилип атырған Қуяш ҳәййиўиндей жүрек тарларында туўылып атырған нәзик сезимлерди шырмап таслады. Оның ҳәр бир сести таслар арасынан қайнаўытлап шығып атырған булақ шәмшелериндей зейнимди көтерип, руўҳыма ҳәм барлық әтирапқа сиңип атты. Ол гейде айралықтың геўгим қаплаған соқпағында ығбалын излеп, егил-тегил еңиреп баратыр. Ол гейде сайлардағы бәҳәрден гүлдәстелер соранып,

қушақ толы гүл менен ярын күтиўге туңғыш таярлығын көрип атыр.

Әй, жаз паслының жадыраған жамалынан кемтар саҳрайы далалар, самалға емес, шийрин намаға ырғалған нуў қамыслар, жаз аспанынан мәкан таппаған қаңғымай бултлар, мудамы алдына талпынған тынымсыз ағыслар, еситтиңлер ме, мендей бир жапакештиң бүгинги шадлығына ортақ болыңлар! Сизлер Алтынайдың қосығын ядлап қалыңлар, ертең мен бул қосықты сизлерден сорап, әлем алдында сизлерди гүўалыққа шақыраман! «Алтынай қосық айта алмайды» деген насақ сөзлердиң дүмпиўинен сонда мени өзлериң қутқарып қалыңлар!

Арнаның кенарына шықтым. Төменде бағыў-бостанға оранған аўылды көрдим. Қосық қайтармалары қусқа айланып сол аўылдың үстинде ушты, қаратал лар шайқалыўдан қорқып лал болып қалды, ушқан гүбелеклер жоңышқалықларға қонып. қосық ләззетинде жоңышқа гүллерин сүйе баслады. Телеграф бағаналары дыңылдаўын умытып қосықты тыңлады. Пәлпәлеген қуслар, пәрўазын тәрк әйлеп, қосық ҳаўазы шығып атырған ерик бағына қонып атыр. Көл излеген соналы ғазлар аўыр көш баслап, үстимнен асықпай ушып баратыр, бултлардың саңлағынан сығалаған қуяш өткир нурларын төгип, усы жерди излеп тапты. Узақта, жаңа көгерип атырған ғаўаша атызларында қыз-келиншеклердиң көйлеклери желбирейди, бәлки Алтынайдың қосығы менен қосылып атыр ма, Алтынай ҳаўазының сән-салтанатына бөленип атыр ма?...

Қәдирин билмеппен гәўҳардың, тастың,
Сен кеткен күнлери дегбирден састым,
Кеўлимде айралық дәртлери тасқын,
Көзлерим жолында, келермекенсең?...

— Келер ме екен?—деймен мен де. Ким екен ол? Қайда екен ол? Сени мен не ушын айыпладым екен; Алтынай?! Ақыры, сен қосығыңды тек ғана жалғыз адамға арнаған екенсең ғой, тек ғана... Алтынай! Мен сениң жүрегиндеги усы ҳәсиретке түсинбеппен, әпиўет мени, Алтынай!... Ғамлы кеўлиңдеги қайғы тасын жибитиў орнына. тасына тас қосыппан, сағыныш гүзарына дилгир болған ғамгүн көзлериңниң жасларын сыпырып, шадлық ушқынларын шақнатыў орнына, жасына жас қосыппан, кешир, Алтынай!! Мынаў кийели қосығыңның

алдында, мен шәмшил етиўге талапланған ҳаўазыңның алдында ант етемен! Сени айыплаған, сениң бағыңа кесек атқан, туңғыш муҳаббаттың қәдир-қымбаты түслерине де енбеген мийрим-шәпәәтсиз жүреклердиң ҳәммесинен өш алыўға ант етемен!

Ҳәзир мен сениң алдыңа баратырман. Өз гүналарымды не менен жуўатуғыныма ақылым сарсаң. Енди саған не деп жуўап беремен. Бийжөн тамдырған көз жасларыңды не менен сыпыраман? О, көгис этирап, маған түсиндиреосе бийнеқуясын?! Я Алтынайдың алдында мениң әптер-тәптеримди шығарып жулқылаң, самаллар! Я мени барлық гүнайларым менен ығызып әкетиң, суўлар! Тек буны Алтынай көрсин, Алтынай билсин.

— Кеширдим, кеширдим, Құрбанияз!...—деп көз жаслары менен мениң әрманларымды өзинде алып қалсын...

Ерик бағына кирген едим, бир дода жапырақлар арасынан «Құрбанияз аға» деген Алтынайдың нәзик, үзилип шыққан даўысын еситип, талып түсиўден сәл қалдым! О, не деген шийрин даўыс!! Бизлер қәдимги дослардай жыллы шырайда ушырастық. Бул мен ушын көптен берли жоғалтқан келептиң ушын табыў еди. Оның аппақ жүзинде ҳәсирет геўгими турар, көзлери шөллер баўырында суўсын таппай сергизданы шыққан кийиктиң көзлериндей мөлдирер еди. Оның нәзеринен өзимди алып қашып, қолымды шалбарымның қалтасына суға бердим. Бул тегин тинтиў емес, ал қалтамда сонша қәтереден кейин Жәлимбетовтың қолы менен жазылған шақырыў қағазы бар еди. Қәпелимде еңсем көтерилип, биреўдиң қәтересине жабысқанды ар көрип қалдым. Соң тас жегендей қыйналып:

— Сизди... излеп келдим,—дедим зорға.

— Мени излеп не қыласыз?—деди Алтынай көзлерин басқа жаққа бурып.—Мен... мен...

Оны барлық тәўеллеши сөзлерим менен жубата бастадым. Бул дүньяда есин билген адамға тәселле айтып, оны жубатыўдан қыйын нәрсе бар ма? Оған бәрин айттым. Оның басқа биреўге арнаған қосығына қарақшы болғанымды, барлық алаўызлықларды туўдырған мениң герең болғыр қулақларым екенин, искусствоға болған ҳәўесимниң усындай сәтсизликлер менен басланып атырғанын, бәрин, бәрин ийнесинен сабағына ше-

кем қалдырмай айттым. Ол бәрин бир қәлипте тыңлады, күлмеди, қуўанбады, жыламады.

Ол мени пәскелтек тамның кирер жериндеги ылайдан исленген сыпаға баслап келди. Сөйтти де далададағы ошаққа қара дүмшени қойып, от жағыўға киристи. Ишкериден шыққан бүкир кемпир менен түргелип көрисип, аман-есенлик сорастым. Кемпир мениң менен әлле-қашанлардан таныслығы бардай қапталыма келип отырды.

— Саў барсаң ба, балам?—Ол тигиле сорасты. Соң қызына қарап:—Неге қазан аспай отырсаң, аппағым?—деди.

— Тәшўишленбең, шеше, мен кетемен,—деп сыйласығына мәз болдым. Кемпир маған таңланғандай шуқырланып кеткен нурсыз көзлерин қадай түсти де:

— Шырағым, үйге келген мийманнан жол болсын сорай бериў де айып. Аманлық болса, несине асығасаң, балам? Мынаў жалғыз қызымыз,— деп киятыр еди, Алтынай гәпин бөлди:

— Апа, бизлер менен оқыйтуғын Құрбанияз деген жигит.

Бизлер чай ишип болмай-ақ сорасып үлгердик. Кемпир Алтынайдың әкесиниң анасы екен. Алтынайдың әкеси Ержан аға урыста жүргенде ҳаялы бийопалық қылып, бир қолынан айрылып фронттан қайтып келген жас жигит пенен қашып кетеди. Алтынай анадан тирилей жетим қалып, усы кемпир екеўи күнелте береди. Урыс Ержан ағаны да жаралайды. Ол көп мәртебе өлим соқпағынан қайтады. Урыстан нәренжан болып шаңарағына жаңа қуўысқанда ҳаялының дәрти тағы да бир оқ болып жүрегине қадалады.

— Балаңыз ҳәзир қайда?—деп сорадым кемпирден,

— Келгели мине, еки жылдың жүзи болды. Соннан берли басын көтермей жатыр. Қәйдем, балам, дуқтырлар тәўир болады дейди. Тәўипке қарана ғой десек бала қылмайды.

Бизлер кемпирден рухсат алып, Ержан ағаны көриў ушын аўыллық емлеўханаға рәўана болдық. Негедур, жол-жөнекей сыпыртып сөйлесип кете бермедик. Сөйлеген сөзимнен көре Алтынайдың жүзине көбирек тигилдим. Пүткил денем көзге айланып тигилсем еди оған! Жаўын-шашынлы бәҳәрдей келбетиниң алдында дөгерегимдеги жаз тәбияты барлық гүллерин, сулыу-

лықларын маған мәшшәўлейди, жоқ деп қарағым келмейди оларға, Алтынайдың келбетин ҳеш бир гөззаллыққа алмаспайман деп жар салғым келеди!..

Ақ халат жамылып Ержан ағаның палатасына кирдик. Онда алты адам жатыр екен. Еркекшилигимди билдирип, кирген пәтте «Ассалаўма әлейку-ум» деп жөтелип қойдым. Алтынай меннен бурын әкесиниң алдына жорғалап барды да, дизерлеп қолын берди. Мен де бир аўыздан ҳәммесиниң кеўлин сорап, Ержан ағаның қасына бардым. Ол арық, ат жақлы, ғайбарлаў мурты сарғайыңқыраған, қырқлардағы киси екен. Аўырыўдың зарпынан көзлери де сарғайыпты.

— Қай жериңиз аўырады? — дедим, ол мениң сораўыма бола врач деп жорамалласа керек.

— Отыр, — деди. Отырдым. Ол әсте сөйлей баслады:

— Иним, мен кешеги урыста-ақ өлип қалыўым керек еди. Бирақ шықпас жанға себепши дегендей, мени снарядтың көмип кеткен жеринен таўып алады. Мына қара, — деп ол көкирегин ашты. Кесениң аўзындай жер жылтырап питипти. — Усы жерден тийсе де өлмей қалыппан, әйтеўир. Өмир деген күшли нәрсе ғой. Бирақ, келе болып кете бермедим. Жүргенимнен жатыўым көп. Ишимде қорғасын болыўы керек. Ҳәрўақ ойнатқанда басымды дийўалға урып қыйналаман. Үлкен жақлардағы докторларға көринсем сөзсиз жазылар едим, әттең қол жуқа...

Егер усы адамға жәрдем етиў мениң қолымнан келгенде ме, Алтынай ушын, өмириниң асқарынан асқан ана ушын, тәғдири де, денеси де жаралы Ержан аға ушын бәрин, аямаған болар едим...

Билдим: Ержан аға жазылмас жаралы екен. оның даўасыз жараларынан кешеги урысқа нәлет айтыўшы қып-қызыл қанлар елеге шекем тамшылап турады екен...

Қайтып келген соң да кемпир мениң менен узақ сөйлести.

— Әй, балам-ай, — деди ол суўық демин алып, — бизиң басымызға түскен мәнет ҳешкимниң де басына түспесин. Тас қатты ма, бас қатты ма, деген. Бул бас бәрине де шыдай береди екен. Жалғыз бала болса анаў... жатқаны. Ишкен асымыз бойымызға тарамайды. Ыссысына, суўығына қарайтуғын қатыны болмаса. Мениң де бир аяғым төрде, бир аяғым гөрде. Қайсы

бирине шабайын. Оқысын, оқысын деп сол бала ғой Алтынайымды да оқытып қойған. Үйде үш күн болса, қыздың күнин бермейди. «Сен оқыўды қойып келгенсең» деп. Аўа-дә, Алтынайымыздан басқа кимимиз бар? Усының тилегиндемиз, әйтеўир. Усы қыз жыламасын, хор болмасын, қатарынан кем болмасын дейдей қараң қалғыр өмирдиң уўын жутып киятырмыз Шашымның ағына, белимниң бүкирине қарамай, усы қызға кийим болсын, тамақ болсын деп ыссыға күйип суўыққа тоңып, тырбанып киятырман, балам, кисиг қолыңды жайғанша, өзиңниң бүйириңнен тилен. Оңлаған күн дем алыс алдым деп келди. Бала буған да инанбайды. Бул күнлери дем алыс болмайды-мыш. Ҳаў дем алыссыз оқыў бола ма? Айланайынымды сағынып қалған екенмен, қасынан шыққым келмейди Оқысын деймен-аў мен де, оқың балларым. Ертең бизлер ыңқ етерге ҳал-дәрманнан айрылғанда аўзымызға бос дорба илдирип қоясыз ба? Өзлериң обал-саўабымызға қарайтуғын,— деп кемпир көзлериниң шуқыршағына үйирилген жас тамшыларын узын жеңиниң ушы менен сыпырды...

Батып баратырған күн батыс жийекти қырмызы сағымлары менен бояған май айының ләззетли кеши басланды. Бағларда жасыл жапырақлар әсте сытырлап турды. Арна бойлап адамлар жумыстан қайтты. Өристен қайтқан маллар аўыл ортасындағы шаңды көтерип, саўын сыйырлар бузаўларының даўысына жуўап ретинде созып-созып мөңиреседи. Узақлардан әгшөктиң өз атын тәкирарлағаны талып жетеди. Аспанда гезек пенен жулдызлар жупласа баслады. Қараңғылық қушақлаған жер бойындағы ыссылығынан кем-кем суўынып, гүйис қайтарып бийпәрўа дем алып атырған гәўмис өгиздей ҳәз етип, мүлгиўге киристи...

Бизлер демниң арасында баўыр басып қалғанлықтан ҳәм аз да болса кемпирге ес болайын деген нийет пенен сол ақшам түнеп қалдым. Жатқан соң не жөнинде ойланғанымды билмеймен, наўа уйқым келмеди. Кемпир де гүрсиңип атыр, Алтынай да аўнақшып атыр, билемен үшеўимиз де ояўмыз. Гейде қулағыма Алтынайдың қосығы еситилгендей болады, сонда усы қосыққа ашық болғаным ушын кимнен болса да жаза ҳүкиминиң қырәәтке салып оқылған даўысы жүрегиме ништер қадап атырғандай болады. Бәлким, бул қосықтың

ийеси анасы шығар? Қыялымда қосық қайтадан жаңлады:

Кел деп желбирейди көк орамалым,
Сени излеп шабар сәҳәр самалым,
Түнлерде күтемен, кел интизарым,
Көзлерим жолында, келермекенсең?..

«Жоқ! — деп бақырғым келеди, — қайда болса да Алтынайдың сүйгени бар!!!» Көрпениң астында жанып кеттим де, әсте-ақырын жылыслап бағды аралап кеттим. Аспанға қарайман, тағы өткинши бултлар, баздз олардың себи бири-биринен үзилип қалады, сонда оның саңлағы шыраға үңилген таўықтың көзлериндей жулдызларға быжнап кетеди. Жууан түпли ерикке сүйенип, қыял сүрип турған едим...

— Қурбанияз ағаз

Ерик түби менен қосыла теңселип кеткендей болды. Мәдәримнен айрылып, тентиреклеўим менен артыма қарадым. Меннен бес-алты адым жерде көйлегин самал ойнатып Алтынай киятырған екен. Мен де оған қарсы жүрдим.

— Неге уйықламай жүрсиз? — деди ол сыбырланып. Мынаў сыбырлы маған бомба даўысынан бетер тәсир етти. Мен оған меҳир-муҳаббатым менен қарадым. Оның көзлери жанып турған еди!!! Жүрегим көкирегимди жарып шығып, басын алып кетпекшидей қутырына ойнап кетти. Қолларым, аяқларым қалтырады.

— Алтынай... — дедим. Даўысым даўылдағы қамыстың шегирдегинен шыққан сеске мегзеди, даўысым Алтынай қолына қанжар алып киятырғанда оған айтатуғын жалынышыма мегзеп кетти.

Муңайған түн, қара жамылған аспан, серпиң ҳәсиреттиң қаралы пердесин! Жайнаң жулдызлар, күлиң жулдызлар! Мен қосықшы қыз бенен сөйлесейин деп турман, мен өмирдиң бийтаныс соқпақларына қәдем атайын деп турман, мен шадлық дәрьясына дарғашы болайын деп турман, бәлким бахыт деген усы шығар?!..

Бизлер арна жағасына бардық. Сол күнниң ләззети айрықша еди. Мен өзимди қоршаған қыр әтирапты бул өмиримде сол түндегидей гөззал қәлпинде көрмеген едим. Алтынайдан түнди тик аяғынан турғызып, қосығын айтыўды сорандым.

— Жоқ, — деди ол муңлы. — Жоқ, Құрбанияз, мен ол қосықты не ушын айта бермеймен? Сиз билмейсиз... сиз билмейсиз...

Ол орамалын тислеп қалды.

— Қосық — мениң өмирим, арзыў-әрманым. Оны мен үлкен үмит пенен айтаман. Оны мен адамларға рәҳәт бағышлаў ушын емес, ал жүрегимдеги дебдиўди шығарыў ушын айтаман. Исенемен, жыллар өтсин, мениң қосығымды жийирек тыңлайсыз. Ҳәзир... ҳәзир сорап, мениң жаралы жүрегиме шеребе қуймаңыз, өтинемен. Оқыўға барғаннан кейин... аўа, барлық сырды айтып беремен. Мениң сыртымнан не деген гәп тарқатты олар. Бәрин айтып беремен, бәрин! Сизиң ықласыңыз ушын-ақ анаў күнги концертте айтажақ едим, олар айтқызбады.» Аўылда әкең жан тәслим болайын деп атырғанда сен буяқта сабағыңды оқымай, қосық айтып мәсирип жүресең бе? Егер... сол концертте қосығыңды бузбасаң, изи шатаққа айланады, қыз!» — деп қорқытты олар. Бирақ, булар өткинши нәрселер, булар маған дәрт бола алмайды. Мениң кеўлимде басқа дәртке орын қалмаған... Анама болған ғәзеп ҳәм сағыныш, әкемниң наўқаслығы... тағы да орны толмас айралық... Жоқ, ҳәзир айтпайман оны... Мениң жүрегим жаралы, Құрбанияз аға. Мен — нашарман, қайғылы нашарман...

4

Қараөзектен толқыўлар менен қайттым. Жол азабының диңкемди қуртқанына қарамай, көз алдымда жаңа бир соқпақ ашылып, солай қарап пәлпеллегим келе берер еди. Жолларда шаң жутып киятырсам да, қыялым еле арна бойында, ағын суўдағы түнерген аспаннан жақты жулдызын излеп, Алтынай өз кеўлиндеги сырларын еле айтып атырғандай туйылады. Сонда маған бул жер үстинде дым ғана шадлық қалмағандай мынаў арнадан суў орнына толып-тасып ҳәсирет ағып атырғандай болып көринеди. Мен сол ҳәсирет арнасына шомылып киятырман.

Институтта маған «келдиң бе, кеттиң бе» деген адам болмады. Бираз аудиторияларда күйгелек муғаллимлердиң шыр-пыры шығып лекция оқып атырған даўыслары, гейпараларында студентлердиң тәртипсиз ўағырлылары еситиледи. Деканатқа баратырсам алдымнан

Артықбай шықты.

— Келиўиң менен!

— Жыйналыс қашан?

— Ертеңнен арғы күни. Қызды әкелдиң бе?

Сонда Алтынай қосықты айтпай бузған концерттен соңғы күни Артықбайдың қызға кейигени, Алтынайдың хорлығы келип жылап шығып кеткени бирден көз алдыма елеслеп, ашыўым қозып кетти:

— Барлық бәле сеннен болды!

— Не бәле? — Оның түри бузылысты.

— Не бәле! Алтынайға онша алып-топыла берип, әкеңниң қарызы бар ма еди?!

— Сенде бир әндийше бар ғой. Берманырақ кел! Екеўимиз коридордың шетине шықтық.

— Ал, айт, не өзи? — деп Артықбай тақатсызланды.

— Аманлық па? Я, өлип қалып па?

— Аманлығы аманлық-тә, бирақ... Яқшы, жыйналыс бола берсин, бәрин түсинесең...

...Жайға келип қанша жатқанымды билмеймен, есик қағылды. Ханым екен, әбигерленип, азып, бир түрли болып кетипти. Көзлери басына мүсийбет түскен адамның көзлериндей исик, бурыннан сарғыш жүзи әбден запыранға айланыпты.

— Әкелдиң бе? — деди ол да есиктен кирер-кирместен. — Тойыңыз қашан?

Мениң қулағыма «тойымыз қашан» дегендей еситилип:

— Бир жылдан соң, — деппен. Ол бетиме бүкленген кишкене қағазды ылақтырып жиберди де:

— Опасыз! — деп шығып кетти. Төбеме жасын түскендей күйип кеттим де, тағы да қапа болыў ушын, тағы да азаплы ойлардың аўына шырматылыў ушын хатты оқыдым:

«Ықласым урғай! — деп ғарғады ақ қағаз, — ықласым урғай! Құрбан! Сениң менен қуўанатуғын едим, сениң менен Ханым едим. Енди ҳәммеси де қарап болды! Күни-түни сени ойладым. Келешектеги жас семьямызды ойладым. Екеўимиз де институтты питкерип, аман-саў жумысқа аралассақ, кимниң хожалығынан кем болармыз деўши едим. Мен саған ҳаял болыўға таярланып атыр едим. Биреў: «Құрбанияз киятыр!» деп алдаса да, сени излеп мойнымды мың мәртебе буратуғын едим.

Мени неше рет ушырасыўға шақырдың? Ҳеш қашан, ҳеш қашан!! Мен неше рет шақырдым? Бос ўақтыңның бәрин сатып алатуғын едим, соранып алатуғын едим, жалынып алатуғын едим!!! Енди жылаў да орынсыз. Көз жастан пайда жоқ, тандыры шықсын көз жастың! Сен болсаң кеттиң... жүрегимде салып кеткен дәртлериң ғана қалды, көзлеримде жағып кеткен отларың ғана қалды. Алтынай деген байтал сени меннен тартып алды. Бул бәлениң боларын баяғыда-ақ билгенмен. Мен мәзи жумыслар менен шығар деп кеўил аўдармайтуғын едим. Жоқ, ғабырысқан екенмен! Сен паянсыз сонда-ақ ол қатынға дәртлериңди айтып жүр екенсең! Талай сапар шыққыр көзим көр болмаса, оның менен тасаларда сөйлесип турғаныңды көрдим-аў. Мен қасыңызға жақынлаўдан сен әңгимени бурып, «қосық, музыка», деп сылап-сыйпайтуғын едиң. Артист болғаныңа!...»

Хаттың ақырына шекем оқығым келмеди. Еле Ханым да түсинеди, Артықбай да кеширим сорайды деп ойладым. Тек ғана Алтынай келсин, сол күни гүман менен өкпе-гийнениң бәри опат болады...

Ертеңине кеште тосыннан жыйнақ басланды. Жыйнақта еки мәселе: жазғы сессияға таярлық ҳәм тәртип қаралатуғын болды. Алтынай келмей турып ол жөниндеги мәселе қаралып кетпесе болар еди-аў деп ғолпылдап отырсам, биринши мәселе бойынша доклад питкеннен кейин Жәлимбетов гәпти меннен баслады.

— Күтиңкиремеймиз бе? — десем, Жәлимбетов көзин алартып:

— Нени күтемиз? Түйениң қуйрығы жерге жетиўин бе? — дейди. Президиумда Назаров та, мениң арқа сүйейтуғын айырым муғаллимлерим де көринбейди. Отырғанлардың ишинен Ханым да көзге шалынбады. Ҳәккедей секирип Жәлимбетов орнынан көтерилди:

— Жолдаслар, жыйнақ ертең болыўы керек еди, ондағы қаралатуғын мәселе бүгин-ақ писип жетилисти, сонлықтан биз шыдап тура алмадық. Биз Жамаловты түрине қарап әлпайым жигит шығар деп жүре бериппиз. Тексеристирип қарасақ, бул найсап былғалақты салып, қыласыңды қылып болып, тисиниң суўын сорып жүрген сыпайы екен. Жолдаслар, мине қолымызға еки хат келип түсти. Биреўи Жамалов пенен бир группада оқыйтуғын Тохтаровадан. Оқыўға рухсат етиң. «Арза. Усы

арзам арқалы мени институттан шығарыўыңызды соранаман. Бәрибир кетемен де. Себеби мени Жамалов Қурбанияз аламан, аламан, деп жүрип-жүрип, соңында алдап кетти. Бетиме ширкеў салды, көпке қарайтуғын абырайымнан айырды».

Екинши хат Жамаловтың кесиринен еле оқыўға қатнаспай атырған Юсуповадан.

«Мен Жамалов оқыған жерде оқый алмайман, — депти ол қыз. — Ол мениң намысыма тийди. Қосық айтыўды бәнелеп... мени қолға түсириўге урынды. Өз муғаллимлериме қарсы қойғысы келди. Енди мен шыдай алмайман...»

Енди мен шыдай алмайман!!!

Гүң болып қалдың ба, кесилгир тилим! Қырылдап қалдың ба,, өшкир үним?! Сөйле, жарыл!! Өзиңниң ҳақыйқатлығыңды айтып ант иш, зәҳәр ищ, уў иш!!! Бул не деген дөҳмет, бул не деген жала?! «От бәлесинен, суў бәлесинен, жала бәлесинен сақлай гөр!» деп усыған айтқан екен ғой! Ағып турған мийиримиң қайда кетти, адамлар? Жыланды ининен шығаратуғын жыллы сөзлериң қайда кетти, адамлар? Бир жас жигиттиң кемшилигин бетине басып, дегишип-дегишип кеширип жибере беретуғын кең пейлиңиз қайда кетти, адамлар?!

— Өтирик! — деп ушып турдым. — Исенбең, адамлар! Жала! Алтынай буны жазбайды, ол буны жазбаған! Ҳасла исенбең, досларым! Мен Тохтарова менен жүрсем жақсы нийетимди жолдас еткенмен. Мен оны ҳеш ўақытта да алдамайман! Бул гәплердиң ҳәммеси бийкар!

Еңиреп жибериппен. Не болғанымды билмеймен. Бир ўақытлары Артықбайдың даўысын еситтим.

— Сизди ҳүрметлейтуғын едик, жолдас Жәлимбетов. Бирақ, бүгин сизге түсинбей турмыз. Жамаловтың не гүнасы бар? Сизиң не ушын Юсупованы қорғашалап жүргениңизди билемиз.

— Отыр, бала! — Жәлимбетов оған жекиринди.

— Отырып болғаным енди! Жолдаслар, мынаў жыйналысты сыйлаў керек еди. Бирақ, Жәлимбетовтың тәнҳә өз пайдасы ушын өткерип атырғаны себепли ҳағынан жарылып, сыйыспайтуғын әңгимелерди де айтып жиберер болсам, кеширгейсизлер. Жәлимбетовтың Юсуповаға ашық екенин билесизлер ме? Бул адам

ҳаялын таслап сол қызды алмақшы. Сонлықтан «Жамалов недирә Алтынай менен сөйлесип жүр» деген гүман менен Жамаловты жоқ етпекши. «Гүман ийманнан айырады», жолдас Жәлимбетов...

— Сен, ҳүрметли Аманов, — деди Жәлимбетов салқын қанлылық пенен, — Жамалов пенен бир жерде турған соң арына шаўып атырсаң. Тегинде сизлер бир саздың бөзи екенсиз!

— Аўа, — деди Артықбай өршелене түсип. — Бизлер бир саздың бөзимиз! Улыўма совет жаслары бир саздың бөзи! Олар туўрылықты, әдилликти сүйеди! Олар насақ сөзлердиң душпаны, олар жаңалыққа умтылады, олар адамлардың кеўлине шадлық қуйыўға талпынады! Алдынан сиздей бөгет те тап болады, бирақ сиздей бөгет жаслық арнасының ағысына төтепки бере алмайды. Қурбанияз достым, басыңды ийме, еңсеңди көтер! Жүр кеттик, бизлер әдилликтиң жеңиси менен қосылып бирге келемиз!!!

Артықбай усыны айтты да, мениң қасыма жуўырып келип, қолымнан есикке қарай сүйреди. Бизлер жыйыннан қуўылған туўысқанлардай тиртеклесип сыртқа, ғайбана соқпақларға кете бердик...

5

Арадан үш күн өткенде Алтынайдың аўылына айланып бардым. Арна жағасында мени Алтынайдың қосығы емес, қамыслардың уўайымлы шайқатылыўлары, телеграф бағаналарының узақ өтмишлерди еслетип шерли дыңылдаўлары, боянлықлардың дәрмансыз жапырылып, суўлардың ҳәсирет пенен булқынып ағыўлары күтип алды. Мен паяпылдан өте бергенимде қарақалпақлардың ең аўыр мүсийбетиниң жан түршиктирерлик ашшы даўысын еситтим. Бул қурып кеткир даўыс маған дәлме-дәл Алтынайдың үйинен еситилип турды. Бул даўыс жүрегимниң пәрше-пәршесин шығарып, геўдемнен жулып әкетти. Көз алдым туңғыйық гүңгиртликке айланып, енди бир қәдем атсам жардан қулап кететуғындайман. Аяқларым қалтырап, өкпем аўзыма тығылды. Бәлким, жер астын-үстин болып кеткенде де бундай ўайраным шықпас еди. Не түрли жаман ойлар соқпағыма түсип, түлкидей жорғалайды. Паяпылға қарай киятырған балаға көзим түсти. О

тилим бармайды, сораўға қорқаман! Сорай алмайман...

Ол тусыма жақынлаўдан жуўырып келип, қос қолап сәлем берди де:

— Сен Дәўирхан аға емессең бе? — деди. Кейин басын шайқады. — Әй, яғә, ол сеннен келтерек еди.

— Ол ким? — дедим урқанатым ушып.

— Ол ма? — деп бала ойланып қалды. — Ол бар ғой... Айтпайман! Сен не, намазға киятырған болсаң, даўыс шығарыўға уялып усы жерде турсаң ба? Ҳәй, өзиң де бир ынжық жигит екенсең!

Бала қолын бир силтеп жүре баслады. Мен онын изинен жуўырдым.

— Иним, — дедим сыбырланып, — Ким?...

— Не ким?

— Ким қайтыс болған?

— Еле еситпедиң бе? Сонда қаяқтан киятырсаң?

— Қаладан.

— Қаладан? Кимниң үйине?

— Алтынайдың...

— Алтынайдың? Ол ҳәзир адам таныйтуғын ҳалда емес. Бийшара кешеден берли жылаў... — деп бала үлкен адамлардай гүрсинип қойды, — Ержан аға кеше..

Халық дәстүрине бойсынып, үйине жақынлаўдан даўыс шығарып бардым. Алтынай мени көрди, мен Алтынайды... Оның шырайы «бесқонақ» тағы қыраў шалған гүлдей солғын ҳәм жанға батарлықтай қайғылы еди. Ол мени қушақлап жылады, ыссы көз жасы тамған жерлерим күйип атырғандай... мен қайда екенимди биротала умытып кеттим де, Алтынайды баўырыма қысып өкирип жыладым. Әжағам Жуманиязда қаралы хат келгенде де бүйтип жыламаған шығарман. Билмеймен, не себеп екенин, көзлеримнен жас тамшылары зытқый берди...

Ҳәр сапары азанда қайтпақшы болып жолға шықсам:

— Ертең кетерсиз, — деп Алтынай жибермей-ақ қойды. Кеўил айтып келиўшилер де сийрексиген еди. Бул турмыстың талай гирдикарын бир ийинлеп атқарып, өмир теңизиндеги ҳәсирет сеңлериниң арасынан жүриўге үйренисип кеткен кемпир, қайтадан белин беккем буўып тиришиликтиң ғалма-ғалына түсип кетти. Гейде ошақ басында өли тынышлық қалғыганда тезирек бул жерден кетким келеди. Кетейин десем, оларды ел

сиз-жайсыз қаңыраған жекке атаўда қалдырып бара-тырғандай аяйман.

Бир күни Алтынай екеўимиз аўлақ қалдық. Мен соңғы жыйналыста болған әңгимелерди, Артықбай менен бирге институтты тәрк еткенимизди айтып бердим.

— Бәри мениң кесиримнен, — деди Алтынай тағы қапаланып. — Егер мен болмағанымда сизлер ҳәлекшиликке түспеген болар едиңиз.

— Жоқ, олай емес, Алтынай! Гүнәкар тек ғана — мен!

Алтынай үндемей қалды. Соң азмаз ойланды да, сырлары өшип, сынын жоғалтқан аршасын аша баслады. Ол аршасынан бир қағазларды шығарып ортаға таслады. Оның ишинде әскерий формадағы бир жигиттиң сүўрети бар екен. Сүўреттеги жигит қалың қасларын топланқырап, әлле бир татлы ойдың шадлығында күлип турған еди. Сүўреттиң төменине: «Көзлерим жолыңда, келермекенсең?» деп Алтынай жазыпты. Айралық қосығының ийесин тапқандай болдым. Сол минутларда Алтынай қосығын айтып атырғандай, ал сүўреттеги жигит бул дүньяны умытып, барлық ықласы менен сол қосықты ҳәз етип тыңлап атырғандай болды. Мине, қосық ҳәўижине көтерилди, бул рет ол ғайып болған көзлерди сағынған айралық жоқлаўындай емес, ал сай бойларында тәбияттың мүләйим гүллерин терип, қол усласып шабысып жүрген әрмансыз еки жастың қосығындай болып жаңлады. Қыялымда қосық таўсылмас дәстанға айланды; мен оның сазасы астында Алтынайдың дәслепки муҳаббатының бағыў-бостанына сапар әйледим...

* * *

«... — Дәўирхан екеўимиз бир мектепте оқыдық. Ол меннен бир класс жоқары еди. Бизлерди мектепке апаратуғын жалғыз арба жол ҳәр күни азанда екеўимизди табыстыратуғын еди. Ол мектептеги дийўалы газеталарды шығарды, оның қосықларын ҳәммемиз сүйип оқыйтуғын едик. Бир сапары жолда киятырып:

— Алтын! — деди мени бир нәрсеге таңландырғысы келгендей, — бир гәп айтсам өкпелемейсең бе?

— Не гәп өзи?

— Мен жақында узақ жақларға кетпекшимен.

— Оның несине өкпелеймен?

Ол бир түрли болып кетти. Қайтып ҳеш нәрсе демеди. Бизлер айрылысып кеттик. Урыс жылының биринши гүзеги. Аўылдағы ири баслы жигитлердиң гүлляни от пенен оқтың арасына атланды. Бизлер бир мезгил оқып, бир мезгил колхоздың жумысына қатнаймыз. Мениң әкем де урысқа кетти. Сол күни жатарға шекем арпа орақка барып, Дәўирханның бағанағы гәпин ойлаў менен жүрдим. Ол қайда кетпекши екен? Урысқа ма? Жоқ, жоқ! «Оның несине өкпелеймен» дедим-аў, бул гәпти айтпаўым керек еди. Неге олай дедим? Егер ол кетсе, мектепке жалғыз қатнайман. Оның қосықларын, күлдирги гәплерин есите алмайман. Шынында да досласып, оған баўыр басып кеткен екенмен.

Сол күннен баслап Дәўирханды үзликсиз ойлайтуғын бәлеге ушырадым. Бурын өзим сезбей жүр екенмен: ол мениң жүрегиме жақын адам екен, ол мениң туңғыш ғумшаларын байлап атырған жаслығым екен. Оннан айрылыў...

Дәўирхан ертеңине китабымның арасына бүкленген қағаз салып жиберипти. Мен оны көзлерим талғанша оқыдым. Ҳәр сапар оқығанымда ондағы сөзлер жаңарып еситилгендей, жүрегимди қытықлаған бийтаныс сезимлердиң ләззетинде балқыйтуғын едим:

«Әрманым — Алтынай!

Еки аўыз сөз айтыўға ижазат бер! Бул сөзлер мениң жаслық әрманымның гүли, оған мәңгилик бәҳәр керек, бәҳәрим — Алтынай, сениң өзиңсең!

Мен көзимди ашсам — сени көремен, көзим жумылса да сен көринесең. Есип турған гезенде самаллар сениң атыңды айтып гүўлесер, аспан әлеминде ылақкан бултлар сени излеўге шақырар. Жүрегим сеники ме, я өзимдики ме билмеймен. Өзимдики десем, ол мудамы сен жөнинде ойлайды, толғайды, әрманлайды. Сеники десем, ол менде жүр. Егер арзыр болса, жүрегим сеники болғай-дә!

Таң шуғласы сәлем берген ай жүзиңниң алдында әлемди умытаман, периштем! Мөлдир көзлериң көп ишинен мени көрип, тек ғана мени көриў ушын жаратылса екен деймен...»

Мен хатты көкирегиме басаман. Сонда дүрсилдеп турған көкирегимниң үстинде ақ қағаз тыпыршылап

турады, сол тыпыршылап турған хат емес, оянған биринши муҳаббат екен....

Дәўирханның көп қосықлары газеталарда басылып, аўыл адамлары оннан шайыр шығатуғынына гүманланбайтуғын еди. Ол урысқа қәҳәрленген көп қосықлар жазды, сол қосықларының бир ҳәрибин де түсирмей бизлер класымыз бойынша ядлап алып, басымыз қуралған жерде айтып жүретуғын едик.

Дәўирханның әкеси де күтә қатықулақ адам, мерекелерде оның айтқан раўаятлары бир таңға ада болмайды. Анасы да баласының шайырлыққа талапланып жүргенинен төбеси көкке жеткендей қуўанатуғын еди. Еле жас болсам да, түбинде сол үйге келин болып түсетуғынымды ойласам, өзимди бурын болмаған бир қуўаныш ҳәўири тула беденимди қыздыратуғын еди.

Дәўирхан күтпегенде жоғалып қалды. Мектепке кеўилсиз барып қайтаман. Жолларда мени күлдиретуғын, ойландыратуғын, гейде бултыйтатуғын адамым көринбеди. Мектепте де жоқ. Оны буншалық сағынаман, сергиздан болып жоқлайман деп ҳеш қашан да ойламаған едим.

Бир күни түске таман, сабақлар питейин деп турғанда мектепте жыйналыс болатуғыны ескертилди. Жоқары класслардың оқыўшыларын бир үлкенирек жайға топлап, мектеп директоры жыйналысты ашты. Қарасам, муғаллимлеримиздиң қатарында Дәўирхан да отыр. Көзлериме исенгим келмейди. Шашын тықырлатып алдырыпты. Ол тап көриспеген үш күнниң ишинде пүткиллей өзгерип кетипти!

— Ҳүрметли оқыўшылар! — деди мектеп директоры солғынлаў сөйлеп. — Өзлериңизге мәлим, 3-4 айдан берли фашист басқыншылары бизиң ана топырағымызда азатлық перзенти болған бизиң халқымыздың бийгүна қанларын төгип атыр. Бирақ партия баслағын совет халқы душпанға жеңислик бермеў ушын барлық ғайраты менен, барлық ар-намысы менен жаўызларға соққы бермекте. Урысқа бизиң де ағаларымыз,инилеримиз, дос-яранларымыз, балаларымыз атланды ҳәм атланып атыр. Олардың фронттағы қаҳарманлықлары туўралы қуўанышлы хабарлар келип тур. Егер жаў мойнын тартпаса ертең сизлер де атланасызлар! Биз қәйтсек те уллы Ўатанымызды гитлершилердиң қанлы пәнжесинен қорғап қалыўымыз керек! Жолдаслар! Би-

зиң мектептиң оқыўшысы, жас шайыр Ахметов Дәўирхан өз тилеги менен әскерликке баратыр...

Көзимниң алды гүңгиртлесип кетти. Отырған жеримде ҳаўа жетиспегендей, терлеп баратырман. Супсуўық тер. Енди ҳеш кимниң гәпин тыңлағым келмеди. Жыйналыс тезирек тарқаса екен деймен.

Жыйналыстан шығыўдан алды-артыма қарамай туўры үйге тарттым. Ҳеш адамға қосылғым келмейди. Жолда киятырып өзимди тута алмай жылап жибериппен. Кеўлимди зилдей еткен дебдиўден бирнәўйе қутыларман деген дәме менен үйге келгенше жылағым келе берди...

Сол күни ақшам бизлер үйден жырақтағы бир түп ақ талдың астында ушырастық.

— Ар-намысым шыдатпады, — деди Дәўирхан меннен кеширим сорағандай. — Бир жасым жетпейди екен. аўыл кеңеске жалынып-жалпайып туўырлатып военкоматқа бардым...

Ол көп нәрселерди айтты. Биреўи де қулағыма кирмеди. Тек оннан айрылып қалатуғыным жанымды азаплар еди. Бир ўақта ол мени биринши рет қушағына қысты ҳәм бурын еситип көрмеген жағымлы даўыс пенен:

— Алтынайым! — деди. Уйқыдан түн, зиңирейген таллар, жулдыз толы аспан, бәри, бәри сол мәҳәлде: «Алтынайым, Алтынайым!!» деп атырғандай еди. Оның мына гәплери қулағымның түбинде еле жаңғырады:

— Егер пүткил дүнья меники болса, оны сен ушын алмастырар едим, Алтынай! Егер мен қуяш болсам, сени көриў ушын батпас едим, Алтынай! Алтынай. Алтынайым мениң!!!

Ол мени пүткиллей еритип жиберди, жаңа ығбал бәҳәриниң сәўир самаллары менен балқып кеттим. Дәўирхан мениң көзиме теңи-тайы жоқ яр болып көринди. Мен оны өзимниң қыз болып жаратылғаныма шүкиршилик етип сүйдим, мен оны тиришиликтиң ҳақықына сүйдим...

Сол ақшамы Дәўирхан, екеўимиз астында ушырасқан талға шаққысы менен атларымызды ойып жазып:

— Усы ҳәриплер гөнермей-ақ қайтып келемен! — деген еди.

Соннан берли аўылда болсам, мен ҳәр күни келип сол ҳәриплерге үңилемен, бирақ олар дене жарасын-

дай әллеқашан питип кеткен еди, ал жүрегимдегә муҳаббат жарасы еле жазылар емес. Ол келетуғындай. Қай ўақ бир ўақ келип, сол талдың астында баяғы жазған ҳәриплерин таппай:

— Оҳо, Алтынай! Мен сени алдап көп күттирип қойыппан-аў! — деп мени қушағына қысып, бахытлы түрде күлетуғындай көринеди де турады.

Дәўирхан кетерде барлық жазған қосықларын маған берип, қупыя сақлаўды өтиниш етти. Еле аршаға салып қойыппан. Оннан еки рет-ақ хат алдым. Соң я хат, я хабар жоқ, тыр-тым.

Жыллар өтти... Жыллар өтер, бирақ мениң муҳаббатым тек бир адамға арналған. Жалғызлықта нала шегип, сары уўайымға түскен ўақларымда айралық қосығым мени жубатады. Келерме екен деймен уйқысыз түнлерде, кел деп жалынаман атқан таңларымда.

Қосығымды не ушын көп алдында айтпайтуғыныма енди түсинсеңиз керек, Қурбанияз аға. Сизди сыйлағанлықтан аға деймен, болмаса меннен киши болыўыңыз итимал. Мен жигирма еки бәҳәрге хош айтысайын деп турман. Солай мениң қосығыма, мениң муңыма түсиниңиз, түсиниўиңизди сорайман!...»

6

Сениң жүрек тарларын қан жылатқан айралық қосығына түсиндим, Алтынай! Сениң өмириндеги ҳәсирет бултлары тода-тодасы менен мениң кеўил сарайымды қаплады, Алтынай!

7

Дәўирханның қолжазбаларын жазыўшылар мәкемесине тапсырып, ол жердегилерден хабар-атарсыз кеткен бул шайырға излеў салып көриўди өтиниш еттим:

— Тез күнде дерегин табамыз, иним, — деп олар бир дана сүўретин де алып қалды...

— Қаникулға келип едим, — деп үйдиң ишин алдап, аўылда да бес-алты күн болып қайттым. Кетерде, мениң не сүргинде жүргенимнен бийхабар ата-анам:

— Тезирек үйлене гөр, үйлене гөр! — деп зинҳарлап қалды. Қайтып келиўден театрға хабарласып едим,

музыкант етип жумысқа алды. Ың-жыңсыз ислей бердим.

Бир кеште киноға баратырсам, узағырақта Артықбай қанатын жайып, маған қарай жуўырып киятыр. Оны көрмегениме де үш айдан көбирек ўақыт болыпты. Қушақласып көристик.

— Ҳаў, қайдасаң?

— Өзиң қайдасаң?

— Сүйинши!! — деди ол, — Еситтиң бе?

— Яқ! Яқ деппен-аў, нени?

— Жәлимбетовты қалпақтай ушырыпты!

— Қой-әй?...

— Оның қылмыслары көп екен. Бәрин әшкаралап, деканлық, деканлық ғой, муғаллимшиликтен де журдай етипти. Бунда Назаров Базарбай ағаның мийнети зор қусайды. Орнына сол декан болыпты. Бағана көрип едим: «екеўиңиз де келиң, бурынғы группаңыз бенен оқый бересиз. Оқып жүрип тапсырылмаған имтиханларыңызды тапсырасыз» — деди. Айттым ғой, саған әдиллик жеңеди деп!

— Онда Сәрсенбаевқа қыйын болған екен?!

— Оны да секретарьлықтан босатыпты.

— Әнеқалас! Шатақ болды-аў, жора, — деп күлдим Артықбайдың ийнинен қағып, — театрға жумысқа өтип едим.

— Шынында да шатақ болған екен, — деп ол да күлди. — Енди сен институтқа кирип кетсең, театр жабылып қалатуғын болды-аў!

Бизлер жазылысып күлистик.

— Консерваторияға кетпекши едим.

— Не? Қойса, жора! Тәўир-ақ азабын шегип едик, усыны питкерип алайық. Кейин-ақ оқый берерсең. Әкел қолды!

Қолларымыз айқасты.

— Менде бир усыныс бар, Артықбай достым. Бүгин аз-маз шай пулы алып едим, ҳәзир киноға барайық. Кейингисин несийбеңнен көре бересең...

...Өз орнымызға келип отырсақ, алдымызда Ханым отыр.

— Ҳаў, үйдеги примусты өшириўди умытпадық па? — деди Ханым қасындағы жигитке. Ханымның бул гәпи маған примусына мақтанып атырғандай сезилди. Жигит «өшти» дегендей белги берди. Аңласам, Ханым

Жасалмалылық бар.

турмысқа да шығып үлгерген екен. Бир ўақта Артық бай Ханымды көрип, мениң санымнан шымшып қойды. Мен оған көзимди қыстым. Картина басланды. Бир үзилиспесинде Ханымның қасындағы жигиттиң ийнинен түртип:

— Сизиң ҳаялыңыз бенен сөйлесип отырыўға болама? — деп арсызлық пенен сорадым. — Мени картина жалықтырды.

Жигит бетиме таңланыў аралас ашыў менен бежирейип қарады да, үндемеди. Усы гәпти тағы тәкирарладым. Бул сапары жигит:

— Ишсеңиз, жөниңизге отырың, — деп тәртип берди. — Картина жалықтырса, ҳәә анда, бир емес, еки есик тур!

— Мен ишкеним жоқ. Ханым биледи ғой мениң ишпейтуғынымды.

Ханым күйеўине әлленемелерди сыбырлап, екеўи алмасып отырды. Мен Артықбайдың қолынан жетелеп, сөйтип баяғы институттан айдалып кеткендей, екеўимиз тиртеклесип шығып кете бердик.

Азан менен деканатқа кирип барсақ Назаровтың бир өзи екен:

— Келдиңиз бе, қашақлар? — деп ол орнынан турып сәлемлести. — Отырың қәне! Аманов пенен кеше сөйлескенмен. Ал, Жамалов, сен қайда ылағып жүрсең?

— Усы дөгереклерде, — деп ыржыйдым. — Театрдың гүрлеген сазендесимен!

— Солай ма? Оҳо! — деди Назаров күлип. — Енди сазенде бизге де керек болып қалды. Қәне, изиме ериң.

Ол бизлерди изине ертип, бир аудиторияға келди де, Артықбайды сыртта қалдырып, мени ишке алып кирди. Кирсем, бурынғы қыз-жигитлер, өзиме таныс бир муғаллимниң лекциясын тыңлап отыр екен. Бизлер кирип барыўдан ҳәммеси жабырласыўы менен өрре турды. Студентлер мени жатырқағандай жалтақ-жалтақ қарайды.

— Отырың, — деди Назаров студентлерге, соң муғаллимге. — Мына жигитти таныйтуғын шығарсыз. Бүгиннен баслап оқыўын баслайды. Ал, Жамалов қысынбай-қымырылмай оқыўыңды даўам ете бер, — деп шықты да кетти.

Сөйтип, ҳеш ойламаған жерде Артықбай екеўимиз қайтадан студент болдық та қалдық...

Ара узамай институтта Алтынай пайда болды. Назаров бир муғаллимди жиберип оны да оқыўына алдырыпты. Ол оқыўына айланып келди! Енди мени қандай да бир тилсимли күш оның алдына қарай жетелеп, оның пәрийшан жүзлерине телмиртип турар еди. Оның көзлериндеги солғынлық орнында енди жаңа от ушқынлары пайда болып, негедур мениң жисмимди өртер еди. Сонда мен ернимди қымып, Дәўирханды, өзим көрмеген ержүрек жигитти, оның туңғыш муҳаббатын, талдағы питип кеткен ҳәриплерди....жәмисин ойлап, Алтынайға ҳүрмет ҳәм мийрим-шәпәәт толы көзлерим менен телмиремен...

Тағы бәҳәр келди. Бәҳәр талларға жасыл бояўларын сүртип, бағларды аппақ гүллери менен сәўлелендире баслады. Кешки жағымлы самал күни мененги шаршаўды умыттырып, сейил етиўге шақырады. Усындай кешлердиң биринде Алтынай турағуғын жайға келдим. Есикти қақсам ҳеш ким жуўап бермеди. Иштен сыңсып жылаған сести еситиўим мәттал, жалма-жан есикти ашып, жайға атылдым. Қарасам, кәттиң үстинде шашын жайып, дүс-төменине Алтынай жатыр. Шекелеринде көз жаслары жылтырайды: Зәррем қалмады.

— Не болды, Алтынай?

Жуўап жоқ.

— Бир жериңиз аўырды ма?

Сес жоқ. Ол қолы менен столды нусқады. Стол үстинде ашылыўы менен әдебий журнал жатыр. Онда... онда Дәўирханның баяғы күлимсиреген сүўрети турыпты. Қосықтың төменине қысқаша өмирбаяны ҳәм қосықлары басылған. Өмирбаянын оқый басладым. Соңында... он сегиз жасар азаматтың Сталинград түбиндеги саўашлардың биринде қаҳарманларша қаза болғанын жазыпты.

Өлипти!

Шайқалып кеттим. Қәпелимде жайдың иши гүмбир самбыр болғандай, гүрсилдеп бомбалар жарылып, шүйкилдескен оқлар зуўылдасып өтип атырғандай болды. Не болғанымды билмей, есаўандай аўзымды жыбырлата бериппен.

«Көзлерим жолында келермекенсең?», «Растан-ақ келмегениң бе?» деп сүўретке қарадым. Сонда сүўреттеги жигит маған мыналарды айтып турғандай еди:

«Жоқ, мен саған айланып келе алмадым. Жоллары-

ма телмиртип гәўҳар көзлеринди дилгир еткенимди кешир, Алтынайым мениң! Мен жер үстиндеги әдалатсызлықтың, жаўызлықтың ең соңғы қурбаны болғайман! Меннен соң ҳешкимниң де жаслық бағын қазан урып, қыршынлай, биймезгил өмир гүллери солмағай! Енди мениң аталарым, әкелерим, дос-яранларым, инилерим, туўылмаған ҳәм ҳешқашан да туўылмайтуғын перзентлеримниң қатарлары урыс деген нәлетий ўайраншылықты көрмегей, бир тамшы қанларын төкпегей! Мен тек усы мақсет ушын, усы әрман ушын, усы парахат келешек ушын жанымды қыйдым!!

Кешир, Алтынайым! Сонша жыл ўәдеңе опа әйлеттирип, муҳаббат бағында бийтахат күттиргенимди кешир, дилбарым!

Бирақ, мен өлген жоқпан. Қосықларымды бәлентирек оқы, онда мениң жүрегим, муҳаббатым, өмирим бар. Сен оны оқысаң, сағынған Дәўирханың менен тағы да бир сөйлесип, маўқынды басасаң. Бәлким, мен ҳәзир мыңлардың жүрегинде тирилип кеткен шығарман. Сен бүгин инан, егер сен инанбасаң, онда мен басқалар ушын бул дүньяға келмегенмен. Жаным, көз жасларыңды сүрт, қолаң шашларыңды жайып жылама!

Баяғы талдағы ойып жазылған ҳәриплер өшип питти ме? Олай болса урыс жаралары да жазылып питип кеткен шығар? Сен енди егленбе, өз соқпағың менен бахтыңа қарай қутлы қәдемлериңди таслай бер!

Мениң қосықларым — сениң қосықларың. Сен оларды қанша бәлентирек лапыз бенен айтсаң, мен сағаң соңша жақынырақ тураман. Айт, жаным!

Хош бол, әрманым мениң, Алтынайым мениң!!!

...Арадан онлаған күн өтти. Алтынайды көрген жерде бар ақылым менен тәселле айтып, ҳәсиретли нашардың ғамлы кеўлиң жубатыўға талапланатуғын едим. Ол мениң менен әжик-гүжик сөйлесип кете бермесе де, оған нәсият есабында көп сөзлерди айттым. Тек оған бир сөзди — Дәўирхан айтып кеткен сөзди айта алмадым. Айта алмайман! Бул сөзди айтыўдан гөре таўды көширгеним абзал. Оның тынық суўдай мийримкеш көзлеринен қорқаман, оның шийринликтен суўырып алғандай етип «Қурбанияз аға» деген нәзик даўысынан қорқаман. Оның жүрегиндеги ҳәсиретлери гүзги бултлардай ай жүзинде гезип жүр, оның жаўдыр жүп көзи әлем үстинен болажақ ығбалын соранып тур.

Оның геўдесин узақ айралықтың сағыныш дүти урып, кеўлиндеги шын муҳаббаттан азап шегиўде.

...Бир кеште Алтынай мени театрға шақырды. Пьесадан соң қараңғылаў көшелердиң биринен киятырмыз. Ол еле кеўлин көтермегенликтен зардаплы пишинде еди. Оның бет-әлпетиндеги бул уўайым менде де сәўлеленген. Оның алдында орынсыз күлип алмаў ушын тек ғана қайғылы тәғдир ҳаққында ойлап киятырман. Бирақ ишки сезимлерим пүткиллей дегбирден сасып, Алтынай ҳаққындағы ийгиликли ойлар мени ҳаўаландыратуғын еди. Мен елп еткен самал жоқ ўақтағы ақ теректиң уша басындай қалай қарай қуларымды билмей, ҳалдан тайған едим. Бәри, бәри топланып келип бир сораўдың үзилмес жибине дизилетуғын еди:

«Не деўим керек?»

«Не десең, ол де!» дегендей қараңғы көшелер қулағын қойып, тынышлық қойнында қалғып атыр. Ал, тақыр жол үстинде тек екеўимиздиң аяқларымыздың сеслери ғана бири-бири менен сөйлесип киятырғандай. Бизлер үнсизбиз. Ким биледи, мәгар екеўимиз де бир нәрсе жөнинде ойланып киятырмыз ба?....

Мине, Алтынайдың үйине де жақынлап қалдық. Енди ол хошласып ишке кирип кетеди, ал мен... мен тағы сандалып жайға қайта беремен. Неше рет тәкирарланады бул жүрис?

Ол иркилди. Үндемеди. Мен оған қарадым, ол — маған... ол тап мени биринши рет көрип атырғандай узақ қарады, көзлеринде ушқынласып атырған ықласты көрдим. Оның мисли қараслары жүрегимде топалаң басландырып жиберди. Ол еле тигилиўде, оның көзлери сөйлеп тур, меннен бир нәрсе тиленип турғандай. Жоқ, мен бәрибир ҳешнәрсе дей алмайман!

Көз алдымнан жылдырымдай болып Дәўирхан, тал астындағы туңғыш ушырасыў, талға ойып жазылған ҳәриплер өтип атыр. Ҳәриплер өшип питсе, Алтынайдың биринши муҳаббатының азабы да таўсылған шығар? Енди айралық қосығы да өз мүддәәсин питкерген шығар? Енди оның көзлери узақ жолларға телмиргенди қойып, маған тигиле баслағаны шығар? Илайым, солай болғай-дә?

Ол бир ўақта көзлерин төмен алды да, уялыңқы түрде:

— Тойымыз қашан? — деди.

Распа?

Распа айтып турғаны?! Әй, уйқыдағы түн, әй, узақтағы мөлтилдескен жулдызлар, әй, түнге қараўыллық етип турған дөңгелек ай, еситтиңлерме?! Қайталаң, тағы қайталаң!!! Тағы бир еситейин, тағы бир!! Не деген бахытлы едим! О, дүнья, дүнья, бүгинги бахытың тек ғана мениқи екен ғой! О, адамлар, адамлар-аў, еситтиңлер ме, Алтынай мениқи болып атыр, менің кеўлиме Алтынай ығбал болып араласып атыр!

Мен оны қушақлап алдым. Мениң қушағымда бир гүлистан жәҳән таўланып атырғандай болды. Оның көзинде де, мениң көзимде де жас бар еди, бул тәнҳа қуўаныштың жаслары!

— Жаным мениң! — деп сыбырлана қушып атырман оны, — тойымыздың басланғаны усы, бахытлы өмиримиздиң басланғаны усы! Алтынайым, Алтынайым!!

Самаллар тал басларында ойнап турды, бағаналар басындағы қалпақлы шырақлар гә олай, гә былай шайқалып, бизлерден мәс болғандай еди. Шарбақлардан гүллердиң хоширей ийислери келип жетип, онысыз да көтериңки кеўиллеримизге заўық бағышлады. Жүрек әрманларымыздың түйини шешилип, сыртқа атылды, олар нешше жыллар күсеген бәҳәрдей мәҳәлине баўыр басыў ушын, сәўир самаллары менен дөгерекке таралып атырғандай болды.

Жур, Алтынайым, әрманларымыздың изинен қол усласып өмирдиң алыс мәнзиллерине рәўана болайық!

1974-жыл.

НӨСЕР

Повесть

Узақ күнге силпилеп турған жамғыр кешке қарай қара нөсерге айланып, түни менен тыным таппады. Әйнектиң аржағынан сытырлаған сести қулағымның түбинен кетпей, көзимди қанша жумсам да, уйқы деген татлы нәрсе тентиреўик қыяллардың алдына түсип, меннен алыс-алысларға қаңғый берди. Енди көзимди жумсам да, ашсам да бәрибир еди: жайдың иши тастай қараңғы ҳәм тым-тырыс. Ҳеш жерде жамғырдан басқа ҳәрекеттиң атаўазасы жоқ, көз алдымда тап ҳәзир пүткил дүнья нөсерден басын паналап, ақшам көрпесинде уйықлап атырғандай.

Дөңбекший бердим. Уйқым келер емес. Айжанға дийдарластырған бахытлы ҳәм бахытсыз күнлеримди ойладым...

* * *

...Онда гүз еди. Ҳаўа райының түнге қарай сәл-пәл салқын тартқаны болмаса, күндизги ыссы еле жаздағы эптап таўын жаздырған жоқ. Аспан таза, көгилдир. Әтирапты бүркеп алған бағлар менен таллар еле сол қәлпинде жасыл дөнип, аўылдағы жайларды қанатының астына жасырып тур. Бес жыл оқып үлесиме тийген шаппаттай дипломды қолтығыма қысып барған мени райондағы ақсақаллар усы аўылдағы он жыллық мектепке жиберди. Алдындағы асына асылатуғындай келген пәтте гейпара муғаллимлер жақтырмаса да, сабақлар анық бөлистирилип болынған соң ескектиң тутқасы қолынан жаздырылғандай, биразы мени баўы-

рына тартып бес-алты күнниң ишинде танысып та кеттик. Олардың арасындағы ең жасы кишиси мен екенмен.

Директорымыз узын бойлы, сыбызғыдай созылған, ат жақлы, қоңқақ мурынлы киси. Қалпағын басынан ала қойса, маңлайы айдарлығына шекем прожектор тутып қойған муз айдынындай жарқырап кетеди екен. Аты директор демесең, оннан айбынып атырған жан жоқ, ҳәтте оқыўшыларға шекем тусынан өтип баратырғанда сынын бузбайды. Ол да ҳеш кимге ҳәкиреңлеп атырған жоқ, «сен тиймесең, мен тиймеймен» ниң қыйлы. Кийген кийимлеринен де оның директор екенин аңғарыў қыйын: басындағы қалпағы қысы менен қаптың ултанында қалғандай мыжырайып, жылтыр бастан аққан тер сыртына шыққан да шаң менен қарысып қалған. Шалбары менен көйлеги де қадаға илдирилгендей олпы-солпы болып, күлкиңди келтиреди. Дәслеп таңланып жүрсем де, бир ҳәптеге жетпей оның сын-сымбатына көзим үйренип кетти.

Бир күни кабинетине кирип барғанымда ол маған алыстағы ағайинлеримдей жаны ашып, жатақ жай жөнин сөйлести.

— Бир кемпиримнен басқа адамым жоқ дейсең бе? — деди де, мениң жуўабымды күтпестен телефонды таўлады. — Алло, Палжанбысаң? Сен былай ет. Паттысатты қойған өжирени босат. Мектептен Әжим ағаны жиберемен, ҳәклейди. Печин де бузып қайтадан салдырыў керек. Гербиштиң илажы болар. Қалғанын барған соң айтаман.

Ол трубканы орнына қойғаннан кейин алдындағы қағазларға қарап, биразға шекем ойланып қалды. Соң басын көтерип алды да, нуры қашыңқыраған көзлерин маған тигип:

— Әне, Атажан иним, жатақ жай мәселең шешилди, — деди.

— Рахмет, Есмырза аға!

Еки күннен кейин мектептиң жүк машинасын алып, үйди көширип әкелиў ушын аўылға тарттым. Бизиң аўыл қоңсылас райондағы түпкирдеги совхозлардың биринде, еди. Совхоз орайына шекем ийниң қыймылдамайтуғын асфальт жол болғаны менен аржағында диңкең қурып, жүрисиң өнбейди. Асфальт жолға үйренип қалған шоферлардың бизиң аўылдың жолында

сөгинбегени кемнен-кем шығар. Жолдың усындайлығына жалғыз өзим айыпкер адамдай шофердың бетине жалтақ-жалтақ қарап қояман. Ол даўысын шығарып ҳеш нәрсе айтпаған менен түтеп киятыр...

Үй алдында хожалықтың ғалма-ғалы менен гүйбеңлеп жүрген анам машинаға узақтан тикирейип қарап турды да, мениң кабинадан секирип түскенимди көриўи мәттал, қолындағы шелегин даңғырлатып жерге таслаўы менен маған қарай жуўырды. Ебетейсиз геўдем анамның меҳрибан қушағында қуўыршаққа айланғандай киширейип кеттим: ҳәрқашан усы сағынышлы қушаққа түсиўден өзимди баяғы бала гезимдегидей сезинемен, әлле нәрселерди былдырлап еркелегим келеди. Бул сапары өйте, алмадым, шофер жигиттиң туў сыртымыздан екеўимизге лалы шығып қарап турғаны ядыма түсиўден, уялшақ қызлардың жигит қушағынан наз бенен босанғысы келгениндей, анамның қолларын жаздырыўға ҳәрекет жасадым.

Анам, шофердың сәлемин алғаннан кейин, өзиниң қылған исине кеширимсорағандай:

— Жалғызымды сағынып қалыппан, шырағым, — деди. Бизлер ишкериледик. Буннан жигирма жыл бурын, әкемниң тири гезинде салынған жай оңып турған жоқ еди. Төрт қат жайдың тек бир өжиресинде отырғанлықтан, қағанларынан изей ийиси мүңкип, бир ўақытлары топан ылай менен сыбалған қалың дийўаллар көпшип түсе баслапты.

— Жай да тозып тур, — дедим, шофердың қыр дөгерекке сын көз бенен қарай бергенин жақтырмай. Мениң келгениме табаны жерге тиймей қуўанып жүрген анам әп-сәтте бир таўық услап әкелди.

— Сениң қолың тийе береме келиўге, баўырым. Жеп кетиң. Мә, сойып кел.

Мен шоферға қарадым. Онда асыққандай тур жоқ еди...

Аўқат желинип болынғаннан кейин анама қарадым. Ол еле көшетуғынымыздан бийхабар еди. Оның келиншек болып түскеннен берги пүткил өмири усы аўылдың ләззети менен машақатының арасында өтти. Ол усы аўылдың топырағын қайра-қайра басып жүрип терин төкти, колхозшы болды, стахановшылар ҳәрекетине қосылып ударник атанды. Оның көз алдында көп перзентлер дүньяға келди, ержетип адам болды.

Ол усы аўылда көз жасларын жеңининң ушы менен сыпырып турып, көп ғана адамларды қайтып келмес сапарға атландырды. Ол усы аўылда қулпырған жаслығы менен хошласты. Мен оның бахытлы жылларының қаншалық болғанын билмеймен, есим енгенде үйимизде әке жоқлығын билдим, мениң маңлайымнан әке болып та, ана болып та сыйпаған қоллар анамдики еди.

Анамды усы аўылдан көширип әкетиўдиң оңай емеслигин ойладым. Сол гәпти қалай баслаўдың ретин таппай отырсам, шофер тисин шуқлап отырып бирден асықты:

— Бол, Атажан, затларды тийей берейик!

Анам ҳайраны шығып маған қарады.

— Апа, сени көширип әкетиўге келдик, — дедим нәйлаж. Анам аўзына апара берген кесасын дастурханның шетине қойды да:

— Не таўып жүрсең, балам? — деди.

— Кемпир, балаң узақ жақтағы бир мектепке муғаллим болып барды. Енди үйин көширип апармаса ислеўи қыйын болады ғой, — деп мениң орныма шофер түсиндире баслады. — Директор ақсақал өзиниң бир өжиресин берди. Жақсы адам.

— Мени қәйтесең, балам, жыллы жеримнен қозғап... өзиң бола бер. Әкеңниң көзин көрген ата-мәканды қаңыратып таслап... мени қудай ура ма?! Қартайған шағымда кисиниң қолтығында туншығып өлгендей шамам жоқ.

Мен тубалап қалдым. Шофер демниң арасында жеген таўығын умытты ма, маған тоңқылдана баслады:

— Кемпириң менен келисип алмай, машынды бостанбосқа ҳәлеклеп... Бул ўаққа шекем Хожелидеги көмирге еки рейс қатнайтуғын едим!

Оған үндегеним жоқ. Не дейин? Гүнаның бәри өзимде. Диплом алып келген күнлери анам менен көшиў жөнинде сөйлессем болады ғой.

— Апа, онда көшпейсең бе? — дедим ақыр аяғында.

— Айта көрме! Енди ҳәлек болма.

— Онда, апа, еки жыл шыда... Оннан кейин аўылдағы мектептен орын сорап көрермен.

— Шыдайман. Бес жыл шыдадым. Еки жыл емес, он жыл шыдайман!!!

Анамның ашыўланғанын сездим. Мен пединститутты питкерип келгенде қанша қуўанып еди, ҳәтте аўылласларды шақырып кишигирим той да берип жиберди. Сол күнлери өкпесин қолына алып жуўырды, мениң жолыма пәйик болып қустай ушты. Мени тез арада үйлендириў де ядында жоқ емес екен, түнде уйқылы-ояў жатырғанымда биреўдиң пәленше деген қызын айтып атыр еди, ҳәзир ядымнан көтерилипти.

— Бизге бул-әм шеп болған жоқ, — деди шофер орнынан турып атырып. — Аўылға тезирек баратуғын болдық.

Мен шофер жигитти жек көре басладым. Ойларым алғаў-далғаў. Анам кесадағы сап-сары шайға тигилиўи менен еле сазырайып отыр. Бул отырыстан жуўғарада тил қатқандай түри байқалмайды. Шофер сыртқа шығып кетти. Анам әллен ўақта тилге келди:

— Балам, қартайдым. Өмиримниң ендиги қалған жағында сени көз алдымда жүрерме екен деп едим... болмады. Қайда жүрсең де бахытлы бол, балам, сорлы анаңды умытпасаң болар. — Ол көзиниң жасын сыпырып таслады. — Тапқан-тупқанымды үстиңе жумсап, тамағыңа жумсап оқыттым, адам еттим, анаңа өкпең жоқ шығар, қулыным?!

Сырттан машинаның сигналы еситилди. Шоферды сннан сайын жек көрип кеттим.

— Бара ғой, балам, — деди анам. — Бара ғой... Жаңағы бала да асығып турған шығар...

...Жол бойынша анам ядымнан кетпеди. Оның жылап қалғаны көкирегимди муз қысқандай етти. Шыныда да, жалғыз анамнан жырақта төрт жағым қубла болып, ойнап-күлип жүрип ислей алмайтуғыным кеўлиме аян еди. Әрман таўына өрмелеп шығар болсам, усы жағымсыз ой қайўақ-бирўақ аяғымнан шалады да, мени бир жықпай тыншымайды. «Ананың кеўли балада, баланың кеўли далада» деген нақылды анамның аўзынан еситким келмес еди, енди илаж қанша?

Жолдың парқына бармай машинаны секиртип айдап киятырған көзсиз шофер тағы да жинимди атландырып, келешегим ҳаққындағы таўсылмас ҳәм биймәни ойларымның белине теўе берди. Көп қырлардан асқанша екеўимиз де иллә деп аўзымызды ашпадық. Жолдың гедир-будырлығы менен қазғанақлығы бурынғыдан да көбейип кеткендей. Гейде орпаң топыраққа табаны тийген машина ыңыранып зорға тартады. Теги-

сирек жерде шаңғытқа жеткермей кетсек те, қазғанаққа келгенде шаң «туттым ба?» дегендей бизлерди бүркеп алып алдымыз көринбей қалады. Сондай ўақта усы жолды тап мен салдырып қойғандай, шофер мени нәзерге алып барынша сөгинип жиберди:

— Бостан-босқа ҳәлеклеп!...

— Жүк тийелгенде де усы жолдан жүресең ғой.

— Әй, жаңағы қақсалың ертең және айнып... аўа, көшемен десе, тағы биз ҳәлек!... Қәйерде өлгенде не екен бул халыққа!?

Қалтырап кеттим. Көзимниң алды шаң емес, думанға айланғандай болды. Бул дүньядағы мениң ең бир ҳасыл, оғада мийирбан, күтә қымбатлы адамым — Анам ды мына найсап «қақсал» деп атағаны менен турмай, оның өлимин қаңғыбас ийтлердиң өлими қурақым көрип киятырғаны қанымды қайнатып жиберди.

— Тоқтат!!

Шофер ненің не екенин түсинбей қалша тормозын басты:

— Аманлық па?

— Түс машинадан!

Ол түр-түсиме қарады да:

— Неге түседи? — деп машинаны жүргизбекши болып еди, мен оң қолына асылдым.

— Себеби бар ма? Я үйиңди...

— Түс деймен! !

Ол баранкаға жабысып алды. Мен машинаның гилтин кейин таўлап, моторды өширип тасладым да, шофердың өзим жақтағы қулақ шекесине қойып жибердим. Төбелесиўди студент ўақта үйренген едим. Институтта халық дружинашыларына ағза болғаннан кейин бос ўақытларымда бокс, самбо бойынша секцияларға қатнастым. Бул спорт түрлери түнлерде көшелерди аралап, жәмийетлик тәртипти қорғап жүргенимде талай сапар қала жалатайларын тутып алыўға жәрдемин берди. Гейде зыянын да көрип киятырман, сөз бенен-ақ мәмлеге келетуғын жерде қызбалығым тутып, жудырық жумсағанымды билмей қаламан.

Екинши муштың зарпына шыдамаған шофер кабинадан атылып сыртқа шықты да, машинаның кузовына асылды. Артқы әйнектен кузовтың ултанына қарап едим, жүрегим суў ете қалды: қулаштай бир темир жатыр екен. Жалма-жан кабинадан секиргенимниң

пайдасы болмады, шофер сөгиниўи менен кузовтың ишине домалап түсти де, жаңағы темирге жабысты. Қолына қурал илингеннен соң шофер геўдеси ириленгендей, батырсынып сөйледи:

— Қәне, кел! Ўооо, сендейдиң нешшеўин қолдан өткергенбиз, ананды!...

— Мәрт болсаң, анаға тил тийгизбе! Егер қолыңдағыны тасламасаң... — дей бергеним, елес-қапаста билмей қалыппан. Көзимниң алды жарқ ете қалды. Әтирап қып-қызыл, машина да, оның үстинде собырайып турған адам да қып-қызыл... Қәпелимде усы қып-қызыл әлем төңкерилип кетти.

* * *

...Көзимди аштым да қайта жумдым. Енди ҳәмме жақ аппақ болып кетти. Дийўал да, төбе де, қасымда жүрген адамлар да аппақ екен. Басымды көтермекши бола бергеним, биреў шүй төбеме биз тығып алғандай шыңғырып жибердим.

— Сизге қыймылдаўға болмайды, — деген жумсақ ғана қыз даўысын еситтим. Көзимди ашқым келмеди. Биреўлердиң жөткирининп, узағырақтан нәрестелердиң жылаған даўыслары еситилди. Не болып, не қойғанын ядыма түсиргим келеди, тек көз алдымда қып-қызыл дүнья, қып-қызыл машина, оның үстинде собырайған қып-қызыл адам... Қәпелимде ҳәммесиниң бирден төңкерилип кеткени... Басқасын еслей алмадым.

Арадан бир саат өтти ме, бир күн өтти ме, бир ҳәпте өтти ме билмеймен, уйқылы-ояў, шала-жансар өмирге тап болдым. Ара-тура ғаўырлыларды еситемен, биреўлердиң биреўлерге тәселле берип атырған даўыслары қулағыма тал-тал келеди. Гейде анам бийшараның жылаған даўысын еситкендей боламан. Сөйлесем, бир нәрсе айтсам деймен, лекин басымның үстине гиддиман тас қойғандай жағымды аша алмайман. Түсимде көргенлерим менен өңимдегилер шым-шытырық болып былғасып, ҳеш нәрсени ажырата алмадым.

...Врачлардың рухсаты бойынша жай ишинде арман-берман қозғалатуғын болдым. Аяғыма турған дәслепки күни әйнектен сыртқа қарағаным сол, жүрегим зырқырап қоя берди. Ғыр-дөгеректиң ҳәммеси сарыдан липас жамылып, тереклер менен мийўа ағашларының жапы-

рақлары шақаларынан ушып түсипти де, әйнек алдындағы салманың иши алтындай жапырақларға толып қалыпты. Узақлардан асырылып емлеўхана шарбағының ишине түсип турған қуяш нурларына шекем сап-сары. Тумбочка үстиндеги шарайнаға қарап, өзимди өзим танымай қалдым. Ҳәр жақтан таўып алып қурастырып қойғандай басымды сийле менен шандып таслапты. Көзлерим шүңирейип, суў толтырылған қуйының аўзындай опырылып ишине кирип кетипти. Мурным төңкерилген қайықтай еки бетимниң үстине жарбыйып жатып алыпты; адамның бет-әлпети азған сайын мурын үлкейеме деп қалдым.

Гүзги тәбияттан нәр алғандай жүзлерим де сап-сары еди. Бойымда диңке қалмапты. Жаңа тусаўы кесилген нәрестедей есиктен төрге шекем зорға жүрип бараман. Жатқан палатам урыс ўақтағы госпитальды еслетеди: бир кисиниң аяғын гипске салып, аспанға асып қойса, екинши биреўдиң қолы мойнына асылған. Тағы биреў балдақ пенен жүрсе, басқа биреўиниң басы оралған. Еле ҳеш қайсысы менен дурыслап сөйлесип, жақыннан таныса алмадым. Врачлар рухсат етпейди. Шамалаўыма қарағанда, қасымдағылар кеўилсиз адамлар еместей, онша қақаң-соқаң менен иси болмаса да аратура басқыласып қояды. Аяғын аспанға асып қойған адам базда түни менен сандырақлап шығады. «Меннен болған жоқ, жолдас автоинспектор! Ттушш!!!» деп ысқырып жибереди. Оған дәслепки күнлери есик бетте жатырған бала күлетуғын еди, қулағы үйренискен соң басы айланбайтуғын болды.

Ертеңине түске таман медсестра қызға ерип, палатамызға милиционер келди. Медсестра оны мениң койкамның қасына әкелди де:

— Ал, аға, бес минуттан артық отырсаңыз врач маған урысып таслайды, — деп сыртқа шығып кетти. Милиционер отызлардың ишиндеги қызыл жүзли жигит екен. Салбыратып қойған мурты егеделеў етип көрсеткени болмаса, түр-түсинен еле жаслықтың ушқыны кете қоймаған. Ол стулды мениң койкамның қасына әкелди де, отырып болғаннан кейин қызыл папкасын ашып жиберип, мениң менен бурыннан таныс адамлардай сораса кетти:

— Ал, Атажан батыр, аўҳалларың қалай?

— Рахмет!

— Врачларың жақсы деп атыр. Сеннен болған ўақыяны билейин деп келдим. Бастан баслап асықпай айтып берсең?

Мен не деримди билмей қалдым. Көз алдым тағы булдырласып кетти. Қазғанақ, гедир-будыр, ала шаң жол. Өңкилеп киятырған машина. Тоңқылдап сөгинип киятырған шофер... Қып-қызыл дүнья... Қып-қызыл машина... Қып-қызыл адам... Бирер секунд ишинде ҳәммеси көз алдымнан дизилип өтти. Милиционерге қарадым. Ғаўқыйған қып-қызыл фуражка. Алдындағы папкасы да қып-қызыл. Көзиме қан қуйылып кеткендей шарта кирпиклеримди айқастырдым... Көзимди ашсам, қасымдағы милиционер кетип қалған екен.

* * *

Күнлер өткен сайын басымдағы жараның ҳазары қайтып, шандып қойған сийлелер де азая баслады. Сыртқа шығатуғын болдым. Далада әлле қашан гүздиң қара суўығы басланып кетипти. Мектепти сағындым. Пахта атызларында жүргим келди. Адамлардың күлкисин күседим. Көкирегим кеңликке интизар болды. Емлеўхана ишиндеги аўырыўлардың ыңқылдысы менен ҳәр қыйлы дәри-дармақлардың ийиси зериктирип жиберди. Шарбақтың дийўалынан асырылып түсип, басымның аўған жағына қарай шапқым келеди.

Түске жақын бир кастрюл аўқат әкелген анам мениң сыртта жүргениме қуўанғанынан жылап жиберди. Мениң усындай аўҳалға ушырағанымды еситкен күни-ақ ол аўылдан бир тележка таўып, директордың баяғы эжиресине көшип келипти.

— Қатнаўынан қорықтым, — деди ол, — Енди сен бул жерден шыққан соң қайтадан көшип кетемен.

— Цыган бол-ә апа! — деп күлдим.

— Сени де әкетемен. Жат журтта таяқ жегизип қояманба? Бир күни өлтирип кетеди. Аўа! Өлтирежақ болған ғой, тек қудай сақлап... Қой, балам, муғаллим болмағанлар аштан өлип атырған жоқ. «Ғайры елде патша болғаннан, өз елиңде шопан болған артық» деген ата-бабаларың. Сен солардан билгиш емессең. Аўылға бар, жумыс қапылмас...

Анам ҳәр келген сайын усы гәпинен жаңылмады. Палатаның ишине күн батып, ымырт жабылғанша ба-

сымды суққым келмейди. Бул жерде кемелес адамларым гилең ҳәсиретли жанлар: биреўи меншик машинасын столбаға урып аяғын сындырған; екиншиси трактырын изейкешке аўдарып, о дүньяның бержағынан қайтқан; үшиншиси арақ деп кислота ишип жиберген; төртиншиси... узын қулақ әңгимелерге қарағанда, ҳаялынан кеспелтек жеп, басын жарған; бесиншиси — мен; алтыншысы ойнап жүрип аяғын шығарып алып, оны бир «сыныққшы» ға салдырса аяғы ийинағаштай қыйсық питип, ақыр аяғында емлеўханаға келген кишкене қара бала.

Столба менен дүгискен адам «паллаққа» асып қойған аяғы жерге салбыраған сайын аўырыўын умытып, машинасын уўайымлай баслады. Былтыр совхоз байраққа берген «Москвич» екен. Үйинен адам келип буның аўҳалын сораса, бул олардан машинаның жағдайын сорайды. Бир күни ҳаялы бақырып таслады:

— Тандыры шықсын сол темирдиң! Соннан өлип кеткениңде нешше пуллық киси болар едиң?! Қойсаң-э, қаяқтағы нәрсени уўайымлай бермей! Оннанша қудайдан ден-саўлығыңды тилен! О неси-ай, машын минбеген адамлар үлеспектен бос қалып атырма?!

Бул гәпти палатамыз бенен қуўатладық. Бизге не, тумсығы жымпыйып атырған машинамыз болмағаннан кейин мынаў адамның қайғысы жүрегимизге тисин батыра алмайды.

Арақ деп кислота ишип жиберген адамның емлеўханада жатырғанына төрт айдың жүзи толыпты. Аўзының иши питкен жара, жөнлеп аўқат ише алмайды. тек көзи мөлтилдеп жатады да қояды. Оны ҳәммемиз аяймыз. Аяған менен не пайда, тийген жерин күйдирип жиберетуғын кислота ишкен соң оңғылық болама? Оның изинен адам келген ўақта палатада өли тынышлық ҳүким сүреди. Мен көбинесе сыртқа шығып кетемен.

Тракторын изейкешке аўдарып алған жигит таңның алдында пахта пункттен қайтып киятырғанда қалғып кетип, бир жамбасы трактордың астында қалған. Оның бахтына издеги трактерда төрт-бес адам бар екен ҳәм изейкеште суў болмаған. Өзи бир хош кеўилли жигит екен, бети берман қарағалы медсестрадан баслап бас врачқа шекем басқылап, ара-тура ишек-силемизди қатырады. Аўылында да абырайлы

болса керек, ҳәр күни изинен келип турған адамда есап жоқ.

Ал, ҳаялы урып басын жарған деген сыпсың таңылып жатырған киси қырғый минез, базда шетимизден бий-себеп бақырады да тым-тырыс жатып қалады, ямаса қуўақышылық етеди. Кимниң изинен мазалы аўқат көп келсе, оған соннан жақсы адам жоқ. Өзиниң изинен адам келгенин көрмедик. Оның буған ары келип атырған жоқ, қайта үйиндеги дыңғырлыдан қутылғалы еки бети салынып, баққыдағы тоқлыдай семирип баратыр. Соңғы күнлери мени көбирек айланшықлап, кемпир писирип әкелген таўықлардың дымғозасына үйирсек болып жүр. Сол ушын ба, я еки басы жарықтың дәрти бир болама, әйтеўир мениң менен әлпи алысқыш болып кетти.

— Иним, үйлендиң бе? — деп сорап қалды ол бир күни.

— Яқ, аға.

— Онда тәўир екенсең... Бахытлы жигит екенсең. Иним, бар ғой, усы ағаңның ақылын алсаң, қырққа шекем үйленбе.

— Кемпир қыйқаң шығарса...

— Сол кемпирдиң гәпин жықпайық деп қурыдық ғой, иним, — деди де ол ойланып қалды. — Даўың жүрмесе қыйын екен. Төрт рет үйлендим. Биринши кемпирге жақпады. Тасладым. Соннан кемпир өлгенше ҳаял туқымына нәзерим түспеди. Кемпирден қутылған соң бир қызды алып қашып келдим. Жас қыз алып не қыламан-аў мен сорлы... Ол үйге келген соң, бир жырбақайлардан мениң бурын ҳаял таслағанымды еситипти. Соннан салды шатақты дегейсең, салды шатақты! Ақырында «жибин түрип айдап жибер байталдың» дегендей еттим. Ҳаялдан салымы жоқ адамды қоя бер, сирә. Мениң турмысым да бир ертектей-аў, иним. Атың ким еди еле?

— Атажан.

— Аўа. Атажан. Умытпайтуғын ат екен. Мениң өгей әкемниң аты да Атажан еди. Талай таяғын жегенмен заңғардың! Соннан, Атажан иним, қатынсыз қашанғы жүрейин, үйдиң иши де посып кеткен журтай қаңырап, әбигерленип баратыр. Аяқ жетер жерде қайтпа болса, айттырып атырман. Атажан иним, инан, инанба, дүньяда мына қайтпа халқы яман-ә болады

екен. Түүў... Бурын бир жерден пәнт жеп қайтқан соңба, «аўзы күйген үрлеп ишеди» дегендей, олардың писигин қәйтерсең, бала! Қайтпадан көре қыз алыў аңсат па деп қалдым. Ол бийшараларда сумлық жоқ ғой. Үстиңди жылтыратып, бетиңди-ийегиңди қырып, қыйсаңлап бара қойсаң аңқ ете қалады.... Анаў, киятырған аяғын асып қойған адамның ҳаялы емеспе, Атажан? — деп ол емлеўхананың дәрўазасынан өтип атырған ҳаялға ийегин созды.

— Сол болса керек.

— Жүр, аўқатынан ишип қайтайық.

— Рахмет, тойып турман.

— Онда мен барып қайтайын. — Ол ишке кирип кетти.

Гүз паслы жапырақларын жулған сып-сыйдам ақ тереклер менен жалаңаш шақалар айқасқан ериклер жағымсыз даўылда кеўилсиз қыймылдап, жаздағы доланған сәнин аңсап атырғандай, өтип кеткен асығыс жаслығын әрманлап басын шайқап атырған кисилерге уқсайды. Батыс тәрептен қабағын қарыс жаўып қап-қара булт киятыр, бул келистен шағырайып турған қуяш нурларын бүркеп алады да, енди сүт писирим ўақтан кейин жер үстин салқын көлеңке қаплайды. Пахтаны ойладым. Усындай ғәниймет күнлерде аспанды булт басса, адамлардың берекетин қашырып, жоқарыға өрмелеп баратырған аяқлары тайғанақлай береди...

— Атажан аға, не қылып отырсыз?—Медсестра қыздың даўысынан шоршып кеткенимди билдирмейин десем де, жүзлерим қызарып кеткен қусайды.

— Ўай-боой, аязлап қалмадыңыз ба?—деп ол ҳаялы урып басын жарған бағанағы адамның орнына отырды.

— Мени қашан шығарар екен, Айжан?

Ол жилўә менен күлимсиреп, бетиме тигилди. Көзлери дөңгеленип ушқын шашып тур екен, олар бирден лап етти де, әлле қашан тилсим от тула беденимди қарпып алғандай болды. Үстиндеги аппақ халаты, басындағы аппақ топпысынан шығып турған көмирдей қап-қара шашы, алманың қызылындай жуп-жумалақ бетине шекем бурын көрмеген, сезбеген әжайып гөззаллық болып көринди.

— Зериктиңиз бе?—деди ол сырлы пишинде. Көз-

екен-дә! Өзимди өлтирмекши болған кисини маңлайынан сыйпап қорғап қалыўым керек екен-дә!? Жо-оқ!

Қолымды тутқадан жаздырдым да, есикти тарс еттирип жаўып изиме айландым. Коридорда қаққан қазықтай сәррийип Айжан тур екен, жүзине қарап едим, көзлеринде моншақтай мөлтилдеген жасты көрип қалдым. Ҳайраным шықты. Ол маған ҳеш нәрсе айтқысы келмей, бетин арман бурды да, тез-тез адымлап далаға шығып кетти...

* * *

Сол күни бастырынып жата бердим. Дәўен аға бир-еки рет келип, сыртқа шығыўға мирәт етип еди, басымды сылтаўлап бармадым. Түрли ойлар искенжеге қысты. Ой теңизинде мантығып, қара суў болып терледим. Палатада ара-тура Айжанның даўысы еситилди, оның даўысында да бурынғыдай жумсақлық сезилмейди. Аўырыўын минлет еткен адамларға бурынлары ығынан барса, енди өринен келип:

— Еркелигинди қатынына етерсең! Бол тез!! — деп бақырынып қояды. Палатаның иши музлап кеткендей болды. Тағы да бүркене түстим. Айжанның жағымсыз даўысы берекетимизди қашырып, әйнек-қапысыз ҳүўлеген жайда жатырғандаймыз.

Аяғын асып қойған адам шыдамады:

— Қызым қышқыра берме! Биз тамашаға жатырғанымыз жоқ.

— Сизиң менен жумысым жоқ!

— Булардың гәпин қойса! — деп Дәўен аға даўыслады. — Булардың бәрин жыртық кемеге салып ығызыў керек. Қатында опа болама?!

Айжанның даўысы пәтлирек шықты:

— Ҳәммени өзиңниң қатыныңменен салыстырма!

Дәўен аға шыйқылдап күлди:

— Ўай-ўай-ўей!... Сен қәйерге тулға боларман дейсең! Қолтығыңда қанатың болса да, бир жигиттиң қойнынан арыға ушып бара алмайсаң!

— Дәўен аға, қызыңдай адамға өй деў уят емес пе? — деп гәпке тракторын изейкешке аўдарған жигит араласты.

— Мениң қызым жоқ. Қызым болмағай!

— Жинлиниң шақы болама деген усы-дә — деп

еди трактористы жигит, ҳәмме күлип жиберди. Көрпениң астынан қарасам, Айжан да ҳәз етип күлип тур екен. Дәўен аға пыс болып қалды.

Сол сапары түни менен уйқым келмеди. Коридорда ҳеш ким жоқ екен. Әсте ақырын палатамнан шықтым да сыртқы есикти аштым. Далада нөсер жамғыр басланыпты. Түн тастай қараңғы. Емлеўхананың алды әллеқашан-ақ селлеп қалыпты. Пахта ядыма түсти. Оқыўшыларымды аядым. Жатқан жайларының төбесинен өтип кетпесе еди... Жамғыр астында тура бериўден тиксинип, дәрриў ишке кирдим. Сыртқы есиктиң тарс етип жабылғанынан оянған болса керек көзлерин уўқалап коридорда турған Айжанды көрдим. Ол маған бир түрли солғынлық пенен немқурайды қарады. «Уйқысын бузғанымды жақтырмай тур-аў» деп ойладым да:

— Айжан, үйиңе қайтпадың ба? — дедим.

— Яқ. Бүгин Зернештиң орнына дежурствода едим. Неге уйықламай жүрсиз?

— Билмеймен, уйқым келмейди. Сыртта жамғыр...

— Аўа, қашшан жаўғаны, — деди де ол оймақтай аўзын алақаны менен басып еснеп алды. — Уйқыңыз келмесе... келиң, сөйлесип отырайық.

Тағы қолайсыз аўҳалда қалдым. Бизлер нәўбетшиханаға кирдик. Дежурный врач басқа корпуста болғанлықтан бул жер аўлақ еди. «Сөйлесип отырайық» деп оңашаға келген менен ҳеш гәптиң жүйи табылмады. Гәпимиз қысқа сораў-жуўаптан арыға мандымады.

— Сиз шофер жигитке кеширим бермейсиз бе?

Мен Айжанға қарадым да, оның сол жигит тәрепин алып сөйлеп турғанын түсине қойдым. Үәделескен жигити ме екен? Айжанды оннан қызғанаман! Сораўға тилим бармайды. Даладан жамғыр сытырлысы еситиледи. Тағы да Айжанға қарадым. Уйқысы шала болып жүрген қыздың қабақлары қалқыңқырағаң, еки бетиниң алмасы да толысыңқырағандай оғада сулыў көринди! Япырмай, буның гөззаллығын бурын қәйтип аңғармай жүр екенмен. Бас салып қушақлап, мийрим қанғанша сүйип-сүйип алғым келди! Қыз көзинде пайда болған муҳаббат ийрими мени соншалық күш пенен тартып баратырғанын сездим, енди сәл кешиксем отырған орнымнан қулап кететуғыным даўсыз еди. Бунша хоширей Айжан! Сен бурын қайларда едиң? Сен қайсы бағдың қушағында қулпырып, ғумшалап атыр едиң, ай жүзли назәлим?... О, мениң бахтым ушын сени биреўлер туўып, тәрбиялап, оқытып атырма еди, Айжан!? Сени туўғанларға, тәрбиялағанларға, оқытқанларға ырзаман, Айжан!...

Сыртта жамғыр тынбай қуйып тур.

Иште мениң қумарлығым менен ықласым пәк муҳаббатқа айланып, ол жылғаға қулаған булақ тамшыларындай Айжанның жүрегине қарай шашырар еди. Буны Айжан сездиме екен, оның шық тамған гүлдей дирр етип, қупыя ҳәм тил менен айтып жеткере алмайтуғын сулыў сезимлери оянды ма екен?...

Азанда аўқатқа бармай уйықлап қалыппан. Биреў мурнымды шымшып алды. Қарасам — Айжан!

— Не қылып атырсаң? — деп сыбырлады ол қулағыма, уйықлап атырғанымды көрип турса да. — Кетип баратырман. Енди еки күннен кейин келемен. Айтпақшы, түндеги гәпиңди жездеме жеткеремен.

— Мейлиң... Еки күнге шекем қаяқта боласаң?

— Үйде-дә! — Күлди ол. — Сениң қасыңда жатайынба? Яқшы!

Айжан шығып кетти.

Кешке таман жездеси келди. Мен бурынғының ҳәммесин умытқандай жуўырып алдынан шығып, өзинен бурын қолымды создым. Ол қолындағы корзинкасын жерге қойды да, мойнымнан қушақлап алды. Қарасам, екеўимиздиң көзимизден де жас шығып кеткен екен.

— Мынаў түйетаўық еди. Туўрама да иследик, — деп ол мениң ең жақын адамларымдай ғамхорсынып атыр. Дәўен аға түйетаўыққа бас салды. Бизлер аўқатланып болғанша Айжанның жездеси қасымызда отырып, ҳәмменің кеўлин сорап шықты. Соң оны дәрўазаға шекем узатып салдым.

Палатаға айланып келсем, туўрама менен түйетаўықтың дымғозасына тойған Дәўен аға булқып отыр екен. Мени көриўден:

— Әй, Атажан, сениң басыңды жарған усы жигит емеспе? — деди бағанадан берли билгишсинип отырғанын тастыйықлағысы келгендей.

— Аўа!

— Ҳаў, ҳаў? — деди трактористи изейкешке аўдар-

ған жигит. — Сеники не? Бир түйетаўыққа сатылғаның ба?

— Себеби бар.

— Ҳмм, ҳмм!... — деп ол қайтадан күлди, — Балдызы бар, балдызы!

Айтқаны ишимнен майдай жағып турса да:

— Әй, қойшы, жора! — деп ашыўланған түр билдирдим. Соның арасында анам келип, гәпимиз бөлинди. Дәўен аға тоңқылданды:

— Бир келсе, усти-үстине үмбә-дүм бола қалады. Түйетаўыққа тойғанымыз жаңа, кемпирдиң әкелгенин қаяғымызға сыйдырамыз. Не әкелдиң, кемпир?

— Сүтбурыш, шырағым.

— Өш-ә! Не бурыш?

— Сүтбурыш! — деп бизиң кемпир де күлип жиберди

— Ўәй-ўоой, арман әкет, арман! — деп Дәўен аға мурнын жыйырып еки қолын сермеди. — Бар, анаў корпустағы туўып атырған ҳаялларға апарып бер! Сени мақтап жүрсем, изинде сен-әм бизди галошқа отырғыздың ғой.

Ҳәмме күлип жибердик. Бүгин мениң ўақтым хош еди. Қасымдағылардың ҳәммеси көзиме ысық көринди. Бүгин анама шекем жасарып, көкиреги әл аспанда жүргендей. Бурынғы сарсық ойлардың бәрин бир татлы қыялдың самалы меннен узақларға ысырып әкетти. Енди жер-жәҳәнди батпаққа былғап, тәбият сулыўлықларын өгиздей отлаған гүз паслына шекем маған гөззал болып көринди. Бул гөззаллықлардың ҳәммеси кеўлимде ҳүкимлигин жүргизип турған сулыўлық патшасы — Айжанның түркынан таралып атырғаны тек ғана маған аян еди! Бул шийрин сезимлеримди ҳеш кимге айтып жеткере алмайман! Усындай сезимлер муҳаббат деп аталатуғын болса, Дәўен ағалар буннан қуры алақан қалған екен. Зәрребағыш муҳаббат самалын жаны сезингенде ол төрт рет үйленер ме еди?

Бахытлы күнлерим басланды. Мениң аспанымда ығбал қуяшым жарқырап, ол мениң жаслық соқпағы ма алтын нурларын шашып турғандай, бир әжайып қыяллар жанымды қытықлар еди. Усы ўаққа шекем Айжансыз қалай жасап келгениме ҳайранман. Ақ халатлы қызлар көринсе Айжан ба екен деп жүрегим қа-

насында туўлайды. Айжан сағындырды. Ол ўәдели күни келмеди. Ашық аспанымды ҳәсирет булты басып қуяшым көзден ғайып болды. Татлы қыялымның лашынлары қайғы таўының басына қона баслады. Түске шекем темир тордай беккем үмит, түстен кейинге қарап шириген сабақтай пытырап үзилиўге қарады. Палатаға сыймадым. «Ҳаялдың ҳәммеси опасыз. Үйленбе, қошшым!» деген Дәўен ағаның гәпи дызылдаўықтай қулағымның түбинен кетпеди. Мүмкин емес! Айжанды опасыз ҳаяллардың дизимине қосқым келмейди. Бир иси шығып қалған шығар...

Коридорға шығып едим, нәўбетши врач бир томпақ медсестра келиншекке:

— Бүгин дежурствода боласаң, Бердекеева аўырып қалыпты, — деп атыр екен. Бердекеева, Бердекеева! Айжанның фамилиясы Бердекеева ма екен? Врачтан сорағым келди де, бирақ «сениң не жумысың бар?» деп айтама деген гүман менен тилим айланбады. Енди Айжанның келмегенине шубҳаланатуғын орным жоқ еди. Бүгин соның нәўбети болса, Бердекеева деген Айжан болмай қай жан болады?

Кешқурын медсестра келиншек келип, мени телефоннан биреўдиң сорап атырғанын хабарлады. Ушып бардым.

— Алло?

— Қалайсаң?! — Айнытпай таныдым! Сол! Айжан! Айжаным мениң! Сол сыңғырлаған даўыс!

— Өзиң қалайсаң? — дедим ҳаплығып. Жүзбе-жүз отырғаннан көре телефонда сөйлесиў мен ушын мың мәрте жеңил еди. — Аўырып қалыпсаң ғой?

— Еле адамлардан сорап та жүрсең бе?

— Шыдамадым... Сағынып кеттим.

— Еки күнниң ишинде ме?

— Сенсиз еки саат шыдаўым қыйын. Сенсиз... тумтусымның бәри зиндан яңлыдур.

— Асықпа. Суўық өтип кетипти. Тәўир болсам, ертең бараман. Бара алмасам, кемпирден хат жазып берип жиберемен.

— Кемпирден! Қайсы кемпирден?!

— Атажанды туўған кемпирден! — деп күлди ол. Лал болып қалдым.

— Ҳаў, ол сен бетте не қылып жүр?

Айжан шақалақлап күлди:

— Хабарың жоқ па? Мен сенің үйіндемен ғой. Кемпирге келин болып түстім!

Телефонға пилдей үңілип турып, лалаптай қызарып кеттім.

— Неге үндемей қалдың? — дегең Айжанның даўысы есітилди.

— Құтлықлайман онда!

— Алды менен өзиңди құтлықла! Яқшы, ҳәй, Атажан, басымды жазып жибердиң-аў, әңгөдегим... Айтпақшы, ертең жездем барады, жумысларын питкерип жибер.

— Не жумыс?

— Сеннен басқа питкере алмайтуғын жумыс. Басың жарылғалы болыстай болып кеттиң ғой.

— Меннен питетуғын жумысқа не қәтере керек?

— Бир шатақ жери болып тур-дә. Сен милицияға не деп түсиник хат берип едиң?

— Мен милицияға ҳеш нәрсе бермедим.

— Баяғыда бир милиционер келип еди ғой?

— Оған ҳеш нәрсе айтпадым. Бостан-босқа кетип қалды ғой.

— Онда молодец! Екеўиниң гәпиң еки жерден шығама деп қорқып едим. Ал, онда тағы не айтасаң?

— Трубканы сениң ләбиң деп сүйемен.

— Абайла, жабысып қалмасын! — Айжан тағы рәҳәтленип күлди де, трубканы орнына қойды. Көп ўақ-қа шекем қулағымнан оның сыңғырлаған күлкиси кетпеди. Дәўен ағаның: «Ҳаяллардың ҳәммеси опасыз, үйленбе, қошшым!» деген жағымсыз ызылдысының орнында енди Айжанның жаныма ләззет бағышлайтуғын сыңғырлаған күлкиси есітилди де турды.

Тәғдириме ырзаман.

Жаслығыма миннетдарман.

Өмириме қуўанышлыман...

* * *

Татлы қыяллар ағысында ығып баратырып, көзим илинип кеткен екен, түс көрдим: Үлкен теңиз бе, я көл ме, билмеймен. Айжан екеўимиз қыппатайлақ болып, суўға шомылып атыр екенбиз. Бизлерден басқа адам жоқ. Бир ўақлары бизлер тәрепке таўдай толқын келе берди. Мен: «Айжан, қаш!» деп бақыраман, ол күлип,

суў шашады. Суў тамшылары етиме жақпай баратыр. Таўдай толқын жақынлап келди де, үлкен ылақаға айланып кетти. Мен жуўырып жағаға шығып, Айжанға қарадым. Жаңағы ылақа жайындай аўзын ашты да, Айжанды ғылқ еттирип жутып жиберди. Жылайман келип, жылайман келип... Неге қаштым, екеўимизди де жутса болады ғой, деймен. Бир ўақытлары ылақаның қарны аспанға қарай төңкерилди де, ол суў бетинде қалқа баслады. Өлди деп ойладым да, жүзип қасына барып, арқандай муртынан сүйреп жағаға әкелдим. Сөйтип, үлкен гәўмис қарнын пышақ пенен жарып жиберип, Айжанға «шық далаға» десем... «Жигит болғаныңа, мени жыллы жеримнен қозғап қәйтесең?!» дейди...

Оянып кетсем, үстимдеги көрпем сыпырылып еденге түсип қалған екен, қалшылдап атырман. Аяғын асып қойған адамның сандырақлаған даўысы есітилди: «Машыным машын-ақ еди! Енди не болады, жолдас автоинсп... пыс—пыс...!» Көрпени үстиме тартып, тумтусын қымтандым да, көзлеримди қайта жумдым. Уйқым келер емес. Ол узақ-узақларға тым-тырақай болып, ылағып кетипти. Көз алдыма түсимде көрген ўақыялар елеслей берди. Ядыма кирип шықпайтуғын түс көргениме ҳайран қаламан...

Азанда бир топ муғаллимди ертип директорымыз Есмырза аға келди.

— Пахтаның баса-басынан шыға алмадық, иним, — деп ол ҳәммесиниң атынан кеширим сораған болды.

— Түбинде жақсы болып кетсең, болғаны.

Соң оның көзи Дәўенге түсип:

— Қалайсаң, Дәўен жинли? — деп күлди.

— Саў болсаң не әкелдиң, қәне?

Есмырза аға оның гәпине ўарқылдап күлди де, басқаларға қарата:

— Дайымыз болған соң ойнай беремиз, — деп қойды.

Дәўен аға көрпесин жамылып атырып гүңкилденди:

— Әй, сендей жийеннен кетсин садаға!

Оларды шығарып салғаннан кейин даладағы скамейкада узақ отырдым. Ҳаўа райы тәўир-ақ салқын тартыпты, асапанның бир шекесинде ала булт бар. Октябрь айының соңғы күнлериндеги қуяш ҳеш нәрсени қыздырып жарытпайтуғын еди. Арқа-батыстан ескен ызғырық самал жағымсыз. Тоңғақ адамның мазасын

қашырады. Қәпелимде маған жер үстиндегиниң ҳәммеси де жақпай кетти! Кеўлимди жубатып, дәртимди алдарқататуғын қызық атаўлысы қалмағандай: бир жағында бултлар тодасы жайылып жүрген түпсиз аспан көгерип, түсимдеги теңизге уқсап кетти де, гүзсыйқын қашырған астымдағы жер мениң қуўанышымды жутып атырған ылақаға мезгеди...

Бир гезде апалақлап Дәўен аға жуўырып келди:

— Атеке иним, жүр, жүр!

— Не өзи?

— Әй, кислотабайдың изинен таўық келди!

— Иштейим жоқ.

— Япырмай-ә? Таўыққада ма? Өзиң бил... Бизге адамның азайғаны жақсы, — деди де ол ўақытты уттырмай артына айланды.

Арақ деп кислота ишип алған адам аўқатланып атырғанда қасында турғым келмейди, бийшараны аяйман... Ашырқаған қарынға тамақтан дән туқымы өтпегеннен қыйын кесел жоқ па деп қалдым. Ондайда жаўтаңлаған қос көз шайнап, қос көз жутып турады екен...

Кекиринип киятырған Дәўен аға көринди.

— Жалықтың ба, инишек? — деп ол қасыма отырды. — Күн-әм суўытып баратыр-ә.

— Бир жерде жатқан қыйын екен, Дәўен аға.

— Айтарың барма? «Жатқан бойра, жүрген дәрья» деген усы иним.

— Гәп тап, аға.

— Ертегимди баслайын ба? — деп ол жүзиме қарады да, мыйық тартты. — Сен еле бизиң төртинши қатынның тарийхын еситпединаў. Оның менен биреў арқалы таныстым. Формадан питип қалған екен... Әй, қой бул ҳәрекетшиликти. «Сулыўынаң жылыўы» деген гәп ядыма келсе, қәне! Жаңағы таныстырған киси: «Бес жүз манат әкелип қолыма салсаң, усы қатынды саған кашыраман» деди. Соннан «Еркиндеги» шопан дайыма келип салдым шатақты, салдым шатақты! Мың сомын қағып алдым да, қалаға шықтым. «Қыз жеңгеси» болып жүрген адамды таўып, сорағаң пулын қолына бастым. Ертеңине сулыў келиншегимди ертип үйге әкелип, кишигирим той да тарқаттым. Аўылласлар да жатырқасып кеткен екен, босағамнан басларын суғып үйдиң иши жанланып кетти. Арадан он бес күн өткен еди, кешқурын баяғы жеңгешилик еткен адам қыдырып келди. Дүканнан арақ әкелдим. Ҳаял да үйдегиниң барын шашқысы келип, дарқылдақшылығы тутып кетти. Араққа мени әри-бери зорлап еди, ишпейтуғынымды айттым. Тақыятастан келгели араққа бет бура алмай жүрмен. Бизден дәдимал болмағаннан кейин екеўи ишти. Түнде үшеўимиз үш жерде жатып қалдық. Қонақтың көзинше ҳаялым менен бир төсекте жатыўға қысындым. Ҳаял да буны түсингендей дараў ара төсек салды. Ядымда ҳеш нәрсе жоқ, уйықлап кеткен екенмен, түн жарпында оянсам... жайдың иши тым-тырыс. Уйықлап атырған адамның деми еситилмейди. Ҳаялымның орны бос, қонақтың да қуры көрпеси қалыпты. Светти жағып жибердим! Кийимлери де жоқ. Сыртқа қарай жуўырып есикти аша бергеним... төбеме бир нәрсе тарс ете қалды! Аржағы есимде жоқ, усы жерде жатыр екенмен ғой.

— Ҳаў, бул не деген хорлық!

— Қатынға исенбе, қошшым, опасыз, бийопа!!!

— Милицияға хабар етпедиң бе?

— Олар сондай аферистлер екен... Меннен бурын нешше адамды алдағанын қудай биледи. Тәўир болғаннан кейин жаңағы үйиң жанғырды таўып алып...— деди де ол тисин ғашырлатты, соң дәрўаза бетке ийегин созып, — ана қызды көрдиң бе? — деди. Қарасам — Айжан! Жүрегим үсти-үстине соғып кетти. Енди Дәўен аға: «Иним, усы жақсы қыз, қалай болмасын, қолға түсириўге талаплан» деп ақыл айтатуғын шығар деп дәмеленсем, ол арбасын басқа гедир-будур жолдан айдап кетти:

— Сулыў қыз, сулыўларды көргенбиз, иним, оларда ақыл болмайды. Ақылды сулыўлық жеңип кетеди. Сен өзиң айтпасаң да шамалап жүрмен, усы қыздың саған қыйсаңлап жүргенин... Мениң ақылымды алсаң...

«Ақылыңды басыңа шайнап жақ» дедим ишимнен. Дәўен ағаны сондай жек көрип кеттим, шыдамағанымнан «Жинлиниң сөзи не, өзи не!» деп бақыра жазлап қалдым.

Айжан қасымызға келди де, қолын берип сәлемлести.

— Жийеним, қалайсаң? — деп Дәўен аға ҳәзиллеспекши болып еди, оған жақтырмай қарадым.

— Тәўир болдың ба?

— Рахмет, өзлериң қалайсызлар? — деди де Айжан иркилместен ишке кирип кетти.

Даладағы ызғырық самал күшейе баслады. Жақында ғана жаўған нөсерден жер үсти кеппей атыр еди. Шуқанақлар менен тегис емес ойпаўытларда гөнерген қандай жамғыр суўлары даўыл менен шайқалып, кишкене толқынсымақлар пайда болады. Тоңып кеткенимди бәнелеп Дәўен ағадан жырылдым да, коридорға сүңгидим. Айжан нәўбетшиниң өжиресинде аппақ халатын кийип, бурынғыдан да гөззалырақ көриниўге тырысып атыр екен. Қасындағы келиншек жумысын тапсырып кеткен соң, екеўимиз аўлақ қалдық.

— Жездем келмеди ме?

— Яқ.

— Онда, Атажан, сен былай ет: жездем милицияға берген түсиник хатында «жолда машинам ходланбай қалды, соннан кейин қасымдағы Атажан ручка менен таўлап атырғанда қолы тайып кетип, басын машинаның алдындағы буферине урып алды. Ҳешқандай төбелес болған жоқ» деп жазған. Мә, саған ручка, қағаз, отырасаң да жездемниң жазғанындай етип түсиник хат жазасан!

— Бул буйрық па? — деп күлдим. Изинен аппақ столға жайласып отырдым да, ойланбастан, бинәй өмиримде биринши рет өтирик исти жаздым. Өзимди урып, өлтирмекши болған шоферға — Айжанның жездесине шық жуўытпай, барлық гүнаны өзимниң пәмсизлигиме жүклеп, түсиник хат жаздым! Маған ғамхорлық етпекши болған милицияны алдайын деп атырғаным ядыма келмеди. Мен тек бәрин Айжан ушын, арамыздағы бүртик жарып киятырған муҳаббат шынарының жапырақ жайып, кәрўанға айланыўы ушын иследим!

Айжан жазғанымды оқып көрди де, жерден жети коян тапқандай қуўанып, қағазды бүклеп-бүклеп қалтасына салды:

— Болды, рахмет! Енди жайыңа бара ғой...

* * *

Сол ақшамы наўа уйқым келмеди. Орнымнан әстеретурдым да, пышық жүрис пенен сылт еттирмей есикти ашып, нәўбетшиханаға жақынладым. Қапы бекитилген. Иштен Айжан менен нәўбетши врачтың еркин сөйлескен даўыслары еситилип турды. Қалтырап кет-

тим. Коридордың еденине қулап түсиўден сәл қалдым.

— Болса... — деп асықтырды врач жигит.

— Қойш... — деп Айжанның еркелеген даўысы еситилди, — жаның шығып бара ма?

— Не енди, өлемиз бе?

— Қайсы адам... сөйтпесе өлип атыр?

— Айналайын назыңнан, — деген врач жигиттиң даўысынан кейин дүсир-дүсир басланды.

— Тоқта! Биреў келип қалар, — деди Айжан. Сөйтти де есик бетке жүрип келип, сырт еттирип қапыны иштен илди... Не болғанымды билмедим, далаға жуўырып шығып, басымның аўған жағына қаңғырып кете бергим, кете бергим келди! Мениң бирден-бир қуўанышым Айжан еди, енди ол жүрегимде өлди... Ол дәўлет қусым еди, оны бир мерген келди де ушардан атты. Ол мениң сағынышым еди, кеўлимде енди оның орны гөрдей үңирейип қалды... Ол гүлим еди... ол гүлим еди, биреў келди де тамыр-памыры менен суўырып алып... табаны менен женшип-женшип таслады... Әй, пәрўардигар! Ким гүналы болса, сол мениң қайғыма ғарық болып, ықласымның ғарғысына ушырап, бул дүньяны тәрк әйлегей!...Қойкамда көрпемди бастырынып, таң атқанша жылап шықтым.

Азанда аўырыўларды аралап жүрген врач:

— Түриң бузылып кетипти ғой, жараңды айнытып алмадың ба? — деп аяғансып сорап еди, түндеги ашыўымды зорға бастым да:

— Жазылдым! Мени шығарың, жолдас врач! — дедим.

— Еле ертелеў...

— Ерте емес. Еки ай болды! Енди жата алмайман!!

Врач басымдағы сийлелерди шешип жарамды көре баслады. Бираздан кейин, бир дәрилерди жағып болды да:

— Тигислер питпей атыр екен, — деди, — сөтилип кетип, мийиң ағып кетер, иним.

Еле аўҳалымның аўыр екени аян болды. Өзимди усындай аяўсыз жаралаған жаўызға кеширим бергеним ядыма түсип, жүрегимде пәнт оты лаўлап қоя берди. «...опасыз, опасыз!» деген Дәўен ағаның гәпи қулағымның түбинде тағы дызылдады. Қандай дана адам! Усындай даналығын түсинбейтуғын ақмақлар оны жинлиге айландырып жүр екен ғо деп ойладым.

Түске таман анам келди. Ол бизлерге аўқатын берип болғаннан кейин, мени дәрўазаға шекем ертип барды да:

— Балам, саған қыз да таптым! — деди.

— Ол ким!

— Бизлер көшип келген директорының қызы бар екен ғой. Ойнап, маған келин болсаң-о, қызым, деп едим, балаң қәлесе болайын апа деди. Сулыў ғой. Сен де көрип жүрген шығарсаң-аў усыманда ислеймен деди ғой.

— Аты ким?

— Айжан!...

Аспан гүмбир-самбыр етип жерге түсип кеткендей болды. Дәрўазаға сүйенип қалыппан. Анам аң-таң.

— Не болды, балам?

— Әй, жайша... жарам шаншып кетти

— Майрылмасаң болғаны ғой, қулыным.. Айтпақшы, сени урған жуўернемек сол үйдиң үлкен қызының күйеўи екен ғой. Болар ис болды, бояўы сиңди... Енди оны кеширип, екеўиң бажа бола қойың.

— Көрермиз, апа, көрермиз,.. Ендигиден былай сийрек келе бер, апа, тәўирмен ғой.

— Саған келмегенде қаяққа бараман? Бийтаныс жер, өзимиздиң аўыл болса екен, қоңсыларға кирип-ақ күнди батыратуғын.

— Тәўир болған соң көшемиз апа.

— Аўа, жаңағы қызға үйленсең, күшкүйеўдей болып жайында нең бар?

— Апа, бес манатың бар ма?

— Не қыласаң,?

— Жақында байрам ғой, врачларға саўға әперейин деп едим...

— Ақша да азмаз қалды, — деп қалтасынан бир түйиншик алып шеше баслады.

— Директорға айтсаң, ақша әкелип береди ғой.

— Ҳаў, жатқаныңа, да бир нәрсе төлей ме?

— Төлемей не қылады?

— Мен ғой, баспақты сатайын деп отыр едим.

Ол бес сом берди. Анам көшеден айланғанша узатып турдым да дәрўазадан жүз метрдей қашықлықтағы дүканнан бир шийше арақ сатып алдым. Сөйтип, емлеўхананың дәрўазасынан ишке кирип баратыр едим, узағырақта киятырған машина үсти-үстине сигнал берди. Таныдым. Тарийхый машина, Ол дәрўаза алдында тоқтады да, кабинадан шофер секирип түсип, маған қарай ыржыйып киятыр. Бул ыржыйыўы маған «Қалай? Ишинди апардым ба!» дегендей болып сезилди. Шыдадым. Сыр бермей, шүйиркелесип сәлемлестим.

— Закускаң бар ма?

Ол түсинбеди.

— Кеса, я стакан табыла ма?

— Оны не қыласаң?

Екеўимиз кабинаға отырдық. Баяғы кабина. Закуска болмаса да оның қарсылығын тыңламай, қырлы стаканды липлетип арақ қуйдым.

— Қәне тартып жибер дослығымыз ушын!

Ол гә маған, гә дөгерегине қарап турды:

— Рульде ишпейтуғын едим.

—Ҳеш гәп. Мен де ишпейтуғын едим.

— Себеби бар ма буның?

— Бар. Емлеўханадан шығайын деп атырман.

— Мейли онда!...

Ол тамшы қалдырмай ишти.Стаканды тағы толтырдым да, шийшени азмаз қалған арағы менен ылақтырып жибердим.

— Ал, ден саўлығың ушын!

Ишиме от түскендей өртенип, көзимниң алды булдырласты. Көкирегим көтерилип сөйлегим келип баратыр. Гейде көзим жасаўрап, мурнымды тартып, егитилип жылағым келеди. Далада күн желемик болған менен кабина иши лаплап кетти.

— Атеке, саған бир ис пенен киятыр едим, —деди ол әллен ўақта.

— Айта бер.

—Тинаў күнги түсиник хатыңды милиция алмай атыр.

— Не ушын?

—Өзлеримиз көз алдымызда жаздырып аламыз деп.

— Дурыс. Солай болыўы керек ғой. Онда маған қалдырып кетебер.

— Мен-әм соны ойлап киятыр едим, —деди де ол жазған қағазымды қалтасынан шығарып берди. —Ал, онда маған рухсат етсең?.

— Рахмет, келип тур...

Ол кетти. Арақтың әксери ме, я жазған қағазымның қолыма түскенининң қуўанышы ма бурынғы қайғыла-

рым умытылып, палатама ыңылдаўым менен кирдим Меним қасы-қабағымды мудамы бағып жүретуғын Дәўен аға кәттен басын көтерип:

— Ҳә, Атеке! — деди, — Малын түўеллеген шопандай қосық айтыўың бәлент ғой?

— Айтамыз, аға, айтамыз!— деп оның қасына бардым да, ҳәммеге жақпайтуғын усы адамды қушағыма қысқым келди. Бирақ, қасымдағылардан тартындым.

— Ҳмм... —деди ол аўзымдағы ийисти сезип, соң басын сылқ еттирип көпшигине таслады.. —Дәриниң түрин өзгерткен екенсең-дә, қошшым. Жарайды, жарайды!

— Өзгерттик, аға, өзгерттик!

— Деминди ала ғой, онда.

Бизиң қатын келмеди ме? — деди аяғын асып қойған адам.

Дәўен аға күлди:

— Атажан ғой бул!

— Әй, Дәўен-әй, жаңа сыртта бир қатынның даўысы шығып еди, соны сорап атырман.

— Қатыныңды сағындың ба? Бир қазан сүтбурыш арқалап келип қалар.

Палатада күлки көтерилди.

— Аяғың жерге түсиңкиресин, аға,—деди трактористың изейкешке аўдарған жигит күлип. — Оннан кейин жеңгей қасыңнан шықпайтуғын болады.

— Түседи ғой, түседи ғой, —деди Дәўен аға жубатып, — Қашанғы аяғың менен көк тиреп турасаң!

Күлки ҳәўиж алды. Арақ деп кислота ишип алған адамға шекем сестин шығармай күлип атыр. Аяғын асып қойған адам тағы даўыслады.

— Дәўен, усы сен неше қатын алдың.

—Қырқ!

— Ақмақ патша бол-ә, заңғар! Соның биреўин де көрмедик ғой?

— Сен аяғыңнан басқа нени көресең?

Тағы күлки көтерилди.

— Ақсақал! —деди трактористың изейкешке аўдарған жигит аяғын асып қойған кисиге. — Сен жеңгейдиң бир көйлегин алдырып, аяғыңа кийгизип қоя ғой.

— Уа-ҳа-ҳаа!

— Ҳий-ҳи,-ийй!!

Лақылар емлеўхана-да пьесасын уҳсайды

* * *

Түстен кейин Төрежан дайым келди. Ол елиўлерден өтип баратырса да, бетиниң қызылы қайтпаған ғажырлы адам еди. Мурты танаңың шақындай екі жаққа қарай шошайып тур.

— Биз жараңды жеңил шығар деп басымыз айланбай жүр еди. Жақында бир баладан еситтик еле жатқаныңды. Оның үстине пахта планлар-әм толмай атыр. Күнде жамғыр. Күнде нөсер. Аўылдан кеткениңиз әнтек болды-дә, ата-мәканды таслап...

— Барамыз ғой, дайы, барамыз,..

— Бул бир ийт өлген жер екен. Өзимиздиң машын батпақтан жүре алмайтуғын болған соң, тәўекел жол машынға шығып едим, азанда шыққаннан ҳәзир жеткеним. Ал, апамды қайдан табаман? Бир түйетаўық әкелдим сойып. Үйиңди силтеп жибер маған, азанда писиртип әкелип кетермен.

Сыртқы дәрўазаға барғанда ол иркилип, сорады:

— Урған баланы не қылды?

— Жүрипти. Тәғдири қолымда.

— Қаматып жибер. Ойланба,—деп қайрады дайым.— Соннан өлип кеткениңде не болар еди.

— Дәслеп кеширеийн деп едим, соңынан ойланып турман, дайы.

— Кеширеди деген не? —деп маған жекиринди ол,— Кеширеди деген не? Урыў ғой урыў, ҳәзир сөккенге қамататуғын закон бар.

Гәпти балалатпаў ушын дайыма апам туратуғын жайдың дерегин силтедим:

— Ал, онда дайы, жаңағы келген жолың менен бир шақырымдай изге жүресең. Алдыңнан трубадан ислеп қойған паяпыл шығады. Сол паяпылға минип турып, қарайсаң... Тағы аяғың аспаннан кетпесин! — күлип қойдым. — Көзиңе ақланған үлкен жай көринеди. Басында қызыл жалаўы бар. Сол бизиң мектеп. Мектептиң қасында шифрланған шөпкер жай бар. Басында узын антеннасы.

— Ондай жай көп пе?

— Жай көп-тә, бирақ, ең аңсаты: басқа жайлардан ең бийигин таўып ал да, киребер. Директордың үйи ғой. Сол жерде алдыңнан апаң шығады.

— Яқшы. онда!

— Яқшы!

Дайымның жолда аўдаң-аўдаң жүрип, меннен узақлап баратырғанына сүйсинип қарап: «Дүньядағы ең жақын адамым» деп ойладым. Әкеден жаслай жетим қалғанымды билдирмей, институтта оқып жүргенимде көп жәрдем етти. Ҳәр қыс жақынлаған сайын бир малын сатып, мени бир қатар кийиндиретуғын еди. Жазғы кийимлер анамның мойнына. Ара-тура стипендиямның ақшасынан анама, дайымның балларына базарлық апарып туратуғын едим. Егер дайымның балларына бес сомлық ойыншық апарып бере қойсам, дайымның муртын шыйратып турып қалтама 40-50 манатты тығып жиберетуғынын билетуғын едим. Анам сарымай, зағара сазлап қояды. Егер жатақханаға апарэ қойсам, қасымдағы студентлер «әўесек» деп өзиме де аўыстырмай, қағып салады. Мени тойып келди деп ойлайтуғын шығар...

Әкем колхозда бас бухгалтер болып ислейди екен. Жумыстан келиўден мени алдына алып отырып, «Алпамыс»ты жырлаған. Анамның айтыўына қарағанда, оның тәп-тәўир жыраўшылығы болған. Үйде қобыз да сақлапты. Соң анам, әкемниң өлимин қобыздан көрип, тандырға жағып жиберипти. Колхоздың қәйеринде отырыспа болса да, әкемди қобызы менен алдырады екен. Бир күни ол таң атқанда үйге келипти де, төсекке қулаған. Үстине минип ойнаған —маған да қарамапты. Түске таман анам кеспас писирип, оны аўқатқа оятады. Әкем басын көтереди де, «ләген әкел» деген-дей ым қағады. Сөйтип, ләгенге еки рет қып-қызыл қан қусқан. Врачлар келиўге үлгермей-ақ, бийшара әкем өмир менен хош аллияр айтысыпты. Өлгеннен кейин врачлар «жарып көремиз» деген екен, оған ҳешким келисим бермепти. Соннан кейин келген врачлар «өз әжелинен, қан басымы менен өлди» деген шешим шығарыпты. Мен онда үш жасар екенмен. Ҳешбирин еслей алмайман. Тек әкемнен қалған сүўретке узақ тигилип, дәртли ҳәм сағынышлы ойларға ғарқ болғаным болмаса, оның тири гезинде қандай адам болғанын көз алдыма келтире алмайман. Бәлким, әкем болғанда жолым басқа жақтан басланарма еди, қайғы деген тастың салмағы жүрегиме кемирек түсерме еди...

...Өткен жылдың усындай күнлери Айбүйир таўының етегиндеги бир аўылда пахта терип жүр едик. О,

студентлик ўақытлар-әй! Ушқан қустай пырладың да үстимнен өттиң де кеттиң-аў! «Студентлик алтын дәўирим» деп телевизордан неге қақсай береди десем, ишинде жүргенде қәдирин билмейди екенбиз-аў!? Ҳәзир бес жыл бирге оқыған жигитлер менен қызларды сағынғанымда көзим жер көрмей кетеди. Енди ҳәммемиздиң бас қосыўымыз қайда? Енди бул өмир бойы орынланбайтуғын әрман ғой. Сизлер мениң еки айдан берли басым жарылып, емлеўханада ғамгун болып жатырғанымды еситкениңизде бул жерге қуўырмаштай саўў етип төгилмеспе ediңиз, о, жигитлерим, қызларым!?! Деним саў ўақтымда сизлердиң қәдириңизге жетпей тилим тийген болса, әпиўй етиңлер!

* * *

Жатар алдында мени телефонға шақырды. Ашыў менен трубканы қулағыма туттым. Айжанның даўысы еситилди. Маған енди бул даўыс қыздың даўысы емес, әл қаншықтың үргениндей жийиркенишли сезилди.

— Сизге ким керек?

— Өзиң! Қалайсаң?

— Не қылайын деп ediңиз?!

— Ҳаў.. жараң аўырып турма?

— Жүрегим аўырып тур.. Жүрегим!

— Жүрегиңди жазаман. Дайың келди.

— Көрдим.

— Неге ашылыспай турсаң, қасыңа барайын ба?

«Врач жигиттиң қасына бара бер» деп айтпақшы болдым да, тағы өзиме ҳай бердим.

— Алло еситилип турма? — деди ол трубканы үплеп. — Берген түсиник хатың милицияға өтпепти ғой.

— Өтпесе не қылайын? Мен оны жыртып тасладым.

— Милициядан адам келсе қайтадан жазып бересең бе?

— Аўа! Тек...

— Не тек?

— Тек ҳақыйқатлықты жазаман! — Трубканы орнына тарс еттирдим. Палатаға барыўдан Дәўен аға тил қатты:

— Ҳәй, Атеке, сени телефон тындырмайтуғын болып кетти ғой?

Аяғын асып қойған адам даўыслады:

— Жас жигит-тә, жас жигит! Болмаса, сени неге шақыртпайды?

— Бизди милициядан, судтан шақыртпаса, басқа жер қойған.

Тракторын изейкешке аўдарған жигит күлди:

— Ҳаялларыңның бәри сол жаққа жумысқа өтип кеткен шығар?

— Ҳәй, иним-әә, — деди Дәўен аға жаңағы жигитке. — Өзиң бир қатынға бас жип таға алмай жүрип, күлесең-ә. Биз артынан ийтерсек те түйемизди еплеп көпирден өткергенбиз.

— Бизиң түйелер еле боталақ ғой, аға.

Бизлер дуў күлистик.

— Боталақ деп жүре бер, бир күнлери сол боталағың көтерем болып қалады.

— Көтерем болса, деңгене етип жиберемиз-дә!

Тағы күлдик.

— Усы заманда түйениң гөшин ким жейди? Түйе-таўықтың гөшин қысынғанымыздан жеп жүрмиз.

— Кисиникин жей берсең қысынбай не қыласаң?

— Уа-ҳа-ҳа!

— Ҳа-ҳааҳ-аа!!

Медсестра келиншек жуўырып келди:

— Не шаўқым? Қәне, уйықлаң!

Тракторын изейкешке аўдарған жигит сөйленди:

— Уйықламағанда сеннен мәмме сорадық па?

Енди бизиң күлкимизге келиншек те қосылды. Күле-күле көзлеримизден жас шығып кетти. Есик бетте жатырған кишкене бала кеше шығып, орнына тум-тусын шыйқан қаплаған бир киси жатып еди. Ол жаңағы келиншекти таныйтуғын қусайды, басқының изин жалғастырды.

— Мәмме керек болса келе ғой, бала, Мәрьямдики де ийип турма деймен.

— Орнымнан тура алмайман-аў, аға, —деди тракторын изейкешке аўдарған жигит. — Болмаса жеңгемди тулыпқа мөңиретип қояман ба?

Күлки басылғаннан кейин медсестра келиншек:

— Болды, болды енди, жатыңлар! —деди де шығып кетти.

...Түсимнен шоршып оянсам, әйнекке таң сағымы түсип қалыпты. Түсимде шүй төбеме биреў шеге қағып атыр екен. Ояна сала услап көрсем, аман. Бирақ

солқ-солқ етип аўырады. Қәттиң темирине урып алғаш шығарман. Кийимлеримди бүркенип далаға шықтым. Дала жақтыланып қалыпты. Батыс тәрептен, күшли даўыл көтерилипти де, жалаңаш тереклер гүўлеп, берекети қашып тур. Аспанды қалың булт қаплапты. Жамғырдың ийисин сезгендей болдым. Ҳәр қашан нөсердиң хабаршысы болып усындай даўыл есетуғын еди. «Жаўын-шашынлы гүз болды-аў быйыл» деп ойладым... Пахтаны айтсаң-ә! Адамларға қыйын. Пахтакеш пе, студент пе, оқыўшы ма, бәрине де аңсат емес. «Жаўма күним, жаўма, мен апамның туңғышыман, қазан қырған қырғышыман!» деп бақырғым келеди аўлақта. Бурынлары усындай таң сәҳәрден турып, беден тәрбиясы менен шуғылланып, ярым саатқа шекем далада өзим менен өзим алысып жүретуғын едим. Емлеўханаға түскели ол әдеттен де журдай болдым. Көбирек қыймылдасам басым аўырады. Бурынлары қанша боран болса да ишки кийимлерим менен сыртта жуўырып-жортып болғаннан кейин қарға аўнап-аўнап, етлеримди ысқылайтуғын едим, енди ғаррыларға уқсап кийимлеримди қымтана беремен. Сәл-пәл аяз қақса түни менен жөтеллеп, мазасызланаман. Еки айдың ишинде қартайып, жаслығымның сап болғаны ма?

Айжан! Сениң дәртиң басымдағы жарадан да бетер жаныма ҳазар берди. Дәрья тасқынындай болып басланған гирбиңсиз аңқылдаған муҳаббатым сағасына жар қулағандай тосаттан көмилди де қалды. Сениң бул дүньяда бар екениңди мийримсиз тәғдирим маған көрсетпесе болады ғой. Сен намыссыз, сен бийопақыз екенсең! Сениң гөззаллығың бахытсыз жолға түскен бийшара гөззаллық, ол өзиңди де, басқаны да бахытлы ете алмайтуғының ўәлийлик пенен айта аламан! Бахыт қай ўақта да пәк жүреклерди излеп таўып, тек солар менен ғана өмирлик ҳәмдам болады. Сени мендей болып екинши биреў сүйе алса, мен соны аяйман!.. Жаслықта бес-алты күн ойнап-күлиў—бахытлы болдым деген иләҳийда түсиникти аңлатпайды, Айжан! Мен сени аяйман, сениң гөззаллығыңа бенде болып, өзиниң таза нийетин алдайтуғын болажақ күйеўиңди де аяйман. Маған ерк берилсе, сениң маңлайыңды қараға бояп, көшеме-көше, аўылма-аўыл алып өтер едим. Сонда адамлар: «Бул қара маңлай деген қыз екен, буған жолай, көрмең, бәддуўға ушырайсыз!» деп

жүзіне түкирип, сеннен аўлаққа қашар еди. Әттең маған ондай ҳуқық берилмеген, сонлықтан сен жаққан отқа ҳәзиринше меннен басқа адам күймейди.

Сениң жуўҳалығыңа түсиндим, мақсетиң мени сылапсыйпап, жезденди қутқарып қалыў екен. Қутылып болыпты! Өзимди қорғап атырған ҳүкиметти алдай алмайман! Ҳақыйқатлықты айтаман! Ҳақыйқатлық жеңеди!!!

Даўыл тынды да, ири-ири тамшылар түсе баслады. Аспанға қарап едим, бултлар әбден түнерип қабағы қарыс жабылған екен. Аздан кейин нөсер басланатуғынына ийманым кәмил еди. Бул гүздиң ең соңғы нөсери шығар деп ойладым. Ендигиден былай қар жаўады. Уақыт болды. Атызлардағы аппақ пахтаның орнында көзлерди қамастырып аппақ қар жататуғын уақыт ийектиң астына тақалып қалды. Жамғыр сытырлысы күшейди. Ишке кириўге жаңа бет алғаным, шарбақтың темир дәрўазасы үсти-үстине ғаңғырлады. Қараўыл уйықлап қалған болса керек, ким болса да жаўынның астында қалмасын деп дәрўазаға жуўырдым. Дәрўазаның саңлағынан нашар адам көринди, мени қараўыл деп ойласа керек:

— Аш, ата! —деп бақырды. Қалшылдап кеттим! Дәрўаза темирине апарған қолым жансыз қалды. Бул Айжанның даўысы еди.... Мен бетиме үсти-үстине тамып атырған жамғыр тамшыларын сезбедим. «Айналайын назыңнан!» деген еркек даўысы жүрегиме атылған оқтай болып қайтадан қадалды. Тахтай еденниң үстин тапылдатқан аяқ сеслери геўдемниң үстинен басып-женшип өтип баратырған танк гусеницасын көз алдыма елеслетти. «Тоқта, биреў келип қалар» деген Айжанның сөзи мени лаўлаған оттың ортасына ылақтырып, «Жансын! Өртенсин! Күл болсын!!!» деп атырған муҳаббат жаўларының буйрығындай болып еситилди. Нәўбетшиҳана есигиниң қулағымның түбинде сырт етип илинген сести бомба гүрсилдисиндей болып қайтадан жаңғырды!

— Ата, бола ғой, уйықлап қалдың ба? Нөсердиң астында қалдым ғой!

«Сениң нөсериң алдында, —дедим ишимнен. —Тәғдир ҳәзирги уақты хошлығыңның бәрин нөсердей көз жасқа айландырып жиберетуғын соқпағыңа таялып қалдың».

Дәрўазаны ашып жибердим.

— Күни менен ата, ата дей бергенше, жаның қосып айтсам болады ғой, Сәлем! Қараўыл болып кеттиң бе?

Үндемей, оның жүзине, тулғасына қарадым. Басында қара гежи орамал, үстинде ақшыл көк плащ, аяғында қап-қара етик.... Қийген кийимлери бурынғыдан да бетер сулыў етип турған шығар, ал маған бәрибир. Оған қарайтуғын, оның гөззаллығын сезетуғын көўлимдеги көзлерим соқыр болып қалған еди.

— Неге үндемейсең? Қеше де телефоннан сөйлесиўиңниң мазасы жоқ.

Бизлер жайға қарай киятырмыз.

— Бир түс көрдим.

— Ол қандай түс? — Айжан бетиме жалт қарады.

— Узақ түс... Айтып отырыўға көп ўақыт керек.

— Ўақыт табаман. —деди де мени ертип нәўбетшиханаға апарды. Ол жерде дежурный медсестра келиншек уйқысырап отыр екен, Айжан оятып, сәлемлести де: — Қайта бер, Мәрьям апа, қалған жағын өзим ислермен, —деп оны қайтарып жиберди. Бизлер аўлақ қалдық. Ол кийимлерин шешип, халатын кийген соң жөнине турмай мени қушақлап алды да:

— Неге өкпелеп жүрсең, айтса—деп бетимнен шорп еттирди. Бинәй өмиримде бетимнен қыздың биринши сүйиўи болса да бетимди пышық жалағандай жийиркенип кеттим. Усындай жеңилтек қызға ашық болғанымды өзимнен басқа адам билмегей деп тилек тилеп атырман. Не деген масқарашылық, не деген шермендешилик! Бир назәлимниң жолында күйип-жаныў, оның дийдарын бир көриўге зар болыў, оның жүрегиндеги пинҳамы сырларын биле алмай нала шегиў, оның бир сөзин сағыныў, оның бир күлип қарағанынан қуўанышлы сезимге бөлениў, жадырамаса аза тутыў, сүйдим деген сөзиниң таңсық болыўы—муҳаббат дегенниң болғаны екен ғой. Ал, басқа арзан ләззет, кеўилдиң хә десе, мә деп бас ийиўи, бир-ушырасқаннан бир-биреўге жабысып қалыў—бул муҳаббат емес, пәний дүньяның бахытсызлығы бул! Муҳаббат жасаў ушын адамға илҳам, рухый азық бериўи керек шығар? Мениң бахытсыз болғым келмейди! Инсан бахыт ушын гүресиўи керек! Мен —инсанман!

— Жаңағы түсиңди айтпадың ғой?

— Әй, «түс түлкиниң боғы» деген.

— Қызық болса айтса....

— Екеўимиз бир бағдың ишинде сәўир етип жүр екенбиз,—деп өтирикти тоқыдым. — Кешке шекем эрмансыз қыдырдық. Сөйлестик. Күлистик. Сен бирақ кеўлимнен шықпадың.

— Неге?

— Үйиңе бармағанша ерким өзимде турады дединиң. Баўыр басып қалсам, басқаны ойлай алмайман... жумыс ислей алмай қаламан дединиң. Баўыр басқаның жақсы емеспе дедим. Түс деген бола береди екен-аў, Айжан. «Сениң бала-шағаң бар ғой, изи қалай болады, мени таслап кетсең бахытсыз болмайман ба» дейсең. Сени тасламайман, сеннен басқа шадлығым жоқ, Айжан, өзиң таслап кетерсең деймен. Сөйтип жүре бериппиз. Бир ўақытлары ярым ақшам болып қалыпты. Қайтайық деп бағдың дәрўазасына келдик. Бағман менен бурыннан ым-жымың бар ма билмедим, ол мени дәрўазадан шығарып жиберди де, сени алып қалды. Сөйтип, дәрўазаны иштен сен илдиң. Мен не қыларымды билмедим. Тек даўысларыңды ғана еситтим...

— Болғаны ма?

— Не сөйлескениңизди де айтайын ба?

— Айта бер, түстиң несин жасырасаң?

— «Болса» деди бағман. Сен еркеленкиреп «Қойш, жаның шығып баратыр ма?» дединиң. Бир ўақлары бағманның «не енди, өлемизбе?» деген жуўан даўысы еситилди. «Қайсы адам... сөйтпесе өлип атыр» деп сен күлдиң. «Айналайын назыңнан» деди де бағман жигит сағаң бас салды. «Тоқта, биреў келип қалар» деп сен дәрўазаны мықлап илдиң. Сол ўақта оянып кетиппен...

Айжанның басы столға түсип кетти. Басын көтерместен солқылдап жылай баслады. Стол үстине көз жаслары тама берди, тама берди. Сыртта нөсер. Иште көз жас. Сыртта нөсер. Иште көз жас. Сыртта аспан жылап атыр. Иште жас жан жылап атыр. Сыртта тәбият жас төгип атыр, иште ар-уят жас төгип атыр...

Шығып кеттим. Сәскеде дайым келди. Әкелген аўқатын қолыма услатты да:

— Апама бәрин айттым, —деди. —Ертең көлик әкелемен. Аўылға бармасаңыз болмайды. Аўылдағы мектептен орын да сорастырып қояман. Жазылыўдан барарсаң.

— Болады, дайы. Мениң де ишим писип, өлиўге тақалдым.

— Ал, онда кеттим.

— Ҳаў, мына нөсерде....

— Әй, кесек емеспен ғой. Пахтаны айтсаң-ә! —деди де дайым тез-тез жүрип шығып кетти.

Сол күни Айжанның жүзине қайтып қарамадым. Ол палатаға бир-еки рет кирген менен ҳешкимге тис жармады. Түске таман бир бала келип, аяғын асып қойған адамнан сүйинши сорады:

— Палым аға, ҳа Палым аға! Сүйинши! Муратбай армиядан келди!

Ҳәммемиз көз айдын айтып, жайды басымызға көтердик. Палым аға қууанғанынан қыймылдап жиберип, асып қойған аяғын аўыртып алды.

— Қашан келди?

— Бир саат болды.

— Қалай екен?

— Неси қалай екен?

Палым аға гәп таппай қалды да:

—Бойы өсип пе? —деп жиберди.

— Бойы өсип...—деп тракторын изейкешке аўдарған жигит күлди. — Бойы өсип, армияда селитра жегизе ме?

Ҳәммемиз ўарқылдастық. Сүйинши сорап келген бала да өтирикти дүрс еттирди;

— Өсипти, Палым аға, есигиңнен еңкейип кирди ғой.

Енди гәпке Дәўен аға араласты:

— Онда ол солдат емес, келин болды ғой!

Тағы ҳәмме күлистик. Палым аға сүйинши сорап келген балаға тапсырма берди:

— Ҳәй, Ешбай, сен Муратқа айт, Нөкисте СТО деген мәкеме бар екен.

— Уста деген?

— Уста десең де болады. СТО десең де болады. Мен шыққанша соған машынды апарып оңлатып қойсын.

— Яқшы Палым аға!

Сүйинши сорап келген бала шығып баратыр еди. Дәўен аға даўыслады:

— Тоқта, бала! Палым ағаңнан сүйиншиңди алып кетпейсең бе?

Тракторын изейкешке аўдарған жигит тағы күлди:

— Палым аға оған аяғын кесип бере ме?

Ҳәмме дуў күлдик. Палым аға сүйинши сорап келген баланы алдастырды:

— Ешбай қарағым-әй, сүйиншиңди өзим шыққаннан кейин беремен. Қайта бер!

Енди Дәўен ағаның даўысы шықты:

— Сен больницадан шығаман дегенше бул баланың өзи армияға кетип қалады ғой,

Тағы күлки көтерилди. Тракторын изейкешке аўдарған жигитке нәўбет келди:

— Изинен посылка етип жибере қояды дә!

Сүйинши сорап келген бала шығып кетти. Арақ деп кислота ишип жиберген адамның аўҳалы да бул күнлери жақсыланып, сөзге араласатуғын болып киятыр.

— Палым, балаңның келгенин жуўмайсаң ба? —деген оның өлпең даўысы еситилди. Тракторын изейкешке аўдарған жигит гәптиң утыры келиўин аңлып жатырған екен:

— Кислота менен бе? —деп қойып салды. Күлки енди басылайын деп тур еди, Дәўен аға тағы май тамызып жиберди:

— Аккумуляторың отырды ма?

Тум-тусын шыйқан қаплаған адам да қарап қалмады:

— Енди кислота ишсең Палым аға сени машинасына орнатып алар!

Бизлер түске шекем әрмансыз күлистик. Усындай күлки болмағанда аўырыўға аўырыў жамалатуғын шығар деп ойладым...

* * *

Емлеўханадан қутылып биротала жолға шықтым. Гүздиң соңғы айы қара суўыққа айланған екен. Ең алды менен шашымды тықырлап алған басым тоңды. Бир жерде жатып, пышықтай жыллы жерге үйренип қалғандики ме, үстимдеги қысқа шақлап алған пальто да жуқарып кеткендей ызғырыққа төтепки бере алмай киятыр. Тез-тез жүрип едим, жол жүрип көрмеген бақ-қыдағы аттай пыснап қалдым. Жолдың еки жағасындағы пахта атызларында сып-сыйдам пақаллар қалып-

ты. Узағырақта ғорек теретуғын машина арман қарап барады. Ҳаўа ашық емес.

Мектеп алдында қыбыр еткен жан көринбейди. Оқыўшылар еле пахтадан қайтқан жоқ еди. Ишке кириўден, бир-еки жайдан төменги классларды оқытып атырған муғаллимлердиң ғаңғур-гүңгир даўыслары еситилди. Директордың кабинети ашық екен. Иште ҳеш ким жоқ. Столлардың үстин шаң басып қалыпты. Директор отыратуғын столдың бир шетинде класс журналлары тақлаўлы. Оған көптен берли қол тиймегени аттан анық. Директор да бираздан бери кабинетине жолламаған болса керек. Жайдың ишиндеги өли дүньялардың ҳәммеси адам ҳәрекетин жатырқап турғандай. Соның арасында телефонға жан енди. Ойланып турдым да, үсти-үстине шырылдай берген соң реҳимим келип, трубканы қулағыма туттым.

— Есмырза аға, жетиншиниң балларын не қылсақ екен?— Телефондағы даўыс дарылдап, күлкимди келтирип жиберди.

— Үйлерине қайтар, ертең оқыўға келсин! —дедим күлкимди зорға иркип.

— Сондай тәртип болғаны шын ба?

— Аўа!

— Әй, сен басқа адамсаң ғой, —деп ол да күлди. —Есмырза ағаға берсе трубканы.

— Трубканы кесип апарып берейин бе, бул жерде жоқ болса! Адамбайсаң ба? Салаўма әлейкум! Ҳарма?

— Рахмет! —деп иркилип қалды ол мени танымай, кимсең деп сораўдың қолайсыз екенин сезип турғанын билип турман.

— Яқшы онда...

Телефонды жайына қойдым да, сыртқа шықтым. Мектеп қасындағы жайларды паналап қарамаллар тур, олар еле үйренисе алмай атырған қара суўықта өз аяғынан жүрип отлап жанын қыйнағаннан көре үйлериниң беретуғын өлмес аўқат от-шөбине қанаат етип, кештиң тезирек болыўын күтип турғандай, Ал, суўыққа семиретуғын түйетаўықлар шиңгириги қашшан орылып алынған жүўери аңызларда ғаўқыйысып жайылып жүр. Бир-еки жайдың морысынан түтин шығады. Қыбырлаған адам жоқ.

Есмырза ағаның жазда адамнан босамайтуғын шертегиниң асты қулазып қалыпты. Бир жағында тенкейис-

кен қаўын, суўық урып кете ме деген қәўип пенен үстине көрпе жапқан екен, ол да ләўзе адамның басына тартса аяғына жетпегениндей, бираз қаўын көрпениң сыртында тасырайып атыр. Жаздың күнлери қып-қызыл борлаты шығып айнадай жарқырап туратуғын еден де шаң-шаң. Холодильник пенен кир жуўғыш машинаның үстинде Есмырза ағаның жигит ўақтында кийген көк шийразы жағалы пальтосы, майда балалардың парықсыз кирлеткен майда-шүйде кийимлери, мыжырайған қалпақ үйилип атыр. Жаз күнлери ең сыйлы қонақ отыратуғын орында жүнлери үрпейген «Қутлыаяқ» жатыр. Мен кирип барғанда ол басын көтерди де, кире бер, сениң менен ҳәлекленип жүремен бе дегендей көзлерин жумып, басын жыллы орнына қайта қойды.

Шертектен өттим де, жайдың есигин аштым. Дәлизшеде кийим қыстырғыш, газ плитасы, суў толтырылған шелеклер, қазан-табақтан басқа ҳеш нәрсе жоқ екен. Бир-еки аяқ кийим көринди. Ботинкамды шешип ,пальтомды илдирдим. Әсте-ақырын қапысын ашып, Есмырза ағаның бала-шағалары отыратуғын өжиреге бас суғып едим, дәслеп ҳешким көринбеди. Соң кәт сықырлағандай болып еди, қарасам, көрпеге оранып биреў жатырған екен. Қөкирегимде ат шаўып кетти! Айжан!!! Маған не болды?! Неге умыта алмайман?! Неге??! Көрген ўақта жүрегим дүбирлеп кете беретуғыны неликтен! Айтың, маған! О, арсыз муҳаббат, сен айт! Сен мерезбисең?! Сениң уўың бар ма? Сениң палыңнан уўың көп пе?! Мени уўладың ба? Мен умыта алмайман ба? Еркиме күшим жетпейтуғын иленәзик жанман ба?! О, бийопа муҳаббат! Жек көриўшилик сезимлеримниң саған не еле күши жетпей атырғаны ма? Сен енди бәрин умыт, умыт, умыт!!! Сен ушын Айжан атлы гөззал бул дүньяда жоқ! Ол туўылмаған! Жаслығымның жолында мени еглеп, биреўлердиң ләззети ушын жаратылған қызға көзлеримди дилгир ете берме, соқыр муҳаббат! Мен өз көзим менен көрдим ғой... Егер сол исти басқа биреўлердиң аўзынан еситкенимде, мен сениң қол астында ҳүкиминди орынлап, сол гәп тарқатыўшылардың аўзын осып алмаспа едим, дәртли муҳаббатым?! Сен енди жүрегимди қайтып берип, өз бийлигиме тапсыр да, өзиң усы жақта қала бер, бийшара муҳаббатым...

Айжан көрпесин серпип таслады да, орнынан атып турып:

— Келдиң бе? —деп сыбырланды.

— Келдим... Кетип баратырман.

— Қаяққа? — Оның көзлери жасаўрады.

— Аўылға.... Көринбейсең ғой?

Ол үндемеди. Маған шайы көрпеше төседи де, кәтине барып отырды. Дийўалдағы саат шықылдысы күшейип кеткендей, жай ишинде басқа сес еситилмеди. Оның жүзлери солғын тартса да, бурынғы сулыўлығын алдырған жоқ еди. Қап-қара шашлары үрпейип, тозаңып кетипти, бул оны әбден гөззал етип тур. Нәшели сүўретши салған арыўдың сүўретиндей кәтте еки бүклениўи менен көпке шекем тырп етпей отыра берди.

— Есмырза аға жоқ па?

Ол сөйлейин бе, сөйлемейин бе дегендей тым-тырыс отырды да әллен ўақта жуўап берди.

— Районға кетти.

— Сен неге жумысыңа бармай жүрсең?

— Шықтым....

— Шықтым?

— Аўа....

— Онда Есмырза ағаға айтарсаң келип кетти деп. Хошласып кете қояйын деп едим.

— Отыр.. Түске шекем келип қалады. Мен шай қояйын.

— Аўырып атырған болсаң, қыйнала бермей-ақ қой, Неге емленбейсең?

Ол жылап жиберди.

— Меники... емлениўден өтискен аўырыў! Еми жоқ!! Мени кешир, Атажан... —деп ол кәтке бойын таслап өксип-өксип жылады. — Сен бахытлы боласаң... Дәмелендиргеним ушын кешир!! Сүйдиргеним ушын кешир!!! Бизди дуз-несийбе қоспады. Сениң бахытың пүтини менен өзиңде қалды, Атажан. Қайларда болса да, сени күтип турған яр бар, сен оны табасаң... Ол мендей көз жас төкпейди... Ол сениң менен өмиринше күлип өтеди! Ол бахытлы қыз, Атажан! Ол... ол мендей.... бахытсыз емес!....

— Айжан, жылама, сен-әм бахытлы боласаң....

— Жоқ, мен нанның үстинен атлағандай бахытымның үстинен де атлап өтип кеткенмен...

Ол үнсиз жылады. Жай ишинде тек ғана саат сести: шық, шық, шық.

— Мен қайтаман, Айжан...

Ол үндемеди. Соң орнымнан анық қозғалғанымды билип:

— Жездемниң жумысларын не қылдың? —деди.

— Не қылайын? —деп оның түпсиз қап-қара көзлерине қарадым. — Өзиң-ақ айт, не қылайын?

—Өзиң билесең.. Мениң саған пәлен-төлен деўге ҳақым жоқ.... Енди маған бәрибир....

Ол сөзлерин бөлип-бөлип айтты да, көрпесин бастырынып жатып алды. Мен орнымнан турып, «яқшы онда» деп жүре бергенимде:

— Атажан! — деген даўысын еситтим. — Берман кел.

Қасына бардым. Ол еки қолын созып мойнымнан қушақлады. Етлери, қоллары лаплап, тийген жери күйдирип баратыр. Үндемейди, мениң бет-аўзымды баспақ жалағандай силекейлеп таслады. Көзлери гә жумылады, гә мени жутып жибермекшидей анталап қарайды.

— Болды енди, кете бер. Хош! —деп әллен ўақта көкирегимнен кейин ийтерди. — Кет.... енди түсинде де, өңиңде де мени көрмегейсең!

— Хош Айжан!

Ол үндеместен, бетин дийўал тәрепке бурып жатып қалды. Мен сонда ойлаппан ба, ойлаппан ба Айжанның өмир жолының дийўалға тирелип қалғанын... Аўыр сөйлеген болсам, кеширгейсең, әрманлы Айжан....

* * *

Мен тысқа шықтым. Далада көргенлеримниң бәри де өз орнында еди. Тек жүрегим өз орнында емес. Енди сырттағы қара суўықта онша сезиле бермейди. Айжанның ыссы деми, қолларының ыссылығы тәнимди еле күйдирип баратыр, мен тап лаўлап жанып турған тандырдың панасында қалғандай терге малынған едим. Ҳәр бир қәдемим мени Айжаннан алысларға алып баратыр. Асфальт жолға мингеннен кейин, артыма қарадым. Муғаллимшилик кәсиптиң есигин ашқан мектепке, туңғыш бахытсыз муҳаббатымның ийеси Айжан қалып

баратырған бийик антенналы жайға, бир шоқ аўылға соңғы рет қарадым да, ишимнен хошластым. Әне, автобус киятыр! Енди мен туўылған аўылыма, балалығым шапқылап өткен сөқпақларға қайтып бараман. Жүзлери бурыннан таныс баўырман адамлар менен көрисип олардың дәргайында уўайымсыз өмир сүремен. Бир жағында оймақтай көли, бир жағында шаппаттай тоғайы бар шоқ терекли аўылыма биротала киятырман..

Еле аўыл жолы узақ. Мениң жолым да алыс. Мен азанда ғана сапарға шыққан жолаўшыман. Алыс мәнзиллердиң қарыйдарыман: ҳәр қашан жоллардың узағын сүйемен, тегинде жоллар узақ болыўы керек, сонда ғана жеткен жериңниң қәдирин билип, ыссы баўырыңа тартасаң. Узақ жоллар —ҳеш ким устазлық етпейтуғын қәсийетли мектеп: онда тәғдир сабағынан тәлим аласаң, жаманлық пенен жақсылықтың парқын түсинип, реҳимсизлик пенен мийирбанлықтың ашшы-душшысын, зәҳәрин-палын татасаң. Узақ жоллар жыс тоғайлардың арасынан алып өтеди, сонда сен шаршап көштен қаласаң, адасасаң; узақ жоллар ысылдаған сары қумларды жарып өтеди, сонда сен шөллейсең, бирақ, сен кәрўан сүрдеўинен шығып кетпе, өйткени, бул узақ жоллар сени шәшмеге баслап барады. Ол—өмир шәшмеси, өмир булағы: қанып ишкеннен кейин себилиң шыққан жол азапларын умытасаң, ҳей, жолаўшы! Тур орныңнан, сапарыңды даўам ет, еле күн узақ... жоллар оннан да узақ, бул узақ жоллардан сениң әўладларың да жүрип өтеди еле. Адымыңды тезирек ат, изиңде талай дүркинлер киятыр,. олар үстиңнен басып өтпесин, сен әрман атланысындағы бахыт қуўғынышысысаң, егленбе, жолаўшы! Қайларда болса да сени күтип турған яр бар. Сен оны табасаң!!...

...Оннан берли де айлар өтти. Аўылдағы мектеп қушақ ашып күтип алмаса да, «атаң жақсы, енең кәйўаны» менен еплеп басымды тығып, жетпесинлеў саат алып оқытып атырман. Бирге ислесип атырғанлардың көпшилиги өзимди он жыл оқытып, терис путақларымды путаған муғаллимлер. Олардың арасында балалығымды жийи-жийи еске түсирип, базда уялып кетемен. Жақпас қылықларымды муғаллимлерим умытқан болғай-дә деген тилектемен. Сабақларымнан жақсы оқығанымды көтере алмай, базда оқыўшыларды күл-

диремен деп тәртипсизлик ислеп, муғаллимлердиң қысқысына түсетуғын едим. Мен келгеннен кейин сол муғаллимлерим сондағы шатақларымды умытқандай тек жақсы тәреплеримди ғана әңгиме ететуғын болды. Я, жумысқа орналасқаннан кейин үйге шақырып сойып берген қойымның ҳүрмети ушын ба, ким билсин?

...Май айының иши еди. Дайымның ортаншы баласы армияға кететуғын болып, Нөкиске келдик. Бир бәндиргиде турып едик, биреў анандай жерден «Атажан» лап жуўырып киятыр. Аяғында шүберек етик, үстинде сары шалбар, шәтлеңки көйлек, басында сарғайған қалпақ. Усти-басы олпы-солпылаў, қәдимги аўылнамай адамға уқсайды. Еки қолында еки қағаз қуты. Дәслеп танымай қалдым. Жақынласа, Дәўен аға!

— Ҳаў, ассалаўма алейкум!

— Уәлейкум!!! — Қутыларын жерге атып урды да, мени он жылдан берли көрмеген туўысқанларындай қушақлап алды. — Аман жүрсең бе, айналайын?!

Қушақлағанына қасымдағы адамлардан қысынып, «бәҳәрде буның жинлишилиги тағы көтерилипти-аў» деп салқынлаў турман. Қағаз қутыларға да қайта-қайта қарайман.

— Ал, қалайсаң? Еситтим, аўылыңа кетип қалыпсаңғой.

— Аўа!

— Жүдә дурыс ислегенсең,—деп ол тап аўылда атыздың ишинде сөйлесип атырғандай даўысын барынша жиберип тур.—Әй, иним-әй, киндик қаның тамған жерге жете ме?

— Жол болсын?

— Женгең таўықтың дымғозасын жеўди жақсы көретуғын болсаң Нөкисте шөже сатады екен, соған барып кел деп мына еки қутыны көтертип жиберди. Инкубаторды излеп жүргеним.

— Ҳаў, үйлендиң бе, Дәўен аға? Қутлықлайман?!

— Рахмет, Атеке иним!—деп ол мардыйыңқырап сөйледи. — Әй, иним, оңып қалдым, оңып. Бизиң маңлайға жазғаны да бар екен ғой. Тил жағым тасқа!

Мен күлдим:

— Бурын қатынлардың бәрин бийопа деп, ҳеш бирин жақтырмайтуғын едиң ғой, Дәўен аға?

— Күйгенимнен айтып жүр екенмен, иним. Опалысы бар екен ғой. Күйеўи пьянщик болып, ажырасып отырған биреў екен ҳәзирги алғаным. Еки баласы да бар. Не зыяны бар? Бала да керек. Бийшараның қол-аяғы жеңил. Уақтында аўқат таяр, кийим пүтин, таза. Совхоздың жумысынан да қалып атырған жоқ. Мениң арақты татып алмайтуғынымды билген соң жәннетке келгендей жадырап, ашылысып кетти. Енди, иним, көп етип шөже әкетемен. Қолың босаса қыдырып бар, үйге тез-тез қонақ келмесе, тапқанымызды қаяққа жумсарымызды билмей қаламыз.

— Қаяқта ислеп атырсаң?

— Аспанда ислеймен бе? Женгеңниң қасында да. Екеўимиз он гектар жер алып, шигит септик. Жақсы, нәллери тегис,—деп тағы мардыйып қойды. — Совхоз директоры гүзде ҳәр гектарыңнан 30 центнерден пахта тапсырсаң, бир жеңил машина менен сыйлықлаймыз деди. Ал, өзиң не қылдың? Кемпирге бир шүберек баслыны әкеп бердиң бе?

Қасымда турған дайым гәп қосты:

— Бул жаманның мурнына шамал енбей атыр еле.

Дәўен аға күни менен дайыма итибар бермеген екен:

— Ҳаў, баяғы дайың ба? Ассалаўма алейкум!—деп ғабыр-ғубыр қолынан алды. — Кеширерсиз, көрмей қалыппан.

Дайым сәлемлесип атырып:

— Зыяны жоқ, зыяны жоқ,—деди де қойды.

— Мурныңның шамалы даўылға айланып кетпестен бурын үйлен, бала!—деди Дәўен аға. Соң бир нәрсе ядына түскендей түрине өзгерис енди. — Баяғы қызды алмағаның жақсы болған екен. Әй, маған жақпап ediаў.

— Апамның айтып аўзының суўы қурый беретуғын қыз ба?—деди дайым.

— Директордың қызы-ше?

— Сол, сол!—деп әбден тастыйықлады дайым. — Апам еле сол қыз деп аҳ урады ғой.

— Ол қыз енди жоқ,—деди Дәўен аға суўық демин алып. — Есмырза ағаны бир өлтиргенде еки өлтирип кетти ғой, белбақ! Усы мартта ма, я апрельдиң басындама, еки күн нөсер болмады ма?

— Аўа, аўа, марттың аяғында,—деп мениң орныма

дайым сөйлесип кетти. — Умытпасам, марттың аяғында болыўы керек. Нөсерден бурын «Нияз жер» тапқа келейин деп турып еди ғой.

Енди мен алыс-алысларда қалған ески дәртимди жаңартып, жүрегимди тағы да қан жылататуғын бир бәлематты еситетуғыныма көзим жетти. «Ол қыз енди жоқ» деди ғой Дәўен аға. Сонда оған не болғаны? Мен Айжанның соңғы сөзлерин еледим. «Болды енди, кете бер. Хош... кет.. түсиңде де, өңиңде де мени көрмегейсең!» Сонда оны жубатқандай не айттым? Айтпадым. Айтқым келмеди. Неге айтаман? Я, неге айтаман? Не деп жубатаман?! Врач жигитке қатын үстиге тийе ғой деўим керекпе еди?! Не деўим керек еди?!...

Оның бетимди жалап сүйип атырғандағы демлериниң, қолларының лаплап турғаны етимди тағы күйдирип кеткендей болды. Сонда неге мен оны қушақлап баўырыма баспадым, айып Айжанда емес шығар. Биз неге еркеклерди айыпламаймыз? Отырыспаларда қызларға арақ иштирип, мәс етип... жаңа ғумшасы ашылып киятырған гүллерди жулып алып ийискелейтуғын танаўларға неге биз ништер тықпаймыз?... Үйинде некели ҳаялы турып, турмысқа шықпаған гөззалларды бузатуғын, ақшасы менен, абырайы менен, машинасы менен, ҳәмели менен басын айландыратуғын ҳарамзада еркеклерди неге жазаламаймыз?! Я, гүна өзлериңизде ме, қызлар?

— Сол нөсерде жаңағы қыз үйинен шығып кетипти,—деп Дәўен аға асықпай айта баслады,—Түни менен келмейди. Жоқ. Бир жаққа қыдырып кеткен шығар деп үйиниң иши итибар бермейди. Азанда да жоқ. Екинши түнде де жоқ. Есмырза аға звонит етип, тамыр-таныс, ағайинлериниң бәринен сорайды. Ушты-күйди жоқ. Үшинши күни азанда қоңсысы жап жағалап жүрип, қалың бүктиң астында саралап отырса, желбиреп атырған қызыл шүберекке көзи түседи. «Бул не шүберек екен, бала?» деп жаңағы адам қасына жақынласа... Есмырза ағаның қызы өлип атыр!!!

Көзимниң алды тынып, қулақларым питип қалғандай болды.

Баяғы жамғырда емлеўхана дәрўазасын қайта-қайта урып:

— Ата, бола ғой, уйықлап қалдың ба? Нөсердиң астында қалдым ғой!—деген даўысы қулағымның түбинде қайтадан жаңлады. Сондағы «Сениң нөсериң алдында...» деген ойымнан шоршынып кеттим.

— Себеби бармекен?—деген дайымның даўысын еситтим.

— Жаңағы бүктиң астында көз жарыпты. Пақыр, ул туўған екен, екеўи де өлип қалыпты!.. Нашарда ақыл болмаса қыйын ғой. Есмырза ағаны да отырғызып кетти. Көпке араласыўдан қалды... Мынаў киятырған автобус нешинши?

— Тоғызыншы!

— Ҳе, тәўир болды ғой. Жаңа биреў: инкубатор бетке тоғызыншы автобус барады деп еди,—деп Дәўен аға қутыларына жабысты. — Ал, яқшы! Атеке-әй, үйленсең тойыңа шақыртыўды умытпа, қарағым!

Ол жуўап күтпестен автобустың есигине жармасты!..

* * *

...Нөсер тынбады. Уйқым келер емес. Таң атып қалды ма деймен, әйнек ағара баслады. Қийинип, сыртқа шықтым. Аяқ басарға жер жоқ, желимдей ылай аяғындағы геўишке жабысып, алып қалғысы келеди. Қорадағы малларға от таслап, таўықларға дән шаштым. Анам кеше дайымның үйбетине қыдырып кетип еди, нөсерден қорқып қайтпаған болса керек. Келмеди.

Шала-пула шай иштим де, папкамды көтерип мектептиң жолына түстим. Абайлап сақланып киятырман. Сәл жерде тайып жығылып, мектепке шошқадай болып барсаң, оқыўшылар күледи. Изимнен бир топар қызлар жетип:

— Сәлем, муғаллим!—деп жабырласыўы менен озып кетти. Жоқары класслардың қызлары екен. Сизлер бахытлы болың деймен олардың изинен қарап. Сизлердиң аспаныңызда нөсер болса да, жас жаныңызға қуяш парлап тура берсин! Бәлким, мениң ендиги Айжаным сизлердиң араңызда ержетип атырған шығар?... «Қайларда болса да сени күтип турған яр бар. Сен оны табасаң!» деп еди-аў, әрманлы Айжаным...

Аўа, қайларда болса да мени күтип турған яр бар. Мен оны табаман, ар-намыс қурбаны—Айжан!!

1977-жыл.

ӨМИР ҲӘМ ӨЛИМ

Повесть

Қысқы ақшамның бундай узыннан-узақ болатуғынын ол сонша жыл жасаса да тек ғана бүгин билип атырғандай: әйнектен ишке телмирген усқынсыз қараңғы былай-былай тапжылар емес, я таңнан хабар беретуғын қоразлардың бийпул даўыслары еситилмейди, ҳәкисине ийтлер де тым-тырыс; өли тынышлық оның алқымына жабысып, аяўсыз пәнжелери менен кем-кем демин тарылтып баратқандай, ядына я қуўанышлы, я қайғылы ойлар түспейди, не ойлап, не қойып атырғанын да аңғарғандай ҳалы қалмады. Гә шөллегендей, гә ашырқағандай болады. Көзин ашса — қараңғылық, ол усы түпсиз қараңғылықтың қорқынышлы қушағынан мәңги шыға алмайтуғындай, растан-ақ өлип баратырғандай ҳалатта болады. Үй-ишиндегилерге ҳәзирге шекем ҳеш нәрсе айтпады, айтыўға қорықты, айтса ҳақыйқаттан да расланып кетер деп қорықты. Бирақ, күн өткен сайын жағдайы аўырласып, тойып аўқат жеўден қалды, деген менен ол ҳәтте күйеўине де аўырып жүргенин пинҳамы сыр тутты. «Жазылып кетермен, не қылар дейсең» деп еле де наўқасын жасырып жүр. Лекин, кешқурын бир врачтың телевизор арқалы шығып сөйлеўи, оның аўырыўға берген сыпатламалары дәл өзин айтып атырғандай болды ҳәм сол врачтың: «Аўырыўдың алдын алып, медициналық хызметкерлерге көринип турыў керек. «Аўырыўын жасырған өледи» деген ата-бабаларымыздың сөзин умытпаўымыз тийис» деген гәплери қатты тәсир етти. Жатқалы уйқы жоқ. Узақ түн жанын егеў менен қыйқалап атырғандай. Бәлким, ол бундай узақ түнлерди көп көрген шығар,

еслей алмайды, солай да тек ғана азаптан ибарат қараңғы қысы ақшам оның өмиринде биринши рет шығар, еслей алмайды... Еслегиси келеди, лекин енди өткенлерди ядта жаңғыртыўдың өзи де кеширилмес гүнадай, әлле қашанлар жазылып кеткен жараның орнында қалған тыртығын көрсетиўге тырысқандай болады, әлбетте ол көринбеўи тийис, себеби, ол тыртық сыртта емес, ол жүректиң бир шетинде, ҳәр ўақ-ҳәр ўақ пытырадай ойнатып шығады да, тағы ҳазары қайтып умыт болып кетеди. Ҳәзир оны еслеп отырғандай ўақыт емес, жүректеги пытырадан да ҳазарлы кесел ишин жайлап алды, егер растан сол кесел болса, онда өмир жолының ақыры көринип қалғаны... Еле әрманы көп еди: екинши улын үйлендирип той бериўи, еки қызын қутлы жерине. қондырыўы, перзентлериниң қызығын көрип, ақлық сүйиўи керек еди. Жасы елиўге де келмеди, күйеўи өзинен бес жас-ақ үлкен. Жасаўы керек! Бахытлы кемпир-ғарры болғысы келеди. Әттең, мына аўырыў барлық әрманды набыт етпесе болар еди-аў...

Таңнан белги жоқ. Қараңғылық сиресип турып қалғандай, жер үстинде жақтылық бар дегенди бийкарлағысы келгендей әйнектен қабағын үйип телмирип турғаны-турған. Не деген қорқынышлы! Ертең... бәлким, ертең оны усындай мәңги қараңғылық ҳәм тынышлық күтип турған шығар, соның туңғыш хабаршысы шығар бул ақшам? Өмирдиң жарға тақалған жери ме бул? Жоқ, үмитсизликке берилмегени мақул, аўырыўдан саўалып кетип атырғанлар аз ба? Егер ҳақыйқаттан да сондай аўырыў болса-ше? Онда... ең баслы әрманы— жигирма жети жылдан берли өзегин өртеп киятырған жалғыз әрманын орынлаўға да үлгере алмай ма? Жоқ, докторға қараныў керек. Жигирма жети жылдан берли гә өшип, гә тутанып, аналық жүректе толқыған бир сағынышына... тил менен айтыўға болмайтуғын қайларда да бар, қайларда да жасап атырған сағынышына даўа табыўы керек. Ҳеш болмаса... узақтан болса да дийдарына бир тойып. оннан кейин көз жумыўы керек. Көз жумыўы?! Жоқ, оны көрсе көз жума алмайды, аўа көрсе болды, кеселинен айығады, аўырыўды пүткиллей умытады. Айрылысарда шыңғырып жылаған нәрестениң даўысы бинәй өмиринде оның қулағынан кеткен емес. Ол бир бөлек, қалғанлары бир бөлек. Оның жалғыз өзи бир таў болса, қалғанларының ҳәм-

меси бир таў. Сол таўын узақтан болса да бир ирет көрсе болды, бәлким, қушағына қыса алмас, өйткени таўды ҳеш ким де қушақлай алмайды ғой.

Өлим алдында адам өз өмирин басынан баслап ойлағысы келеди, ядына түсиргиси келеди дейтуғын еди, сол рас па екен? Неге бул да сол жылларды: бахытлы ҳәм қаралы жылларды ойлағысы келе береди? Өтип кеткен ҳәм сыңсыған тоғайдың аржағында жоғалған жаслық дәўирдиң ҳәзир ҳеш қандай да пайдасы жоқ, ол ҳәзирги аўырыў зардабынан қутқара алмайды. Өмирдиң бунша қысқа болғаны қандай өкинишли. Уақыт деген тулпардың мойнынан үзилип түсип қалған шылбырдай еки ушы көринип-ақ тур. «Қысқа жип гүрмеўге келмейди» деген усы екен-дә. Ҳәммеси де кеше менен бүгин болып өткендей, ал ертең ше? Оған енди ертең деген мезгил болмайтуғындай, таңның қасарысып атпай турғанына қара! Жаслық ўақта таң атпағай, таң созылғай деп тилек тилеп жатпайтуғын ба еди?

Түн тағы да созыла түскендей.

Таң атар емес...

* * *

Быйылғы қыс жыллы болып келди. Жерде үпелектей де қар жоқ. Бир-еки рет жаўған қар да жерге түсер-түспестен ерип кетип, әтирапты аппақ қушағына қыса алмай қалды. Қарсыз ҳәм жыллы болғаннан кейин, ҳәтте январьды да гүзге, я ерте бәҳәрге мегзетиў мүмкин. Әдетте, шеннен тыс жыллы келген қысты адамлар жақтыра бермейди, қыстың суўығы бәҳәрге аўыса ма деп қорқады. Бәҳәр жағымсыз келсе дийханға да, шарўаға да оңай болмайды, ондай бәҳәрдеги ызғырық жердиң де, елдиң де қутын қашырады.

Азанғы шайдан кейин «Москвич»ин ходлап жолға шыққан Елмураттың район орайына келгенше жағы тынбады. Өзи агроном болған соң ба, я ҳаялының дыққатын басқа жаққа аўдарғысы келди ме, қулласы, тек жер ҳаққында, быйылғы болатуғын егис жөнинде сөйлей берди. Қанша билдирмейин десе де, ол соңғы ўақлары ҳаялының жүрис-турысында, бет-әлпетинде бир өзгеристиң жүз бере баслағанын, қандай да бир себеплер таўып бирге аўқатланбай жүргенин сезер еди. Сорайын десе, сол аўырыў ма деп өзи де қорықты. Өзи айтар деп күтти. Бирақ, Тиллахан аўырыў жөнинде жумған аўзын ашпады, ҳазар шегип жүргенин де сездирмеди, минез-қулқы да бурынғы жайдары қәлпинен өзгерип көрген жоқ .Тек, кеше телевизордан врач сөйлеп атырғанда оның көзинен моншақ жастың жумалап түскенин сезип қалғандай болды. Усы моншақ жас Елмураттың да жүрек-баўырын астан-кестен етип кетти, ол да бүгинги узақ ақшамды кирпиклерин айқастырмай гүзетип шықты. «Таң атса врачқа апарайын» деп түйди ишинен Елмурат. Таң зорға атты. Таң атқан соң түндеги ерликтен нәмиў-нышан қалмады, гәпти неден баслаўды билмеди, тағы натықлық басланды, өмиринше ҳаялына тикленип қарамағанлықтан (ол оғада сыйлайтуғын еди!) Тиллаханға түйеден постын таслағандай етип: «Жүр, врачқа көрсетип қайтайын» деўге аўзы жуўыспады. Оның мүшкилин Тиллаханның өзи жеңиллестирди:

— Елеке, машинаң жүре ме?

Елмурат қуўанып сала берди.

— Жүргенде қандай!

— Онда... — деп Тиллахан сәл гидирди. — Үйге баллар қарап турар...

Аржағын айтқысы келмеди, балаларына еситтириўди қәлемеди.

— Қыдырып қайтамыз ба?—деп Елмурат та түсинген түс билдирди.

— Аўа...

Бул—еки дүньяның арасында қалған қысқа жолдағы қыдырыспақтай сезилди Тиллаханға. Үй ишиндеги дәскелерге, дийўалдағы сүўретлерге, дастурхан басындағы еки қызына ең соңғы мәртебе қарап атырғандай көзлерин үзгиси келмеди. Нөкистеги басқа шығып кеткен баласы менен келини, әскерликте жүрген екинши баласы ядына түсти, оларды енди ҳеш қашан көре алмайтуғындай өзинде әззиликти ҳәм енди оған ҳеш ким де жәрдем бере алмайтуғындай ғәрипликти сезди. Тап кешеги күнге шекем ҳәммеси де, ҳәммеси де басқаша еди. Тек ендиги жалғыз үмит—шүтик шырадай жылтыраған соңғы үмит докторларда, солардың нәзеринде ғана қалған еди. Егер олардың аппақ халатларының

епкини менен шүтик шырадай үмит оты сөнип кетсе, питкени...

Жол бойынша Тиллахан усылар туўралы ойлады.

Егер растан-ақ қайтып келмес жолға атланатуғын болса, Елмуратқа да аңсат емес. «Жары жолда атың әлмесин, жары жаста қатының өлмесин» дегендей, жасы елиўге келгенде оның ыссысы менен суўығына ким қарайды? Мың айтсаң да баланың аты—бала, келинниң аты—келин. Жигирма бес жыл қослас болды, бир-бирине аўыр сөзге бармады, биринің отын бири үрлесе үрледи-дә, сөндирип көрген емес. Басқалар усап бул үйде майда-шүйде урыс-қағыс та болған жоқ. Тиллахан мектепте баслаўыш класстың муғаллими, Елмурат гә бригадир, гә агроном болып ислеп киятыр. Үлкен баласы Атамурат еки жыллықта университетти питкерип Нөкисте ислеп қалды, бирге оқыған қызға үйленип хожалық болып отыр. Еси пүтин. Қызлары еле мектепте. Соларды қутлы жерине қондырыў ананың аңсаған әрманы еди, енди бул әрманның иске асыўы еки талай болып тур.

Тиллахан жол үстинде усылар туўралы ойлады.

Қанша ойласа да ой түбине жетиў мүмкин емес. Ойлап-ойлап келеди де, барлық ойын набыт етпекшидей алдынан бәдайбат бир жағымсыз нәрсе шығады, ол жанын жегидей жеген—уўайым, аўырыў уўайымы. Оны айланып өтиў қадаған, қолынан келмейди. Егер жолындағы сол тосыңқыдан аман-саў өтип кете қойса, ҳәммеси де, ҳәммеси де орынланатуғындай, жигирма жети жыллық купыя сағынышына жол таўып, аналық муҳаббаты өз ерки менен қумары тарқағанша бир бозлайтуғындай. Өмир деген не еди өзи? Шайырлар жазғандай ол теңиз бе еди? Теңиз болса неге тереңине қарай толқынларды аралатып әкете бермейди? Неге? Неге ол жары ортада минген кемесин шыл-пәрше етип, түбине мантықтыражақ? Адам балық емес ғой. Я, өмир дала ма? Шеги жоқ дала ма? Демек, даланың да шеги бар екен-дә, бирақ, жол жартысына келгенде даланың таўсылып қалғаны неси? Жалғыз жүрип бола ма? Адам аң емес ғой.

Тиллахан жол-жөнекей өз өмири жөнинде ойлады.

Бирақ, ой таўсылар емес...

* * *

Аўырыўының түрин сорады, қанын алды, рентгенге түсирди. Соннан кейин врач салқын қанлылық пенен ийнин қысып:

— Ҳәзир ҳеш нәрсе де айта алмайман,—деди. — Еки күннен хабар алың. Анализин шығарып қоямыз.

— Дәри-пәриге қағаз бермейсиз бе?

— «Мен не деймен, қобызым не дейди»,—деп кекесинли күлди врач. — Кеселиңиздиң түрин билмей турып...

Аржағын айтпады ҳәм Тиллахан менен қайтып иеи де болмады. Үмит шүтик шырасы елпилдеп жанған ҳаял қарманыўға тал таппағандай ҳәлсизлик пенен сыртқа шықты. Даладағы скамейкада есикке дилгир болып отырған Елмурат ушып турып, еки атлағанда қасына келди.

— Не деди?

— Ужыбатлы гәпи жоқ. Еки күннен анық болатуғын қусайды.

— Усылардан врач болып! — деп тоңқылданды Елмурат. — Аўырыў дегенди бир көргеннен-ақ айырып тасламаған соң...

Бул сөз Тиллаханға батайын деди. Тап Елмурат оған: «Кеселиң аттан-анық көринип тур ғой, оны врач түўе соқыр адам да анықлайды» деп атырғандай еди. Бәлким, Елмурат ҳақ шығар. Оған ҳаялының кесели ҳәммеден бурын көринип турған шығар? Өмирде ерли-зайыптан басқа ҳеш ким де бир-бирине соншелли жақын бола алмайды ғой. Ерли-зайыплар рухый жақтан да, жыныслық жақтан да ажыралмастай болып байланысып кеткен ғой. Солай да Елмурат жаңағы гәпти айтпаўы керек еди. Врачларды жазғыраман деп, еки жолдың дәрбентинде ар-сары шығып турған сүйикли ҳаялын, жигирма бес жылдан берли өтиригине болса да бир рет өкпелетип көрмеген хоширей Тиллаханын иренжитип алды-аў.

— Билгиш болсаң айтсеш! Мениң кеселим қандай?

Елмурат Тиллаханға аңырайып қарады. Бул гәп оның жүрегине садақтың оғындай қадалды. Ҳаялының аўзынан бундай сөзлер шығады деп ҳаслан ойлаған емес.

— Мен врач емеспен, қайдан билейин...

— Елеке, врачлар да адам ...Адам болғаннан кейин адамның тәғдирин бирден шешиў аңсат емес. Оның үстине илимниң, техниканың заманы...

— Мен тек, тезирек емлениўиңе асығып атырмандә, — деди Елмурат машинаға отырып атырып. — Аўырыўдың алдын алған оны емлеўден аңсатырақ болады деген гәп бар ғой.

— Жүрим болса...

— Қойшы, қайдағыны айтпай.

Машина тағы асфальт жолға шықты.

Саатқа қарамасаң күнниң қай мезгил болғанын да аңғарыў қыйын. Аспан сиреккен булт. Я жаўмайды, я тарқаспайды. Түнергени-түнерген. Бултлардың аржағында жарқыраған қуяш бар дегенге исенгиң келмейди. Тиллахан ендиги жолын да усыған мегзетти, өмирге деген үмит отлары сол қуяштай булттың артында, оның қандай тақылетте жанып турғаны биймәлим. Артынан қуўып киятырған әжел дүбирин еситип атырғандай, ал булар болса машина менен оннан қашып баратырғандай. «Айдайгөр, Елеке, айдайгөр,—дейди ишинен. — Изимизден әжел жетип, пәнже урмасын!» Бағанағы врачтың салқын қанлы мүнәсийбети, ҳәммесин де тек көзабаға ислеп атырғандай, тек өз миннети болған соң ғана көзден өткерип атырғандай болғаны жүрегин енди езе баслады. «Истиң бәрин өтлестирип алыпсаң ғой, бурын қайда жүрип едиң?» дегендей еди ме көз-қарасы, қалай-қалай? Болмаса, бир езиў тартпас па еди, күлки де ем дейтуғын еди ғой. Не қылса екен, не қылыўға болады?

Келгенше сайрап келген Елмурат та аўзын буўып алды. Я, бағанағы гәп кеўлине тийди ме екен? Итимал. Елмураттың кеўлин қабартпаўы керек еди, шерек әсир ашшы-душшыны бирге татысты. Тиллаханды бахытсыз жолдан тартып алып баўырына басты. Бултлы жаслық аспанында қуяш болып жарқырады. Оның гүнасын, кеширилмес гүнасын бетине ширкеў етпеди. Солай ма? Еслеп көр! Солай! Яқ, Елмурат оның гүнасын сезген де жоқ. Себеби, ол жайсаң жигит еди, аңқылдақ, аўзындағыны алдыратуғын қыйлынан еди. Тиллаханның Елмуратқа аўыр сөз айтыўға ҳақысы жоқ, ал Елмурат оған не айтса да азлық етиўи мүмкин, лекин Елмурат оны айта алмайды, айтыў ядында да жоқ. Егер билсе-ше?! Не дер еди? Адамзатқа оқтан да бетер өткир тийетуғын ең аўыр сөзди айтар ма еди? Адамды ҳайўан менен ажыратып туратуғын шегарадағы жабық турған сөзди айтар ма еди?! Айтар еди! Аўа, айтар еди! Себеби, бул пәк адам. Нәкаслыққа жаны қас, пәсликке душпан адам. Ишинен түтеп-түтеп бир күни жалыны сыртқа лап етип шығатуғын адамды қайтып өштириў қыйын, ол я өзин, я басқаны жоқ етеди. Илайым, ендиги қалған өмирдиң санаўлы қәдемлеринде ол бул туўралы ҳеш нәрсе билмей-ақ қойсын, еситпей-ақ қойсын.

Тиллахан тағы аўырыўын ойлады...

* * *

Арадағы еки күнниң ишинде Тиллахан қызларына бурынғыдан да жақын болды, оларға көп ақыл айтты, өзи емлеўханада жатып қала қойса үйге қәйтип қараўды, әкесин қапа етпеўди тапсырды. Үлкени — Палхан тоғызыншы класста, сабағынан да тәўир, үй жумысларын да тақ-туйнақтай етип қояды. Кишкенеси Нурхан еле жаслаў, алтыншы класста. «Нәрестелеримаў,—деп ойлады Тиллахан. — Меннен айрылып қалсаңыз күниңиз не кешер екен? Еле сизлердиң ядыңызда ондай ҳеш нәрсе жоқ. Бул аўырыў мәзи кесел емес ғой, баўырларым-аў. Мексиз қәйтер екенсиз? Өгей ананың қолына қарап қалсаңыз ҳалыңыз қалай болар екен?»...

Оның бетин ыссы көз жаслары жуўып кетти.

Ып-ыссы жас, тыйылар емес, сыпырған сайын аржағынан ыршып шыға береди, шыға береди. Сәл жеңил тартайын деди. Булдыр-булдыр елес болып жүдә узақта қалған балалығы думандағы түсиниксиз сүлдердей болып көз алдына келди. Кем-кем тап кешегидей, кеше кешқурын болып өткендей, аралықта ҳайт қойған соңша жыллар бир күн шелли болмағандай, өмирдиң бунша қысқалығы, адам баласы усы қысқа жолды жуўырып-жортып демде-ақ басып өтетуғыны оған енди аян бола баслағандай еди...

Урыстағы әкесинен «қара қағаз» келгенин емис-емис биледи. Онда да қыс күнлери еди, суўық, жерлер омбы қар. Анасының боз-боран болып жылағаны, аўыл адамларының оған тәселле айтып атырғаны, биреўлердиң үй алдындағы қарды тазалап, ошаққа от жаққанлары умытылып баратырған түстей ядында азлап қалған. Ал, әкесиниң дийдарын көз алдына келтире ал-

майды. Сол күни ол ҳеш нәрсеге қыйналған да, жылаған да жоқ. Бала ғой, қайдан билсин, өмир менен өлимниң парқын түсиниў қайда? Лекин, әкениң аты— әке емес пе? Оның жоқлығына Тиллахан соң жылады. Урыс кимлердиң ошағының күлин суўырып, кимлердиң шаңарағын ортасына түсирмеди дейсең! Алыстағы жарылған бомбалардың гүрсилдиси бул жақтағылардың да толысын шайпап, бесиклерин төңкерген жоқ па? Батыстағы атылған оқлардың қорғасыны келип жетпесе де бул жақтағылардың да жүреклери шаншып қан қуспады ма? Қаншалар жесир қалды, қаншалар жетим қалды!

«Әкениң жақсысы жездеңдей болады» дейтуғын еди, ал енди өгей әке қалай болар екен? Анасы еле жас, Тиллахан тек биринши ҳәм соңғы перзенти еди. Урыстың питиўин күтип жүргендей сыңай билдиреди. Тиллахан екинши класста оқып жүргенде жеңис күни жетти. Жеңис! Ким қуўаныштан жылады, ким ҳәсиреттен жылады, ким өкиништен жылады. Жеңис! Ким жылап жүрип күлди, ким күлип жүрип жылады, ким қан жутып күлимсиреди, ким жүзин жасырып қуўанды. Жүзин паналап қуўанғанлардың бири Тиллаханның анасы еди, кетер күйеўи кеткен соң енди жаслығының қалған жағында гүллерин төге бермей, қайта жайнаўы керек ғой, байғустың. «Өлмектиң изинен өлмек жоқ».

Бир гезлери халық жыйналып той болған, Тиллахан иңгәлап дүньяға келген, еңбеклеген, анасы ҳәййиў айтып, әкеси ыңылдаған, өмирге туңғыш қәдем атқан жайы енди қаңырап қала берди. Анасы бир кисиге қол берди. Өгей әкесиниң аты Қулмурат еди. Ол шымбайлы қассап екен. Бурынғы ҳаялы қайтыс болған, оннан қалған үш баласы бар. Балта менен гөш майдалап атырып, абайсызда шеп қолының еки бармағын шаўып алғанлықтан урысқа да алынбаған. Буны биле-тура иследи ме, я растан ба, анығын ҳеш ким билмейди. Қулласы, Қулмурат қассап шошайған муртлы, еки көзи мудамы уйқыдан қалған адамдикиндей қызарып жүретуғын, жөнли гәпи жоқ, тек яр дегеннен сөгинип сөйлейтуғын адам еди. Тиллахан өлердей қорқады, анасының усы адамға не ушын қызғанына ҳайран. Гөшине қызды ма екен? Ҳәр күни кеште қазанда майлы сорпаның бүлк-бүлк қайнағанынан не пайда, Қулмурат зәребесин үйирип келеди де, үйдегилерге қан жутты-

рады. Сондайда Тиллаханның балалық кеўли өз әкесин сағынады, ол урыстан келгенде өмири, балалық дәўири не деген қуўанышлы болар еди! Өз үйине, өз әкесине не жетсин. Енди анасы да өгейдей болып баратыр. Ол да қорқады, байғус, «өз қызыңды әлпешлеп мениң балаларыма қарамайсаң» деп айта ма деп қорқады.

Бир ақшамы Тиллахан шоршып оянды. Жайдың иши тас-түнек еди. Анасының солқылдап жылап атырғанын, өгей әкесиниң бир нәрсе деп сөгингенин еситип қалды. Уйқысы шайдай ашылып кетти.

— Гөрге де кетпейсең, әкеңниң аўзын!... — деп Қулмурат дүмп еттирди көрпениң сыртынан.

— Кетемен! Кетемен дедим бе, кетемен! Өйтип адамды жазықсыз жазғырма,—деди анасы налынып.— Саған қаяқтан тап болдым? Қудай көзимди байлаған екен.

— Сампылдамасаң-ә! — Қулмураттың даўысы ҳөкпеңирек еситилди. — Қайсы еркегиңнен кеммен? Айт, меннен зыят неше еркек көрдиң?

Анасы көп ўаққа шекем жым-жырт болды. Өгей әкесиниң даўысы тағы пәтлирек шықты:

— Айтқың келмейди-ә! Нәзик жериңнен туттым ба? Сендей сулыў қатынлардың қылўасын билемен.

— Билсең, неге алдың?

Енди Қулмурат тым-тырыс болып қалды. Соң тағы бир сөгинди де Тиллаханға түсиниксиз ҳәрекет баслады...

Азанда тағы қәдимгидей. Түнде ҳеш нәрсе болмағандай. Қулмурат балта менен пышақларын егеп жумысына кетти. Күнлер гә бултласып, гә жадырап, ырылтырыл өте берди. Бирақ, бултлы күнлер көп болды. Анасы жас босанғаннан кейин ғана Қулмурат сәл жибисейин деди, ол кеште жумысынан мәс болып келсе де, нәрестени көриўден барлық дыққатын соған бөлип, үйдегилер менен онша иси бола бермейди. Бурынғы ҳаялынан қалған балалар да оқыўшы, екеўи Тиллаханнан үлкен, биреўи кишкене. Олардың көрген күни де ийттиң күниндей..

Жыллар өтти.

Үлкен баласы орта мектепти питкерер алдында бир төбелеске қатнасқаны ушын қамалып кетти. Тиллахан оныншы класста оқып жүргенде анасы төсек тартып

жатып қалды. Қулмураттың таўсылмайтуғын азаплаўларына шыдам бере алмаса керек. Бир күни анасы оны шақырып алды да, димары кеткен қолы менен басынан сыйпап турып:

— Қызым,—деди ғамгүн түрде. — Оқып қал. Ҳеш нәрсени уўайымлама. Оқы... Теңиңди тап...

Бул анасының соңғы сөзлери екен...

Енди Тиллахан усы сөзлерди де өз қызларына айтқысы келеди, бирақ қорқады, «мениң де соңғы сөзлерим болып қала ма» деп қорқады. Өмирден гүдер үзиў қыйын, өлим көринип турғанда да адам баласы оннан қутылып кеткиси келеди, бир рет берилген өмир менен тегинликте хошласқысы келмейди.

Сол ушын да Тиллахан соңғы сөзлерин айта алмайды. Ол ушын еле ерте.

* * *

Емлеўханаға жақынласқан сайын жүреги тақатсызланып дүрсилдей баслады. Растан-ақ сол аўырыўға шатылған болса, истиң питкени. Мүмкин емес! Медицина бир илажын табатуғын шығар?

Еки күнликтеги врач жигит күтип алды:

— Сәлем бердик, келдиңиз бе?—деп сол бурынғы салқын қанлылық пенен сөйледи. —Сиз емленбесеңиз болмайды екен. Нөкиске жоллама таярлап қойдық.

Тиллаханның иши ғым ете қалды.

— Қайсы больницаға?

— Онкологиялық емлеўханаға!

— Растан-ақ сондай ма екен?!

— Не сондай ма екен?

— Ана.., анандай аўырыў?!...

— Белгиси бар, — деди врач, соң кеўлин алғысы келгендей. — Басқа болыўы да мүмкин. Сол жақта жақсы қәнигелер бар. Айырады,—деп қосып қойды.

Тиллаханның аяғының астындағы жер қыймылдап кеткендей сыртқа тентиреклеп зорға шықты. Жалғыз сабаққа илинип турған үмит үзилгендей еди. Врачқа өкпеси жоқ, ҳағын айтты, «басқа болыўы да мүмкин» дегени бийкар, ол—жубатып атырғаны. Рас сондай аўырыў екен, емлеўханада жатыўдың не кереги бар? Емленсең де емленбесең де я алты айдан, я үш айдан... Жоқ! Ол өз ойынан шоршып кетти.

— Не дейди? — Ол Елмураттың даўысын еситпеди. Оның ишки дүньясында өмир менен өлим қан сорпа

болып айқаспақта еди. Өмир ҳәм өлим. Өлим ҳәм өмир. Қайсысы жеңер екен? Қайсысы үстемлик етер екен? Нәбада емлеўханада өлип қалса, қызларына айтатуғын соңғы сөзлери ишинде кетеди ғой. Әрманы ат басындай болып кете бермеме? Еле де өмирден гүдер үзбеў керек. Бул аўырыўдан тәўир болып кеткенлер бар ма? Әри ойланды, бери ойланды, ядына түсире алмады. Бул мерез шөптей кесел деп еситетуғын еди, қутылыў мүмкин емес.

— Енди не болады, Елеке?—Тиллахан Нөкиске шамаласқанда ғана сестин шығарды. Күни менен ийинлесип отырса да, ҳаялының бир аўыз сөзине зар болып киятырған Елмуратқа зибан питти:

— Не болатуғын еди, емленесең.

— Әй, билмедим-аў, бул кеселге ем қонбайды ғой.

— Өйтип үмитсизликке берилме. «Үмитсиз—шайтан» деген.

Бул сөзлер Тиллаханға шыбын шаққандай да тәсир етпеди, енди оны жубатыў—тек босқа әўерешиликтей, оның көз алдында ҳәм өзиниң, ҳәм изинде қалып баратырған тирилердиң уўайымы қорқынышлы елес болып көринер еди:

— Саған қыйын болатуғын болды, Елеке. Жасың елиўге барғанда...

— Әй, қойшы!—деп Елмурат оның гәплерине пәрўа бермеўге тырысты. —Тириниң есабы болар. Уўайымлай берме, өзиңниң ден саўлығыңды ойла.

«Дурыс, тириниң есабы болады,—деп ойлады Тиллахан ишинен. — Бир күн жылар, еки күн жылар... Соң умытыла баслайды... Өзим ше? Анама еле жылап жүргеним жоқ ғой. Елмурат та биреўди таўып алар. Аўа, соның жыллы қушағында жатқан Елекең қара жердиң суўық қушағында жатқан мени ойлар дейсең бе?... Тириниң есабы болар деп дурыс айтты...

— Әўел баланың үйине барсақ па екен?—деди Тиллахан ойларын зорға иркип.

— Баланың үйи қашпас. Түстен бурын врачларға көринип қал.

Олар усыған келисти.

Емлеўхана бөлим баслығы Тилеўбай Сапаровичтиң кабинетиниң кирер аўзындағы отырғышларда еки үш адам есикке пилдей үңилип гезек күтип отыр екен. Жүзлери солғын, көзлериниң нуры қашқан еки еркек

пенен бир кемпир, шамасы, бир сабақлас наўқаслар. Қағысып, Тиллаханға орын берди.

— Усы баланы билгиш деген соң келип отырман,— деди еркектиң бири. — Өзи усы аўырыў жөнинде илим кандидаты болған қусайды.

Тиллаханға жан енейин деди. Илим кандидаты болса, тегин емес шығар, бундай абырайлы атақ бостанбосқа бериле бермейди ғой. Әсиресе, медицина илиминде пүткил дүньялық масштабқа мәлим жаңалық ашыў керек. Соның арасында иштен бир адам менен медсестра шықты да:

— Кимниң гезеги?—деп сорады. Отырғанлардың биреўи ишке кирип кетти...

Врач жигитке көзи түскен Тиллахан кирген жерде бирден лал болды да қалды. Япырмай, бала, бундай да уқсаслық бола ма екен? Адам адамға уқсағанда да бундай болыўы мүмкин емес ғой. Жаўдыр көзлери, қыр мурыны, күлкиниң изи билинип туратуғын еринлери; аўзы, ат жақлы жүзи дәл соның өзи, айнымаған өзи! Ҳәтте, шашларының буйраланыўына шекем уқсап тур-аў, уқсап тур.

— Қорықпаң, апа!—деп Тилеўбай Сапарович орнынан ушып турды.—Сәлем бердик. Қәне, мына стулге келип отырыңыз. Ҳә, аўылдан келдиңиз бе?—деп ол райондағы врач жазып жиберген қағазды оқый баслады.—Ҳмм... Сөйтип, сондай дең. Қәне, қолыңызды әкелиң. Ҳаў, тамырыңыз жақсы соғып тур ғой.

Аўқат алдырмайды, балам...—деп иркилип қалды. Тиллахан, «балам» деген сөзинен өзи де шоршынып кетти.—Рас сол кесел болса, онда өлим жақынласып қалды.

— Не деп отырсыз? Ўәй!—деп Тилеўбай Сапарович күлип жиберди.—Өлим, өлим! Усы адамларға ҳайранман-әй, еле дурыслап өмир сүре алмай атырып, айтатуғыны өлим. Өлиў аңсат па? Еле сиз жасайсыз... Лап десеңиз де айтайын, тап меннен соң өлесиз.

— Қой, қайдағыны айтпа, бал...

— Көп жасайсыз деп атырғаным ғой, болмаса мен де өлейин деп атырғаным жоқ,—деп тағы күлди врач.—Сизде ҳеш қандай кесел жоқ. Организминиз азмаз зўланған екен, оның да мүддети питипти. Пай, сизд бийкардан бийкарға ҳәлек етипти-дә!

— Рас па?!

— Рас! Бир-еки дәриге қағаз жазып беремен, аптекадан алып үйиңизге қайта бериң. Бир айдан кейин тағы келиң, бир көринип кетиң. Жумыста болмасам дуўры үйге бара бериң. Мине, адресим,—деп Тилеўбай Сапарович аты-жөни жазылған карточкасын берди.

Бул күтилмеген қуўаныш еди. Өмир қайтадан өз аңғарына түскендей болды. Тиллахан усы минутларда анадан қайта туўылғандай, мынаў жақты-жәҳәнге енди келип атырғандай бийхуш кейипте еди. Ол... ол өмирин қайтарып берди, аўа, ҳақыйқатында да сол ма екен? Бир ўақытлары өзи оған өмир берген нәреста усы ма екен? Уқсас, дым ғана уқсас, аўзынан түскендей.

Тағы да ада болмас ойлар басланды...

* * *

Анасының өлиминен соң Қулмураттың үйиндеги тиришиликтиң әбден берекети қашты. Тиллахан қәйтсе де еки ай шыдаў керек еди, оннан кейин мектепти питкерип, институтқа оқыўға кетеди. Бул шаңырақты қайтып желкесиниң шуқыры көрсин. Бир өзи қайда болса да күнин көрер, халық бар, ел бар дегендей, оқыўға кире алмаса да бул жерге айланып келмеўге қарар етти.

Еле анасының қырқы болмай атырып Қулмурат үйине басқа қатын алып келди. Бул ҳаял босағадан атлаған ўақта-ақ мәс пе, я еси жарым ба, Тиллаханды ҳайрана етти. Кешқурын еди, өгей әкеси екеўи тиртеклесип кирди де, бирден ўаҳаҳаласты. Соң ҳаял Тиллаханды жегиси келгендей бежирейип қарап турды да:

— Ҳаў, Қулеке, жап-жас қатының бар екен ғой!— деп қойып салды. Бул сөзге қысынған Қулмурат жоқ:

— Әй, қыз ғой ол—деди, «қызым ғой» дегенде тилиңе терискен шығатуғындай.

— Қыз болса да, қатын болса да сулыў екен!—деди тазадан келген ҳаял тамсанып.—Тезирек сатып, пулына батыў керек.

— Еле оқыўшы ғой.

— Оқығанда не болады? Қәне, шай-пай әкел, қа...!

Сөйтип олар алып келген арағын ише баслады. Тиллаған түс көргендей, табалдырықтан атламай атырған

мәскүнем ҳаялдың қысымы жети жүйресинен өти ратыр. Арақка делебеси қызған сайын қатын ша дай шаңқылдап, өгей әкесине де бийлигин өткизе ди, соң аўқат ишип-жеўге де шамасы келмей отыр жеринде жаны үзилгендей сулқ түсип қулашын қулады. Ҳаял адамның арақ ишип мәс болғанын б ринши көриўи, жатысының жаманын, оқ тийген қан шықтай. Тиллахан жүреги даўап сорады:

— Бул ким, аға?
— Буйырса, анаң болады
— Анадан жарығап екенбиз.
— Ҳа, неси бар?
— Ҳаял бола турып арақ ишкени неси?
— Ишсе ишеди-дә... Сен де адам сынайтуғын болып қалдың ба?—деп Қулмурат аларып қойды.—Анамның жылын күтпеди деп өкпеледиң бе? Бәрибир енди ол тирилип келмейтуғын болған соң, өлимнен басқа ның ертеси жақсы».

Ҳаял ярым ақшамда ыңыранып оянды да:

— Мен қайда жатырман-әй усы?—деп даўысларды Тиллахан ояў жатырса да үндемеди. Қулмураттың пәр ўайы пәнсери болып уйқыны урып атыр.

— Мынаў кимниң қорылдысы? — Ҳаял қорылды шығып атырған жаққа жылысып, Қулмураттың бас шайқады.

— Ҳә...
— Кимсең?
— Байыңман.
— Байыңман? Мен жесир едим ғой.
— Бағана маған тийдиң ғой.
— Сен кимсең өзи?
— Қулмуратпан.
— Қулмурат қассап па?
— Аўа, светти жағайын ба?
— Тоқта! Маған ҳеш нәрсе ислемедиң бе?
— Яқ. Талабында енди боламыз.
— Онда үйиме апарып тасла.
— Ҳаў, маған қатын болыўға ўәде бердиң ғой?
— Сени не қылайын? Арақтың күши менен берилип кеткен ғой.
— Қыссаң-ә!—деп Қулмурат тикейип отыр Кимди масқара қыласаң?!

аял сәл егленип қалды. Соң әлле бир нәрсеге хор- келгендей солқылдап жылай баслады.
— Ҳә, неге жылайсаң?
Куўап жоқ.
— Неге жылайсаң деймен?!
— Бахытсызлығыма, бахты қаралығыма жылайман.
— Бахытлы етемен.
— Еки қатынды өлтирген адам үшиншисин бахытлы ете ала ма? Мени де өлтиресең!
— Не дейди мына ақмақ!? Мен соларды буўып өлриппен бе?
— Қой мен саған қатын болмайман. Үйиме апарып сла!...

Қара басып, Тиллахан аржағын билмейди, уйықлап кетипти.

Азанда турып қараса ҳаял орнында жоқ екен.
— Түндеги апам қаяқта?

Қулмурат ашыў аралас мыржыйып:
— Ажырастық,—деди де қойды. Тиллахан бундай қысқа мүддетли үйлениўди де сонда туңғыш мәртебе көрип еди.

...Сол жазда Тиллахан өзин еркин қустай сезди. Жасыл жапырақ жамылған Нөкис көшелери кеўилди көтерип, сонша жыллар бойы тар қәпесте жабығып алған қыздың солғын жүзлерин жаўдыратып сала ди. Тиллахан Нөкиске келиўден-ақ жамғырдан кеинги гүлдей ашылып кетти. Аўа, оның усыған шекем өмири түнерген жамғырлы аспанның астында өтти. кин, тәғдирдиң нөсер менен селлери жас қыздың жүегин кемирсе де, сыртқы пишимине дақ түсире алмады. Ол ләттениң арасында «мен мында» лап атырн алтынға уғрас еди, оның тәбийий гөззаллығы үсндеги ерсилеў гөнетоз көйлегине де қараўға мурша бермес, көзлерине көзи түскенлер қуяшқа қамасқандай йтып қараўға батына алмастай еди.

Бир факультетке тапсырып атырғанлардан үш қыз биригип бир жай таўып алды. Айгүл Мойнақтан, Қутбийке Хожелиден екен. Олар сол күнниң өзинде-ақ анысып үлгерди. Тиллаханның өмирбаянын билгеннен йин:

— Қапа бола берме,—дести олар,—Оқыўға кирип бәри умыт болады. Жәрдемлесип турамыз.

Студентлик дәўирдиң қызығы да, машақаты да

көп таптырмайтуғын алтын ўақытлар ғой. Олардың ҳәммеси де оқыўға кирди. Бир аудиторияда жигирма бес қыз-жигит, бир-биреў менен еле онша сыр минез болмағанлықтан қақаңлап, шошаңлап баратқан ҳеш ким жоқ, тек «ишимдегини тап» дегендей бир-бирине үнсиз тигилиседи. Муғаллимлер де бийтаныс.

Октябрь айынан баслап олар Шымбайға пахтаға барды. Жол бойынша айтылған қосықлар, шертилген сазлар, ўақ-шақ күлки жаслықтың узақ-узақларда қалған сағынышлы сазларындай еле де, еле де қулаққа талып еситиледи. Сол қызлар, сол жигитлер ҳәзир қайларда екен, қайсы түпкирлерде жасап атыр екен? Жаслықты сағынғанда, ҳәммеси, ҳәммеси ядыңа түсип излеп кеткиң келеди, ушырасып маўқыңды басқың келеди. Бирақ, енди олардың баслары ҳеш ўақытта да түўелленбейди, ҳеш қашан да бир жерге жыйналыўы мүмкин емес.

Жалғыз стипендияның пулы жарытпайды, Тиллахан қалай болса да пахтаны көп терип, қысқы кийимлер ушын ақша жыйнаўы керек еди. Күн суўытқан сайын оны усы ой қыйнай баслады, күн батпаса екен деп тиледи. Мийнетлери заяға кетпеди, группасында шаққан теримши атанды. Куратор Тохтар Якупов оны мақтап, институт басшылары келгенде сыйлыққа усынар еди. Тохтар Якупов партия тарийхынан оқытады, аты муғаллим демесең, еле студентлерден ғаў емес, жасы жигирма беслердиң ояқ-буяғында. Дәслепки көргеннең-ақ Тиллаханға бүйири буратуғын сыңай танытты, оған бир нәрсе айтпақшы болса, тап уялғандай бир қыялап қарап, оғада пәкизелеп сөйлегиси келетуғын еди: егер сөзи келисиңкиремей қалса қызарып сала береди, қулласы, Тиллаханның алдында ол муғаллим екенин умытатуғын, Тиллаханның студентине айланатуғын еди. Оның бундай тәриздеги қатнасығына Тиллахан уялып жүрди, суп-сулыў жигиттиң өзинен неге уялатуғынына ақылы ҳайран. Я усындай жолкерлик пенен еле ҳеш нәрсениң мәнисин билмейтуғын аңқаў қыздың кеўлин аўлап мәккарлық қақпанына түсирмекшиме екен? Солай да Тиллахан пахта терим күнлери ҳештемеге де алаң болмады, ол бар дыққатын пахтаны көп териўге, көбирек ақша табыўға бағдарлады. Бул әрманы ойлағанынан да асып орынланғанына Тиллаханның қуўанышында шек жоқ еди. Енди өз қатарлары қусап тәўир кийине-

ди, аўқатқа да тойып жүреди, китаплар да сатып алады, ҳешкимге жалтақлап көзинен жасы мөлтилдемейди.

Қысқы сессияның ўақты еди. Тиллахан ертелеп тарийх кабинетине барса, Тохтар Якупов жалғыз еди. Сәлем берди.

— Сәлем, сәлем!—деп Тохтар орнынан ушып турды да қыздың қасына келип қолын созды,—Қалайсыз?

— Рахмет. Таярланайын деп...

— Таярланып не қыласыз? Бәрибир жақсы билесиз ғой.

«Оқыў керек» дегеннен басқаны айтпайтуғын муғаллимниң мына гәпинде бир сыр бардай туйылды: «Сен оқысаң да, оқымасаң да баҳаң тайын» деп тургандай еди Тиллаханға. Екеўи де отырды.

— Қай жерде турасыз, Тиллахан Нурбаевна?

— Оны қәйтесиз, муғаллим... ўақытша бир жерде.

— Ўақтынша екенин билемен ғой, тек сорап атырман-дә. Болмаса...—деп иркилип қалды Тохтар Якупов.

— Не болмаса?

— Болмаса ҳәммесин де билемен.

— Қайдан?

— Сорастырдым.

— Мениң не екенимди де...

— Аўа... жетим екениңди де билемен...

Тиллаханның хорлығы келип көзинен жас сыпқанап кетти. Китапларын қолтықлаўы менен сыртқа атылды. Соннан жатақ жайына келгенше көзиниң жасы тыйылмады. Бахтына жай аўлақ екен, еңиреп жылап маўқын басты. Өзин жетим еткен қудайды ғарғады, әкесин қайтармаған урысты табалады, анасын жалмаған Қулмураттың үйине нәлет жаўдырды. Жылай-жылай көзлери исип кетти, анасы өлгели берли шын көкиректен жылағаны усы шығар, ата-ананың сағынышы, жетимлик ҳәсиретлери усы көз жаслары менен геўдесинен сарқылып шығып кеткендей бойы бираз жеңиллесип қалды. «Ҳаяллар көп жылайды, сонлықтан көп жасайды» дегенди оқығаны бар еди бир журналдан ба, газетадан ба, сол рас болса керек, ара-тура көз жас төгип турған да пайдалы шағар, сирә. Көз жас адам денесиндеги уў ғой. Сонда жетим екенин жаңа билип атырғандай не ушын хорлығы келди, түсинбейди. Кеше қасындағы Айгүлдиң анасы келип еди, сол ўақта «Мениң анам болғанда ол да излеп келер еди» бир қамсығып

қойып еди, усы өкиниш ушқыннан жалынға айланып, Тохтар Якупов жетимлигин ядына салған ўақта бирден партлап кеткен шығар. Жылап баратырғанын институтта ҳеш ким көрмеди ме екен, уят болды-аў. Уят емес, имтиханнан қулаған шығар деп ойлайды-дә, жетимликке жылайтуғын бул детдом емес ғой. Тохтар Якуповты қолайсыз жағдайда қалдырып кеткени...

— Мүмкин бе?!—деген даўыс оны жерден жулып алды. Қараса—Тохтар Якупов! Тиллахан өкириўи менен оның қушағына атылды! Аржағын сезбейди, бир мазалы түстей, думанның арасында емис-емис көринип турған сүлдердей, не сөйлескени, неге жылағаны, неге күлгени оның ядында жоқ. Тек, еринлерине ыссы ҳәм салқын, жат ҳәм таңысық жигит ләблериниң жабысып атырғанын, көзлерин ашқысы келмейтуғынын, бир өзге дүньяда топарынан үзилип қалған аппақ булттай өзинен бийғәрез қалқып баратырғанын булдыр-булдыр еслейди. Сөйлеўге, сестин шығарыўға батылы бармайды, өйтейин десе периштедей пәк сезимлерди үркитип аларман деп қорқады. Бундай боламан деп ҳеш қашан да ойламаған еди, жер үстинде, жақты-жәҳәнде, адам өмиринде усыншалық ләззет барын билмейтуғын еди. Муҳаббат деген усы ма екен? Усы ма екен муҳаббат? Жеттиң бе, муҳаббат?!

* * *

Үлкен баласының үйинде өйтемен-бүйтемен дегенше қыстың қарыс күни қабағын қарыс жаўып үлгерди. Тиллахан өзине ҳайран қалды, иштейи ашылып тамағынан аўқат өте баслады. Нешше күннен берли пышықтан ғаў тамақ ишип көрмеген адам ушын бул үлкен жаңалық еди. Үйдегилер де қуўанысып қалды.

— Мына врачың құдирет екен-әй!—деди Елмурат шадлығын жасыра алмай.—Туўған анасына мың да бир рахмет!

Тиллаханның иши тағы ғым ете қалды, жүзинен нур шашып турған врач жигит көз алдына келип: «Сол ма? Сол ма? Сол ма??» деп өзин жегидей жеген ойлар қайтадан басланды.

— Кеш болып қалды, қонып кете бериң,—деп атыр баласы менен келини.

— Қызлар қорықпас па екен?

— Қонсақ қонайық, кемпир,—деди Елмурат.—«Атар таңға жүрсең де батар күнге жүрме» деген. Азанда ертелеп тартамыз.

Тиллахан түни менен дөңбекшип, көзи илинген емес.

...Сол күннен баслап олар бир-бирин сәл көрмесе тахаты тақ болып, кеўилсизликке берилетуғын еди. Тохтар да жалғыз өзи турады екен, ата-анасы, туўған-туўысқанлары Қоңыратта жасайтуғын қусайды. Өзи әўел билим қуўып, соң илим қуўып Нөкисте қалыпты. Институтты питкерген соң аспирантураны да өткен жылы тамамлаған, диссертация үстинде ислеп атыр. Тиллаханды оның ҳаққаныйлығы, саўаты, саўлатлы шырайы жаўлап алып, қыз жүрегин бенделикке түсирди. Тиллахан енди аўқат ишип отырса да, китап оқыса да, көшеде баратырса да ойында Тохтардан ажыраспас, оны ойлап гә қуўанар, гә муңаяр еди. Деген менен оның сол күнлери қуўанышы басым еди.

Қысқы каникулдың бир күни Тохтар жатақ жайына мирәт етти. Бул ўақлары ҳәмме студентлер үйлерине тарқасқан, екеўи көшеде бирге жүрсе де, таныс көзлерге түспес, ҳеш ким елестирмес еди.

— Дүкан аралайық, кеште бизикинде мийман боласаң,—деген усыныс жасады Тохтар.

— Биреўлер көрип қойса...

— Онда турған не гәп бар? Жаслардың бирге жүргенинде айып жоқ ғой.

— Муғаллим студенти менен жүр ғой десе...

— Ҳеш гәп. Бул мектеп емес.

Олар көше гезип кетти. Тохтар бул сапары барлық сақыйлығын көрсеткиси келгендей бир дүканнан Тиллаханға пальто алып берди. Пальто болғанда қандай! Тиллахан «керек емес» деп жортаға әри-бери қарсылық көрсеткенсип еди, Тохтар дегенинен қайтпады. Оның үстине дүканшы келиншек те:

— Бундай пальтоны Нөкисте кийип жүргенлер санаўлы, синлим. Күйеўиң ийип турғанда кийип тур,—деп тақылдады да турды. «Күйеўиң» деди-аў, шынында да ерли-зайыпқа усап қалғаны ма?

— Енди етик әперемен,—деди Тохтар екинши дүканға кирип баратырғанда.

— Өзиңе де бир нәрсе алса.—Тиллахан бирнеше рет «сен» деп айтып салды.

— Әўели сени сазлап алайын...

Кеште көтерилип Тохтардың жайына келди. Ол да еле студенттей екен, биреўдиң бир өжиресин жаллап жасап атырған, парқы—жалғыз өзи турады, үй ишиниң тең жарпын китап алып тур, жазыў столы, бир кровать, полда төсек. Келгеннен соң Тохтар шешинди де гүңгиралы печке сексеўил тықты, Тиллахан керогазды иске қосып қазан асып жиберди. Демде үй ишине жан енип, бул жерде де өмир барынан дерек бергендей ғаңғыр-гүңгир даўыслар шыға баслады. Ортаға аўқат келген ўақта Тохтар қолларын ысқылап турып:

— Қәне, Тилла,—деди.—Шапман ишесең бе, коньяк па?

— Мен бе?—Тиллахан ҳайран қалды.—Ишип көрген бәлем емес. Қоягөр.

— Мен де көп ишпеймен. Тек... тек, сениң кийимлериңди жуўайық деп атырман-дә. Қуры аўыз уят болар, шампанды аша қояйын. Жеңил ғой. Лимонад ишкендей-ақ боласаң.

Тохтар шийшениң аўзын паңқ еттирип ашты да, көпиртип, шыжылдатып еки кесаға қуйды.

— Ал, тост айт,—деп Тиллаханға телмирди кесасын көтерип.

— Өзиң айт.

— Мен үй ийесимен ғой

«Мен де үй ийесимен ғой» деўден сәл қалды Тиллахан, лекин, оның ойнақшыған көзлери усы сөзлерди үнсиз айтып турғандай еди.

— Диссертацияңды аман жақлаўың ушын ишейик! —деди Тиллахан. Олар ишти. Бир жел Тиллаханның танаўын жарып кеткендей көзинен жас айландырып жиберди.

— Диссертациям питкен есабы,—деди Тохтар қыялы басқа жақларға аўып.—Бәҳәрде шақырып қалар...

Сонда не ушын диссертация ушын ишти? Не ушын? Бул диссертацияның қаралы екенин қайдан билсин?!

Олар ярым ақшамға шекем отырды. Тиллаханның кеўли көтерилип қосық айтқысы келеди, Тохтар дүньядағы ең әзиз, ең сулыў, ең қымбатлы адамы болып көринеди, қушақлағысы, жүзлеринен өпкиси келеди. Сөйтти де...

— Светти өширейин,—деди Тохтар.

— Өширме, сени көре алмай қаламан.

— Бизлер түнекте де бир-биримизди көриўимиз тийис.

— Онда... өшире ғой.

Олар қараңғы қойнында есилип жатты. Не деген ләззет едиң, әй, өмир! Не деген шийрин едиң, әй, жаслық! Муҳаббат азабын, муҳаббат шадлығын, муҳаббат сағынышын, муҳаббат дийдарласыўын көрмеген, билмеген, сезбеген адам бул жақты-жәҳәнде өмир сүрдим деп кете ме екен? Муҳаббатсыз—ҳәммеси де бийкар, өтирик. Муҳаббатсыз өмир—тамырсыз шынар, сағасыз дәрья, ғумшасыз гүл. Муҳаббатсыз жүрек—аңлары безиккен қуў дала, самал айдаўындағы қаңбақ, шыңлары ғарға-қузғынға уя болған таў.

— Уйықлап қалдың ба?—Тохтардың даўысы шықты.

— Жақ. Уйықлайтуғын ақшам ба бул...—деп күлди Тиллахан.—Уйықлайын десем қорқаман.

— Неден?

— Сеннен.

— Мениң немнен қорқасаң?—деп Тохтар оны тағы да баўырына қысты.—Усылай жата беремиз бе?

— Аўа. Заңлы түрде қосылмағанша...

— Жақынлап қалды ғой, кандидатлықты жақлап алғанша шыда.

— Кандидат болмасаң да сүйемен... Шөллеп кеттим, суў әкелип бер.

Тохтар сарқум менен суў әкелгенде Тиллахан қыпша-тайлақ жатыр еди.

* * *

Елмурат машинасын азанда ерте ходлады. Бүгин совхозда улыўма жыйнақ болатуғын еди, ол соған асықты. Ҳаялының дени саў болып шыққаны оны әбден қуўантқан еди, енди совхоздың қандай жумысы болса да ханнан қәперсиз арқайын ислей бериўине болады. Бурын бир жағынан саңлақ таўып кеўли ҳүўлеп тургандай еди, енди демин ишине салды. Ал, Тиллахан наўқас туўралы ойлағанды қойды, оның орнына басқа ой ҳүким сүрди. Бул ой оның ушын анаў-мынаў кеселенен де азаплы еди. «Мектепке барайын, оқыўшылардың шаўқымы менен бәрин умытарман» деп ойлады ол.

Тереклерге аппақ қыраў жабысыпты, шашырап күн шығып киятыр. Көшеде баратырған адамлардың аўзы-

нан шабыстан келген атлардың танаўынан шыққандай пуў бурқырайды. Январь болса да тесип баратырған аяз жоқ, түске таман тәўир-ақ жылып кетеди. Бүгин ҳаўа райының ашық болатуғын түри бар.

— Шаман болса, сен де жумысыңа бара берсең тәўир болар еди,—деп Елмурат жолға шыққан соң сөйлегиси келип киятырғанын билдирди.

— Мен де соны ойлап киятырман,—деди Тиллахан күйеўиниң ойындағысын тапқанына қуўанып.—Көптиң арасында жүрсем кеўлим көтерилип, биротала айығып кетермен.

—Айыққаның ғой енди, қуда қәлесе. Аўқат алдырғаны—кеселдиң болмағаны. Мына райондағыларға салғанда сени бир айға апармай жоқ етеди екен ғой, япырмай бала.

— Билмеген соң Нөкиске жиберген ғой.

— Онысына да шүкир,—деди Елмурат.—Егер биле-миз деп басқа диагноз бенен емлей бергенде... Анық тәўир болып алабер, врач баланы бир қонақ етемиз.

Тиллахан врач баланы еситиўден тағы ой теңизине жүзип кетти.

...Каникулдан қайтып келген Айгүл менен Қутлыбийке Тиллаханның таза кийимлерин көрип ҳайран қалысты.

— Өгей әкемниң үйине бардым,—деп алдады Тиллахан.—Бурынғы өкпесин қойыпты. Мени таслап кетпе, қызым, деп пальто менен етик әперди. Ғәрежетке азын-аўлақ ақша да берди.

— Жақсы ғой онда,—деп Айгүл менен Қутлыбийке қутлы болсын айтты. Бирақ, Тиллахан сол ўақытта изинен әшкара болатуғынын ойлаған да жоқ, тәғдирдиң төңкерилип кететуғынын ким билипти сонда. Оның Тохтар Якупов пенен жүретуғынын курсласлары сезбейтуғын еди, екеўи де қолларынан келгенше сездирмеўге тырысты.

— Бир қурдасым туўылған күниниң зыяпатына шақырып еди, соған бараман,—деди бир күни Тиллахан.

— Бара ғой,—деди Айгүл шын кеўлинен.—Абайла, түнде қайтып жүрме.

— Биреўлер алып кетип жүрмесин,—деп қосып қойды Қутлыбийке.

Тиллахан қурдасларын бул сапары да алдаған еди.

Тохтар ертең Ташкентке ушады, диссертация жақлаўға атланады. «Уллы сапар алдында ушырасайық, кеште кел» деген еди Тохтар. Дурыс ғой, бул дүньяда бирден-бир жақын адамы ийгиликли нийет пенен узақ жолға кетип баратырса, оған бармай қалыўға бола ма?

Кирип барса, Тохтар еки көзи төрт болып күтип отыр екен. Тиллаханға тасланып қушақлап алды.

— Келмей қала ма деп...

— Неге келмейин? Қызларды жалпағына салдым, туўылған күниң зыяпатына бараман деп. Ҳаў неге зиңирейип турыпсыз?...

Олар бүгин ерте жатты

— Диссертациямды жақлап алған соң сол жақта банкет өткеремен,—деди Тохтар толқынланып.—Көп адамды шақыраман. Қоңыраттан ағайинлер барады. Саған да телеграмма жиберемен, бар.

— Мен бе? Ташкентке ме? Ўай, ақмағым-әй! —деп Тиллахан шақалақлап күлди.—«Әўел өлип алайын, ийман қайда барады» дегендей.

— Ҳмм, сонда мени жақлай алмайды деп ойлайсаң ба?—Тохтар ашыўланғандай болды.

— Жоқ, мен өй деп атырғаным жоқ,—деди де Тиллахан оның аўзынан шорп еттирди.—Әўел мени алып ал, соннан кейин-ақ арыңа шапқаным жетер деп атырман.

— Қасымда сен болсаң өзимди мәрт сеземенде!

— Бир сапарға менсиз-ақ мәрт бол. Әй, Тохтар, усы күнлери өзимди қолайсыз сезип жүрмен ғой.

— Неге?

— Билмеймен, гейде мийим айланады. Қайтарғым келеди. Қаўын жеўди күсеймен.

— Жериксең...

— Жерик?!—деп Тиллахан орнынан турып кетти.—Сонда жүкли болғаным ба?

Иши қыймылдап кеткендей болды.

— Не болды саған, Тиллаш?—деп Тохтар оны орнына жатқарды.—Қуўаныўдың орнына...

— Енди... енди студентлерге не бетим менен қарайман?

— Ояқ-буяғы бир айдың ишинде қосыламыз. Оған шекем қарның сезиле қоймас. Болды ма?...

Олар көпке шекем уйықлай алмады. Ҳәр ким өз ойы менен бәнт еди, бирақ ойлары қайларға шарқ урса

да айланып келип бир мақсет соқпағына қонақлар еди, бул соқпақ ағарып көринип қалды, тек бир төбеден асырылып өтсе болғаны, оларды келешектиң гүзарына баслап баратуғын дүзиў ҳәм таза соқпақ күтип турғандай еди. Лекин, сол соппаққа ҳеш қашан да излери түспейтуғынын бул ақшамда олар қайдан билсин?!

Көзи илинип кеткен екен, бир тасырлыдан шоршып оянды Тиллахан. Қараса, жай ишинде елес урып биреў жүр. Тохтардың орнын сыйпады, жоқ. Сестин шығарыўға қорықты, жаңағы көлеңкедей сүлдер өжиреңиң есигин зорға таўып сыртқа шығып кетти. Тиллахан ҳайран. Тохтар болғанда есикти бирден таппай ма? Сонда, Тохтар қайда кеткен? Жүреги шапқан аттай дүрс-дүрс, дүрс-дүрс, тап биреў еситип қоятуғындай көрпени қымтанды. Таң атар емес, жайдың қараңғылығы оны искенжедей қысып, бир қысым етип таслағандай болды. Тохтар қайда кетти екен? Я, қонсы үйдиң ҳаялы менен бир бәлеси бар ма? Оның менен де соңғы ақшамы хош аллияр айтысып атыр ма? Әй, яғәй, қойнында жаңа ғана он сегизге қәдем қойған қыз турып, биреўдиң үш-төрт балалы ҳаялын не қылсын? Қәйдем, еркеклерде ес болмайды деўши еди, олардың саўатлысы да, саўатсызы да бир саздың бөзи бола ма екен? Өгей әкеси Қулмурат саўатсыз, мәскүнем адам еди, анасы өлгеннен кейин көп қатынларды әкелип жүрди, олар муҳаббат дегенди түсинбейтуғын адамлар ғой, олардың аңсағаны—бирмайданлық ҳәзлик. Сонда Тохтардики не? Бул да ўақытша ләззет ушын сүйди ме? Он бес минут өтти... ярым саат өтти... неге жоқ? Қайда кетти? «Жетимлигимди жаңа умытқанымда, тағы не дәрдесерге тап болдым,—деп егитилди Тиллахан көзлерин жаслап.—Жети түнде қаяққа барады?».

Таң саз берип, әйнек ағара баслады. Жайдың ишине толық жарық түсти. Енди Тиллахан қорыққанын қойып тум-тусқа қарады. Тохтардың сыртқы кийимлери орнында, ҳәтте аяқ кийими де кирер аўызда. Ол жалғыз шолақ дамбал менен қайда барады? Қоңсы ҳаялдың қойнында, басқа мүмкин емес. Мүмкин емес! Бурыннан ымы-жымы бар шығар, бүгин байы бир жаққа кетсе итимал. Еле Тиллаханды алмай атырып қылўасы усындай болса... «Соқырдың соңына бақ» деген. Соңына бағатуғын жери қалды ма? Жүкли қылыўын қылып болып, енди басын алып қашып атыр-

ғаны бул. Қарнын шәмпийтип аўылына алып барса, ол жақтағылар «балам-аў, қыз қапылып қалыппа еди?» десе... Усыннан қашқан ол. Неге Тохтарға бирден бойын таслады, неге? Муғаллим болғанда не? Пальто менен етикке сатылды ма, ар-намысы, ҳүжданы таза болғанда бийбаҳа нәрселер емес пе еди? Неге ашық болып, муҳаббатты тек ғана ләззет бағыш зат деп түсинди? Неге?! Неге?! Ҳәзир қоңсы ҳаялдың бөлмесине кирип барып, оны қойнынан тартып алса ма екен?... Иши шаншып кетти, тағы бала ядына түсти. Енди не қылыў керек? Бойына ҳәмле питкенде де ҳеш гәп, бунысына да шүкиршилик ететуғын бай табылар еди. Енди әрманларының гүлопат болғаны ма?

— Жақсы жатып турдың ба? — деп Тохтар жарқылдап кирип келди. Тиллахан үндеген жоқ, терис бурылды. Оның көзлерине жас таралған еди. Тохтар оны сыртынан қапсыра қушақлап өзине қаратпақшы болды.

— Жиберсең-ә!—Тиллаханның даўысы шаңқ ете қалды.—Усы ермегиң де жетер!

— Ҳә, не болып қалды?

— Мен қудайдан бала тилеппен бе? Енди баланы да, мени де көре алмассаң! Бүйтип хор болғаннан асылып өлгеним жақсы,—деп Тиллахан еңиреп жиберди.—Бул жетимекти ким сорайды, ким арына шабады, бул да бир ийесиз қаншық деп ойлаған шығарсаң?! Мен гешше, мен ақмақ...

—Не болып қалды сонша?!

— Ҳеш нәрсе болған жоқ,—деп кийине баслады Тиллахан.—Түни менен қойнында жататуғын қатының бар екен, мени ҳәлеклеп не қылайын деп едиң?

— Кимниң қойнында жатыппан?—Тохтардың ашыўы келди.—Айт, кимниң қойнында?!

— Қоңсы қатынның!

— Ол—урыўлас апам ғой, ақмақ!

Тиллахан сәл пәсине қайтайын деди:

— Сонда бир сааттан берли қайда жүрсең?

— Билмеймен.. Кеткениме бир саат болды ма? Мен саған ҳеш қандай қыянат етпеймен, Тиллашым! Исене бер... Мен сени өмирим деп сүйемен, ҳеш ким, ҳеш ким сени мен қурақым сүйе алмайды.. Исене бер... Еле исенесең... Исендирмей қоймайман!..

Бул таң олардың ең соңғы таңы екенин ким ойлапты сонда, ким?

Ҳеш болмаса, шығарып салыў ушын аэропортқа барғанда, күлип узатып қалғанда... әрманлы кетпес пе еди, қәйтер еди... Тиллахан азмаз жибиссе де, көкирекке түйилген гүман еримеген муздай болып жан дүньясы сиресиўи менен қала берди. Оның муҳаббаты қанша таза болса да Тохтар оның жүрегиндеги сәўлеге ала-көлеңке түсирип кетти. Бул ала-көлеңкениң артынан қап-қара булт дөнип киятырғанын, көз жас нөсериниң дәслепки тамшылары тама баслағанын Тиллахан аңлап па, сирә...

* * *

Халқабадқа жеткенде күн еле сәске болған жоқ еди. Елмурат «Москвич»ин сонша қуўып айдады, оның я қуўанып, я асығып киятырғаны биймәлим, екеўиниң де әксери бар еди онда, ҳаялының наўқас емеслиги оның да аяқ-қолын жеңиллетип жиберди, бүгинги совхоздағы жыйналысқа да асықты, йош бар, сөз сөйлеўи де мүмкин. Оның қандай ҳалатта киятырғанын өзинен басқа жан сезбейди. Тиллахан қаладан шыққалы өз ойлары менен бәнт. Жол-жөнекей Елмураттың не айтқаны, не сорағаны ядында жоқ, тек Халқабадқа келген жерде:

— Дүкан-пүкан көремиз бе?—деген даўысын ғана еситти. Буннан жигирма жети жыл, аўа, саррас, жигирма жети жыл бурын «Дүкан аралайық» деген жағымлы даўысты еситкендей болды сонда. Ол... Тохтардың даўысы еди. Тохтар, Тохтар! Умытқысы келеди, умыта алмайды. Дәслепки муҳаббат ийеси умытылмайды екен ғой. Умытыў мүмкин емес. Сен Елмурат, көкиреги аппақ адам, кеширегөр, кеширегөр, сениң ядыңда ҳеш қандай да ғайры пикир жоқ, сениң ҳаялың сени алдамады, сондай болады деп ойламады... Тек, саған ол ҳеш ўақытта да ҳақыйқатлықты айтқан емес, айта алмайды...

Тохтар Ташкентке кеткели Тиллаханда маза болмады. Оның менен хошласатуғын күнниң қолайсызлығы, муҳаббат жолында пайда болған түсиниксиз ҳәдийсе—түн жарпында жоғалып кетиўи, көкиректи күйдирип баратырған гүман оты жас қыздың жүрегине жара салып қайтадан жалынлап алыса баслады. Тохтардың айтқан сөзлери тек ядлап алынған цитатадай, өзинен

бурын да басқа қызларға қайта-қайта айтылып бийнеўи кетип сыйқағы шыққан сөзлердей тәсирсиз еди. Бул қәдири кеткен сөзлер енди оған түрпидей тийди, кем-кем еситкиси келмейтуғын жаман сөзлердей ғәзебин қоздырды. Тиллахан «аўырып атырман» деген сылтаў менен жайында үш күн жылап жатты. Өзиниң бахытсызлығына жылады, өзиниң жетимлигине жылады, өзиниң... ҳақ көкиреклигине жылады. Буның ҳәммесине жетимлиги айыплы емес пе? Егер жетим болмағанда ол күн көриўи ушын, кийиниўи ушын әйтеўир биреўлерге еркин сатар ма еди? Жетимлик... Ҳәммесине де қараң қалғыр урыс ғой айыплы. Аўа, урыс! Егер урыс болмағанда оның өз әкеси болар еди. Егер урыс болмағанда анасы жесир қалып, Қулмурат қусаған жабайыға басын шатпас еди. Егер урыс болмағанда буның да сиңлилери, инилери болар еди, ҳәр дем алыста оларға саўға алып барар еди, ата-анасының алдында масайрап жүрер еди... Бул әрманлардың да барлығын умытып, теңимди жаңа таптым деп төбеси көкке жеткен нашардың барлық мақсет отаўының күлин желге суўырып аспаннан жасын түсер ме?

Сол күни азаннан баслап жамғыр жаўып, көшелердиң берекети қашты. Малпақ-салпақ болып институтқа келсе, ҳәмме жерде сыбыр-сыбыр, қандай да бир өзгерис жүз бергендей, даўысын шығарып күлип жүртен жан жоқ, Тиллахан ҳайран. Я кеўлине ме, я курсласлары буның бет-әлпетинен бир нәрсе аңғарды ма, түсиниксиз. Сыртта көз жасы сорғалап турған тәбияттың ҳәсирети иштегилерди де егитилдирип турғандай.

— Радионы тыңладың ба, Тилла?—деди бир қурдасы сыбырлап.

— Яқ, не болып қалды?

— Сталин қараланыпты ғой!

— Не дейди?!—Тиллаханның жүреги суў ете қалды да, аяқларынан димар кеткендей болды. Бул не аўҳал? Тохтар! Енди оның күни не кешеди? Диссертация... урыстан кейинги бес жыллық, партияның хызметлери... Сталинсиз, оның көрсетпелерисиз бир ис исленбеген ғой. Диссертацияның күл-талқаны шыққаны ма? Бийшара Тохтар, сол күнги Тиллаханның ашыўын, өкпегийнесин кеширегөр. «Қасымда сен болсаң өзимди мәрт сеземан деп еди-аў,—деп ойлады Тиллахан.—Ҳәзир қасында болғанымда билген ақылымды айтып жу-

батар едим. Не қылып атыр екен? Я профессорлары жақлаўға рухсат етти ме екен?». Билмейди, басы ғыр болып кетти, муғаллимлердиң оқып атырған лекциялары да қонар емес, тек өз ойлары менен әўере. Тохтарды көргиси келди, тиллескиси келди, арадан өткен төрт-бес күн оған бир жыллық айралықтай оны әбден сағындырып жиберди. Тек, соңғы таңдағы ўақыя ядына түскенде жүреги тырналғандай болады, лекин бурынғыдай емес, тырнақтың ушы топырланып, зарпы пәсейгендей еди. «Тохтарым еле жас ғой, диссертациясын қайтадан жазар-дә,—деп өзин жубатты Тиллахан.—Бирақ, қосылыў жағы қалай болады? Мен масқара болмай турып, басымды шатыўым керек ғой. Илим кандидаты болмағанлар өлип атыр ма?».

Аўыр ҳәм шешими жоқ шийеленискен ойлар қурсаўына тапжылтпай қысқан Тиллахан түни менен уйықлай алмады. Көзи илинер-илинбестен шоршып оянады, көзин ашса қараңғылық жутып баратырғандай, меңиреў түн, азаплы түн, жалғыз түн, үнсиз түн... Ол да жетим, түн де жетим, екеўи сарсылып үн-түнсиз сырласып атырғандай. Қараңғылық қойнына кириўге жүрексинбегендей еле таңнан дерек жоқ, сол таң... сол таң Тиллахан ушын атпай-ақ қойғанда болатуғын еди, әттең... тәбият өз жолынан адаспады.

Олар үшеўи киятыр. Айгүл, Қутлыбийке, Тиллахан. Басларында ҳеш нәрсениң қайғысы жоқ, оқыўдан басқа ғалма-ғалы жоқ курдасларына қызығады Тиллахан, өзи де неге солардай болмады, оқыўды питкергеннен кейин-ақ биреўдиң шалғайына асылғанда болмас па еди? Неге шалғайына асылсын, жигитлердиң сейдини келип буның етигине жабысатуғын еди ғой. Жигитлердиң сейдини? Керек емес, ҳеш бири де Тохтардың орнын баса алмайды. Басқалар ким, Тохтар ким? Муғаллим болмай студент болғанда да, ол тек ғана Тохтарды таўып алар еди. Тиллахан ушын Тохтар сырлы бир дүнья, басқалар бара алмайтуғын, сезе алмайтуғын, көре алмайтуғын, тек өзине арналған тәғдир, тек Тиллахан ушын жаратқан гүлистан әлем, қулпырған жақты-жәҳән.

Олар үшеўи киятыр. Тиллахан, Қутлыбийке, Айгүл.

— Сен соңғы күнлери бир түрли болып кеттиң ғой, Тилла?—деди Айгүл. Тиллаханның жүреги суўлап кетти:

— Бир түрли болғаны қалай?

— Ашылыспайсаң. Түнересең де жүресең.

— Биреўге ашық шығар?—деп күлди Қутлыбийке.

— Жүреги ашық болса, қабағы жабық бола ма екен?—Айгүл де шақалақлады.—Ондай ашықлықтың тандыры шықсын!

— Басым аўырып жүр, қызлар,—деди Тиллахан, сөйтип, тас болмаса қаўын жегиси келип жүргенин айтыўдан сәл қалды. Айтқанда да булар оны жерик деп ойламас еди-аў, «витамин жетиспейди» деген тайын сылтаў бар ғой.

Институт алдында группасынан үш-төрт жигит турған екен, булар менен салқын сәлемлести.

— Еситтиңлер ме, қызлар?—деди олар, бет-әлпетлеринде қандай да бир тосын хабардың жағымсыз ызғары бар еди.

— Нени?—деп жабырласты қызлар.

— Төкең қайтыс болыпты ғой.

— Толыбай ма?!—деп жаны шықты қызлардың, себеби Толыбай деген курсласы бир айдан берли аўырып емлеўханада жатыр еди.

— Жақ, Тохтар...

— Ким?!

— Тохтар Якупов!!!

Топтың оғы гүрп ете қалғандай Тиллахан қапталдағы шалшық суўға қулап түсти. Аржағы есинде жоқ...

* * *

— Үҳ! — деп артқа басын таслап жиберди Тиллахан. Елмурат машинаның таўын сәл жаздырды да, кейин ҳаялының қаны қашып, ағарып кеткен жүзинен бир қолайсызлықты уққандай;

— Сен... — деди, басқа бир нәрсе айтпақшы еди, лекин кеўлин бағып сөйлегенди мақул көргенликтен сүйикли ҳаялының сазасын күтип, өзи сөйлеўден ўаз кешти.

— Ҳеш нәрсе емес, Елеке, — деди Тиллахан иштеги дебдиўлерин сездирмеўге тырысып. — Ҳештеңе емес... Бәри өтип кетеди. Қорықпа, аўырыў емес қусайман...

Қыстың күнинде турақлылық бар ма, азанда жадырап шыққан қуяш енди көзлерден уялғандай, аўылға шамаласқанда бултлардың аржағына жасырынып, мени таўып

аларсаң дегендей қарасын батырды. Бирақ, қөдирең бултлар жерге лəм түсириўден бийнесип, олар тек қыстың аспанын торлап турыўды мəба билгендей еди.

Үйине келсе, қызлары бир күнниң ишинде-ақ сағынып қалыпты.

— Емлеўханада жатып, келмейтуғын шығар деп едим, — деп кишкенеси Нурхан еңиреп жиберди, ол аздай үлкен қызы да Тиллаханның қушағына атылып, өзин тута алмай көз жасын селлетти. Ана деген-ə! Əсиресе қыз бала ананың баўыр ети ғой, ананың дəртин, кеўлиндеги гəрдишин, көкиректеги ərманын алды менен қыз бала түсинеди: «ананың кеўли балада, баланың кеўли далада» деген нақыл тек еркек балалар ушын айтылған, аўа, қызлар ондай емес, олар анасы бир ели былай тайса оны көргенше, оның менен сырласқанша асығады, оны сағынады. Себеби, ертең өзлери де ана болады-дə!

— Қуўаның, қызларым! — деди Елмурат олардың анасын от пенен суўдың арасынан аман алып қайтқан ертектеги батырлардай мардыйып. — Сыңсыўды туўарың! Тиллахан Нурбаевна сап-саў екен! Өтирик аўырып жүр екен!!!

Қызлары бул сөзден тəўир-ақ сергип қалды. Өйткени, олардың да өзинше топшылаўлары бар еди: бул аўырыў тастыйық болған жағдайда босағаға жақынлап қалған апат гүлленип турған хожалықтың бағына қар боратып, бəҳəр менен жаз мəўсимлерин тек ғана қысқа айландыратуғынына мысқалдай да гүман жоқ еди. Перзентлериниң бахты ушын, келешеги ушын, наўқасы жоқлығына қуўанды Тиллахан сонда. Өмирдеги қайғының да, қуўаныштың да узыннан узақ болмайтуғынын кимлер билипти? Тек шайырлар ғана «бахытлыман, ərманым жоқ, өлмеймен, өмирим мəңгилик!» деп жазғаны болмаса, өмир заңының қубылыслары көп жағдайда сыртқы кебин, ишки тегин өзгерткен емес. Көзбоямашылар айта береди, өмирдиң қуўанышы, өлимниң қайғысы еле сол қəлпинде, тек өмир сүриў деген сөз өлимнен қашыў, өлиў деген сөз өмир менен хошласыў. Арасындағы парқ — аспан менен жердей узақ, қас пенен көздей жақын. Өмир ҳəм өлим. Өмир — теңиз, өлим — шөлистан .Өмир — қуяш, өлим — зимистан, Өмирдиң қасына өлимди əкелиўдиң не кереги бар екен? Тəбият ҳəммеге бирдей ғой. Гүл өскен жерде тикен бар, пал

ҳəрреңиң зəҳəри бар, оттың жаўы суў бар, күлкиге душпан жылаў бар...

— Əжағамнан хат келди! — деди қызлары.

— Ҳаў, ҳаў! — деди Елмурат шығып баратқанда қайта кирип. — Не депти, аман жүрме екен?

— Аман екен, ҳəммеге сəлем айтыпты.

— Яқшы болыпты. Келген соң оқырман, совхоздағы жыйналысқа асығып турман, — деп шығып кетти Елмурат. Тиллахан баласынан келген хатты оқып шықты да, дем алып жатты. Оның ойлары тағы жаслығына, қаралы күнлерине қанат қақты...

...Жүреги орнынан қозғалса керек, Тиллахан емлеўханада бир ҳəпте жатты. Усы ўақытқа шекем терең көринбей атырған маржандай муҳаббат Тохтардың өлимин еситкеннен кейин сыр болып қала алмады, ол сөнип баратырғанда соңғы рет шақмақтай жарқ етти де ҳəммениң көзин өзине тартты. Өмириндеги тыққышлап жүрген тəнҳа сырларды өлим əшкара етеди екен, енди Тиллахан ушын аспан астында ləззет қалмаған, кеўлиндеги арзыў-ərманлар шəменин қазан урған, жүреги ҳүўилдеп ызғырық есип турған, жасаў дегенниң ҳаслы-мəниси бир таўсылмас биймəниликтей, күлки менен көз жас оннан узақласып, тек зил ойлар иштен аяўсыз ғырт-ғырт кемирер еди.

Емлеўханадан шығып жатақ жайына барған күни қасындағы қызлардың өзине болған көз-қарасларының пүткиллей өзгерип кеткенин сезе қойды. Демек, группасында өзи менен Тохтар арасындағы қатнас туўралы тəўир-ақ топшыламай гəплердиң болып өткени анық еди. Илаж қанша? Айды етек пенен жаўып болмайды. Бүгин болмаса ертең билинеди. Бүгин буның сырын бул дүньядан кетип баратырған жигити өзи менен алып кетсе де, бəрибир, бул дүньяға киятырған нəрестеси əшкара етеди. Қутылып болмайды, артқа да, алдыға да саңлақ жоқ, тек гүнасын мойынлаў қалды.

— Тохтар Якуповқа онша қыйналғандай ол нең еди? — деп сорады Айгүл, бул сораўға Қутлыбийке де қосылғандай сыңай танытты. Тиллахан үндемеди, лекин қашан болса да сораўға жуўап бериўи кереклигин иши сезер еди.

— Ағайини шығар? — деди Қутлыбийке.

Тиллахан көптен берли жылаған жоқ, оның көз жас-

лары тартылған суўдай қуўрап қалған еди. Қәпелимде көзлери ләмленди де, өзин тутып тура алмады, қасындағы еки қызды алма-гезек қушақлап, күйеўи урыста қазаланған жесир ҳаялдай еңиреп жиберди:

— Бизлер қосылмақшы едик...

— Соған сонша ма? — деп жубатты қызлар.—Тандыры шықсын, жигиттиң соңы ма?

— Мен... мен...

— Неўе?

— Оннан... жүклимен ғой!!!

Жайдың ортасында бомба жарылғандай, еки қыз есеңкиреп қалды, олар енди құрдас қызы емес, ал өзлеринен кексе ҳаял менен сөйлесип атырғандай, оған нәсият айтыўға өзлери кишилик етип атырғандай бийқолай ҳалда қалды. Тиллаханның жағдайын жеңиллетиўге ҳеш қандай сөздиң де жубаныш бола алмайтуғынын сезген олар құрдасының муҳаббаттан емес, ал тек тәғдирден алданғанын, Тохтар тири турғанда екеўиниң ең бахытлы семья болатуғынын айтып, көп ўақытқа шекем өзлеринше сөйлести.

— Оның қалай өлгенин еситтиң бе? — деди Айгүл.

— Яқ.

— Ол лунатик екен ғой.

— Лунатик деген не?

— Лунатизм деген кесел болады. Сол кеселге шатылған адамды лунатик дейди. Лунатик уйықлап атырып орнынан турып кетеди, сыртқа шығып жүре береди, бирақ өзи сезбейди. Себеби, уйықлап жүреди. Тохтар да сөйтип жүрип балконнан түсип кеткен.

Сонда Тиллахан соңғы таңдағы оның жоғалып кетиў сырына түсингендей болды, оннан гүманланып жазықсыздан жазықсыз жазғырғанына ашынды. Мүмкин, диссертациясының ашыўына шыдамай балконнан өзин таслаған шығар? Қәйдем, өмири болғанда диссертацияны ҳәзиргиге машлап қайта жазыўға шамасы жететуғын еди ғой.

— Мен енди оқымайман, — деди Тиллахан налынып. —Масқара болыўдан қорқаман.

— Алдырып таслайық, — деп Айгүл жолын тапқандай болды. — Таныс-паныс табамыз.

Қутлыбийке шоршып түсти:

— Болмайды! Биринши сын алдырса... өмириңше туўмай қалады. Неше айлық болды?

— Билмеймен... дәслепки ушырасқанымызға төрт айдай болды.

— Шатақ болған екен, — деди Айгүл не қыларын билмей. — Енди не қыламыз? Оқыўың не болады? Тас болсаң болады ғой.

— Бир ай еплеп оқы, — деп тәселле берди Қутлыбийке. — Курс питсин, оған шекем ҳеш ким сезбес. Оннан кейин академиялық отпуска аларсаң. Бир жыл ислеп турарсаң-дә.

Бул гәп ҳәммесине мақул түсти. Бирақ, дүньяға келетуғын нәрестениң тәғдири олар ушын биймәлим еди. Нәресте туўылады, ҳәм жетим, ҳәм жесир Тиллаханның аяқ-қолы маталып, қалай күнелтеди, я баспанасы болмаса? Ким ғамхорлық етеди, кимниң шалғайына асылып, кимниң оты менен кирип күли менен шығады? Шым-шытырық ойлар өрмекшиниң аўындай тум-тусынан шандып, қалай қарап адым атпақшы болса да оны тапжылтпас, он сегиз жасар қыздың, болажақ ананың, ҳәзирги жесирдиң диңке-дәрманын қуртқан еди.

Тиллахан ушын институт иши дым кеўилсиз, жаслардың күлискен даўыслары да оның кеўлин елитпес, тәнепислерде де ол басқалардай сыртқа шыға бермес, жаз басланса да оның жүрегинде қыстың қыраўлы күнлериндей бахытсыз муҳаббат аязы ҳүким сүрер еди. Я, оның ендиги өмири мәңги қыс болып қалатуғынын аңлап, Тохтар оған пальто менен етик әперип кетти ме екен?

Имтиханларды тапсырған соң Тиллахан деканатқа арза жазып барып, хожалық жағдайына байланыслы бир жыллық академиялық отпуска алды.

* * *

Мектепте баслаўыш класслардың қысқы каникулы питип, сабақлар басланды. Тиллаханның кесели болмай, жумысқа араласатуғынын билген мектеп директорынан баслап кәсиплеслерине шекем қуўанып, оны жаңа жыл менен қутлықлады, кешигип қалса да байрам саўғасын тапсырды. Гә түнерип, гә жадырап январь айы да өте берди. Тиллахан иштей менен аўқат жейтуғын болды, бойындағы ҳарғынлық күш-қуўат пенен алмаса баслады. Енди Нөкистеги врач жигит көз алдына келсе аўырыў емес, ал аўырыўдан қалыспайтуғын

бир ой жүрегине ништер суғып, «сол ма, растан-ақ сол ма?» деген дусмал ендиги барғанда сора, сора деп мазасын алар еди. Қалай сорайды? Сорағанда қалай анықлайды? Тоқта!

...Оқыўдан қутылғаннан кейин Тиллахан жумыс изледи. Өзиниң жүкли екенин бир қарағаннан аңғарыў қыйын ўақытта жумысқа өтип алмаса, күнелтиў мүмкин емес еди; қасындағы қызлар да дем алысқа кетти, жумысқа өтип алған соң басқа жай таўып алмақшы болды. Тамамланбаған жоқары мағлыўматлы адам ушын ол ўақта итибарлы жумыслардың есиги ашық еди, биринши жолығыўдан-ақ ол қалалық китапханаға орналасты. Бос ўақытларын китап оқып өткерер, барлығын умытар, не де болса шеп болмады. Китапхана баслығы да ҳаял адам болған соң жағдайына түсинеди ғой. Соның арасында жалғыз баслы кемпирдиң жайын таўып алды.

— Күйеўим әскерликте еди, — деп алдады кемпир байғусты.

— Ҳәзир тынышлық ғой, балам, — деп кемпир уҳ тартты. — Еки баламды урыс жалмады, мени болса қудай алмады. Үш жыллықта ғарры да сол жақта үлестирип атырғандай о дүньяға ҳайт қойды. Қызымдай болып жасай бер. Күйеўиң қайтып келсе де усы жерде тура бериң.

Тиллахан өзине ана тапқандай төбеси көкке жетти. Дәслепки айлығынан кемпирге көйлек кийгизди, аўқатын асып, кир-пирин жуўып береди, кемпирдиң де өлгенлери тирилип келгендей шадлығында шек жоқ. Жаздың эптап ыссылары емес, ал тәғдириндеги жайма-шуўақлық биринши муҳаббат салқынлықларынан Тиллаханның кеўил теңизинде қалған абыржы музларды сәл-пәл болса да ерите берди. Деген менен кем-кем билинип киятырған қарны, оның ишинде жатырған нәресте тәғдири гейде ақланбайтуғын жынаят ислеп қойғандай арсарын шығарар, изиниң неге соғатуғынына өзи де түсинбес еди. Я ҳақыйқатлықтың бәрин айтып, баланы кемпирдиң етегине салса ма екен? Кемпир бийшара дым қартайған ғой, баланы келе қыла алмайды. Жоқ, мүмкин емес! Нәресте хор болады...

Тиллахан гүзде қалалық туўыў үйинде көз жарды. Ул бала туўыпты, бирақ, ол аналық муҳаббаты ояныўдан қорықты. Шырқырап келген нәрестеге емшеги ймеди.

— Сениң балаңа номер тақпаса да болады екен, — деп күлди медсестра сонда. — Киндигиниң қасында жапырақтай қалы бар.

Кемпир бар тапқанын писирип изинен еки рет келип кетти.

Соң-соң нәресте Тиллаханды еме баслады, оның жүрегинде перзентке деген муҳаббат езим-сезим ояна баслады, лекин ол усыннан қорықты. Баладан қутылыў керек! Бала керек емес! Ол тусаў болады. Ҳақыйқатлықты бас врачқа айтыў керек. Аяғына турып кеткен соң солай иследи де. Жылады, сықлады. Тилхат жаздырып алды, сөйтип, бала сорап жүргенлердиң көп екенин, биреўге керек емес баланың биреўге әширепи екенин, ара-тура бузық қызлардың перзентлери қалып атырғанын айтты. Бас врачтың бузық қызлар деген гәпи өзине айтылғанын сезсе де Тиллахан шыдады, ақыры, бул да босаға көрмей туўды ғой, ақыллы қызлар тойға шекем шыдайды.

Туўыў үйинен салтаң басы келген Тиллаханға кемпир аңырайып қарады,

— Өлип қалды, апа, — деп кирер-кирместен жылап жиберди.

— Ўах, нәрестем-әй, нәрестем-әй, — деп кемпир де жеңиниң ушы менен көзлерин сыпырды. — Қулыншағым-әй... Жөргеклерин сазлап, базардан бесик те әкелип қойып едим-аў. Балларымның орнына бала болар деп едим-аў...

Сонда Тиллахан өмириниң ишинде тағы үлкен қәтелик еткенин сезди, ол баласын шырқыратып таслап кеткенине емес, ал кемпирдиң таўдай ықласын күлталқан еткенине жылады.

— Ҳеш болмаса өлигин әкелмедиң бе? Бир ийискеп маўқымды басар едим, — деди кемпир егитилип. — Бул шаңарақка нәресте ийиси сиңбегели қанша жыллар өтип кетти.

— Өзлери жайғастырады ғой, апа. Екеўимиздиң қолымыздан не келеди?

— Ҳаў, ел бар, қоңсы-қоба бар... Уят болған екен. Мусылманшылықты да умытпаған жөн, қызым.

Сол күни олар аза тутты. Кемпир түни менен ыңқылдап, урыста қурбан болған балаларының атын ай-

тып шықты, өзиниң өлмей қақайып қара басы қалғанына қудайды ғарғап, тәғдирин нәлетледи, нәрестениң өмирин қыршынлай қыйған сум әжелди тоқпақлады. Енди бәри пайдасыз, суўлар ағып жерге сиңип кеткен еди...

* * *

Тилеўбай Сапаровичтиң айтқан бир айлық мүддети де шамаласып қалды, енди оның менен ушырасыў Тиллаханға аңсат еместей, кеўлиндеги гүптикейи тарқамағанша кеселинен биротала айығып кетпейтуғындай сезиледи. Дәслеп бир айды тезирек өтсе екен деп асыққан ол, енди санаўлы күнлер қалған сайын бийтақатланып, жүреги лүпилдей берди. Узақларда сарғайып солып қалған биринши муҳаббат бағы, әрманлы Тохтардың жадыраған келбети, шырқырап қалған қып-қызыл шақадай нәресте оған тыным бермеди. «Киндигиниң қасында жапырақтай қалы бар» деп еди ғой. Сораў керек. Сорайды. Ал, сол болып шыққан жағдайда не қылады? Ҳәммесин айтыўы керек пе? Өмирин қайтарып берген адамының буннан жигирма жети жыл бурын өзин таслап кеткен анасы екенин билсе... Жоқ, айта алмайды. Айтыўға ҳақысы жоқ. Ол енди бул балаға ана емес. Неге ана емес? Тоғыз ай қарнында сақлады. Аз ба? Он күн туўыў үйинде аппақ сүти менен емизди. Аз ба? Аз! Аз!! Аз!!! Оны асырап-сақлағанлар адам етип шығарды ғой. Бир бийперзент бийшаралар ана сүтиниң уўызына тоймай қалған жетимекти күни-түни уйықламай емизиктен сүт берип бақпады ма? Тиллахан енди оған баламсаң деп айта алмайды, инандыра алмайды. Тек, сыртынан көрип, сыртынан кеўли толып мақтанса арзыйды. «Мениң балам, Тохтардан қалған жалғыз туяғым адамлардың өмирин сақлап, олардан алғыс алып атыр» деп ишинен толып-тасса, усының өзи де үлкен мәртебе емес пе?... Қой, адам адамға усайды, басқа шығар. Тиллахан ушын басқа болғаны жақсы, дүньяға келген ўақта ўаз кешкен перзентине енди неге уўызыйыны қурый қалды? Еки баласы, еки қызы бар емес пе? Бул ойды туўарыў керек. Аўырыўларды айықтырыў жолында жаның пидә етип, бар дыққат-итибарын ийгиликли кәсибине қурбан қылып жүрген жигитти алағадалыққа салып, көкиреги ғулғула түсириўдиң не кереги бар? Оны тәрбиялап бағып-қаққанлар, оқытқанлар ҳақыйқый ата-анасы болып қалыўы керек. Тиллахан оның ушын ҳеш ким де емес, ҳәр күни кабинетине кирип кеселине шыпа излеп келип атырған мыңлардың бири ғана. Басқа ҳеш ким емес! Тилеўбай Сапарович те енди Тиллахан ушын ҳеш ким емес, тек халыққа медициналық хызмет көрсетип атырған мыңлаған врачлардың бири ғана болыўы тийис. Егер оны туўыў үйинде қалдырып кетпегенде қайтадан қыз бола алар ма еди? Баласын жетеклеп жүрген қызды Елмурат қусаған жигит қушағына алар ма еди?..

Бир жыл өтсе де Тиллахан институтқа қайтып бармады, ол жақтың жолын да изеп баспады, бирге оқығанлардың нәзерине түспеўге тырысты. Кемпир екеўи бурынғысынша жасай берди. Күнлердиң биринде Айгүл менен Қутлыбийке китапханаға кирип келип, бир-бирине қарасып қалды. Соннан олар апақ-шапақ болып қушақласып атыр, сорасып атыр.

— Бир қалада жасап, сонша жылдан берли...

— Оқыўға барғаның қәне, қатын?

— Қатын оқып қайда барады? — деп Тиллахан төмен қарады.

Айгүлдиң аңсыз сөйлеп қойғанына Қутлыбийке ернин тислеп алды:

Ойын сөз ғой. Гәптиң салты ғой, мәзи. Болмаса, қызлар да бир-бирине солай дейди ғой.

Китапханада басқа ҳеш ким жоқ еди.

— Не қылдың? — деди Айгүл. — Қорықпай-ақ қой, екеўимизден басқа жан билмейди.

— Не қылатуғын едим? Сол жылы гүзде уллы болдым, бирақ..,

— Не бирақ?

— Роддомда-ақ өлип қалды.

Олар азмаз үндеспеди,

— Қыйналдың ба? — деп Қутлыбийке еки ушлы етип сорады.

— Қыйналмай не? — деп күлди Айгүл. — Аңсатлық пенен шығады деп ойлайсаң ба?

Қутлыбийке шақалақлап күлди.

— Сен де басыңнан өткерип пе едиң?... Тәўир болыпты, Тиллаш басың жас ғой. Енди еркин жүрип, қыз қәддиңе келипсең,

— Сулыўланып кетипсең, бәле. Аспан бир жаўып алмай далаға шырай енбейди ғой. Оқыўға неге бармадың?

— Уяламан. Енди сизлерден қалған соң... Сырттанақ оқып аларман-дә. Еле баяғы үйде турасыз ба?

— Яқ, — деди Айгүл. — өзимиздиң жатақханаға келдик. Төрт қыз турамыз.

Олар аннан-мыннан әңгиме таўып бир сааттай отырды. Изинде 8-Март байрамына арналып өткерилетуғын отырыспағына мирәт етти.

— Мен бармай-ақ қояйын, — деп мойнын ишине тартты Тиллахан. — Студент емеспен, оның үстине... түйем көпирден өткен.

Қутлыбийке қайыл болмады:

— Түйең өлген, көпириң қыйраған сениң! Ҳәммесин умыт. Енди түйе де, көпир де тазадан болады. Түсиндиң бе? Қызсаң еле, он екиден бир гүлиң ашылмаған қызсаң!

— Бармасаң өкпелеймиз, — деди Айгүл. — Жақсы қыз-жигитлер шақыртылған. Бүйте берсең, жаслығың китаплардың арасында өтип кетер.

Тиллахан барыўға ўәдесин берди.

Бәҳәрдиң кирип атырғанын аңғартқандай батыстан жылжыған қап-қара бултлар гүлдирмама гүркирегенинен қорқып, шақмақ жалтылдысынан жүреги жарылғандай көз жасларын селлетип қоя берди. Бәҳәр аспанындағы құдиретли даўыстан үриккен қара бултлар сол еңиреўи менен шығысқа, Қызылқум қойнын ләмлеўге асыққандай иркилместен көшип баратыр. Бәҳәр келди. Бул кимлердиң бәҳәри екен? Бир бәҳәр оның бахтын қаралы, жүрегин жаралы етип еди, енди бул бәҳәр оны қайта жасартар ма екен? Бәҳәр еңиресе таллар менен бағлар бүртик жарып, шөп-шарлар көгереди, тәбият жасылзарлықтың бесигин тербетеди. Адам өмири не деген қысқа еди? Он сегиз жылдың ишинде ол әкесинен де, анасынан да жуда болды, өгей әке озбырлығын да көрди, ярынан да айрылды, ана болып та үлгерди, перзент ҳәсиретин де шекти. Тек ғана он сегиз жас. Аяқ-қолдағы бармақлардың санынан да аз. Ал, енди жигирмаға қәдем қойды, ол тағы қыз, басқалар ушын қыз! Ержеткенлик соқпағына туңғыш сапарға шыққан, еркек тухымы қасына дарымаған қыз, өмир — сахна, адам — актер деген усы ма? Ол бүгин-

нен баслап пәк қыздың, ҳүжданы таза нашардың ролин атқарыўы тийис. «Түсиндиң бе? Қызсаң еле, он екиден бир гүлиң ашылмаған қызсаң!» деген Қутлыбийкениң даўысы жетти қулағына. Бәлким, өзлери де сөйтип жүрген шығар? Балықшыны балықшы узақтан таныйды дейди ғой. Қой, адамның ойы қайларға ылақпайды. Тиллаханның кеўлин көтергиси келгенликтен, оны аяғанлықтан отырыспаға шақырып, қыз-жигитлер менен таныстырайық деген шығар? Ҳаялынан айрылған биреў болса да болар еди. Жоқ, болмайды. Өгей әкесиниң қылықлары ядына түсип Тиллахан дәрриў бул пикиринен айныды. «Мен — қызбан! Өзимди пәске урмаўым керек. Теңимди таппай қоймайман!» деген қайсар үмит мәкан басты оның көкирегине. Дурыс, кимнен кем? Оның шырайы алдында Айгүл де, Қутлыбийке де гөззаллық есигине тутқа бола алмайды, бирақ сулыўлығын бәнелеп жулдыз гөзлей бериў де оған енди жараспайды, «теңи болса тегин бер» дегендей оған аўзы-басы пүтин, сөзи дүзиў, қыз көрмеген ғәрипнамай жигит болса, гүлала гүл.

Отырыспаға жыйналған қыз-жигитлердиң ҳәммеси де бурыннан-ақ бири бири менен түрли барымға барып, ерли-зайыплылар болыўға шамаласып қалған қыйлыларынан екен. Тиллаханның бахтына соң бир жигит кирип келди, ол кешиккенине қысынып, басқалар менен сәлемлесип атырғанда уп-узын аяғы чайникти қағып кетип, шайды аўдарып қойды. Журтлардың басқылаўына қайым жигит пе, ҳәмме жабылып аўзына илинген сөзлерди айтып, бир тыма күлисип алды.

— Бизлер аўылнамай болған соң, кеширерсизлер, — деди ол отырғаннан кейин,

— Елекеңниң аўылнамай адамбыз дегенинде жан бар, — деди отырыспа басқарып отырған жигит. — Танысып қойыңлар: Елмурат Хожамуратов, аўыл хожалық техникумының студенти. Тиллаханның қасында отырыўын соранаман.

Сөйтип, отырыспа басланып кетти. Ишилди, қосықлар айтылды, қызлардың байрамы ҳүрметине жигитлер тәрепинен саўғалар тапсырылды. Тиллаханға Елмурат унап қалды, иш десе ишеди, қой десе қояды, артық-аспай сөзи жоқ, әпиўайы, ебетейсиз уста соққандай геўдеси де әрре-тәрре. Шырыйыў, я паңсыныў ядында жоқ, басын төмен салып қымтырылып та отыр-

майды, иретинде сөйлеп, иретинде тыңлап отыр. Отырыспа арасындағы бир тыныспада олар танысып та үлгерди. Тиллахан көбирек ишкенликтен бе, я шыныман-ақ унатып қалды ма, оны кем-кем жақсы көрип баратыр. Отырыспа ярым ақшамда тарқады. Қутлыбийке қайтарда:

— Бизлер менен жүресең бе? — деди Тиллаханға. Ал, Тиллахан болса екиленип турмады.

— Жақ. Кемпир қорқады.

— Өзиң қорықпайсаң ба?

— Елмурат апарып таслайды.

— Унап қалды ма?

— Соң айтаман.

Былайырақ шыққан соң Елмураттың қолтығына жабысты.

— Тоңып кеттим, — деп сыбырланды Тиллахан. — Қай жерлерде турасаң?

— Гөне қалада... Оқыўды неге қойып кеттиң?

— Кимнен еситтиң?

— Жаңағы жерде жигитлердиң биреўинен... Сорастырдым.

— Жетим болған соң... күн көре алмадым. Сырттан оқырман деп жүрмен... Тоңып кеттим...

— Плащымды жамыласаң ба?

— Қой, өзиң аязлап қаларсаң.

— Үйиңе жақынладық па?

Тиллахан үндемеди, себеби бул ақшамда Елмурат пенен қайда болса да кетиўге бел байлаған еди, бирақ жигити түспегир мурнына буйда өткерген нардай қыздың жетегинде үнсиз келер еди. Я, буның сораған жигити Тиллахан туўралы бир нәрсени шатпақлады ма екен? Онда қолтығына кирип ҳәлекелениўдиң кереги жоқ. «Тек жүрген тоқ жүреди».

— Елмурат, нешеге келдиң?

— Жигирма беске.

— Ҳоо, онда ағай екенсең ғой. Отырыспаға жеңгейди неге әкелмедиң?

— Жеңгей? Ол қаяқта?

— Алдамаш, — деди Тиллахан өкпелегендей. — Усы ўақытқа шекем мүмкин емес ғой.

— Үйлениў түўе, қыз бенен сөйлесип те көрмедим. Несип етсе енди көрермиз.

— Таптың ба?

— Аўа.

Тиллахан қолын жулқып оның қолтығынан суўырып алды:

— Қайда?

— Қасымда... Ол — сен!!

— Муҳаббатым... излегеним... — деп Тиллахан оның кең қушағына өзин атты.—Ержеткели сени әрман еткен едим... Таптым... Бәҳәр ақшамында таптым... Бахыт қусым болып ушып келдиң де туғырыма қондың. Әрманым...

Аспан қашшан ашылған, жулдызлар қалғып баратырған арыўдың көзлериндей мүлгир еди...

Олардың тойы аўылда дәбдебеси жер жарған тойлардың бири болып өтти.

* * *

Бул сапары Тилеўбай Сапаровичтиң қабыллаўханасы бос екен, Тиллахан кабинетке басын суқты да:

— Мүмкин бе? — деди. Столында бир ислер менен машқул болып отырған врач жигит қәддин тикледи де:

— Келиң, келиң! — деп орнынан турып қолын усынды. — Отырыңыз. Үй-ишлериңиз саў ма? Денсаўлық қалай?

— Жаман емес, балам, — дегенде Тиллаханның даўысы дирилдеп кетти. «Балам» деген сөзди айтыўдың буншама аўыр болатуғының ойласа керек.

— Иштей қалай? Қәне, тамырыңызды көрейин... Бопты, бопты... Адам аўқатқа қараса қандай кеселиң де төтепки бере алмайды. Дәри деймиз, дәрмақ деймиз, айланып келгенде ҳәммесиниң пири аўқат. Режимди сақлаў керек. Ҳәзир тоқшылық ғой, апа, нени қәлесең де таўып жеўге болады. Бирақ, тоқшылық деп күшли аўқат жей бериўге де болмайды. Ислеп атырсыз ба?

— Аўа. Аўылда муғаллиммен ғой. Балам... — Тиллахан усы «балам» сөзин айтпаўға тырысса да аўзынан шығып кеткенин билмей қалды. — Мениң гүман еткен кеселим жоқ болып шықты. Мың да бир рахмет сизге! Ата-анаңызға... Олар бар ма?

— Әкем тири. Анам еки жыллықта көз жумды.

«Жоқ, анаң тири, — деп ойлады Тиллахан. — Әкең буннан жигирма жети жыл бурын көз жумған...»

— Зыяны жоқ, ақлық сүйип кетсе...

— Сүйди ғой. Жаман емеспен, төрт-бес бала бар.

— Балам... келин бала менен, жораларың менен үйге барып апаңның қолынан дуз-дәм татып кетсеңлер жүдә қуўанып қалар едик.

— Ой-бойй, рахмет, апа! Саўалып атырған наўқасларымыздың еткен мирәтине барып жүретуғын болсақ, биз жумыс ислемей қыдырыў менен-ақ жүрермиз сирә,— деп күлди Тилеўбай Сапарович. — Бизге айтқан рахметиңиз-ақ жеткиликли. «Алтын алма, алғыс ал» деген ғой.

Күлген ўақта Тохтардың дәл өзи-аў, дәл өзи!

— Сонда да бир ықлас ете қойып едим.

— Мейли... Жазда бир ретин табармыз. Қапа болмаңыз, врач болған соң адамлардың кеўлине тийиўге қорқамыз, — деп тағы күлимсиреди Тилеўбай Сапарович. «Тохтар! Сол! Сол!! Айнымаған сол!!! Буннан артық шыдаў мүмкин емес. Сораў керек! Сораў керек!! Тиллахан кеўилханасындағы партланыў алдынан ең соңғы күшин жыйнады.

— Балам... бир ерси сораў берсем, мүмкин бе?

Тилеўбай Сапарович қарсысындағы ҳаялға ҳайран қарады, оның бет-әлпетинен, көзлеринен адам өмириндеги ең шешиўши қубылыс болыў алдындағы өзгеристи көргендей болды:

— Сизге бир нәрсе болды ма?

— Жақ, бир сораў бермекши едим.

— Не өзи? Жүрегиңиз жаман болып турған жоқ па?

— Балам... — деп иркилди Тиллахан. — Сораўымның ерсилиги ушын кешир... Сениң... сениң киндигиңниң қасында... аўа, сол жерде жапырақтай қал бар ма?

Тилеўбай Сапарович орнынан турып, жүзи бозарып кетти:

— Оны қайдан... қайдан билесиз?

— Бар ма?!

— Бар!!!

Тиллахан сылқ етип қулады. Сулқ болып қанша жатқаны биймәлим, бир ўақта мурнының түбиндеги өткир ийистен көзин ашты. Басын көтерсе дөгерегинде гилең ақ халатлылар пәйик болып жүр екен.

— Енди сизлер бара бериңлер, — деди Тилеўбай Сапарович оларға. — Апай қорқытып таслады ғой.

Медсестралар шығып кеткен соң Тилеўбай Сапарович бул ҳаялға әжепленип қарады да:

— Сыр болмаса, жаңағы саўалды неге бергениңизди айтсаңыз еди, апа, — деди. Тиллахан басын шайқады:

— Маған өмир бердиң, балам. Оны қайтарып алғың келмесе, ол саўалдың сырын сорама. Соң айтаман, соң...

Соң айтылмай қалатуғынын Тиллахан сонда қайдан билсин.. Адам алдын болжай алмайды ғой, тәғдир төңкериспегиниң қай күни, қай бәндиргиде аңлып турғанын ким билсин...

* * *

Тағы бәҳәр келди. Аўырыўын умытқан, туңғыш перзентин тапқан Тиллахан ушын бул бәҳәр айрықша еди. Оның есинде қалған бәҳәрлер санаўлы: бир бәҳәр Тохтарын келмеске әкетти, бир бәҳәр Елмураттың қолынан услатты, енди бул бәҳәр болса туңғышының қуўанышы менен басланып атырған бәҳәр. Бәҳәр оның жеке турмысына өмир ҳәм өлим болып келди, лекин өмир жеңежақ, өмир ҳәм бәҳәр егиз болажақ

— Елеке, — деди бир күни Тиллахан. — Ж мыслариңнан бир күнге босай алмайсаң ба?

Ҳаялының райын қайтарып көрмеген Елму бул сапары да кеселеп шаппады:

— Еле егис басланбай атыр ғой, бир күнге дыррықшылық ете қоймас. Не еди?

— Әй, врач баланы бир көрип қайтсақ еди. Үйге келетуғын түри жоқ ғой, саўға-паўға алып барайық.

— Қашшан сөйтиў керек еди. «Мың сиз-бизден бир шыж-пыж артық» деген. Бир қозы апара қояйық.

— Өзиң бил, — деп қуўанып кетти Тиллахан. Елмурат ерледи, Тиллаханның болса түйетаўықтан зорына ийеги қышып отырған жоқ еди. Елмурат басшыларынан сорап келгенше Тиллахан үй-ишиниң гүйбең-сүйбеңин питкерди. Қызлары оқыўға кетти, өзи айнаға қарап шашларын тарады, алқымына азмаз жыйрық түскени болмаса қырқ бес жастағы Тиллахан жаслықтағы көркин жойтқан жоқ. Сәл-пәл жуўанығаны кексе ҳаялға уқсатса да, қарсы алдынан қараған адам еле де бир жутынып қояр еди. Ол айнадағы тулғасына тоймай қарады, тап үлкен жыйынға баратырғандай үстине қайсы көйлегин кийерин билмей албырады. Бурын бун-

дай болмайтуғын еди, сайлап кийим кийе алмаған жаслығын ойлады...

— Туўры үйине бара берейик, — деди Тиллахан Нөкиске кирген жерде. — Менде адреси бар.

— Уят болмас па екен?

— Жумысына барғанымыз уят болар. Қозысы түспегир маңырап жиберсе...

Елмурат машинасын көшесине бурды. Адрес бойынша жайдың қасына келип екеўи де машинадан түсти. Сыртқы дәрўазадан жаңа кире бергени иштеги бөлмеден ҳаяллардың шуўласып жылағаны еситилди. Елмурат та, Тиллахан да қалша тоқтады, соның арасынша еки жигит кире бериң дегендей алдынан шықты.

— Тилеўбай Сапаровичтиң үйи ме?

Жигитлер буларға таңланыў үрейи менен қарады.

— Аўа.

— Бул не даўыс, аманлық па?

— Еситпединлер ме?! Айрылып қалдық ғой.

— Кимнен?

— Машинасы менен авариярға ушырап, кеше жерленди.

Жигитлер қол орамалы менен көзлерин сыпырды.

— Ким?!? — деген Тиллаханның даўысы аспаннан жасын түскендей болды. — Мениң баўырым ба!?

— Тилеўбай...

— Неее?!?!

Тиллахан қулашын жая қулап түсти. Оны жерден көтерип алғанда жансыз еди. Байғус ана туңғыш перзентиниң босағасында мәңгиге көз жумды...

Февраль, 1983-жыл.

МАЗМУНЫ

Ақыбет *роман* 3
Айралық қосығы *повесть* 262
Нөсер *повесть* 307
Өмир ҳәм өлим *повесть* 356

75c

7+7=14

8+8=16